ГУМАНИТАР КЪЭХУТЭНЫГЪЭХЭМКІЭ ИНСТИТУТ –
Федеральнэ къэрал бюджет щІэныгъэ Іуэхущ1апІэ «Урысей щІэныгъэ академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центр» федеральнэ щІэныгъэ центрым и къудамэ

АДЫГЭ ЛИТЕРАТУРЭМ И ТХЫДЭ

ЕЩАНЭ ТХЫЛЪ

Налшык
2017

УДК 821.352.30
ББК 83.3(=602.2)
А33

Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ къудамэм и Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и еджагъэшхуэ советым и унафэкIэ къыдокI

ЩIэныгъэ редактор: филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор
ТIымыжь Хь.Т.
Рецензентхэр: филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор
Мусукаевэ А.Х.
филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор
Тхьэгъэзит Ю.М.

Ещанэ тхылъым ит тхыгъэхэр зыгъэхьэзырахэр:
Алъхъэс С.М. – филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор;
БакIуу Хъ.И. – филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор;
ТIымыжь Хь.Т. – филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор;
ХьэкIуащэ М.А. – филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор;
Абазэ А.Ч. – филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, доцент;
Къэжэр И.А. – филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат;
ЩакIуэ М.Ку. – филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат.

Адыгэ литературэм и тхыдэ. Ещанэ тхылъ.
История кабардино-черкесской литературы (на кабардино-черкесском языке). Том III. – Нальчик: Редакционно-издательский отдел ИГИ КБНЦ РАН, 2017. – 508 с.

© ИГИ КБНЦ РАН, 2017

П э у б л э

Лэжьыгъэр зытет лъабжьэмрэ лъэхъэнэм и нэщэнэхэмрэ

ТхылъитI хъууэ дунейм къытехьащ «Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и тхыдэ» щIэныгъэ лэжьыгъэшхуэр (Налшык, 2010, 2013 гъэхэм). Абыхэм къапызыщэщ мы лэжьыгъэр. АбыкIэ доух лъэпкъ литературэм къикIуа гъуэгуанэм ириплъэжыным, абы къыщыхъуа Iуэхугъуэнэхъыщхьэхэм теухуауэ едгъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэр тхыжыныр.

ХХ лIэщIыгъуэм и кIэух дыдэхэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэ гуп, нэгъуэщI IэнатIэхэм пэрыт щIэныгъэлI зыбжани я гъусэу, иужь ихьауэ щытащ адыгэ литературэм и тхыдэр ятхыжыну. 1965 гъэм «Къэбэрдей литературэм и тхыдэм теухуа очеркхэр» къызэрыдэкIрэ апхуэдэ щIэныгъэ лэжьыгъэ дунейм къытехьатэкъым. Iуэхур къыщрахьэжьа зэманымрэ абы и хэкIыпIэ хъунухэмрэ елъытауэ къалэныр инт икIи егъэлеяуэ гугъут. Апхуэдэу щытми, тегушхуэхэри гупым хэтхэр Iуэхум еувэлIащ, зыгуэрхэри яхэкIыжами. Лэжьыгъэр щызэфIэкIын хуей зэманымкIи (къэралым къигъэув пIалъэм къитIэсэн хуейщ), тхыгъэм и инагъыу щытынумкIи (томитI), зытетыну щIэныгъэ лъабжьэхэмкIи щIэныгъэрылажьэхэр зэгурыIуащ. Ахэр арэзы техъуащ литературэм и псынащхьэм къыщрагъажьэу совет лъэхъэнэм и иужьрей илъэсхэм къеуалIэу я лэжьыгъэм кърагъэубыдыну, и гъэпсыкIэу щытынумкIи щIэныгъэлI Гъут I.М. къыхилъхьа Iуэху еплъыкIэм (концепцэм) еувэлIащ.

Лъэпкъ литературэхэм я тхыдэу ятхыжауэ щыIэхэм я нэхъыбэр зэрыгъэпсар монографие къэхутэныгъэущ е очерк теплъэ яIэущ, е тIури щызэгъусэущ. Гъут I.М. зэриубзыхуамкIэ, лъэпкъ литературэм и тхыдэр зэрытхыжын хуейр абы и жанрхэм лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм (жьэрыIуатэ, литературэм и пэублэ, тхыбзэ литературэ зэпэщыгъащIэ, иджырей литературэ) ягъуэта зэхъуэкIыныгъэхэмрэ зыужьыныгъэхэмрэ тетут. Мыр нэхъ гугъут, ауэ Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэт. Литературэм и тхыдэм апхуэдэ и ухуэкIэм щхьэхуэу хэгъэувапхъэу къэтлъытащ лъэпкъ литературэм и гъуазэу щытхэм ящыщу ПащIэ Бэчмырзэ, ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим сымэ ятеухуа очеркхэр [Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и тхыдэ. Налшык, 2010. Н. 6]. Гугъуехь зыкъом пыщIауэ щытами (гупым хэтхэр

зэрымащIэр, адыгэбзэкIэ щIэныгъэ лэжьыгъэ птхыныр зэрыгугъур, тхылъыр къыдэгъэкIыным текIуэдэну мылъкур къэгъуэтыныр, н.къ.), лэжьыгъэр, тхылъитI хъууэ, дунейм къытехьащ. Ауэ а Iуэхухэм зэман пыухыкIаи ихьащ. Абы къриубыдэу псынщIэу зызыхъуэж дунейм тхыдэ Iуэхугъуэшхуэ куэд къыщыхъуащ, жылагъуэ гъащIэми, ди цIыхухэм я псэукIэми, я Iуэху еплъыкIэхэми зрагъэхъуэжу.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, лъэпкъ литературэри абыхэм къахэчауэ къуэгъэнапIэ къуэтакъым. А псоми къыбжаIэрт лъэпкъ литературэм и тхыдэр нэтхыса зэрымыхъуар, зэманыщIэм ар зэрыхыхьамрэ совет лъэхъэнэ нэужьым щыщу блэкIа илъэс тIощIым абы игъуэта теплъэмрэ гулъытэншэу къызэрынэр. ДызыхэпсэукI лъэхъэнэм и шыфэлIыфэр лъэпкъ литературэм къызэрыщыгъэлъэгъуар лэжьыгъэщIэкIэ къэтхутэну мурад тщIащ. Апхуэдэу Iуэхум дыхуежьэри, зиубгъуурэ, ар япэ ита тхылъитIым япыуващ, том щхьэхуэу. А щхьэусыгъуэрщ къызыхэкIар етIуанэ томыр зэриухымрэ ещанэр къызэрыщIидзэмрэ зэпыувэу, зэлъэIэсу зэрыщытыр. ИтIанэ япэ ита томитIым имыхуэу къэнат мыхьэнэшхуэ иIэу нэгъуэщI зы лэжьыгъи – ар адыгэ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса библиографие къулеймрэ щэнхабзэм и IэнатIэм къэхутэныгъэхэр щезыгъэкIуэкI щIэныгъэлIхэм хуабжьу къахуэщхьэпэну зэрыгъуазэ Iыхьэмрэщ, илъэс куэдкIэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь, филологие щIэныгъэхэм я кандидат ЩакIуэ М.Ку. зэхуихьэсауэ. Ахэр зэгъэуIуа щыхъуащ мы къыдэкIыгъуэм.

Ещанэ томыр япэ итахэм къапытщэн хуей щIэхъуам иджыри зы щхьэусыгъуэ иIэщ. Дызэрыщыгъуазэщи, иужьрей лъэхъэнэм литературэ щIэныгъэм зэхъуэкIыныгъэ пыухыкIахэр къыщыхъуащ, абы ехьэлIа лэжьыгъэхэр иджыри зэфIэкIауэ къэплъытэ мыхъунуми. Ахэр епхащ тхакIуэм къигъэсэбэп Iэмалхэм, жанрхэм я гъунапкъэхэм зэрызаубгъуам, литературэ унэтIыныгъэхэм щытыкIэщIэ зэрагъуэтам (хъэтI, цIыхубэ, класс, парт, нэгъуэщI тегъэщIапIэхэм къазэрыпыкIар). Езы литературэм и зыужьыкIэми щIэныгъэлIхэм еплъыкIэщIэ хуаIэ хъуащ, нэхъапэIуэкIэ ятха тхыгъэхэр щIэрыщIэу, лъэпкъым къыдекIуэкI лъапIэныгъэхэр я тегъэщIапIэу, щIэджыкIыжащ. Лъэхъэнэм къигъэщIа нэгъуэщI нэщэнэхэри къалъытащ мы тхылъым елэжьахэм. Къыхэгъэщын хуейщ мыпхуэдэ къэхутэныгъэ инхэм деж литературэ щIэныгъэм и Iыхьэ нэхъыщхьищри – тхыдэр, теориер, критикэр – зэрыщызэдагъэлажьэ хабзэри. А лъабжьэм тету ягъэхьэзыращ мы тхылъым ихуа тхыгъэхэр, ауэ къыжыIэпхъэщ ди литературэ критикэр псынщIэу зызыхъуэж зэманым зэрылъэщIэмыхьэм и зэранкIэ тхакIуэ, усакIуэ, драматург гуэрхэм яхуэфащэ гулъытэ ямыгъуэтауэ иджыри къызэрынэр. Абы и щхьэусыгъуэу

къэплъытэ хъунущ адыгэхэр щыпсэу щIыналъэхэм щэнхабзэ Iуэхухэмкlэ я зэпыщIэныгъэхэр къызэрытIэсхъари, тхакIуэхэр зэщIэгъэуIуэным, тхылъеджэхэм къегъэцIыхуным, я художественнэ тхыгъэхэмкIэ зэхъуэжэным теухууэ екIуэкI лэжьыгъэхэр нэхъ мащIэ зэрыхъуари, тхакIуэм и лэжьыгъэм пщIэ щIагъуэ иджырей зэманым зэримыгъуэтыжри.

Иджы кIэщIу дыкъытеувыIэну дыхуейт лъэпкъ литературэм и тхыдэм теухуа мы лэжьыгъэм купщIэ хуэхъуа щIэныгъэ лъабжьэхэмрэ унэтIыныгъэхэмрэ. ЗанщIэу къыхэгъэщыпхъэу къыдолъытэ «*адыгэ литературэхэр*» *терминым и мыхьэнэм* теухууэ совет лъэхъэнэм щыIа Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм дэ мащIэу зэрызедгъэхъуэжари. Зи гугъу тщIыр лъэпкъ литературэр адыгэхэр щыпсэу щIыналъэхэм тещIыхьауэ зыбжанэу ягуэшу къызэрекIуэкIарщ: «адыгей совет литетарурэ», «къэбэрдей совет литературэ», «шэрджэс совет литературэ». Мы терминхэр къыщежьар XX лIэщIыгъуэм и 20–30 гъэхэрщ. Ауэ адыгэхэр щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ гуэша щIэхъуам и щхьэусыгъуэр нэхъ жыжьэ къыщожьэ, тхыдэми пыщIащ. Ар епхащ XIX лIэщIыгъуэм – XX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэ ныкъуэм Кавказ Ищхъэрэм къыщыхъуа тхыдэ Iуэхугъуэшхуэхэм. Зи нэхъыбапIэр зауэм хэкIуэда, хэкум икIыжа адыгэхэм ящыщу я лъахэхэм къинахэр хытIыгу цIыкIуурэ Урысей империем администрацэ-щIыналъэ щхьэхуэхэм хигъэхьэгъащ. Совет лъэхъэнэми, ар и лъабжьэу, адыгэхэр автономнэ щIыналъищым ирагуэшащ, къэрал унафэкIэ лъэпкъ зырызу ялъытэри. Апхуэдэ щIыкIэкIэ «адыгэ лъэпкъыщIэхэр» къэунэхугъащ.

Совет Союзым и тхакIуэхэм я япэ съездми адыгэ литературищ щыIэу щIатхам щхьэусыгъуэ хуэхъуари аращ. Мыпхуэдэ гуэшыкIэр зэрымытэмэмыр, лъэпкъым и тхыдэр, и бзэр, и IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ, зэрыщыту и щэнхабзэр джыным мыбы гугъуехь куэд къызэрашэр жаIэу ди щIэныгъэлIхэр мызэ-мытIэу къэуващ, ауэ Iуэхур и пIэм щикIар демократиер, нахуагъэмрэ захуагъэмрэ тепщэ щыхъуа илъэсхэрщ. Мы тхылъым елэжьахэми къыдолъытэ апхуэдэ Iуэху гъэувыкIэр и чэзууэ, захуагъи зыхэлъу икIи адыгэ литературэхэм я фIэщыгъэцIэр зытещIыхьын хуейуэ къагъэувыр художественнэ тхыгъэхэр къызэрагъэщI литературэбзэхэрщ, кIэмыргуей, къэбэрдей диалектхэм тетхэрщ – «Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэ» (варианту – «Къэбэрдей-шэрджэс литературэ»), «Адыгэ (адыгей) литературэ» (варианту – «Адыгей литературэ») жиIэу. Аращ къэбэрдей тхакIуэхэмрэ шэрджэс тхакIуэхэмрэ я художественнэ тхыгъэ нэхъыфIхэр зэщIыгъуу ди къэхутэныгъэхэм къызэщIаубыдэу щIыщытыр. Дэ дыхущIэкъуащ зи бзэкIи, псэукIэкIи, хьэл-щэнкIи, дуней лъагъукIэкIи зыуэ щыт къэбэрдей, шэрджэс адыгэхэм я художественнэ дунейр зыхуэдэр нэхъыфIу къэгъэлъэгъуа

хъуным. Мыбдежым дэ къыщытлъытащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щыпсэу адыгэ сабийхэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ школхэм зэрыщадж программэхэр зыуэ зэрыщытри, я тхылъхэр зэрызэтехуэри. Ахэр егъэфIэкIуэным елэжь IэщIагъэлIхэм ди къэхутэныгъэхэр къахуэщхьэпэну дыщогугъ.

Дызытепсэлъыхь *лъэхъэнэм и нэщэнэхэр* къыхэдгъэщхьэкIын щхьэкIэ, дэ апхуэдэу къэтлъытащ литературэм и зыужьыкIэр зэман елъытакIэ гъунапкъэ гуэрым изагъэу зэрыщымытри. ЩIэдзапIэрэ ухыпIэу къэдгъэлъагъуэхэр литературэм и зыужьыкIэр нэхъ тыншу къэхутэжа, джыжа хъун щхьэкIэ зэрызыхэдгъэщхьэхукI лъэхъэнэхэрщ. Ахэр нэхъыбэу цIыхубэм и гъащIэмрэ и гупсысэмрэ зэхъуэкIыныгъэ езыгъэгъуэта *тхыдэ Iуэхугъуэшхуэхэм тещIыхьащ*. Апхуэдэ къэхъукъащIэ инхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ XX лIэщIыгъуэм и иужьрей илъэс пщыкIутхумрэ («перестройкэм» къыщегъэжьауэ) дызэрыт лIэщIыгъуэм и япэ илъэсипщIымрэ. Ар щхьэхуэу къыхэдгъэщхьэхукI щхьэкIэ, а лъэхъэнэм адыгэ тхакIуэхэри хыхьащ я гупсысэкIэкIи, Iуэху еплъыкIэкIи зэрызахъуэжа щымыIэу. Нэгъуэщ1у жыпIэмэ, япэ илъэсхэм иджыри бжьыпэр щызыIыгъыр совет зэманым лъэпкъ тхакIуэхэр зытета литературэ хабзэхэмрэ унэтIыныгъэхэмрэщ, литературэм нэхъ гуащIафIэу хэлэжьыхьхэри 60–70 гъэхэм къыхыхьа тхакIуэхэрщ.

80 гъэхэм икухэм ирихьэлIэу зэхъуэкIыныгъэ нэрылъагъухэр къэралми, цIыхухэм я псэукIэми, я гупсысэми къыщыхъуу хуежьами, адыгэ тхакIуэхэм ящыщ куэдыр иджыри къытекIыфакъым зыщIапIыкIа Iуэху еплъыкIэхэм. Абы и щапхъэу къэпхь хъунущ 90 гъэхэм и пэщIэдзэхэм къыдэкIа художественнэ тхыгъэ зыбжанэ: ЩоджэнцIыкIу Нурий «ГъащIэм и IэфI» зыфIища и усэ тхылъыр, ХьэIупщы Лолэ и усэхэмрэ поэмэхэмрэ щызэхуэхьэса «Жыг хадэр жейркъым» тхылъыр, Гъубж Мухьэдин «Iущым и хешыр Шыхулъагъуэ» и романыр, ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ и «ЛъыщIэж», «Гум псори къонэ» романхэр, Хьэхъупащ1э Хь. «Гъуэгущхьиблыр щызэхэкIым» и романыр, Бозий Людин и повестхэр, нэгъуэщIхэри.

Апхуэдэу щытми, 80 гъэхэм я кIэуххэм наIуэ къэхъуу хуежьат, щэнхабзэм и адрей IэнатIэхэми хуэдэу, литературэми нахуагъэр, цIыхум жиIэну зыхуейр и щхьэ течауэ утыку кърилъхьэну иIэ хуитыныгъэр ищIыIу къэхъуу зэрыщыхуежьар. Ар щIигъэбыдащ иужьрей илъэсипщIитIым къриубыдэу дунейм къытехьа художественнэ тхыгъэхэм я тематикэми зэфIах Iуэхугъуэхэми щIэ куэд къазэрыхыхьам. Апхуэдэу заубгъуат лъэпкъым къикIуа тхыдэ гъуэгуанэр къэгъэлъэгъуэжыным и Iуэхуми, адыгэхэм лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм яIа псэукIэ-зэхэтыкIэр, я гупсысэкIэмрэ дуней еплъыкIэмрэ, зыгъэгуфIэмрэ зыгъэпIейтеймрэ, псэкIэ зыхищIэмрэ гукIэ зэригъэзахуэмрэ нобэрей тхылъеджэм я

пащхьэ илъхьэжын къалэнми. Абы къыдэкIуэу тхакIуэхэм я пащхьэ ирагъэувэж мурадхэмрэ лъагапIэхэмрэ нэхъ ини гугъуи хъуат, я Iэдакъэщ Iэк Iхэм щIалъхьэ философие гупсысэхэм я купщIэми хэхъуат, тхыгъэхэр зыхуэгъэпса гъэсэныгъэ Iуэхури, абыхэм я эстетикэри поэтикэри ефIэкIуат.

А псори литературэм и Iэпкълъэпкъым щокIуэкI, абы и дунейр яунэтIу. Абы къыхэкIыу зы лъэхъэнэр адрейм къыхэбгъэщхьэхукIыну, гъунапкъэ гуэрхэр хуэбгъэувыну мытыншми, ар литературэ щIэныгъэм и лэжьыгъэр щIэзыгъэпсынщIэ, хабзэ пыухыкIам тезыгъэувэ Iуэхугъуэщ. Аращ институтым и щIэныгъэрылажьэ гупым мы Iуэхум пи щэну мурад щIищIар. Къалэныр инт икIи гугъут: япэрауэ, «совет нэужь лъэхъэнэкIэ» дызэджэм теухуауэ литературэдж-щIэныгъэлIхэм къызэдащта щIэныгъэ лэжьыгъэхэр щыIэтэкъым; етIуанэрауэ, ар лъэхъэнэ щхьэхуэу къыхэгъэщхьэхукIыныр иджыри пасэу къэзыгъэувхэри къыкъуэкIырт. Абыхэм жаIэрт «перестройкэр» иджыризэфIэмыкIауэ, жылагъуэр зыхуэкIуэмрэ зыхуашэмрэ зэкIэ гурыIуэгъуэ мыхъууэ, цIыхубэр гъуэгу зэхэкIыпIэм и деж къыщыувыIауэ щыту. «ЗэхъуэкIыныгъэхэм» я лъэхъэнэр 2005 гъэм иухауэ къэзыгъэлъагъуэхэри щыIэт, жылагъуэри щэнхабзэри лъэхъэнэщIэ щыхьар иужькIэу жаIэу.

Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэ зэхуэмыдэхэр зэпалъытри гупым хэтхэм мурад ящIащ лъэхъэнэ гуэшыкIэр *литературэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэмрэ* (*процессымрэ*) *тхыдэ къэхъукъащIэхэмрэ* тращIыхьыну. Ауэ мыбдежым къыщалъытащ урыс тхакIуэшхуэ С.П. Залыгиным имыдэу щыта Iуэхур – «тхыдэм и бжьым литературэр щIэгъэувэн зэрыхуэмейр» [Залыгин С.П. Собрание сочинений. М., 2006. 3 т. С. 21]. ТхакIуэшхуэм къызэрилъытэмкIэ, къэхъукъащIэ гуэрхэм теухуауэ художественнэ тхыгъэм хэт фактхэр къэпщытэным нэмыщI тхыдэм нэгъуэщI хуитыныгъэ литературэм къыщылъысын хуейкъым.

ИтIанэ Iуэхум къыхыумылъытэнри Iэмалыншэт илъэс пщIейм нэблагъэкIэ зытета гъуэгум къытекIыу лъэпкъ литературэр унэтIыныгъэ гуэрым быдэу теувауэ жыпIэн щхьэкIэ зэманышхуэ зэрыдэмыкIари. Адыгэ литературэм и пкъымрэ и сэфэтымрэ адэкIэ ягъуэтыну щытыкIэр зэпэщу хуежьауэ аращ. Абы къыхэкIыу зи пэжагъым нобэ шэч лъэпкъ къытумыхьэжыну къыпщыхъухэр пщэдей нэгъуэщIу къыщIидзыжу уи Iуэху еплъыкIэми зихъуэжыныр хэлъщ. Апхуэдэу щытми, «*иджырей литературэм» и къэухьымрэ ар зыхуэкIуэмрэ* гъэбелджылыныр игъуэу къэтлъытащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зи гугъу тщIы зэманым къриубыдэу къэралымрэ жылагъуэмрэ зэхъуэкIыныгъэ инхэр къыщыхъуащ. Совет Союзыр лъэлъэжащ, абы и гъусэу утыкум икIыжащ а къэралым пыщIауэ щыта политикэ-экономикэ гъэпсыкIэмрэ Iуэху зехьэкIэмрэ. Урысей Федерацэр зи щхьэ хущытыж къэралу уващ, идеологием зихъуэжащ,

ди цIыхухэр гъащIэм, зыхэпсэукI дунейм нэгъуэщI щытыкIэ хуаIэ хъуащ. А псоми я нэпкъыжьэ къытрамыдзэу къэнакъым лъэпкъ литературэмрэ гъуазджэмрэ, абыхэм езыхэм я хабзэ хэгъэщхьэхукIахэм тету заужь пэтми.

Мыбдежым щынэхъ гугъур жылагъуэм и экономикэ-политикэ гъащIэмрэ литературэм и IэнатIэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэмрэ зэгъэпщэнымрэ къэпщытэнымрэщ. Абы щыгъуэми Iуэхум къыхыумылъытэнкIэ Iэмал иIэкъым гъащIэм и пэжым къэгъэлъэгъуэкIэ щхьэхуэ хуиIэми, *литературэр зи щхьэ хущытыж, зи хабзэхэмкIэ зызыужь къаруу*э езыр зэрыщытыр. Ауэ а къарум и къыхэкIыпIэу щытыр жылагъуэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэмрэ тхыдэм и зыужьыкIэмрэщ. Апхуэдэу быдэу зэпыщIауэ къызэдэгъуэгурыкIуэ а Iуэхугъуэхэм я зэхущытыкIэхэр нэхъ гугъу, ткIий мэхъу иужьрей илъэс тIощIырыпщIым зым адрейр иужь иту Урысей Федерацэмрэ дыкъэзыухъуреихь лъахэхэмрэ къыщыхъуа тхыдэ Iуэхугъуэшхуэхэм хуэдэм цIыхубэр хэша хъуа нэужь. Псоми зэрытщIэщи, зи гугъу тщIы Iуэхугъуэхэр, къаугъэ инхэр пылъу икIи нэхъ гуащIэу щекIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэмрэ абы къедзылIа щIыналъэхэмрэ. Лъэхъэнэ зэблэкIыгъуэм и мафIэм пэIэщIэ защIыфакъым адыгэхэми. А псоми я ныбжь лъэпкъым и псэкупсэ дунейм, литературэм трамыдзэу къэнакъым: нэхъапэIуэкIэ зи пэжагъым шэч къызытрамыхьэжу щытахэм захъуэжащ, жылагъуэм къыдекIуэкI лъапIэныгъэхэм я пIэм нэгъуэщIхэр – дызэмысахэмрэ гурыIуэгъуейхэмрэ – къиуващ. Апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэм къалэн пыухыкIахэр литературэдж-щIэныгъэлIхэми я пащхьэ кърагъэуващ, лъэпкъым зэригъэпэща художественнэ дунейр щIапщытыкIыжыну, зэманыщIэм къигъэув упщIэхэм жэуап тэмэмхэр къыхуагъуэтыну.

А щхьэусыгъуэхэрщ лъабжьэ хуэхъуар мы тхылъым ихуа языныкъуэ статьяхэм занщIэу 90 гъэхэм къыдыщIадзэу зэрыщымытым. Ауэ абыи къалэн пыухыкIа я пщэм къыдилъхьащ тхылъым елэжьахэм – япэкIэ къыдэкIа *художественнэ тхыгъэхэм щIэрыщIэу еджэжыныр*. Литературэм и лIэужьыгъуэ гуэрхэмрэ жанрхэмрэ (псалъэм папщIэ, сабий литературэм, ауанымрэ гушыIэмрэ, усыгъэм, романым теухуа Iыхьэхэр) нобэ яIэ щытыкIэр нэхъыфIу убзыхуа хъун щхьэкIэ, щIэныгъэлIхэр нэхъ пасэу, 70–80 гъэхэм е абыхэм япэжкIэ дунейм къытехьа тхыгъэхэмкIэ Iэбэжу, щIэрыщIэу ахэр щIамыджыкIыжу хъунутэкъым. Мыбдежым методологием ехьэлIауэ тхылъым елэжьахэр гугъуехь зыбжанэ Iууащ, лъэхъэнэ блэкIахэм, псом япэу совет зэманым, я литературэм пыщIауэ.

Мыр иджыри зэIубз хъууэ щыткъым, ауэ нэхъыбэрэ щIэныгъэлIхэм утыку кърагъхьэр *Iуэху бгъэдыхьэкIитIщ*: япэр, социалист реализмэм я къупхъэм иту совет лъэхъэнэм къыдэкIа художественнэ тхыгъэ псоми къапыкIын, ахэр коммунист

идеологием и хуэмэбжьымэ зыщыууэ къэлъытауэ; етIуанэр, лъэпкъ литературэм и «пхъуантэм» дэлъхэр зырызурэ къызэтехыжын (инвентаризацэ егъэкIуэкIын), художественнэ фIагъ яIэм тещIыхьауэ зэхэгъэщхьэхукIыурэ. Парт, къэрал Iуэху еплъыкIэ хэхам хуэлажьэ тхыгъэхэр лъэныкъуэ ирагъэзу абы и пIэм кърагъэувэнухэр гугъуехьыщэ хэмыту къагъуэтыф лIэщIыгъуэхэм къадэбжэ лъэпкъ литературэхэм, къызыхахынрэ къыхахынрэ зиIэхэм. Псалъэм папщIэ, урыс литературэм совет лъэхъэнэми иIащ къэрал унафэр зыIэщIэлъхэм ягъэдурыса литературэм щIыгъуу ямыгъэдурыса (альтернативнэу щыт) литератури. Апхуэдэу щытми, урыс литературэ щIэныгъэми къыхихар етIуанэ Iуэху еплъыкIэрщ, икIи курыт, ищхьэ еджапIэхэм литературэр зэрыщрагъаджэ программэхэм щIэуэ зыкъом хагъэхьами, совет лъэхъэнэм къагъэщIа художественнэ тхыгъэ нэхъыфIхэмрэ ахэр зи Iэдакъэщ IэкIхэмрэ къыханэжащ. «ТхыбзэщIэ литературэхэм» яхыхьэу къалъытэ адыгэ литературэм, зи Iэпкълъэпкъыр совет зэманым зэфIэувам, нэрылъагъу щхьэусыгъуэхэм къахэкIыу, япэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр езэгъыххэркъым. Абы утехьэным къокIыр ЩоджэнцIыкIу Алий, КIуащ БетIал, Хьэнфэн Алим, Тхьэгъэзит Зубер сымэ я усыгъэм, КIыщокъуэ Алим, Шортэн Аскэрбий, Теунэ Хьэчим, Къашыргъэ Хьэпащ Iэ, Кхъуэхъу Цуцэ, Нало Ахьмэдхъан, Туаршы Аслъэн, КIэрэф Мухьэмэд, Дыгъужь Къурмэн, АбытIэ Владимир, нэгъуэщIхэми я тхыдэ прозэм къапыкIын хуейуэ. Адыгэ щэнхабзэм и лъэр щIэзыудыну апхуэдэ удын нобэ абы едзыныр щыуагъэ инщ.

ЕтIуанэ Iуэху бгъэдыхьэкIэрщ ди дежкIи, зи литературэхэм совет лъэхъэнэм къыдежьэу абы зыдэзыужьа адрей лъэпкъхэми я дежкIи нэхъ къезэгъыр. Ауэ тыншу пIэрэ художественнэ тхыгъэ нэхъыфIхэр, нэхъ мыхьэнэ зиIэхэр, кIэщIу жыпIэмэ, адыгэм и дунейр, и гупсысэкIэр, и хъуэпсапIэр, и псэр зыхуэпхъэрыр нэхъ Iэзэу къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэхэр а «диIэщ» жыхуэтIэхэм къахэпхыныр? Сыт хуэдэ пщалъэ абыкIэ къэгъэсэбэпыпхъэр? ИтIанэ субъективизмэр лэжьыгъэм къыхэмыхьэнымкIэ шэсыпIэ щыIэ? А упщIэхэми нэгъуэщI куэдми жэуап къыхуагъуэтын хуей хъуащ мы тхылъым елэжьахэм. Ар зэрымыIуэху джэгур, блэкIам и щIэиныр фIырэ IейкIэ зэхэбгъэкIыну ущыхуежьэкIэ хуабжьу сакъын зэрыхуейр къыхигъэщу урыс еджагъэшхуэ Н.С. Надъярных зэритхащи, мыхъун гуэр мы лэжьыгъэм хэплъхьэмэ, «уэ езыр жэуап ткIийм уришэлIэжынущ: «адэкIэщэ?» упщIэри занщIэу уи пащхьэ къригъэувэжынущ» [Надъярных Н.С. Аксиология перечтений. М., 2008. С. 10]. АбыкIэ жэуап яхьыр зыхащIэу ди щIэныгъэрылажьэхэм щIаджыкIыжащ совет лъэхъэнэм и «къэгъэщIыныгъэхэри» урысеищIэ лъэхъэнэм дунейм къытехьа тхыгъэхэри. Ахэр зэрагъапщэурэ, дунейпсо, урыс литературэ щIэныгъэм хигъэщхьэхукIа Iэмалхэмрэ Iуэху еплъыкIэхэмрэ тету абыхэм я къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкIащ.

Мыбдежым къыщыхэгъэщын хуейуэ къыдолъытэ сакъыу дызытета нэгъуэщI зы Iуэхугъуи – *литературэмрэ щэнхабзэмрэ я зэхущытыкIэр*. Литературэм и къэщIэрэщIэжын къалэныр езы литературэм и закъуэ епхауэ щытынкIэ Iэмал иIэкъым. Урыс щIэныгъэлI цIэрыIуэ М.М. Бахтин и лэжьыгъэхэм куэдрэ уащрохьэлIэ «…литературэр щэнхабзэм щекIуэкI Iуэхухэм къахэпчу и закъуэ бджы зэрымыхъунур. Апхуэдэу, ар щэнхабзэм нэхърэ бгъэнэхъапэу, ищхьэмкIэ пхьыуэ социальнэ-экономикэ Iуэхухэми, нэгъуэщIхэми ебгъэпщэныр тэмэмкъым. Литературэр щэнхабзэ Iуэхухэм къагуэпх мыхъуну я зы Iыхьэщ» [Бахтин М.М. Эстетика словесного творчества. М., 1979. С. 344]. Абы къыхэкIыу литературэ щIэныгъэм и Iэмалхэм къадэкIуэу тхылъым елэжьахэм къагъэсэбэпащ щэнхабзэм, псом япэу гъуазджэмрэ социологиемрэ я IэнатIэхэм я къэхутэныгъэхэр. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм тхылъым щызэхуэхьэса лэжьыгъэхэр нэхъ купщIафIи гурыIуэгъуафIи ящIащ.

Иужьу литературэм и тхыдэ гъуэгуанэр къэхута зэрыхъуар къигъэлъагъуэу иджыри зы Iуэхугъуэ – *ар литературэм игъэзащIэ къалэнырщ*. ЩIэныгъэлI Дюришин Л.М. къызэрилъытэмкIэ, мы Iэмалырщ лъэпкъ литературэр здынэса лъагапIэхэр уэзыгъэлъагъу бжэр къыпхузэIузыхыр, ар зыхуэдэр къыбгурыIуэным IункIыбзэIух хуэхъур [Дюришин Д.М. и др. Систематика межлитературного процесса. М., 1988. С. 84]. Апхуэдэу аращ литературэхэр зэрызэлъэIэс, зэрызэлъихьэ гъуэгухэр зыгъэбелджылыр, типологие и лъэныкъуэкIэ ахэр зэрызэкIуалIэ е зэрызэбгъэдэкIуэт щIыкIэр зыубзыхур, дунейпсо цIыхубэм хигъэщхьэхукIа лъапIэныгъэхэм зэрыхэувэр зыджыр. Мы Iэмалырщ нэхъыбэу наIуэ зыщIыр тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм елъытауэ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм лъэпкъ литературэм и гуащIэр зыхуэдэу щытари. Нэхъыбэу дэ абы дыхуэныкъуэ щIэхъур хэхэс адыгэхэмрэ нэгъуэщI щIыпIэхэм щыпсэуди лъэпкъэгъухэмрэ я художественнэ къэгъэщIыныгъэхэр псоми ди зэхуэдэ хъугъуэфIыгъуэм къыхэтшэжын щхьэкIэщ. Мыр хэкIыпIэ гъэнэхуащ хамэбзэхэмкIэ (псалъэм папщIэ, урысыбзэкIэ, тыркубзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ, нэгъуэщIхэмкIи) тхэди лъэпкъэгъу тхакIуэхэм я Iэдакъэщ IэкIхэм адыгэм и щэну, плъыфэу хэтхэр къэхутэнымкIи. Япэ томитIым хэмыхьауэ апхуэдэ тхакIуэхэм я лэжьыгъэхэм теухуауэ Iыхьэ псо щыхухэтхащ мы тхылъым. Абыи мыхьэнэшхуэ иIэщ лъэпкъ литературэр зэрыкIуэ гъуэгумрэ зыхуэкIуэмрэ убзыхунымкIэ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, зы щIэныгъэ гуэрым и къэухьым уимыбэкъукIыу, къэхутэныгъэ гуэрхэр ебгъэкIуэкIыныр е узыхуежьа лэжьыгъэм ехьэлIауэ щыIэ щIэныгъэ школхэм я Iуэху еплъыкIэхэр къыумылъытэныр, ахэр зэпумылъытыныр тэмэмкъым. ЩIэныгъэ зэхуэмыдэхэм зэIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэр *бзэщIэныгъэмрэ литературэ щIэныгъэмрэ*

я Іэмалхэмк Іэ зэшэл Іэныр (*синтез щІыныр*), зэпкърыхыныр фІэкІыпІэ зимыІэ Іэмалу нобэ зэманым къигъэув Іуэхугъуэхэм ящыщ зыщ. Араш мы лэжьыгъэм мызэ-мытІэу ущІыщрихьэлІэри ди къэралым, апхуэдэу хамэ хэгъуэгухэм я еджагъэшхуэхэм, тхыдэ-филологие школ цІэрыІуэхэм я Іуэху еплъыкІэхэмрэ ахэр зытет унэтІыныгъэхэмрэ. Ахэри ди щІэныгъэлІхэм тегъэщІапІэ ящІащ я лэжьыгъэхэр нэхъ куу, шэщІа хъунымкІэ.

Иджырей литературэ щІэныгъэм къигъэув апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэхэмрэ тегъэщІапІэхэмрэ я лъабжьэу тхащ мы лэжьыгъэм хыхьа Іыхьэхэр. Къызэрыхэдгъэщащи, абыхэм къыпащэ япэ томитІым лъэпкъ прозэм, усыгъэм, драматургием, литературэ щІэныгъэмрэ критикэмрэ, публицистикэм, хэхэс адыгэ литературэм теухуауэ ит статьяхэм. Ещанэ тхылъым хыхьа щІэныгъэ лэжьыгъэхэм къыдыщІадзэ демократие зэхъуэкІыныгъэхэм я илъэсхэм. Ди нэгу зэрыщІэкІащи, демократием, псом хуэмыдэу, 90 гъэхэм къытхуахьар фІы защІэкъым. Лъэпкъ литературэри апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэм хуэхьэзыру щытауи къэплъытэ хъунукъым. Ар гугъуу, гъэунэхуныгъэхэмрэ къэлъыхъуэныгъэхэмрэ яудыныщІауэщ лъэхъэнэщІэм зэрыхыхьар.

Ауэ, пщІы зыхэмылъыжыращи, XX лІэщІыгъуэм и 80 гъэхэм цІыхубэм и псэукІэри, и дуней лъагъукІэри, и щэнхабзэри щытыкІэщІэм иувэу хуежьакІэт, абыхэм щІагъэпсынщІащ лъэпкъ литературэм и бэкъуэкІэр. НэхъапэІуэкІэ къызэрыхэдгъэщащи, а лъэхъэнэр нэхъ зэбгъэщхь хъунур блэкІа лІэщІыгъуэм и 50–60 гъэхэрщ. Адыгэ литературэм и фащэри и теплъэри ихъуэжыныр къашащ зэуэ зэтрихьа Іуэхугъуэшхуэ зыбжанэм – цІыхубэм и гъащІэм, лъэпкъым и тхыдэм, абы и художественнэ-эстетикэ лъапІэныгъэхэм къыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэхэм. А псори ехьэкІ-къехьэкІ хэмылъу, иджырей щІэныгъэм зыІэригъэхьа ехъулІэныгъэхэр я тегъэщІапІэу, зэпкърыха щыхъуащ мы лэжьыгъэм. Ауэ, мыбдежым къыщыхэгъэбелджылыкІын хуейщ, сыт хуэдэ плъыфэ е щытыкІэ адыгэ литературэм имыгъуэтами, абы и купщІэр къызэрынэжар. Ар наІуэу къахощ ди щІэныгъэлІхэм ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм.

Нэхъыщхьэращи, адыгэ литературэм къикІуа гъуэгуанэр сыт хуэдэ лъэхъэнэурэ умыгуэшми, зэи къэхъуакъым ар щызэпыударэ езы литературэр и къалэнхэм щыхуэмыпэжарэ. Сыт хуэдэ зэманми абы и тегъэщІапІэу, и гъуэгу гъуэмылэу иІащ япэ итахэм ягъэтІылъа лъабжьэр. Апхуэдэу адыгэ литературэм зэи ІэщІыб ищІакъым, нэмыплъи иритакъым япэ итахэм я Іэдакъэщ Іэкіхэм. Абыхэм фІыуэ, художественнэ, эстетикэ я лъэныкъуэкІэ нэхъ лъапІэу хэтхэр ди зэманым къигъэщІ тхыгъэхэм кърапхыжурэщ я къэхутэныгъэхэр тхылъым елэжьахэм зэрырагъэкІуэкІар. А къэхутэныгъэхэм къагъэлъэгъуащ 60–70 гъэхэм литературэм къыхыхьауэ

ар зыунэтIа тхакIуэ-усакIуэ нэхъыжьхэми (Тхьэгъэзит З., Хьэнфэн А., Хъупсырокъуэ Хъ., Бещтокъуэ Хь., Мэзыхьэ Б., КхъуэIуфэ Хь., Хьэх С., Елгъэр К., Къэжэр П., Бицу А., Ацкъан Р., Уэрэзей А., АбытIэ Хъ. АбытIэ В., ХьэIупэ Дж., Шорэ А., Сонэ А.), курыт ныбжь зиIэхэми (Къуныжь Хь., Мыкъуэжь А., Мыз А., ХьэIупщы М., Хьэту П., Тхьэгъэпсэу У., Мыжей М., Лъостэн М., Аброкъуэ Б., Бэлагъы Л., Къаныкъуэ З., ГъущIо З.) узыщыгугъ хъун щIэблэ узыншэ къазэрыщIэувэр (МахуэлI Н., Тау Н., ПщыукI Л., Къаныкъуэ А., Бэрбэч А., Щомахуэ З., Нартокъуэ А., Жэмбэч Р., Хьэвжокъуэ Л., КIарэ А., нэгъуэщIхэри). Абы къыхэкIыу лъэ быдэкIэ лъэпкъ литературэм хэува тхакIуэ нэхъыжьхэм я творчествэм къыдэкIуэу, мы лэжьыгъэм япэ дыдэу щызэпкърыхащ ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм я художественнэ тхыгъэхэри.

Адыгэ литературэм и зыужьыкIэм кIэлъыплъ, абы къыщыхъу Iуэхугъуэхэр зыдж щIэныгъэлIхэм, шэч хэмылъу, къахуэщхьэпэнщ нобэр къыздэсым арэзы укъищIу къэхута мыхъуа Iуэхугъуэхэм – сабий литературэм, ауанымрэ гушыIэмрэ лъэпкъ литературэм щаубыд увыпIэм, хамэбзэкIэ (урысыбзэ, тыркубзэ, хьэрыпыбзэ, нэгъуэщIхэри) тхэ тхакIуэхэм я художественнэ тхыгъэхэм – теухуа Iыхьэхэу мы къыдэкIыгъуэм хыхьахэр.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, тхылъищ хъуа мы лэжьыгъэм дэ къыщызэщIэткъуэжыну дыхэтащ адыгэ литературэм и тхыдэ гъуэгуанэм лъэхъэнэ, унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэм я плъыфэрэ нэщэнэу теплъагъуэхэр. Лэжьыгъэр нэхъыбэу хуэгъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым я щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтхэм я лэжьакIуэхэм, егъэджакIуэхэм, бзэщIэныгъэмрэ литературэмрэ хуеджэ студентхэм, апхуэдэу ар сэбэп яхуэхъунущ лъэпкъ литературэм и зыужьыкIэр зэзыгъэщIэну хуей дэтхэнэми.

ТIымыжь Хьэмыщэ,
тхылъым и редактор нэхъыщхьэ

АДЫГЭ (КЪЭБЭРДЕЙ-ШЭРДЖЭС) ЛИТЕРАТУРЭР СОВЕТ НЭУЖЬ ИЛЪЭСХЭМ

1.1. Зэманымрэ лъэпкъ художественнэ дуней лъагъукІэмрэ

ХХ лІэщІыгъуэм и 90 гъэхэм СССР къэралыгъуэшхуэр лъэлъэжу ар Урысей Федерацэм щыхуэкІуэжым, ди гъащІэми зэхъуэкІыныгъэ инхэр къыщыхъуу хуежьащ. Ахэр литературэми зыкъомкІэ къылъэІэсащ. Социализм зызыужьа, коммунизм ухуэным теухуа идеологиер ІэщІыб ящІащ, жылагъуэм и унэтІакІуэу икІи узэщІакІуэу ялъытэу щыта Коммунист партым пашэныгъэр ІэщІахащ. Литературэр, культурэ псор а идеологием и «бжьым» къыщІэкІащ. Апхуэдэу литературэм и Іэмал (метод) закъуэу щыта «социалист реализмэм» и мыхьэнэри къэлъэхъшащ.

«Литературэр гъащІэм и гъуджэщ», жаІэ. Мыбы пэж хэлъщ, ауэ и кІэм нэс арэзы утехъуэн хуейуэ щыткъым. Гъуджэм къищым хуэдэу гъащІэр къезытхэкІхэм къагъэсэбэпа Іэмалым «натурализмэкІэ» йоджэ. ГъащІэм и пэжымрэ литературэмрэ зэгъунэгъу хъун хуейуэ къыщІэкІынщ, ауэ ахэр псомкІи зэтехуэ хабзэкъым. Литературэм образкІэ къегъэлъагъуэ гъащІэм къыщыхъункІэ уи фІэщ зыщІ псэукІэр, цІыху зэхущытыкІэр.

ГъащІэмрэ литературэмрэ я зэпыщІэныгъэр налъэ куэду зэхэлъщ. Абыхэм лъэхъэнэхэм зыдахъуэж, ауэ а зэхъуэкІыныгъэхэри «къыхэІущІыкІам» ещхьу литературэ процессым хыхьэркъым. Ди зэманым тхакІуэм и хуитыныгъэхэр ещхьыжкъым совет лъэхъэнэм иІахэм. Абы щыгъуэм, псом хуэмыдэу, 20–40 гъэхэм, баштекъузэкІэ тхакІуэхэр хуагъэлажьэрт партым и идеологием. Нобэ зыри хагъэзыхьыркъым къаІэт темэкІи, гъащІэр къызэрагъэлъагъуэ Іэмалхэмкіи. Ар фІыуэ къыдэкІуащ 90 гъэхэм къэунэхуа политикэм, псэукІэщІэм. А илъэсхэм къыздахьа хуитыныгъэхэм щыщщ «буржуазием и идеологием» дагъэкІуауэ щыта литературэ щІэныгъэм и Іэмалхэр еджагъэшхуэхэм къагъэсэбэп зэрыхъуари. Зи гугъу тщІыр гъуазджэм и унэтІыныгъэхэу модернизм, авангардизм, постмодернизм теорием щыщ нэгъуэщІ пкъыгъуэхэрщ.

Сыт хуэдэ къэралми, лъэпкъми я гъащІэм лъабжьэ хуэхъур экономикэмрэ жылагъуэ зэхэтыкІэмрэщ. 1917 гъэм щыІа Октябрь революцэм уней мылъкур игъэкІуэдри псоми зэдай мылъкум хуигъэкІуат. Капитализмэр ІэщІыб ящІри социализм, коммунизм жылагъуэ зэхэтыкІэм цІыхубэр тригъэлэжьащ илъэс 74-кІэ. А илъэсхэм совет унафэщІхэм

ІуэхуфІ куэд зэфІахащ, ауэ щыуагъэу ящІари нэхъ мащІэкъым. ИкІэм-икІэжым къэрал унафэщІхэри цІыху къызэрыгуэкІхэри хуэмыхьэзыру къыщІидзыжащ «дуней жэнэткІэ» зэджэ коммунизмэр ухуэным. ФІым, цІыхухэр зэхуэдэ щІыным, псори зэкъуэту гъэсэным теухуа къыхуеджэныгъэхэр хьэуам къыхэнэри, Совет Союзыр лъэлъэжащ. Мылъкур щхьэзакъуэм щыхуэкІуэжым, цІыхухэр я псэукІэкІэ зэхуэмыдэ хъуащ. Хуитыныгъэмрэ демократиемрэ я фІагъыр псоми зэхуэдэу екІакъым. А зэхъуэкІыныгъэхэр зыкъомкІэ литературэми къыжьэхэмыуэу къэнакъым.

Псом япэрауэ, тхакІуэхэм я союзым и къалэнри, и зэфІэкІри мащІэ дыдэ хъуащ. Литературэм и декадэ екІуэкІыу щытахэр зэпыуащ. ЩІыналъэ щхьэхуэхэм щыпсэу тхакІуэхэми Мэзкуу дэсхэми зэпыщІэныгъэ щІагъуэ яІэжкъым. Дызэрыт лъэхъэнэм литературэм, нэгъуэщІу жыпІэмэ, литературэ процессым къыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэхэм ящыщ зыщ абы ныбжьыщІэхэу щІагъуэ къызэрыхэмыхьэжри. Ари пыщІащ жылагъуэм, экономикэм зэуэ фейдэ къэзымыхь ІэнатІэхэр зэрыригъэкІуэтэкІам. Литературэм, культурэм, егъэджэныгъэм, щІэныгъэм я ІэнатІэхэм пэрытхэм я улахуэр, я псэукІэр зыхэпщІэу ехуэхащ. ТхакІуэ ІэщІагъэм цІыхур игъэпсэужьыфыркъым. Апхуэдэу щытми, лъэпкъ литературэм къаруущІэхэр къыхыхьэн щигъэтакъым.

Зэманым и нэщэнэу къэбгъэлъагъуэ хъунущ иужьрей лъэхъэнэм бзылъхугъэхэр нэхъыбэу литературэм къыхыхьэ зэрыхъуар. ЛІэщІыгъуэ блэкІам и 20–40 гъэхэм тхэным зезыпщыта цІыхубзхэр куэд щыхъуркъым Къэбэрдеймии, Шэрджэсми, Адыгеймии. Абыхэм я макъ нэхъыбэу литературэм щагъэІу щыхъуар 50–70 гъэхэрщ. Ахэр Балъкъэр Фоусэт (и япэ тхылъыр 1958 гъэм дунейм къытехьащ), ХьэІупщы Лолэ, Абазэ Любэ, Къунижь ХьэІишэт, Сасыкъ Быцэ сымэщ. Мыхэр къэбэрдей бзылъхугъэ тхакІуэхэщ.

Шэрджэс цІыхубз тхакІуэхэм ящыщу япэу и цІэ къиІуапхъэщ Кхъуэхъу Цуцэ (и романхэр, повестхэр, рассказхэр 1963 гъэ лъандэрэ къыдокІ), Къэбэрдей ФатІимэ (и усэхэр тхылъ щхьэхуэу 1971 гъэм къыдэкІащ, «Насыпым и пщэдджыжь» романыр итхащ), Тут Тезадэ (драматургщ, актрисэщ, и пьесэхэр 1972 гъэ лъандэрэ традзэ), Кхъуэхъу Хъаннэ (усакІуэщ, и япэ тхылъыр 1983 гъэм дунейм къытехьащ).

Адыгейми цІыхубз тхакІуэхэр литературэм къыхыхьэу щыщІидзар зи гугъу тщІа лъэхъэнэхэрщ, ауэ адыгэхэм япэ дыдэ драматург, актрисэ хъуауэ къэплъытэ хъунущ Натхъуэ Долэтхъан (1913–1953), «ЦІыхущІэхэр» и япэ пьесэ 1929 гъэм итхащ). Тхэныр Іэпэгъу яхуэхъуащ Емыж МулиІэт (1951), Хъунагуэ Нурит (1930), Хъунагуэ Саидэ (1961), Ерыгъуокъуэ-ШащІэ Шамисэт (1950), ГъутІэ Санят (1961), Гъыш Рэхьмэт (1963).

Совет нэужь зэманым хэпщIыкIыу хэхъуащ бзылъхугъэ тхакIуэхэм я тхыгъэу дунейм къытехьэм. Псалъэм папщIэ, Къуныжь ХьэIишэт и Iэдакъэ къыщIэкIащ усэ тхылъхэу «ГъащIэм и сурэт» (1991), «Горсть солнца» (1993), «Хьэрхьуп» (1996), «Псэм и губгъуэ» (1998), Лыкъуэжь Неллэ къыдигъэкIащ «Щхъыщхъ макъ» (1997), «КъапщIийхэр» (2001), «Жылапхъэ» (2009), Къаныкъуэ Заринэ «ГъуэрыгъуапщкIуэ» (1992), «Уафэ щыгъэ» (1997), «Уэрэ сэрэ» (2008) усэ сборникхэр, Бэлагъы Любэ «Мывэ сэрей» (1997), «Царская любовь» (2007), «Усэхэр» (2008) тхылъхэр.

ТхакIуэ Хьэх Сэфарбий къызэригъэпэща «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм литературэм къришэлIащ ныбжьыщIэ гуп. Абыхэм я зэхуэсхэм я Iэзагъым щыхагъахъуэ, къэралым, республикэм къыщыдэкI художественнэ тхыгъэхэм, теорием къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм нэIуасэ зыщыхуащI. Нэхъ ипэIуэкIэ литературэм къыхыхьа адыгэ цIыхубзхэм я нэхъыбэр усакIуэу щытамэ, мы гупым яхэтщ прозаикхэри, драматургхэри. Апхуэдэщ Къаныкъуэ-Фырэ Анфисэ,ГъукIэ Маринэ, КIарэ Альбинэ, Жамбэч Рабия, Щомахуэ Залинэ, Бит Индирэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу адыгэ бзылъхугъэхэми къахэкIащ нэхъыжьхэм хаша лъагъуэр бгъуфIэ зыщIахэр: Кхъуэхъу Хьаннэ, Мыжей Мамыржан, Хьэкъун Риммэ, Тхьэгъэпсэу Альбинэ. Мыхэр усакIуэщ. Нэхъ гуащIафIэу къэплъытэ хъунущ Мыжей Мамыржан. Абы и усэхэр иту 2009 гъэм къыдигъэкIащ «Сыхуейщ уи нитIым сыщIэплъэну» усэ тхылъыр. Прозэм и жанр зэхуэмыдэхэр Iэзэу къегъэIурыщIэ БакIуу Марие. Куэд щIакъым Марие (КъШКъУ-м щрегъаджэ, литературэдж-къэхутакIуэщ, монографие зыбжанэ иIэщ) литературэм къызэрыхыхьэрэ, апхуэдэу щытми къыдигъэкIын хузэфIэкIащ «МафIэлыгъей» романыр (2005), повестхэмрэ рассказхэмрэ щызэхуэхьэса «ГъащIэм и гъуэгу зэхэкIыпIэхэр» (2001), «Бзурэ пэт и хэкум щытепщэщ» (2006) тхылъхэр.

Иджырей лъэпкъ литературэм глобализацэр къызэрыжьэхэуэм и нэщэнэу къэпхь хъунущ адыгэхэу урысыбзэкIэ тхэхэр нэхъыбэ зэрыхъур. Мыбы игъэпIейтейр адыгэм и закъуэкъым. ЦIыхухэр хамэбзэкIэ щIэтхэм щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэщ: хэти нэгъуэщIыбзэр къыхех, и тхыгъэр щIэджыкIакIуэ нэхъыбэм я пащхьэ ирилъхьэн щхьэкIэ (псом хуэмыдэу инджылыбзэкIэ тхэхэр – Индием, Латин Америкэм, Океанием щыщхэр), хэти нэгъуэщIыбзэр къещтэ, и анэдэлъхубзэм тхыбзэ иджыри зэримыIэм къыхэкIыу, псалъэм папщIэ, урысыбзэкIэ тхэуэ щыта адыгэ узэщIакIуэхэр – Хъан-Джэрий, Къаз-Джэрий, Долэт-Джэрий, Ахъмэтыкъуэ Къази-бэч сымэ, н. Ауэ щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр я анэдэлъхубзэр зэрамыщIэрщ. Ахэр хамэ къэрал щыпсэу хэхэс адыгэхэрщ, ди республикэхэми щыIэщ апхуэдэхэр.

Пэжщ, зыми упэрыуэ хъунукъым, дэтхэнэри хуитщ къыхихыну бзэр зыхуэдэнумкIэ, ауэ литературэр лъэпкъым ей щыхъур анэдэлъхубзэкIэ щытхам дежщ.

Езыхэр адыгэу хамэбзэхэмкIэ тхэхэр зэхэгъэщхьэхукIын хуейуэ къыдолъытэ. Абыхэм ящыщу япэ игъэщыпхъэщ лъэпкъ Iуэхум теухуа темэхэр къыхэзыххэр, адыгэ гъащIэр, гупсысэкIэр зи художественнэ къэгъэщIыныгъэхэм щытепщэхэр. Псалъэм папщIэ, апхуэдэу щытащ Елбэрд М. (Мэлбахъуэ Елбэрд), Къущхьэунэ Алексей, Семэн Руслан ноби литературэм щылажьэ Адыгэ Тенджыз (Мэржэхъу М.), Емкъуж Мухьэмэд, Къандур Мухьэдин (инджылыбзэкIэ матхэ), нэгъуэщIхэри.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дызэрыт зэманым адыгэ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр нэгъуэщI бзэхэмкIэ зэрадзэкIыжкъым, хамэ къэралхэми, ди гъунэгъуу псэу лъэпкъхэми яIэрыхьэжкъым. Ди псэукIэр, дуней тетыкIэр, зэрыщыту ди культурэр жыжьэ нэсыжыркъым, псом хуэмыдэу литературэр – гъащIэм и гъуджэу къалъытэр. А щыщIэныгъэр зыгуэркIэ ягъэзэкIуэжу жыпIэ хъунущ урысыбзэ къулейр, дуней псом щыIур къэзыгъэсэбэпхэм. Ахэр зы лъэныкъуэкIэ ебгъапщэ хъунущ XIX лIэщIыгъуэм урысыбзэкIэ тхэуэ щыта адыгэ тхакIуэ-узэщIакIуэхэм.

Къэтхьынщ щапхъэ зыбжанэ. Вэрокъуэ Владимир публицист цIэрыIуэщ, ауэ абы и IэдакъэкъыщIэкIащ урысыбзэкIэ тхауэ «Прощающие да простят» романыр (2006). ИужькIэ ар Мэзыхьэ Борис адыгэбзэкIэ зэридзэкIри «Лей зыхуэгъум къахурегъэгъу» фIэщыгъэцIэр иIэу 2007 гъэм къыдэкIащ. Романыр адыгэ тхыдэм теухуащ. А темэ дыдэр къыщигъэсэбэпащ Шэрджэсым щыщ Адзын Мухьэмэд «На берегах моей печали» (2010) и романми. Вэрокъуэм и тхыгъэм пасэм щыгъуэ псэуа, тхыдэм зи цIэр къыхэна цIыхухэр хигъэхьащ персонаж щхьэхуэхэу. Адзыным и персонажхэр езым къигупсысыжащ, ауэ тIуми, реализм Iэмалым тету лъэпкъ тхыдэ гуузыр Iэзэу ди нэгу къыщIагъэувэжын яхузэфIэкIащ.

ЗыгуэрхэмкIэ тхыдэм пыщIащ, ауэ иджырей адыгэхэм я философием тещIыхьащ Динэ Армэ (ар ХьэкIуащэ Мадинэ и псевдонимщ) и «Дорога домой» романыр (2009). Адэмрэ бынхэмрэ яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэу дунейпсо литературэм хэтым зрипщытащ щIалэщIэ ТекIущэ Ислъам. Абы и «Кавказская пастораль» повестым (2009) къыщыгъэлъэгъуар адыгэ гъащIэрщ. Куэд щIауэ урысыбзэкIэ рассказхэр, повестхэр, пьесэхэр етх Шыд Юри (Черкесск къ.). Мы тхыгъэхэр я темэкIи, гупсысэ ящIэлъхэмкIи лъэпкъ гъащIэм пыщIащ.

Мыбдежым дэ я гугъу тщIыркъым зыкIи я лъэпкъым пымыщIа Iуэхугъуэхэр къаIэтурэ хамэбзэхэмкIэ тхэ адыгэхэм. Апхуэдэхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытурэ макIуэ, и щхьэусыгъуэри къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ лъэпкъ дызыхэпсэукIым, цивилизацэм.

Жанр и лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, мы лъэхъэнэм усэми, прозэми, драматургиеми зэщхьэщыкIыныгъэшхуэ ямыIэу заужьу жыпIэ хъунущ. ИщхьэкIэ зэрыжытIауэ, тхакIуэхэм я бжыгъэм хэщIами, литературэм щIалэгъуалэу къыхыхьэм я бжыгъэм кIэрыхуами, къэбэрдей-шэрджэс литературэр и пIэ иткъым, абы арэзы укъэзыщI тхыгъэхэр къыхохъуэ.

Псом япэу къыжыIэн хуейщ усакIуэхэм жылагъуэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм псынщIэу зэрыпэджэжыр. Къэралышхуэр щылъэлъэжым къыкъуэкIа ныкъусаныгъэхэр, цIыхухэм я нэхъыбэр тхьэмыщкIэ зэрыхъуар, лъэпкъхэм яку къаугъэ къыдэхъуэ зэрыхъуар къыхыхьащ лъэпкъ усакIуэхэм я творчествэм.

УсакIуэ нэхъыжьхэм ящыщу ноби гуащIафIэу литературэм холэжьыхь Бещтокъуэ Хьэбас (1943). Абы жанр зэхуэмыдэхэр къегъэсэбэп: пьесэхэр, усэу тха роман-миф («Мывэ лъэхъэнэ») иIэщ, ауэ нэхъыбэу зэлэжьыр усэрщ, псом хуэмыдэу лирикэрщ. Дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ мыпхуэдэ тхылъхэр: «Усэхэмрэ поэмэхэмрэ» (1991), «Лирикэ» (1993), «Нэсрэн ЖьакIэ» (пьесэхэр, 1995), «Поэмэхэр» (1995), «Тенджыз Iуфэ гъуэгуанэ» (1998), «Дуней телъыджэ» (2003), «Бжьыхьэ дыщафэ» (2006), «Дыщэхурэ фIамыщIрэ» (2012), нэгъуэщIхэри.

Бещтокъуэм и тхыгъэхэр къытрадзэ газетхэм, журналхэм, и статьяхэр тхылъ щхьэхуэу – «Анэдэлъхубзэм и псынащхьэ» и фIэщыгъэцIэу – 2009 гъэм къыдэкIащ. УсакIуэр илъэс куэд щIауэ егъэпIейтей адыгэбзэр еджапIэхэм зэрыщадж, къызэрагъэсэбэп щIыкIэм. Хьэбас литературэм щIэуэ зыгуэр зэрыхилъхьэнум хущIокъу сыт хуэдэ зэманми. Ар лъэпкъыр зыгъэпIейтей гупсысэхэр сэтей къэзыщIщ. И усэхэм укъыщеджэкIэ, къыпщохъу лъэхъэнэм къыздихьа зэхъуэкIыныгъэхэм гу лъимытэ хуэдэу, сыту жыпIэмэ агитацэ псэлъэкIэ къигъэсэбэпыркъым. УсакIуэр зытелажьэр сыт хуэдэ зэманми цIыхур нэхъ зытегузэвыхь проблемэхэрщ, ахэр сэтей къещI «щIагъщIэлъ» гупсысэхэмкIэ.

УсакIуэ нэхъыжьхэу мы лъэхъэнэм жыджэру хуэлажьэхэм ящыщщ Елгъэр Кашиф. Усэ тхылъу къыдигъэкIащ: «Вагъуэ псынщIэ» (1991), «Тхыгъэ къыхэхахэр» (1995), «Хэплъэгъуэ» (2009). Къагъырмэс Бориси хэлъхьэныгъэ щхьэпэ хуищIащ лъэпкъ усыгъэм: «Лэсчэн пшыналъэхэр» (1993), «Тхыгъэхэр» (1998), «МафIэзехьэ» (2003), «Сыхьэт» (2006). Лъэпкъ усыгъэм езым лъагъуэ щыпхишащ зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа Уэрэзей Афлик. Уэрэзейм и усэхэр 1970 гъэхэм къыщыщIэдзауэ журналхэм, газетхэм къытрадзэ, иужь зэманым тхылъ щхьэхуэу къыдэкIащ адыгэбзэкIи урысыбзэкIи: «Iуащхьэжь. Усэхэр, поэмэхэр» (1997), «Сроки счастья. Стихи, поэма» (1991), «Серебряное кольцо» (1993), «Кхъужьей къудамэ» (2004). Уэрэзейм иIэщ сонетхэри, сонет Iэрамэхэри.

Иджырей адыгэ усакIуэ пажэхэм ящыщщ Ацкъан Руслан. Аращ сонет нэхъыбэ дыдэ зи Iэдакъэ къыщIэкIар. Ахэр щэм щIегъу. Руслан лирикэм и адрей жанрхэми хуэIэзэщ. Я цIэ къиIуапхъэщ и усэ тхылъхэу иджырей илъэсхэм дунейм къытехьахэм: «Тхьэгъэлэдж» (1993), «Гугъэм и кхъухьхэр» (1995), «Жьырытэдж» (1998), «ЩхьэегъэзыпIэ» (2003), «Къэгъэзэжыгъуэ» (2009), «Уэшх нэужьым» (2014), нэгъуэщIхэри.

Зэманым и нэщэнэхэм, жылагъуэм, къэралым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм убгъуауэ тетхыхьхэм ящыщщ Мыкъуэжь Анатолэ. Иужь илъэсхэм абы усэ тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIащ: «Дунеижь» (1995), «Адэжь щIэин» (2000), «Къэрэгъул бжыхь» (2010). Абыхэм щIыпIэшхуэ щаубыд граждан (жылагъуэ) лирикэм. 1991 гъэм итха «Ди кхъухьыр» усэм Анатолэ IупщIу къыщегъэлъагъуэ ди къэралым и закъуэ и «кхъухьыр» (мыр образ хьэлэмэтщ) псым зэрыдэсейр, адрей псори есыхырт; дунейм и хабзэхэр абы къридзэу зэрыщымытар. ИкIэм-икIэжым, кхъухьыр ныджэм къытридзащ, зэхэкъутащ, псыхьэлъахуэ хъужащ. УсакIуэр щIоупщIэ: «Сыт щыгъуэ дыгъэр пшагъуэм къыкъуэкIыу, ар игъэгъущыжу» ди кхъухьыр адрейхэм щащIыхьэжынур? Мыкъуэжьым сэтей къещI гъащIэм мыхъумыщIагъэу къыхыхьэхэр. И сонетхэм ящыщ зыр мы псалъэхэмкIэ кърегъажьэ:

Зеиншэу Пэжыр къыдэнащ уэрамым,
Iыхьлыи благъи къыхуэмынэжа.
Псапэшхуэ хъунт зыгуэрым щIигъэхьамэ,
АрщхьэкIэ цIыхухэр псапэм щыуэжащ.

Сыт хуэдэ зэманми усакIуэм и къалэн нэхъыщхьэщ захуагъэм щIэбэныну, цIыху дэхуэхахэм къащхьэщыжыну. Апхуэдэ усакIуэщ Мыкъуэжь Анатолэ, абы хуэтхкъым «гуфIэгъуэм теухуауэ уэрэд нэс, цIыхухэм щыщIагъэкIым нэпс».

Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу адыгэхэм я поэзием и гугъу пщIымэ, гу лъытапхъэщ 90 гъэхэм («зэман зэблэкIыгъуэм») абы хэщIыныгъэ зэриIам. Ныбжьышхуэ къамыгъэщIауэ дунейм ехыжащ Iэзагъ ин зиIа усакIуэхэу Нэхущ Мухьэмэд (1944–1994), Бемырзэ Мухьэдин (1948–2007), Пхъэш МуIэед (1949–2000) сымэ.

Нэхущ Мухьэмэд и усэхэр нэхъыбэу кьытехуащ газетхэм, журналхэм, автор зыбжанэм я Iэдакъэщ Iэк Iхэр щызэхуэхьэса тхылъхэм. Абы и талантым теухуауэ псалъэ дахэ куэд хужаIащ КIыщокъуэ Алим, Еутых Аскэр, Тхьэгъэзит Зубер, Лев Озеров, Бещтокъуэ Хьэбас, Уэрэзей Афлик сымэ. Ауэ усакIуэм и насып къихьакъым езыр псэу щIыкIэ тхылъ щхьэхуэ къыдигъэкIыну.

УсакIуэр дунейм ехыжа нэужь, и IэдакъэщIэкIхэр иту, тхылъ хъарзынэ къыхудагъэкIыжащ литературэр фIыуэ зылъагъухэм («Адыгэ нэпсхэр». Черкесск, 1995).

Зы усэ тхылъ закъуэщ иIэр Пхъэш МуIэеди, ари къыщыдэкIар усакIуэр дунейм ехыжа нэужьщ («Гъуэгуанэ». Налшык, 2003). МуIэед и усэхэр, очеркхэр илъэс бжыгъэкIэ газетхэм, журналхэм къытехуащ.

Нэхъыбэу ар къызэрацIыхуу щытар журналистущ, ауэ ар икIи усакIуэ гъуэзэджэт. Пхъэшым езым и дуней лъагъукIэ иIэжт, щIэщыгъуэу, удихьэхыу.

КъытетIысхьэм жьындур уи уэнжакъым,
Тумыхуж ар, кхъыIэ, тумыхуж.
ЩIэджэр ар сэракъым е уэракъым
И насыпыншагъэр егъеиж.

(«Тумыхуж» усэ)

Бемырзэ Мухьэдини (1948–2007) гъащIэшхуэ къигъэщIакъым, ауэ литературэм, егъэджэныгъэ IэнатIэхэм куэд щыхузэфIэкIащ. Абы хуэфащэ дыдэуи къыфIащащ «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубэ усакIуэ» цIэ лъапIэр. Бемырзэр егъэджакIуэ Iэзэу щытащ (япэ классиплым предмет псори адыгэбзэкIэ езыгъэджу щIэзыдзахэм ящыщщ, «КъШР-м и цIыхубэ егъэджакIуэщ»). Абы и творчествэр хеубыдэ совет лъэхъэнэми, абы къыкIэлъыкIуэ зэманми (1991–2007). Совет нэужь лъэхъэнэм хыхьэу Мухьэдин и тхылъу щы къыдэкIащ: «Уэрэду сиIэр уэращ» (Черкесск, 1991), «ДыгъафIэ уэс» (Налшык, 1993), «Адыгэу ущытыныр гугъущ» (Налшык, 2002).

Лъэпкъым и псэукIэм, къэралым и зэхэтыкIэм зихъуэжа нэужь, абы игъэпIейтея усакIуэхэм ящыщщ Бемырзэ Мухьэдин. УсакIуэм и творчествэм нэхъыщхьэ щохъу лъэпкъым теухуа гупсысэхэр. Хэкур, лъэпкъыр абы ирегъащэ дыгъафIэ уэсу «щIыIэ хуэшыр Iэпкълъэпкъым хэзышыжым». ЦIэрыIуэ хъуащ, макъами щIалъхьащ Мухьэдин и «Уадыгэным къикIыр» усэр. УсакIуэм жеIэ нобэ адыгэу ущытыныр зэрыгугъур, адыгэу упсэуну зэрыхьэлъэр, «зэманыр жырри зыгъэлъалъэ гухъущ – абы екъутэ цIыхум и щэн-хьэлыр». Мы усэр лъэхъэнэм къиша мыхъумыщIагъэхэр сэтей къэзыщI, гъащIэр езыгъэкIакIуэ щхьэусыгъуэхэр къэзыIуатэ гупсысэкIэ гъэнщIащ.

Бемырзэр хэкупсэу, лъэпкъым и блэкIам дерс къыхэзых цIыхуу, бзэм, хабзэм тегужьеикIа усакIуэу зэрыщытам и щапхъэ куэд щыбгъуэтынущ и усыгъэхэм. Абы и псалъэхэщ тетыр Кавказ зауэм хэкIуэдахэм япэ дыдэ хуагъэувауэ Алибэрдыкъуэ къуажапщэм деж щыт фэеплъ сыным:

Лъэпкъ щIыхьым зи псэр шэпэIудз хуэзыщIу
ЯукIыхункIэ бийм хуимыкIуэтахэм,
Хьэжрэту мыжурэпэм ирихуэжьэу

ИстамбылакIуэ гъуэгум текIуэдахэм
Щана псэ нэхухэм я фэеплъщ мы сынри,
Адыгэ, зэтеувыIи хуэгумэщI.

Шэрджэс усакIуэ нэхъыжьхэм ящыщу тхыгъэ нэхъыбэ зи Iэдакъэ къыщIэкIар АбытIэ Владимирщ, абы езым къыдегъэкI «Лъахэ» журналыр. Илъэсипщ I блэкIам Владимир къытридзащ роман зыбжани, повесть, рассказ пщIы бжыгъэхэр. И усэхэмрэ поэмхэмрэ иту 2007 гъэм адыгэбзэкIи урысыбзэкIи къыдэкIащ тхылъищ: «Джатэм и щIагъ», «Молитва», «Ты поймешь ли, Ошхамахо?» Дызытепсэлъыхь лъэхъэнэми къаIэмыр жану лъэпкъ литературэм хуагъэлажьэ шэрджэс усакIуэхэу Тут Михаил, Шэрджэс Алий, Шорэ Ахьмэд сымэ.

Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ (1961) 90 гъэхэм и усэхэр газетхэм, журналхэм къытригъадзэу щIидзащ, иужьыIуэкIэ тхылъ зыбжанэ къыщыдигъэкIащ Налшык, Черкесск къалэхэм: «Дуней гущэ» (2001), «Тхьэм и бынхэр» (2007). Тхьэгъэпсэум нэхъыбэу итхыр усэхэрщ, ауэ абы иIэщ поэмэхэри, таурыхъхэри, ауанхэри, гушыIэхэри.

Зи цIэ къитIуа лъэпкъ усакIуэ нэхъыжьхэм хуэдэу абы и лирическэ лIыхъужьыр ирогузавэ лIэщIыгъуэ Iэджэ хъууэ адыгэм къыдекIуэкI хабзэр, адыгагъэр, нэмысыр къызыфIэмыIуэхухэр нэхъыбэ зэрыхъум, цIыхухэр мылъкум зэрыдихьэхам. «Адыгагъэ» зыфIища усэм ди хьэл-щэн дахэр ирегъэщхь «гъуэгущхьэм кърамыдзэжу тет кхъужьейуэ псоми яфыщIым:

Йопээээх, мэгъуэж жыгыжьыр,
Зеяри хъуащ къыхуэмеиж.
Къоныкъуэкъуф иджы акъужьыр,
Езыми щэхуу зегъеиж…

Къызэрыхэдгъэщащи, совет нэужь лъэхъэнэми адыгэ усакIуэхэм нэхъыбэрэ къаIэт темэу къэнэжащ лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэ дахэр, цIыхухэм я зэхущытыкIэ хэхар. Ауэ абы нэхъыбэу къыщыхьащ цIыхухэм я псэукIэкIэ зэхуэмыдэныр, адыгагъэр езыудых къарухэр мыдэн мотивхэр. А темэхэм ехьэлIа гупсысэхэр усакIуэхэм къызэраIуатэ художественнэ Iэмалхэри нэхъыбэ хъуащ: хэт лъэпкъ IуэрыIуатэм и лирэ-эпическэ фащэр къегъэсэбэп, хэти иджыри къухьэпIэ усэ гъэпсыкIэм и хабзэхэм нэхъ трегъащIэ, щыIэщ къухьэпIэмрэ къуэкIыпIэмрэ я поэтикэ щэнхабзэхэр зэхэзыгъэткIухьхэр. Ауэ сыт хуэдэ темэ къамыIэтми, сыт хуэдэ художественнэ IэмалкIэ ар къамыгъэлъагъуэми – псори йокIуэлIэж адыгэм и дунейм, и хъуэпсапIэ нэхъыщхьэхэм.

Зэманым къыдэкIуэ IуэхугъуэхэмусэрнэхъпсынщIэу поджэж, ауэ прозэм и жанрхэми ахэр гулъытэншэ ящIыркъым.

Дызытепсэлъыхь лъэхъэнэми адыгэ прозэм хэлъхьэныгъэ дахэ хуищIащ КIыщокъуэ Алим. Абы и творчествэр нэхъыбэу щекIуэкIар совет зэманырщ, ауэ лъэхъэнэщIэм щыщIидзэ дыдэм «Лъапсэ» романыр, и новеллэхэр щызэхуэхьэса «Хъыбархэр» (1999) сборникыр, «Шхьэлыкъуэ» усэ тхылъыр къыдигъэкIын хузэфIэкIащ. Романыр пычыгъуэурэ (1990–1991 гъэхэм) «Iуащхьэмахуэ» журналым къытрадзащ, ауэ щхьэхуэу «Лъапсэр» 1994 гъэрщ къыщыдэкIар. ИужькIэ ар урысыбзэкIи зэрадзэкIауэ («Корни», зэзыдзэкIар Мэремкъул Ларисэщ) дунейм къытехьащ. КIыщокъуэр усакIуэ гъуэзэджэт, абы лъэпкъ прозэри къэрал утыкум иришащ. «Лъапсэ» романри тхакIуэшхуэм къехъулIащ. Ар ещхькъым адрей и романхэм, псом япэрауэ КIыщокъуэм и тхыгъэм къыщегъэсэбэп «зэман зэщыгъэкIуэта» Iэмалыр. БлэкIа жыжьэмрэ иджыреймрэ образ нэхъыщхьэхэмкIэ зэблехъур, езы персонаж хигъэувари щIэщ – и IэщIагъэкIэ Дэфэрэдж цIыхубз дохутырщ. Романым фIы и лъэныкъуэкIэ гу лъатащ критикхэм.

Совет нэужь лъэхъэнэм прозэм и жанр зэхуэмыдэхэм фIы и лъэныкъуэкIэ зыкъыщагъэлъэгъуащ тхакIуэ нэхъыжьхэми, абыхэм къакIэлъыкIуэ щIэблэми. Нало Ахьмэдхъан (1921–2010) мы лъэхъэнэм тхыгъэ куэд итхакъым, ауэ ипэкIэ и Iэдакъэ къыщIэкIахэр адыгэбзэкIэ, томищ хъууэ, къыдэкIыжащ (хъыбархэр, повестхэр, «Нэхущ шу», «Псы Iуфэм Iут унэ цIыкIу» романхэр, 1993–1995), томитI хъууэ урысыбзэкIэ дунейм къытехьащ «Избранное» (2003) тхылъыр. Тхыдэ романхэр нэхъыбэ хъуащ. КIыщокъуэ Алим и «Лъапсэ» романым иужь дунейм къытехьащ МафIэдз Сэрэбий, Жылэтеж Сэлэдин, ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Елмэс Iэулдин, Журт Биберд, АбытIэ Владимир, нэгъуэщIхэми я тхыгъэ пIащэхэр.

МафIэдз Сэрэбий тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ докторщ, абы фIыуэ ищIэу щытащ зытетхыхь лъэхъэнэм щыIа псэукIэр, адыгэхэм XIX лIэщIыгъуэм ягъэва гуауэр, Кавказ зауэм къихьа насыпыншагъэхэр. Араш и повестхэм, романхэм ди тхыдэр фIэщхъуныгъэ хэлъу къыщIыщигъэлъэгъуэфар. Тхыдэ темэр Сэрэбий и творчествэм куэд щIащ къызэрыхыхьэрэ. «ЩIакIуэ фIыщIэ» повестыр (ар теухуащ адыгэхэр Урысейм пымыщIауэ щыщыта зэманым, Кърымымрэ Тыркумрэ щызэпэщIэта лъэхъэнэм.) Сэрэбий итхащ 1974 гъэм, абы къыкIэлъыкIуащ «ХьэщIэ махуэ» тхылъыр (1983, повестищ итщ), «Гъыбзэ хуэфащэт» (1992, роман, Екатеринэ II-м и зэманым теухуащ). Критикэр гуапэу зытетхыхьа «Мыщэ лъэбжьанэ» романыр 1998 гъэм дунейм къытехьащ. Ермоловым и образыр тхыдэм и пэжым тету, историзм Iэмалым хуэкIуэу къигъэлъэгъуащ тхакIуэм. Езы зэманыр – адыгэхэм дежкIэ гущIэгъуншэу щытари – тхакIуэм пэжагъ хэлъу къигъэлъэгъуэжащ.

Адыгэ тхыдэм теухуа повесть, роман жанр инхэр къэзыгъэсэбэпхэм ящыщщ АбытIэ Владимир. Ар хуэIэижыц усэми, прозэми. Иужьрей илъэсипщIым тхыгъэ нэхъыбэ дыдэ къыдэзыгъэкIа тхакIуэу жыпIэмэ, ущыуэну къыщIэкIынкъым. Владимир тхылъ щхьэхуэу къыдигъэкIащ, рассказхэр, повестхэр, романхэр иту: «Индыл и зы щэху» (повестхэр, 2005), «Ламэ» (рассказхэр, 2007), «Хамэ фыз» (роман, 2008), «Уанэгу нэщI» (роман, тхылъитIу, 2009), «Жыр щIыфэу си алъп удзыфэ» (повесть, 2010), «Адыгэгу зезыхьэ Апачи» (роман, 2010). Абы итыр къэхъукъащIэ романщ. Апхуэдэ роман ухуэкIэр АбытIэ Владимир щIэуэ къыхигъэхьащ ди литературэм. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, критикэр иджыри хунэсакъым зи гугъу тщIы тхылъхэм тепсэлъыхьыну. Адыгэ мамлюкхэр Мысырым щытепщэу щыщыта курыт лIэщIыгъуэхэр IупщIу ди нэгу къыщIэзыгъэхьэж повесть хъарзынэ итхащ ТIымыжь Хьэмыщи – «Зи нэхэм уафэхъуэпскI къыщIих сулътIан» (Налшык, 2001).

И гугъу тщIащ бзылъхугъэхэр иужь зэманым литературэм жыджэру къыхыхьэ зэрыхъуам. Ахэр прозэми я зэфIэкI щоплъ: рассказхэр, повестхэр ятх, роман жанрыр къэзыгъэIурыщIэхэри яхэтщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, БакIуу Марие. Марие литературэм къызэрыхыхьэрэ куэд щIакъым, ауэ рассказхэр, повестхэр, роман ярыту тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIащ. БакIуу М. итххэр яфIэгъэщIэгъуэну цIыхухэр йоджэ. ТхакIуэм и персонажхэм яхэтщ къуажэм щыпсэуа цIыху куэдым я образхэр. Абы гъащIэм и пэжымрэ литературэм и пэжымрэ сюжет хьэлэмэтхэмкIэ Iэзэу зэхеухуанэ. Тхылъ щхьэхуэу Марие къыдигъэкIащ «ГъащIэм и гъуэгу зэхэкIыпIэхэр» (повестхэмрэ рассказхэмрэ, 2001), «МафIэлыгъей» (роман, 2005), «Бзурэ пэт и хэкум щытепщэщ» (повестхэмрэ рассказхэмрэ, 2006).

Роман жанрым зи гуащIэ хэзылъхьахэм ящыщщ ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр (1926–2000, «Гъуэгущхьиблыр щызэхэкIым», 1992). Романыр адыгэ интеллигенцэм 60–70 гъэхэм гъащIэм къыхалъхьа Iуэхухэм триухуащ. Журт Биберд (1937–2003) и рассказхэм, повестхэм нэмыщI 90 гъэхэм итхащ романитI: «Гъуэжькуий» (1992), «Унагъуэ» (2004). Иужьрейр тхакIуэр дунейм ехыжа нэужь къыдэкIащ.

Къэрмокъуэ Мухьэмэд ди литературэм 1960 гъэхэм къыщыщIэдзауэ жыджэру хэтащ. Абы и рассказхэр, очеркхэр, новеллэхэр, повестхэр, романхэр иту тхылъ щэщIым нэс адыгэбзэкIи урысыбзэкIи къыдигъэкIащ. Критикэми щIэджыкIакIуэхэми ягу ирихьащ повесту къыщIидзэу роман-трилогие хъужа «Щихухэр иджыри мэкI» зыфIищар (1988, 1999, 2004 гъэхэм). Къэрмокъуэм и «ХьэтIохъущыкъуей рассказхэр» 2007 гъэм тыркубзэкIэ Истамбыл къыщытрадзащ, нэгъуэщI

рассказ зыбжанэ Софие болгарыбзэкIэ къыщыдэкIащ. Мухьэмэд и тхыгъэхэр бзэ къулейкIэ «узэдащ», я сюжетхэр гъащIэм къыхэхащ, ахэр хьэлэмэту ухуащ.

Сыт хуэдэ лъэхъэнэми адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм щытепщэщ прозэм и жанр цIыкIукIэ зэджэ рассказхэр, новеллэхэр, очеркхэр. Апхуэдэущ совет нэужь лъэхъэнэми зэрыщытыр. Рассказ, новеллэ куэд иужь илъэсипщIхэм и Iэдакъэ къыщIэкIащ Нало Заур. Журналым къатехуахэм нэмыщI щхьэхуэу къыдэкIащ «Мазэм фIэкIа зыми имылъэгъуа» повестыр (Налшык, 2006). Апхуэдэу гуащIафIэу мэлажьэ Елгъэр Кашиф («Лъагъуныгъэм и бзэ». Налшык, 1997; «Гъуэгуанэ кIыхь». Налшык, 2005), Хьэх Сэфарбий («Махуэм дунейр и кIыхьагъщ». Налшык, 1992; «Си хъуреягъкIэ», 1996; «Тхыгъэхэр», 1998; «Курых», 2008), КхъуэIуфэ Хьэчим («Гъатхэм и ныбжьыр», 2000), Мэзыхьэ Борис («Жэщ закъуэрэ гъащIэ псомрэ», 2003; «Бжьыхьэ макъамэхэр», 2008; «ЩIым и гулъ», 2010), Къумыкъу Мамдухь («Сыт псыхъуэ цIыкIум жиIэр», 1997), Гъэунэ Борис («Уэ къэкIуэж закъуэ, папэ», 1992; «Рассказхэр», 1993; «Нэхулъэ», 1996; «Фэеплъ», 2002). Рассказ гукъинэжхэмкIэ тхылъеджэм я пащхьэ ихьащ «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм хэт тхакIуэ ныбжьыщIэхэри («КъудамэщIэ», 2009; «Шыхулъагъуэм и вагъуэхэр», 2010).

Драмэ тхыгъэхэм нэхъ гугъу литературэ пкъыгъуэхэм хэткъым. Иджырей лъэхъэнэм къэбэрдей-шэрджэс драматургием и зыужьыкIэри абы и щыхьэтщ. Абы и жанрхэм къагъэщI текстым еджэгъуейщ, ар къыбгурыIуэн папщIэкIэ, персонажхэм «я сэфэтым уихьэн» хуейщ. А къалэныр зыгъэзащIэр театрырщ. Адыгэ театрымрэ ди драматургиемрэ куэдкIэ зэпыщIащ, драматургхэмрэ театрым и режиссерхэмрэ зэдолажьэ. Театрым цIыхухэр нэIуасэ хуещI «гъуазджэ лъагэ» жыхуаIэ драмэхэм.

90 гъэхэр къапщтэмэ, къэбэрдей-шэрджэс драматургием хэлэжьыхьахэм ящыщу псом япэ зи цIэ къиIуапхъэр IутIыж Борисщ (1940–2008). Борис пьесэ тхын пасэу щIидзащ. 1993 гъэм къыдэкIа «ГушыIэ махуэ апщий» тхылъым итхэр 1970–1980 гъэхэм итхащ, ауэ а пьесэхэр театрым щагъэувар зэманыфI дэкIауэщ («Шэмхьун и фызышэ» комедиер 1971 гъэм итхащ, «Гуащэмыдэ хьэблэр» – 1975 гъэм, «Хьэцацэ дахэр» – 1982 гъэм, адрей комедиехэр нэхъ иужьыIуэкIэ къытрыригъэдзащ). IутIыжым и комедиехэм щIэуэ, ди драматургием хэмытауэ къыщигъэсэбэпащ комедие лIэужьыгъуэ зыбжанэ. Абы къинэмыщIауэ, IутIыжым итхащ «Ажэгъафэ джэгухэр» фIэщыгъэцIэ иIэу цикл ин. Драматургым адыгэ IуэрыIуатэм хэт «Ажэгъафэ» персонажыр и комедие гупым хигъэуващ «гуп зэхэшэу», сюжетыр езыгъэкIуэкI цIыхуу, джэгуакIуэм и къалэнхэр нэхъыбэ ищIри. Комедие циклыр («Ажэгъафэ

джэгухэр») гуэшыжащ гуп-гупурэ: «ГушыIэ махуэ апщий!», «ГушыIэр гушыIэщ», «ДыкIуэм-дылъэурэ», «Дунейр – театрщ», «Театр къэкIуащ».

IутIыж Борис и комедием пщIэшхуэ хуащIащ театрым кIуэхэми, критикхэми. ТхакIуэм и бзэр къулейт, и гушыIэр дахэт, Iэзэу зэхэлъхьат. Совет лъэхъэнэми, иужькIи цIыхухэм яIа ныкъусаныгъэхэр IупщIу сэтей къыщыщIащ а комедиехэм.

IутIыж Борис цIэрыIуэ зыщIа трагедиехэщ: «Эдип» (1993), «Дамэлей» (1991), «Кушыкупщ» (1998). Абыхэм IутIыжым къыщегъэлъэгъуэж адыгэхэм я тхыдэр, лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм теухуа Iуэхугъуэхэр. Щхьэхуэу щытщ «Эдип» пьесэр. Мыр щIэуэ къыхигъэхьащ IутIыжым ди литературэм. Алыдж мифологием фивхэм я пащтыхь Эдип теухуауэ хэт хъыбар гуузым я трагедиехэр къытращIыкIащ дунеипсо литературам классик щыхъуа драматург зыбжанэм: Софокл, Сакс, Сенекэ, Кокто, Вольтер. IутIыжым къалэн нэхъыщхьэу игъэувар зыт: дауэ пэлъэщыну античнэ «трагедие лъагэм» адыгэбзэр? А къалэныр хъарзынэу зэфIихащ IутIыжым.

Къэбэрдей-шэрджэс драматургием хэлъхьэныгъэ пыухыкIа хуищIащ Дэбагъуэ Мухьэмэд (1941–2003, КъШР). Мухьэмэд журналист Iэзэт (илъэс куэдкIэ «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьащ), усэхэр, рассказхэр, очеркхэр, повестхэр итхырт. Абы литературэ тхыгъэхэм пьесэ зыбжанэ къатрищIыкIри Шэрджэс театрым щагъэуващ («Асият и мывэ», «Iэпхъуалъэ телъыджэ», «Иныжьым и нэр», н.къ.). Дэбагъуэ Мухьэмэд и пьесэу блы ихуащ тхылъ щхьэхуэу 1991 гъэм къыдэкIам («ФIы зыщIэр щIегъуэжыркъым»). Мыбы хэтщ комедие-водевиль («Аращ лIы зэрыдэкIуэр»), драмэ («Анэр нэм хуэдэщ»), таурыхъ фащэм ит пьесэхэр. «Анэр нэм хуэдэщ» пьесэр еджапIэхэм литературэр зэрырагъэдж программэм хэтщ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, драматургием елэжь тхакIуэ куэд зэрыдимыIэм къешэ театрым и режиссерхэм, артистхэм а къалэн гугъур я пщэ зэрыдалъхьэжыр. Апхуэдэщ Тут Тезадэ (1944). Тезадэ Черкесск адыгэ театрым и актер нэхъ пашэу илъэс куэдкIэ лэжьащ, абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Благъуэр къыщыджэм» (1995), «ТIуанэ» (, «Iуащхьэмахуэ», 1996 № 2-м тетащ), «Ажал хужь леймыгъэгъу» (Шорэ Ахьмэд и рассказым къытрищIыкIащ спектакль).

ТхакIуэ нэхъыжьхэм ящыщ Нало Заур и Iэдакъэ къыщIэкIащ усэ хъарзынэхэр, рассказхэр, повестхэр, щIэныгъэ лэжьыгъэ гъуэзэджэхэр. Иужь илъэсхэм абы зыхуигъэзащ адыгэ драматургие «зи лъэр щIэхуу» щIэзыдзам. Заур и рассказым къытращIыкIа «IэфIынэ и нэ фIыщIитIыр» (2007) ноби хэтщ ЩоджэнцIыкIу А. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей театрым и репертуарым.

Тхьэмокъуэ Барэсбий апхуэдэу драматургием зы пьесэ мыинкIэ къыхыхьащ. «Псэжьхэр зэрызохьэ» комедиемкIэ абы къегъэлъагъуэ ди зэманым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм къашэ мыхъумыщIагъэхэр.

Къаныкъуэ Заринэ (1969) журналистщ, ауэ литературэм илъэс бжыгъэ хъууэ хэтщ, усэ тхылъхэр, рассказхэр иIэщ. Абыи зритащ драматургием. Япэ щIыкIэ Заринэ адыгэ тхакIуэ-узэщIакIуэ КIашэ Адэлджэрий и «Пыпхэ» тхыгъэм пьесэ къытрищIыкIащ – «Лъэмыж». ИужькIэ абы итхащ «Нагъуэ и унагъуэ» пьесэр, иджырей гъащIэм унагъуэм къихъуэ хьэлэбэлыкъхэм теухуар. Абы къытращIыкIа спектаклыр хыхьащ Къэбэрдей театрым и репертуарым, критикэми абы гулъытэ хуищIащ.

Совет лъэхъэнэ нэужьми къэбэрдей-шэрджэс литературэм и жанр псори къызэтенащ, ауэ гу лъытапхъэщ къэрал зэхэтыкIэм, псэукIэм къишэ Iуэхугъуэхэм я зэран литературэм и зыужьыныгъэм зэрекIам. Литературэм гъащIэм щиубыду щыта увыпIэр хэпщIыкIыу нэхъ лъахъшэ хъуащ, ар зыкъомкIэ хуэкIуащ зэштегъэу Iэмэпсымэм, цIыхубэр тхылъ еджэным апхуэдизу дихьэхыжыркъым, тхакIуэм и пщIэри къэлъэхъшащ. Дызэрыт лъэхъэнэм гъунапкъэ пыухыкIа иIэкъым, ар зы жыпхъэ иджыри ихьакъым. Дыпэплъэнщ лъэпкъ литературэм сэбэп хуэхъуну Iуэхугъуэхэм, абы къыдэкIуэу быдэу ди фIэщ мэхъу зэманым и образ щэджащэхэр иджыри мымащIэу ди тхакIуэхэм къызэрагъэщIынур.

1.2. Къэбэрдей-шэрджэс поэзиер совет лъэхъэнэм иужькIэ

XX лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм ирихьэлIэу илъэс куэдкIэ ди къэралым щытепщэу щыта политикэри, экономикэри, идеологиери къутэжащ. Зэуэ IэщIыб ящIащ коммунизмэр ухуэныр, парт закъуэм и унафэ щIыкIэр. Литературэри къыщIэкIащ идеологие хэгъэщхьэхукIам и бжьым. ТхакIуэхэми щагъэтащ къэрал унафэщIхэм щытхъу одэхэр, уэрэдхэр хуэтхыныр. Демократием къишащ хуитыныгъэ куэд. А псори фIыщ, ауэ а демократиер зэфIэувэным зэман кIыхь токIуадэ. НэхъыкIэращи, цIыхухэр я псэукIэкIэ – бейрэ тхьэмыщкIэу – хуабжьу зэщхьэщыкIыу хуежьащ. Иужьрейхэр нэхъыбэу къыщIидзащ. Абыхэм къашащ литературэми щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр. Ахэр нэхъ щынэрылъагъущ поэзием, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ дуней къэхъукъащIэхэм нэхъ псынщIэу пэджэж литературэ пкъыгъуэу ар щытщи. Абы и жанрхэр, псом хуэмыдэу лирикэм хабжэхэр, къэбэрдей-шэрджэс литературэм щыпашэу къыщIэкIынщ иджырей

лъэхъэнэми. Абы щыхьэт тохъуэ Бещтокъуэ Хьэбас, ІутІыж Борис, Уэрэзей Афлик, Бицу Анатолэ, Бемырзэ Мухьэдин, Къэжэр Хьэмид, Ацкъан Руслан, Мыкъуэжь Анатолэ, Нэхущ Мухьэмэд, Сонэ Абдулчэрим, Пхъэш МуІэед, МахуэлІ Нарзан сымэ я лирикэ гъуэзэджэр.

Зи гугъу тщІы лъэхъэнэм и теплъэри и щытыкІэри къызэзыгъэпэщыр (щэнхабзэм епха дэтхэнэ зы Іуэхугъуэми зэрихабзэу) япэ ит щІэблэм и къэхутэныгъэхэмрэ абы къакІэлъыкІуэ гупым и къэлъыхъуэныгъэхэмрэщ. 1960–1970 гъэхэм адыгэ литературэм къыхыхьауэ щыта усакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІхэм мы зэманым классикэ мыхьэнэр щагъуэту жыпІэ хъунущ: усэ тхыным епха дэтхэнэ лъэныкъуэри – бзэр, теплъэ къэгъэщІыкІэр, къупхъэ зэхуэгъэкІуэкІэр – балигъыпІэм йоувэ. УсакІуэ къэс и усыгъэм хьэл зырыз ягъуэт, дэтхэнэми и дуней еплъыкІэ иІэж мэхъу, ауэ а зэмыщхьыныгъэхэм ебакъуэу ахэр зы зыщІ гуэри щыІэщ: зы лъэхъэнэм и цІыхухэм я гурыщІэхэм – гъащІэм къигъэув упщІэхэм, зым и жэуапым адрейм щІигъужурэ е пэщІигъэувэурэ – зы сурэт убгъуа къагъэщІауэ къыщІокІ.

ЗэрыжытІащи, мы зэман дызытепсэлъыхьым лъэпкъ усакІуэ нэхъыжьхэм я зыужьыныгъэм щыхьэт техъуэ юбилей тхылъхэр къыдэкІащ. Абыхэм щызэхуэхьэсащ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм ятхауэ щыта усэхэр, иужьрей илъэсхэм ейхэри хэтыжу. Апхуэдэ усэ тхылъхэм уащыхэплъэкІэ, зэпэплъытыну тынш мэхъу щхьэж и гупсысэкІэм зэманым елъытауэ зэрызихъуэжыр, икІи лъэхъэнэ блэкІам и къэпщытыныгъэхэмрэ иджырей къежьэныгъэщІэхэмрэ я зэхущытыкІэр абыхэмкІэ нэхъ къыхэгъэща мэхъу. Щапхъэу къэпхь хъунущ Бещтокъуэ Хьэбас и «Дуней телъыджэ», Уэрэзей Афлик и «Іуащхьэжь», Ацкъан Руслан и «Къэгъэзэжыгъуэ», Къуныжь ХьэІишэт и «Псэм и губгъуэ» сборникхэр, нэгъуэщІхэри.

КъедбжэкІа усакІуэхэм къакІэлъыкІуэ щІэблэм и «макъыр» XX лІэщІыгъуэм и кІэухым литературэм къыщыІуу щІидзэ къудейщ. Абыхэм я ІэдакъэщІэкІхэр зэман-зэманкІэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым къыщыдэкІ газетхэм, «Іуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария» журналхэм къатохуэ. 1991–1997 гъэхэм усэ тхылъ зыбжанэ дунейм къытохьэ усакІуэ ныбжьыщІэхэу Къаныкъуэ Заринэ, Бэлагъы Любэ, МахуэлІ Нарзан, Лъостэн Музэ, ПщыукІ Латмир сымэ ейхэу. Я усэхэм я художественнэ мыхьэнэм зэкІэ и гугъу дымыщІу, мыбдежым мы зым гу щылъыттэнщ: а гупыращ «щІалэгъуалэ» цІэр ящхьэщыкІыурэ совет нэужь зэманым и курыкупсэм хуэмурэ къыхэхутэр.

Иджырей адыгэ лирикэм и шыфэлІыфэр тэмэму къэгъэлъэгъуа хъун щхьэкІэ, псом япэу тхэн щІэзыдзагъащІэхэм я художественнэ дунейр зыхуэдэр ІупщІ щІын хуейуэ

къыдолъытэ. Ахэр нэхъыбэу «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм хэт ныбжьыщIэхэрщ. Абыхэм я IэдакъэщIэкIхэр, газет-журналхэм къызэрытехуэм къыдэкIуэу, сборник зэхуэмыдэхэм ярыту дахуозэ.

ГурыIуэгъуэщ, иужьрей зэманым къигъэщI художественнэ дунейм ущытепсэлъыхькIэ, ткIий дыдэу а Iуэхум убгъэдыхьэ зэрымыхъунури. «Адыгэ литературэр совет зэман нэужьым» жытIэ щхьэкIэ, совет къэралыр зэрыкъутэжрэ илъэс куэд дэкIами, цIыхур зы лъэхъэнэм хэкIыу адрейм хыхьа щхьэкIэ, абы и гупсысэкIэм занщIэу зихъуэжыркъым. Пэжщ, литературэм псори пкърошапсэ, ауэ цIыхубэ зыхэтыкIэм зыщихъуэжым деж, цIыхум и псэр а къэхъукъащIэхэм зэрапэджэж Iэмалхэм художественнэ къару, мыхьэнэ щагъуэтыр пIалъэ гуэр дэкIа нэужьщ.

ГъащIэм совет зэман нэужьым куэдкIэ зихъуэжами, дуней еплъыкIэщIэр, художественнэ нэщэнэ пыухыкIахэр къэзыгъэщI гупсысэхэр иджыри къэбэрдей-шэрджэс поэзием щызэфIэувэ къудейуэ жыпIэ хъуну аращ. IуэрыIуатэм и нэщэнэхэр (наIуэу къыщыхэщым дежи, «щIагъыбзэу» къыщыщIэкIми) иджыри адыгэхэм я художественнэ гупсысэкIэм щылъэщщ. Ар хабзэ жыхуаIэм и нэщэнэу къоув, ауэ, къыжыIэн хуейщ, литературэ тхыгъэхэр абы зыр адрейм ещхь зэрищIри. Ауэ зэкIэ дэ абы Iеи фIыи хэтлъагъуэркъым – щIэм занщIэу уесэныр гугъущ. Ди литературэм къикIуа гъуэгуанэр иджыри кIыхькъым, телъыджэ гуэрхэр абы къигъэщIми, абыхэм псоми гъащIэ кIыхь ягъуэтыркъым. Хамэ къэрал е урысей лъэпкъ литературэхэм къахыхьэ Iэмал, зэхъуэкIыныгъэщIэ псори дыдейм хэзагъэркъым. ЛъэхъэнэщIэм и художественнэ зыужьыкIэр икъукIэ гугъуу икIи хуэмурэщ зэрекIуэкIыр. Гъуэгуанэшхуэ къэзыкIуа литературэхэм еплъытмэ, адыгэ поэзием иджыри литературэ унэтIыныгъэхэр зыхэгъэкIауэ иIэкъым; гъуазджэм и Iуэху бгъэдыхьэкIэ зэхуэмыдэхэми абы ущрихьэлIэркъым.

Апхуэдэу щытми, зи гугъу тщIы зэманым къигъэщI лирикэм зэпэджэжыныгъэ хьэлэмэтхэр иIэщ. Къыхэбгъэщ хъунущ философие гупсысэ зыщIэлъ усэхэр, апхуэдэу псалъэм и къарум, анэдэлъхубзэм и мыхьэнэм ехьэлIа Iуэхугъэхэр нэхъыбэ зэрыхъуар.

Нобэ куэдрэ щызэхэпх щыIэщ, адыгэ усакIуэ гъуэзэджэ зыкъомым гулъытэ нэс критикэм хуищIкъым жаIэу. А псалъэмакъыр нэхъыбэу зэпхар лIэщIыгъуэ кIуам и етIуанэ Iыхьэм, цIэрыIуагъ игъуэту, зи творчествэм зиужьахэращ. Абыхэм къакIэлъыкIуэхэр зэкIэ зы щIыпIи къыщыхэщкъым, я ныбжьыр илъэс 40–50-м нэсами. Ауэ гъэщIэгъуэныракъэ, Iуэхур апхуэдэу щыт пэтми, зи IэдакъэщIэкIхэм классикэ мыхьэнэ ягъуэту жыхуэтIэхэм я цIэхэр тэмэму тхылъеджэхэм

ящIэ. Абыи щхьэусыгъуэ иIэщ: «шестидесятниккIэ» дызэджэ гупыр утыкум къыщихьа зэманым тхэн Iуэхум мыхьэнэ нэхъ ин ирату щытащ, езы усакIуэхэри зыр адрейм и ехъулIэныгъэхэм нэхъ кIэлъыплъырт – зэманым и щытыкIэри и гукъыдэжри нэгъуэщIт. Ноби а Iуэхур поэзием зыгуэркIэ зыхимыщIэу пхужыIэнукъым – мыбдежыр арагъэнущ щIэблитIым я зэхыхьэпIэ-зэхэкIыпIэм и щIэдзапIэр. Дапхуэдэу щымытми, мы зыр наIуэщ – лIэщIыгъуэ кIуам цIэрыIуэ хъуа гупым иджыпстуи ятххэм лъэхъэнитIыр зрапхыу къыщIокI – япэм щыIа литературэ хабзэхэри нобэрей зэманым къигъэщIхэри зрагъэзэгъыу.

ЛъэхъэнитIыр зэзыпх лъэмыжу къэплъытэ хъунущ Бещтокъуэ Хьэбас и «Бжьыхьэ дыщафэ» (2006), Уэрэзей Афлик и «Гъуэгущхьибл» (2007), Ацкъан Руслан и «Усэхэр» (2007), Мыкъуэжь Анатолэ и «Къэрэгъул бжыхь» усэ тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.

Ацкъан Руслан и лирикэр къапщтэмэ, абы иIэ щытыкIэ хэхам хабжэ и усэм и IукIэ щхьэхуэр (интонациер). Гупсысэхэм дапхуэдизу замыубгъуми, усакIуэм и япэ усэхэм ягъуэтауэ щыта къэпсэлъыкIэм ноби куэдыщэкIэ зихъуэжакъым. Абы и Iэдакъэщ IэкIхэр адрейхэм къахэзыгъэщхьэхукI нэщэнэуи ар жыпIэ хъунущ.

Адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ Тхьэгъэзит Зубер Руслан и япэ усэхэм щхьэкIэ мыпхуэдэу жиIауэ щытащ: «Ацкъаным и лирическэ лIыхъужьыр, псалъэуха къэсыху и кIэм хэIэтыкIа нэгъыщэ игъэувыж хуэдэ, ди тхьэкIумэм къикIиехэм ящыщкъым, ар щабэу, гуапэу, гупсэхуу къопсалъэ, езым и дуней еплъыкIэ зэриIэжым, и гупсысэкIэр адрейхэм ейм зэремыщхьым занщIэу гу лъыптэу, дзыхь къыпхуищIу, и гу къабзэр къыпхузэIуихыу и гурыгъу-гурыщIэхэр къыпхуеIуатэ, уи дзыхь иумыгъэзыжынкIэ, уигури хузэIуомыхыжынкIэ Iэмал имыIэу. Ар уэ гъэщIэгъуэн къыпщымыхъун Iуэхугъуэ жыгъейхэм куэдрэ къыпхутепсэлъыхьу къэхъуркъым, зи гугъу ищIхэм я нэхъыбэм уэри ущыгъуазэ пэтрэ, илъагъухэм и нэкIэ урегъэплъыф, зэхиххэм и тхьэкIумэкIэ урегъэдэIуэф, абыхэм къалъхуа и гупсысэ жанхэмкIэ удехьэхыфри – псори щIэщыгъуэ къыпщещIыф, уэршэрэгъу нэс къыпхуохъу»[1]. ЩIэныгъэрылажьэ ЩоджэнцIыкIу Нини гу лъитащ Руслан и усэ урысыбзэкIэ зэдзэкIахэми хэIэтыкIа нэгъыщэр зэребэкIым. «ФIэщхъуныгъэ ткIий зыхэлъ гупсысэр, ущиер, псалъэ быдэр – ахэращ нэхъыбэ дыдэу ди усакIуэхэр зэжалIэ гупсысэ къыхэгъэщыкIэхэр. Ауэ Ацкъаным и усыгъэм нэхъыбэ дыдэу узыхуэзэр упщIэращ. Ар мэупщIэ, жэуапым мэлъыхъуэ, ауэ унафэ уха зэи къищтэркъым»[2].

[1] *Тхьэгъэзит З.* Зыужьыныгъэм и гъуэгу. Налшык: «Эльбрус». 1987. 229 н.

[2] *Шогенцукова Н.* Лабиринты текста. Нальчик: «Эльбрус», 2002. 224 с.

Усэм и гъэпсыкIэми а хьэлым Iэджэ щIигъу хуэдэу къыпщохъу. Сатыр къэс хьэрф цIыкIукIэ кърегъажьэ, япэ ит сатырыр точкэкIэ мыгъэбыдэжамэ – апхуэдэ щIыкIэм тету гупсысэр, усакIуэм и бэуэкIэр, псалъэухар зэпымыудыщауэрэ къокIуэ, ритмикэ зэпыуныгъэ лейхэр ямыдэу. Патетикэ зыщIэлъ гупсысэм зрипщыткъым. Зи теплъэхэр бей дунейм и плъыфэхэри зэгъэзэхуэпауэщ и усэхэм Ацкъаным зэрыхигъэхьэр.

И гупсысэхэм я нэхъыбэр зытеухуар дуней дызытетым и хабзэхэращ, ижь-ижьыж лъандэрэ Iеищэу зызымыхъуэжхэрщ. Ауэ япэ дыдэу апхуэдэ хабзэхэм зыкъыщызыкъуахыр лирикэ лIыхъужьым и псэращ. Абы къыхэкIыу умыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал иIэкъым гурыщIэмрэ гупсысэмрэ я зэпэшачэкIэр. Мыбдежым лирикэ губжьым зыкъиIэту зэикI щыплъагъунукъым, дунейм и хабзэхэм я ткIиягъыр наIуэ щыхъум дежи, губгъэн хуищIу зэхэпхынукъым. Хьэуэ, лирикэ лIыхъужьыр хуейуэ гъащIэм и гугъупIэхэм хоплъэ, – абдежым зэгурыIуэныгъэ гуэрым Iуэхур хуэкIуэну щыгугъууи аракъым, щхьэусыгъуэр нэгъуэщIщ: езымрэ дунеймрэ быдэу зэсауэ зэрыщытыр и псэм кууэ зыхещIэ, абы къыхэкIыуи цIыху гъащIэм и зэхэлъыкIэмрэ дунейм и зэхэлъыкIэмрэ я зэпыщIэныгъэр зэрыщытым хуэдэу къещтэ. ГъащIэм и нэхъ гугъупIэхэм щегупсысым дежи, усакIуэм IупщIу къелъагъу цIыхум и къекIуэкIыкIэр дунеишхуэм и къекIуэкIыкIэм зэрыхэпщар: «мыбы щIэ лъэпкъ хэлъкъым, ижь-ижьыж лъандэрэ апхуэдэу йокIуэкI», – жиIэ хуэдэщ. Псо дыдэри гурыIуэгъуафIэу щымытми, сыт щыгъуи псэм и щытыкIэм хэпщауэ щыт хабзэ зызымыхъуэжхэр лIыхъужьым кууэ зыхещIэ:

ЩIэкIуэсыкIыу йокIуэкIыр си гъащIэр,
сыщIэпсэум щыщ Iэджи сIэщокI.
Сужэгъунщ псэр зищIысыр къэзгъащIи,
гугъэр щэхур зэбэкIым йопщIэкI.
(«ЩIэкIуэсыкIыу йокIуэкIыр си гъащIэр…»)

ЩIыху гъащIэр щIэхыу зэрыкIуэщIым, абы и ухыгъэм, блэкIам къызэримыгъэзэжым, ныбжьым акъылри къызэрыдэкIуэр абы и щIэлэгъуэ IэщIэкIым и уасэу къызэрыувым къытригъэзэжурэ йогупсыс усакIуэр. Ауэ нэщхъеягъуэм и гупсысэр хуигъакIуэркъым, абы фIы дыдэу ещIэ жэщ кIыфIым Iэмал имыIэу махуэ къызэрыкIэлъыкIуэнур:

Псэр Iэнкуну докIуэкI махуэ кIыхьым.
Ауэ бампIэу дэкIынщи зы жэщ –
ар гу махэу щытауэ пщIэжынкъым,
щIыр къигъаплъэу аргуэру ежьэнщ.
(«ЩIэкIуэсыкIыу йокIуэкIыр си гъащIэр…»)

Мыхьэнэ зиІэращи, апхуэдэ гупсысэкІэм быдэу тет Ацкъаным и лирикэр щІым укъытезыІэтыкІ гуфІэгъуэми хуэхамэщ. Зыр адрейм темыкІуащэу, псори зэгъэкІуауэ, зэпэшачэу щытщ. ЩоджэнцІыкІу Нинэ зэрыжиІащи, мы усэхэр къызэщІэзыкъуэж гупсысэ кІэух ягъуэтыным хущІэкъухэркъым. Дунейм и зэхэлъыкІэр, абы и курыкупсэм щыхэт зэпэщІэтыныгъэр нэхъ тэмэму къыщыбгурыІуэр, мыхьэнэ пыухыкІахэр зэримыІэр кууу щызыхэпщІэм дежщ. Апхуэдэ щытыкІэр лирикэ лІыхъужьым и псэм зэгуэр хьэкъыу пхыкІауэ, иджы абы и Іумэтым ит хуэдэщ: гъащІэмрэ ажалымрэ, псэмрэ Іэпкълъэпкъымрэ, фІыщІэмрэ хужьымрэ, Іеймрэ фІымрэ – зым адрейр къызэрыпхыщыр абы и дежкІэ щынэрылъагъущ. «*Зыпхыплъын*», «*къызэпхыщын*» глаголхэм Руслан и усэбзэм куэдрэ ущыхуозэ, а Іуэхугъуэри абы и дуней еплъыкІэм теухуа щапхъэ наІуэу къоув: «А псор зи жагъуэ мывэр уфІыщІащ, / и гущхьэм щызэблэкІыр *къызэпхыщу*»; «Бзум и нэгум ди нэгур *къыпхощ*»; «СыпщхьэщокІуэтри *сыпхоплъ*, / ауэ псэр жыжьэ ІумыкІ», «И плъэкІэр къуаргъым си псэм *пхокІ*, / иужькІэ нэгум къыщІэнэжу»; «Ар си гущІэм нэсыхукІэ *зэпхоплъ*, / и нэджыджым бзу шыру сыкъощыр». Мы сатырхэм гъэщІэгъуэну зы къэхъугъэм адрейр къыздыщицІыхуж зэпыщІэныгъэ быдэ зэрыщыІэр къаІуатэ (апхуэдэ щытыкІэм дунейм и зы щэху хэплъэгъуэнкІэ мэхъу), ауэ, гу зылъытапхъэщи, а къэхутэныгъэм гуфІэгъуэшхуи къигъэщІкъым. Усэм и макъым зыкъримыгъэІэтыщэурэ Руслан къыдгурегъаІуэ, а щытыкІэ гъэщІэгъуэнри гъащІэм щыщ къудейуэ зэрыщытыр. Апхуэдэ щытыкІэр нэхъ наІуэ щыхъур пщІыхьыращ, арагъэнщ абы и зэхэлъыкІэр, и теплъэ къэгъэщІыкІэр усакІуэм куэдрэ къыщІигъэсэбэпыр:

Си пІэщхьагъым пщІыхьэпІэ щопсэу,
Іэджи хэтщ абы зэблэхъуауэ.
СымыщІэжу щІэзмыгъэщІагъуэр
гъэмахуэ шылэм уэс куу къесащ.
(«Си пІэщхьагъым пщІыхьэпІэ щопсэу…»)

Зы щытыкІэр адрейм зэрыхуэкІуэр щытыкІэ хэхауэ Ацкъаным и лирикэм хэтщ. Жэщымрэ махуэмрэ, пщІыхьэпІэмрэ нахуапІэмрэ зэрызэхуэкІуэр, псэм пкърыхьэу абыхэм къапкърыкІ къару телъыджэр усакІуэм и иужьрей усэхэм куэдрэ уащыхуозэ. Щапхъэу мы сатырхэр къэтхьынщ:

Жэщым щымывэр махуэм щыбзущ,
гупсысэ гуэрхэр уэгум йохьэжыр.
(«МафІэр гужьейуэ жьэгум щоужьых…»)

Нэху щыху Іэмал имыІэу сыпсэунщ,
щІедзэж итІанэ гъащІэм *щІэрыщІэххэу.*
(«ЛІэныгъэм сыщышынэу содыхьэшх…»)

КъызэрыщІэкІымкІэ, мы дызытепсэлъыхь щытыкІэр къэухь хэха къэзыгъэщІ усэ гъэпсыкІэм епхауэ къыщІокІ. Ар япэ строфам къыхэщ образхэм, гупсысэхэм е псалъэухам кІэух строфам къыщытригъэзэжым дежщ, усакІуэм жиІэну зыхуеям и купщІэм зэрызихъуэжыр е зэрызимыхъуэжыр нэрылъагъу къищІу. Къэухь хэха зиІэ гъэпсыкІэм Ацкъаным сытым дежи Іэмал зэхуэмыдэхэр къыщигъэсэбэпыну хэтщ. Языныкъуэхэм деж япэ строфамрэ иужьреймрэ щІэдзэкІэ зэщхькІэ зэподжэж, абы къыхэкІыу къэбгъэзэжын хуей мэхъу кІэухымрэ щІэдзапІэмрэ къаІуатэр зэпэплъытын, усакІуэм къиугъуей зэпыщІэныгъэхэр нэсу къэплъагъун щхьэкІэ.

ЩІэдзапІэр:

Дунейм и бауэ макъыр *щІым щхьэщытщ,*
къыхэщу фІыуэ слъагъухэр зэрыбауэр.
Дуней зылъэгъуа жыгхэм я хъыбарри
даущ зэпыту си тхьэкІумэм итщ.

КІэухыр:

Дунейм и бауэ *макъыр зэхызох,*
сызыгъэпсэум щыщи хэбзэхыкІыу.
Жыгеймрэ сэрэ дызыблэпсэлъыкІми,
щІыр зыхыдощІэ, ди нэр зэхуэзэху…

Языныкъуэхэм деж Іуэхур хъуэжыныгъэ къудейм хуэкІуэу аращ, абы щыгъуэ зым адрейр къызэпхыщу къыпфІощІ. ГъэщІэгъуэныращи, синтаксис и лъэныкъуэкІэ а щІэдзапІэмрэ кІэухымрэ я зэхущытыкІэр зэзэмызи гъуджэм къищым хуэдэу зэщхьщ, ауэ а ІэмалымкІэ усакІуэм и образхэр зэщхьэщигъэкІыу аращ.

Япэ сатырхэр:

ЩІылъэр зи хьэлъагъ,
уафэр зи псынщІагъ.

КІэух сатырхэр:

Уафэр зи хьэлъагъ,
щІылъэр зи псынщІагъ.

Ижь-ижьыж лъандэрэ поэзием гулъытэшхуэ зыхуищІ Іуэхугъуэм уэгумрэ щІылъэмрэ «зэрызэлъэІэсым» – куэдрэ

йогупсыс Ацкъанри. Абы нэмыщIкIэ, усакIуэм и гупсысэр куу зыщIыр и сабиигъуэм дунейр къызэрыщыхъуу щытар, абы и теплъэр лъапIэныгъэ нэхъыщхьэу ноби и гум зэрыщихъумэрщ. Зи гугъу тщIыр Ацкъаным и IэдакъэщIэкIхэм къызэрыхэщыр гупсысэ къиIуатэм хуигъэфащэ плъыфэхэм епхауэщ. «*Гупсысэ*» псалъэр усакIуэм и нобэрей усэхэм куэдрэ ущрохьэлIэ. Апхуэдэу «гупсысэ», «гухэлъ» псалъэхэм Руслан и лирикэм щиухуэ дунейм «псэ» псалъэм и мыхьэнэр яIэуи къыщыкIуэ щыIэщ. ИтIанэ, «псэ» щыIэцIэм хуэдабзэу, а псалъэхэр «сэ» цIэпапщIэм и пIэ щиуви къохъу. Гупсысэр псэм хуегъадэ – здыщыпсэур щIылъэрами, уэгум, хьэршым хуоIэ. Абы къыхэкIыу гупсысэр (=псэр) кIэщI-кIэщIурэ «*хьэрш*» псалъэм бгъэдохутэ:

Вагъуэ бжыхьым псэ хьэлэлу щыIэр йопщI,
***хьэршым** нэскIэ къикIуэсыкIхэри яхэту.*
А бжыхь джабэм уафэ кIапэ къыщегъуэтри,
*си **гупсысэм** елIэлIапэу абгъуэ ещI.*
(«ЗекIуэ кIуар къекIуэлIэжакIэщ, къихури жэщ…»)

ИтIанэ гу лъумытэнIэ Iэмал иIэкъым уэгум псэр зэрыхуэпхъэрым щытепсэлъыхькIэ, усакIуэм хьэршыр къызэригъэлъагъуэ Iэмал гъэщIэгъуэным - ар зи къудамэхэм бзу-гупсысэхэр зытес жыгщ:

Жэщым щымывэр махуэм щыбзущ,
Гупсысэ гуэрхэр уэгум йохьэжыр.
Пшэм хэт жыг закъуэм ахэр тесынщ,
Я пкъым зэпхидзу и щIыIэр хьэршым.
(«МафIэр гужьейуэ жьэгум щоужьых…»)

Гупсысэр, жыгыр, бзур, уафэр, хьэршыр (псэхэр здекIуэлIэж щIыпIэр) я нэхъыбэм зэпхауэ къыщIокI.

Жыгым едж лIыхъужьым и гупсысэхэр, и псалъэхэр тхьэмпэ даущ макъымкIэ зэпеуд («Дунейм и бауэ макъыр щIым щхьэщытщ…», «ЛIэныгъэм сыщышынэу содыхьэшх…», «Къытпежьауэ дунейр дыкъэкIуащ…» усэхэр). Гупсысэр, Ацкъаным къызэригъэлъагъуэмкIэ, дунеитIым я гъунапкъэм щопэкIу, уэгум хуэкIуэу зэрыхуежьэу, щIылъэмкIэ къыщыIу макъ гуэр кIэлъоджэри къигъэзэжын хуей мэхъу («Си *гупсысэм* зы *макъ* гуэр къыкIэлъыджэнщи, / мис арыххэу щIым и куэщI къихутэжынщ»). Ауэ щIылъэм щыщыIэм деж, бзум и макъым егъэпхъэр:

Бжьыхьэм тхыгъэу къихьам я нэхъ кIэщIыр
Къытригъазэу гупсысэм щIеджыкI.

Зэкъуэхуауэ бзу закъуэ къеджэнщи,
Щигъэуэнщ, здынэсар ІэщІэкІынщ.
(«Бжьыхьэм тхыгъэу къихьам я нэхъ кІэщІыр…»)

А гу зылъыттахэм щІыбгъуж хъунущ Руслан мы зэманым итхахэм, сабиигъуэм къыдэкІуэу, жьыгъэм и образри хьэлэмэту къызэрыщыгъэлъагъуар. Сабиигъуэр (и теплъэр) нэхъыбэу пщІыхьым, гукъэкІыжхэм къыхэтэджыкІ, Іубахъэм зэрихьэ данэпсым къыпхыпс телъыджэ гуэрым хуэдэмэ, жьыгъэр егъэлеяуэ нахуапІэ ткІийм хэтщ. Ар къыщигъэлъагъуэм деж, нэхъ къыхигъэщхьэхукІхэр жьы хъуам и плъэкІэр, и ІэбэкІэр, и сэлам ехыкІэр сыт хуэдэхэрщ. А къедбжэкІахэм и дэтхэнэ зыми псэ хэтым къару телъыджэ хелъагъуэ усакІуэм.

КъэпсэлъыкІэр лирикэм и щэн хэхауэ къызэрыувыр наІуэу уи нэгу къыщІоувэ нобэрей адыгэ усыгъэм ухэплъэмэ. ГъэщІэгъуэнщ языныкъуэхэм деж зы лъэхъэнэм къигъэщІ усакІуэхэм я гъащІэр, я дуней еплъыкІэр усэм куэдкІэ зэрызэщхьэщигъэкІыр. Абы и щапхъэу къэпхь хъунущ Тхьэзэплъ Хьэсэн и усэхэу гукъыдэж инкІэ, гушхуэныгъэкІэ гъэнщІахэр. Ахэр къызыхэкІыр, дэ къызэрытщыхъумкІэ, метафизикэм епха гупсысэхэм усакІуэм и гур хуэгъэзэауэ зэрыщытырщ. Дунейм и зэхэлъыкІэм Хьэсэн нэхъыбэу хилъагъуэр Къаруушхуэм и Іэмырщ, а Къаруушхуэм цІыху къабзэр Іэмал имыІэу сыхьэт махуэм хуишэн зэрыхуейр и усэ куэдым пхырокІ:

Сэри зыкъом хэздзэфынти мыгъуагъэ.
АрщхьэкІэ, Тхьэм и шыкурщ – сынэгъуэщІщ.
Сэ мы дунейм схуиунэхуар нэгъуэщІ лъагъуэщ.
ГъащІэубзыхум си гъуэгур еузэщІ.
(«Сэри зыкъом хэздзэфынти мыгъуагъэ…)

Абы ехьэлІауэ къытеувыІэпхъэщ шэрджэс поэзиер ипэкІэ зыгъэкІуэта усакІуэ Бемырзэ Мухьэдин (1948–2007) и иужьрей ІэдакъэщІэкІхэм. Апхуэдэщ «Уэрэду сиІэр уэрщ» (Черкесск, 1991); «ДыгъафІэ уэс» (Налшык, 1993); «Адыгэу ущытыныр гугъущ» (Налшык, 2002) усэ тхылъхэр. А къалэныр Бемырзэм щигъэзащІэр и граждан лирикэрщ, жылагъуэ Іуэхум, цІыхубэм и псэукІэ-щыІэкІэм теухуарщ. Адыгэм и блэкІари ІупщІу къыхощыж абы и творчествэм.

УсакІуэ, композитор цІэрыІуэ ХьэІупэ ДжэбрэІил зэрыжиІауэ, Мухьэдин «къеузырт и лъэпкъыр». Мыбы и щыхьэтщ «ДыгъафІэ уэс» усэм къыхэтха мы сатырхэр:

Дыгъэпсым псыхьэлыгъуэ дэушар
ДыгъафІэхэм нэхъапэ щоуэршэр.

Апхуэдэу си гум илъмэ гуауэ гуэр
Е хуэшу щIыIэр хэтмэ си Iэпкълъэпкъ,
ДыгъафIэу гъащIэм щызгъуэтыжыр уэрщ,
Дуней нэплъэгъуэр зыгъуэтыжын си лъэпкъ.

Бемырзэр зыцIыхуу щытахэм зыжьэу жаIэж ар ипэжыпэкIэ хэкупсэу зэрыщытар. Ар и тхыгъэхэми къахощ. Абы сатириплI фIэкI мыхъу и усэмкIэ хузэфIокI дэтхэнэми и лъахэм ехьэлIауэ гъуазэу иIэн хуей гупсысэхэр къиIуэтэн:

Уи Хэкум куэдрэ уэ хуомыщI тхьэлъанэ,
«СылIэнщ уэр щхьэкIэ!» – жыпIэу, умыув,
Iуэхуншэу упэмыплъэу ущылIэнум,
УиIэхукIэ гъащIэ – Хэкум хуэпсэуф!

Адыгэ хэкум щытепсэлъыхькIэ, Бемырзэм IэщIыб ищIыртэкъым хэхэс адыгэхэм я гъащIэр, я гукъеуэхэр. Абыхэм «я гум къипсэлъыкIыу» итхащ усэ зыбжанэ: «Мейкъуапэ щыщIэдзауэ Адлер нэсу», «Тыркум щыпсэу адыгэм и тхьэусыхэ», «Хэхэсым и гъыбзэ», «Лъэпкъ гукъеуэ», нэгъуэщIхэри. УсакIуэм дежкIэ лъэпкъымрэ хэкумрэ зэгуэхыпIэ зимыIэщ. Лъэпкъыр къызэтенэн щхьэкIэ, мыхьэнэ ин дыдэ яIэщ бзэм, хабзэм, нэмысым, цIыхугъэм. А темэхэр зэикI жьы щыхъуркъым дунейпсо литературэми. Бемырзэ Мухьэдин абыхэм убгъуауэ телэжьащ и усэхэмкIи поэмэхэмкIи.

Адыгэбзэр Бемырзэм и IэщIагъэт, и нэт, и псэт. Усэ лъэпкъ имытхатэми, ар ди тхыдэм къыхэнэнут бзэм хуищIа IуэхухэмкIэ, ар щIэблэм зэрыхипщам, зэрыригъэджам и хьэтыркIэ. Бемырзэм и поэзием увыпIэ щхьэхуэ щеубыд адыгэбзэм. Абы «ЛIыгъэм и тхыдэ» и тхылъыр къызэIуех «Псалъэм и къарур» усэмкIэ. УсакIуэм зэритхымкIэ, игъуэу жыIа псалъэр лъапIэщ, абы «сымаджэ хьэлъэм и гур егъэтынш», зауэм хэт сэлэтхэр еIэт, «напэ хьэху зезыхьэм пыкъуокIыр, мылищэ зыхь гъатхэпсым хуэдэу щIыIэу», «дамэншэм хуещIыфыр уафэм дэкI пкIэлъей». Тыншкъым псалъэр уигукIэ къепхьэкIынри, ар хуэдэщ «вакъэм мывэ дзакIэ илъу» къэпкIухьыным.

Бемырзэм дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм хиубыдэу къытригъэдза усэхэм я нэхъыфIу убж хъунущ «Уадыгэным къикIыр» зыфIищар (Мыр итщ 1993 гъэм, 2002 гъэм къыдигъэкIа усэ тхылъхэм)[2]. Усэм макъамэ щIалъхьэри уэрэд хъуащ, ар Хэкум, лъэпкъым теухуа зэхуэсхэм щагъэзащIэ. УсакIуэм жеIэ:

Адыгэу нобэ ущытыныр гугъущ,
Адыгэу нобэ упсэуныр хьэлъэщ.
Зэманыр жырри зыгъэщащэ гухъущ –
Абы екъутэр цIыхум и щэн-хьэлыр.

Усэм, поэмэм ещхьу, сюжет мыин иІэщ. АдэкІэ къегъэлъагъуэ иджырей адыгэхэм яфІэкІуэда щэн дахэхэр, адыгагъэр, хэкум хуаІэ лъагъуныгъэр машІэ зэрыхъур. Бемырзэм къытрегъазэ «Адыгэу нобэ ущытыныр гугъущ» сатырыр икІи абы адэкІэ дышІегъу: «Ауэ сыт щыгъуэт щыщытар ар тыншу, / Къэвгъуэтыт тхыдэм зыщищІыж и гугъу, / Ди гъащІэр тхьауэ дэ къэзэуатыншэу!» КъыкІэлъыкІуэ сатырхэм абы и щапхъэ зыбжанэ къехь, лъэпкъ тхыдэ гуузым къыхихауэ. Усэр еух адыгэу ущытын папщІэ, напэм, псэм утелэжьэн зэрыхуейр, цІыхугъэм ухуэпэжу, адыгэбзэр ІэщІыб умыщІу дунейм хэкупсэу утетыну укъыхуриджэу. И кІэм къехь мы жыІэгъуэр, псори къызэщІикъуэжу:

Адыгэу упсэуным къикІыр зыщ –
Уадыгэну къыпкъуэкІынырщ лІыгъэ.

Гур игъэузу тхащ Бемырзэм и «Лъэпкъ гукъеуэ» усэр. Мыбы усакІуэм сэтей къыщегІ хэхэс адыгэхэми, хэкужьым къинахэми я гъащІэм мыхъумыщІагъэу къыхыхьахэр, лъэпкъым и пщІэр лъахъшэ зыщІхэр. Хэкум икІыжахэм «я лы къабзэр щащ», къэнэжар «къупщхьэр кІуэдынырщ», «иныкъуэм дин ягъуэтри унэжащ, я лъэпкъи, адэжь щІапІи хуэмеижу», хэкум къинахэм щыщ куэдым «мылъкум ярилъхьащи лъэхъу» бэкъуамэ, зытеджалэр я гъэлъэхъущ». Усэр еух мыпхуэдэ сатырхэмкІэ:

Хэхэс жэнэт, хэкужь жыхьэнэмэ –
Дэтхэнэра нэхъыфІыр уздэлІэну?

БемырзэМ. зэманым ифІри и Іейри наІуэ къищІыфырт образ щІэщыгъуэхэмкІэ, гупсысэ куухэмкІэ. Ахэр къызэриІуатэри псалъэ къызэрыгуэкІкІэщ. Нобэрей цІыхухэм яделъагъу:

ЗыщІыпІэм щызэщехур лым
НэгъуэщІым щыщІобэгыр щІакхъуэ бзыгъэм –
ЩІыху цІыкІур гъейм зыгуэрурэ къелынт,
ДэмыкІуэдыжмэ ар ныбэизыгъэм…

Лъэхъэнэм утыкуакІуэ ища хьэкІэпычхэри гулъытэншэу къигъанэркъым:

Сэлам къызихыу, си Іэр къиубыдамэ,
Щэху цІыкІуу си Іэпхъуамбэхэр собжыж…

Ауэ «Анэм и псалъэ» усэм анэм и образыр къызэригъэщІыр нэгъуэщІущ. Быным и гузэвэгъуэ, гукъеуэ имылъагъун, ар япэ имыщын щхьэкІэ, анэм имышэчын щыІэкъым:

Си Iэ лъэныкъуэр пыбупщIами,
КъэнамкIэ IэплIэ уэсшэкIынщ.

Апхуэдэу гу хьэлэл иIэу дунейм тетыр анэ закъуэрщ, ар гукъинэжу къигъэлъэгъуащ усакIуэм зы псалъэухакIэ.

Лъагъуныгъэ лирикэми хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ Бемырзэм. КъызэрыгуэкI псалъэкIэ усакIуэм къегъэщI а гурыщIэ телъыджэм и образхэр:

Тенджызщ уи нитIыр, ибэу купрауз,
Уи набдзэхэр и дамэщ хы тхьэрыкъуэм,
Уи лъагъуныгъэр сэ схуэхъунущ уз,
ГущIэгъу къысхуомыщIыныр уи тхьэрыIуэм.
Уэ ущтамылым – сэ сыуищтаучщ,
Сэ сырагъэрщ, а уи нэ къызэмыплъым –
Сэ занщIэу сиукIынущ уи нэмыплъым –
ЩIыхугъэ зиIэм, гъэрыр имыукI...

Апхуэдэу телъыджэр зыпэмыплъэ гупсысэкIэ еухыр нэгъуэщI усэ зыбжани. ФIыуэ илъагъум и образыр усакIуэм егъэдахэ, зэфIегъэувэ дуней къэхъукъащIэхэр, дыкъэзыухъуреихь дунейр къигъэсэбэпурэ:

Уэсэпсу щоткIур уи нэбжьыцхэм жэщыр,
Уафэгум нэхущ вагъуэ къинэжам
И бзийхэр уи нэкIущхьэхэм щожэщIри,
Уи нитIым хуэму щхьэщахужыр жейр.

Къуажэр мэжей, илъагъуу пщIыхьхэр, псым и Iэуэлъауэм щIиупскIэу, абы и щытыкIэм ещхьщ лъагъуныгъэм хьэщыкъ ищIари:

Макъыншэщ къуалэбзухэр, ямыхабзэу.
Къинащ уафэгум мазэр, щхьэукъууэ,
Си гугъэщ сэ мы жэщри, схуэдэ къабзэу,
Уи нитIым я дахагъым итхьэкъууэ.

Пейзаж лирикэм адыгэ литературэм нэхъ зыщиужьауэ жыпIэ хъунущ. Ар къыдежьащ ЩоджэнцIыкIу Алий. Мы темэр IупщIу къыхощ иджырей шэрджэс поэзием хэлъхьэныгъэ щхьэпэ хуэзыщIа усакIуэхэу Дыгъужь Къурмэн, Нэхущ Мухьэмэд, Пхъэш МуIэед, АбытIэ Хъызыр, АбытIэ Владимир сымэ я творчествэм. Бемырзэри зыхуэфащэу хоувэ а Iуэхум. Мухьадин и IэдакъэщIэкIхэм хэтщ пейзажым щхьэхуэу хухиха усэхэри, нэгъуэщI темэхэр къыщигъэлъагъуэм ар къыщигъэсэбэпахэри. Пейзажыр «хэухуэнащ» и поэмэхэми. Усэ щхьэхуэхэм ящыщщ мыр:

Адакъэхэм къагъэушащ пщэдджыжьыр,
Заутхыпщlри пщlантlэм щыпэу дэуващ,
Жэщ псом щlыlэбжьым щыдыкъа бабыщу,
КIэзызхэу вагъуэхэр уэгу бгъафэм щlэпщхьэжащ.
Зэгуэчхэу мэдыхьэшххэр къуалэбзухэр,
Сабийуэ губгъуэ псынэр мэкъуейщlей.
Игъэудэфащи удзхэр уэсэпс уэшхым,
Гъэгъахэр дыгъэ бзийхэм хуагъэщlей.

УсакIуэм дунейм «къыхипхъуэтыкIащ» мы теплъэ гъэщIэгъуэнхэр. Псэ хилъхьащ удзхэм, уэсэпсым, псынэм, «егъэдыхьэшхыр» бзухэр. Ар сурэтыщIым пэгъунэгъу хъуащи, IупщIу уи нэгу къыщIегъэувэ пщэдджыжьым и теплъэр. Апхуэдэщ «ЗыгъэпскIыпIэм», «Уэсэпсу щоткIур уи нэбжьыцхэм жэщыр», «Жэщыбг жей IэфIым хэтщ си щIыгур» усэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЛирикэмижанрхэращБемырзэмнэхъыбэукъигъэсэбэпахэр. Абыхэм хэтщ гупсысэр зи лъабжьэ (медитативнэ) усэхэр. Апхуэдэщ «ЕдзыгъуитIу зэхэлъ усэхэр», «Усэ кIэщIхэр» циклхэр. Дунейм и теплъэр къигъэсэбэпурэ гупсысэ хьэлэмэт зыщIэлъ образ къегъэщI усакIуэм. Псалъэм папщIэ, IуащхьэмахуэищыгумитIуащхьитI уэккIэ зэпыщIар усакIуэм ирегъапщэр адыгэ уанэм. Тхыдэм и нэщIэбжьэхэм уанэгур нэщI ящIащ, иджы ар «зея шу хахуэр дэнэкIи къыщилъыхъуэу, зэуапIэм къина хуарэу мэгумэщI...» ЩIэщыгъуэщ дыщэм теухуа сатириплIри:

Дыщэр гъущIхэкIыу щыIэм я нэхъыщхьэу
ЩIабжьыр плъыфэ дахэ иIэр армыра –
Дыщэр зыгъэлъапIэр мылъийуэ и щхьэр,
И къабзагъыр быдэу зэрихъумэр арщ.

Философие гупсысэм имызакъуэу, и усэ кIэщIхэм Бемырзэм сэтей къыщегI цIыху щхьэхуэхэм я хьэл-щэн гуэрхэри. Абыхэм яхэтщ ущие, гъащIэм и хабзэр къэзыпщытэ, ущызымыгъэуэн псалъэхэр къыщихьа жыIэгъуэхэу псалъэжьхэм ещхьхэр:

ЛIы хабзэкъым чы лантIэу узэфIэщIэу
Уи гъащIэр пхъыныр - джалэм зеIэтыж.
ПщылIыным еса цIыхурщ къызыфIэщIыр
Лъэгуажьэмыщхьэу ущытыныр тыныш.

«Адыгэ тхыдэм и дерс» усэм лъэпкъым зэраныгъэ къыхуэзыхьар тепщэн зи нэрыгъхэр куэд зэрыхъуарт: «Къуршыбгъэр зэрышхмэ, къуаргъ шхыну къонэж». ЗэгуэкIуахэу «зи псэр зы чысэм илъхэми» ягу къегъэкIыж а чысэм зэрыпеуэн гуэри илъын зэрыхуейр». Аращ чэнджэщкIэ зыкъыщIытхуигъазэр:

Ущымышынэ цIыху зимыIэм жьабзэ,
Хуэсакъ къыпхуэбзэрабзэу зызыгъэщхъым:
Зызыгъэшам зиукъуэдиж и хабзэщ.
Узэкъуэхууэ къеуэжынщ уи нэжьгъым.

Литературэдж-щIэныгъэлIхэм гу лъатэ XX лIэщIыгъуэм и кIэухым къигъэщIа поэзием цIыхубэ зэхэтыкIэм ехьэлIа гукъэкIыр хэпщIыкIыу зэрыщыкIуэщIыр. «ЦIыхубэм къулыкъу хуэщIэным епха гупсысэхэр токIуэтри, дахагъ, теплъэ гъуэзэджэ къэгъэщIыным лъыхъуэныр нэхъ щхьэпэу къоув»[3].

Цензурэр зэрыщымыIэжыр, щхьэж и Iуэху еплъыкIэ иIэжыну хуитыныгъэ зэрагъуэтам куэдкIэ зрегъэхъуэж усакIуэм и гупсысэкIэми. УсакIуэ-бегъымбарым и щэныр, гукъинэжу урыс литературэм къыщыунэхуар, куэдкIэ адыгэ поэзиеми екIуалIэу жыпIэ хъунущ. Ар къуэпс быдэкIэ пыщIащ усакIуэ-джэгуакIуэхэм. Нобэрей гъащIэм жьабзэм, жьэнахуэм и мыхьэнэр куэдкIэ нэхъ фагъуэу къыуегъэлъагъу, уеблэмэ языныкъуэхэм деж мыгурыIуэгъуафIэ дыдэу къыпщигъэхъуу. Апхуэдэ щытыкIэм наIуэу къыхощхьэхукI Мыкъуэжь Анатолэ и лирикэр. ЦIыхубэм хуэгъэза гупсысэм мыбдеж увыпIэшхуэ щеубыд. Абы теухуауэ Бещтокъуэ Хь. и псалъэхэр къэпхь хъунущ: «А «гражданственностыр» – цIыхубэм, къэралым я Iуэху зытетым уи гур хуэмыгъуэу, ар уи творчествэм къыпкърыщу усэ птхыныр – икъукIэ гугъущ. Абы щыгъуэми, политикэмкIэ, риторикэ жыхуаIэмкIэ уримыхьэкIыу»[4].

Пэжщ, нобэрей гъащIэм хэлъ гугъуехьхэм щытепсэлъыхькIэ, Анатолэ риторикэми зыдригъэхьэхыркъым и усэбзэ макъми егъэлеяуэ зригъэIэтыркъым. Абы и щхьэусыгъуэр, дэ дызэреплъымкIэ, мыращ: усакIуэм и псалъэр япэу зыхуэгъэзар цIыхугъэрщ, ди гъащIэм хэлъ ныкъусаныгъэхэр къэзышэ дуней зэхэлъыкIэ пхэнжхэрщ:

Уи хабзэ пхэнжхэм щIэмычэу
СыкъагъэуIэбжь, дунеижь.
(«Удз дахэр мысэм IэщIолъхьэ…»)

А дуней зытепсэлъыхьым и хабзэхэм ящыщщ гуфIэгъуэм и кIэщIагъыр, я нэхъыбэм ар нэпцIыуи къызэрыщIэкIыр; абы щыгъуэми гухэщIыр пIалъэ кIыхькIэ къызэрызэтеувыIэр, насып къыпхуэкIуам уасэшхуэ щIэптыжын хуей зэрыхъур, хьэрэмыгъэншэм лей зэрытехьэр, нэмысыншагъэмрэ пцIымрэ тыншу гъуэгу зэрагъуэтыр, «хейм и фащэр мысэм зэрыщитIагъэр».

[3] Русская литература XX века. В двух томах. Том 2: 1940–1990-е годы / Под ред. Л. П. Кременцова. – М., 2002. с. 373.

[4] *Бещтокъуэ Хь.* Анэдэлъхубзэм и псынщхьэ: Критикэ (1978–2008). Налшык: «Эльбрус», 2009. 236 н.

Къулыкъушхуэ зезыхьэхэм цIыхубэм и гузэвэгъуэр къазэрафIэмыIуэхур, къэрал къутэжыныр, хабзэр зыщыгъупщэжыныр, зи сабий хьфIэзыдзэхэм я псэм и къулейсызыгъэр – ахэращ усэ куэдыр зытеухуар. Апхуэдэ гупсысэ хьэлъэхэми, ахэр къызэриIуатэ образхэми нэщхъеяфэ къытрагъауэ Мыкъуэжьым и усыгъэм. «Сыхуейт сэ зэхэслъхьэну Iэджэ щIауэ…», «Ди кхъухьыр», «Си лъэпкъэгъухэм я деж», «Фадафэ», «Махуэ къэсыхункIэ – нэкIу фэрыщI…», «ГъащIэмафIэгужь» усэхэм къагъэлъагъуэ цIыхупсэм егъэлеяуэ лей къытрезыгъэхьэ иджырей псэукIэм и теплъэхэр. УсакIуэм псоми зэдай фIэщыгъэцIэу яритыр «дунеижь и хабзэхэрщ».

Гу лъытапхъэщ, Анатолэ дунейм и зэхэлъыкIэр къэзыIуатэ образхэм, суффикс *-жьы* зэрыпигъэувэрейм: «Зэману *зэманыжь* ябгэм / Ди гущIэр къызэпеуд»; «Шэрхъ гудзэншэу *дунеижь* абрагъуэр»; «ГъащIэ-*мафIэгужьым гужьу* дызэредзэ». Ар гупсысэ пыухыкIахэм я нэгъыщэу плъытэ хъунущ. Зы лъэныкъуэкIэ, усакIуэм быдэу къыгуроIуэ, мы гъащIэм щекIуэкI хабзэхэр ныбжьыкIэ езы дунейм къызэрыкIэрымыхущэм. Апхуэдэу а Iэмалым пасэ зэманым пыщIэныгъэ дызэрыхуиIэри дигу къегъэкIыж: «*Дунеижьыр щымыджэмыпц1эм…*». Нэрылъагъуу апхуэдэ гупсысэхэм зыщаубгъу «Дунеижь» усэм. Сатыр къэс къыкIэлъыкIуэ рефреным – «Уей, дунеижь» – пасэрей адыгэ пшыналъэр уигу къимыгъэкIыжынкIэ Iэмал иIэкъым:

Е щхьэзыфIэфIыр зи жьантIэдэсу,
Уей, дунеижь!
ЩIыхугъэ нэсыр зи бжэкъуагъкъуэту,
Уей, дунеижь!
ФэжьIужь делагъэр зыхуэхъужауэ,
Уей, дунеижь!

Ауэ *жьы*-м мыбдеж къыщигъэлъагъуэр дунейм ныбжьышхуэ зэриIэм и закъуэкъым, атIэ абы и хабзэхэр гум зэримыдэр, зэрижагъуэр наIуэ къытщещI. Абы ещхьу усэхэм языхэзым фIэщыгъэцIэ хуэхъуа «гъащIэ-мафIэгужь» образым зэщIишауэ жыпIэ хъунущ усакIуэм щыпсэуну къызыхуиуха зэманым и хьэлыр. ЗанщIэу гу лъыботэ КIыщокъуэ Алим и «МылIэжыныгъэм и мафIэгур» уигу къэзыгъэкIыж зэпэджэжым:

ГъущI гъуэгуу тIуащIэр къигъэпсалъэу,
МакIуэр, макIуэр мафIэгу псынщIэр,
МылIэжыныр зэдипIалъэу.

(КIыщокъуэ Алим)

Мыбдежым мафIэгур щхьэмыгъазэу кIуэ зэманми цIыху гъащIэми я дамыгъэщ. Ар хъуэпсапIэ, лъагапIэ нэху гуэрым хуэкIуэ къарущ. КIыщокъуэм къыщхьэщыкIыу Мыкъуэжьым и мафIэгум и теплъэр къызэрыгуэкI дыдэщ – ар гужьым ирегъэщхь. КIыщокъуэм и усэм къыщыгъэлъэгъуа мафIэгум гъущI гъуэгур къигъэпсалъэмэ, Мыкъуэжьым ейм макъ жагъуэр егъэIу, гущIэр зэрегъэшх:

ГъащIэ-мафIэгужьым гужьу дызэредзэ,
ГъащIэ-мафIэгужьым гущIэр зэрегъэшх,
ТфIэфI- тфIэмыфI жыхуэпIэр щайуэ къырымыдзэу,
ЩхьэрутIыпщу макIуэ, пхэнжурэ егъэш.

Апхуэдэ зэгъэпщэныгъэм IупщI дыдэу къегъэлъагъуэ зэпэмыжыжьэ лъэхъэнитIым я щэн зэхуэмыдэхэр: зым мурад, гъуэгу хэха иIэмэ, адрейр здэжэри ищIэжкъым, гугъэ пыухыкIау иIэкъым, исхэри зыкIи къыфIэIуэхукъым. ГъащIэм и теплъэ зэмылIэужьыгъуэхэри, цIыхухэм ягъэнэхъапэхэр зэрызэмыщхьри («шей зылъысым, шей зэIещIэ», хэт щхьэгъубжэм Iутщ, хэт домином дехьэх, хэт «щхьэукъуэу дэсщ плIанэпэм», хэти «мэдыхьэшхыр, фадэм и гур жан ищIауэ») хабзэ къизыхьэ къарум и нэIэм щIэту къегъэлъагъуэ КIыщокъуэм:

А мафIэгум имысыпхъэ
Ису пIэрэ, жиIэу, месыр,
Контролерыр псынщIэу къосыр,
Гъуэгу тхылъ зиIэр зыригъащIэу.

(КIыщокъуэ Алим)

Мыкъуэжьым и усэм а Iуэхугъуэр кIэщIу икIи пыухыкIауэ щокIуэкI – хабзэншагъэр мыбдежым хабзэ нэхъыщхьэ щыхъуащ:

ГъащIэ-мафIэгужьым псэр щызэхаутэ,
Елъытауэ мылъкум щащIыр зэхэгъэж.
НэхъыфIамти, жыпIэу, сыкъимытIысхьатэм,
ГъащIэ-мафIэгужьым уигу зрегъэбгъэж.

(Мыкъуэжь Анатолэ)

Апхуэдэ гъащIэм, дауи, кIыфIыгъэр щытепщэщ, ауэ апхуэдэ щытыкIэми гугъэр щыфIэкIуэдыркъым усакIуэм – мащIэ дыдэ фIэкI мыхъуми, нэху къыдидзын хуэдэу бжэр дамэдазэу къегъанэ. Мыкъуэжьыр куэдрэ топсэлъыхь гъащIэм щIэгъэкъуэн къыщыхуэхъу гугъэм, ауэ фIэщхъуныгъэм и къарур а псалъэхэм яхэлъу зыхэпщIэркъым. «*Гугъэр – адэ*

щIэиныфIищ» гупсысэр фагъуэу икIи махэу къыпщегъэхъу къигъэлъагъуэ дунейм и ткIиягъым. Гугъэм нэмыщIкIэ, гъащIэр зыгъэдахэ, дунейр къутэжыным щызыхъумэ фIылъагъуныгъэми топсэлыхь («Дызыблэж унэшхуэм…»), ауэ а гупсысэри щIэх дыдэу хуокIуэдэж Мыкъуэжьым и лирикэм тепщэ щыхъуа дунейм. А кIыфIыгъэм ерыщу пэщIэт къару закъуэр езы лирикэ лIыхъужьым и щэн быдэрщ, и зыIыгъыкIэращ. ЖиIэм шэч лъэпкъ къытрыуигъэхьэкъым усакIуэм, гъащIэм зэреплъ щIыкIэм хэлъ захуагъэр апхуэдизу наIуэщи. НехьэкI-къехьэкI хэмылъу, къытригъазэурэ жеIэ дунейм и хабзэжьхэм зэрыхуэмыарэзыр, ауэ абы и гугъу зэрищIыр сытым дежи и а и хьэл зэпIэзэрытым итущ: шынагъэ лъэпкъ къыхэмыщу, губжьауэ мыхъущIэу, и макъыми зримыгъэIэту:

Си хужьыр фIыцIэу жыбоIэ,
Си фIыцIэм фIыбощыр хужь.
Уэ дэрэ дыздемыкIуну
Иухагъэнщ, дунеижь.

Мыкъуэжь Анатолэ и лирикэ лIыхъужьым и хэлъ хьэлщэн быдэм зыгуэркIэ уигу къагъэкIыж КIыщокъуэ Алим и творчествэр. АбыкIэ жытIэну дызыхуейр Мыкъуэжьым и усэхэм хэт лирикэ лIыхъужьым и гурыщIэм и зыужьыкIэм нэхъ пасэу адыгэ поэзием щыува хабзэхэм къызэрыпащэрщ. Ауэ а зи гугъу тщIы гурыщIэ къэгъэлъэгъуэкIэри КIыщокъуэм и лирикэри щIыпIэ нэщIым къитэджыкIыркъым. Абыхэм дунейпсо щэнхабзэм усакIуэм лъигъэс гупсысэхэм щыщ Iэджэ зыщIашащ.

Ижь-ижьыж лъандэрэ поэзием къигъэщI дунейм усакIуэр пэжым и телъхьэу, абы и лъыхъуакIуэу къегъэлъагъуэ. Абы щхьэкIэ сыт хуэдэ хьэзабри ишэчыну хьэзырщ ар. Аращи, усакIуэр захуагъэм псэемыблэжу щIобэн: КIыщокъуэм «СоIэтыр усэр сэ Iэщэу» и сатыр цIэрыIуэм поджэж Мыкъуэжьым и «Згъэбзэнущ усэр маисэу» псалъэхэр. УсакIуэхэм я гурыщIэр псом япэу зыхуэгъэзар цIыхурщ: «Гуауэр, гуапэр, фи мурадыр – / Ар дапщэщи IэгукIэ сохь»; «ЦIыху мелуанхэм я гууэр згъэвыну къысхуиухащ». ЦIыхухэм ятелъ бэлыхьым щыщ гуэр трихын щхьэкIэ, щхьэузыхь яхуэхъуну хьэзырщ.

КIыщокъуэм:

Жьэгум дэлъ мафIэр мыункIыфIу,
Си гъащIэр есыр дэп имыщIу,
ЩIымахуэм щыщу е гъэмахуэу
Къэнэнкъым махуэ имылыпщIу.

Мыкъуэжьым:

Езыр зыс мафIэм цIыхухэр игъэхуабэм,
Ибжынущ къехъулIауэ и хъуэпсапIэр.

КІыщокъуэ Алим и лирикэм усакІуэ къалэныр мылІэжыныгъэм хущІэкъуэным быдэу пыщІащ, абы и нэкІэщ «лъэхъэнэр зэрыплъэр», абы и вагъуэращ имыжынур. А гупсысэм щыщ гуэрхэри Мыкъуэжьым и лирикэми къыхощ, ауэ зэщхьэщыкІыныгъэ нэхъыщхьэр зыхэлъыр мылІэжыныгъэм «и нэфІ» зыщигъэхуэну ар зэрыхэмытырщ. Лъэхъэнэм и макъымкІэ псэлъэныр и щхьэм хуимыхьми, лъэхъэнитІыр зэрызэпищІэр кууэ зыхещІэ:

Сэ зэманыжьым срикІэухщ,
Сэ зэманыщІэм срищІэдзапІэщ.
Сэ лІэщІыгъуитІым сралъэмыжщ,
Сэращ къэкІуэнум и кхъухь тедзапІэр.
(«Сэ зэманыжьым срикІэухщ…»)

Мыбдежми гу щылъытапхъэщ, усакІуэм и макъыр сытым щыгъуи хуэдэу зэпІэзэрыту къызэрынэр. Апхуэдэ дыдэущ ухыгъэм (ажалым) епха гупсысэми Анатолэ и лирикэм зэрызыщиужьыр («СымыщІэххэу, сэри махуэ гуэрым…», «Ажал ябгэм джакІуэ къызэрищІу...» усэхэр). ЛІэныгъэм и пащхьэм къыщихутэм дежи, гъащІэм «и пащхьэм» щитам хуэдабзэу, бэлыхьу хъуам текІуэну щыІэ къарур лІыгъэрщ, щэн быдэрщ.

Ухыгъэм ехьэлІа гупсысэхэр усакІуэхэм я творчествэм увыпІэ хэха щызыубыд темэщ. Ар философие Іуэху еплъыкІэр нэхъ зыпкърышыпсэхэм ящыщ зыщ, ди лирикэми нэхъыбэу абы зыкъызэрыщигъэлъагъуэр а еплъыкІэм бгъэдэмыкІыщэурэщ. Псэущхьэ гуэрым и теплъэм хуэдэу ажалыр къыщыхэгъэщхьэхукІа щапхъэхэм закъуэтІакъуэрэщ узэрыщрихьэлІэр лъэпкъ усыгъэм. Арагъэнщ занщІэу гу лъыптэу ар щІыщытри. Апхуэдэ теплъэхэр зэбгъапщэу ухуежьэмэ, лІэщІыгъуэ зэпэблагъэхэм я щэнхэм зэрызахъуэж хабзэ гуэрхэр къыхэплъагъукІыфынущ. Къапщтэмэ, Мыкъуэжь Анатолэрэ КІыщокъуэ Алимрэ я Іэдакъэщ Іэкі зи гугъу тщІахэм хэпщІыкІыу къыхэгъэбелджылыкІащ зы лІэщІыгъуэм къриубыдэ псэукІэм зэрызиужь щІыкІэри, Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэу къигъэувхэри. Апхуэдэ щапхъэхэм хэббжэ хъунущ Лыкъуэжь Нелли «ХузощІ ажалым сэ ІэштІым…» и усэр:

ХузощІ ажалым сэ ІэштІым
Шынэн къызыщызгъэхъуу,
Езыми къещІыр шыкІуртІым
Къызоплъыр гъуамэр нэхъуу.
Абы къыфІимыгъэкІтэмэ…

Іуэхугъуэ зэпэджэжхэр литературэм зэрымыщІэкІэ къыщыхъу хабзэщ, ауэ абыхэм зи гугъу ящІхэм я мыхьэнэм лъэныкъуэ зыбжанэкІэ укъыщрагъэплъыф:

Сэлам лIэныгъэм сэ къызехыр,
КъыпогуфIыкIыр, мэгушыIэ.
Щышынэм и гур пэжщ, ирехыр,
И нэкIукIэ тхъуэплъми и Iэр щIыIэщ.
(КIыщокъуэ Алим. «ЛIэныгъэ»)

Мы усэхэр зытеухуар цIыхур лIэныгъэм хэлъ шынагъэм зэрыпэщIэувэф Iэмалыращ. Нелли ейм къегъэнаIуэ а зэхущытыкIэм Iуэху нэхъыщхьэу зэныкъуэкъур зэрыпхыкIыр. КIыщокъуэм ейм лIэныгъэми цIыхуми «пщIэ зэхуаIэщ». Ажалым и теплъэри цIыхум ейм ещхьщ – *къыпогуфIыкIыр*, *мэгушыIэ*, и *нэкIур* тхъуэплъщ, и *Iэр* щIыIэщ. Зауэ гуащIэм пхыкIа, мызэу-мытIэу ажалым и пащхьэ къихута усакIуэм и гъащIэ къыщыхъукIэри, езыр лIэныгъэм зэрыхущытри нэгъуэщIщ. ГъащIэм кърита зэхэщIыкIым абы и лIыхъужьыр адрей цIыхухэм къахегъэщхьэхукI («Щышынэм и гур пэжщ, ирехыр»). Нелли и усэм *адрейхэр, нэгъуэщIхэр* къыщыхэткъым, Iуэхур «дэр-дэрщ» жыхуаIэм хуэдэщ. Ажалымрэ цIыхумрэ тэрмэш хьэлэмэт къызыхуагъуэтащи, а зэпэщIэтыныгъэм и Iэмалхэм ящыщ зы ари мэхъу. Нэхъри мы усэм гу лъозыгъатэр усакIуэм и гупсысэкIэрщ. Абы нэхъыбэу тегъэщIапIэ хуэхъури «щыIэныгъэм» (гъащIэм) и хабзэ щэджащэхэрщ:

Ислъауэ гъунэ сыкъокIуэкIыр,
IэнатIэу гъащIэр изохьэкI.
Сэ си КIэухым и КъежьапIэр
Сигъэлъагъуну щIыр йожэкI.
(«Ислъауэ гъунэ сыкъокIуэкIыр…»)

КIэухым къежьапIэр зэрепхар, гъащIэм дэджэгу цIыхур езыр зыгуэрым и джэгуэну зэрыщытыр, дыгъэ гуащIэри жьыбгъэ щIыIэри зы дунейм зэрызэдытет хабзэхэр абы и усэхэм куэдрэ къыхощ. Ауэ ахэр зыхуэдэр жеIэри усакIуэр къызэтоувыIэж, къигъэщIа щытыкIэм кIуэцIрыкIынуи кууэ абы хыхьэнуи ар хэткъым – къэхъугъэхэм зэхуаIэ зэпыщIэныгъэхэм я кIапэхэр IэщIэкIынкIэ, фIэкIуэдынкIэ гузавэ хуэдэу къыпщохъу. Апхуэдэ гупсысэкIэр къызэриIуатэ усэ гъэпсыкIэри тэмэму Нелли къыхихащ: усэ кIэщIхэр, сатыритIу е сатыриплIу зэхэлъхэу.

Пхъэш МуIэед (1949–2000) нэхъыбэу къызэрацIыхур журналистущ, ауэ ар усакIуэ зэчиифIэуи щытащ. МуIэед ейуэ дунейм къытехьар зы тхылъ закъуэщ («Гъуэгуанэ», Налшык, 2003), ари къыщыдэкIар езыр дунейм ехыжа иужьщ. А тхылъым итщ и усэхэмрэ новеллитIрэ, ауэ а мащIэми хыболъагъуэ Пхъэшыр усакIуэ нэсу зэрыщытар. Абы и усэбзэр гъэнщIащ зэгъэпщэныгъэ щIэщыгъуэхэмкIэ, эпитет хьэлэмэтхэмкIэ, образ гукъинэжхэмкIэ.

ГъащIэм къыхэпхъуэта теплъэр сурэтыщI Iэзэ дыдэм ищIам хуэдэу уи нэгу къыщIегъэувэф Пхъэшым. Абы и щапхъэщ «Мэкъуауэ лIыжьхэр» усэр:

Аргъынэхэр мэгъуэлъ мэл кIапэ пшэру,
Шэмэджхэм шыкIэпшынэу псэр дахьэх.
Къаз хужьхэр псафэ кIуэ нэхъ умыщIэну,
ЛIыжь гупым джабэ нэкIур кърахьэх.

Усэр еух метафорэ-зэгъэпщэныгъэ щIэщыгъуэкIэ:

Удз цIынэу жьыгъэр плIэIукIэ ирадзэкIыу,
Мэкъупlэ нэпкъыр лIыжьхэм къыгуагъэху…

Гупсысэ куу ящIэлъщ мы сатырхэм: жьыгъэм узэрытекIуэфыну щыIэ закъуэр гуащIэдэкIщ, лэжьыгъэщ. Абы пэджэж философие гупсысэкIэ гъэнщIащ «ПIалъэ», «Сэ сокIуэ, сыздежьари сымыщIэжу», «Аракъым зэрыщытыр» усэхэри.

Мы тхылъым иткъым зы уси уимыгъэгупсысэу, уимыгъэпIейтейуэ. Псом хуэмыдэу дахэщ, купщIафIэщ Пхъэшым и лъагъуныгъэ лирикэр. ГурыщIэ къагъэушхэмкIэ, усакIуэм къигъэсэбэп Iэмалхэмкlэ ахэр щIэщыгъуэщ. Къыхэгъэщыпхъэщ «Си закъуэщ, си хъыдэз», «Лъагъуныгъэр ди зэхуакум дэтщ нэщхъейуэ», «Гухэлъ налъэ», «КIуари къэкIуэжакъым…» усэхэр. Мыбыхэм Пхъэшым къыщигъэсэбэпащ художественнэ жыIэкIэ дахэхэр, зэгъэпщэныгъэ зэхуэмыдэхэр: «КIэзызу мафIэ дэпыр зэхокIыж», «Псалъэ хъуэт» (псалъэ щIыIэ), «Си илъэсхэр жыгым уэсу пыщэщыжт», «Ди хъыбарыр кIакIэу къанжэм зэпадзыж», «Зэгуэпым и нэчыхь», нэгъуэщIхэри.

Пейзаж лирикэми хуэIэзэт МуIэед. «Нэчыхь» усэм гъатхэ къэблагъэм пожьэ усакIуэр мыпхуэдэ сатырхэмкIэ:

Дыгъэр лъэдийхэм пхращIыкI уэс мычэр.
Дунейр щIэщыгъуэу зэIуробзеиж,
КIуэсэж щIымахуэм къиубыдауэ и кIэр,
Сабий къуейщIейуэ гъатхэм зечэтхъэж.

Дунейм псэ хелъхьэ усакIуэм, абы щокIуэкIыр нэчыхьытх: уафэр щауэщ, щIылъэр нысащIэщ, хьэгъуэлIыгъуэр щокIуэкIыр Жьакуэ мэзым, абы «усакIуэм хуэмытхыж сатыриплIыр зэригъэтIылъэкIыу, усэхьэ мэзым кIуэн хуейуэ» къегъэувыр авторым. Усэ кIэщIхэр – философие гупсысэхэр зыщIэлъи – иIэщ Пхъэш М.

Пхъэш М. мащIэщ усэ итхыну зыхунэсар, езыр гъэщIэ кIэщIт, ауэ а мащIэри щыхьэт тохъуэ ар усакIуэ зэчиифIэу зэрыщытам. Шэч хэлъкъым, абы и цIэмрэ и гупсысэ пIейтеям къыпкърыкIа сатырхэмрэ ди литературэм къызэрыхэнэнум, еджэм и дунейр бгъуфIэ, нэху ищIу.

Совет лъэхъэнэ нэужьым шэрджэс поэзием зезыгъэужьахэм ящыщщ Нэхущ Мухьэмэд, Анзор Мухьэмэд (ахэр дунейм ехыжащ). АбытIэ Владимир (АбытIэ В. рассказу, повесту, роману куэд дыдэ итхащ), АбытIэ Хъызыр, Шэрджэс Алий, Шорэ Ахьмэд, Шорэ Хьэсин, Иуан Щамел, Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ, Хьэкъун Риммэ, Мыжей Мамыржан сымэ.

Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ (1961 гъ.) зи гугъу тщIы лъэхъэнэм лIыпIэ иувауэ ирихьэлIа усакIуэщ. 2001 гъэм абы къыдигъэкIа «Дуней гущэ» усэ тхылъым и пэублэ псалъэм Бемырзэ Мухьэдин щыжиIащ «Увжыкъуэ псалъэм пщIэ хуэзыщI, гупсысэ хъарзынэхэр зиIэ усакIуэ набдзэгубдзаплъэу» зэрыщытыр»[6]. Бемырзэм тэмэму гу лъитащ усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм лъэпкъым хуэгъэза гупсысэхэр зэрыщытепщэм.

Увжыкъуэ и усэхэм сюжет яIэщ, зытетхыхь темэм и лъэныкъуэ псори сэтей къащIу. Псалъэ папщIэ, «Си гум» усэм зэрегъапщэ щхьэмрэ гумрэ, япэрейм Iэпкълъэпкъ псом унафэ зэрыхуищIыр къегъэлъагъуэ, ауэ гур тIэкIу къыхэузыкIым, «псоми ягъафIэ, псори фIолIыкI», абы и «гукъеуэм зыри хэмыкI». Усэр еух ар зэрыхиIэтыкI, зэригъафIэ мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ: «ЩIыхур дунейм хуэзыхъумэ гу пщтыр!». А щIыкIэм тетущ зэрыгъэпсар «Гугъэ», «Ажал», «Анэм и сурэт», «Псэм гуача Iыхьэ» усэхэри. Ахэри авторым зэриухыр къызэщIэзыкъуэж псалъэхэмкIэщ.

ТхьэгъэпсэуМ къыкIэлъыкIуэ и тхылъми («Тхьэм и бынхэр». Черкесск, 2007) щытепщэр гъащIэм и философие, пейзаж, лъагъуныгъэ темэхэрщ. Усэхэм къадэкIуэу мыбы итщ гушыIэ рассказхэри. Ауаным, гушыIэм, таурыхъхэм тегъэщIауэ Увжыкъуэ тхылъхэми, газетхэми, журналхэми къитридзэ зэпытщ усэ Iэрамэхэр.

УсакIуэм нэхъ къехъулIэхэм ящыщщ пейзаж лирикэр. Абы щIыуэпсым, дунейм и къэхъукъащIэхэм «псэ яхелъхьэ, бзэ яIурелъхьэ». Абы ехьэлIауэ къыхэдгъэщыну дыхуейт «БжьыхьэкIэ», «Уэгъумрэ уэшхымрэ», «Жыгыжьым и пIэ» усэхэр. Пейзажым Iэзэу ирепхыф усакIуэм лъэпкъ Iуэхур («Адыгагъэ»), лъагъуныгъэр («МазэщIэмрэ лъагъуныгъэмрэ»). УсакIуэр мэгумэщI ди хабзэ дахэм, адыгагъэм кIэричурэ зэрыкIуэм. Адыгагъэр ирегъапщэр кърамыдзэжу гъуэгущхьэм тет кхъужьейм:

…Йопэзэзэх, мэгъуэж жыгыжьыр,
Зеяри хъуащ къыхуэмеиж.
Къоныкъуэкъуф иджы акъужьыр,
Езыми щэхуу зегъеижь…

Къэхъугъэ, Iуэху хэгъэщхьэхукIа гуэрым хуэдэу уеплъ хъунущ усакIуэ нэхъ щIалэхэм я лирикэм. 1997 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм ПщыукI Латмир, Лъостэн Музэ, Къаныкъуэ

Заринэ, Бэлагъы Любэ, МахуэлI Нэрзан я IэдкъэщIэкIхэр зэрыт тхылъ цIыкIухэр зэуIуу къыдигъэкIат. Абы къыхэкIыу тхылъхэри, ахэр зытхахэри зэрыбыну адыгэ поэзием къыхыхьауэ къыпщохъу. Зи цIэ къитIуахэм нэрылъагъу къащIат щIэблэм я гупсысэхэр зыхуэдэр, ахэр зэрагъэпс Iэмалхэмрэ я Iэзагъымрэ здынэсыр. Пэжщ, язныкъуэм я тхыгъэ гуэрхэри 1997 гъэм ипэкIи къыдэкIауэ щытащ, тхылъ щхьэхуэуи, журнал напэкIуэцIхэм тетуи, ауэ, нэхъыщхьэращи, апхуэдэхэм мыхьэнэшхуэ яIэкъым, мы ныбжьыщIэхэм яйм хуэдэу, зы зэманым къыщызэфIэувэ дуней еплъыкIэ щхьэхуэм дежкIэ.

ЩIэ гуэр литературэм щыхыхьэм деж (и фIагъым зэкIэ и гугъу тщIыкъым), Iэмал имыIэу тхакIуэ нэхъыжьхэм ар къазэрыщыхъум теухуа тхыгъэхэр къытрадзэ хабзэщ. Апхуэдэуи къэхъуащ. УсакIуэ Бещтокъуэ Хьэбас «ЩIэблэм и хъэтI» статьямкIэ убгъуауэ тепсэлъыхьащ адыгэ поэзием къыхыхьа къаруущIэр зыхуэдэм. Тхыгъэхэр гупсэхуу щIэзыджыкIа Бещтокъуэм нэхъ къыхигъэщхьэхукIар мыращ: адыгэбзэм щIэблэр зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр, зэпэджэжым е штампым нэхъ ещхь гупсысэхэм я зэхущытыкIэр, я усэбзэм урысыбзэмрэ урысей щэнхабзэмрэ я Iыхьэу къыхэщым и мыхьэнэр, нэгъуэщIхэри.

ЯфIри я щыщIэныгъэхэри зэрызэгъусэу къапщтэмэ (зи цIэ къитIуахэм ядыщIыгъужын хуейщ ГъущIо Зарифрэ Жэмыхъуэ Суфянрэ), мы Iуэхугъуэр зи теплъэр зыкIэрыча, ауэ зыуэ щыт гуэрым зэрыщыщым гу лъыботэ. Япэ ита усакIуэ нэхъыжьхэм къащхьэщыкIыу, мы щIэблэм адэкIэ къыхихыну гъуэгумкIэ хуитыр езыращ: гумызагъэу и IэдакъэщIэкIыр ефIэкIуэным хущIэкъуу лэжьэн, хьэмэрэ зэзэмызэ, игу къыщихьэ усэ итхын. Абыхэм я усэхэм къахуиухащ лъэхъэнэ зэблэкIыгъуэм дунейм къытехьэну, поэзием иIа пщIэри, гулъытэри хэпщIыкIыу нэхъ мащIэ щыхъуам. Ауэ, абы и гъусэу, мы зэманым тхылъ къыдэгъэкIыным епхауэ щыта гугъуехь къомри кIуэдыжащ. ГурыIуэгъуэщ, тхылъ куэд къыдэгъэкIыныр поэзием зэрызиужьым и пщалъэу къэбгъэлъагъуэ зэрымыхъунури. Ар зы лъэныкъуэкIэ укъыщеплъмэ, фIыуэ къыпщохъу, ауэ зыщыгъэгъупщэн хуейкъым Iэзагъышхуэ зыхэмылъ тхыгъэ куэдым нэхъ нэщIысахэр, лъэпкъ литературэм и пщIэр зыIэтынухэр и чэзум къыхыумылъагъукIыфынкIэ зэрыхъунури.

Тыншкъым дызытепсэлъыхь Iуэхум и нэщэнэу хъуар занщIэу къэбгъэлъэгъуэну. Ауэ псом япэу ар зыщылъагъупхъэр лъабжьэ къызыхэхъукIырщ. ТегъэщIапIэу ди щIэблэм яIэр ину зызыужьа урыс щэнхабзэмрэ лъэ быдэкIэ уву хуежьа адыгэ поэзиемрэ я хабзэ зэхэлъыкIэ гугъурщ. ИтIанэ Iуэхум къыхыумылъытэу хъунукъым щIэблэм и къызэфIэувэгъуэр къэралым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэшхуэхэм – «дунейм и зэхэзэрыхьыгъуэкIэ» зэджэм – зэрыхуэзари. АрагъэнкIэ хъунщ

езы усэ тхын Іуэхур а гупым дежкІэ псом япэу «псэм щекІуэкІ гъащІэ щэхур» зэрафІэмыкІуэдын Іэмалу къыщІэувыр.

Пэжщ, цІыхубэ зэхэтыкІэм, къэралым зэхъуэкІыныгъэхэр щагъуэтым деж, поэзиеми къигъэлагъуэ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэми зыгуэркІэ захъуэжын хуейщ. АбыкІэ укъыщеплъмэ, ди усакІуэхэр тхыдэм, анэдэлъхубзэр хъумэным я Іуэхухэм нэхъ убгъуауэ топсэлъыхь. ЩІэблями а Іуэхугъуэхэр зыхещІэ, ауэ, къытедгъэзэжынщи, абыхэм я дежкІэ нэхъапэр цІыхупсэм щекІуэкІхэр гъащІэм и щытыкІэ зэхуэмыдэхэм япыщІауэ къэгъэлъэгъуэжынырщ. Аращи, гупсысэхэми унэтІыныгъэ хэгъэщхьэхукІа ягъуэт.

Мы щІэблэр дыкъэзыухъуреихь дунейм щыхэплъэм дежи, псом япэу къилъыхъуэр и псэм псэхугъуэ къезымыт упщІэхэм я жэуап щигъуэтыну зыщыгугъ къэхъукъащІэхэращ. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, Къаныкъуэ Заринэ (1969) и усыгъэр. УсакІуэм и гупсысэхэр псоми гурыІуэгъуэ ящыщІыным зэрыхущІэмыкъущэр (камерность жыхуаІэр) занщІэу мыбдеж щыболъагъу.

Заринэ и лирикэм къыхэІукІыр цІыхубз макъщ: цІыхубз образ щабэр, гукъэкІыж нэщхъейхэмкІэ гъэнщІар, и Іэдакъэщ Іэкіыу хъуам къыхощ. Акъылым къиугъуей зэпыщІэныгъэ щэхухэм усакІуэр нэхъ дахьэх. ГъащІэм кууэ хэгупсысыхь бзылъхугъэм и гурыгъу-гурыщІэхэр, и псэм щыухуа дуней щэху цІыкІур егъэлеяуэ фІэлъапІэщ икІи фІэгъэщІэгъуэнщ. И дуней лъагъукІэр зэпыщІэныгъэ гугъухэмкІэ усакІуэм къиІуэтэну зэрыхэтым и щыхьэтщ и усэхэм къахухих гъэпсыкІэри: и тхыгъэхэр зэзэмызэххэщ строфакІэрэ зэпыудауэ ущрихьэлІэр. И нэхъыбапІэм ахэр зэгуэту къокІуэ, усакІуэм и гупсысэхэм я кууагъым гу лъыуагъатэу.

Адрей къыщхьэщыкІыныгъэр зыхэтлъагъуэр псалъэухар Къаныкъуэм и усэхэм къызэрыщыкІуэращ: усакІуэхэм нэхъыбэу къагъэсэбэп сатыриплІ (ІыхьиплІ) гуэшыкІэм нэхърэ Заринэ ІыхьитІу гуэша псалъэухахэр нэхъ къещтэ. «Уафэ щыгъэ» тхылъым ит усэхэм я строфахэм я нэхъыбэр сатыритІу зэхэтщ, а «зэгъуситІым» и дэтхэнэри езым и щытыкІэ хэха иІэжыну хущІокъу. Апхуэдэ зэхэлъыкІэм, дауи, гугъуехь гуэрхэри къегъэщІ: гупсысэм и зыужьыкІэр зэпыудыгъуафІэ, гурыщІэм и къэгъэлъэгъуэкІэр зыкІэщІэпхъа ещІ. Теплъэ нэхъыщхьэм, щІэдзапІэм къыщыщежьэу и кІэм нэсыху, гъуэгуанэ гугъу зэпичын хуей мэхъу, ауэ а теплъэ нэхъыщхьэкІэ дызэджэри Заринэ къыщыхимыгъэщхьэхукІыр нэхъыбэщ:

Мы щІылъэм псори гурыІуэгъуэ ещІ,
КъэкІыгъэр, псыр, къурш задэхэр зэІуещэ…
Дунейм и зэхэлъыкІэм зыкъыддещІыр,
Сыт жыдмыІами, псалъэу щыІэр лейщ.

Сэ зыхэсщIам фIэсщынкъым лъагъуныгъэ,
Сыт зэрысщIынур фIэщыгъэцIэ гуэр?
Дызэхуэзэну тIуми ди мыгугъэ.
Дэ щхьэкIэ уафэр щIылъэм щоуэршэр.
… Хы Iуфэм псори гурыIэгъуэ щохъу,
Гукъеуэр, псалъэмакъыр псым щIелъафэ.
ЩIыр апхуэдизкIэ елъытащи уафэм,
Сэ сызыщыщыр къэзмыщIа къысщохъу.
(«Мы щIылъэм псори гурыIуэгъуэ ещI…»)

Щхьэхуэ-щхьэхуэурэ зызыубгъу гупсысэхэм усэм къытебгъэзэжурэ укъеджэжын, уегупсысыжын хуей уащI, арыншауэ зэпыщIэныгъэ хьэлэмэтхэм гу лъумытэнкIэ хъунущ. ТIэкIу гугъуми, ар псэм и зэхэлъыкIэр къэзыIуатэ Iэмалу, Заринэ езым ейуэ и усыгъэм хэтщ.

Дуней щыIэцIэм кIэщI-кIэщIурэ Заринэ и усэхэми уащрохьэлIэ, абы нэмыщIкIэ, *къэщIэн* (*къэзвгъащIэ*) глаголыр куэдрэ къегъэсэбэп. И усэм къыхэпсэлъыкI бзылъхугъэм сытым дежи упщIэ гуэрхэмкIэ дунейм зыхуегъазэ, ауэ езым и псэм щекIуэкI диалогым ар щыхуэкIуэжри нэхъыбэщ. ИпэIуэкIэ къызэрыхэдгъэщащи, дуней къэзыухъуреихьым усакIуэм и нэр щытриубыдэм дежи, къилъыхъуэр езым и гум щыщIэр нэхъ гурыIуэгъуафIэ хуэзыщIын гуэрщ. И псэм фIэфI гуэрхэр а дунейм къыщыхилъагъукIкIэ, езы дунейм и щэхухэри нэхъ IупщI хъуну ар щогугъ. Ауэ жэуапхэр, гупсысэр зыгъэбыдэж кIэухыр IупщIу щыткъым. Зыр адрейм и ужьым иувэурэ гум щыщIэхэмрэ къэхъукъащIэхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр щIэрыщIэу абыхэм къызэIуах къудейщ: «Махуэ телъыджэхэр си Iэпэм / ЩIэзэрыхьащи зэIызох («*Ди гъащIэ гъуэгухэр зэхуэзышэ…*»).

Гупсысэ, пщIыхь, нэкъыфIэщI, зэш – псэм щыухуа дунейм и Iыхьэ нэхъыбэр зылъысыр а псалъэхэрщ. Къапщтэмэ, гугъэ нэпцIымрэ гуауэмрэ щобэкI а дунейм, ауэ, гу зылъытапхъэщи, абымыарэзыныгъэебампIэгуэркъыхэщкъым. ГурхэзыгъэщIхэм пэщIэувэ къаруи хэткъым, псори – фIыри Iейри – зэдэарэзыуэ псэм щыхуоткIухь. Пэжщ, а къэгъэлъэгъуэкIэм языныкъуэхэм деж къыбгъэдокI Заринэ. Апхуэдэу, «Сыт гъатхэмэ, сыт удзымэ» зыфIища усэм хэт цIыхубзыр губжьым зыщIищтауэ мафIэм зыхедзэ, гъатхэ махуэ дахащэр IуигъэкIуэту:

Iугъуэ гуащIэм сыщыхэпкIэм
Сыхуеижкъым сэ зы цIыху,
Къысщыщ Iахэр къэзыщIэн.
Сэ сиIэжкъым кIэрыщIэн…

Ауэ апхуэдэхэм зэзэмызэххэщ узэрыщрихьэлIэр Заринэ IэдакъэщIэкIхэм.

ГъэщIэгъуэныракъэ, псэм щыщIэр зригъэщIэн щхьэкIэ, абы и лъащIэ дыдэм нэплъысыну хэтщ усакIуэр, ауэ зэи ар наIуэу зыкъызэIуихкъым, зыхищIэри нэсу утыку кърилъхьэркъым. А зэпыудауэрэ, щхьэхуэ-щхьэхуэурэ къызэрыкIуэр усакIуэм и «дуней зэхуэщIам» зэрызихъумэж Iэмал мэхъу. Заринэ зэшыр е и гукъеуэр къызыхэкI щхьэусыгъуэр къиIуэтэну хэтыщэкъым. Зи гугъу ищIым хуабжьу щытригъэчыныхьми, тхылъеджэм и пащхьэм кърилъхьэр – абыхэм къапкърыкIа гурыгъу-гурыщIэхэрщ.

ГъащIэм, дунейм и къэхъукъащIэхэм я нагъыщэ щхьэхуэу къэплъытэ хъунущ Къаныкъуэм и усэхэм къыхыхьэ «плъэкIэ щхьэхуэр», абы и образыр. *Нэ, плъэкIэ, напIэ, нэкугъуэ, нэхужьыбэ* псалъэхэм языхэзыр Iэмал имыIэу усэ къэсущыхуозэ. Ар гупсэхуу зыгуэрым теубыда плъэкIэу ирехъу е абджым, псы щIыIум къытещ плъэкIэ, нэ плъыза, къыпэув гуэрым имыгъаплъэ нэ, зыри зи нэм къыщIимыдзэжым и плъэкIэ… «ЖызмыIар си *нитIым* ныщIозашэ…»; «ГурыIуэгъуэ къэхъуар си *нэкугъуэм* къыхощ»; «Сыт щыгъуи дыгъэр си щыхьэтщ, / Си *плъэкIэр* бзыгъэу иупщIатэу»; «ЩIетхыкI *нэхужьыбэм* зыхьэху вагъуэижыр…»; «КъызоIэтыр *напIэр*, сымылъагъуми зы…» – апхуэдэ щапхъэхэр куэд мэхъу. Мы зи гугъу тщIым текстым зэ фIэкI зыкъыщигъэлъагъуэ хабзэкъым, гулъытэшхуэ лъигъэс хуэдэуи щыткъым, ауэ Заринэ и усэ псом ар кIуэцIрокI. Абы къыджиIэр зыщ: дунеймрэ езымрэ я зэхущытыкIэр къэзыгъэлъагъуэ Iэмалыр плъэкIэ щхьэхуэрамэ – ар псом нэхърэ нэхъ щэхущ икIи зэхущытыкIэ хэхащ.

УсакIуэр увыIэгъуэ имыIэу псэм щыухуа дунейм и зыхъуэжыкIэм кIэлъоплъ: «Уохъу нэгъуэщI, / Сохъу нэхъ IупщI»; «Сибгъэуващ балигъыпIэ, / Сыт уэсщIэн уэ, си гъащIэ?»; «Сщогъупщэжри псори, / ЩIэрыщIэу дунейм сыкъытохьэ». А зыхъуэжыкIэм зэманыр зэрызыхищIэ хьэлэмэтагъхэри къегъэщI: «пщыхьэщхьэр нэхущым щыпэджэм…», «си нобэм, пщэдей и дыгъуасэм…», «иджыпстур зыгуэрым и кIэухщ, иджыпстур зыгуэрым и къежьапIэщ». БлэкIам, нобэм, къэкIуэнум нэмыщI Заринэ кууэ зыхещIэ иджыри зы зэман лIэужьыгъуэ – «*къэмыхъуар*». Къэмыхъуам иIэ лъэкIыныгъэ телъыджэр Заринэ дежкIэ икъукIэ IупщIщ. А къэмыхъуам дэтхэнэ Iуэхугъуэм и теплъэри и зэхэщIыкIри ехъуэжыф, псэр хуабжьу егъэпIейтей:

Къэмыхъуа зи къежьапIэ спэжыжьэм
Дзыхьмыщ Iыфэу и щэхухэр сфIегъэпщкIу.

ИщхьэмкIэ зэрыщыжытIащи, усэхэм къахэпсэлъыкI цIыхубзым упщIэ Iэджэ къыбгъэдокI. Ауэ псэлъэгъуу ар зыщыгугъыр дунейм и закъуэкъым. КIэщI-кIэщIурэ къипсэлъ «*уэ*» цIэпапщIэр щыIагъэ гуэрым, зи цIэр къримыIуэм,

хуэгъэзащ, ауэ гурыIуэгъуэщ ар цIыхухъуу зэрыщытыр. ГукъэкIыж хьэлъэхэм я щхьэусыгъуэр нэхъыбэу абы епхауэ къыщIокI. Зыхуэдэр Iупщ дыдэу къэмыгъэлъэгъуами, щытыкIэкIи, зыхэщIыкI бгъэдэлъымкIи абы епсалъэ цIыхубзым ар зэрылъэщIэмыхьэр къэщIэгъуафIэщ: и гум щыщIэхэм е щыгъуазэркъым, е гу лъитэркъым, езым къыхуэгъэза нитIым щыблэплъыкIри нэхъыбэщ. ЩIэпапщIэ «*сэ*»-мрэ «*уэ*»-мрэ зэхуаIэ зэхущытыкIэр нэхъ тэмэму къэзыIуатэр «Сыкъэгъэгугъи сыкъэгъапщIэ» усэм щыщ сатырхэрщ: «Уэ пщIэркъым си гухэлъ и плъыфэ, / Уэ къыпхуэщIакъым цIыхубз щэн…». Гупсысэр здиукъуэдийм, усэм хигъэувэр усакIуэм и псэлъэгъум къыбгъэдэкI псалъэхэрщ. Ахэращ къозыгъащIэр цIыхубзым и гум щыхъэр. Аращи, зи гугъу тщIы образ щэхур усакIуэм и псэм щыуха дунейм и Iыхьэу хоувэ, Заринэ и усыгъэр нэщхъей зыщIыр арауэ къыпщигъэхъуу.

Къызэрыхэдгъэщащи, теплъэ хэхар – гупсысэхэм я тегъэщIапIэр – Заринэ и IэдакъэщIэкIхэм къыщыхомыубыдыкIыфыр нэхъыбэщ, ауэ апхуэдэ щытыкIэм къыбгъэдэкIуэтауэ, нэгъуэщI гуэрым щытепсэлъыхьым деж, занщIэу усакIуэм и хьэлыр нэрылъагъу къохъу:

ЗыIэжьэ псалъэ, умыпIащIэ,
Псэр зыхэслъхьа, утримыч.
Зыхуэдэр гъащIэр зэ зэгъащIэ,
Уэ гъуэгу бгъуэтынуи къыщIыкI.
ЗыIэжьэ псалъэ, улъимыхьэ
Узэхихыныр зыфIэлейм.
ЗэхимыгъэкI уи цIыхуи уи хьи –
Зэман щIыкIейм укъегъэлъей.
ЗыIэжьэ псалъэ, псэ, зышыIэ,
Укъыщиуду, хъурэ угъ?!
Сэ нэгъуэщI благъэхэр симыIэ,
НэгъуэщI и хэкум сигу хуэмыгъу.

(«ЗыIэжьэ псалъэ, умыпIащIэ…»)

Япэ псалъэхэм щыщIэдзауэ усэм зыщызыубгъу гупсысэм уигу къегъэкIыж Осип Мандельштам и псалъэхэр: «Останься пеной, Афродита, / И, слово, в музыку вернись…» («Silentium»). Тхэн Iуэхум гурыфIыгъуэу, гъуэзэджагъэу хэлъым Заринэ езыр зэрыхущытыр къигъэлъэгъуэну хэтщ. Зэ еплъыгъуэкIэ, япэм итахэм яйм ари техуэу къыпщохъу:

Псалъэрыджэгур къэгъанэ,
Бзэм къыпыкIынур пцIы защIэщ,
Псэм зэхилъхьахэр нэхъ пэжщ.
Ауэ акъылым ехьэхури
Зы напIэзыпIэм мэбзэх ар.

(«Псалъэрыджэгур къэгъанэ…»)

Телъыджэ гуэрым и пащхьэ щиувэм деж, псалъэр къаруушэ, Іэнкун зэрыхъур, мыхьэнэ куэд зэщІишэурэ гъуэгу пхэнж узэрытригъэхьэр, псэмрэ акъылымрэ яку дэлъ зэныкъуэкъум топсэлъыхь Къаныкъуэр. Абыхэм ехьэлІауэ япэм жаІауэ хъуар Заринэ гунэс щохъу, ауэ сытым дежи гупсысэ нэхъыщхьэу езыр зыхуэкІуэжыр мыращ: дапхуэдизу псалъэр мыкъаруушэми, усакІуэм и натІэм нэгъуэщІ кърitхакъым. А Іуэхугъуэм тепсэлыхьрей усыгъэ классикэм ещхьу («Мысль изреченная есть ложь» – Ф. Тютчев), Заринэ нэщхъеягъэ лъэпкъ мы Іуэхум хилъагъуэркъым. Апхуэдэ щытыкІэр зэхэлъыкІэр арэзыуэ къещтэ. Тхэн гурыфІыгъуэм бэлыхь куэд зэрепхар, абы хуэзышэ гъуэгур хьэзабкІэ зэрыгъэнщІам ІупщІ дыдэу щыхелъагъукІ мы зыр: псалъэм фІэкІыу нэгъуэщІ зэжэлІэн гуэр зэрыщымыІэр:

…Псэм и къежьапІэр къэслъыхъуэу
Ар сІэщІэкІыным сыносри,
КърисІуэтэну зыхэсщІэр
Къысхуэгъуэтыжыр псалъэпкъщ.

Тхэным къыпкърыкІ гурыфІыгъуэм теухуа усэ гупым – «Усхуэтхынукъым усэ…», «Псалъэм сэрэ ди закъуэу дыкъонэ…», «НэкъыфІэщІхэмядунейм…»,«Апхуэдизмыхьэнэзэстгупсысэр…», «ЗыІэжьэ псалъэ, умыпІащІэ…» – тегъэщІапІэ яхуэхъуа гупсысэ зэхэлъыкІэ гугъур мыбдежым щыплъагъуркъым.

Къаныкъуэ Заринэ и лирикэм щиухуэ дунейр ирикъуу къэбгъэлъэгъуэнщхьэкІэ,ІэмалимыІэугупсысэзэхэлъыкІэгугъур здыхэмыт усэ закъуэтІакъуэхэми я гугъу щІын хуейщ. Абыхэм ящыщщ «Якъутэжыр унэжьыр…» усэр. Мыбдеж зызыукъуэдий псалъэмакъым зыщедзей метафорэхэм, зы зэгъэщхьыныгъэ закъуэ фІэкІ усэм хэткъым, ари нэхъ къызэрыгуэкІ дыдэхэм ящыщу: унэ щхьэгъубжэхэр нэхэм хуегъадэ. Унэр зэракъутэжым тепсэлъыхьурэ Заринэ къегъэлъагъуэ къыщхьэщыжын зимыІэ бзэншэм и насыпыншагъэр, гущІэгъу зимыІэ щІэм жьыр Іуигъэкіуэтурэ бжьыпэр къызэрищтэр, – а Іуэхугъуэу гур хэзыгъэщІхэр езыми щхьэхуимыту къищтэн хуей зэрыхъур:

Ди унэжь, сынолъэІур,
Къытхуэгъэгъу уи кІуэдыкІэр.
Къытхуэгъэгъу, пхузэфІэкІмэ
Бгъэгъуфыну ажалыр…
СогъэщІагъуэ – къахэкІкъым
Зыкъутам щІегъуэжаи.

Дызытепсэлъыхьахьэм зы быдагъэ е жыпхъэ гуэр къыхэпхыу Заринэ и усыгъэр ибгъэзэгъэну гугъущ. УсакІуэр сыт щыгъуи щІэ гуэрхэм лъыхъуэ цІыхущ, а къэлъыхъуэныгъэхэр хьэлэмэту зэрыщытри хьэкъщ. Дэ къытщохъу усакІуэм и хьэлым нэхъ езэгъыр иджыри зэманым нэхъ ІупщІ

ищIыну: е лэжьыгъэ гугъур зи щIыбагъ къыдэзыгъанэ теплъэ къызэрыгуэкIхэм, е езы зэпыщIэныгъэ гугъухэм бжьыпэр яубыдынщ.

1997 гъэм къыдэкIа усэ тхылъ цIыкIухэм бзылъхугъэхэм ейуэ зыбжанэ зэрыхэтым цIыхубз поэзиер адыгэ литературэм нэхъ зыщиужьу зэрыхуежьар къегъэлъагъуэ. Абы и зэфIэувэныгъэр япэ зыдэплъагъур Балъкъэр Фоусэт и усыгъэращ, иужькIэ ХьэIупщы Лоли, Къуныжь ХьэIишэти, Бещтокъуэ Фузи къыпащащ. Иджыпсту дызытепсэлъыхь зэманым къыхэуващ Кхъуэхъу Хъаннэ, Лыкъуэжь Нелли, Лъостэн Музэ, Бэлагъы Любэ, Мыжей Мамыржан, Къармэ Iэсият, Хэкун Риммэ, Аброкъуэ Бэллэ, Зэгъэщтокъуэ Людэ, Вындыжь Марие, Щоджэн Тамарэ, Тау Нинэ сымэ я тхыгъэхэр.

Нобэр къыздэсым литературэдж-щIэныгъэлIхэм къыхагъэщхьэхукIыфакъым цIыхубз поэзием и нэщэнэхэр, ауэ абы увыпIэ щхьэхуэ зэриIэми зыми шэч къытрихьэркъым[5]. Ар апхуэдэу щIыщытри гурыIуэгъуэщ: цIыхубз усыгъэр езыр-езыру къыхэщхьэхукIми, усакIуэ къэс езым и хъэтI зригъэгъуэтыну хэтщ. Къапщтэмэ, XIX лIэщIыгъуэм, а Iуэхугъуэр урыс литературэм къыщызэфIэувэгъащIэм, занщIэу зи дуней еплъыкIэкIэ зыкIи зэмыкIуалIэ цIыхуитIым я макъхэр къэIуат – Ростопчинэ Евдокиерэ Павловэ Каролинэрэ яйхэр. Кавказ Ищхъэрэ литературэм, зэрытщIэщи, япэ лъэбакъуэхэр зэричрэ куэд дыдэ щIакъым, бзылъхугъэхэм я IэдакъэщIэкIхэр абы зэрыхыхьэ лъандэрэ дэкIа зэманыр нэхъ мащIэжщ. А усыгъэм ехьэлIа еплъыкIэхэр иджыри зэIубз мыхъуами, гурыIуэгъуэщ, цIыхубзым итхар Iэмал имыIэу цIыхубзхэм яхуэгъэзауэ зэрыщымытыр, гупсысэ къиIуатэхэри Iэмал имыIэу цIыхубзым и къекIуэкIыкIэм и закъуэ зэрытемыщIыхьар. Ауэ, дапхуэду щымытми, тхыгъэм цIыхубз хьэл къыпхыпсу къыщалъытэр, дахагъэм и зэхэщIыкIыр кууэ, гурыгъу-гурыщIэхэм фIэгъэщIэгъуэну хэплъэу, дунейм и плъыфэхэм я нэхъ щабэхэр къыхихыу щыщытым дежщ. Иджырей усакIуэхэм ящыщу а нэщэнэхэр зи творчествэм нэхъ IупщIу хэплъагъуэр Лъостэн Музэщ. «Нэхущ гупсысэхэр» (1997) тхылъым ит дэтхэнэ усэми цIыхубз теплъэ хэIэтыкIар къыпхыщу жыпIэ хъунущ. Апхуэдэу щытрэ пэт, Музэ щхьэтечу а теплъэм и гугъу зыщIыпIи щищIкъым. Ар езыр-езыру и гупсысэхэм къыхокI икIи и усыгъэм и курыкупсэм хэт мэхъу.

[5] Абы теухуауэ: Высоцкая Н. Три монолога: существует ли “женская поэзия”? // Лит. газ.– 1983.– 16 марта.– С.5; Степанян Е. Что скажет Камена…: Заметки о женской поэзии // Лит. обозрение.– 1989.– N9.– С.52–55; Трофимова Е. Советская женщина 80–х годов: автопортрет в поэзии // Вопр. лит.– 1994.– Вып.2.– С.30–44; Мелихов А., Елагина Е. Ангелы стихов не пишут: Женское и мужское в жизни и в поэзии // Лит. газ.– 1998.– 12 авг.(N32–33).– С.10.

Тхылъым ит усэхэр гуп-гупурэ бгуэшыну ухуежьэмэ, занщIэу къыхэщхьэхукIыр щIыуэпсым къигъэщI пейзажымрэ гурыгъу-гурыщIэхэм я тхыпхъэщIыпхъэм теухуа лирикэмрэщ. Ауэ цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэр къызэрыгъэлъэгъуар дунейм и къэхъукъащIэхэм пыщIауэщ. А тIур Музэ и усэхэм щызэпэщIэтыр закъуэтIакъуэххэщ, я нэхъыбэм зыр адрейм зыдещI. ЦIыхум и гукъыдэжри къэхъукъащIэм и щытыкIэри зы теплъэм IэкIуэлъакIуэу зыщIешэ:

Зэгуопыр жэщыр… БампIэ нэпсыр
Мынэрылъагъуу къолъэлъэх.

Дунейм и щытыкIэр мыбдежым щабэу, Iэдэбу къыщыгъэлъэгъуащ. Ауэ а сурэтым сыт щыгъуи макъ зэмылIэужьыгъуэхэр дыщIыгъущ. УсакIуэр сакъыу щIодэIу махуэщIэм и даущым, уэрэдым, уэшхым, бзум я бзэрабзэ макъым. КъэIукIэм нэмыщI, макъым и плъыфэри зэхэгъэкIащ, ар я нэхъыбэм дыгъэ къыкъуэкIым е къухьэм ириIауэ щытщ: «Аддэ, пшэплъым ириIауэ,/ И макъамэр къоIу бжьамийм»; «Мо пшэплъ ункIыфIым хузэблих макъамэр»; «Нэхущым и макъ Iэсэм / Къипсэлъыр…».

Тыншу къыхэпщIыхукIыж бзэм, усакIуэм къигъэсэбэп псалъэхэм езымрэ дунеймрэ я зэхущытыкIэр нэрылъагъу ящI. БгъэдыхьэкIэ щабэр къэзыIуатэ наречиехэр мыбдеж щыкуэдщ: *щабэу, щэхуу, хуэм цIыкIуу, мащIэу, Iэсэу, сакъыу, сакъыпэу, лъэмакъыншэу*. IэбэкIэр, хъеиныгъэ щабэр мыбдеж цIыхуми дунейми зэхуэдэу къабгъэдокI: «Пшэ лъащIэм щипхъуа губгъуэ иныр / *Сакъыпэу* нитIым зэхакIухь»; «Си жейм *сакъыпэурэ* къыхохьэ / Гъатхэпэ уэшхым ещхь макъ гуэр…».

Лъостэным и усэ сатырхэм къыхэпсэлъыкI бзылъхугъэр, пэжым и лъащIэ дыдэм нэсыну хуейуэ дунейм хоплъэ, ауэ абы фIигъэкIыркъым; къэзыухъуреихьэр зыгуэркIэ зыхъуэжьыфын Iуэхугъуи илэжьыну ар хэткъым – а хьэлым нэхъри гу лъозыгъатэр зыхуэпабгъэу хъуар фIэфIыныгъэ наклоненэкIэ къэгъэлъэгъуауэ зэрыщытырщ («*сэ сыкIуэнут*», «*сэ сщIынут*», нэгъуэщIхэри): «Жьыбгъэм сытесу, сешым – сыуэсу,/ Сылъэмакъыншэу схунт уи лъэужьыр»; «Уэгу нэщI дыдэ сримышэм, / СкIунт пшэ лъагъуэ кIуэдыр»; «ТкIуэпс зырызу пшэ къегъыхым / Iэ дэслъэнут зысшиям»; «Сыныхыхьэнут нурым тIуащIэу…/ Дзыхь схутемыщIэ, усфIобзэх» – ахэр псори цIыхур щIым къытезыIэтыкI, дахагъэм, уахътыншагъэм ухуэзыгъаплъэ гупсысэхэм екIуалIэу щытщ.

Псэр зыгъэпIейтей теплъэгъуэхэм, зэрытлъагъущи, здызыщаубгъу щIыпIэр езыхэм яхуэфэщэнщ – ар уафэ лъащIэращ. Абдеж къыщожьэ Музэ нэхъыбэу къигъэсэбэп

образхэр – *пшэ лъагъуэ кIуэдыр, пшапэ, пшэплъ, пшагъуэ, нэхущ, пщIыхь*: «А пшапэ нэзым щытхытх бзий налъэр / Гугъэ къэушым джылъу Iусщэнт».

Бзий налъэ, джылъу Iусщэнт, щэху налъэ псалъэ зэпыщIэхэми къагъэлъагъуэ Музэ и гупсысэкIэр зыхуэдэр: нэр зыхьэху теплъэхэм я телъыджагъэр псэм къигъэщIхэми япхырокI. Псэр зыгуэрым и Iыхьэ мащIэу фIэкI щытыкIэ зэрыубыда иIэу усакIуэм зэи къигъэлъагъуэркъым – *псэ налъэ*: «Псэ налъэр мэлъалъэ, мэпсалъэ, мэлъатэ». Апхуэдэ теплъэм псэр зыгуэрым и Iыхьэ мащIэу зэрыщытым имызакъуэу, зэхэмыбзу, махэу, пIейтейуэ къеIуатэ. Арагъэнщ «Нэхущ гупсысэхэм» къыщыхэщ гурыгъу-гурыщIэхэр нэхъыбэу пщIыхьым, нэз, кIапэ гуэрхэм епхауэ щIыщытыр:

Псэ налъэ къэузхэр зэхуосри, зы теплъэу
КъыхокIыр жей Iувым и нэзым.
А теплъэм гупсысэ икъузыр къауцти,
Схупехыр щиху закъуэм джэрэзу.

(«Ныбжь-теплъэ»).

Мы щапхъэмкIэ тэмэму къыбощIэ Лъостэным и гурыгъу-гурыщIэхэр гугъуу зэхэща тхыпхъэщIыпхъэм зэрещхьыр. А тхыпхъэщIыпхъэм и теплъэм зихъуэжурэ пщIыхьым, псэм и къэлъэтыхьыныгъэм, гурыщIэмрэ гупсысэмрэ зы щыхъу жэщым ухэзышэ гукъэкIхэм урашэлIэж. Псэр Iыхьэ цIыкIуу къызэрыувыр дунеишхуэм пэщIэмыувэу, атIэ абы хэпщауэ зэрыщытым и щыхьэтщ. Дунейм кIуэцIрыплъурэ, Музэ ар зэзыгъэпэщ Iыхьэ мащIэхэр сакъыпэу къыхеубыдыкI:

ЩетIысэхауэ жьыр пIэ лъапэм,
Уи пакIэ хъейхэм телъ нэбзийм,
Дарий бзыхьэхуэу фIещIэ пшапэм
Мыл пIащIэ къачэм и макъ дийр.

(«Хэт узигъусэр, си гупсысэ…»)

ГъащIэм и кIуэкIэр нэхъ псоуэ къэгъэлэгъуэным хущIэкъу усакIуэм къызэрыгуэкI къебжэкIым и хъым зригъахуэркъым. Пычыгъуэ къэтхьам IупщIу къыщыгъэлъэгъуащ Музэ нэхъ зэжалIэ Iэмалыр: теплъэхэри, плъыфэхэри, макъхэри зэхиухуанэурэ дунейм и бауэкIэр зыхеугъащIэ. А бауэкIэр цIыхум и нитIым къощ («КъэбгъэщIам идз ныбжьыр / Уэму нитIым къощ»; «Вагъуэ нур дияхэр / ЩыIурех уафэгум, / ЩыIурех уи нитIым»), гукъэкIыжхэм я тегъэщIапIэу щытщ.

ГукъэкIыжхэр Лъостэным и усыгъэм нэхъыбэу зрипхыр сабиигъуэрщ. Ахэр усакIуэм зэрыфIэлъапIэри наIуэщ: «Теплъэ кIэрыхуншэу зэхуэсхьэсыр, / ГукъэкIыжу зэ къызоIэбэкI».

Хьэлэмэтыращи, а теплъэхэм зэи ущие егъэлеяхэм ущрихьэлІэркъым е мыхьэнэ хэІэтыкІа зиІэ щІагъыбзи ящІэлъкъым. Гъуэгуанэ къикІуам щыхуеплъэкІыжкІи, Музэ зэши, гукъани, – блэкІам пыщІа хабзэхэр, – зыхищІэркъым. Апхуэдэщ «Пшэ Іэрамэ гупым, зэрызехьэу…», «Анэшым», «Пшапэм зыри щымыпсалъэ…», «Сохьэ хадэм, сотІысэх…» усэхэр.

ЗэрыжытІащи, гурыгъу-гурыщІэхэр дунейм и къэхъукъащІэхэм куэдкІэ хуегъадэ. И гупсысэм, и гурыщІэм теплъэ, образ яритыну Іэджэрэ иужь йохьэ Музэ, ауэ абыхэм я къыхэгъэщыкІэри къызэрыгуэкІкъым: бзэм нэсу къыхуэмыІуатэ, нэм ІупщІу къыхуэмыубыд гуэрхэм ахэр епхауэ къыщІокІ:

Гупсысэ гуэрым сыкъегъуэтыжри,
Еубыд ижьырабгъур зы ныбжь теплъэншэу…
(«Гупсысэ гуэрым сыкъегъуэтыжри…»)

Апхуэдэ ныбжь теплъэншэм нэхъ «зэІубзу» зыкъыщигъэлъагъуэр усакІуэм и пэшырщ. ГурыщІэхэри, гупсысэхэри, псэ зыІут дэтхэнэ зыми ещхьу, абы щопсэу, щызокІуэ, щогузавэ: «Зэшым шэнт натІэм зытрегъащІэ, (Сыт къысхуищІэнур?) хоплъэ нэщхъейуэ»; «БлынджабиплІым ятхьэлэ гупсысэр, / Зэи ирахулІэу щхьэгъубжэ зэвым, / ЗэбгъузэнатІэр нитІым къалъысрэ, / Зы гухэщІыгъуэ щыІэм ягъэву»; «Жэщыбгым нос… Щхьэгъубжэ нэхум / Гупсысэ жыжьэхэр хокІуэт». Апхуэдэу щытрэ пэт, пкъы, теплъэ нэрылъагъу абыхэм ягъуэткъым, ахэр къэзыІуатэр *ныбжь теплъэнщэ, ныбжь пкъынщэращ.*

ЦІыхум и зыхэщІыкІым дунейм къыщыхуигъэув гъунапкъэхэм Музэ и усэхэм хэт цІыхубзыр кІуэцІрыкІыну хэтщ: «*Псэ зэпылъхьэпІэм ныбжь щыджэрэзым*, / *Нэбгъуз* утхъуэпсым къыщеуджыхь»; «Хъарпшэру *нэбгъузым ехъумэ* зы теплъэ». Апхуэдэ хущІэкъуныгъэм уигу къимыгъэкІыжынкІэ Іэмал иІэкъым символистхэм я лирикэм хэт лІыхъужьыр: пшэм адрыщІкІэ щыгъэпщкІуа дахагъэр илъагъун мурадкІэ, щІылъэм щхьэхуимыту епха цІыхум и дунейм нагъыщэ щэху гуэрхэр щыхиубыдыкІыурэ екІуэкІыр. Ауэ теплъэ гъуэзэджэхэр дапхуэдизу зэпэмыджэжми, уахътыншэ дахагъэм дапхуэдизу псэр хуэмыпхъэрми, щІылъэ зытетырщ усакІуэм фІэгъэщІэгъуэныр – нэхъыщхьэращи, а тІум зыхуаІэ зэпыщІэныгъэрщ къалэм зыІэщІэлъ цІыхубзым и гур зыгъэпІейтейр.

Мыжей Мамыржан иджырей бзылъхугъэ усакІуэ нахъыфІхэм хабжэ. Мамыржан Мыжей Сэхьид и щІэблэхэм ящыщщ, абы илъми и псэми хэлъу къыщІэкІынщ джэгуакІуэ

цIэрыIуэм и зэчийм щыщ Iыхьэ. Абы и усэхэр щызэхуэхьэса тхылъыр – «Сыхуейщ уи нитIым сыщIэплъэну» – 2009 гъэм Черкесск къыщыдэкIащ.

УсакIуэм нэхъыфIукъохъулIэлъагъуныгъэ лирикэр, пейзаж сурэтхэр. ЛIыхъужьым и гурыщIэхэр къыщигъэлъагъуэкIэ, дунейм и теплъэм Iэзэу ирепх. «Ди мазэр» усэм щIалэмрэ хъыджэбзымрэ гъэмахуэ махуэ дахэм хэтщ, ауэ я гухэлъыр псалъэкIэ яхужыIэркъым. Гъэмахуэри, бжьыхьэри блэкIащ. Иджы пщащэм игу къокIыжыр:

Уэ псалъэу бущэхур кхъужь хъуауэ пIэщIэлът,
IупщI дыдэу гухэлъыр уи нитIым къыщIэплът.
СопщIыхьыр гъэмахуэм. Си нагъуэр хэт ей?
Ди мэзыр щIымахуэм и IэплIэм щожей.

Усэм къыщыгъэсэбэпащ художественнэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр – зэгъэпщэныгъэхэр, эпитетхэр, метафорэхэр. Ахэр щIэщыгъуэщ, зым ейми ещхькъым: «Сэхурану нурыбэр щхьэгъубжэм» къыдоплъ, «Борэныр дзэлашхэу» псы уэрыр IэмыщIэм щекъуз», «Зэман бейм и бын кIасэ», «Вагъуэр шу лъейуэ уафэм къолъэтэх», «удз зэщIэтхъуа», «тхъугъэ зыхидза къэкIыгъэ», «псалъэ сфIэтхъуахэр», «джэду хуабэ», нэгъуэщIхэри.

Мыжей М. иIэщ философие гупсысэ куухэр къызыхэщ усэ кIэщI дыдэхэр, зы сатыр е тIу фIэкI мыхъухэр: «Уафэм къехыж мы Iэ упэщIэмыувэ»; «ПцIы иупсурэ упсахуэм щIигъэнэжащ»; «Iущым зецIыхуж зэрыделэр»; «ЖаIэми пцIым лъакъуэ щIэмыт, / Плъагъункъым ар гъуэгум темыту».

УсакIуэ щIалэхэм я IэдакъэщIэкIхэм хэлъ фIагъхэмрэ нэмыщIысыныгъэхэмрэ щхьэпрыкIыу, псоми ищхьэ къохъу дэтхэнэми езым и хьэл, и хъэтI зэриIэжыр къэгъэлъэгъуэныр е ар зригъэгъуэтыну зэрыхущIэкъур. Абы щыхьэт тохъуэ Бэлагъы Любэ бзэм къыхигъуэтэну зыхэт Iэмалхэр («Мывэ сэрей», 1997; «ГъэунэхупIэ», 2008), теплъэ хэха гуэрым хуэпэж ГъущIо Зариф и дуней къэгъэлъэгъуэкIэр («Шэху уэздыгъэ», 1999), щытыкIэ къызэрыгуэкIхэм ябгъэдэлъ къарур нэсу къигъэсэбэпыну хущIэкъу МахуэлI Нарзан («Мывэм сопсалъэ», 1997; «Усэхэр», 2001), нобэрей гъащIэ зыхэзэрыхьам тегъэпсыхьа гупсысэхэр къытхуэзыIуатэ Жэмыхъуэ Суфян («Псэм и тIасхъапIэ», 1999).

Совет нэужьым зи творчествэм зиузэщIу щIэзыдзахэм ящыщщ ПщыукI Латмири. И усэр Iэдэбщ, теплъэ нэхъ зэжалIэхэр хэплъыхьауэ къыхихыу щыткъым, ауэ усэм къыщыхигъэбелджылыкI макъ зэдекIухэм узыпэмыплъа гупсысэ гуэрхэм ухуашэ:

КIэрыщтхъэркъым блыным си IэфракIэр,
КъогуэукIри жыжьэ си псэр ираджэ,

КъыгуоукIри блыныр утыкур мэхъу сабэ,
Си псэ тIэкIур мы сапэм IэщIахтэмэ псапэт.
(«КIэрыщтхьэркъым блыным…»)

Мы пычыгъуэр къапщтэмэ, «*къогуэукIымрэ*» «*къыгуоукIымрэ*» псалъэ зэпэджэжхэм зэуэзэпсэу къэIу Iэуэлъауэ макъхэр зэбгъэдашэ, псэр шынагъуэ мыгурыIуэгъуэ гуэрым пэзыгъаплъэ щытыкIэ къагъэщI. Абы Iэнкуну щыт, темыгушхуащэу пэщIэт гугъэм и зыужьыкIэр аллитерацэм зэпищIэ псалъэхэмкIэ къыболъагъу: *псэ-сабэ-сапэ-псапэ*. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэр къэзыгъэлъагъуэр рифмэмрэ ар къэхъуным хуэлажьэ псалъэ зэпэджэжхэмрэщ. Макъ зэпэджэжхэр нэхъыбэу зыхуэгъэзар гупсысэм купщIэ хуэхъу теплъэхэращ, апхуэдэуи, теплъэ нэхъыщхьэу усэм зыщызыукъуэдийм ритмикэр къегъэщI. УсакIуэм зи гугъу ищI Iуэхугъуэм и мыхьэнэм, пыухыкIа мыхъуу, макъ зэщIэжьыуэхэми хэкIыпIэщIэхэр кърет:

СыщылIэнум дежи лъым хэсщIэнкъым
Сэ псэхэхым къыстрина ***фIейр.***
Си ***фIэщ*** *мэхъу: гупсысэм* ***мафIэ*** *щIонэ,*
Ауэ ***фIей*** *хуэныкъуэкъым* ***мафIейр***.
(«СыщылIэнум дежи…»)

Макъхэр зэдекIуныр къэзыгъэхъухэм яхэтщ кIэух рифмэ куур, зэзэмызэ езы сатыр кIуэцIым узыщыхуэзэ рифмэм, омонимхэм, анафорэмрэ амплификациемрэ («Мы гъащIэм къызжиIэнукъым…»; «Ари зы илъэсти…», «Псэм адрыщIкIэ…», нэгъуэщIхэри). Латмир апхуэдэ Iэмал зыбжанэ зы усэм и жыпхъэм щригъэзагъэ щыIэщ, абы зыгуэркIэ гурыIуэгъуей ар имыщIуи къанэркъым. И усэхэм макъкIэ укъыщеджэм деж, занщIэу псалъэ зэпэджэжхэр къыщыпхуэмыгъэIурыщIэ къохъу. Усэм хуэму, «лъэпощхьэпохэм» укъагъэувыIэурэ укъоджэ. Абы узэджэм урагъэгупсыс, гъэщIэгъуэну зэхэлъ метафорахэр къыкъуагъэщ,теплъэкъеигъэншэукъыпщыхъумгумщыщIэщэху гуэрхэр зыхаугъащIэ: «пкъыр *мыхъейрэ мыхейуэ* хеутIыпщхьэ пшахъуэщIым…»; «КъагъэщIкъым си нэхэм *упщIэ*, / Иджыри къызолъэфэкI, / Псэр, хигъэщIами уи *IупщIэм*». Абдежым купщIэм и гъэщIэгъуэнагъым макъ зэдекIухэр гупсысэм щебэкI къыщыхъу зэзэмызэми абы гу лъыуагъатэркъым.

ПшыукI Латмир теплъэр зэпкърыхауэ къэгъэлъэгъуэным Iеищэу елIалIэу пхужыIэнукъым. И усэ куэдым IэкIуэлъакIуагъ къезытыр макъ зэпэджэжхэрауэ жыпIэ хъунущ. Къапщтэмэ, «Уэрам сабэм хашыхьу къысхуадзыжа гу IэмыщIэ…» зыфIищa усэм хэт ассонансхэм лирическэ лIыхъужьым и дунейр зыухуэ псоми пхырокI:

Уэрам сабэм хашыхьу къысхуадзыжа гу ІэмыщІэ,
Уэрам сабэм хашыхьу къысхуадзыжа лы тыкъыр,
Уи джэ макъ, уи лъэ макъ, уи щэІу макъ
къыздиІукІыр зымыщІэм
Иджы сыт щІэбджыкІыжкІэ и усэ сатыр?
Усэр жьыбгъэм хэкІуадэми, гу къуэпсым фІонэ,
Псалъэм гур иуІэфми имыукІыф.
ЩІыхум сыт къеІыпхыфми и псэр къыхуонэ,
Ауэ псэгъу имыІэжмэ, и гъащІэр кІыфІщ.

Зэрытлъагъущи, и щхьэм епсэлъэж лІыхъужьым («уэ») зи гугъу ищІхэр *уэ – уи – Іу – у – уо – уа* макъ зызыхъуэжхэм зэрашалІэ. ЩІэпапщІэ «*уэ*»-р и псэм фІэлъапІэ Іуэхугъуэхэми (*уэрам, унэ, усэ, уэрэ*), гущІыхьэу къэІу и лъэІухэми (*уемыджэ, умыІыгъ, укІэлъымыджэ, укІэлъымыгъ*) къыпхыпсым хуэдэу къыпщохъу. Псалъэ къытрагъэзэжхэм ассонансыр къыщІагъэхуабжьэурэ гурыщІэ зыкъызэкъуэзыхым щытыкІэ шэщІаи, кІуэкІэ егъэлеяи ирагъэгъуэт. ГъэщІэгъуэныракъэ, апхуэдэ хэгъэщхьэхукІыныгъэр здекІуэкІым, ассонансыр къэзыгъэщІ макъ «*у*»-м ударенэр щытехуэр зэзэмызэххэщ.

Усэм дызыщрихьэлІэ теплъэхэр лирическэ лІыхъужьым и дунейр къэзыгъэщІхэм ящыщщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ ар Латмир и усэ къэс хэтщи. И усэ куэдым тыншу къахэпцІыхукІыж Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм мыпхуэдэхэри гъусэ яхуохъуж: щхьэгъубжэр, нэхур, сурэтыр, усэ сатырхэр (ныкъуэтххэр е нэгъэсами, зэкІэ зыми фІэмылъапІэхэр). ГурыІуэгъуэщ, ахэр цІыхум и «дуней цІыкІу» зи бжэ-щхьэгъубжэр къегъэбыдэкІам зэрейр. Ауэ жыІэн хуейщ абыкІэ лІыхъужьыр къэзыухъуреихь дунейм зыщидзейуэ, зыкъыпигъэщхьэхукІыу зэрыщымытыр. ПщыукІым и усэ куэдыр щыхьэт тохъуэ а «псэупІэм и гъунапкъэхэр зэрызэІухам», лІыхъужьым езым фІэфІу и дзыхь тхылъеджэм зэрыригъэзыр.

Мы хэщІапІэм лІыхъужьым и фэм щыдэкІахэр къеІуатэ. Щапхъэу къэпхь хъунущ С. Есениным «Письмо к женщине» и усэ цІэрыІуэр уигу къэзыгъэкІыж «Сурэт бзагуэ…» тхыгъэр. Псалъэмакъыр зытеухуари, псэр зэвыпІэм диубыдауэ къыпщызыгъэхъу пэшри, гукъанэкІэ гъэнщІауэ цІыхубзым къыжьэдэкІ псалъэхэри куэдкІэ поджэж урыс усакІуэм къигъэлъэгъуахэм, ауэ хъурджэуэным пэщІэувэ гупсысэ хьэлъэхэр Латмир гъуэзэджэу къызэпеуд:

Сурэт бзагуэ, сыхьэт пцІыупс,
Зи фэр шэхуу пыкІа блынджабэ…
Къыхэсхами факъырэ Іус,
СилІыхьыныр фи пащхьэм икІагъэщ.

Пэшым игъуэт теплъэм куэд къеІуатэ, абы щыпсэум и щытыкІэм, и гум щыщІэм теухуауэ. Апхуэдэ Іэмалыр нобэрей

щIэблэм, ПщыукI Латмир зыщыщым, куэдрэ къигъэсэбэпхэм ящыщщ. Бэлагъы Любэ, Къаныкъуэ Заринэ, Лъостэн Музэ, ГъущIо Зариф я IэдакъэщIэкIхэри абы щыхьэт тохъуэ. Латмир а теплъэм куэдрэ *щIыIэ, нэщI* плъыфэцIэхэр дыщIегъу («Гур щозэшыр и закъуэу пэш щIыIэм»; «Мыбэуэжт си пэш нэщIри хуиту»). ФIыуэ илъагъум зэгуэр ибгынащи, иджы пэшым жьымрэ уэшхымрэ къыщIэзэрыгуэну хэтщ: «Си абджынэ жэщIар къыхиудурэ, / Си гупсысэ шэщIар зэпиудурэ / Уэшхыр къошхыр, къошхри къошх»; «Уэшх етам игъэхъущIэрт абджыпсыр. / Зы абджынэ хэхуат си щхьэгъубжэ хьэху хъуам, / КъыщIэджалэрт си пэшым а жьыбгъэр». Уэшхыр *щIыIэу, цIынэу, етауэ* зэрыщытым имызакъуэу, ар икIи «*псэр зыхуэпабгъэщ*». Жьым ичэтхъа усэ ныкъуэтххэр уэшхым стIолыщхьэм трелъэсыкI, ауэ ПщыукI Латмир и лIыхъужьыр абы зэи иринэщхъейкъым.

ГъэщIэгъуэнщ усакIуэм уэздыгъэр къызэригъэлъагъуэ щIыкIэр. КъызэрыщIэкIымкIэ, пэш уэздыгъэмрэ дыгъэм и нэхумрэ зэпэщIэту къыщIокI. Унэм щыблэм и лъэщагъыр псэм щыблэм («си уэздыгъэ» жыхуиIэр) елъытащ; языныкъуэхэм деж ар гуфIэгъуэм къигъэщIа нэхуу къэгъэлъэгъуащ («Уэшх» усэр), ауэ нэхъыбэм ар уэздыгъэ «ешащ», «тхьэмыщкIэщ», «утхъуащ», «бампIэгъуэщ». А зэпэщIэтыныгъэм куэд къеIуатэ («Си уэздыгъэр мыблэж…», «Нэху щащ…» усэхэр), уеблэмэ унэ кIуэцIым къыщыблэ уэздыгъэр псэм игъэвым и теплъэ зэхьэкIауэ къокIуэ.

Тегъэчыныхьауэ мыбдежым усэм къыхыхьэхэм ящыщщ сурэтыр. Абы ехъумэ насып IэщIэкIам и теплъэр, ауэ а теплъэр бзагуэщ («сурэт бзагуэ») икIи нэпцIщ («сурэтым жиIэр мыпэж»). Аращи, усэ фIэкIуэдам зэрытемыгузэвыхьым ещхьыркъабзэу, сурэт фIэкIуэдами Латмир и лIыхъужьыр къигъэдзыхэркъым («…фIыуэ плъагъу и сатырхэм уемыджэ …фIыуэ плъагъу и сурэт умыIыгъ») – тIуми ялъэкIкъым гъащIэм хэкIам кърагъэгъэзэжыну.

Усэмрэ узымрэ зэпхауэ къыщокIуэ Латмир и IэдакъэщIэкIхэм: «Усэр уэмэ, лы цIынэм хуэдэщ». ЗэрыжытIащи, нэхъыбэу усакIуэм къигъэлъагъуэр сатыр ныкъуэтххэращ – и гурыщIэ къабзэу къыхуэмеижу къыщIидзыжхэр:

ЗэфIызотхъыж ныкъуэтхыу къэна усэр,
Зэпыту укIуэ, зэрысщIынур сыт?
А усэр и хущхъуэгъуэми псэ узым,
Ар зи хущхъуэгъуэр лIащ, сыхуэарэзыщ.

Гум фIэлъапIэр щахуэмыхъумэкIэ, ахэр псэми хущхъуэгъуэ хуэхъуфынукъым: «Си сатырхэм уахэкIуэдыкIат – / ЦIыхум усэр щхьэ и кIуэдыкIапIэ?».

«ЩIыIэ хъуа» усэхэмрэ пэш нэщIымрэ – лIыхъужьым фIэкIуэдам и нэщэнэщ, и нобэрей щытыкIэр, и гурыгъугурыщIэхэр блэкIам и теплъэгъуэхэм пэджэжу къонэ. Ауэ а блэкIам зы никъуэжыIэ гуэр къыхэнауэ нобэ лIыхъужьым псэхугъуэ къримыт хуэдэу къыпщохъу:

Сигъэхъужынущ зэгуэр, фIыуэ сощIэ,
Си блэкIа гъужым псы къыщIэвыкIам.
Ауэ къызгурымыIуэ: сыт щIэзбзыщIыр
БлэкIам и Iуэхур зэрызэфIэкIар?

(«Сыгурбиянам зэгуэр…»)

КъедбжэкIахэр псэм лъэужь къытезынэ Iуэхугъуэхэм яйщ, арагъэнщ Латмир и тхылъхэм я зым «Си гум и IэпапIэ» фIэщыгъэцIэр щIигъуэтари.

Усэ сатырхэр, гу зэрылъыттащи, лIыхъужьым игъэвам и щыхьэт фагъуэщ, ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, абы и гъусэу псалъэм хэлъ къару инри къелъытэ. Апхуэдэу, псоми фIыуэ ящIэ псалъэжьым пэбгъэув хъунущ усакIуэм и хьэлыр IупщIу къызыхэщ мыпхуэдэ жыIэкIэр: «Усэр жьыбгъэм хэкIуадэми, гу къуэпсым фIонэ, / Псалъэм гур иуIэфми имыукIыф». А сатырхэм укъыщеджэкIэ, уигу къэмыкIыжынкIэ Iэмал иIэкъым – псалъэм гъащIэр зэрыпIэщIихыфынури псэ къызэрыпхигъэхьэжыфынури. Ауэ а псом ящхьэжу мыбы къыщыхобелджылыкI цIыхум и бэшэчагъыр, псалъэ жагъуэм имызакъуэу, сыт хуэдэ насыпыншагъэми пэщIэтыфыр. Апхуэдэурэ псалъэжьхэм зыщIаша гупсысэкIэм Латмир езым и гупсысэкIэр щыпэщIигъэувэ щыIэщ: «КъыщIачар анэ бгъафэм / Хэту щытми мэкIуэд»; «Зэманым зыри пщигъэгъупщэркъым»; «*СыщылIэнум* дежи зыслIэжынкъым / *СыщылIынум* дежи сабырынщ / Сигу сIэщIэкIыу «*екъуу ежьэжынур*», / Ар *Iэпкълъэпкъ пщыкIутIым* хуэпэжынщ». Псалъэжьхэм къахуигъуэт къэгъэсэбэпыкIэм нэрылъагъу къыпщащI Латмир и усыгъэм зэрыщыту пхырыкIыр – купщIэ зэрыубыдахэм есэным, уеблэмэ фэжьIужь хуэмыхъужыным ар зэрыхущIэкъур.

* * *

Я художественнэ дуней лъагъукIэкIи, я хъэткIи япэ итахэм къащхьэщыкIыу, уеблэмэ «лъэхъэнэщIэм и щIэблэкIэ» уеджэ хъуну иужьрей илъэсхэм лъэпкъ лирикэм ныбжьыщIэ зыбжанэ, гуп щхьэхуэу, къыхыхьащ. Лъэпкъ литературэм и бэуэкIэм сакъыу кIэлъыплъхэр дызыщыгуфIыкI а щIэблэм хохьэ КъуэщIысокъуэ Марьянэ, Беслъэней Нинэ, Жэмбэч Рабия, Иуан Аксанэ, Хъуэжэ Жаннэ, Таз ФатIимэ, Дзэгъащтэ

Азэмэт, Щомахуэ Залинэ, Къэзан (Гъыдэ) ФатIимэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ, Фырэ Анфисэ, Бэрбэч Аслъэнджэрий, Гугъуэт Заремэ, Шорэ Маринэ, нэгъуэщIхэри. Художественнэ дуней гъунапкъэншэм абыхэм къыщалъыхъуэхэмрэ я къэхутэныгъэхэр зыхуаунэтIымрэ а усакIуэ, прозаик ныбжьыщIэхэм я тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъхэм итхэм къыуагъащIэ. Апхуэдэу зыбжанэ иужьрей илъэсхэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыдигъэкIащ: «Жызум уэшх» (2005), «КъудамэщIэ» (2009), «Шыхулъагъуэм» и вагъуэхэр» (2010). НыбжьыщIэхэм я зэфIэкIыр усэми, прозэми къыщагъэлъагъуэ.

Зи цIэ къитIуа усакIуэ щIалэхэм я нэхъыбэр «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм хэтщ. ЗэчиифIэ щIалэгъуалэр литературэм къыхэшэнымкIэ, япэ лъэбакъуэ егъэчынымкIэ усакIуэ икIи прозаик Хьэх Сэфарбий лэжьыгъэ щхьэпэ дыдэ иregъэкIуэкI, фIыщIэ ини къелэжь. «Шыхулъагъуэм» сыт и лъэныкъуэкIи дэIэпыкъун, зегъэубгъун хуейщ. Ауэ апхуэдэ гулъытэ зэримыгъуэтым, зы гъэсакIуэ и жыIэм, и Iуэху еплъыкIэм зэрыщIэтым къыхэкIыу къытщохъу абы екIуалIэхэм я тхыгъэхэм хэтлъагъуэ зэщхьыныгъэхэр. Абы имызакъуэу, ныбжькIэ зэщхьэщыкIыныгъэшхуэ зэрамыIэри, зы лъэхъэнэм и быну ахэр зэрыщытри я лирикэм къыхэмыщу къанэркъым. ИтIанэ, ныбжьыщIэхэм я художественнэ дунейм и теплъэр «зэзыгъэпэщхэм» мы Iуэхугъуэри къыхэлъытэн хуейщ – зи гугъу тщIы гупым хэтхэм я нэхъыбэр пщащэщ.

Зи цIэ къитIуа тхылъищым ит усэхэм къахэбелджылыкIри, нэхъыбэр зытеухуари лъагъуныгъэрщ, абы къыкIэлъокIуэ дуней дыкъэзыухъуреихьым къигъэщI сурэт теплъэгъуэхэр. А лIэужьыгъуитIым я зэпылъыпIэм, зэхыхьэпIэм деж къыщежьэ хуэдэу къытщохъу философие гупсысэ зыхэлъ усэхэр.

НыбжьыщIэхэм къаIэт Iуэхугъуэхэм тепщэ щыхъур къыхэбгъэщхьэхукIыну ухуежьэмэ, псом япэу ар гур хэзыгъэщI жэуапыншэ лъагъуныгъэрщ. Нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ, гъащIэм и джэлэсу ибжу лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэхэм ар япэ къоувэ. Мыбыи гу лъытапхъэщ – гъэщIэгъуэныращи, ныбжьыщIэхэм къыхагъэщхьэхукI зэманыр бжьыхьэрщ. Нэхъыбэр усакIуэмрэ бжьыхьэмрэ я Iыхьлагъым, псэкIэ ахэр зэрызэпыщIам топсэлъыхь; зэманым и кIуэкIэ емылыджым кърикIуэ гупсысэ нэщхъейхэми мыбдеж зыщаубгъу. НехьэкI-къехьэкI хэмылъу жыпIэмэ, апхуэдэ «гузэвэгъуэ, нэщхъеягъуэ мыухыжыр залымыгъэкIэ зыдашэщI» щапхъэхэр йобэкI. Ауэ апхуэдэ щытыкIэм ныкъусаныгъэ гуэрхэр хэплъэгъуэнри щыуагъэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ дэтхэнэ усакIуэ ныбжьыщIэри, хуейхуэмейми, япэ итахэм ядоплъей. Мыбдежми аращ: нобэрей щIэблэм адыгэ классикхэм я усыгъэм щытепщэ а дунейм ижь къазэрыщIихур наIуэщ. Ар икIи шынагъуэкъым, абыи зы пIалъэ иIэщи... блэкIынущ.

Поэзием къигъэщI гупсысэкIэм куэд щIауэ хабзэ хуэхъуа Iэмалхэм щIэ къыщыхэщым деж е усакIуэр зыгуэркIэ абыхэм бгъэдэкIыну, нэгъуэщI мыхъуми, щIэщыгъуэ гуэр хилъхьэну щыхэтым деж, ар ныбжьыщIэм гъуэгу щхьэхуэ къызэрилъыхъуэм и нэщэнэу жыпIэ хъунущ. Къызэрыхэдгъэщащи, зэман кIуэщIым «игъуэ нэмысу» дэкIуэд щIалэгъуэм ди усакIуэ щIалэхэр тепсэлъыхьырейщ, абы къыхэкIыу зэманыр зэрызыхищIэр, къызэрыщыхъур дэтхэнэми и усыгъэм къупхъэ щхьэхуэ гуэрым иригъэзэгъэну хущIокъу. Апхуэдэ образу КъуэщIысокъуэ Марьянэ и усэхэм кIэщI-кIэщIурэ къыщыхощ сыхьэтыр. Ауэ абы и дежкIэ зэманыр щIалэгъуэ IэщIэкIым и щыхьэт нэщхъейуэ къамынэу («Дэнэ нэс ущыIэ, си ныбжьэгъу? / Дэнэ къыщызна щIалэгъуэ дахэр?» («Сыщхьэхыпэу, сыхуоплъэкI сыхьэтым…»); «Къигъэзэжынукъым блэкIам, / АлейкIи умылъыхъуэ…» («Балигъыгъуэ»), и гъащIэм купщIэ къезыт, щIэщыгъуэ къыхэзылъхьэ къару мэхъу:

Къытезнащи стIолым нэзмытхысу усэ,
Зэгуэр къэзгъуэтыжмэ, естыжынщ кIэух.
Гъатхэ дыгъэ, зэкIэ усэм уемыIусэ, –
ЗэсхъуэкIынущ Iэджэ, гъуэгум сытетыху.
(«НыкъуэзэлъыIухыу къэзгъэнащ си пэшыр…»)

Куэд щIауэ лирикэм къиугъуея теплъэхэм мыхьэнэщIэ иратыну, щIэщыгъуэ, хьэлэмэтагъ гуэрхэр къыхалъагъукIыну зэрыхущIэкъум щыхьэт техъуэ щапхъэхэр мымащIэу къыхэбгъуэтэфынущ зи гугъу тщIа тхылъхэм. Псалъэм папщIэ, Иуан Аксанэ уэс къесагъащIэмрэ щхьэц тхъуамрэ зэлъытыныр тегъэщIапIэ ещIри, и усэр мы псалъэхэмкIэ еухыж:

Уи щхьэц дахэм тхъугъэ-уэсу хэлъыр
Уи къабзагъэ нэсым и щыхьэтщ.
(«Къабзагъэ»)

Хьэвжокъуэ Людмилэ и усэхэм ящыщ зым усакIуэмрэ псэхэх къыхуэкIуамрэ ягъэIу псалъэмакъымкIэ IэкIуэлъакIуэу къегъэлъагъуэ кIыфIыгъэмрэ нэхумрэ я зэпэщIэтыныгъэ мыухыжыр. Псэхэхым зэрихьэ шэмэджри, усакIуэр псалъэ жагъуэм зэрыхуэукIри – фIыуэ тцIыху Iуэхугъуэхэм ящыщщ, ауэ… псэхэхым и шэмэджыр къыщогъупщэ, къыздыщыгъупщэри дэнэ – уафэлъащIэращ. Ажалым хэлъ шынагъуэм щхьэпрегъэш абы «игъуэу» чэнджэщ къезыт блыгущIэтыр – шейтIаныр.

Усэр къыщригъажьэм щыщIэдзауэ и кIэм нигъэсыху теплъэгъуэ къыхихым зэгъэзэхуауэ елэжьыныр Людмилэ хьэл

зэрыхуэхъуар наIуэщ, сюжетностIэ зэджэ щытыкIэр тэмэму къигъэсэбэпуи жыпIэ хъунущ. Хэплъыхьыпауэ, къыхэщыпыкIауэ щымыт гупсысэхэращ хъыджэбзым тегъэщIапIэ ищIыр, ауэ абыхэм сытым дежи езым ар зэрызыхищIэ, къызыщыгъэхъукIэ щхьэхуэр къыхигъэщыну хэтщ:

Зэманыр хущхъуэу куэдрэ зэхэсхами,
Иджыри ар си дежкIэ фIэщ щIыгъуейщ,
Сигъэхъужын лъэкIакъым сэ зэманми,
Псэузым сесэжауэ аркъудейщ.
(«Си пщIыхь къыхэхуакъым…»)

Бэрбэч Аслъэнджэрий и усэхэм хэтлъагъуэ щэнхэм наIуэу ар къахегъэщхьэхукI зи гугъу тщIы гупым. Абы и IэдакъэщIэкIхэм къыхэлыдыкI нэщхъыфIагъэм сабий дыхьэшх макъи къыхоIукI, езым и щхьэм хуэгъэзэжа гушыIэ, ауан щаби игъусэщ.

Аслъэнджэрий къигъэлъагъуэ дунейр щIэщыгъуэ къыпщызыгъэхъур теплъэ, щытыкIэ зэгъэпэщыкIэракъым, атIэ сабиигъуэм пыщIа гукъыдэжыр, нэщхъыфIагъэр, тэмэму, гу къабзэ зэIухакIэ къызэриIуэтэфырщ, абы щыгъуэми усэ гъэпсыкIэм Iэзагъ лей химылъхьэу. БалигъыпIэм иувэу щIэзыдзэ щIалэм нэщхъеягъэ лъэпкъ къызэринэкI сабиигъуэм хуигъазэркъым. УсакIуэр абы иджыри зэрыпэгъунэгъум, сабиигъуэ дунейр щIалэм дежкIэ иджыри зэрызэIухам и лъапIагъэращ Бэрбэчым и лирикэм бжьыпэ щызыубыдыр.

ЦIыху балигъым зэрихабзэу, зи къару мащIэм къыщхьэщыжыну жыгыщхьэм къемыхыжыф сабийм хуопIащIэ:

Сыт зыхуейр? Зэрану пIэрэ? Джэгурэ?
Е тенауэ гъуэгуы арагъэнщ.
Сегупсысу сыщытыжри тIэкIурэ,
Зисчащ – сабийм къыщыщIар къэсщIэнщ.
(«Хъуащ жэщ, сыхоплъэ сэ кIыфIыгъэм…»)

Щхьэусыгъуэр къыщищIэ теплъэгъуэм зыхеугъащIэ сабий дунейр иджыри гурыIуэгъуафIэу щIалэм дежкIэ зэрыщытыр, – абырэ балигъ ныбжьымрэ я зэхыхьэпIэм къыхэтэджыкI хуэдэу къыпщохъу Аслъэнджэрий и гупсысэр, и дуней лъагъукIэр:

Къызитащ жэуап, зыхуэзгъэзати:
Жыгым пысу вагъуэхэр слъагъуат…
Пызгъэхун си гугъэу згъэсысати…
ЗаIэтыжри уафэм лъэтэжащ!
(«*Хъуащ жэщ, сыхоплъэ сэ кIыфIыгъэм…*»)

Сабиигъуэм и лъахэр абы дежкIэ иджыри жыжьэкъым, ауэ и щIыбагъ къыдэнэхэми, къызэринэкIхэми иринэщхъейкъым усакIуэр – мыбдеж псоми щытекIуэр щIалэгъуэ ныбжьым уитыным къыуит насыпыфIагъырщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, гур зыгъэгуфIэ зэхэщIыкIыращ нэхъыщхьэр. Ар, дауи, мурад хэха гуэру зыхуигъэувыжауи къыщIэкIынкъым Бэрбэчым, ауэ щIалэгъуэм къыпкърыкI гукъыдэжыр (психологиер) щIэщыгъуэу, дахэу къигъэлъэгъуэн зэрыхузэфIэкIамкIэ ар зыхэт гупым къыхощхьэхукI.

УсакIуэм и гупсысэкIэм дэщIыгъу гушыIэ щабэри, усэр игъэщIэращIэм имызакъуэу, балигъыпIэм хуэкIуэ акъылым и Iэмэпсымэуи щытщ. Апхуэдэу «Лацэ» зыфIища усэм Аслъэнджэрий убгъуауэ щытопсэлъыхь зэгъунэгъуу щыс сабийхэм зэхаубла джэгум («Дыхэтщ зауэм, зауэ ин…/ Си шэр сухмэ, даукIынщ!»). Усэм и гъэпсыкIэм сабий къебжэкI цIыкIухэр уигу къегъэкIыж, ауэ езы джэгур хьэлэмэту, Iуэхугъуэ щэджащэхэр къэзыIуатэ псалъэ зэпыблахэмкIэ къегъэлъагъуэ:

Си гъусахэм сэ ныбжьэгъуу
Зыкъэмынэм псэр щанащ»;
«ЗэхэтщIакъым гъащIэр щызу,
Уаси ди псэм имыIэн!».

«ЛIыхъужь» хъыжьэм и «жьэм ятIэ мэхъу жьэдэз», «мэхъу фочышэр и пкъым хэз», «биишэр» къытехуауэ щыджалэм, унэм къыщIэна анэри и нэгу къыщIохьэж… ИкIэм-икIэжым а теплъэгъуэ хьэлэмэтхэр пщIыхь къудейуэ къыщIедзыж:

Абдеж дыди сыкъоушыр,
Зызоплъыхьри – пIэкум сисщ.
Ди гъунэгъум я хьэпшырыр
Къызобзейри къызбгъэдэсщ!

(«Лацэ»)

УсакIуэ куэдым лирическэ гупсысэкIэр игъэбжьыфIэу къащыхъу гузэвэгъуэр зыщIыпIэкIи къыщыхэмыхьэу, Аслъэнджэрий теплъэгъуэхэр къеIуэтэжыф, адыгэбзэ дахэкIи и усэхэр еузэдыф. Адэ-мыдэкIэ емыщIэу ныбжьыщIэм ухуэн зыщIидза «художественнэ дуней унэм» елэжьмэ, угугъэ хъунущ зыми емыщхь вагъуэ нур лъэпкъ лирикэм Аслъэнджэрий щыщIигъэнэфыну.

ГурыIуэгъуэщ, иджыпсту дызытепсэлъыхь псори япэ лъэбакъуэхэм къагъэна лъэужьу зэрыщытыр. Абы къыхэкIыу ныбжьыщIэхэм я Iэдакъэщ Iэкlхэм щIэныгъэ еплъыкIэ пыухыкIакIэ уабгъэдыхьэныр иджыкIэ пасэщ, апхуэдэу

пщIынри щыуагъэщ. Лъэпкъ поэзием и зыужьыныгъэм хуэфэщэнхэр къэзыгъэлъэгъуэнур пщэдейрей махуэращ, нобэрей IуэхукIэ нэщэнэ зэдай гуэрхэр къыхэдгъэкIыфми аращ.

1.3. Лъэпкъ балладэмрэ поэмэмрэ яIэ щхьэхуэныгъэхэр

Художественнэ тхыгъэм «къиIуатэ» дунейр лъэныкъуэ куэду зэтепщIыкI хабзэщ. ЖыпIэ хъунущ а дунейр литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ къэгъэлъэгъуа зэрыхъум и щхьэусыгъуэр къызыхэкIри арауэ. ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм къыщыщIэдзауэ адыгэ литературэм къыхыхьа усэ тхылъхэри абы щыхьэт тохъуэ. Мыбдежым щынэхъыщхьэр, дауи, адрейхэм емыщхь хъэтI, макъ щхьэхуэ зригъэгъуэтыну усакIуэр зэрыхущIэкъум и закъуэкъым, атIэ мыхьэнэр езым зыхилъагъуэ Iуэхугъуэхэм яхуэфэщэн «фащэ» къазэрыхуилъыхъуэрщ. Мис а къэлъыхъуэныгъэхэм тетущ лиро-эпическэ тхыгъэхэм, псом япэу балладэ, поэмэ жанрхэм лъэпкъ литературэм зэрызыщаужьыр.

Зи гугъу тщIы лъэхъэнэм дунейм къытехьа усэ тхылъхэм я нэхъыбэм мы жанрхэм увыпIэ хэха къащылъысами, егъэлеяуэ зыужьыныгъэ ин абыхэм ягъуэтауэ жыпIэныр къемызэгъыу къыдолъытэ. Къыхэгъэщын хуейщ, балладэхэр е поэмэхэр щызыхуэхьэса тхылъ щхьэхуэ къыщыдэкI зэзэмызэххэ фIэкI къызэрымыхъури. Апхуэдэу щытми, а жанрхэм я къупхъэм изагъэу дунейм къытехьа тхыгъэхэм къаIэт IуэхугъуэхэмкIи, я купщIэкIи хэхауэ уатепсэлъыхьыну къалэжь. Мыбдежым, дэ дызэреплъымкIэ, япэ игъэщыпхъэр я дуней еплъыкIэкIи, IэзагъкIи зэхуэмыдэ усакIуэхэм я тхыгъэхэм литературэ процессым и нэщэнэхэр къыщыхэгъэщынырщ. Гу лъытапхъэщ, я къалэмыпэм къыщIэкIар мащIэ-куэдми, лиро-эпическэ жанрым хыхьэ тхыгъэкIэ зэгуэрзэ и къару къихьым емыплъыжа адыгэ усакIуэхэм куэд зэрахэмытыр.

Нобэрей **адыгэ балладэм** къиIэт Iуэхугъуэхэри, теплъэгъуэхэри, жанрым и жыпхъэ-гъэпсыкIэм и гугъу тщIыхэнкъыми, гъэбелджылыныр тыншкъым. Лъэхъэнэм нэхъ игъэнэхъапэ Iуэхугъуэхэр, гъащIэ теплъэгъуэхэр, гугъу удемыхьыщэу, ди усакIуэхэм я поэмэхэм къыхэбгъэщхьэхукIыфынущ, ауэ балладэм и деж ар нэхъ гугъу щохъу. Ауэ, гъэщIэгъуэныращи, Iэмал щIэгъэбыдыхьа гуэрхэр тегъэщIапIэ пщIыфыну щымыт пэтрэ, я нэхъыбэм деж усэр балладэ жанрым зэрыхуэкIуэр зыхозыгъащIэ нэщэнэхэр яIэщ.

Балладэ жанрым и тхыдэ гъуэгуанэм уриплъэжмэ, къыжыIэн хуейщ псом япэу ар уэрэду (къызэрыфэ макъамэу) къызэрежьар. Арагъэнщ иджырей языныкъуэ лъэпкъ

балладэхэм макъамэр образ хэха щIахуэхъур. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Къагъырмэс Борис «Паганини» зыфIища и балладэр.

Композитор цIэрыIуэм и макъамэр цIыхухэм я пащхьэ къызэрырилъхьам тепсэлъыхьурэ, усакIуэм зыхыдегъащIэ пIейтеягъэрэ дахагъэкIэрэ гъэнщIа музыкэ телъыджэм и зыубгъукIэ хъур. ЦIыхум и гукъыдэжымрэ и щытыкIэмрэ зэрихъуэжми, макъхэм я зэблэхъукIэми, уеблэмэ упэмыплъагъэххэу ар зэрызэпыуми, уигу къагъэкIыж Н. Паганини и макъамэ телъыджэхэм я зэхэлъыкIэр… «ЛIы фIыцIэ къуэгъур» залышхуэм щIэсхэм я пащхьэ къоувэ, бзэпсыр жагъуэгъухэм ныкъуэпыупщI зэращIам химыщIыкIауэ. Ауэ талантым и къарур сыт хуэдэ мыхъумыщIагъэми токIуэ, икIи а текIуэныгъэм макъамэ хьэлэмэтыр къегъэщI. УигъэпIейтейуэ макъамэр зэрызэпыур «къагъэщI» бзэпс зэпычхэм.

Къагъырмэсыр макъамэм щытетхыхькIэ, зэгъэпщэныгъэ дахэхэри къегъэсэб:

Абдежым занщIэу уафэгъуагъуэ
Макъ иным залым зыщеIэт;
Тоужри зэуэ уафэгъуагъуэр,
Жьапщэшхуэм пшэжьхэр зэбгреху,
ИтIанэ дыгъэр къыщIокIыжри,
Бзу цIыкIухэр жыгхэм потIысхьэж.

АдэкIэ цIыхум и къаруушагъэмрэ гъуазджэм и лъэщагъымрэ я зэхущытыкIэр зыхыуигъащIэу макIуэ: бзэпсыр щызэпычкIэ, залым щIэс цIыхухэм гузэвэн щIадзэ, шынэм зыщIещтэ – а псор зэщIишэурэ макъамэм ухуэкIэ телъыджэ егъуэт. Мыбдежым макъамэм и телъыджагъэмрэ усакIуэм и Iэзагъымрэ зы щыхъуащ.

Къагъырмэс Б. и усэм ещхьу уэрэдыр зыгъэбелджылы нэщэнэхэм щыщ химыгъэхьэу, ауэ макъамэм и образыр тегъэщIапIэ ищIурэ Бицу Анатоли зэхилъхьащ «ХъунщIакIуэмрэ джэгуакIуэмрэ» балладэр. Езы жанрыр макъамэм епхауэ къызэрежьар, ноби а зэпыщIэныгъэр зэрымыкIуэдар къигъэлъагъуэу усакIуэм етх:

Мы хъыбарым щIыфIэсщар
Сыт-тIэ нобэ сэ балладэ? –
Зэрытеухуарщ уэрэдым,
Уэрэд нэсым иIэ пщIэм.

Къызэрыхэдгъэщащи, иджырей къэбэрдей-шэрджэс балладэм тегъэчыныхьауэ усакIуэхэм жьыуэ щIагъэувэркъым, рефреныр гъусэ щыхуамыщIи щыIэщ. Бицум и балладэми

макъамэ щIэткъым, ар «зыдэплъагъур» езы усэр макъамэм зэрытепсэлъыхь къудейрщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, жанрыр зэрагъэбелджылы нэщэнэ нэхъыщхьэр нобэрей балладэм къигъэлъагъуэ Iуэхухэм ящыщ зы хъуащ.

Балладэм и сюжетностыр а жанрым и щхьэхуэныгъэ нэхъ къызэтенахэм яхэбжэ хъунущ. Абы и купщIэр мыхьэнэ пыухыкIа зиIэ къэхъукъащIэ гуэрщ. Аращ къэзыгъэщIыр тхылъеджэм хуэгъэзауэ усакIуэм къиIуатэ гупсысэри, абы къыхихыпхъэ дерсри. Ауэ а жанрым и жыпхъэм иту лъэпкъ усыгъэм хэт тхыгъэхэм набдзэгубдзаплъэу уахэплъэмэ, гу лъыботэ КIыщокъуэ Алими Тхьэгъэзит Зубери къаIуатэ гупсысэр кIэух псалъэ IупщIкIэ щIамыгъэбыдэжу я балладэхэр «зэIухауэ» къызэрагъанэм. Ауэ а усакIуэ нэхъыжьхэм яужь итхэм тхыгъэм къыщаIэт Iуэхугъуэм и мыхьэнэр зыхалъагъуэм тхылъеджэр нэхъ гъунэгъуу ирашэлIэну хущIокъу. Иджыри зы гъэщIэгъуэнагъ, ди усакIуэхэм къагъэсэбэпу. Абыхэм «яфIэфIщ» балладэм и кIэухым «Мис апхуэдэу…» псалъэхэмкIэ кърагъажьэу усэм къыщаIэта гупсысэр щIагъэбыдэжыну. Къапщтэмэ, Къагъырмэс Борис и IэдакъэщIэкIхэр гупсысэ нэхъыщхьэр зыгъэбелджылы псалъэхэмкIэ еухыж («Парий», «ЩIыхьымрэ ахъшэмрэ»), Бицу Анатолэ ейхэм я кIэух строфар ущиекIэ гъэнщIащ («Бгырысыр къызэралъхуар», «НэхъыщIэ», «Жамболэт», н.).

Балладэм и щэнхэм ящыщу иджыри зы нобэрей литературэм къыщыхощ, ауэ ар ди усакIуэхэм къыщамылъыти къохъу. Дызытепсэлъыхь жанрыр литературэ гъунапкъэхэм къыщихута лъэхъэнэм, абы и сюжетыр нэхъыбэу зытещIыхьауэ щытар пасэрей хъыбархэрат, IуэрыIуатэм щыщ теплъэгъуэ гуэрхэрт. А Iэмалыр нобэ нэхъ къэзыгъэсэбэпыр Бицу Анатолэщ. Iуэхугъуэ къытхуиIуатэр пасэрей зэманым зэрыщекIуэкIам ухэзыгъэгъуазэ пычыгъуэхэр абы и тхыгъэхэм куэдрэ уащрохьэлIэ:

Куэд щIащ абы лъандэрэ, куэд дыдэ.
Дунеижьым минрэ зихъуэжащ.
Уафэм Iэджэ ижащ вагъуэ лыду,
Псынэ Iэджи жэщIыжащ – гъужащ…
(«Лъагъуныгъэ»)

Зэрытлъагъущи, зэманыр куэд щIауэ бзэхыжа псэукIэм ейщ. Европэм курыт лIэщIыгъуэхэм я кIэухым зыщызыужьауэ щыта балладэри – иужькIэ романтическэ балладэм и щапхъэ хъужар – блэкIа лъэхъэнэжьырт нэхъ зыхуэгъэзар. Лъэхъэнэр жыжьэми, Бицум и тхыгъэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэр щекIуэкIыр езыр къызыщалъхуа хэкурщ. Гугъу лъэпкъ удемыхьу мыбдеж къыщыхыбоцIыхукI Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэр, абы и псы уэрхэр:

Зыми имыщIэж ар къыщыхъуар.
Я зэманырт Iэдэмрэ Хьэуарэ?
Къыщыхъуари бгырыс хэкурауэ
ЯIуэтэж мыпхуэдэ зы хъыбар…
(«Бгырысыр къызэралъхуар»)

Зэманыр зыхуэдэр щхьэтечу балладэм къыщымыкIуэми, ар тхыгъэм «щIагъыбзэкIэ» фIэкI мыхъуми, къыхэмыщынкIэ Iэмал иIэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы хэт теплъэгъуэхэм нэхъыбэу къаIуатэр пасэм щыгъуэ адыгэхэм къадекIуэкIыу щыта хабзэхэрщ, лъэпкъым и гупсысэкIэр, дуней еплъыкIэр къэзыгъэщI лъапIэныгъэхэрщ. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, «ЩIакIуэ кIапэ», «НэхъыщIэ», «Жамболэт» балладэхэр.

Куэд щIауэ абрэдж гъащIэр IэщIыб зыщIыжа Жамболэтлыжьым и хьэщIэр къригъэлын папщIэ, уасэу щIетыр езым и гъащIэр:

Бгырысым хьэщIэм пищI
Дунейм темыт. Ар нахуэщ.
А хабзэм щытекIа ди лъэпкъыр къэмыхъуа!

«Тутын щхьэкIэ мафIэ…» жиIэу, гупым хэсу къэлъэIуа нэхъыжьым псалъэ къратати, ар зэпимыудын щхьэкIэ, щхьэгъэрыт щIалэм, зы макъ къыжьэдэмыкIыу, и Iэгуфэр пхъэдзакIэ зыщIэгъэнамкIэ егъэсыж. Апхуэдэ бэшэчагъыр лIы нэсым и хьэл нэхъыщхьэу къалъытэ:

«*Джатэ Iэпщи пIыгъыфын уэ хуэдэщ,*
Ауэ щыхъукIэ,
КъыпхэкIащ лIы нэс!».
(«НэхъыщIэ»)

Мы щапхъэхэм къагъэлъагъуэ Бицум и балладэхэр адыгэ тхыдэм быдэу пыщIауэ зэрыщытыр.

ЦIыхум и гъащIэм хэIэбэрэ, абы и насыпым пэрыуэгъу хуэхъу къару щэхухэр сэтей къэщIыныр балладэм сюжет хуэхъухэм ящыщу ябж. Абыи Бицум и творчествэм гулъытэ щагъуэтащ. Псалъэм папщIэ, Къетыкъуэ, «Лъагъуныгъэ» балладэм и лIыхъужьыр, зекIуэ кIуауэ, зэрымыщIэкIэ Псыхъуэгуащэм Iуоуэ. Псыхъуэгуащэр щIалэм къобгри Къетыкъуэ нэф мэхъу. Абы и ужькIэ, фIыуэ илъагъу и пщащэм и насыпыр имыкъутэн щхьэкIэ, абы зыкъримыгъэлъагъун, зыщидзеин хуейуэ къелъытэ:

Зэплъыр щIалэр и нитIыр тенауэ,
Псыхъуэгуащэт – занщIэу къызоплъэкI.
Псым хопкIэжыр, къобгри дияуэ
Щыт Къетыкъуэ: «*Уи нитIыр игъукI!*»

Къытехуащ лIым Псыхъуэгуащэ гыбзэр –
Асыхьэту хъуащ Къетыкъуэ нэф.

ЦIыху къызэрыгуэкIым и гъащIэм узыпэмыувыфыну къару щэху къыхохьэ. Ар къызэрыхыхьэ щIыкIэми гъэщIэгъуэн гуэри хэмылъ хуэдэщ. ЗэрыжытIащи, лIыхъужьыр псыхъуэгуащэм щыIущIар зекIуэ щыIэущ. Апхуэдэ къэгъэлъэгъуэкIэр, сюжет зэкIэлъыхьыкIэр курыт лIэщIыгъуэхэм къагъэщIа балладэхэм поджэж.

«Лъагъуныгъэ» балладэм кIэух гууз иIэщ. Къетыкъуэ шы хъыжьэм тесу «ажал лъыхъуэ къуршым йохьэж». ФIыуэ къэзылъагъуу щыта Сулимэ къуажэм къыдыхьа «факъырэр» Къетыкъуэу зэрыщытыр къещIэ, ауэ кIасэ хъуакIэт. Сулимэ «уэгури щIыри гууэ макъкIэ къегъэпсалъэ»:

Ар пыхьа къудейкъым, къигъэпсалъэу
Ди къуршыжьхэр, куэдрэ макъкIэ гъащ.
Къачэрт уафэр, жаIэр, сысырт щIылъэр
Абы щыгъуэ… Хэт ар зылъэгъуар.

Жанрым и хабзэхэр Бицум и IэдакъэщIэкIхэм IупщIу яхыболъагъуэ, ауэ усакIуэр зэи хущIэкъуркъым классическэу ялъытэ балладэм и щэнхэр зэрыщыту зы усыгъэм къыщигъэсэбэпыну. А нэщэнэ къэдгъэлъэгъуам хуэдэхэм увыпIэ зэхуэмыдэхэр абы и тхыгъэ щхьэхуэхэм щаубыду аращ. Ауэ а жанрым и нэщэнэ псоми уахуеймэ, Бицум и IэдакъэщIэкIхэр зэуIуу къэщтапхъэщ. Абы щыгъуэ классическэ балладэм и фащэ псоми зыкъыпхузэIуахынущ.

НэгъуэщI лъэныкъуэкIэщ балладэ тхыным зэрыбгъэдыхьэр усакIуэ Къэжэр Хьэмид. ЗанщIэу гу лъыботэ абы и тхыгъэхэм лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэр къыхишэну зэрыхэтыр. Пасэ зэманым имызакъуэу («Уэредадэ»), зауэ нэужьми («Гъуэгуанэ гугъу»), куэд дыдэ мыщIа лъэхъэнэми захуегъазэ усакIуэм. КъэхъукъащIэ дэзыхьэххэм я нэхъыбэм тхыдэр къызэрыхэщри хьэкъщ. Притчэ жанрыр уигу къэзыгъэкIыж, зэманыр щыукъуэдия щапхъи къыщыбогъуэт усакIуэм и балладэхэм. Абы и щапхъэу къэпхь хъунущ философие гупсысэхэмкIэ гъэнщIа «Псалъэ зеиншэхэр» балладэр. Апхуэдэу абы и балладэхэм я сюжетри зэмылIэужьыгъуэщ. Къэжэрым и IэдакъэщIэкIхэм «гъащIэм щыщ хъыбаруи» зыкъызыкъуэзых яхэтщ, щIым укъытезыIэтыкI гупсысэхэм тезыгъэчыныхьхэми уащрохьэлIэ.

Иджырей балладэм и зэфIэкIхэр Къэжэрым лъэныкъуэ куэдкIэ къыщегъэлъагъуэ «Данко къэпщIа» тхыгъэм. И гъэпсыкIэр къапщтэмэ, балладэр «усэ хуиткIэ» дызэджэм тету тхащ. Апхуэдэ Iэмалыр Къэжэрым къыщIыхихари гурыIуэгъуэщ.

Рифмэм къигъэув хабзэхэр усакIуэм тригъэкIуэтурэ гупсысэм утыкур хуит хуещI. ГъэщIэгъуэныращи, жанрыр къыхэзыгъэщхьэхукI щэнхэр мыбы къызэрыщыкIуэр щIагъыбзэ жыIэкIэм кIуэцIыгъэпщкIуауэщ.

Псом япэу мыр лIыхъужь гуэрым теухуа хъыбару зэрыщытыр наIуэщ, ауэ пасэрей хъыбарыжьхэм пэджэж нэщэнэхэр хэплъагъуэркъым:

Гушхуэ, гу пщтыр къритати –
тепыIэгъуэ имыIэу,
махуэм жыщыр къыпыту,
кърихуэкIырт имыгъэтIысу.

Зэ еплъыгъуэкIэ, лIыхъужьым романтизмэм ижь къызэрыщIихуар зыхыбощIэ, ауэ нэхъ кууэ ухэплъэмэ, а романтизмэр IуэрыIуатэм, пасэрей хъыбархэм узыщрихьэлIэ хабзэ дунейм пэIэщIэщ. Псом япэу ар цIыху щэджащэм и хьэлщэным хэпщауэ къокIуэ, итIанэ, М. Горькэм и творчествэм, романтизмэм и жьауэм щIэтхэм, пыщIауэ щытщ («Изергиль фызыжьыр»), абы къыщымынэу, коммунизмэр ухуэнми, 90 гъэхэм я пэщIэдзэм къэралым щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэми яхэлъа романтизмэм поджэж:

ЖэкIэ макIуэ щIалэщIэр,
щIоувэ а нып зыкъизыххэм,
псоми зэхахыуи мэхъуахъуэ:
«*Ухъу махуэ нобэ къедгъажьэр!*
Жьыр, залымыгъэр докъутэ!
Щхьэхуитыныгъэу щIэращIэм
гъащIэр щIэттыну допIащIэ!»

Къытезыгъэзэжыныгъэ, анафорэ, къэпхъуэтэныгъэ художественнэ Iэмалхэм я гъусэу Къэжэрым и тхыгъэм уэрэд нэщэнэ гуэрхэри къыхыхьэу жыпIэ хъунут, ауэ уэрэдым и гъэпсыкIэм пэщIоуэ «усэ хуитым» и сатыр «быркъуэшыркъуэхэр». Балладэм и бзэри хуитыныгъэм зэрыхущIэкъур нэрылъагъущ – усакIуэм пэрыуэгъу лъэпкъ зыхуимыщIыжу, гуемыIу псалъэхэри и тхыгъэм къыхегъэхьэ:

ЖыIэзыфIэщу,
«*Захуагъэ*»,
«*хуитыныгъэ*»,
«*шыкIуртIымокъуэ*»… –
Къэзывхэм яхухэти!

УсакIуэр зэжалIэ Iэмалхэр (зэрымыщIэкIэ къэхъу рифмэ узыпэмыплъахэр: «къыпыту – щхьэхуиту – зэрылъытэу»),

«пкIэлъей цIыкIукIэ» зэджэ усэ гъэпсыкIэр поджэж В. Маяковскэм и хъэтIым. ГъэщIэгъуэныращи, урыс усакIуэшхуэм и цIэр Къэжэрым къыщриIуэр тхыгъэм и кIэух дыдэращ, ауэ кIуэ пэт нэхъ ижьырабгъу зызыщI «пкIэлъей цIыкIум» а образым шэщIауэ ухуешэ. (Литературэдж-щIэныгъэлIхэм куэд щIауэ гу лъатащ В. Маяковскэм и усэ гъэпсыкIэм апхуэдэу зихъуэжауэ зэрыщытам).

Жанр зи гугъу тщIым къыдэгъуэгурыкIуэ щэнхэм ящыщ зыщ псэр зыгъэпIейтей шынагъуэ гуэр зыхыуигъэщIэныр. «Данко къэпцIами» ар щынэрылъагъущ: лIэныгъэри, лъыри, блэ фIыцIэжь шынагъуэри… Ауэ, гу зылъытапхъэщи, гуауэшхуэм – Данко зэрызиукIыжам – авторыр зэрытетхыхьыр бзэ телъэщIакIэщ, прозэкIэщ. ЛIыхъужьыр, зэрыжытIащи, романтикщ, ауэ мы балладэм апхуэдэ щытыкIэм гъащIэр егъэлеяуэ пхъашэу къызэрыхущIэкIри щыщIихъумэркъым:

Зы закъуэт щIалэм къыхуэнэжыр –
жэщ кIыфIу къыщыхъуа щыгур,
игукIэ къигъэнэхуу,
цIыхухэм яригъэлъагъуу…
И бгъэм ныхуехь кIэрахъуэр,
гъуазэр и гущхьэм еIусэу,
асыхьэтуи кIэрахъуэр мауэ,
ауэ –
щIалэр зыщыгугъауэ –
и гур къэмылыд мафIэшхуэу:
триухэжат абы и гур,
триухэжакIэт лъагъуэщIэм…

Апхуэдэ IэмалымкIэ Къэжэр Хьэмид жанрым и зэфIэкIыр щIэрыщIэу къытхузэIуехыж. Балладэм и щэнхэм (уэрэдым хуиIэ пыщIэныгъэми, лIыхъужьым и щытыкIэми, телъыджагъэ зыхэплъагъуэ купщIэми, сюжетым узыпэмыплъэ шынагъуэ гуэр къызэрыхыхьэми, н.) нэгъуэщI нэкIэ дригъэплъыж хуэдэщ. КъызэщIэзыкъуэж пычыгъуэр, къызэрыхэдгъэщащи, прозэу тхащи, «прозаизмэкIэ» дызэджэ дуней еплъыкIэри IупщIу къыхощ: «…Арати, Маяковскэм зиукIыжащ, жаIэри, зэхуэсри щIалъхьэжащ. АрщхьэкIэ зыми къыгурыIуатэкъым усакIуэм зыщIиукIыжа щхьэусыгъуэр…»

Балладэм и образым дамыгъэ купщIафIэм (символым) и лъэщагъыр зэщIишэну хущIокъу. АбыкIэ тхылъеджэр зыгъэгупсысэн Iуэхугъэ гуэрхэр къыхегъыхьэ. АпхуэдэхэмкIэ гъэнщIащ Къэжэр Хь. и «Псалъэ зеиншэхэр» тхыгъэр. Балладэм и образ нэхъыщхьэхэр – псалъэхэр (армырами къэхъугъэ гуэрхэм я дамыгъэу щыт пэтми) усакIуэм япэ щIыкIэ псэ зыIуту ди нэгу къыщIегъэувэ:

Апхуэдэу Дахэр, ЩIасэр,
ГуакIуэри я гъусэжу –
зы защIыр зеиншищми,
йожьэж псэупIэ лъыхъуэ.

ИужькIэ «псэ къабзэ зыIут» алIыхъужьхэр зи купщIэр IупщIу къыпхуэмылъагъуж дамыгъэм зэрыхуэкIуэжыр наIуэ къохъу: «… зэман дэкIауэ, жэщIахэу, / ди къалэм къосри, къыдохьэ…». НэгъуэщIу жыпIэмэ, купщIэ хэгъэщхьэхукIа зыхэтлъагъуэ дамыгъэхэм я «зыужькIэр» ди нэгу къыщIегъэувэ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, балладэ жанрым изагъэу нэгъуэщI ди усакIуэхэми тхыгъэ дахэхэр яIэщ. Ауэ дэ дыкъызытеувыIар иджырей лъэпкъ балладэм хэтлъагъуэ щхьэхуэныгъэхэрщ, къэтщтари усакIуэ зыбжанэм я IэдакъэщIэкIхэрщ. Апхуэдэу щытми, ди къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэм тещIыхьауэ жыпIэ хъунущ, къэбэрдей-шэрджэс балладэхэр нобэкIэ зызымыхъуэжу щыт нэщэнэ хэгъэщхьэхукIа гуэрхэм тету зэрыщымытыр. Ауэ, абы щыгъуэми, ди усакIуэхэм «балладэ» фIэщыгъэцIэр зрат я IэдакъэщIэкIхэм Iэмал имыIэу къыщыбгъуэтынущ а жанрым къикIуа гъуэгуанэ кIыхьым щызэригъэпэща нэщэнэ хэха гуэрхэр. Ауэ балладэм нэхъ зызымыхъуэжа и хабзэхэм щыщу нобэкIэ абыхэм яхэтыр сюжетностыращ. Апхуэдэу къыхэгъэщыпхъэщ иджырей балладэхэм лиризмэр щэн нэхъыщхьэ зэрахуэхъуари, нэхъыбэм философие гупсысэр я купщIэу къызэрыкIуэри.

Поэмэм и теплъэри, иукъуэдий IуэхугъуэхэрI нэхъ зэгъэзэхуауэ щытщ, жыпхъэ убзыхуа гуэрым изэгъэгъуей иджырей балладэм ебгъапщэмэ. Иджырей литературэ щIэныгъэм къызэрилъытэмкIэ, поэмэр усэбзэкIэ тха ику ит тхыгъэщ е тхыгъэ убгъуащ (*Литературная энциклопедия терминов и понятий / Гл. ред и составитель А.Н. Николюкин. Москва: НПК «Интелвак», 2001. С. 781*). ЩыIэщ нэгъуэщI IуэхуеплъыкIи: поэмэр и инагъкIэ, къызэщIиубыдэ купщIэкIэ литературэ тхыгъэшхуэщ, усэбзэкIэ е прозэу тхауэ (*Большой словарь иностранных слов. М.: ООО «Дом славянской книги», 2010. С. 633*). А зызымыхъуэж и фащэхэр зыубзыхури IуэхугъуэкъиIэтхэр поэмэм зэпкърыхауэ, убгъуауаэ къызэригъэлъагъуэрщ. Апхуэдэу щытми, псынщIэу зызыхъуэж зэманым, къаIуэтэж къэхъукъащIэхэм зыдащIу, усакIуэхэр хэтщ жанрым и художественнэ Iэмалхэми, гупсысэ къэIуэтэкIэми щIэ гуэрхэр халъхьэну.

ЛIэужьыгъуэкIэ къапщтэмэ, бжьыпэ зыубыдыр лироэпическэ поэмэращ. Ауэ абыи ехьэлIауэ литературэдж-щIэныгъэлIхэм я Iуэху еплъыкIэр щызыщхьэщыкI щыIэщ. Хэт лирикэ пычыгъуэхэр эпикэкIэ гъэнщIахэм ебэкIыу щытын хуейуэ жеIэ, апхуэдэу щымытмэ, а пычыгъуэхэр эпикэ къэухьым увыпIэ

тIэкIу фIэкI къызыщылъымыс «икIуэтыжыныгъэм» ещхь хъууэ» къелъытэ (*Поспелов Г.Н. Теория литературы. М.:* «*Высшая школа», 1987. – С. 113*). Языныкъуэхэм поэмэ лIэужьыгъуэу хъуар эпосым ейуэ къагъэлъагъуэ (*Толгуров З.Х. В контексте духовной общности. Нальчик:* «*Эльбрус», 1991. – 208 с.; Узденова Ф.Т.* «*Поэма в литературах народов Северного Кавказа. Нальчик:* «*Полиграфсервис и Т», 2001. – 123 с.*). Дэ къызэрытлъытэмкIэ, нэхъыщхэр поэмэр къызыхэкIаракъым, атIэ наIуэу къежьапIитI абы зэрызэщIишэрщ. Я IэдакъэщIэкIхэр зыщыщ лIэужьыгъуэр фIэщыгъэцIэм и лъабжьэм щIэту езы усакIуэхэм къыщраIуи щыIэщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, БещтокъуэХь. и «Сэроробот» *сатирическэ поэмэр*, «КхъуафэжьейкIэ хым зэпрысыкIхэр» *драматическэ поэмэр*, Мыкъуэжь А. и *поэмэ-элегиер*, Сонэ А. и *поэмэ-шыпсэр*, нэгъуэщIхэри.

Совет нэужь лъэхъэнэм и япэ илъэсхэр къэхъукъащIэ инхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ. Абы езым и лIыхъужьхэри, «лIыгъэ щIапIэхэри», а Iуэхугъуэхэм зэрыбгъэдыхьэ щIыкIэхэри къигъэщIыжащ. Къыхэгъэщын хуейщ иджырей поэмэм адыгэм и тхыдэ гуузыр IэщIыб зэримыщIари (Бемырзэ М., Къуэдзокъуэ Хь., Тут М., ГъукIэкъул Д.), къэхъукъащIэхэм пэджэжу зэрыщытри (АбытIэ В., МахуэлI Н., ГъущIо З.). БлэкIам и дерсхэр къалъытэурэ нобэрей махуэм къигъэув упщIэ гугъухэм я жэуапхэм мэлъыхъуэ ди усакIуэхэр. Ауэ, занщIэу къыжыIэн хуейщ, ди лъэхъэнэми езым и лъэужь къигъанэурэ зэрыкIуэр къэгъэлъэгъуэныр зэкIэ адыгэ поэмэм къызэремыхъулIэр. Аращи, Кавказ зауэм е Хэку зауэшхуэм щыщ теплъэгъуэхэр мыхъуу, 1992–1993 гъэхэм екIуэкIа куржы-абхъаз зауэм, 1990 гъэхэм я кIэухым Косовэм щыIа гузэвэгъуэм (АбытIэ В. «*МафIэ удж*») теухуахэр лъэпкъ литературэм къыщыхыхьэм деж, абыхэм гулъытэ лей хуэщIыпхъэу къыдолъытэ. Апхуэдэ зы щапхъэу къэпхь хъунущ МахуэлI Нарзан «*Поэмэ цIыкIу, зэгуэп и гъусэу*» (*1993*) зыфIища и тхыгъэр.

УсакIуэм иджырей тхыдэм хилъэгъуэну хэтщ ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхум къыдекIуэкI хабзэхэр. Поэмэм щыщу и япэ пычыгъуиблыр усыгъэм и лъэщагъым, жылагъуэ зэхэтыкIэ зэхэтхъуам, дунейм щытепщэ хабзэ мыгурыIуэгъуафIэхэм теухуащ. Пэублэм къыщрегъажьэри, «усыгъэ къабзэм» и къарум топсэлъыхь:

Ар джатэщ, ем щыпэувам.
МэIухущ, псэм лейр къыщылъысам.
Ар, зыIэщIэлъым елъытауэ,
Мэхъу мелыIыч е… блащхъуэу мауэ.

АдэкIэ гъащIэм ныкъусаныгъэ Iэджэ зэрыхэлъым, зэныкъуэкъу мыухыжым къарури дахагъэри зэригъэкIуэщIым;

цIыхур и блэкIар игъеижурэ е «къэкIуэну нэхум» щыгугъыурэ зыхэпсэукI зэманыр Iэпэдэгъэлэл зэрищIым («Ауэ ди нобэм демыплъакIуэ / КъыпфIощIыр зыри хуэмеиж») усакIуэр топсэлъыхь. Кърибжэкl мыхъумыщIагъэ псоми ящхьэ мэхъу фIыцIэри хужьри зэхэзэрыхьауэ гъащIэм зэрызэдихьыр: бегъымбар къэзыгъэщI цIыху цIыкIум лIыукIи къызэригъэщIыр ибзыщIыркъым.

Хэзыгъэгъуазэ папщIэу поэмэм хуищIам усакIуэм щыгъуазэ дыщыхуещI езым и псалъэ игъэIуну мурад зэриIэр. Мыбдежым а псалъэр щIалэгъуэм лъегъэс, ауэ ныбжьыщIэр щыуэгъуафIэу зэрабжым езым хуиIэ еплъыкIэри дыщIегъуж:

Ауэ щIалэгъуэр фи фIэщ фщIы!
Абы и псэшхуэм хэлъкъым пцIы,
И нитIым, уеблэм, къыпхуаIуатэр
Игу илъу хъуар, игъэшу батэр.

И гупсысэхэр наIуэ зыщIыну лIыхъужьри апхуэдэ Iуэху еплъыкIэм хуэфэщэжу къыхех – ар гъащIэм кууэ пхырыплъ щIалэщ: «ШекспиркIэ, ДантекIэ мэбауэ. / Зэм Руставели зритынщ, / Тариэль хахуи пщIэ хуищIауэ». Поэмэм и лIыхъужьыр усакIуэр щыпсэу зэманым и цIыхуу щыт къудейкъым, ар езым и ныбжьу къыхех.

Iэзид (поэмэм хэт лIыхъужьым) усакIуэм дызэрыIуигъащIэр тхыгъэ зыIэпызышахэм еджэурэ Iурихауэщ. АдэкIэ къыкIэлъыкIуэ теплъэгъуэхэр щекIуэкIыр пщIыхьырщ. Жей IэфIым здыхэтым Iэзид деж Кант къокIуэ, щIалэр гъусэ ещIри жыхьэнмэмкIэ яунэтI: «Дэ дыкъэсащ гъуэгу зэхэкIыпIэм, / Дытетщ жэнэтым лъагъуэ кIуэм, / Ауэ дыкIуэнщ жыхьэнмэм».

Хьэлэмэтыращи, жыхьэнмэм нэсын папщIэ, тIури уафэлъащIэмкIэ мэлъатэ. Мыхьэнэ щхьэхуэ иIэщ а теплъэгъуэм «лирическэ IукIуэтыныгъэр» усакIуэм къызэрыхигъэувэми. Поэмэм и щIэдзапIэм авторым къыщиIуатэ гупсысэхэм а Iэмалымкlэ къыпищэуи жыпIэ хъунущ, ауэ иджы абыхэм я зыужьыкIэм тегъэщIапIэ хуэхъур зэпэщIэувэныгъэхэрщ: «ЩIэх-щIэхыу ищIми делэщ, / ЦIыху лъэпкъыр Iущщ – ар фщIы фи фIэщ»; «Ухуеймэ тыншу упсэуну / Гугъу зебгъэхьыфу щытын хуейщ. / Ухуеймэ делэу зыбгъэIуну, / Зы губзыгъагъэ жыпIэн хуейщ». ЗэпэщIэувэныгъэхэр Кант къигъэнаIуэу щIедзэ, жыхьэнмэм къыщыхута «лIыхъужьхэр» и щапхъэу. Мыбдежым къыщыдощIэ псоми ядэплъагъу щэн гуэрхэр лъэхъэнэхэм кIуэцIрыкIыурэ лъэпкъ щхьэхуэхэм щыщ цIыхухэм я сэфэтым зэрихьэфыр: Отеллэ, Гамлет, парт лэжьакIуэ, лIыукI, профессор, прокурор, «атеист жьакIуэ», «поп, ищIыфу жор». Абы къыдэкIуэу, жыхьэнмэ теплъэгъуэр щIегъэбыдэж политик цIэрыIуэм и цIэмкIэ:

Абдеж лэгъупым лIышхуэ итыр
Къоувэхыр… ауэ лIот къэхъуар?
«Iэгъу, Шеварднадзи мы спэщытыр! –
Арат Iэзид жиIэжыфар.

МахуэлI Н. и IэдакъэщIэкIыр дунейм къыщытехьар куржы-абхъаз зауэр зэриухрэ илъэс зыбжанэ дэкIауэщ. Абы гурыIуэгъуэ тщещI апхуэдэ образ къэгъэщIыкIэр къызыхэкIа щхьэусыгъуэр. «Псэууэ лIа» («смерть при жизни») жыхуаIэм литературэр фIыуэ щыгъуазэщ, ауэ абы пыщIа псори, нэгъуэщIу жыпIэмэ, жыхьэнмэр здэщыIэр щIылъэрщ, ар нэхъ наIуэу зыхэтлъагъуэри зауэрщ. Мыбдежым гупсысэ къэIуэтэкIэми зехъуэж: философие щIагъыбзэр лъэныкъуэкIэ егъэза мэхъури, политикэм бжьыпэр еубыд. Ауэ залымыгъэ зезыхьам тралъхьэ тезырыр нэхъ «здизагъэр» пщIыхьым и хабзэхэмкIэщ… лейзехьэр Кант къеубыдри мафIэм пэредзэ.

Мы тхыгъэм къызэрыхэдгъэщащи, поэмэм и пэщIэдзэм дызыщрихьэлIэ лIыхъужьыр ныбжьыкIэ иджыри щIалэщ, абы къыхэкIыу ныбжьыщIэхэм къалъыкъуэкI хабзэ щхьэ пщтырагъым щхьэкIэ мащIэу Iичрам къехьыж: «ЖысIамэ лей, къысхуэвгъэгъунщ. / Сыт пщIэн, щIалэгъуэр псынщIэщ, мафIэщ». Ауэ IупщI дыдэу щымытми, лирическэ лIыхъужьым и макъри, «Кант жьакIагъуэм» и макъри (дуней еплъыкIэри) зы мэхъуж. Къапщтэмэ, Кант поэмэм къыщыхыхьа япэ сатыр-хэм къыщыщIэдзауэ къипсэлъу хъуар лирическэ лIыхъужьым и гупсысэхэм пыщIауэ макIуэ. Арагъэнщ поэмэр Кант и псалъэхэмкIэ щIиухыжри. Мыбдежым лирическэ лIыхъужьым и псалъэ дыщIигъужамэ, ар, шэч хэмылъу, лей хъунут.

Поэмэр адрейхэм къахэзыгъэщхьэхукIхэм ящыщ зым иджыри и гугъу щIыпхъэу къыдолъытэ. Ар тхыгъэм и ухуэкIэрщ: апхуэдизу къызэрыгуэмыкI теплъэгъуэхэр усакIуэм къупхъэ зэвым иригъэзэгъэну зэрыхузэфIэкIарщ. Поэмэр Iыхьэ плIыщIрэ хыуэ зэхэтщ, я бжыгъэр тедзэжауэ; сатыр пщыкIубгъу строфакIэ тхащ, щэщIрэ ебланэм нэмыщI. Строфахэм мыпхуэдэ гъэпсыкIэ ягъуэт: япэ ит сатыриплIыр зэблэдза рифмэкIэ зэпхащ, еплIанэм етхуанэр зэгуэгъу рифмэкIэ къыпыщIэжащи, абы къыхэкIыу етIуанэм, еплIанэм щIэжьыуэу къокIуэ, и кIэм ит сатыриплIыр зэгуэгъу рифмэщ. Япэ сатыриплIым «цIыхухъу», «цIыхубз» рифмэхэр щызэдзылIащ, еплIанэмрэ етхуанэмрэ, ебланэмрэ ебгъуанэмрэ «цIыхубз» рифмэкIэ зэпыщIащ, еханэ, еянэ зэгуэгъуитIым «цIыхухъу» рифмэр къыщокIуэ. Апхуэдэ ухуэкIэм зэзэмызэщ зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр щигъуэтыр. Ауэ, гъэхуауэ щыт ухуэкIэм и ткIиягъыр хэпщIыкIыу нэхъ щабэ ящI куэду къыхыхьэ ассонансхэм. ЕхьэкIыныгъэхэм, диалогхэм усэбзэр хуиту зызыукъуэдий псалъэмакъым ещхь ящI.

МахуэлІым Іэзэу къигъэсэбэпа мы Іэмалым – хуиту зызыукъуэдий псалъэмакъым – ебгъэщхь хъунущ ГъущІо Зариф «*ГъащІэм и къежьапІэр лъагъуныгъэрщ…*» (1997) и поэмэри. Мыри зыпэджэжыр куржы-абхъаз зауэращ, ауэ къэхъукъащІэхэр мыбы къызэрыщыгъэлъэгъуар цІыху гъащІэм пхырыкІыурэщ.

МахуэлІ Н. хуэдэу, ГъущІоми усакІуэм и гупсысэхэр къигъэнэІуэну дзыхь зыхуищІыр зи дуней еплъыкІэр зэтеувэу хуежьа щІалэщ. Апхуэдэ зэщхьыныгъэри зэрымыщІэкІэ къэхъуауэ щыткъым: усакІуитІми зи гугъу ящІ къэхъукъащІэ мэхъаджэм псом япэу пэщІэувар, ар ямыдэу къэувар адыгэ щІалэгъуалэрщ.

Философ цІэрыІуэм и жыІэу, нобэрей махуэр лъэхъэнэу щыІам яхэлъа мыхъумыщІагъэ псоми ящхьэжу зэрыщытыр МахуэлІым къыдгурегъаІуэ («ЛІэщІыгъуэ кІуахэм Е хасар / Ди нобэу сфІощІ къыщикІыкІар»). ГъущІом ар ижь-ижьыж лъандэрэ цІыхум къыдекІуэкІ хабзэхэм я зы Іыхьэу къещтэ, щхьэзакъуэм и гъащІэр абы и щапхъэуи къехь.

Куэд къыпхуиІуатэу жыпІэ хъунущ поэмэм хэт лІыхъужь нэхъыщхьэм и цІэ-унэцІэми – ЗекІуэлІхэ я къуэ Къан. Тхыгъэм и щІэдзапІэм абы нэхъ игъэпэжу къыпщыхъур и цІэращ, и кІэм щынэсым, и унэцІэм хуэфащэ хьэл-щэныр къещтэ. Адыгэбзэм «къан» псалъэм мыхьэнищ иІэу къыщокІуэ («адыгэ хабзэм ипкъ иткІэ пщы, уэркъ сыт хуэдэхэм къахэкІауэ гъэсакІуэм (атэлыкъым) деж къыщыхъу сабий (нэхъыбэу щІалэ цІыкІущ)»; «пщІэшхуэ зыхуащІ, фІыуэ ялъагъу»; «яукІам и лъым пэкІуэу ят цІыху». Словарь кабардино-черкесского языка. М.: «Дигора», 1999. – 860 с.). Мис а мыхьэнэхэм я жьауэм щІэхъукІа теплъэу къыпщохъу ГъущІом дигъэцІыху щІалэри:

ЗекІуэлІхэ я къуэ Къан дэ псоми дэщхьт.
ЗыгуэркІэ ари цІыхухэм къытщхьэщыкІти,
И гъащІэр мыхьыр ихьу ирихьэкІт,
И напэм тІэкІу куэдыІуэрэ фІэлІыкІти…

Ауэ поэмэм и сюжетым зиужьыху ІупщІ хъууэ хуожьэ «Къан» цІэр иджырей дунейм хэмызагъэ гуэрым и дамыгъэу зэрыщытыр. Зи гур къабзэ щІалэм фІыуэ илъэгъуа пщащэр къыхуэмыпэжу къыщІокІ, щхьэгъусэу къишари абы куэдкІэ къыщхьэщыкІыркъым. Къан пщІантІэм и щхьэр дехри зауэм макІуэ. Куэд къыпхуеІуатэ хьэл-щэн зэтеубыда зиІэ Къанрэ зауэм и хабзэ ткІийхэмрэ и япэ зэжьэхэуэгъуэм. Мыбдежым Къан щызыхищ1а шынагъэмрэ и цІэм къиІуатэ мыхьэнэмрэ я зэхущытыкІэ гугъур наІуэ къыщохъу. АдэкІэ гъащІэм щІалэр пхъашагъэми, залымыгъэми хуегъасэ («ЦІыху Іей ЗекІуэлІыр зауэм хэхъухьат, / ЛъыщІэж Іуэхушхуэр гущІэм щызэрихьэу»).

Къан зауэлI хахуэ мэхъу, ауэ апхуэдэ «хъуныгъэм» Iуэху мыщхьэпэ Iэджэ къыкIэлъокIуэ.

Къан и гъащIэм мыхьэнэ хэха щызыубыд теплъэгъуэхэм я гугъу пщIымэ, ахэр лъэхъэнэм ейщ икIи къэцIыхужыгъуафIэщ. Ауэ а лъэхъэнэм и образхэм щхьэкIэ ахуэдэу пхужымыIынри Iуэхум хэлъщ. Абы и щхьэусыгъуэри мыращ: усакIуэм гиперболэм хуабжьу зыдрегъэхьэх, образу хъуар фIагъ-IеягъкIэ ткIийуэ зэхегъэщхьэхукI, зэмыщхьыныгъэ яIэхэри егъэлеяуэ къегъэнаIуэ. Абы ипкъ иткIэ гъащIэ къэхъукъащIэхэмрэ ахэр къэзыгъэлъагъуэ теплъэхэмрэ зэлъэщIэмыхьэу къонэ. Псалъэм папщIэ, лIыхъужьым и псэр зэгуэрзэ зытхьэкъуауэ щыта Залинэ, насып щимыгъуэтым, Къан и щхьэгъусэ Аринэ и лъэужьым тоувэ – щIасэлIхэр къегъуэт. Зэрытлъагъущи, нэгъуэщI «Iэмал» нэчыхь къутам усакIуэм къыхуигъуэтыркъым. Аринэ и щIасэлIыр – милиционер щIалэр – персонаж гурымыхь жыхуаIэм хуэдэщ, гу зылъытапхъэщи, мыхъумыщIагъэу бгъэдэлъым и щIыIужкIэ, наркомануи къыщIокI. Къан ныбжьэгъу къыхуэхъуа Мераб щхьэгъусэкIэ игъуэта насыпымрэ Къан и насып къутамрэ зэрегъапщэ усакIуэм. Ар и щыхьэтщ гъащIэм телъ «тепхъуэ хъарпщIэрхэр» тридзыну усакIуэр зэрыхущIэкъум. Ар зригъэхъулIэн щхьэкIэ, лирическэ къыпыкIуэтыныгъэ художественнэ Iэмалым къалэн пыухыкIа и пщэ делъхьэ.

Зэманыр, гум щыхъэ щэхухэр, цIыхубэм хигъэщхьэхукIауэ къыдекIуэкI лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэр апхуэдэ теплъэгъуэхэм кууэ зэхыуагъащIэ. Мыхьэнэ зиIэращи, гъащIэм и пэжыр а къыпыкIуэтыныгъэхэм ГъущIом къызэрыщигъэлъагъуэр зэпIэзэрытущ, хэгупсысыхьауэщ, псалъэ тафэтелэхэм задримыгъэхьэхыурэщ. МахуэлI Н. и дуней еплъыкIэр уигу къигъэкIыжу, ГъущIоми жыхьэнмэр «къыздыщигъэщIыр» щIылъэращ:

ВжесIэнщи си зы щэху, сэ куэдрэ сфIощI
Ди гъащIэр жыхьэнмэм и къыщIэдзапIэу;
СфIощI гъащIэр уэгум и пхъэнкIий идзыпIэу,
Псэ нэхъ жьгъей фIейр дунеймкIэ кърахух.

Патетикэм зыкIи зримыту, Кавказым нэхъ щагъэлъапIэ цIыхухъу хьэлым – лIыхъужьыгъэм – усакIуэр топсэлъыхь, абы пыщIа Iуэхугъуэ мыгурыIуэгъуафIэхэри IупщI къищIу:

МэгуфIэ лъэпкъыр щIалэ къахэхъуамэ,
ЗауэлIхэм хэхъуэ хуэдэ я IутIыжщ.
Зауэншэу щIы хъурейм зы щIэблэ закъуэ
КъыщIыщIэмыхъуэм гугъу сэ срегъэхь.
ЩIы кIапэщ, мылъкущ цIыху цIыкIур щIызэзауэр,

ПфIэщIынщ а псор хьэдрыхэ здырагъэхь.
ИтIани, хэкIуэдахэр щагъеижкIэ,
ЛIыхъужьу псэ зытар зыхагъэкIыжкIэ
Мыхьэнэ гуэр иIэжу я гугъэжщ, –
ЯукIар лIыхъужьмэ, – псэухэр мэзэгъэж…

Апхуэдэ гъащIэ еплъыкIэр гукъинэж мэхъу, цIыхур зытет дунейр гугъуу зэрызэхэлъым, абы и ткIиягъым урегъэгупсыс. Ауэ гупсысэ иукъуэдийхэм сыт хуэдэ Iэмал усакIуэм яримыхьэлIэми (философие зыщIэлъ къыпыкIуэтыныгъэхэрауэ е образхэм я гъэпсыкIэрауэ тщIынщи), хэкIыпIэ гуэрхэр къигъуэтыну ар яужь ихьэркъым. ГъущIом и поэмэмкIэ гъащIэм и «пэж» шынагъуэхэр IупщI къытщищIыну хэт къудейуэ аращ. ГъэщIэгъуэныращи, тхыдэр нэхъыщхьэу къэзыгъэув щIэблэм я IэдакъэщIэкIхэми, нэхъыжьхэм яйхэми апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм бжьыпэр лъэпкъ усыгъэм щиубыдауэ жыпIэ хъунущ.

Трагизмэр ПщыукI Латмир и художественнэ дунейми хуэхамэкъым, ауэ «Си гум телъ IэпапIэ» (1997) поэмэм абы щигъуэт зыужьыкIэр щIэщыгъуэщ, гъэщIэгъуэнщи къыхэгъэщын хуейуэ къыдолъытэ. Тхыгъэр зытеухуар иджырей зэманыращ. Зи гугъу тщIа усакIуитIми хуэдэу, мыбдежми щIалэгъуэ ныбжьыр къыхэгъэщхьэхукIауэ щытщ. Абыхэм я тхыгъэхэм ещхьу, ПщыукIым и лIыхъужьри пэжым и лъыхъуакIуэ йожьэ. ЛIэщIыгъуэм и теплъэр нэхъ IупщI къыхуэзыщIыну къилъытэ Iэмалхэм усакIуэр мэлъыхъуэ. Апхуэдэхэм ящыщу абы къыхихыр сурэтхэр щагъэлъагъуэ унэм (галереем) и образырщ.

«Си гум телъ IэпапIэ» тхыгъэр зэуэ гурыIуэгъуафIэ хъухэм ящыщкъым. Ар къызыхэкIри усакIуэм и гупсысэмрэ и гурыщIэмрэ егъэлеяуэ щытыкIэ гугъу зэрызэхуаIэр арауэ къытщохъу. Поэмэм и къыщIэдзапIэр апхуэдэ щхьэхуэныгъэм и зы щапхъэу къоув: галереем щагъэлъагъуэ сурэтхэм лIыхъужьыр хэплъэн щIимыдзэ щIыкIэ, усакIуэм и гурыгъу-гурыщIэхэр япэ къощри щхьэж и занщIэу ахэр зэбгрыкIыу къыпщохъу:

Зы сурэт, зы IэпапIэ, зы дуней кIапэ
ХэкIият си лIэщIыгъуэр щысIэтым си напIэр.

ПщыукIым и «галереем» щызэхуэхьэса сурэтхэр зэмылIэужьыгъуэщ. Япэ дыдэу лIыхъужьыр зыIущIэр IуэрыIуатэкIэ къаIуэтэж пасэ лъэхъэнэрщ. Псыдзэ къиуари, зэбий лъэныкъуитIыр IупщIу щыпхузыхэмыгъэкI зауэри, тхыдэм ехьэлIауэ нэхъыжьым игъэIу псалъэхэри, щIыхьей шынагъуэри – псори пщIыхь гурыIуэгъуейм хуэдэу къыщокIуэ

тхыгъэм. А щIыкIэм тету поэмэм адэкIи зиужьыну къыпщохъу, ауэ а зэманыжьыр теплъэгъуэ щхьэхуэу къонэри, адэкIэ къыкIэлъыкIуэхэр (XX лIэщIыгъуэм ейхэр) реализмэм и хабзэхэм нэхъ пэгъунэгъуу ди нэгу къыщIегъэувэ. Пэжу жыпIэмэ, апхуэдэ «щхьэпрыпкIыныгъэ» Iэмалым усакIуэм къиIуэтэну хэт гупсысэ нэхъыщхьэр мыгурыIэгъуащэу къегъанэ, «сурэтхэм» я зэхуакум нэмыжыIыса гуэрхэр къыдэхутэ хуэдэуи къыпщегъэхъу.

Поэмэм нэхъ зыщызыужьыр езы усакIуэм и гурыщIэрщ, абы и гъусэу – тхыгъэм къыхигъэщхьэхукI щIыпIэм и теплъэрщ: «Къущхьэхъужьым хуэкIуэ гъуэгур / *Бгъуэгъэт*./ Къущхьэхъу жьэгум хуэплъэ нэгур / *Узырт*». Поэмэм и кIыхьагъкIэ щIыпIэм и теплъэм мычэму зыщехъуэж. Апхуэдэу, «галерее абрагъуэр» къалэм «къыдадзауэ» тхыгъэм и щIэдзапIэм щыдолъагъу. Ауэ галереер «*абрагъуэми*», лIыхъужьым «*и пащхьэм*» деж щозагъэ, псэ зыIумытхэм пэтлъытэми, ар «*мэджалэ, мэджалъэ*»:

Галерея абрагъуэр си пащхьэм щыджалэт,
Галерея абрагъуэр си пащхьэм щыджалъэт,
И Iэпкълъэпкъ упщIэтахуэм къежэхыу лъыкъуалэр
Къыдадзат галереяр нэхумыщым си къалэм.

«Адэжьхэм я зэIущIапIэр» – «псым щхьэщыт бжьэпэращ», абы ухуэзышэ гъуэгур лIыхъужьым и пщIантIэм, и куэбжэ «улъиям» деж къыщожьэри, къуршымкIэ кIуэцIрокI, адэкIэ – уэгум, дыгъэм хуиунэтIу. ЩIыпIэр нэхъ зэлъыIуха, нэхъ зэIубз хъуху, трагизмэм хэщIуурэ макIуэ. Мыбдежым гу зылъытапхъэращи, ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхум къыдэгъуэгурыкIуэ трагизмэр ПщыукIым лъэныкъуэкIэ ириIуэнтIэкIыну, тригъэкIуэтыну хэтщ:

Ныщхьэбэ думыгъэтхьэджэ,
Ныщхьэбэ къызэрыгуэкIыу
И гугъу дыгъэщI мо уафэм,
Уафэм щхьэщыт мо мафIэм.

Япэ «сурэтыр» къызэригъэлъагъуэ щIыкIэр зэуэ хъуэжа зэрыхъури, Iуэхугъуэ нэхъыщхьэм и хъуэжыкIэри, щIыпIэр нэхъ зэлъыIукIуэтурэ зэрыкIуэри, къэхъункIэ хъуну узыпигъаплъэ гузэвэгъуэ мыгурыIуэгъуэр «зэрыпыудри» – псори усакIуэр трагизмэм зэрыпэщIэувэ художественнэ Iэмалщ. Тхыдэм къытхуигъэна а «дуней» нэщхъейм и хьэл нэхъыщхьэм усакIуэхэр бгъэдэкIуэт хабзэкъым. Апхуэдэ щIэкъуныгъэр зыгуэркIэ нэхъ мыхъуми, къигъэнэIуэну иужь ихьар, дызытепсэлъыхь лъэхъэнэр къапщтэмэ, ПщыукI Латмир и тхыгъэ закъуэрщ. «Си гум телъ IэпапIэр» щIэщыгъуэ зыщIри аращ.

Тхыдэ къэхъугъэхэм зыщыхуагъазэм деж, усакIуэхэр нэхъыбэу зэлIалIэр блэкIа зэман жыжьэм гъащIэм и пэжыр къыщылъыхъуэнырщ. Къыхэгъэщыпхъэщ, апхуэдэхэм деж, языныкъуэ усакIуэхэм диалогым и зэфIэкIыр къызэрагъэсэбэпыр. А Iэмалыр дахэу къызэригъэIурыщIам и щапхъэу къэпхь хъунущ Къуэдзокъуэ Хьэсэн и «УIэгъэ мыкIыж» поэмэр. ТхакIуэ, журналист цIэрыIуэр илъэс куэдкIэ зэлэжьа поэмэр 1995 гъэм тхылъ щхьэхуэу дунейм къытехьащ.

Поэмэр упщIэрэ жэуапу зэхэлъщ. УпщIэхэр къызыбгъэдэкI лIыхъужьыр зи ныбжьыр «лIэщIыгъуэ плIанэ мыхъупа щIалэщ». Абы дежкIэ лъапIэ Iуэхугъуэхэр къыхэзыгъэщхьэхукIыр и псалъэхэм тегъэщIапIэ хуищI усэ пычыгъуэхэращ. Ауэ тхыдэм теухуа упщIэхэми, абыхэм пэкIуэ жэуапхэми щIэ гуэр къыхэувэу пхужыIэнукъым, мыбдежым гу нэхъ зылъозыгъатэр «УIэгъэ мыкIыжым» балладэм и щэнхэр зэрызэщIишэ щIыкIэращ. Япэрауэ, балладэр адрей жанрхэм къыхэзыгъэщхьэхукI плъыфэхэр Къудзокъуэ Хь. зытепсэлъыхь къэхъукъащIэхэми фащэ яхуэхъуауэ жыпIэ хъунущ:

КIэртIоф уэздыгъэр тенэцIыхьыпащи,
Бзиипэ фагъуэр бауэм докIэзыз.
Борэн уэсытхъур щIыбым щыетащи,
Бжэм къуоныкъуэкъу,
Мэшхыдэ,
Зэм мэгыз.
Iэзэв-лъэзэвщ пэш цIыкIури, щIалэ закъуэм
БлынитIым я кур лъэбакъуитI хуэмыхъу.

Япэ сатырхэм къыщегъэжьауэ поэмэм къыхохьэ балладэм куэдрэ къигъэсэбэп ухуэкIэр: жэщ кIыфIым къиухъуреихь, щIыIэ зыхуэлъэ псэупIэ Iэзэв-лъэзэв, щытыкIэ гукъыдэжыншэм къыкIэлъыкIуэ лIыхъужь гъуэзэджэ:

Абдеж жьакIэху тхьэмадэр, тхыдэр и фэу,
КъыхокIри жэщым щIалэм къыхуопсых.
КъыщIыхьа лIыжьым нурыр къыщхьэщехри
Унэ Iэслъэсыр занщIэу къохъур нэху.

ЩIалэм и псэлъэгъур «нэгъуэщI дунейм къикIа лIыкIуэ» жыхуаIэм хуэдэщ: ар ныбжьыщIэм и псэм телъ хьэзабыр щхьэщихыну къыхуокIуэ, къыщхьэщих нурымкIэ псэупIэр къегъэнэху, тэлайкIэ кIыфIыгъэм хопшахъуэри, телъыджэу и макъыр къыщIенэ.

ЩIалэр, зэрыжытIащи, зи псэр захуагъэм хуэпабгъэ цIыхущ. НэхукIэ зэджэ лIыхъужьыр зэхэгъэж зымыщI, пэжыр къэзытIэщI къарущ. Къапщтэмэ, мыбдеж лъэпкъым

къыдекIуэкI мыгъуагъэхэу Нэху къыщрибжэкIхэр тхыдэм теухуа дэтхэнэ поэмэми къыщыпхуэгъуэтынущ. Ауэ Къуэдзокъуэм и Iэдакъэщ!экIыр абыхэм къащхьэщызыгъэкIыр а мыгъуагъэхэр нэгъуэщI дунейм къикIам къызэриIуатэрщ. Зыбжанэ щапхъэу къэтхьынщ: «Зыр бгым щыхуам адрейм и махуэт… / Зэманым арикI и гуэныхь?»; «Зэшхэм щхьэхуэу загуэшамэ, / Лъэпкъым мыгъуэр и дунейщ»; «Абы ищIыIукIи ди лъэпкъ хьэл мыгъуэу / Фыгъуэн-ижэнри Iуэхум хыхьат»; «…фи лъэпкъ хахуэр / Гъуэгу пхэнж тезышэ фи куэдащ», нэгъуэщIхэри.

Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэр и тегъэщIапIэу адыгэ тхыдэр зэпэщIэтыныгъэ мыухыжкIэ, зэгурымыIуэныгъэкIэ, фыгъуэижыгъэкIэ, пагагъкIэ гъэнщIауэ усакIуэм ди нэгу къыщIегъэувэ. Гу зылъыуагъатэ Къуэдзокъуэм мыбдеж къыщигъэсэбэп зэтемыхуэныгъэми – лIыжьым и цIэ «нэхумрэ» абы къигъэнаIуэ Iуэхугъуэ мыхъумыщIэхэмрэ. Ауэ «нур къызыщхьэщих» лIыжьым и образми, и цIэм и мыхьэнэми усакIуэм къиIуатэ гупсысэхэм я пэжагъыр щIагъэбыдэ къудейщ. Ар апхуэдэу щIэхъум и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэщ – жьыгъэм и теплъэр, гъащIэ кIыхь къэзыгъэщIам и псалъэхэр лъэпкъым егъэлеяуэ пщIэ зыхуищIхэм ящыщ зыщ. Адыгэ литературэми апхуэдэ Iуэху еплъыкIэр, гупсысэкIэр, дауи, зэщIишащ икIи абы зригъэужь зэпытурэ йокIуэкI. Нэху зи гугъу къытхуищI мыхъумыщIагъэ къомым, езы цIыхум и «IэрыкIхэр» мыпхуэдэу къытхуеIуатэ:

– Сэ си щэхур цIыхурщ щэху зыщIыжыр,
Сэ сывигъэпщкIупIэу аркъудейщ.
ФIыми, Iейми фэ влэжьар сотхыжыр,
Ар фэращ – сэракъым псори зейр.

«Тхыдэ жьакIэхум», блэкIам дыхигъаплъэурэ, иджырей зэманым щыпсэухэр зригъэплъыжу аращ. Ауэ, а лIыхъужьым тхыдэм и макъыр игъэIуми, зэрыщыжытIащи, ар нэгъуэщI дунейм къикIа лIыкIуэщ, кIыфIыгъэм къыхэувыкIа нэкъыфIэщIщ.

Захуагъэр зэфIэгъэувэжыным ехьэлIа гупсысэхэмкIэ гъэнщIащ Бемырзэ Мухьэдин «Ди лъэпкъ пщы-уэркъхэм я фэеплъу» (2000–2001) и поэмэр. УсакIуэм и хъэтIыр къэцIыхугъуафIэщ – ар нехьэкI-къехьэкI зыхэмылъ гупсысэхэр и тхыгъэм зэрыщытепщэрщ, – и бзэм щIэрэщIагъэ лей зэрыхимылъхьэрщ. Бемырзэ М. и лIыхъужьыр цIыху къызэрыгуэкIхэм къахигъэщхьэхукIыркъым, поэзием и гъуазэ лъагапIэхэми задригъэхьэхьыщэркъым. И усэхэм нэхъыбэу къыхэIукIыр гъащIэр фIыуэ къызыгурыIуэ псэлъэгъум и макъырщ. Зи гугъу тщIы поэмэри апхуэдэщ. КъиIэта Iуэхум

нэхъапэIуэкIэ фIыуэ зэрызыщымыгъуэзам щхьэкIэ, лирическэ лIыхъужьым и щхьэм мыгъуагъэ хуещIыж. Пщыхэмрэ уэркъхэмрэ ялъимыгъэса гулъытэр абы зэрызыхищIэр езым и щхьэкIэ къылъыса гууэ гуэрущ:

Пщы-уэркъхэ, флъэкIмэ, кхъыIэ, къыскхуэвгъэгъу
Иджыри къэс фи гугъу зэрызмыщIар.

Образ нэхъыщхьэм тхыгъэм зэрызыщиузэщIыр зэхэбгъэкIыну ухуежьэмэ, «идеализацэкIэ» зэджэ гупсысэмрэ пхэнжагъыр зымыдэ Iуэху еплъыкIэмрэ я зэпэщIэтыныгъэм ар къыхэхъукIыу плъагъунущ. Пщыхэмрэ уэркъхэмрэ псом япэу поэмэм къызэрыхэгъэщхьэхукIар хахуагъэ зэрахьэущ:

Ди лъэпкъ пщы-уэркъхэу, зи фэеплъхэр нэху,
Фи щапхъэрщ къыщIыхьэжыр сэ си нэгу.
Фэ лъэпкъым фыдинапэт, фыдищIыхьт,
ИкIи сыт хуэдэ бий къытлъыреIэс,
Фэрт япэу Лъахэм хуэхъур щхьэузыхь,
Биишэм зыхуэзыщIыр шапэIудз.

УсакIуэми и гур етауэ уэркъ хабзэм, фащэм, къафэм, хахуагъэм, бзылъхугъэ нэмысыфIэхэм я гугъу поэмэм щещI. Ахэр IуэрыIуатэм, нэгъуэщI лъэпкъхэм я лIыкIуэхэм, тхыдэ дэфтэрхэм къаIуэтэжхэмкIэ щIэгъэбыдэжащ. Ауэ псом я щхьэжу къэувыр езы усакIуэм и къыщыхъукIэрщ. Тхыдэ гъуэгуанэм ириплъэжурэ Бемырзэм дигу къегъэкIыж нобэ гулъытэ лей зыхуэфащэ Iуэхугъуэр – адыгэр зэрыпагэ икIи зэрыгушхуэ и щэнхабзэм и лъабжьэу уэркъ хабзэр зэрыщытыр.

Апхуэдэу Бемырзэ М. ди нэгу къыщIигъэувэ теплъэгъуэ дахэхэм ябгъурыту тхыгъэм кIуэцIрокI мыхъумыщIагъэхэри. ЛIакъуэлIэшхэм я ижэгъухэр пщылIыпсэхэрауэ къегъэлъагъуэ усакIуэм: «ПщылIыпсэр ену пщылIщ, ухуейм зылIэж, – / Пщы ящIми – зэрыпщылIурэ мэлIэж». Апхуэдэ «гурыгъаIуэныгъэм» иужькIэщ къэрэхьэлъкъым и гугъу щIын щыщIидзэр. Мыбдежым къыщыхэгъэщын хуейщ пщылIхэм ядилъагъу фIагъхэр усакIуэм къызэриуатэр социализмэм и идеологием епхауэ зэрыщытыр. Абы тепщIыхьмэ, уардагъэри, бэшэчагъэри, цIыхугъэри пщылIхэм я щхьэхуэныгъэу къыщIедзыж. ИтIанэ мыпхуэдэ зэтемыхуэныгъэр езы авторым сэтей къищIу гу щылъыботэ поэмэм:

Къэрэхьэлъкъ уардэу апхуэдиз зи лIыгъэм
Пщы-уэркъ армухэм щIыхуашэчыр сытыт
ЛIэщIыгъуэ куэдкIэ зэрыта пщылIыгъэр?

ЦIыхубэм къылъыс гузэвэгъуэ нэхъ хьэлъэр зэлъэпкъэгъуэр зэрыукIыжынырщ. Аращ поэмэм гупсысэ нэхъыщхьэу пхырыкIыр. Тхыгъэм зиубгъуху, Бемырзэм къитIэщIыж пэжыр нэхъ ткIий хъууэрэ макIуэ, лъэныкъуэ куэдкIэ блэкIам ухигъэплъэжу. УсакIуэм и гупсысэхэм зэрызахъуэжми гу лъытапхъэщ. Ар ехьэлIащ пщылIхэм къахэкI цIыху хахуэхэр пщы-уэркъхэм палъытэу зэрыщытам щытетхыхь теплъэгъуэхэм («ФIащыжырт ахэм уэркъ е лъхукъуэщо»). Апхуэдэ дыдэу лIакъуэлIэшхэм я теплъэ хэIэтыкIар нэхъ лъахъшэ мэхъу, абыхэм къыхэкIа цIыху залымхэм я гугъу щищIыжкIэ. КIуэ пэтми усакIуэм и макъыр нэхъ пхъашэу къоIу, поэмэм къиIуатэ гупсысэхэм нэщхъеягъэр къахыхьэурэ заубгъу. Абы къыдэкIуэу усэбзэр щIэрэщIагъымрэ щIагъыбзэмрэ бгъэдокIуэт икIи хьэл мыхъумыщIэхэр къэзыгъэлъагъуэ сурэтым хуокIуэж:

Адэжь щIэину тхэлъщ дэ зы хьэл мыгъуэ –
Дэ ди лъэпкъэгъу дгъэпашэу демыса,
Тищымыщ лъэпкъ хамэм къыхэкIахэр мыхъумэ.

Бемырзэм и тхыгъэ куэдым щызэпэщIегъэувэ нобэмрэ дыгъуасэмрэ. Псалъэмакъым и щхьэусыгъуэр блэкIам щыпсэуа цIыхум и хьэтыркIэщ жыпIэкIи, ущыуэнукъым («Си япэкIэ мы псыхъуэм дэса цIыху / Сэ уи цIи узыщыщи сымыцIыху…»). УсакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм зэман блэкIам сытым дежи пщIэ лей къызэрыщылъысыр, иджырей псэукIэр, цIыху зэхэтыкIэр абы зэрылъэщIэмыхьэр наIуэ щохъу. ЗэрыжытIащи, усакIуэм зызыхуигъазэр и пэкIэ дунейм тета цIыхуращ, ауэ ар зыгъэпIейтейр блэкIам и закъуэкъым – ухыгъэми йогупсыс. Ухыгъэм плъыфэ куэд зэриIэм дригъэгупсысыну иужь йохьэ ар, Къэзанокъуэ Жэбагъы и псалъэхэмкIэ щыхьэт иритехъуэжу: «*ЩIы щIагъым лIаи псэуи щIэлъщ*».

УсакIуэм къызэрилъытэмкIэ, ди зэманым лъэпкъым и пщIэр нэхъ ехуэхыурэ макIуэ. Апхуэдэу щытми, блэкIам хэлъа фIагъыр къызэригъэлъагъуэри нобэрей махуэм иригъапщэурэщ: «Фэр щыгъуэ гъащIэр, дауи, нэхъ хьэлъащ, / АрщхьэкIэ цIыхуми нэхъ икърар хэлъащ». Нобэрей псэукIэр нэхъ мамырми, лъэпкъыр зыгъэбжьыфIэ нэщэнэхэр зыхэгъэкIыгъуей мэхъу:

Фэ, нобэ къалъхуа щIэблэхэм нэхъей,
Фи щэнкIи фи IэпкълъэпкъкIи фымыжьгъейт.

ФимыIэ мылъкум щхьэкIэ нэм фимыкIт,
Фи куэдми, фыбэскъауэ фыщымыкIт.

Адыгэр иригушхуэу иIа псори, усакIуэм къызэрилъытэмкIэ, и блэкIам къызэрыщынар абы тэмэму къыгурыIуэжкъым.

Къапщтэмэ, ди блэкIамрэ абы хуэмыфащэж ди нобэмрэ я зэгъэпщэныгъэр иджырей усакIуэ куэдым къагъэсэбэп, лъэпкъым зэхилъхьа хьэл мыхъумыщIэхэр дагъэлъагъужурэ. Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэр икIэм-икIэжым зыхуэкIуэжыр философие куукIэ гъэнщIа кIэухырщ. «Ди лъэпкъ пщыуэркъхэм я фэеплъу» поэмэми апхуэдэ гъэпсыкIэщ иIэр. Тхыгъэм и кIэухым тенджызым хэлъэдэж псы цIыкIум и уахътыншагъэм усакIуэр щытопсэлъыхь. ГурыIэгъуэщ, апхуэдэ уахътыншагъэм и мыхьэнэм гъунэгъу хуэхъун папщIэ, лъэпкъым иджыри лъэкIыныгъэшхуэ къызэкъуихын зэрыхуейр. Ауэ гупсысэу хъуам ящхьэжу мыбдеж къыщыувыр аракъым, атIэ езы усакIуэм къалэн зыхуигъэувыжар зэригъэзэщIэфарщ. А къалэныр, зэрытлъагъущи, усыгъэм и гъунапкъэхэм къинэжхэм ящыщкъым:

Пщы-уэркъхэу щIыр тыншыпIэ зыхуэхъун,
Мыбдежым щызоухыр сэ си псалъэр,
Езгъэлеями тIэкIу – къыслхуэвгъэгъунщ,
Ахърэтми фи лъыр къыщысхуэмыкъуалъэу.
Абы хуэмыди фэ яхуэвгъэгъуащ
Дэ нобэ ди мыягъэ зыхуэтпшынхэм,
АрщхьэкIэ жызмыIам сэ сигу дэгъуар,
Мы щIылъэм зэикI ар щымытыншынут.

Поэмэм и кIыхьагъкIэ псалъэмакъыр зыхуигъазэр блэкIа лъэхъэнэхэм я цIыхухэрщ. УсакIуэр дунейм ехыжым куэд имыIыжу къыдэкIа и иужьрей усэ сборникыр а тхыгъэмкIэ зэхуищIыжат. Абы цIыхугъэ нэскIэ гъэнщIа поэмэ-кIэух псалъэр мыхьэнэ хэIэтыкIа гуэрым и дамыгъэу къытщегъэхъу.

Совет лъэхъэнэр тегъэщIапIэ ищIурэ иджырей псэукIэзэхэтыкIэр зыхуэдэр къытхуэзэIуех Бещтокъуэ Хьэбас и поэмэ «КхъуафэжьейкIэ хым зэпрысыкIхэр» (2004) зыфIищам. Ныбжьэгъугъэм, фIылъагъуныгъэм, ныбжьым елъытауэ цIыхум и дуней еплъыкIэм зэрызихъуэжым, гъуазджэм къылъыс гулъытэм, нэгъуэщIхэми зэхуаIэ зэпыщIэныгъэхэм къагъэщIащ мы тхыгъэр. Бещтокъуэ Хь. и поэмэм къыщыгъэлъэгъуэжа зэманыр гугъу удемыхьыщэу зыхыбогъэкIыф – ар XX лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэрщ. Апхуэдэу тхыгъэм пхрыкI гъащIэ гъуэгу зэхэкъутахэмкIэ, къэралым щэхуу иригъэкIуэкI Iуэхухэмкlэ къыхощ къэралыгъуэ псэукIэр къызэрежьэрэ къуэпс быдэ зыдза къэхъугъэхэр. Мыбдежым ахэр зэман хэгъэщхьэхукIам «и фащэкIэ зыкъахуэпауэ» аркъудейщ.

Къызэрыхэдгъэщащи, къэхъукъащIэхэр къыщыхъур зэман блэкIаращ. Нэхъ къыхэнэIукIхэм ящыщщ Нэрзиз и лъагъуныгъэм, Мажид и бынунагъуэм, Уэзырмэс гузэвэгъуэм

къызэрыхэкIам теухуа хъыбархэр. Ахэр нэм занщIэу къыIуидзэ Iуэхущ, ауэ абыхэм я щIыб къыдэтщ лIыхъужьхэм я гупсысэкIэм, я зэхэщIэкIэм къыщыхъу зыхъуэкIыныгъэхэри. Апхуэдэхэр нэхъ зыхэплъагъуэри псалъэмакъ екIуэкIхэм я кум къыдэхъуэ зэман пычыгъуэ кIэщIхэрщ. Ауэ псалъэмакъхэм къытхуаIуатэ гупсысэхэри щIэуэ пхужыIэнукъым: зи гур сыт щыгъуи зыгуэрым лъыхъуэ цIыхум и псэм къытехуэ удынхэр, тыншыгъуэр гъэнэхъыщхьэнымрэ гъуазджэм щхьэузыхь зыхуэщIынымрэ я зэпэщIэтыныгъэ мыухыжыр, щIалэгъуэ гукъыдэжыр хуэмурэ ныбжьым зэрыдэкIуэщIыр, апхуэдэм и дуней еплъыкIэр нэхъ «хьэлъэ» хъууэрэ зэрыкIуэр…

Мыбыи гу лъытапхъэщ: лIыхъужьхэм я шыфэлIыфэм ехьэлIа нэщэнэ гуэрхэр поэмэм къыхэщу щыткъым. Хэзыгъэгъуазэ Iыхьэм ахэр зи къару илъыгъуэ, гъуазджэм хуэмыхамэ гупу къыщытщIэу аращ. Теплъэр гъэнэIуэныр къапщтэмэ, Бещтокъуэр абы зэрыбгъэдыхьэр зэгъэзэхуэпауэщ. Апхуэдэу, поэмэм щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ къыщыхохьэ Наташэ и пейзаж сурэт дахэхэр (и щIалэгъуэм Нэрзиз илъэгъуауэ щытахэр), езы Нэрзиз итха «гуфIэгъуэ лъэпкъ зи нэгу щIэмылъыж» сурэтхэр (лIыхъужьым и ныбжьыр щыхэкIуатэ зэманыр). Абыхэм къадэкIуэу уаIуощIэ сурэтыщI щIалэм и лэжьыгъэхэмрэ график цIэрыIуэм ейхэмрэ усакIуэм щызэпилъыт теплъэгъуэхэр, дуней еплъыкIэ зэтемыхуэхэм я дамыгъэу. Ауэ, къызэрыхэдгъэщащи, апхуэдэ образхэм увыпIэшхуэ щаубыду щытхъым поэмэм. Нэхъыбэ зылъысыр зэпсэлъэныгъэхэм е зэдауэхэм къахэIукI гупсысэхэрщ. ЛIыхъужьхэм ящIыгъуу поэмэм и гъэпсыкIэми зехъуэж. Япэ Iыхьэхэр, нэгъуэщIу жыпIэмэ лIыхъужьхэм я щIалэгъуэр, нэхъыбэу къызэрыгъэлъэгъуар «усэ хужьыкIэ» дызэджэ тхэкIэм тетущ (зэзэмызэ рифмэр къыхохьэ Улэ, Уэзырмэс я репликэхэм деж, пщащэм ехьэлIауэ Нэрзиз и псалъэ «гумащIэхэр» егъэдахэ). ЛIыхъужьхэм я балигъ гъащIэм теухуа Iыхьэхэм бжьыпэр щызыубыду тлъагъур прозэу ухуа диалогхэрщ.

Ремаркэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, теплъэгъуэхэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэм пIалъэ гуэрхэр я зэхуаку дэтщ. Аращи, пычыгъуэ зэкIэлъыкIуэхэм зэманым и кIуэкIэм зыдащI. Абыхэм я зыхъуэжьыкIэр нэрылъагъуми, зэманыр езыр лъэхъэнэ пыухыкIа гуэрым и гъунапкъэм итыжщ. А лъэхъэнэм зришэлIауэ поэмэм къыщыгъэлъэгъуар зэлъэпкъэгъухэращ. Абы къыпкърокIыж адыгэм ди зэхэщIыкIри, хьэл-щэнри, езы адыгагъэри, нобэрей гъащIэм езэгъыу, гъуазджэм хуэлэжьэн зэрыхуейри. Абы ехьэлIауэ гъэщIэгъуэнщ Роман и гупсысэхэр: «ЦIыхум и нэгум диплъэурэ и лэжьыгъэр къызэрытщыхъури жетIэфу зедгъэсэнумэ, и чэзу хъуакъэ, адыгэ хабзэ фэрыщIым и Iупхъуэ хъыбийм ди щхьэр зэзэмызэ къыкъуэдгъэжурэ?!»

ИтIанэ, куэд къытхуэзыIуатэ а Iуэхугъуэхэм яхыубжэ хъунущ поэмэм и иужьрей пычыгъуэм къыщыхьа письмор урысыбзэкIэ зэрытхари. Урысыбзэм хэту мыбдеж «Нарцисс» цIэм и хьэлэмэтагъми наIуэ зыкъыщецI, письмом абы бгъэдишэ Страдивари и скрипкэри щIыгъужу. Гъуазджэм дихьэх цIыхум и образым ехьэлIауэ апхуэдэ зэгъунэгъугъэр, дауи, зэрымыщIэкIэ къэхъуауи, мыхьэнэншэуи пхужыIэнукъым. ЦIэм и къызэкъуэхыкIэри ар зезыхьэ лIыхъужьым и хьэлым пэджэж мэхъу. «Гъуазджэри дахагъэри пхузыкIэрымычщ, ауэ тIури цIыхум и щытыкIэм щызрагъэхъуэж къохъу, и къарур щIахыу, и кIуэдыпIэм хуашэу» (Пронин В.А. Теория литературных жанров. М.: Изд-во МГУП, 1999. – 196 с.). Нарциссыр, алыдж мифологием къызэригъэлъагъуэмкIэ, зи щхьэр хэзыгъэщIэрэщIыкI дахагъэм и дамыгъэщ. Ауэ мыри гурыIуэгъуэщ: апхуэдэ еплъыкIэм тету фIэщыгъэцIэри, абы и щIыб къыдэт къэхъугъэри – дахагъэ егъэлеяр – адыгэ щIалэм и теплъэ, и щытыкIэ дызэсам хэмызагъэ Iуэхуу къыщIедзыж.

Мы письмом иджыри зы хьэлэмэтагъ къыхэзыгъэщ псалъэ къыщыхохьэ: «… любопытно будет наблюдать за тем, как этот кабардино-черкес станет исполнять лезгинку возле моей юбки». «Кабардино-черкес» псалъэр икIи мытэмэму, икIи ауан мащIэ хэлъу щыт пэтми, нэгъуэщI лъэпкъхэм я къыщыхъукIэр тэмэму къигъэлъагъуэу жыпIэ хъунущ. Урыс хъыджэбзхэу Наташэрэ Надярэ я псалъэмакъми абы пэгъунэгъу нэгъуэщI зы щапхъи хэтщ: «Мыр Нэрзизщ. Кавказри ди институтри зыгъэбжьыфIэ шууейщ.

АдэкIэ:

Н а д я. Искусствэ яIэ? Пиросмани яIэ?
Сарьян хуэдэн я лъэпкъым къыхэкIа?
Н а т а ш э. *Шууейхэщ*, тхыдэм къызэриIуэтэжымкIэ,
«Шэрджэс» жезыгъэIахэр мыхэращ».

Къапщтэмэ, мы псалъэмакъым япэу уи нэгу къыщIигъэувэр, хэплъагъуэр адыгэ щэнхабзэм къигъэщIа образ нэхъыщхьэм, адыгэ щIалэм и теплъэм ещхь мэхъу. Абы пэжагъ гуэри зэрыхэлъыр наIуэщ, ауэ Нэрзиз и щытыкIэри и хьэл-щэнри абы пэжыжьэщ. ЛIыхъужьым и мыгъуагъэхэр къэзыгъэщIхэм а зэтемыхуэныгъэри хэтщ.

Адыгэ щэнхабзэмрэ иджырей гъащIэмрэ теухуа нэщэнэ гуэрхэр къыхыболъэгъукI поэмэм хэт цIыхубз образхэми. Апхуэдэу поэмэм хэтри куэд хъуркъым, абыхэм ящыщу тIум – Наташэрэ Надярэ – зы дуней еплъыкIэщ яIэр, адрей тIум – Улэрэ ФатIимэтрэ – я гупсысэкIэхэр IэджэкIэ зэтемыхуэу долъагъу. ФатIимэт зи гур бынунагъуэ насыпым хуэпабгъэ адыгэ цIыхубз къызэрыгуэкIщ. Улэ, гъащIэ гугъум Iущ

ищIащи, адыгэ хабзэм бзылъхугъэм ехьэлIауэ игъэдурысхэм емыкIуалIэ Iуэху еплъыкIэхэм хуэпэж цIыхущ. А образырщ поэмэм и фIэщыгъэцIэм усакIуэм щIилъхьа гупсысэхэр къэзыIуатэр: «Захуэбгъэгусащи хъунукъым, ФатIимэт, мы ди щIалэхэм. Хым кхъуафэжьейкIэ зэпрысыкIым щезгъапщэ щыIэщ ахэр сэ».

Улэ и дуней тетыкIэр ягъэзахуэ хуэдэу къыпщохъу Нэрзиз и ныбжьэгъу щIалэм жриIэхэм: «Уа, Роман, уи жагъуэ пщIыни мы Iуэхум хэлъкъым. ЩыIэжкъым а зэман дахэр – зауэм къимыкIыжа лIым адыгэ фызыр хуэпэжу псэуху пэплъэу щыщытар». Ауэ хэт и Iуэху еплъыкIэр мыбдеж щытекIуэнуми къэщIэгъуейщ, щхьэж и «пэжыр» езым къыхуонэж. ЛIыхъужьхэм я зэхущытыкIэри Iуэху щIэгъэбыда гуэрхэм теткъым. Тхыгъэм и курыкупсэм къыхэхутэ зэныбжьэгъу гупым я дэтхэнэри (Нэрзиз, Уэзырмэс е Мэжид къэтщтэнщи) иджырей гъащIэм пэщIоувэ, абы хуэмыарэзыуэ долъагъу. Мыхьэнэшхуэ иIэкъым абы зэрыхуэкIуа щIыкIэм – щхьэхуиту е щхьэхуимыту – тIум щыгъуэми лъэхъэнэм къигъэщIа цIыхубэ зэхэтыкIэм игъэдахэ Iуэхугъуэхэм ахэр къыпыщхьэхукIауэ икIэм-икIэжым къыщIедзыжхэр.

Лъэпкъым къикIуа тхыдэ гъуэгуанэм ириплъэжурэ цIыху щхьэзакъуэм и гъащIэр абы къызэрыхэщ щIыкIэр ди пащхьэ къралъхьэж ГъукIэкъул Даут и поэмэхэм. 2007 гъэм Къэрэшей-Шэрджэс тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ «Аслъэнбэч», «Кърымджэрий» поэмэхэр зэрыт «Тхыдэм и джэ макъ» тхылъ цIыкIур.

ТхыгъитIми я сюжетым лъабжьэ хуэхъуар адыгэ хъыбархэрщ. Зым и лIыхъужь нэхъыщхьэр Джэдыгущ Аслъэнбэчщ, адрейм – зэгуэрым Дохъушыкъуейм я къуажэпщу щыта Кърымджэрийщ. Поэмэхэм къыщыгъэлъэгъуэжа Iуэхугъуэхэр щекIуэкIыр XIX лIэщIыгъуэмрэ XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэмрэщ. А лъэхъэнэм къриубыдэу къэхъуа къэхъукъащIэхэм ящыщу ГъукIэкъулым нэхъ къыхигъэщыр Кавказ зауэрщ, ИстамбылакIуэрщ, урыс-япон зауэрщ. Лъэпкъымрэ абы и цIыхухэмрэ зыхэта гъэунэхуныгъэ гугъухэр лъабжьэ яхуэхъуащ ГъукIэкъулым и поэмэхэм. Ауэ «Аслъэнбэч» поэмэм лъэпкъ тхыдэр псом япэу гъащIэ теплъэгъуэхэм здызыщаукъуэдий къэхъугъэу къыщыщтамэ, «Кърымджэрий» тхыгъэм ар дуней тетыкIэм и пщIэр къызэралъытэ мардэу къыщоув.

Гугъуехь Iэджэм пэщIэувэн хуей мэхъу ДжэдыгущIэ Аслъэнбэч, япэ поэмэм хэт персонаж нэхъыщхьэр. Абы и хэкур ибгынэн хуейуэ къылъыкъуокI икIи «шу закъуэу Тыркум мэIэпхъуэж». Илъэс зыбжанэкIэ къэтауэ къыщигъэзэжам, и нысэ нэмысыншэмрэ абы и жыIэщIэ и къуэш нэхъыщIэмрэ ар бэлыхь хадзэ. «КъелыпIэу» къыхуэгъуэтыжыр зауэрщ.

Урысыдзэм къулыкъу щызыщIэ и къуэш нэхъыжь ФIыцIэ и фIыгъэкIэ Аслъэнбэч дзэм хохьэ, ауэ сэлэт мэжэлIахэм ялэжь Iуэхугъуэ Iейр имыдэу щапэщIэувэм Iуэхур лъыхъуэщкIэ еухыж. Тутнакъым ихуа иужькIи ар абы исхэм я деж пщIэшхуэ щиIэурэ йокIуэкI («Абдежым ар щытхьэ пэлъытэт / А «зонэм» хъуат я щхьэгъэрыт»). ЦIыхум и напэр, и щIыхьыр зэрихъумэжыф щапхъэ мэхъу лIыхъужьым и къекIуэкIыкIэр. Абы дэщIыгъуу иджыри зы гупсысэм поэмэм зыщеужь – ар цIыхум къылъыс насып Iыхьэр мыгуэшу зэрыщытырщ. Къапщтэмэ, а гупсысэращ Аслэнбэч и хъыбарым «хэзыгъэгъуазэ» хуэхъужри:

Пумылъхьэфыну зы цIыху гуапэт,
ЩимыIэр зыт абы дунейм,
Мы гъащIэр хышхуэу щыкъубейм –
Насыпщ абы дэ дызэреджэр,
КъэщIэф ар уэ зыдэлъ къуэладжэр!

«Акъылым къимытIасэщ» зыхужаIэм хуэдэщ лIыхъужьым и кIуэдыкIэ хъуар. Апхуэдиз гугъуехьым япсыхьа лIыр, мызэмытIэу ажалым и пащхьэм къихутар, щэхурыпхъуэу къаукI и къуэш нэхъыщIэ Къарэбэчымрэ абы и къуэмрэ. Хъыбарым и зыужьыкIэм, къэхъукъащIэхэр зэрызэкIэлъыхьа щIыкIэм тепщIыхьмэ, дауи, Аслъэнбэч-цIыху щэджащэр, апхуэдэу «IухыгъуафIэ» хъун хуеякъым. Нэхъри абы теухуа пычыгъуэр къызэIузых пейзажым мамыр щытыкIэт узыпигъаплъэр:

Май мазэт. Жыгхэр къэтIэпIауэ,
Дунейм лъхуэн-пIэныр къыщIидзауэ,
Удз зи цIэу къэкIыр къыхэпщат,
ЩIым гъащIэр бжьэцу къыщыпщIат.

Поэмэм хэт лIыхъужь нэхъыщхьэм и ухыкIэ хъур зэхыумыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Абы гупсысэ хьэлъэ куэд къегъэщI, Аслъэнбэч илъ и шы нэхъыщIэ Къамбот зэрищIэжами мыхьэнэшхуэ хыумылъэгъуэжу. ГъащIэ гугъуми, тхыдэ гущIэгъуншэми дапхуэдизрэ ямыгъэунэхуами, лIыхъужьыр зыхуэпэжа захуагъэм лъэмыIэсауэ жыпIэ хъунущ – насып зыхуэфащэм ар къылъысыжакъым.

«Кърымджэрий» поэмэм нэхъыщхьэу хэтлъагъуэр ИстамбылакIуэм щыгъуэ лъахэм къинэжыныр къыхэзыхахэм къалъыса мыгъуагъэхэрщ. АдыгэщIым къинахэр урыс зауэлIхэм пщылIыпIэ ирагъэувэн папщIэ, Iуэху мыхъумыщIэ Iэджэ къыкIэлъызэрахьэу щIадзэ:

Урысыгухэм захъуэжат.
Ахэр хуейтэкъым мы псыхъуэм,

Я Іуэху ену къыщыутхъуэм,
Къыдэнэну лІакъуэм щыщ,
ИрелІыщІэ ар, ирепщ!

Апхуэдэ зым пэщІоувэ Аслъэнджэрий «щІалэ пщтырыр», Дохъушыкъуеипщым и къуэш нэхъыщІэр. ЩІалэр я шы гуартэмрэ шыхъуэмрэ я бзэхыкІэ хъуам лъыхъуэурэ ар къэзакъхэм я Іэужьу зэрыщытыр къещІэ. Гуартэри шыхъуэ лІыжьри къаІэщІигъэкІыжыну Аслъэнджэрий къэзакъхэм якІэлъопхъэр, здэжэм тІур еукІ, ауэ ещанэр ІэщІокІ. А къэхъуам адыгэ жылагъуэр бэлыхь хедзэ. Армырми наІуэт къэзакъхэм адыгэпсэ ямыгъэну къызэрамыгъэнэнур. Апхуэдэ щытыкІэ гугъум хэкІыпІэ къыхуигъуэтэну иужь йохьэ Кърымджэрий.

Поэмэм нэхъыщхьэу ІуэхугъуитІ къыщыхобелджылыкІ. Зыр адыгэпщым къылъыкъуэкІарщ – дзыхь къыхуэзыщІ жылагъуэм къыщхьэщыжу уэркъ хабзэр игъэпэжын, уэркъыгъэм и купщІэу щыт адыгагъэм зы мэскъалкІи емыбэкъуэнырщ. ЖыІэн хуейщ, уэркъ хабзэм и зэхэлъыкІэ телъыджэм теухуа гупсысэхэр иджырей адыгэ поэзием кІэщІ-кІэщІурэ къыхыхьэж зэрыхъуар (ищхьэмкІэ зи гугъу щытщІа Бемырзэ Мухьэдин и тхыгъэр абы и щапхъэщ). Ауэ нэхъ щІэщыгъуэу поэмэм къыхыхьэр етІуанэ Іуэхугъуэрщ – ар иІэпхъукІын ямыдэу лъахэм къина адыгэхэм адэкІэ я къекІуэкІыкІэ хъунурщ. Ар щІыгу гугъусыгъухэм адыгэхэр ирагъэтІысхьэу зэрыщытарщ, къайгъэ хамыгъэкІыу зэрагъэпсэуарщ. А темэм зэкІэ адыгэ лъэпкъ поэмэм зыщиукъуэдиякъым. А Іуэхугъуэмкіэ ГъукІэкъул Д. ди литературэм лъагъуэщІэ щыхишауэ жыпІэ хъунущ.

ЛІыхъужьхэм и хьэл-щэныр къызэригъэлъагъуэм и гугъу пщІымэ, ахэр хэІэтыкІащ. Ауэ я сурэтым, теплъэм усакІуэр тетхыхькъым, цІыхум и щытыкІэр къэзыІуатэр Іуэху илэжьхэрщ. А Іэмалым мащІэу къыщытекІыр, цІыхубзым щытепсэлъыхьым дежщ:

ПхуэмыІуэтэну Цацэ дахэт,
Іуплъа цІыхухъур зытемахэт,
Нурыбэ нэкІу, гуфІей сэхъуат,
ЛІы акъыл куэд зыгъэутхъуат.

Литературэ Іэмалхэм ящыщу ГъукІэкъул Д. ифІэфІ дыдэу къегъэсэбэп зэпэщІэгъэувэныгъэр. Апхуэдэу, «Аслъэнбэч» поэмэм къыхохьэ езы Аслъэнбэчрэ и къуэш Къарэбэчрэ я зэпэщІэувэныгъэ ткІийр. Къарэбэч къызэрыгъэлъэгъуар цІыху жьгъейуэщ, и щхьэгъусэ Цацэ зэрихъэ Іуэху фІейхэм сыткІи зыдэзыщІ лІы мыхьэнэншэущ. Персонаж зэмыщхьхэм я гурыгъу-гурыщІэхэм и зыужьыкІэри ГъукІэкъулым

къызэриІуэтэжыр зэкІэлъыхьауэщ. Нысэ нэмысыншэм къыкІэлъызэрихьэну хэта хабзэншагъэм унэр иригъэбгына нэужь, Аслъэнбэч и гурыгъу-гурыщІэхэмрэ Къарэбэч ейхэмрэ «зэпэджэжыныгъэ» хьэлэмэт къагъэщІ. Къарэбэч лІыгъэншэр нэхъ зытешыныхьыр и псэращ – и къуэш лъэрызехьэм ІущІэжмэ, яущэхуа Іуэху мыхъумыщІэм текІуэдэнкІэ зэрыхъунурщ. Аслъэнбэч гупсысэм етхьэлэ, «нэмыс хаутэжам», «зэшыгъэ я кум щылІэжам» и дунейр кІыфІ къыхуащІ, и къарур хуэм-хуэмурэ щІах.

ЛІыхъужь нэхъыщхьэхэм я ІуэхущІафэхэр хэзыІэтыкІ Іэмалхэм щыщу нэхъ гъэщІэгъуэну тхыгъитІми къыщыкІуэр щІылъэм, дунейм ягъуэт теплъэхэращ. ГъукІэкъулым дунейм къыщыхигъэщхьэхукІ теплъэхэр бзэ къызэрыгуэкІкІэ къеІуэтэж, ауэ абы щхьэкІэ зыхэщІэныгъэ щхьэхуэ гуэрхэми гъунэгъу уахуимыщІу къанэркъым. «Аслъэнбэч» поэмэм и пычыгъуэ щхьэхуэхэр къызэрыщІидзэр дунейм и теплъэ кІэщІ цІыкІухэмкІэщ. Абыхэм къагъэщІ гурыщІэхэм хуэфащэжущ къэхъукъащІэхэми зэрызыкъыкІуэцІахыр. Ауэ кІэухым и закъуэ апхуэдэ щІыкІэм зэрызыдимыщІым поэмэм и лъэщагъым хегъахъуэ.

Гу лъумытэнкІэ Іэмал иІэкъым поэмитІми я хэзыгъэгъуазэ Іыхьэхэрзэрызэщхьым. ТІумисурэт-теплъэкъыщыгъэсэбэпащ – ар лъэныкъуабэ хъуа мывэ сынхэр зи бэ шэрджэс кхъэхалъэрщ. Сынхэр зыхуагъэувахэр щыпсэуам щыгъуэ я дуней тетыкІам ещхьу, абыхэм я теплъэхэри къыщыгъэлъэгъуащ кхъэм: «Зым жыг къудамэр щхьэщытщ, / Адрейр «зейм и гум ещхь хъужауэ, / Кхъуэбанэм хэтщ къэпІэнкІыжауэ». Ауэ а мывэ фэеплъхэм я теплъэр дапхуэдизу зэщхьэщымыкІми, псоми я щІыб къыдэту тлъагъур дуней дахащэрщ. ИтІанэ, мыхьэнэ хэха хыболъагъуэ езы кхъэр щІыпІэ хэІэтыкІам зэрытещІыхьами:

Бгынэжа абгъуэу Инжыдж бжьэпэм,
Пыжьей мэз банэм бгыр здихуапэм,
Щылъщ кхъэжь, блэкІам и джэрпэджэж,
Гур гъащІэ кІуам пфІыІузыгъэщІэж!

(«Аслъэнбэч»).

Уплъэм жылэм нэхъ и пщэІуэу,
Узбгъэдишэм фІэфІу наІуэу,
Телъщ щхьэзакъуэу зы кхъэ лъахэ,
Іуащхьэ щІыщхьэм хэмыбзахэ.

(«Кърымджэрий»).

Апхуэдэ щІагъыбзэ Іэмалхэр здигъэІэпыкъуурэ ГъукІэкъул Даут гурыІуэгъуэ ещІ блэкІар ди нобэрей гъащІэм «хэмыбзэхыкІыу» зэрыщхьэщытыр. ГъащІэгъуэныращи, а

блэкIам и теплъэхэр, фIыуэ дызыщыгъуазэу къытщыхъу къэхъукъащIэхэм ящIэлъ щэхухэр къитIэщIыну хэтщ ар, хэкум къина адыгэхэм я псэукIэрауэ е урыс-япон зауэм и теплъэ шынагъуэхэрауэ къащти. Ахэр иджырей къэбэрдей-шэрджэс поэзием зэкIэ гулъытэ хуимыщIу къанэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ. Ауэ шэрджэс усакIуэр дэзыхьэх Iуэхугъуэу хъуам япэ къригъэувэр нэгъуэщIщ – ар зи цIэр тхыдэм къыхэна цIыху щэджащэхэм дунейм къащылъыса насып Iыхьэм и зэхэлъыкIэ гугъурщ.

1.4. Адыгэ сонетым хэлъ гъэщIэгъуэнагъхэр

Сонет жанрым щIыпIэ хэха щеубыд адыгэ литературэм, ауэ абы теухуауэ лъэпкъ литературэдж щIэныгъэлIхэм ятхар мащIэ дыдэщ [1]. «Сонет» псалъэм итальяныбзэкIэ «уэрэд цIыкIу» жиIэу аращ. Мы жанрыр XII лIэщIыгъуэм щыщIэдзауэ къыщагъэсэбэп литературэм, и къежьапIэр Италиерауэ ялъытэ. Япэу абы зезыпщытар усакIуэ Джакомо де Лентинощ, ауэ литературэм зыщезыгъэубгъуар Ф. Петраркэщ (сонет 317-рэ къыщIэнащ). Сонет ятхыу щытащ Микеланджелэ, Дж. Брунэ, Т. Тассо. ИужькIэ ар ялъоIэсыр Испанием, Португалием (XVI), Францием, Германием, Инджылызым (XVII), Урысейм (XVIII, В. Тредиаковский, А. Сумароков, н.). Зы зэман дэхуэхауэ щытами, XIX лIэщIыгъуэм жанрыр нэхъ къагъэсэбэп мэхъуж (В. Брюсов, Вяч. Иванов, иужькIэ И. Сельвинский). Уеблэмэ Сельвинскэм «сонет Iэрамэ» лIэужьыгъуэр къигъэIурыщIэн лъэкIащ. ЦIэрыIуэ хъуащ В. Шекспир, И. Бехер сымэ я сонетхэр.

Сонет жанрыр бгъэбелджылыну къапщтэмэ, псом япэу ар сатыр пщыкIуплI хъу усэщ. И рифмэ гъэпсыкIэм елъытауэ ар лIэужьыгъуэ зыбжанэу зэщхьэщокI. Сатырым хэт лъэмбхэм (стопахэм) я кIыхьагъри щызэхуэмыдэ щыIэщ. Сонетыр лирикэм и жанру ябж. ЗыкъомкIэ (сатыр бжыгъэкIэ) сонетым ещхьщ «онегин строфакIэ» еджэу А.С. Пушкиным къигупсыса сатыр пщыкIуплIурэ зэхэт строфари. «Евгений Онегин» романыр апхуэдэ жыпхъэм иту тхащ. Строфа къэскIэ усакIуэм къигъэсэбэпа рифмэ гъэпсыкIэри зэхуэдэщ. Сатыр пщыкIуплIыр зэхэтщ Iыхьэ плIырыплIу щырэ иужьрей сатыритI зэпхамрэ. Рифмэхэри зэкIэлъыхьащ зэблэдзауэ, тIурытI-тIурытIу, къэзухъуреихьу, иужьреитIыр зэгуэгъу усэу. Зэратх графикэм тетмэ, мыпхуэдэщ: *абаб+ввгг+деед+жж.*

А.С. Пушкиным хузэфIэкIащ сонетым ещхьу эпосым и жанр лIэужьыгъуэ къигъэщIын. Ауэ ар сонетым пэувыркъым, къыжыIэн хуейщ мы жанрым урыс литературэм зэрызыщимыубгъуари (абы ещхь иужькIэ зытхар

М. Лермонтов, Е. Баратынский, И. Тургенев сымэщ). Апхуэдэу щытми, А.С. Пушкиным усэ гъэпсыкIэм хэлъхьэныгъэ хуищIащ, «урыс гъащIэм и щIэнгъуазэ» зыфIаща романыр игъэпсащ еджэгъуафIэу щыт фащэ щIэщыгъуэкIэ.

Сонетыр хабжэ «жыпхъэ быдэ» зиIэ усэ жанр лIэужьыгъуэхэм. Мыр хабзэ хэхам тетын хуейщ. Адыгэ литературэм сонетыр къызэрыхыхьар урыс поэзиемкIэщ (езы урыс литературэм къыздыхихар итальянхэм, франджыхэм, инджылызхэм я литературэрщ). Урыс литературэм сонетым зыщиубгъуащ XX лIэщIыгъуэм (Бальмонт, Бунин, Брюсов, Иванов, Волошин) [2]. Европэм къикIри урыс литературэм къыхыхьащ «сонет IэрамэкIэ» («венок сонетов») зэджэ жанр гугъу дыдэри, нэхъ иужьыIуэкIэ ар «къэIэпхъуащ» адыгэ литературэми.

Сонетыр лIэужьыгъуитIу ягуэш: итальян сонетрэ инджылыз сонету. Мыхэр я пкъыгъуэкIэ, строфа зэхэгъэувэкIэкIэ зэщхьэщокIыр. Итальян сонетыр зэхэтщ катрену (сатыриплI хъу строфауэ) тIурэ терцету (сатырищ хъу строфауэ) тIурэ зэкIэлъыкIуэу. Инджылыз сонетри сатыр пщыкIуплIщ зэрыхъур, ауэ мыбы и зэхэтыкIэр нэгъуэщIщ: катренищыр сатыритI хъу строфакIэ еухыж. ЕтIуанэм и ухуэкIэр нэхъ тегъэпсыхьащ гупсысэр къызэщIэзыкъуэж строфахэм. Апхуэдэ щэн яIэщ, псалъэм папщIэ, притчэхэм, басняхэм. Къыхэгъэщыпхъэщ сонетым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр рифмэхэм я къэгъэсэбэпыкIэм. Рифмэхэр сатырым и кIэухыр зэпхам елъытауэ сонетхэр лIэужьыгъуитIу ягуэшу къекIуэкIащ:

япэм, «итальян сонет» зыфIащам, мыпхуэдэ рифмэ ухуэкIэ иIэт: катренхэр – *абаб – абаб* е *абба – абба; терцетхэр – сде – еде;*

етIуанэм, «франдж сонетым», и рифмэхэр: *абба – абба, ссд – еед* е *ссд – еде.*

Мыпхуэдэ рифмэ ухуэкIэр литературэм щытепщэу щытащ лIэщIыгъуэ зыбжанэкIэ.

УсакIуэхэр апхуэдэ усэ гъэпсыкIэм щебакъуэри мащIэтэкъым. Абыхэм рифмэм имызакъуэу, сатыр лей щыщIагъуи къэхъурт, рифмэр къизымыдзэххи къахэкIырт. ИужьыIуэкIэ, Шекспир ижь къыщIихуауэ, литературэм къыхыхьащ «инджылыз сонет» лIэужьыгъуэр. Мыбы и рифмэ ухуэкIэри нэгъуэщIт: *абаб – сдсд – ефеф – жж*, строфа къыщагъэсэбэпри нэгъуэщIт – катрену (сатыриплI строфауэ) щырэ кIэух усэ сатыритIрэ.

Адыгэ усыгъэм укIуэцIрыплъмэ, гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым ди усакIуэхэм «инджылыз сонетыр» нэхъыбэу къызэрагъэсэбэпым. Къэбэрдей, шэрджэс, адыгей усакIуэхэм къахэкIащ сонетри, сонет Iэрамэри къэзыгъэIурыщIахэр. КъыжыIэпхъэщ абыхэм, литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа усакIуэ нэхъыжьхэм я

цIэхэр (ПащIэ Бэчмырзэ, ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, Гъуэщокъуэ Хъусин, Уэхъутэ Абдулыхь, Андырхъуей Хъусен, Цей Ибрэхьим, ЦыгъуТеувэжсымэ) зэрахэмытыр. Мыбы и щхьэусыгъуэр хуэбгъакIуэ хъунущ зы Iуэхугъуэм: а зэманым усэ тхыкIэм и Iэмал куэдыр нэгъэсауэ усакIуэ нэхъыжьхэм къагъэIурыщIэну зэфIэкI зэрамыIам. Къызэрыхэдгъэщащи, сонетыр лъэпкъ литературэ зызыужьахэми нэхъ гуваущ къызэрыхыхьар.

Сонет жанрым адыгэ литературэм зыщиужьыным хэлъхьэныгъэ щхьэпэ хуащIахэщ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Сокъур Мусэрбий, Жылэтеж Сэлэдин, КIэщт Мухьэз, Мысачэ Петр, Балъкъэр Фоусэт, IутIыж Борис, Уэрэзей Афлик, КIэмыргуей Толэ, Ацкъан Руслан, Абазокъуэ Къантемыр (псори къэбэрдей усакIуэхэщ), Бемырзэ Мухьэдин (шэрджэс усакIуэщ), Бэрэтэрэ Хьэмид, Къуиикъуэ Налбий (адыгей усакIуэхэщ). КъедбжэкIахэм яхэтщ «сонет Iэрамэ» жанр нэхъ гугъу дыдэхэм хабжэр къэзыгъэIурыщIа зыбжани (Бемырзэ Мухьэдин, Жылэтеж Сэлэдин, Уэрэзей Афлик, нэгъуэщIхэри).

Адыгэ литературэ щIэныгъэм «венок сонетов» жыхуиIэр хыхьащ «сонет Iэрамэ» фIэщыгъэцIэмкIэ. Ар эпитет дахэщ, зэхъуэкIыни хуейуэ къыщIэкIынкъым, ауэ сонетым и пкъыгъуэр Iэрамэу зэхэлъ къудейкъым, атIэ строфахэри, усэ сатырхэри, рифмэхэри зэхэухуэнауэ зэдолажьэ. Урысым къащта терминыр нэхъ тэмэму тохуэ мы жанрым и зэхэлъыкIэм. СонетIэрамэрсатырпщыкIуплIузэхэлъсонетурэпщыкIутху мэхъур. Мыбы егъуэт цикл мыхьэнэ. Нэхъ гъэщIэгъуэну, уебакъуэ мыхъуну хэлъ хабзэхэм ящыщ зыщ къыкIэлъыкIуэ сонетыр ипэ итыр зэриуха сатырымкIэ къызэрыщIидзэр. Сонет пщыкIуплIыр зэриух икIэ дыдэ сатырхэр зэкIэлъыхьауэ хоувэ епщыкIутхуанэ сонетым. Апхуэдэу зэхэухуэна мэхъу сонет Iэрамэр. КIэух дыдэ сонетым «магистраль» мыхьэнэ ират. Сонет къэс гупсысэ щхьэхуэ иIэми, а псори къыщызэщIэкъуэжащ кIэух сонетым. Дауи, тыншкъым сатыр 210-рэ хъу усэр хабзэ хэхам тету къэбгъэщIыныр, абы и жыпхъэми, и рифмэ гъэпсыкIэми къалэн къагъэувхэр бгъэзэщIэну. Сонет Iэрамэр литературэм къыщыхыхьар гъуазджэм и унэтIыныгъэ «бароккор» тепщэу щыщыта лъэхъэнэрщ (XVI–XVIII лIэщIыгъуэхэр). А зэманым дунейпсо щэнхабзэм фIыуэ зиужьауэ къалъытэ. Адыгэ усыгъэм и «барокко» хъуар лIэщIыгъуэ блэкIам и етIуанэ Iыхьэрщ, сонетым абы зэрызыщиужьам Iуэхур тепщIыхьмэ.

Адыгэ усакIуэхэм ящыщу япэу сонет ятхыну щIэзыдзар ЩоджэнцIыкIу Iэдэмрэ Сокъур Мусэрбийрэщ. Сокъурыр зыхуэмыIэижь Iуэхугъуэ литературэм хэтауэ къэгъуэтыгъуейщ. ЩIэныгъэлI, къэхутакIуэ, критик Iэзэу зэрыщытам зыми шэч къытрихьэркъым, ауэ Мусэрбий уси итхыу щытащ, «Щихъ Залым» и псевдониму. Абы и IэдакъэщIэкIщ зи гугъу тщIы жанрыр ди литературэм къызэрыхыхьам теухуа сонетыр:

Сокъуз ІэштІыму мы сатыр пщыкІуплІыр,
Си Іэпщэм фІыцІэу лъынтхуэр къыдоуей,
Щрет си псалъэр акъылым и пщылІу,
Арыншэм бзэми сыт сызэрыхуейр?

АдэкІэ усакІуэм къегъэлъагъуэ сонет жанрым ди литературэм япэ лъэбакъуэ зэрыщичар, ауэ абы и «лъэтеувэр» иджыри къызэрымысар:

Сонет! ХъуэпсапІэ лъагэр узохьэлІэ,
Иджыри къэскІэ си бзэм ухуэхейщ,
Укъыщалъху дыдэм укъысІэщІэмылІэм,
ПхуэхъункІэ хъунщ хэщІапІэ Къэбэрдейр.

Мы си къалэмым зэ уи щэху къепхьэлІэм,
Гупсысэ къшинхэм къысщыхуащ я ней!
Пэжщ, тІэкІу уэ нобэ уогъэтхытхыр уи плІэр,
Уи щІыб сыкъихутэнкІэ хъунщ пщэдей!

Сонетыр еух рифмэ зэгуэгъу зиІэ усэ сатыритІкІэ (зэрытлъагъущи, мыр инджылыз сонет лІэужьыгъуэщ):

ДыкІэлъеІэнщ итІанэ дэ Алим –
Шагъдий зэхуэфІым зезыгъэукъуэдийм [3].

Япэ строфам сонетым и лъагагъыр щеІэт, абы и купщІэр гупсысэу, медитациеу зэрыщытри щыжеІэ. «Щрет си псалъэр акъылым и пщылІу» сонетым зэрыщытлъагъущи, жанрым и щэхухэр усакІуэм и къалэмым ирихьэлІэмэ, гупсысэ къиинхэм зэрапэлъэщынур къыхегъэщхьэхукІ. Программэ къалэнхэр щыгъэуващ усэм. И кІэ сатыритІми къызэщІэзыкъуэж мыхьэнэ пыухыкІа хэлъщ. КІыщокъуэ Алим адыгэ усакІуэ пажэщ, абы и усэхэм шым (шагъдийм) и образым увыпІэшхуэ щеубыд. Сокъурым ар къегъэсэбэпри жеІэ сонетыр къыхуэгъэІурыщІэмэ, къэбэрдей поэзием и шу пашэм – «шагъдий зэхуэфІым зезыгъэукъуэдийм» – кІэлъеІэну.

Сокъур Мусэрбий зи гугъу тщІа «инджылыз лІэужьыгъуэм» и жыпхъэм иту нэхъ иужьыІуэкІэ сонетитІ и Іэдакъэ къыщІэкІащ: «Уэрэдым гузэвэгъуэр къылъэІэсрэ…», «Сонет» [4]. «Уэрэдым гузэвэгъуэр къылъэІэсмэ… » жиІэу къыщІедзэри усакІуэм и къалэнхэр илэжьу щытын щхьэкІэ, «псалъэ кунэфкІэ» тхэн, гупсысэр псалъэм ебэкІыу щытын зэрыхуейр къыхегъэщ. Абы «зыри имытхыгъащэрэт» къыжраІэ хъужыкъуэмэ, хэкІыпІэу къыхуегъуэтыр мыр:

Абдеж мэхъуапсэ си псэр пкІатэлъатэу,
Сонет шэщІари къызопхъуатэр джатэу.

Сонетыр усакIуэм ирегъапщэ джатэм, ар къигъэсэбэпмэ, и къалэнхэр зэфIихыфыну мэгугъэ. НэгъуэщI къалэнщ абы зыщыхуигъэувыжыр «Сонет» зыфIища и тхыгъэм. Дунеишхуэм «и куэщIым къихуа» дэтхэнэ зыри «пхъэнкIийуэ» къилъытэркъым абы, цIыхухэращ къэхъу псори зи лажьэр. УсакIуэм и Iуэху еплъыкIэр щIагъэбыдэж сонетыр зэриух сатырхэм:

Дунейм и дамэр цIыхугъэшхуэу щытмэ,
ЩIыхугъэншагъэм цIыхущ ажал езытыр.

Сокъур М. иджыри и зы сонет къытехуащ 1962 гъэм къыдэкIа «Iуащхьэмахуэ» журналым и езанэ номерым: «Сыт си щIалэгъуэм фIыуэ сыкъэплъагъукIэ?» [5]. Мыбдежи Мусэрбий щIалэгъуэмрэ жьыгъэмрэ щызэрегъапщэ, цIыхур гулъыти, лъагъуныгъи, ныбжьэгъугъи нэхъ щыхуэныкъуэр и ныбжьыр щыхэкIуэтам дежщ, армыхъумэ «щIалэм дапщэщи щIалэ къегъуэтыж».

ТхакIуэм нэхъыжьхэм ящыщу сонет нэхъыбэ зи Iэдакъэ къыщIэкIар ЩоджэнцIыкIу Iэдэмщ (1916–1995). Абы и япэ сонетитIыр («Сехри ди бжэщхьэIум сыIэнкуну…», «Слъэгъуащ сэ куэдрэ бжьэр тепщIыкIыу») 1963 гъэм «Iуащхьэмахуэ» журналым и етIуанэ къыдэкIыгъуэм къытехуащ. ИужькIэ ахэр хигъэхьэжащ «Бгыщхьэ мафIэ» усэ тхылъым [6]. Мы сонетхэр, Сокъурым ейхэми хуэдэу, «инджылыз» сонет лIэужьыгъуэщ, катрену щым иужьрей сатыритI гупсысэ ищхьэр къызэщIэзыкъуэжыр гуэдзэжауэ. Рифмэ и лъэныкъуэкIэ катренхэр зы жыпхъэм итщ: *абба*; иужьрей сатыритIри рифмэ зэгуэгъукIэ зэпхащ:

ЩIыхур пэжым, ар захуагъэ телъхьэм,
ЛIыгъэм лъэщ хуещI я нэхъ гугъуехь ищхьэм.

ЕтIуанэ сонетри («Слъэгъуащ сэ куэдрэ бжьэр тепщIыкIыу») зэриухыр рифмэ зэгуэгъущ, сатыриплI хъу строфахэми къыщыгъэсэбэпар зэхуэдэу катренищми зы жыпхъэщ:

Слъэгъуащ сэ куэдрэ бжьэр тепщIыкIыу,
Бжьамэ сэмбкIэ къаубыдыжу,
Бжьэ матэ быхъуми дэмыхуэжу,
Бжьэхэр тIу бжьахъуэм ирищIыкIыу.

ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и сонетхэм «зызыужь сюжет» яIэщ. Псалъэм папщIэ, «Сехри ди бжэщхьэIум сыIэнкуну» тхыгъэм усакIуэм кIэщIу къыщегъэлъагъуэ сабийм япэу ича лъэбакъуэм зэрыригушхуэр, адэкIэ цIыхум икIун хуей хъу гъуэгуанэ кIыхьым, абы зыщрихьэлIэ гугъуехьхэм ар пэзыгъэлъэщыр лIыгъэрауэ, лъэщ зыщIыр пэжыгъэрауэ зэрыщытыр. Апхуэдэ гупсысэкIэ еух усэр.

«Слъэгъуащ сэ куэдрэ бжьэр тепщIыкIыу» сонетми сюжет иIэщ. Авторым къещтэ бжьэм и образыр. Бжьэр лэжьакIуэшхуэщ, ерыщщ, фо зэхуехьэс, удзхэм я IэфIыр къапех. Бжьэм и цIэр, и образыр пасэрей философхэм я трактатхэм куэдрэ къыщагъэсэбэпащ. А.М. Горькэм тхакIуэм и лэжьыгъэр иригъапщэрт бжьэм и гуащIэдэкIым. ЩоджэнцIыкIу Iэдэм мы образыр щIэщыгъуэу къегъэлъагъуэ, бжьэ къэпщIам, махуэл имыIэу лажьэм кIэлъыплъа нэужь жеIэ: «Насыпщ, гугъу уехьми, блэжьыр лъахэм фоупсу цIыхухэм ягу щежэхым». ЖыIэкIэ дахэщ. ЦIыхухэм я сэбэп уахуэхъуныр насыпщ. Гу лъытапхъэщ: фоупсыр цIыхухэм я тэмакъыркъым зэжэхыр, атIэ я гурщ. Абы псалъэр лъагэ ещI, хеIэтыкI.

Усэхэр зэрыгъэпсар, рифмэхэм я беягъыр къэплъытэмэ, катренхэм къыщыгъэсэбэпа рифмэр зэблэдзащ, строфа щхьэхуэхэм я рифмэр адрейхэм щапэджэжи щыIэщ. Мы усакIуэхэм литературэм и теориер фIыуэ ящIэрт, ар щIэгъэкъуэн къыщащIащ я IэдакъэщIэкIхэм. Ауэ нэхъыщхьэр мы усакIуэхэм сонет жанрыр адыгэ усыгъэм къызэрыхашарщ. ИужькIэ абы зыщиужьащ лъэпкъ литературэм.

ЩоджэнцIыкIу Iэдэм 70–80 гъэхэм сонет куэд итхащ, ахэр итщ и «ГурыфIыгъуэ» [7] (сонет 60), «Тхыгъэхэр» [8] (сонет 21-рэ) тхылъхэм. Мы сонетхэр зытеухуакIи, я унэтIыныгъэкIи зэхуэдэкъым. Абыхэм мымащIэу яхэтщ хэкум, гуащIэдэкIым, цIыхугъэм, лъагъуныгъэм епха лирикэри, гъащIэм и купщIэм уезыгъэгупсыс усэхэри. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, усакIуэм и усэ нэхъыфIхэм хабжэ «Анэдэлъхубзэ» сонетыр. Мыр ихуащ «Къэбэрдей усэм и антологие» (2008) тхылъми. Адыгэбзэм жыжьэ унимышэсыну жызыIэхэм я жэуапу ЩоджэнцIыкIум етх а бзэм къуршыбгъэм ещхьу зэрызиIэтыр, и гъуэгухэм зэрызашэщIыр, «къэрал Iэджэми» зэрынэсар. И кIэ сатыритIымкIэ усакIуэм и гупсысэр щIегъэбыдэж:

Си анэдэлъхубзэ, узианэщ – ушэ, –
Анэр зэи хъуркъым гущэ уэрэдыншэ.

И сонетхэм усакIуэм къыщигъэсэбэпащ эпитет, зэгъэпщэныгъэ щIэщыгъуэхэр: «гуауэм игъэва нэпс жэбза», «жьы пхэнж», уафэгъуагъуитIым ирегъапщэ гугъэмрэ гурыщхъуэмрэ, а тIур персонажым «и гум щызонтIэIу», нэгъуэщIхэри. И фащэкIэ уеплъмэ, ЩоджэнцIыкIум и сонетхэр зы жыпхъэм итщ, еджэгъуафIэхэщ

ЩоджэнцIыкIу Iэдэмрэ Сокъур Мусэрбийрэ ирашэжьа псыпэр адэкIэ бгъуфIэ ящIащ лъэпкъ литературэм иужькIэ къыхыхьа усакIуэхэм. Ауэ мыбдежым къыщылъытэн хуейщ мы жанрым ехьэлIауэ Iуэху зэIумыбзхэр иджыри зэрыщыIэр. Езы тхакIуэ дыдэхэри щыщыуэ щыIэщ ятхам и жанрыр

щагъэбелджылыкIэ. Абы къыхэкIыу дэ пщалъэу къатщтэр а жанрым и шыфэлIыфэу щытыпхъэу щIэныгъэлIхэр арэзы зытехъуахэрщ. Псалъэм папщIэ, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и сонетхэр классикэу ялъытэ жыпхъэм гъунэгъу хуэхъуащ. Балъкъэр Фоусэт и лъагъуныгъэ усэм «Сонет» фIищащ, ауэ а жанрым къигъэув мардэхэм ар зэрыпэгъунэгъур сатыр пщыкIуплI зэрыхъумкIэщ. Мыбы къикIыркъым усэр Iейуэ, ар жанрым и фащэ псомкIи мыхуэпауэ аращ: зэрыуздэа рифмэр зы лIэужьыгъуэщ, сатыритI къэс зэгуэгъуу. Зэриух сатыритIри апхуэдэ дыдэщ, ари хошыпсыхьыжыр адрей катрен строфахэм. Апхуэдэхэм уащрохьэлIэ литературэм и адрей жанрхэми.

«Сонет Iэрамэм» и гугъу пщIымэ, а жанр гугъум зи гупсысэхэр изыгъэтIэса адыгэ усакIуэхэм я цIэхэр къиIуапхъэщ: Бемырзэ Мухьэдин, Уэрэзей Афлик, Жылэтеж Сэлэдин, ПщыукI Латмир, нэгъуэщIхэри. Псом япэ «Сонет Iэрамэ» зытхар Бемырзэ Мухьэдинщ (1948–2007). Мухьэдин «Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэщ», абы и творчествэм къэбэрдей тхылъеджэхэри щыгъуазэщ, ахэр хэтщ еджапIэ программэхэми, езыри егъэджакIуэ Iэзэу щытащ. Бемырзэ Мухьэдин и «Лъагъуныгъэм сыхуэщыпкъэщ» сонет Iэрамэр 1973 гъэм къытригъэдзащ. Ар щхьэхуэу къытехуащ газетым, «Iуащхьэмахуэ» журналым, нэхъ иужьыIуэкIэ усакIуэм «ЛIыгъэм и тхыдэ» зыфIища и япэ тхылъым (Черкесск, 1981) ихуащ.

Сонет Iэрамэ зи Iэдакъэ къыщIэкIа адыгэ усакIуэхэми, сонет къызэрыгуэкI зытххэми нэхъыбэу къагъэсэбэпыр «инджылыз сонет» лIэужьыгъуэрщ. Бемырзэм и сонет Iэрамэр зэрытха техникэр абыхэм къащхьэщокI: ар классикэу ялъытэ фащэм итщ – катрену тIурэ терцету тIурэ. Ахэр зэпхащ рифмэ ухуэкIэ хэхакIэ. Мыпхуэдэ гъэпсыкIэм «итальян сонеткIэ» йоджэ. Мыпхуэдэ сонетми, сонет Iэрамэми гупсысэшхуэ ящIэлъын зэрыхуейм нэмыщIу, я фащэри, рифмэ ухуэкIэри жыпхъэ ткIийм итын хуейщ. Аращ а жанрым куэдым зыщIрамыпщытыр. Ауэ Бемырзэ Мухьэдин илъэс тIощIрэ плIырэ нэхъ мыхъуауэ къыхихат а гъуэгу мытыншыр. Пэжщ, рифмэр сонет Iэрамэм къыщызэпыуди къэхъуащ, ауэ итальян сонетым къигъэув къалэнхэр тхыгъэм щыгъэзэщIащ и гупсысэкIи, темэкIи, сюжеткIи.

Къэтщтэнщ «магистралкIэ» зэджэ иужьрей (епщыкIутхуанэ) сонетыр, гупсысэр къызэщIэзыкъуэжыр:

Нэрыгъ ипщIыкIмэ, мывэ джейри мэсыр,
Гукъеуэм си гум щищIыжащ унагъуэ.
КъысфIэщIт зэгуэрым уэ у-Дахэнагъуэу,
Сэрауэ уи псэ закъуэ Джэримэсыр.

Уи деж кIуэ гъуэгур быркъуэшыркъуэт, хьэлъэт,
ІэмалкІэ ди жагъуэгъухэм зэхуащIат,
Абыхэм сэ сатекIуэфакъым хьэлкІэ

ФІылъагъуныгъэм нэхъ симыІэу Іэщэ,
Илъэсхэм уардэу сэ сапхырыкІынут,
ИджырикI сщІэнут сэ схузэфІэкІыныр.

Гугъуехь спэщІэлъыр аркъым зыщІэсІэжьэр:
Ди натІэм илъагъэнт дызэпэІэщІэу,
НэгъуэщI щхьэгъусэм гъащІэр детхьэкІыну [10].

Мы сонетым катрену тІурэ терцету тІурэ къыщыкІуащ. Катрен строфаитІым Бемырзэм къыщегъэсэбэп итальян сонетым къигъэув рифмэ зэпхыкІитІым языхэзыр: *абба* (хъунущ мыпхуэдэри – *абаб*). УсакІуэм къыхихар – катренхэр зэзыпх рифмэ ухуэкІэр – нэхъыфІу къелъытэ теорием. Терцет къыкІэлъыкІуитІым я рифмэр «зэІухауэ» щытын хуейщ (мыбдежи варианту тІу щыІэщ): *сдс дсд* е *ссд еде*.

Хабзэм тету Бемырзэм и кІэ дыдэу игъэува сонетым, Іуданэ шэрхъым хуэдэу, сатыр зырызурэ къытрешри адрей сонет пщыкІуплІым зэкІэлъыкІуэу я къыщІэдзапІэ ещІыр. УсакІуэхэм ижьрей сонетыр ятхри сонет Іэрамэм и щІэдзапІэм ягъэзэж. Япэрей сонетри иужьрей дыдэ сонетри къызэрыщІидзэ усэ сатырыр зэтохуэ. Дызытепсэлъыхьыр гурыІуэгъуэ хъун щхьэкІэ, дгъэзэжын хуейщ «Лъагъуныгъэм сыхуэщыпкъэщ» сонет Іэрамэм и къыщІэдзапІэм:

Нэрыгъ ипщІыкІмэ, мывэ джейри мэсыр,
Мэкъутэ быдэу хъуам я нэхъыбапІэр –
Сэ сокІуэр, къыщыстеуэкІэ уи бампІэр,
Бгы лъапэм щыдаущ екІэпцІэ мэзым.

Къудамэхэр къоІэбэ салъэхъэну,
Я тхьэмпэхэр къыщахъуэр си Іэгуфэм.
Сэ ахэм нэщхъеялэу сахуэгуфІэу.
ГупщысэкІэ созыжыр зы лъэхъэнэ…

Зэрытлъагъущи, катренитІым я рифмэ зэпхыкІэ «зэхуэщІар» ткІийуэ тетщ сонетым и хабзэм – *абба – абба*. Езыхэм я рифмэ хэха яІэжщ терцет къыкІэлъыкІуэхэми.

Гухэлъ сэ япэу зыхуэсщІа си пщащэ,
Иджыр къыздэсым уэрщ сэ фІыуэ слъагъур, –
Щхьэ сщІыгъуу утемытрэ мы мэз лъагъуэм?
Жэуап згъуэтыжкъым. Жьыбгъэм еІущащэу,

Похужыр хуэму бжьыхьэ жыгхэм пщIащэр,
Гукъеуэм си гум щищIыжащ унагъуэ.

Терцетхэм я рифмэхэри хъарзынэу зэщIожьыуэ, зэподжэжхэр: езанэ сатырымрэ еплIанэ, етхуанэмрэ (пщащэ, еIущащэу, пщIащэр), етIуанэр, ещанэр, еханэр (слъагъур, лъагъуэм, унагъуэ). Адрей сонетхэри япэрейм и жыпхъэм тетщ. Бемырзэм и сонет Iэрамэм техникэ зэрытхам и закъуэкъым къытеувыIэн щIыхуейр. Дэтхэнэ усэми макъхэм, рифмэм, строфар зэрыухуам, ритмэм, паузэхэм (къэувыIэгъуэхэм) мыхьэнэшхуэ щаIэщ. Сонетыми ар щыбелджылыщ, ауэ нэхъыщхьэр, дауи, образхэрщ, усэм щIэлъ гупсысэхэрщ, усакIуэм и Iэзагъырщ.

И фащэм къищынэмыщIауэ, усакIуэр нэхъ зэгугъу хабзэр купщIэрщ. Эпикэм и сюжет ухуэкIэм зыкъомкIэ сонетри езыпх IэщIагъэлIхэм къахокI («тезис» – абы зэрызиужь, – «антитезис» – «синтез» – мыхэр нэхъ пасэу къагъэсэбэпу щыта терминхэщ, нобэрей щIэныгъэм тепщIыхьмэ: завязкэ – зыужьыныгъэ – кульминацэ – развязкэ). Мыпхуэдэ Iуэху еплъыкIэм дэ деувалIащэркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ лирикэм, эпосым ещхьу, къэхъукъащIэхэр игъэхъыбаркъым, къритхэкIыркъым. Лирикэр пыщIащ гурыщIэм, гупсысэм, абы езым сэтей къэщIыгъуей ухуэкIэ иIэжщ. Апхуэдэу щытми, сонетми, Бемырзэм и сонет Iэрамэми эпосым и нэщэнэ гуэрхэри хыболъагъуэ: сюжетыр еух гупсысэ хэха къызэщIэзыкъуэжкIэ. Пэжщ, ар нэхъ зи хьэл хъуар адыгэ поэзием зыщызыубгъуа «инджылыз сонет» лIэужьыгъуэрщ.

М.Л. Гаспаровым зэритхымкIэ, сонетыр совет зэманым и 30–40 гъэхэм яIэщIэхужат усакIуэхэм, «ар литературэм къыщыхыхьэжар 50 гъэхэм я етIуанэ Iыхьэрщ. Лъэужьышхуэ зиIэ сонетым къыдэгъуэгурыкIуэу щIидзащ сонет «гъэпсынщIар» е «инджылыз фащэ» зыщыгъыр (*АбАб+ВгВг+ДеДе+Жж*). Ар зи фIыщIэу къэплъытапхъэр Шекспир и сонетхэр С. Маршак IэкIуэлъакIуэу урысыбзэм къызэрыригъэтIэсарщ (1948), ахэр цIэрыIуэ зэрыхъуарщ» [11]. Адыгэ усакIуэхэм «инджылыз сонетыр» къыщIыхахам и щхьэусыгъуэр зыкъомкIэ епхауэ къыщIэкIынущ урыс поэзием щапхъэ къытрахыу зэрыщытам. А сонет лIэужьыгъуэр и ухуэкIэкIи, строфикэкIи, рифмэ къэгъэсэбэпыкIэкIи нэхъ тыншт. КъыжыIэпхъэщ а гъуэгу нэхъ тыншыр, ныбжькIэ щIалэми, Бемырзэ Мухьэдин къыхихауэ зэрыщымытар. Бемырзэм и сонет Iэрамэм и фащэр, и усэ техникэр къыщIыхэдгъэщам и щхьэусыгъуэр зыщ: къэбэрдей-шэрджэс усакIуэхэм ящыщу аращ а жанрым и классикэ лIэужьыгъуэм япэу зезыпщытауэ щытар.

Сонетхэри, сонет Iэрамэхэри нэхъыбэу къыщагъэсэбэпыр философие лирикэмрэ лъагъуныгъэ лирикэмрэщ.

Бемырзэ М. и сонет Iэрамэми фIищар аращ – «Лъагъуныгъэм сыхуэщыпкъэщ». А темэр тэмэму щызэпкърыхащ тхыгъэм. Япэ сатырым щIэлъщ философие гупсысэ: «Нэрыгъ ипщIыкIмэ, мывэ джейри мэсыр». УсакIуэм тхьэлъанэ ещIыр лъагъуныгъэм ерыщу зэрыщIэбэнымкIэ, ар макIуэ «бгы лъапэм щыдащ екIэпщIэ мэзым» фIыуэ илъэгъуа хъыджэбзым и «бампIэр къыщытеуэкIэ». Лирикэ щабэкIэ гъэнщIащ етIуанэ строфар:

Къудамэхэр къоIэбэ салъэхъэну,
Я тхьэмпэхэр къыщахъуэр си Iэгуфэм.
Сэ ахэм нэщхъеялэу сахуэгуфIэу,
ГупщысэкIэ созыжыр зы лъэхъэнэ.

Персонажым и гурыщIэхэм зыкъыдащIыр жыгхэм, дунейм. Къэгъэпсэуныгъэ художественнэ Iэмалыр екIуу къегъэсэбэп усакIуэм («Жьыбгъэм еIущащэу, похужыр хуэму жыгхэм пщIащэр…»). ГъэщIэгъуэнщ эпитетхэри. Лирическэ лIыхъужьыр жыг къудамэхэм йоплъ «нэщхъеялэу» яхуэгуфIэу. ЗэеплъыгъуэкIэзэкIуркъым гуфIэмрэ нэщхъеймрэ, ауэ усакIуэм етIуанэр тIэкIу егъэмащIэ – «нэщхъеялэу». КъыкIэлъыкIуэ сатырым гурыIуэгъуэ ещI гуфIэгъуэ дыдэу щымыт а гупсысэр сюжетым и щIэдзапIэ щIэхъум и щхьэусыгъуэр: «ГупщысэкIэ созыжыр зы лъэхъэнэ…».

Лъагъуныгъэр гурыщIэ нэхущ, дахэщ, къызэрежьэри гуфIэгъуэщ, ауэ ар цIыхухэм къазэрыхущIэкIыр зэхуэдэкъым. Бемырзэм и усэм пщащэм хьэщыкъ ищIа лирическэ лIыхъужьым и лъагъуэм тетыжкъым фIыуэ илъэгъуар, ар щIытемытыжым и жэуап къратыжыфкъым жьыбгъэми, жыгхэми, пщIащэхэми. Абы лъэхъэнэ блэкIар «езыж гупсысэкIэ», и гум «гукъеуэм щищIыжащ унагъуэ», и хъуапсапIэр «ткIуащ уэсэпсу». КъыкIэлъыкIуэ сонетхэм авторым «къыщызэкIуэцIех» и гум «гукъеуэм унагъуэ щIыщищIа» щхьэусыгъуэхэр. Лъагъуныгъэр мэхъур жэуапыншэ, адрейр дэзыхьэхар къыщохъу «щIым и бынжэ». ФIыуэ зэрылъагъухэм яку къыдохьэ жагъуэгъухэр, абыхэм ягъэулъий лъэныкъуитIри. УсакIуэм екIуу къегъэсэбэп мывэм, псым я символхэр. Сонетым и щIэдзапIэ сатырым щетх: «Нэрыгъ ипщIыкIмэ, мывэ джейри мэсыр». ЗэгуэкIуахэр зэщагъэIеин папщIэ, ар нэрыгъ зыщIахэм къагъуэт псалъэ нэпцIхэр. Аргуэру зы образ: «Псы ткIуэпсрэ пэт екъутэ псыхъуэ мывэр». Псы ткIуэпсым ирегъапщэ псалъэ дыдж жагъуэгъухэм зэрахьэр, цIыхухэм пщIы кIэлъызэрахьэхэр. Абыхэм яхуэфIокI лъагъуныгъэ щыпкъэ, псыхъуэ мывэм хуэдэу быдэр якъутэн. А псалъэ мышухэм я зэранкIэ пщащэм и гур нэгъуэщIым и дежкIэ гъэза хъуащ, щIалэри къэнащ «и пыIэри фIэхьэлъэу», «и гъащIэр гужьеигъуэкIэ гъэнщIауэ», щхьэзакъуэу къанэм насып зэримыIэжыр къыгурыIуэу.

Сонет Іэрамэм усакІуэм щыкІуэцІреш гупсысэ нэхъыщхьэр: «ЩыІэкъым лъагъуныгъэ насыпыншэ», лъагъуныгъэр жэуапыншэ хъуми, щІалэр хуэщыпкъэнущ а гурыщІэ къабзэм, лъагъуныгъэ фІэкІа Іэщэ имыІэми, ар къикІуэтынукъым, «ЩІымахуэ хъуэтым я нэхъ щІыІэр» ишэчынущ, хуабэри жыІэщІэ ищІынущ, и лъагъуныгъэм хуэщыпкъэнущ, и гурыщІэ хьэлэмэтым епцІыжынукъым. Иужьрей сатырищыр еух мы псалъэхэмкІэ:

Гугъуехь спэщІэлъыр аркъым зыщІэсІэжьэр,
Ди натІэм илъагъэнт дызэпэІэщІэу,
НэгъуэщІ щхьэгъусэм гъащІэр детхьэкІыну…

Иужь дыдэ усэм авторым къыщихь гупсысэм тІэкІу пэщІэуэхэри хэтми («Ди натІэм илъагъэнт дызэпэІэщІэу…»), сонет Іэрамэм щытепщэ лъагъуныгъэр, дауэ мыхъуми, абы гъащІэм къыщыхъу лъэпощхьэпохэм я зэран къекІми, цІыхур ерыщу щІэбэнын хуейщ лъагъуныгъэм, щыпкъагъэм.

Къызэрыхэдгъэщащи, Бемырзэ Мухьэдин мы сонет Іэрамэр щІалэ дыдэу итхащ. ИужькІэ абы и талантым хэпщІыкІыу зиужьащ, и усэ гъуэзэджэхэр, поэмэхэр зэрыт тхылъ зыбжанэ – «Уэрэду сиІэр уэрщ» (Черкесск, 1991), «ДыгъафІэ уэс» (Налшык, 1993), «Адыгэу ущытыныр гугъущ» (Налшык, 2002) къыдигъэкІащ, и усэхэр журналхэм, газетхэм къытрадзащ, языныкъуэхэри уэрэд хъуащ, ауэ гъэщІэгъуэнщ нэгъуэщІ сонети, сонет Іэрами абыхэм къазэрыхэмыхьэжар.

Шэрджэсым щыІэщ сонет жанрыр къэзыгъэсэбэпа нэгъуэщІ усакІуэхэри. Адыгей литературэми хэтщ сонет дахэхэр зи къалэмыпэм къыщІэкІахэр: Къуиикъуэ Налбий, Емыж МулиІэт, Бэрэтэрэ Хьэмид, нэгъуэщІхэри. Иужьрейм 1983 гъэм къыдигъэкІащ сонетхэр зэрыт усэ тхылъ щхьэхуэ, «Іыхьэ мыгуэш» фІэщыгъэцІэ иІэу. Апхуэдэу щытми, сонет жанрым нэхъыбэу узыщрихьэлІэр къэбэрдей литературэрщ. ИщхьэкІэ зи цІэхэр къыщитІуа ЩоджэнцІыкІу Іэдэмрэ Сокъур Мусэрбийрэ къыкІэлъыкІуащ а жанрым зезыгъэужьа къэбэрдей усакІуэ щІалэхэр.

Литературэдж, профессор ХьэкІуащэ Андрей гу лъитащ: «Ди зэманым сонетыр цІэрыІуэ зэрыхъум никъусаныгъэ гуэрхэри къыдокІуэ. А цІэр фІащри, абы и хабзэхэм зыкІи емыкІуалІэ усэхэр языныкъуэ усакІуэхэм ятхыр» [12]. ХьэкІуащэм усакІуэ зыбжанэм я сонетхэр зэпкърихыурэ къыхегъэщ жанрым и рифмэ ухуэкІэм, катренхэм я зэпыщІэкІэм хилъагъуэ щыщІэныгъэхэр. Жанрым къигъэув къалэнхэм языныкъуэ усакІуэхэр зэремыувалІэм, абыхэм сонет зыфІаща я тхыгъэхэр хуешэ усэ къызэрыгуэкІым [14].

Мысачэ Петр (1930–1987) и гъащІэ уахътыр кІыхьтэкъым, ди жагъуэ зэрыхъущи, ар къэсакъым дызытепсэлъыхь

лъэхъэнэм. Мысачэр хуэIэижьт усэ тхынми, прозэ, драматургие лэжьыгъэхэми, ауэ зы сонет закъуэщ и IэдакъэщIэкIхэм яхэтыр. Ар къэтхьынщ «инджылыз сонетыр» адыгэ усыгъэм и тепщэу къыщIалъытэм и зы щапхъэу. «Сонет» зыфIища усэр «ЕтIуанэ щIалэгъуэ» (1997) тхылъым итщ. Мыр и рифмэ гъэпсыкIэкIэ къащхьэщокIыр адрейхэм. Усэр лъагъуныгъэм теухуащ. Лъагъуныгъэм итхьэкъуа лирическэ лIыхъужьым катренищым и кIуэцIкIэ къыщеIуатэ зы гупсысэ: фIы пщIэми, Iей пщIэми, узахуэми, укъуаншэми – псори зифIри зи лажьэри уи гур зыкIэрыпщIарщ. СатыритI къэс къытрегъэзэж «уэращ» псалъэм. Сонетыр мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ щIегъэбыдэж:

Мы бжесIэ псори уэ зэхэх,
Хэди – нэхъ къапщтэри къыхэх!

Къыхихын хуейщ фIы езыгъэщIэн лъагъуныгъэр. Нэхъыбэу рифмэр авторым зэриухуэр пычыгъуэкъым, атIэ псалъэ псо къытригъэзэжурэщ. Апхуэдэ рифмэ гъэпсыкIэр языныкъуэ щIэныгъэлIхэм сонетым и хьэлу ялъытэркъым. Къэбэрдей поэзием нэхъ убгъууэ къыщагъэсэбэп «инджылыз фащэр» адыгэбзэм нэхъ къекIуу, нэхъ лантIэу жызыIи щыIэщ. Апхуэдэ IуэхуеплъыкIэм арэзы утехъуэфынукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ шэрджэс усакIуэ Бемырзэ Мухьэдин «Лъагъуныгъэм сыхуэщыпкъэщ» и сонет Iэрамэр зэрытхар классикэ хъуа «итальян жыпхъэм» итущ. Адыгей усакIуэхэу КъуиикъуэНалбийрэ Бэрэтэрэ Хьэмидрэ я сонетхэми «ящыгъыр» а фащэрщ. Къуиикъуэ Налбий усакIуэ гъуэзэджэу, прозэми драматургиеми хуэIэижьу щытащ, ауэ сонету итхар мащIэщ. Бэрэтэрэ Хьэмид (1931–1995) Адыгейм имызакъуэу, адыгэ псоми (Къэбэрдеймии, Шэрджэсми, хэхэс адыгэхэми) ящыщу япэ дыдэу сонетыр лъэпкъ усыгъэм къыхэзыхьахэм яхэтщ. Абы и усэхэр щызэхуэхьэса «МахуэщIэ» (Мейкъуапэ, 1969) тхылъым итщ сонет зыбжанэ. Ахэр лирикэм хухиха Iыхьэрщ зыхэлъыр, ауэ усакIуэм цIэ щхьэхуэ яфIищащ: «ГуфIэгъуэ сонет», «ФIыгъуэм теухуа сонет», «Дахагъэ сонет», «Гур зыгъэпсэху сонет», н.къ.

Бэрэтэрэм теориер щIиджыкIащ, куэдри егупсысащ а жанр гугъум зрипщытын ипэкIэ. УсакIуэм итхыгъащ: «Сыт нобэ щIэстхыр сонет? / Пэлъэщыфыну пIэрэ абы адыгэ усэр, / И фащэм сэ сыпэлъэщынт, ауэ / Хуэфащэ гупсысэ хэслъхьэфыну пIэрэ?». УсакIуэм фIыуэ къыгурыIуэрт сонетыр «игъащIэ лъандэрэ» жэуап зрамытыф упщIэхэм (зэманыр зищIысыр, гъащIэм и мыхьэнэр, лъагъуныгъэр, Iейр, фIыр) зэрытеухуар. А темэхэм ящыщу къыхихащ лъагъуныгъэмрэ философиемрэ. Бэрэтэрэм и сонетхэр зэхэлъщ катрену щырэ терцету щырэ зэпхауэ. Рифмэ ухуэкIэр тетщ *абаб, абаб; абба, абба* гъэпсыкIэм; терцетхэр – *ввг, ввг* е *вгд, вгд.*

1969 гъэм дунейм къытехьа япэ сонетхэм цIэ яфIищами, къыкIэлъыкIуэхэр фIэщыгъэцIэ яритакъым. Ахэр къытехуащ газетхэм, журналхэм. 1983 гъэм къыдэкIащ «Iыхьэ мыгуэш» усэ тхылъыр. Сонетхэр мы тхылъым Iыхьищу итщ: «Зэхуэмыдэ сонетхэр», «Зэхэгъэува сонетхэр», «Сонет Iэрамэхэр». Тематикэ и лъэныкъуэкIэ ахэр теухуащ лъагъуныгъэм, нарт эпосым, лIыхъужьыгъэм. Нарт эпосым хэт лIыхъужь къэс «лъысащ» зы сонет. Сонет пщыкIуплIыр теухуащ дунейм и щытыкIэм, гъэм и зэманхэм (гъатхэм, гъэмахуэм, бжьыхьэм, щIымахуэм).

Бэрэтэрэ Хьэмид ящыщщ япэу лъэпкъ усыгъэм «сонет Iэрамэр» къыхэзыхьахэми. Сонет Iэрамэу тIу иIэщ: «Щхьэгъусэм хуэгъэза псалъэ», «Псэлъыхъур – ар цIыхур фIыуэ лъагъунырщ». Мыхэри классикэ хъуа жанрым и хабзэхэм тету тхащ.

КIэщт Мухьэз (1937–2002) адыгэ усыгъэм хыхьащ лирикэмрэ эпосымрэ Iэзэу зэхэзыгъэувэ усакIуэу. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ поэмэ хъарзынэхэр, зы сонет Iэрамэ, «Жьыбгъэ» фIэщыгъэцIэ хуищIауэ [17]. Ар къытригъэдзащ 1989 гъэм. КъыщиIэт темэкIэ тхыгъэр къэплъытэ хъунущ жылагъуэ, граждан лирикэм и Iыхьэу. Абы щIэлъщ философие гупсысэ зэхуэмыдэхэр. УсакIуэм и гупсысэхэм я гъуэгугъэлъагъуэу егъэув жьыбгъэр, ар «ирожэр» тхыдэм, къеIуатэ телъыджэу щIым къыщыхъуахэр. Япэ сатырхэм къыщыщIэдзауэ усакIуэм Iэзэу къегъэсэбэп къэгъэпсэуныгъэ Iэмалыр:

ЛIэщIыгъуэ бжыгъэр хуэмыбжу,
Къежьыхьыр жьыбгъэ мыпыIэм.
Си сабиигъуэм и пыIэм
Хиуа гынымэр къехьыжыр.

Къегъэушыжыр фочышэ
Дадэ и куэпкъым щыжейхэр.
Зэман блэкIахэр къиугъуейми,
Имыгъуэтыж сэ си чышыр.

Сонет Iэрамэр зэрытхар «инджылыз жыпхъэм» итущ, катренищрэ рифмэ зэгуэгъукIэ зэпха сатыритIрэ зэкIэлъыхьауэ. Катренищыр зы рифмэ зэпхыкIэ фащэм итщ – абба. Сонет пщыкIутхуми ар къыщыгъэсэбэпащ, ауэ зэзэмызэ къыхохьэ сатыриплIри макъ зэщхь зэщIэжьыуэкIэ щыгъэпсауэ (етхуанэ сонетым и япэрей катреным и рифмэхэр – «Нагасаки – зы закъуэщ – вы бжьакъуэ – зэ нагъэсакъым»). Сонет Iэрамэм и кIыхьагъкIэ усакIуэм пхыреш диалектикэм и хабзэр – фIымрэ Iеймрэ гъащIэм къызэрыщызэдэгъуэгурыкIуэр, абыхэм яку къыдэхъуэ зэпэщIэуэныгъэхэр, ахэр зыужьыныгъэм лъабжьэ зэрахуэхъур. ЦIыхур сыт щыгъуи фIым щIобэн,

ар зэрытекIуэнумкIи иIэ фIэщхъуныгъэр кIуэщIыркъым. Гугъэр цIыхум и закъуэкъым, «Мэгугъэр щIылъэ гумащIэр, хъуапсэу удзыщIэр къыхэжым». Мыбдежым усакIуэм къыщигъэсэбэпа «щIылъэ гумащIэ» эпитетыр щIэщыгъуэщ. АбыкIэ къыщIедзэ 11-нэ сонетым и япэ строфар икIи КIэщтым ди нэгум къыщIегъэувэ теплъэ дахэ дыдэ:

Мэгугъэ щIылъэ гумащIэр,
КъыщеIущащэм пхъэIэщэр,
КъеуэршэрылIэ пхъэIэжьэм
Гъуэгу щыхигъэщIкIэ мыпIащIэу.

Сонет Iэрамэр зэщIэжьыуэ ящI аллитерацэм – макъ дэкIуашэ къытезыгъэзэжхэм. Къэтхьынщ щапхъэ: «Ды**гъэ**р, уэзды**гъэ**у, уи закъуэ, / Уи унэм щыпхуэгъэблэнкъым» (етхуанэ сонет); «Ер е**м**ышыжу **м**эпыджэ – / Гыны**м**эм хэсщ Хироси**м**э, / ЩIы**м** къыхихыжыркъы**м** щIы**м**э» (ещанэ сонет), н.къ. Бзэ шэрыуэкIэ, къулейкIэ тхащ сонет Iэрамэр. Къэгъэпсэуныгъэ Iэмалым нэмыщI усакIуэм къегъэсэбэп зэгъэпщэныгъэ дахэхэри: «Ди къуажэу бийм игъэсахэр **Iуащхьэ бэгауэ** илъщ губгъуэм»; «ЛIэщIыгъуэхэр **зэбгъуроувэ зэуэлIу**»; «Дыгъэр уэздыгъэу»; «Зэхэтщ ракетэр, **жыг пэбжу**».

Лъэпкъ тхыдэр КIэщтым IупщIу къыхегъэщ сахуэм и образымкIэ. Сахуэм «къыхотэджыкIыр сабийхэм, адэ пащIапцIэм и ныбжьыр». УсакIуэм сахуэм «псэ хелъхьэжри» ар щIалэм къопсалъэ:

Сэ сымыщIэж зи лIэщIыгъуэр
Си щхьэр щислъхьар зауэ губгъуэм.
.....
Сэ сыхисхьащ тэтэр мафIэм,
СиупщIэтащ пащтыхь джатэм.
Си сахуэ пыхьэу зелъатэр
ЩIэгъуэлъхьэжащ щIым и бгъафэм.

Пкъыгъуэ закъуэхэмкIэ усакIуэм лъэхъэнэ бзаджэхэм дахегъэплъэж – «тэтэр мафIэм» къегъэлъагъуэр адыгэхэм кърым тэтэрхэм къращIылIа зауэхэр, «пащтыхь джатэм» къызэкIуэцIехыр «Урыс-Кавказ зауэжьыр». КIэщт Мухьэз адыгэ тхыдэмкIэ къэувыIэркъым, емрэ фIымрэ щызэпэщIэтщ абы и художественнэ дунейм. ЩIылъэри, псэущхьэри, цIыхухэри щогугъ фIыр текIуэну, сонет Iэрамэри еухыр а гупсысэм епха сатыритIымкIэ:

Дужэгъукъым фIыгъуэ лъыхъуэныр:
Мэхъур ди фIэщ ди къэкIуэнур.

КIэщт Мухьэз «Губгъуэ» зыфIища и сонет Iэрамэм щIэлъ гупсысэмкIэ, и образ ухуэкIэмкIэ ар жанрым зезыгъэужь усыгъэу къэплъытэ хъунущ.

Совет лъэхъэнэм иужькIэ адыгэ поэзием сонетым зыщезыгъэужьахэм ящыщщ IутIыж Борис, Жылэтеж Сэлэдин, Уэрэзей Афлик, Ацкъан Руслан, ПщыукI Латмир сымэ.

Жылэтеж Сэлэдин (1940) ди культурэм куэд хуэзылэжьа цIыхущ: ар усакIуэщ, тхакIуэщ, кинодраматургщ, журналистщ. Сонет жанрым ит тхыгъэ зыбжани Сэлэдин и Iэдакъэ къыщIэкIащ, сонет Iэрами иIэщ. УсакIуэм и «Толъкъун гъыбзэ» тхылъым ит «Сонет» тхыгъэр [15] зэрытхар «инджылыз жыпхъэм» итущ: катрену щырэ сатыритIрэ хъууэ, зэгуэгъу рифмэкIэ зэпхауэ. Ар лъагъуныгъэм теухуащ. Лирическэ лIыхъужьыр гукIэ «йопсалъэ» фIыуэ илъэгъуам, йоупщIыр:

Уи нитIым къощыр мы дунейр,
Ар пщIэуэ пIэрэ сызэрейр?

Мы упщIэр риторикэм теухуащ, щIэупщIэращ жэуап зытын хуейр, а жэуапыр сонетым и кIэ дыдэм къыщыхьащ. Абы ипэ къихуэу фIыуэ илъагъум и нэм «дунейм и IэфIагъыр» зэрыщIэтыр жеIэ, ар йофIэкI нэгъуэщI «щитIым я нэм». АдэкIэ усакIуэм къегъэсэбэп мифологием къыхиха образ гъэщIэгъуэн:

Налкъутналмэсу пщIыпщIу вагъуэр
ЖаIэр цIыху цIыкIум ди зырызу,
Апхуэдэу щытмэ, къыслъыс закъуэр
Изотыр хэти сыарэзыуэ.

ГъэщIэгъуэнщ «и вагъуэ закъуэм» щIыщымысхь щхьэусыгъуэри:

Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, уафэ вагъуэм
ЕфIэкIыу сиIэщ уи нэр вагъуэу.

Мифологием зэрыжиIэмкIэ, цIыху къэскIэ вагъуэ зырыз щаIэщ уафэм, цIыху гуэр лIэхукIэ, «и вагъуэр ижащ» щIыжаIэри аращ. УсакIуэм и псэм нэхърэ нэхъыфIу къелъытэ фIыуэ илъагъум и нэр, «дуней псом и IэфIагъыр зыщIэтыр». Образ дахэщ, гупсысэ куукIи гъэнщIащ Жылэтежым и усэр.

Жылетэжым «ЩIымрэ цIыхумрэ» и фIэщыгъэцIэу сонет Iэрами итхащ [16]. Ар теухуащ ЩIым, Дунейм, ЦIыхум ехьэлIа философие гупсысэхэм. КъызэрыщIидзэ япэ сонетым авторым ЩIы хъурейр къызэфIегъэщI космосым щылъатэ кхъухьышхуэу, упщIэу егъэувыр: щыIэу пIэрэ ЩIым хуэдэ? Апхуэдэ дуней дахэ зиIэ? Щыхум я къалэн нэхъыщхьэу, я

анэмэту ЩIыр щытын зэрыхуейри жеIэ. КъыкIэлъыкIуэ сонетым а гупсысэр щыщIегъэбыдэжыр А. Экзюпери и псалъэхэмкIэ: «Нэху укъекIам – хуэсакъ планетэм...». АдэкIи къыпещэ: «ЦIыхур псэуну къыщигъэщIкIэ, / ЩIым хуэпсэунырщ къыщIигъэщIыр». ЦIыхур дунейм текIыжми, къигъэнэн хуейщ лъэужь дахэ.

УсакIуэр убгъуауэ топсэлъыхь ЩIыгум, Дунейм нэхъ телъыджэ дыдэу къытехьа цIыхум и гъащIэм, гупсысэкIэм, и къалэнхэм, и псэм зэрызиужьым. Дунейм псэущхьэу тетым цIыхур къащхьэщокI и акъылкIэ, и псэкIэ, и зэфIэкIкIэ, аращ и къалэнхэри щIэнэхъыбэр. УсакIуэм а гупсысэхэр ирепх зэманым, цIыхум и тхыдэм, мывэсэ къэзыгъэсэбэпу щытахэм я деж къыщышIэдзауэ нобэрей цIыхум и деж къэсыху. ЦIыхум и акъылым зиузэщI зэпытми, ар и щхьэм щемыупщIыжыр куэдыкIейщ, абы къыхэкIыу къохъур «зытет къудамэр щыпиупщIыж».

Сонет Iэрамэм Жылэтежым нэхъ зытригъащIэр цIыхугъэрщ. Аращ иужьрей сюжету «къызэщIэзыкъуэжым» (епщыкIутхуанэ сонетым) къыщыгъэлъэгъуари:

Мы щIы хъурей къызэфIэгъэщI
Ди анэмэту цIыхуу хъуам...
Ар тхуэхъуэжын?.. ЩыIэ нэгъуэщI?..

ЩIыракъэ псэщIэ къызыщыхъур!
Ди цIыху акъылым иту хъуар
ЩIым хуэпсэунырщ къыщIигъэщIыр...
ЦIыхупсэр хъуапсэу къыщыхъуам...
Псэм къищIэжа къызыфIегъэщIыр...

Щхьэ и щхьэм ЦIыхур емыупщIрэ?!
ЩIым и сэбэп а Псэм ищIа?
Мурадхэр дауэ хуихуат
МэзылI мывэсэр зи Iэщам?
Аращ а ЦIыхур зыгъэгугъэр –
Щыхэлъым дежщ абы ЦIыхугъэ...

И фащэкIэ Жылэтеж С. и сонет Iэрамэр «инджылыз» жыпхъэм иту тхащ. Рифмэ зэпхыкIэ елъытауэ гу лъытапхъэщ сонетым и хабзэр усакIуэм щикъути къызэрыхъум, ауэ макъ дэкIуашэхэр къытригъэзэжурэ абы хузэфIокI усэм и макъамэр IупщI ищIын. Абы убгъуауэ къегъэсэбэп зэрыупщIэ, хэIэтыкIа нагъыщэхэр, куэд дыдэри точкищыр къегъэсэбэп. Иужьрейм щIэджыкIакIуэр егупсысыну къыхуреджэ, езы усакIуэм жиIэм мыхьэнэ зыбжанэ зэриIэр, абыкIэ псор зэримыухар кърегъащIэ.

90 гъэхэм адыгэ литературэм къыхыхьа усакIуэ щIалэхэм къахэкIащ сонет жанрыр къэзыгъэIурыщIахэри. Абыхэм ящыщщ ПщыукI Латмир (1975). И IэщIагъэкIэ ар дохутырщ, ауэ къэбэрдей-шэрджэс поэзиеми лъэ быдэкIэ хэуващ. УсакIуэм 1991 гъэм «Iуащхьэмахуэ» журналым къытрыригъэдзащ «Иджырей гупсысэ» зыфIища сонет Iэрамэр [19]. Латмир и сонет Iэрамэри зэрытхар «инджылыз жыпхъэм» итущ – катренищым кIэух сатыритI щIыгъужауэ. Темэ нэхъыщхьэр цIыхумрэ лъэпкъымрэ я зэхущытыкIэрщ, аращ зэриухыр тхыгъэри:

Пэш нэщIыр щымщ икIи зэшыгъуэщ,
Гупсысэм ебгынэж си унэр.
СызоупщIыжыр сигу мызагъэу,
ЕпщIар гупсысэм къысщIэкIуэну?

Си гум псэхупIэ щигъуэтыжым,
Зыгуэр къоуIу аргуэру си бжэм.
IуокIыж мыцIыхур къысхущIэбжэу,
Йгу къуэпсхэр пщIэуэ зэрыгъужыр.

Лъитакъым куэдрэ гу си лъэпкъым,
КъызиIуэкIыжыр арщ мыцIыхум…
ПкъролIыкIыжри си Iэпкълъэпкъым,
БгъэдокIуэтыжыр си гур цIыхухэм.

Аращ игъащIэм щIым щыхабзэр
Хуэныкъуэщ цIыхур цIыху псэ къабзэ.

Жанрым и хабзэм тету, усакIуэм а иужь сонетым и сатыр къэс «къытреухуэныкI» адрей сонет пщыкIуплIыр – япэ ит сонетыр зэриух сатырымкIэ къыкIэлъыкIуэр къыщIедзэр. Ауэ Латмир абыкIэ къэмыувыIэу сонет щхьэхуэхэм я кIуэцIым деж сатырым е гупсысэ пыухыкIам къыщытрегъэзэж. Япэ сонетым и етIуанэ катренымрэ ещанэмрэ къыщытрегъэзэжыр «КъызжиIэ хъумэщ и фIэщыпэу» сатырым, апхуэдэщ еплIанэ сонетри: «ХьэщIапIэ къакIуэхэр къехъуапсэу». Рифмэ ухуэкIэхэр шэщIауэ зы хабзэм щытемыт ухуэзэми, ПщыукIым и тхыгъэм и макъамэр щызэпыуд къэхъуркъым, катренхэм я кIэуххэр сатыриплIым щызэщIожьыуэ: япэм – *зэшыгъуэщ, щIэщыгъуэщ, жеигъуэ, шыугъэ*; етIуанэм – *си унэр, зыщыIуну, къыщигъуэтыну, яхигъэIуэну*; ещанэм – *мызагъэу, Iэзэгъуэ, тхьэгурымагъуэу, зэ уэгъуэм*, н.къ.).

Сонет Iэрамэм ПщыукIым Iуэхугъуэ зыбжанэ къыщеIэт, усакIуэм и «гупсысэм» щIыпIэ куэдым къыщекIухь. Ар «кIуэцIрокI» тхыдэм, къепщытэжыр ди лъэпкъыр вакъэ зэв щихуэгъа зэманхэри:

Си лъэпкъыр лIапIэм и щIэплъыпIэм
Къэхъуащ мыдзыхэу щекIуэлIапэ,
КъэкIуэну лъапIэр хъуат и плъапIи
Абы щIитыфырт и лъы IэмпIэ.

УсакIуэм къыхегъэбелджылыкI: «Лъэпкъым и къуэпсыр зэкъуачами, и лъабжьэр зыми хуищIыкIакъым». Ар псалъэ узыншэщ, ауэ гукъанэ зыхэлъ нэгъуэщI псалъи адэкIэ педзэжыр: «Зэрызэкъуачым и Iэпкълъэпкъыр лъитакъым куэдрэ гу си лъэпкъым». Сюжет зызыужь мы сонет Iэрамэм зэриIэм нэмыщI, усакIуэм тхыгъэм персонаж щхьэхуэ хегъэхьэ, «МыцIыху» фIищауэ. Ар лирическэ лIыхъужьым и псэлъэгъу хъуну хэтщ, ауэ «бжэр хуIуахкъым». Иужь дыдэ сонетым деж «гупсысэми» ебгынэр унэр, «МыцIыхури IуокIыжыр къыхущIэбжэу», «И гу къуэпсхэр пщIэуэ зэрыгъужыр». Сонет Iэрамэр еух мы псалъэхэмкIэ:

Аращ игъащIэм щIым и хабзэр,
Хуэныкъуэщ цIыхур цIыху псэ къабзэ.

Псалъэ къызэрыгуэкIхэщ, ауэ куэдым уезыгупсысщ. УсакIуэм «гупсысэр и гум хуиту иреутIыпщхьэ», абы лъапсэ щищIу и псэм, цIыхухэм, лъэпкъым хуигъэлэжьэну. Бзэ, хъэтIыр дахэ зыщI Iэмал я лъэныкъуэкIэ Латмир зэфIэкI зиIэ, эпитет, метафорэ, зэгъэпщэныгъэ щIэщыгъуэхэр къэзыгъуэтыф усакIуэу зыкъыщигъэлъэгъуащ мы сонет Iэрамэм. Мыр щитхам щыгъуэ, ПщыукIым и ныбжьыр илъэс 16 ирикъуа къудейт.

ПщыукI Латмир иужькIи мы жанрыр IэщIыб ищIакъым, абы и Iэдакъэщ IэкIхэм ящыщщ «Сонет кIасэ» фIэщыгъэцIэ иIэу «Къэбэрдей усэм и антологие» тхылъым ихуар [19]. Мы сонетми «щыгъыр» инджылыз фащэщ. «Сонет кIасэм» лъагъуныгъэ гурыщIэ дахэр гуфIэгъуэм хуэзымышэ щхьэусыгъуэхэр къыщеIуатэ усакIуэм. ЗэгуэкIуахэр зэпэжыжьэщ, зэпэжыжьэ къудейкъым – жэуапыншэщ зым и лъагъуныгъэр, абы хужыIэркъым: «Къэгъэзэж!». УсакIуэм лъагъуныгъэр ирегъапщэ уаем:

Уэнжакъым ищтыхъырти Iугъуэр,
ЩIымахуэр къэсауэ си гугъэт.

Зэуэ жимыIэми, хьэкум уигъэхуэбэжыркъым, лъагъуныгъэм и мафIэр зэхокIыж. ФIыуэ илъагъур зым и дежкIэ псынэпсым хуэдэу къабзэт, фIэкIуэдам и «лъэужьхэм епсалъэрт», хуэзэшт, ауэ:

Уэнжакъым ищтыхъырти Iугъуэр,
Зэманыр къэувыIэу си гугъэт.

Уэнжакъыр символ мыхьэнэ зиІэ псалъэ щохъур усэм, ар зыхэт сатырымкІэ къыщІедзэ сонетым («Уэнжакъым ищтыхьырти Іугъуэр»), абыкІи еухыр иужьрей сатыритІыр. И япэрейри – «Іугъуэр зэрыщтри» – метафорэ хъарзынэу къигъуэтащ усакІуэм.

Бицу Анатолэ (1946) адыгэ усакІуэ пажэхэм ящыщщ, абы и Іэдакъэ къыщІэкІащ усэхэр, поэмэхэр, литературэ очеркхэр, и псалъэхэр щІэлъу уэрэд куэди дунейм къытехьащ. Бицум 1971 гъэм Мэзкуу дэт литературэ институтыр къиухащ, усыгъэм ехьэлІа теориеми фІыуэ щыгъуазэщ. ТхакІуэ къэс езым къыхехыж къигъэсэбэпыну жанрыр, ар тэмэмщ. Усыгъэр фІы хъуами, Іей хъуами зэлъытар жанрыракъым, атІэ Іэзагъэрщ. Зи гугъу усакІуэм езым игъэбелджылауэ иІэр зы сонет закъуэщ [20]. Езы усакІуэми къыджІащ нэгъуэщІ сонет зэримытхари, а иуса «Сонет» закъуэм дежи ар щыжеІэ: «Сонетым зэи сэ сыдихьэхакъым». Абы Бицум эпиграфу къыхуихьащ А.С. Пушкин и псалъэхэр: «Суровый Данте не презирал сонета». АбыкІэ тхылъеджэхэм ягурегъаІуэ сонетым и «Іей зэрызэримыхуэнур». УсакІуэм къыхихар а жанрым и фащэ нэхъ гугъуу ялъытэ, «классическэ» эпитетыр зыхуагъэфэща «итальян сонетырщ». Ар зэхэлъщ катрену тІурэ терцету тІууэ, гупсысэ нэхъыщхьэр и кІэм хьауэ. Ари текст псом «къыщІэкъузыкІауэ» щыткъым: усакІуэм и гупсысэр хэпхъащ строфа къэс, абы зеужь динамикэ хэха иІэу:

Сонетым зэи сэ сыдихьэхакъым.
«Ибгуэныр» уи гупсысэр къупхъэм гугъущ.
ИтІани усэ зытххэм уахыхьакъэ, –
СонеткІи мэхъу бгъэлъагъуэ уи Іэзагъэ.

Шекспир, Петраркэ, Данте хъуа къафІэщІу,
Сонетым нобэ щыІэщ ириджэгу.
Уэ зы «Евгений Онегин» къэгъэщІи,
Сонетыр къыпхудэшэм еплъ уи жьэгу.

УсэфІым къегъуэтыж езым и къупхъэр.
СылъэщІэмыхьэу си гупсысэр щІэпхъуэм, –
Къыжьэдэскъуэну сэ ар сыхуэмей.
Сэ къыпысхыну сызыхуейр Іэзагъэм –
Стхар цІыхум и псэм дыхьэу и гур загъэмщ,
И гъэр «Іэзагъэм» сремыхъу къудей.

УсакІуэм къелъытэ усэфІым и къупхъэр езым къигъуэтыжыну, абы «сонетым ириджэгухэм» чэнджэщ ярет – «уэ зы «Евгений Онегин» къэгъэщІи, сонетыр къыпхудэшэм еплъ уи жьэгу». Къызэрыхэдгъэщащи, А.С. Пушкин и романым

строфахэр сатыр пщыкIуплIу щыгуэшащ, я рифмэ ухуэкIэри зэщымыщхэу, ауэ строфа къэскIэ къыщытригъэзэжу гъэпсащ, «онегинскэ строфакIэ» еджэу. Ар хьэлэмэтщ, ауэ Бицум гу зылъыдигъатэр романыр «урыс гъащIэм и энциклопедие» щIэхъуа художественнэ лъагагъырщ, и купщIэ бейрщ. Усэм и техникэми мыхьэнэ иIэщ, ауэ нэхъыщхьэр абы къикI мыхьэнэрщ, купщIэрщ, жыIэкIэ дахэрщ. Езым зэритхам тету усэр цIыхум и псэм дыхьэу и гур игъэзагъэмэ, усакIуэр хъуркъым «Iэзагъэ» гъущэм и гъэр.

Ауан хэлъщ Бицу Анатолэ усакIуэ гуэрхэм яхуэгъэзауэ «Сонетым нобэ щыIэщ ириджэгу» щыжиIэкIэ. Ар щIитхыр усэр «псалъэзэблэдзым» хуэзыгъэкIуэну хущIэкъу языныкъуэ усакIуэхэрщ. Адыгэ усакIуэхэм я нэхъыбэр зыхущIэкъур усэм и фащэмрэ щIэлъ гурыщIэ-гупсысэмрэ зэпэшачэу, «гум къеIэу» ар къэгъэщIынырщ. А гъуэгу пэжым темылъэбэкъукIыу быдэу тетащ Уэрэзей Афликрэ IутIыж Борисрэ. Куэд дыдэ хуилэжьащ а жанр гугъум Ацкъан Руслани.

Уэрэзей Афлик (1947–2016) 70 гъэхэм адыгэ литературэм къыхыхьахэм ящыщщ (япэ усэ тхылъыр – «Нэхущ удж»» – 1985 гъэм къыдэкIащ). Уэрэзейм и япэ усэ тхылъым ихуащ «Тхыдэ» [22] зыфIища сонет Iэрамэр, нэхъ иужьыIуэкIэ итхащ аргуэру зы сонет Iэрамэ – «Лъэхъэнэм къыхэIукIыж макъхэр». ТIури зыхыхьэр граждан лирикэрщ, я темэ нэхъыщхьэр лъэпкъ Iуэхурщ.

«Тхыдэ» сонет Iэрамэр зытеухуар и фIэщыгъэцIэм наIуэу егъэбелджылы. Зэрытха фащэр адыгэ усыгъэм зыщызубгъуа «инджылыз» сонет лIэужьыгъуэрщ. Мы сонетым Уэрэзейм екIуу къыщегъэсэбэп пейзажыр, дуней къэхъукъащIэхэм «псэ хелъхьэ». Къэгъэпсэуныгъэ Iэмалым, зэгъэпщэныгъэ, эпитет хьэлэмэтхэм дащыхуозэ усэм. Абы и щапхъэу къэтхьынщ сонет Iэрамэм и япэ сатырхэр:

Губжьауэ жьыбгъэр къоуэ си щхьэгъубжэм,
Губжьауэ си унэбжэр къызэIуедз.
Си пэшыр нобэ хъуащ кIуэцIрыкIыбжэ –
Зэман блэкIам и уэшхыр къызэпхедз.

Мыбы хэтщ усэм и макъамэр зэщIэжьыуэ ящIу макъ *жь*-р, «губжьауэ» псалъэми сатыритIым я пэщIэдзэм къыщытрегъэзэж, абыи динамикэ хелъхьэ тхыгъэм. Аллегорие мыхьэнэ иIэщ еплIанэ сатырым: «Зэман блэкIам и уэшхыр къызэпхедз». ЖыIэгъуэ дахэу зэрыщытым имызакъуэу, псалъэухам дыхешэ сюжетым, тхыдэ блэкIам зэрыхэплъэнур къыдегъашIэ. Мы пэщIэдзэ сонет дыдэм и етIуанэ строфам ущыхуозэ лирикэр гум кIэрыпщIэ зыщI образ: «Балий мыхъуар жыг щхьэкIэм къыпыхуащи, жыг лъабжьэм щэхуу нэпсыр къыфIыщIож».

Мыхэр лъэпкъым и блэкIам уезыгъэгупсыс псалъэщ, дахэу икIи купщIэ ин хэлъу жыIа хъуащ.

ЕтIуанэ сонетым лирическэ лIыхъужьыр жьыбгъэм «епсэлъэныр» щызэпигъэукъым, ар абы йоупщI: «Сыт хъийм ущIикIыр, жьыбгъэ, зыбукIыжу?». Пшэ фIыцIэжьхэр абы къыщхьэщихуэми, уафэм къоплъых мазэр, «къыщIокIэрахъуэр пэшым лIэщIыгъуищэ». А зэман кIыхьым теухуа гупсысэхэр хэпхъащ сонет Iэрамэм. Ери фIыри щыкуэдщ щIылъэм. УсакIуэм егъэщIагъуэ цIыху зэман кIэщI дыдэкIэ дунеишхуэм тетыр щIэнэпсейр, «игъэункIыфIыну вагъуэхэр щIыфIэфIыр», «мафIэ лыгъэ щIым щIридзыр».

Усэр усэ зыщIыр абы щызэфIэгъэува образхэрщ. Уэрэзейм и Iэзагъыр IупщIу дэзыгъэлъагъур къигъуэт Iэмал хьэлэмэтхэрщ, зэгъэпщэныгъэхэрщ. Ди лъэпкъым къару куэд ирихьэлIащ и лIыгъэр жырым къыхэщIыкIа IэщэкIэ къигъэлъэгъуэн щхьэкIэ. Ари лъэпкъыр зэрыгушхуэ хьэлщ, ауэ абы нэхърэ нэхъыщхьэ щыIэщ: «Жырыр улъиймэ, мэхъур бгъэцIууж, улъия напэр хъунукъым птхьэщIыж». Афлик мы сонет Iэрамэм щIэх-щIэхыурэ къыщегъэсэбэп мазэр, дыгъэр, жьыбгъэр, абыхэм «псэ яхелъхьэ», къалэн ящещIыр гупсысэ щхьэхуэхэр къызэкIуэцIыхыныр. Вагъуэижым «и бзийхэм жэщ кIыфIыгъэр» ягъэсыжыр, ар дыдэр ящIэр пщэдджыжь дыгъэм и бзийхэм. Дунейм и дахагъымрэ щIыгум щекIуэкI хьэлэбэлыкъхэмрэ щызэпешэчыр усакIуэм и тхыгъэм. Къигъэсэбэп художественнэ Iэмалхэр щIэщыгъуэщ, узыIэпашэ. Псалъэм папщIэ, уагъэпIейтей мыпхуэдэ псалъэхэм:

Къызэригъэщ Iрэ щыму щыта къырхэм
Я макъыр джэрпэджэжкIэ ялъэщIыж.
КIапсэлъэрышэу заIэтащи къурухэм
Зэпачыр дыгъэ бзийхэр, зэпащIэж.

Уэрэзей Афлик и сонет Iэрамэм нэпкъыжьэу телъщ адыгэ хьэл-щэныр, лъэпкъ гупсысэкIэр, абы хэтщ ди мифологием и нэщэнэхэри: «Нэхъыжьхэм уанэр шым трамылъхьам, / Шыхулъагъуэр уэгум щрамыкъухьам, / Кхъухьлъатэр нобэ пхыкIыфынт пшэ хужьхэм?» Мыбдежым усакIуэм зи гугъу ищIыр Шыхулъагъуэм пыщIа адыгэ мифырщ.

АдыгэмитхыдэжыжьэмкъыщыщIэдзауэкъыдогъуэгурыкIуэ адыгэшыр. Аращ шым и образыр, абы пыщIа IуэхугъуэхэрIуэрыIуатэми иджырей литературами убгъуауэ щIыхэтыр. Уэрэзей Афлик и усыгъэхэми, мы зи гугъу тщIы сонет Iэрамэми ущыхуозэ абы: «Сихьэнт уафэгум, зысIэтынти хуэму, / Шу гъусэу жьыбгъэм сыкъищтэну сщIам» (V сонет); «ИкIуэдыкIынкъым уэгум фи Шыхулъагъуэр (IX сонет); «Жьы езэшам и уанэ

зэщIэлъхьауэ» (XIII сонет); «Шыхэм я лъэмакъыр арауэ сфIощIыр щIэзджызджыр мы дунейр» (XIII сонет); «Нэхъыжьхэм уанэр шым трамылъхьам» (XIV сонет).

Хэкум теухуа темэм Уэрэзей Афлик зыщрегъэужь иджыблагъэ итха «Лъэхъэнэм къыхэIукIыж макъхэр» сонет Iэрамэми. УсакIуэм Iэзэу къегъэсэбэп аллегориер, «псэ хелъхьэ» дуней къэхъукъащIэхэм. Япэ сонет Iэрамэм символу къищтар «жьыбгъэрамэ» («Жьыбгъэм унэбжэр зэIуедзри» адыгэм и тхыдэр зэпха лIэщIыгъуищэр «къыщIедзэр» унэм, «блэкIам и уэшхыр къызэпхедз»), иужьрей сонет Iэрамэм тхыдэр зэфIэзыгъэувэжыр, къэзыIуэтэжыр «макъхэрщ». А гупсысэ дыдэр хэтщ сонетым и фIэщыгъэцIэми – «Лъэхъэнэм къыхэIукIыж макъхэр».

Сонетыр, къызэрыхэдгъэщащи, зыхабжэр лирикэ жанрхэрщ. Уэрэзей Афлик и сонет Iэрамэр зэхэухуэнащ лирикэмрэ эпосымрэ я хьэлхэмкIэ. Япэ сонетым щыщ къэтхьынщ эпосым ещхьу:

ЛIэщIыгъуэм къыпещэж лIэщIыгъуэ,
Зэманым тхыдэр зэхуехьэс.
ЩIыр мэкIэрахъуэ. И щIэщыгъуэу
КъыщIокIыр дыгъэр махуэ къэс.

Ауэ сонетыр зэриух сатыритIым лирикэм дыхуешэж:

Гъуэгу зытехьар IэщIэмыужагъуэу,
ЩIышхуэр дыгъэпсым кIуэцIегъэс.

Иужьрей сатырым философие гупсысэ щIэлъщ, ар лирикэкIи гъэнщIащ. Дыгъэм гъуэгу нэху трегъэхьэр махуэщIэ къэхъуар, ар тетынут а гъуэгу нэхум, «къыхуэмызатэмэ пщIыупс», «цIыху щхьэрыуар игъэжэкъуэну». Мы гупсысэхэр къегъэсэбэпри, усакIуэм экспозицэ ищIауэ япэ сонетым щыщIэдзауэ дыхешэ Iуэху къыкIэлъыкIуэнухэм. Афлик къеIэтыр дунейм ену тет, гъуазджэм сыт хуэдэ зэмани тет темэхэм ящыщ зы (фIыр – Iейр; дахэ – гущыкIыгъуэ; лъагъуныгъэ – лъагъумыхъуныгъэ, н.къ.) – щхьэр, гур, псэр зэрызэхущытыр. Нэхъыбэу лирикэм щызэпэщIэуэр щхьэмрэ (гупсысэмрэ) гумрэщ (гурыщIэмрэ). Уэрэзейм зэпешэчыр гумрэ псэмрэ:

Псэр псэуфынут мыныкъуакъуэу,
Пшыналъэм игъэдахэу и бзэр,
Иримыкъужыр гум и закъуэщ,
Нэпсей къэхъуху псэм трикъузэу.

УсакIуэм гур «егъэкъуаншэ» цIыхур нэпсей зэрищIым щхьэкIэ, «дыщэ жаIамэ», гур мэхъу лъэпсынщIэ, йобэкъуэжыфыр

и нэмысым, щIызэхуихьэсри имыщIэу, къэмыувыIэжыфу зэхуихьэсу. ЦIыху хьэлым мыхъумыщIэу къыхэхуэхэр сэтей къещI, ар къызыхэкIыр къихутэну хэтщ усакIуэр.

«Дыщэм» зи акъыл зэщхьэщихуахэр, зи щхьэ темылъ тезылъхьэхэр хуейкъым я тхыдэр ящIэжыну, ахэр дунейм тетщ «нэщхъыцэу, хуемыплъэкIыжу выгухэм я шэрхъ кIыргъым, хы Iуфэм щызэбгриша хьэдагъэм». КIэщIу, акъыл хэлъу усакIуэм къиIуэтэжащ Кавказ зауэжьым и зэранкIэ адыгэхэм я хьэдагъэр дуней псом зэрыщызэбграшар. Мы зэманми, япэм ещхьу, уэс къесми, дыгъэр къепсми, гъащIэр къэмувыIами, ди лъэпкъым и хьэдагъэм «игъэудэIуфакъым кхъухьыр нобэм къэс, иджыри къэскIэ бгыхэм жьыр щокъугъыр». Лъэпкъ дамыгъэ къезыт образу шыр къыхегъэхьэ сюжетым:

Мэщыщыр уанэгу нэщIу шыр иджыри,
И макъ нэIуасэр къыхуэмыгъуэтыж.
.....
Мыужьыхыж толъкъун къуэукъубеяри –
И лъабжьэм щIэлъщ зэфIари зэбияри.

Риторикэм тет, жэуап къызрамытыж упщIэ егъэув авторым: «Хым щIызэхилъхьэр ноби хэт и гъыбзэр? / Хым ноби зыхуигъэшыр хэт и гъыбзэр?». ГурыIуэгъуэщ ар зэрыадыгэр. Еханэ сонетым щIэдзапIэ строфа хуохъур дунейм и сурэт гъуэзэджэу усакIуэм образ дахэкIэ ди нэгу къыщIигъэхьэр:

Толъкъун уфафэу щхьэщосыкIыр кхъухьыр,
Хы ныджэм дыщэ пшахъуэр толыдыкI.
Хы Iуфэм щыму дыгъэ къыщхьэщыхьэм
Дыщэ IуданэкIэ псы щхьэфэр тредыкI.

Дыщэ IуданэкIэ дэныр адыгэ цIыхубзхэм я IэщIагъэ дахэу къогъуэгурыкIуэ, мыр лъабжьэ ещIри Афлик «дыгъэм хы щхьэфэр трегъэдыкI». Усэр жыIэгъуафIэ, щIэщыгъуэ ещI псалъэ къытезгъэзэжхэм («хы», «дыщэ»), макъ дэкIуашэ «р», «ф», «щ»-хэр сатыр къэс хэпхъауэ зэрыщытым.

Лирикэр ещхькъым эпосым, абы къыщрагъэкIуэкIкъым хъыбар кIыхь, къыщратхэкIкъым къэхъукъащIэхэр зэкIэлъыхьауэ. УсакIуэ-лирикым хузэфIокI псалъэ мащIэкIэ гурыщIэр къигъэлъэгъуэн, гуфIэгъуэм е гукъеуэм уригъэгупсысын, ахэр образкIэ зыхыуигъэщIэн. Зи гугъу тщIы сонет Iэрамэм ар щыхузэфIэкIащ Уэрэзейм. Тхыдэм къызэрыжиIэмкIэ, адыгэ куэд тенджыз ФIыцIэм хэкIуэдащ. Ахэр Хэкум ирагъэкIауэ Уэсмэн империем щыкIуэм, кхъухькIэ яшэрт. ЦIыху лей куэд ирагъэтIысхьэрти, кхъухьхэр щIэтIысыкIырт, сымаджэ хъуахэр, лIахэр псым хадзэрт. А

гуІэгъуэр Уэрзей Афлик и сонет Іэрамэми къыхегъэщыр, къетхэкІ куэд къыщимыгъэсэбэпу. Символу къищта «макъыр» усакІуэм хуешэ гъыбзэм, ар и Іэпэгъущ ди тхыдэ гущІэгъуншэм. Тыншкъым мыпхуэдэ упщІэм жэуап ептыну:

Хым щІызэхилъхьэр ноби хэт и гъыбзэр?
Хым ноби зыхуигъэшыр хэт и гъыбзэр?

Щыхум и гъащІэр зэхэзытхъуэр, бэлыхь куэдым хэзыгъэтыр мылъкурщ, нэпсеягъэрщ. Абы зы псалъэкІэ йоджэ авторыр – «дыщэ». А дыщэм хущІобжэ макъхэр:

Дыщэ щІэлъэІуу махуэ къэскІэ къаджэу,
Макъ гуэрым къримытрэ псэхупІэ?
Зыгуэрхэр къытридзэм пцІанэу ныджэм,
Дыщэм къохъулІэр зыщІэхъуэпс гугъапІэр.

УсакІуэм жеІэ «нэм къиплъыхь псори дыщэу дунеишхуэм», а псори цІыхухэм тыгъэ яхуищІауэ, ауэ гурыІуэгъуейщ, цІыху цІыкІур абы щІэфыгъужу зезыхуэр «и жып щІэншэр иущІауэ». УсакІуэм хъарзынэу къигъэсэбэпащ «жып щІэншэ» эпитетыр. Ебланэ сонетым дыщэм насыпышхуэ зэрыхэмылъыр къыщегъэлъагъуэ усакІуэм:

ЩІыхур мэгуфэ, дыщэм ирагъэщхьым,
Ауэ дыщэ бжьакъуэ хуейкъым щыхьыр.
Дыщэ пыІэ щхьэратІагъэкІэ, пащтыхьым
Къыхуэгъуэтыжкъым фІэкІуэда и щІыхьыр.

ЩІыхум и щІыхьыр, уасэу иІэр зэлъытар и мылъкуркъым, атІэ цІыхугъэрщ. Араш мы сонетым и гупсысэ нэхъыщхьэр. Гуауэр цІыхум, лъэпкъым щыгъупщэркъым. Ар ящыз-мыгъэгъупщэм щыщ зыщ гъыбзэр, ижь-ижьыж лъандэрэ ди Іуэрыуатэм, литературэм къыдэгъуэгурыкІуэ жанрыр. Усэ Іэрамэм усакІуэм щетх ар и псэм зэикІ зэрыхэмыкІыр, «пшагъуэм игъэпщкІуф къыфІэщІми гъыбзэр», псэр хэмыкІауэ, гъыбзэри абы хэкІынукъым. Гъыбзэм къаруушхуэ иІэщ, абы и пшыналъэм «къагъэкъуалъэр» тенджызыр, «къегъэчэфыр мывэ дыдэр, дыщэм и закъуэщ ар зыхэзымыщІэр». Иужьрей псалъэмкІэ усакІуэм сэтей къещІ дыщэм и «хьэл мыхъумыщІэхэм» ящыщ зы – гущІэгъуншагъэр.

Адыгэ гупсысэкІэм, лъэпкъ менталитетым и щэну Уэрэзейм и сонет Іэрамэм хеухуанэ шым теухуа гупсысэхэр. Шым и образыр гъуэзэджэу къыщигъэсэбэпащ КІыщокъуэ Алим и лирикэм. А гъуэгум тетщ Уэрэзей Афлики. Мы сонетым ауан щещІыр «Хамэ шхуэмылакІэм зыкІэрищІэу, езыр зытеса шыр Іэдэж зыщІахэр»:

ШэсыжыфынкIэ хъунукъым и хуарэм,
Апхуэдэ лейр шым имыгъэгъу.
Уигъэшэсынкъым и шым нэгъуэщI гуэрым,
ЗигъэбзэIэфIу, уищIми ныбжьэгъу.

Мы сатырхэм щIэлъ гупсысэр пэгъунэгъущ адыгэ псалъэжьым – «уимыш умышэс» жыхуиIэм, ауэ усакIуэм дыщIегъур гъащIэр шыгъажэм зэрыхуэдэр, абы зиш темысхэр, зиш зэзымыпэсыжхэр зэрыхамыгъэхьэр. ЦIыхур иш тесыжын къудейкIэ зэфIэкIыркъым и къалэнхэр. Абы и шы тесыкIэ, езым и макъ иIэжын хуейщ, къызыхэкIа лъэпкъыр, и къупщхьэр, лъэпкъым и тхыдэр «щызыгъэпщкIухэр» ищIэн хуейщ. Абы жэуап «зэреттыфыну псалъэр зэи итхакъым ди псэм и чысэм», – жеIэ усакIуэм, лъэпкъ псом къабгъэдэкIыу. «Макъ» образыр, псалъэр гъэнщIащ щIагъыбзэхэмкIэ. ЦIыху къэс, лъэпкъ къэс езым и макъ иIэжын хуейщ:

Ебгъэхьыжамэ уи макъыр гъуэжькуийм,
Узэхахкъым, сыт хуэдизри кIий!

Аргуэру зэ епщыкIуплIанэ сонетым макъымрэ дыщэмрэ зэпэщIегъэувэ усакIуэм: «Макъ къабзэм дыщэр хуэхъуфынкъым пщалъэ». Дунейм и къэхъукъащIэ псоми макъ яIэжщ. ЦIыху къэси и макъ иIэжын хуейщ. УсакIуэм дунейр губгъуэшхуэу къызэфIегъэщI, абы гъащIэм шыгъажэ щещI:

Шыгъажэм хэтхэм яуфэбгъур губгъуэр,
ЩIыгулъым хуагъэIуфым макъ щIэщыгъуэ.

Апхуэдэ узыгъэгупсысэ псалъэхэмкIэ еух Уэрэзей Афлик и сонет Iэрамэр. УсакIуэм и сонет IэрамитIри къехъулIащ, я художественнэ лъагагъкIи, я зэхэлъыкIэкIи, гъэщIэрэщIэкIэкIи. Ахэр къэлъытапхъэщ сонет жанрым зиужьынымкIэ хэлъхьэныгъэ щхьэпэу.

Адыгэ усакIуэхэм ящыщу сонет нэхъыбэ зытхар Ацкъан Русланщ (1947). Абы и IэдакъэщIэкIхэр я темэкIи, ухуэкIэкIи, фащэкIи зэтехуэркъым. Адрей адыгэ усакIуэхэм я нэхъыбэм къагъэсэбэп «инджылыз сонет» фащэр куэду хэтщ абы и поэзием, ауэ «итальян сонет» гъэпсыкIэри IэщIыб ищIыркъым. Ацкъаным и сонет куэдым лъабжьэ яхуэхъуащ псэукIэм, цIыхугъэм, адыгагъэм, нэмысым хуэгъэза гупсысэхэр. ЦIыхум и хьэл мыхъумыщIэхэр сэтей къэзыщI сонетхэми урохьэлIэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, усакIуэм «ТхьэмыщкIэщ хэтми мылъкум дихьэхар» и сонетыр. Мыр и зыхэлъыкIэкIэ «итальян» сонетщ: катрену тIурэ терцету тIууэ зэхэтщ. УсакIуэм нэпсеягъыр хущхъуэ зыпэмылъэщ узу къелъытэ. Абы цIыху-

хэр зэрегъэукI, мылъку нэпцIым щхьэкIэ «ящыгъупщауэ Тхьэм къыщIигъэщIар». Сонетым имыхабзэу, и кIэ сатырищым деж парадокс Iэмалыр къыщегъэсэбэпри усакIуэм апхуэдэ цIыхур ауан ещI:

«*СылIарэ жылэр пщIантIэм къыдыхьам,*
нэхъыбэм ялъагъунут си псэукIэр», –
IэщIокI гупсысэ мылъкум дихьэхам.

ЗэрыжытIащи, «инджылыз сонетхэр» иух хабзэщ гупсысэ нэхъыщхьэр къызэщIэзыкъуэж сатыритIымкIэ, «резюмекIэ» зэджэ IэмалымкIэ. Ацкъаным и япэ сонетхэм къыщыщIэдзауэ ар къегъэсэбэп, философие зыщIэлъ гупсысэхэр сонетым «пэщIэIуантIэ» хуищIыжурэ. Къэтхьынщ «ЩхьэегъэзыпIэ» тхылъым къитха щапхъэ зыбжанэ: «ЗэрыжаIащи – дунеижьыр хьэхущ. / Нэхъ инщ птелъ щIыхуэр, нэхъ куэд къэбгъэщIэху»; «И пэжыр зыщIэ щымыIэн. / Тэлай къэсыху езым и пэж иIэжщ»; «Дунейр зы гъуэмбщи, гъуэмбри зы дунейщ. / А тIум нэхъ хуитыр зыщIэ гъуэтыгъуейщ»; «IэпапIэ хуэлъэу щылъщ мы дунеижьыр. / Ар щомэхъашэ япэ къэс лъэужьым»; «ЗищIысыр умыщIэхущ мы гъащIэм хэлъыр, / насыпщ, умылъагъухукIэ абы къуэлъыр»; «ИщIэркъым дунейр зыкъутэ жьапщэм / цIыхум игу илъ мафIэм зэрыщIэпщэр»; «ПсэухукIэ къыщагъэпщкIу и вагъуэр цIыхум, / щыкIуэдыжынум дежщ щызэрыщIыхур», нэгъуэщIхэри.

Ацкъан Руслан и сонетхэр я поэтикэкIэ епхащ адыгэ гупсысэкIэм, менталитетым, мифологием, фразеологием. Шым пыщIа образхэр къэзымыгъэсэбэпа адыгэ усакIуэ щыIэу къыщIэкIынкъым, ауэ Ацкъаным и сонетхэм языхэзым щыжиIэр щIэщыгъуэщ: «Си гъащIэр, шэсурэ гупсысэм, къытригъэзэжу зекIуэ макIуэ». Поэтикэ и лъэныкъуэкIэ Ацкъаным Iэзэу къегъэIэрыхуэ къэгъэпсэуныгъэр, зэгъэпщэныгъэр, метафорэр. Абы и щапхъэу къэтхьынщ:

Ныжэбэ си гупсысэр щтэIэщтаблэщ,
Къыхыхьэри хэкIыжри къысхуэмыщIэу.
Псэр жьым ириудэкI уэздыгъэу маблэ,
Уэгу щIагъым щызэблэкIым къыхэмыщу.

Сыт псэр зищIысыр, сыт ар зыщыгъуазэр?
Толъэт а упщIэр Iупэм хьэндырабгъуэу.
Абдежым щIыIэу погуфIыкIыр мазэр,
Ауан щэхурыпхъуэр хоцIуукI Шыхулъагъуэм.

УсакIуэм псоми псэ яхелъхьэ: «гупсысэр щтэIэщтаблэщ», «псэр жьым иреудэкI», «мазэр погуфIыкIыр щIыIэу», «ауаныр щэхурыпхъуэщ». Иужьрей строфам хэт псалъэухар,

зэгъэпщэныгъэ гъэщIэгъуэныр – «Толъэт а упщIэр Iупэм хьэндырабгъуэу» – щыхьэт тохъуэ усакIуэм и Iэзагъэр зэрылъагэм. Сурэт щIам хуэдэу Ацкъаным уи нэгу къыщIегъэувэ дунейм и щытыкIэр, абы дахагъэу тетыр зы мащIэ дыдэми, мыхьэнэшхуэ зэриIэр:

Мыл гъуанэм къощыр псыежэхыр,
И щхьэ хуэпсалъэу къысщыхъужу,
Къыхэпс щхъуантIагъэм сыдихьэхыу
Зыхузогъэщхъри – сыщIогъуэжыр.

Псыр «и щхьэм хуэпсалъэу» йожэх (зэгъэпщэныгъэ хьэлэмтщ), мыл гъуанэм и дамэдазэм дэплъым «дунейр езым ей къыщохъужыр». ЦIыхур куэд хуейкъым езым и щхьэм и мыхьэнэм егупсысыжын папщIэ, сонетыр зэриух сатыритIым аращ гупсысэ нэхъыщхьэу щIэлъыр: «Уи лъэкIым пфIэщIми дунейр зэлъищIысу, зы тIэкIущ къозыгъэщIэжыр узищIысыр». Мыр философие зыщIэлъ гупсысэщ, куэдым уи гур зыгъажэщ.

Зы мащIэ дыдэкIэ, пкъыгъуэ цIыкIукIэ гупсысэ куум ухуэзышэ сонет и мащIэкъым Ацкъаным. Къэтщтэнщ абыхэм ящыщ зы:

Сэ пхуэсщIэфынур мащIэщ, икъукIэ мащIэщ,
Сыббгъэдэтынщ псэ къабзэкIэ – ар сыт,
Псэр хиутэжу зекIуэ хъуащи гъащIэр,
Си гъусэу жыжьэ унимыгъэсын.

«Псэр щыхаутэж зэманыр» – ар дызытепсэлъыхь иужьрей илъэсхэрщ, а псалъитI-щым къагъэлъагъуэ ди лъэхъэнэм и образыр. «Псэ къабзэкIэ цIыхум убгъэдэтынми къаруушхуэ зэримыIэжыр кIэщIу къеIуатэ усакIуэм. АдэкIи егъэбелджылы нэгъуэщIым хуищIэфыну мащIэ дыдэхэр: «Сэ пхуэсщIэфынур зырикIщ, ауэ игъуэщ, / ущыщIилъафэм узэпхъуэн зы шхийщ. / ПхуэсIуэтэфынущ зы хъыбар щIэщыгъуэ, / ущIригъэгъуэжу, ущикIынум хъийм». Ещанэ строфам абы къыщыдыщIегъур: «Зы пхуэзмыщIэфу щытми – услъагъунщ». Строфаищым я къыщIэдзапIэ сатырыр рефрену къытрегъазэр: «Сэ пхуэсщIэфынур мащIэщ, икъукIэ мащIэщ». АбыкIэ усэм еджэр хуегъэхьэзыр а мащIэр ин зэрыхъунум, и кIэм жиIэну гупсысэм, парадокс Iэмалыр зыхэлъым:

ИкIа фочышэр, гъущIыр зэпхигъэзу,
къигъэувыIэнкIэ мэхъур тхылъымпIэпсым.

Литературэм ущиен гъущэр и къалэнкъым, ауэ цIыху гъэсэныр IэщIыб ищI хъунукъым. УсакIуэхэм я къалэныр образкIэ цIыхум къыгурагъэIуэнырщ дахэр, Iейр, фIыр,

цIыхур зыгъэпIейтейр, зыгъэгузавэр, зыгъэгуфIэр, абы и псэр зытхьэкъур, н.къ. ГъащIэм и пэжыр, ар зэрыпхъашэр, зэзэмызи зэрыгущIэгъуншэр къызыгурымыIуэхэм яхуэгъэзащ Ацкъаным «УфIэщщIыгъуафIэу уи нэм къысхуаIуатэ…» и сонетыр. УсакIуэм ди пащхьэм кърегъэувэ цIыху хьэрэмыгъэншэм и образыр, абы и нэм «къощыр щыуагъэу къыпэщылъхэр», «и нэгум хьэндырабгъуэ щызолъатэ», и псэри къыпфIощI кIэлъызелъатэу, абы дежкIэ «вагъуэр щыфIэдзащ бжыхь кIапэм», «дыгъэр кхъужьей щхьэкIэм фIэсщ». Апхуэдэ цIыху хьэлэлым, гу зэIухам чэнджэщ папщIэу авторым жреIэ:

Си гъащIэр стынщ уэр щхьэкIэ къыбжезыIэр,
ЩIэфыгъуэжьынкIэ мэхъу зы махуэ псыIэм.

Адыгэ IуэрыIуатэм хэтщ къебжэкI хуэдэу гъэпса хъыбар хьэлэмэт. Ар теухуащ дунейм щынэхъ лъэщым, абы щытепщэм: дыгъэр, пшэр, мазэр, жьыбгъэр… Ар и тегъэщIапIэу философие гупсысэ дахэ зыхэлъ сонет къигъэщIащ Ацкъаным:

ЗриупцIыжу зыгуэр уафэм щофэ,
ирикIутащ аргуэру шагъыр плъыжьыр.
Гу жан ищIащ мэ гуакIуэм дунеижьыр,
акъужь Iущабэм губгъуэ псор къыдофэ.

IуэрыIуатэм дунейм и къэхъукъащIэхэр къару закъуэкIэ щызэпеуэмэ, Ацкъаным и сонетым деж а къарухэр дунейр дахэ щIынымкIэ, егъэфIэкIуэнымкIэ зэпоуэ: «акъужьыр Iущабэщ», «дыгъэ гумызагъэм (эпитет щIэщыгъуэщ) уэгу лъащIэм къримынэ бжьыгъэ закъуэ», ауэ «дыгъэри щтапIэ» изыгъэхьэж къаруи щыIэщ. Сонетыр упщIэкIэ еух:

Щытепщэр хэт атIэ мы дунеижьым?
Хъун дыщIэупщIэ? Е нэхъыфI дымыщIэм?
Жэуап щыIэкъым, ар къыхуонэ тхылъеджэм.

Ацкъаным и сонетхэр темэкIэ зэхэбгъэкIыу щIэбдзэмэ, гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым абы лъэпкъым, хэкум, цIыхугъэм теухуа лирикэр зэребэкIыр. Лъагъуныгъэ лирики хэтщ къищтэ темэхэм, ауэ ар нэхъ мащIэщ. Абы ящыщщ «Аргуэру гъэрэ щIырэ зэхэкIащ» сонетыр. Лъагъуныгъэр зищIысыр цIыху псоми къазэрыгурыIуэр зэтехуэркъым, зы усакIуи щымыIэу жыпIэ хъунущ а гурыщIэ дахэр и кIэм нэс къиIуэтэфауэ, ауэ зыри блэкIыркъым а темэм. Ацкъаным къигъуэтащ езым и еплъыкIэ:

Аргуэру гъэрэ щIырэ зэхэкIащ,
СыкъигъэпцIакIэщ сэри лъагъуныгъэм.

СфIэщIат къыптепсэм хуабэ зэфIэкIа,
ЩIэрэщIэжьыным щхьэкIэ гъащIэ ныкъуэр.

Лъагъуныгъэр хуабэ къудейкъым зыхуейр: «Ялъагъумэ хуабэ, жыгхэри къотIэпI». Аргуэру гъэрэ щIырэ зэхэкIащ, ауэ лирическэ лIыхъужьыр аргуэру «пыкIащ и гухэлъым» щыщ зым. КIэух сатыритIымкIэ усакIуэм лъагъуныгъэр еIэт, езым къызэремыхъулIэм щхьэкIэ къэмынэу: «ИтIани гъащIэ хъужыр лъагъуныгъэрщ. / Аращи мафIэр – адрей псори Iугъуэщ». Образ дахэ икIи щIэщыгъуэ къигъуэтащ усакIуэм.

Ацкъан Руслан 2010 гъэм къыдигъэкIа «Сонетхэр» усэ тхылъым хуитха пэублэ псалъэм щIэныгъэлI Гъут Iэдэм къыщыхигъэщащ усакIуэм «сыт хуэдэ темэ къыхимыхми, сонетым и хабзэ ткIийм хухэха зы композицэм» зэрытетыр, «гупсысэм и нэхъ курыхыр усэм и кIэухым зэрихьыр», ахэр «псалъэжьым хуэдэу жыIэгъуэ шэрыуэ» зэрыхъум. Гъутым жиIар щапхъэхэмкIэ щIэдгъэбыдэжынщ:

… IэплIэ хуэлIэу щылъщ мы дунеижьыр.
ар щомэхъашэр япэ къэс лъэужьым.

… ЛIэныгъэр зыуэ къытхуигъакIуэ щхьэкIэ,
къолъадэ абы япэ лIэгъуэ Iэджэ.

… ИщIэркъым дунейр зыкъутэ жьапщэм
цIыхум игу илъ мафIэм зэрыщIэпщэр.

… Уэсэпс ткIуэпсу илъщ насыпыр гущIэм,
уи гур нэхъ пщтырыху – мэгъущ нэхъ псынщIэу.

… Къыппэджэжьынкъым уеблэм джэрпэджэжьыр,
Мэз Iув е къурш имыIэу щыхьэт пэжу.

Зи гугъу тщIы «Сонетхэр» тхылъым итщ сонетищэ. Абы щыщу дунейпсо литературэм классикэ щыхъуа фащэкIэ тхащ мы сонетхэр: «Зы гугъэ хьэнцэгуащэу къызошэкI» (33), «А си пщIыхьэпIэр нэгъуэщI гъащIэт» (43), «ТхьэмыщкIэщ хэтми мылъкум дихьэхар (48), «Си гъащIэм щыхэссат зы гухэлъ жыг» (79), «Зы мащIэщ лажьэхэр зэрыхъур» (80), «ИтIанэ сыкъокIуэж си псэупIэжьым» (84), «Тестхат гурыщIэр нэкIэ псыежэхым» (88), «Сымужэгъуа иджыри дунеижьыр» (93), «Аргуэру псэм къэкIуэнур зыхищIащ» (94). Адрей бгъущIрэ зыр тетщ къэбэрдей-шэрджэс литературэм нэхъ зыщызыужьа «инджылыз» сонет тхыкIэм.

УсакIуэ къэс емыгупсысынкIэ Iэмал иIэкъым и гъащIэр зытригъэкIуадэм, и лъэужь къигъанэм. А темэмкIэ къыщIедзэ мы сонетыр:

Псыкъуий къыщистIыкIынур къэзгъуэтащ,
зэман къысхуэнэжарэт ар къэстIыну.
Си гъащIэр Iуэху жьгъейм тезгъэкIуэдащ,
си гугъэурэ нэхъыщхьэр къызатыну.

Псыкъуийм и образыр гъэщIэгъуэну зэпкърехыр усакIуэм, къыкIэлъыкIуэ строфам къеIуатэ усакIуэм и къалэн нэхъыщхьэр зэпха Iуэхугъуэ гъуэзэджэ: «Нэхъыщхьэр уиIэжынырти псыкъуий, гур игъэтIысрэ уи сурэтри къищу». Мы псалъэухам гупсысэ зыбжанэ щызэхэухуэнащ: цIыху къэс езым и псы къабзэ, гурыщIэ къызыхихын псынащхьэ иIэжын хуейщ, псыр къиурэ псыежэхым уефэ мыхъужу ищIмэ, «и къуажэ кIыхьым щыщу псы хуэлIэ псори псыкъуийм къишэу». ЩIагъыбзэ гъэщIэгъуэн щIэлъщ мыбы. Сонетым и кIэух сатырхэми куэдым урагъэгупсыс:

ТекIуэдыкIакъым гъащIэр – текIуэдащ.
А гурыфIыгъуэр зэкIэ псэм къыдощI.

Жьыбгъэм и мыхьэнэр ихъуэжу, ар къэгъэпсэуныгъэ Iэмалым хуихь закъуэкIэ къимыгъанэу, символым пэгъунэгъу образ щхьэхуэ щищIыр мащIэкъым усакIуэм: «Акъужьыр ди бжыхь кIапэм толъэтыж, тогужьеикIыж и хуитыныгъэм; «Жьапщэм губгъуэ хужьыр иупIышкIуащ»; «ИщIэркъым дунейр зыкъутэ жьапщэм, цIыхум игу илъ мафIэм зэрыщIэпщэр»; «Пшэхэм я гъащIэр жьыр къатеуэхущ».

ЛIэщIыгъуэ блэкIам Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я усакIуэ пажэхэм куэду къагъэсэбэпу щытащ символ мыхьэнэм хуагъэкIуа образхэр: мывэ, бгы, шы, къамэ. Мыпхуэдэ символхэр хьэлэмэту хэуващ Ацкъаным и сонетхэми. И сабиигъуэр къэзыгъэлъагъуэж сонетым усакIуэр псом япэ щыхуозэж шым: «Щыджэгуу щыта губгъуэм зэрынэсу, / елъагъу шым я нэхъ дахэр зэрыхъуакIуэр». Шым пыщIа псалъэхэр усакIуэм ирепх нэгъуэщI гурыIуэгъуэхэм, егъэпщэныгъэхэм хегъэхьэ: «шу гъусэу жьыбгъэм сыкъищтэну сщIам», «жьы езэшым уанэ зэщIелъхьэр».

Ацкъаныр гъащIэр зищIысым и жэуап зэпымычу мэлъыхъуэ. ГъащIэм и философиер абы хелъагъуэ бзум хиш уэрэдым. IупщIкъым уэрэдыр зыусар: бзура хьэмэ «нэгъуэщI гумащIэ гуэр?». Уэрэдым «узри егъэхъуж», ауэ «зыхуаусам иужэгъункIи» мэхъу:

Апхуэдэщ гъащIэр. Куэдкъым зейм къылъысыр,
къылъысыпами, пщIэуэ хуищIыр мащIэщ.
Бзу цIыкIум къыщелъыхъуэ зыхуэусэр
пшэ гуартэ фIэкI къызыхэмыщ уэгу лъащIэм.

Хухеш уэрэдыр, ину къэмыкIыу
ар псом нэхъыфIу щIым щызэхащIыкIыу…

Лъагъуныгъэ темэм, къызэрыхэдгъэщащи, щIыпIэ куэд щиубыдкъым Ацкъаным и сонетхэм, ауэ а мащIэри гъэнщIащ гум къинэж образ дахэхэмкIэ, зэгъэпщэныгъэ щIэщыгъуэхэмкIэ. Къэтщтэнщ «Уэс щабэр къос, къыщIесым егупсысу» сонетыр. Уэсым и дахагъым, къыщесым абы къишэ гурыщIэхэм темытхыхьа усакIуэ щыIэу къыщIэкIынкъым, ауэ уэсыр «къыщIесым егупсысу», а гупсысэ нэхум «дунейр щIэтIысыкIыу» жызыIэфынур усакIуэ нэсырщ. А япэрей строфам нэгъуэщI зэгъэпщэныгъэ хьэлэмэти, цIыхум и щытыкIэ дахи къыщегъэлъагъуэ усакIуэм: «Уэс налъэ пIащэр Iупэу къызоIусэр, япэрей бам и IэфIу щхьэм доуей». Ар сонетым экспозицэ хуэхъуауэ сюжетым дыхешэр, зэманым кърегъэгъэзэж:

Сыхохутэжыр япэ лъагъуныгъэм,
фIыуэ слъэгъуам и пащхьэ сохутэж.
Ар гуфIэнэIут. Абы сыкъыщилъагъум,
и нитIым гуфIэр бзууэ щIолъэтыж.

Поэтикэ и лъэныкъуэкIэ «и нитIым гуфIэр бзууэ щIолъэтыж» егъэпщэныгъэр дахэщ, шэрыуэщ. КъыкIэлъыкIуэ строфами хэтщ усакIуэм къигъуэта нэгъуэщI Iэмал гъэщIэгъуэнхэри:

НэщI хъуа абгъуитIу нитIыр къыщысIуплъэм,
зэрыблэкIар къэкIуэнур мэхъу си фIэщ…
ЗыкъызощIэжри – уэсыр щхьэщытщ щIылъэм,
игъэзэжыну зэрыхуейр къыпхощ.

Лирикэм зэрихабзэу, лирическэ лIыхъужьыр зэрыува щытыкIэр, ар зэрыпIейтейр, зэрыгузавэр нэрылъагъу ещI усакIуэм. Абы гъащIэм къыхипхъуэта сурэтыр еухыр нэщхъей узыщI псалъэхэмкIэ:

ЗэIищIэжащ си гъащIэр уэс Iущабэм.
Гупсысэм хэтт – сыщыIэуи ищIакъым.

«Лъагъуныгъэ», «насып», «зэман», «гъащIэ» гурыIуэгъуэхэм я жэуап куэд къагъэщIащ философхэм, еджагъэшхуэхэм, усакIуэхэм. Ацкъанми насыпыр зищIысыр къиIуэтэну хэтщ философием и диалектикэм хуишэ гупсысэхэмкIэ:

НасыпыфIэу ябжу – насыпыншэ,
насыпыншэ фIащу – насыпзащIэ.

Мы сатыритIым я мыхьэнэхэр зэпэщIоуэ, ахэр «зым хуигъэкIуэжыну хэтщ тэлай къэскIэ зызыхъуэж мы гъащIэм». УсакIуэм нэгъуэщI зы упщIи къегъэувыр: «Хэт и Iуэху нэхъыфI?», «Гуауэр лъэщIыхьэхукIэ – насыпыфIэ, къыпежьэху гуфIэгъуэр – насыпыншэ», абыи жэуап иритыфыркъым зыми. Мы сатыритIым жэуапым и Iыхьэ гуэри къахощ:

Уэсэпс ткIуэпсу илъщ насыпыр гущIэм,
Уи гур нэхъ пщтырыху – мэгъущ нэхъ псынщIэу.

«Насыпым и нэм сыщIэплъа си гугъэщ» сонетми мы Iуэхугъуэр лъабжьэ хуещI усакIуэм. Насыпым куэдрэ зиIэжьэ и хабзэкъым. Ар усакIуэм ирегъапщэ ежьэжын хьэзыру «уэнжакъым щхьэщыт Iугъуэм», «пшэ хужь зызыгъэпсэхум». Лъэныкъуэ зыбжанэкIэ «зэпигъазэурэ» насыпым и бзэр къищIэну хэтщ, «и гугъэщ насыпым и нэм щIэплъа», ауэ насыпым и бзэр «щIагъыбзэщ», гурыIуэгъуейщ. Сонетыр еух къызэщIэзыкъуэж, жэуапыншэу къагъанэ хабзэ гупсысэкIэ:

Насыпыншагъэм къыспигъаплъэр сщIэрт,
насыпым къызищIэнур зыщIэр хэт?

Зи гугъу тщIахэр къризэщIэпкъуэжу жыпIэмэ, Ацкъан Руслан шэрыуэу егъэлажьэ сонет жанрыр. Абы и сонетхэр лъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэ щхьэпэ зэрыхуэхъуами шэч хэлъкъым.

Сонет жанрым увыпIэ щхьэхуэ щеубыд усакIуэ, драматург, журналист, художник IутIыж Борис и творчествэми (1940–2008). Сонет 64-рэ итщ абы и «Къудамэхэр» тхылъым. Ахэр дунейм къыщытехьар совет лъэхъэнэм иужькIэщ. Мы жанр гугъум щыпэрыувам, IутIыжыр лIыпIэ иува къудейтэкъым, абы щыгъуэ Iэзагъ лъагэ зыIэрызыгъэхьа усакIуэт.

IутIыжым «итальян сонет» лIэужьыгъуэм зыдригъэхьэхакъым. Ар хуэмыгъэIурыщIэну аратэкъым, атIэ тхакIуэм къыхихащ сонетым и кIэухым гупсысэ нэхъыщхьэр здахь «инджылыз» гъэпсыкIэр. ГъащIэм и философиер къыщехутэ IутIыжым и сонетхэм, темэ зэхуэмыдэхэм тепсэлъыхьурэ. Сонетхэм зэгъэкIуауэ композицэ яIэщ: гупсысэ нэхъыщхьэу усэр зэриухым ухуешэ гъуэгугъэлъагъуэ хъу IуэхугъуэхэмкIэ, къэхъукъащIэхэмкIэ.

Адыгэ лъэпкъым и тхыдэр темэ нэхъыщхьэ хуэхъуащ IутIыжым и сонет куэдым:

Тхыдэ-лIыжь кхъахэр уанэтемыхщи,
Хуэмыухыжыр гъуэгуанэ кIуаджэщ.
Уплъэмэ, плъагъур пшагъуэ гу(ы)ихщи,
УзэплъэкIыжмэ, щыхупIэ бзаджэщ.

«Тхыдэ-лIыжь кхъахэр» зэгъэпщэныгъэ къызэрымыкIуэу зэрыщытым занщIэу гу лъыботэ. Апхуэдэщ тхыдэр зэикI къызэрымыувыIэр, ари къэгъэлъэгъуащ зы псалъэ закъуэкIэ – тхыдэр... «уанэтемыхщи». Ещанэ, еплIанэ сатырхэри гъэнщIащ гупсысэ пыухыкIакIэ: «плъагъур пшагъуэ гу(ы)ихщ» (дызэрыт зэманырщ жыхуиIэр), узэплъэкIыжми ди тхыдэм дегъэгужьей – «щыхупIэ бзаджэщ». ЕтIуанэ строфам диалог Iэмал къыщыгъэсэбэпащ, авторым езы лъэпкъым зыхуегъазэ:

Уоу, си лъэпкъ мащIэу гущIэм щызгъафIэ,
Зи фIыр зи Iейхэм къыскугуэмых,
Зэм хубоIэт уэ си гур мо уафэм,
Зэм щIы къатиблкIэ гугъэр йодзых.

ГурыщIэм, гузэвэгъуэм я инагъыр къеIуатэ усакIуэм зэпэщIэуэ, зэпэжыжьэ мыхьэнэхэмкIэ: гур еIэт уафэм нэс, гугъэр ирадзых щIы къатиблкIэ. Адыгэ IуэрыIуатэми, литературэми дыболъагъур «космизм» зыфIаща гупсысэкIэр, дунейр зэрыиныр (Агънокъуэ Лашэ, ПащIэ Бэчмырзэ, ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, КIуащ БетIал сымэ я усэхэр). Ещанэ катреныр композицэкIэ япэреитIым епхами, нэгъуэщI гупсысэ абы щыщIегъужыр, и жыIэкIэми зыщрегъэхъуэжыр: «Я нэхъ лIы Iущу зызылъытэжхэм / уи щымыIэжхэр дэнкIи яший. / ЕплъэкI зэпытурэ дыщIэзылъхьэжхэм / яхэплъэхункIэ си псэр мэкIий». Псалъэ мащIэкIэ усакIуэм къегъэлъагъуэ ди тхыдэм и блэкIам егъэлеяуэ дызэрытепсэлъыхьыр, абы «хуеплъэкI зэпытурэ дыщIэзылъхьэж» зэрыщыIэхэр. А псоми гузэвэгъуэ хадзэ псэр. Сонетым и кIэухыр лъэпкъым зэрыщыту хуэгъэза псалъэщ:

«*Зыхэдывгъалъхьи щымыIа лIыгъэ,*
ДыкъыщIэвгъэкIхэ зэрамыгугъэу».

Мыр зыкъомкIэ къыхуеджэныгъэ стилщ, гимн жанрым къыщагъэсэбэп, публицистикэми и хамэу убж хъунукъым, ауэ сонетым щыжыIахэр щIэзыгъэбыдэжщ.

IутIыж Борис жанр куэдым хуэIэижьу, я щэхухэр, къызэраIуатэ-зэрагъэлъагъуэ Iэмалхэр ищIэу, ахэр зэхиухуанэу щытащ. И сонетхэм дежи абы езым «и пщэфIэкIэ» щиIэжщ. «Сыту хуабжьу тхыдэм ущыпсыхэкIуадэт» сонетым «псомкIи нобэ щэджэщэн хуея» и лъэпкъым ехьэлIа темэм къыщыпещэр. БлэкIам темыгъэу, дерс къыхэхын къалэныр япэ ирегъэщ. Мыри къыхуеджэныгъэкIэ еухыр: «Маржэ хъужыхэнхэ, зыхэвгъэлъ ди лIыгъэр! / Ауэ лIыгъэм япэ ирырещ Iущыгъэр!».

«Инджылыз» сонетыр зэриух сатыритIымкIэ, гупсысэ нэхъыщхьэр къыщызэщIэкъуэжамкIэ, ещхыщ «басня», «притчэ»

жанрхэм. ІутІыж Борис сонетыр басням пэгъунэгъу хуищІащ ауан Іэмалыр зэрыхигъэхьамкіэ. Апхуэдэ зиІэ яхэткъым адрей адыгэ усакІуэхэм. «Ухуеймэ гъащІэр тыншу епхьэкІыну» сонетым къыщыгъэсэбэпащ парадокс гупсысэкІэр (цІыхухэр зэсэж мыхьэнэхэм пэщІэуэ, зэзыдзэкІ къэгъуэтын, «хужьыр фІыцІэ» щІын). И пэм къыщыщІэдзауэ и кІэ сатыритІым къинэмыщІа сонетыр узэдащ цІыхугъэншэу, хьэтырыншэу нобэрей цІыхухэр щызыгъэтын «ущиехэмкІэ»:

Ухуеймэ гъащІэр тыншу епхьэкІыну
Абы уримыхъукІ уэ гупсысэх:
Псалъэжьым тету – а псы узыхьынум,
УпэщІэмыту, зыдрегъэхьэх.
ЗыхуэщІ теІущІыкІыпІэ уи нэхъыщхьэм,
Узинэхъыщхьэр лъабжьэм щІэгъэтыф.

АдэкІи «ущием» къыщІегъур: «Хей гуэрым игу хагъэщІмэ, хэзыгъэщІыр «зылъэкІ гуэрмэ, – блэплъыкІыф», цІыхубэм къащхьэщыжхэм уадежажьэу», дыхьэшхэн зумыщІ, нэщанэуапІэ зомыгъэщІ». УсакІуэм «игъэзахуэкъым» а езы цІыхубэ дыдэри: «ЦІыхубэм и цІыхугъэр хуабжьу жьажьэщ, – улІа нэужьыкІи къыплъэщІэмыхьэнщ». Узэрыщытын хуэмейхэр зэбледзри, нэхъыфІу упсэуи зэрыхъуну Іэмал мыхъумыщІэхэр къребжэкІыр. И кІэух сатыритІым псори щекъутэж, ауанышхуэ хэлъу а псом узыхуишэнур сэтей къещІ:

Апхуэдэу утетыфмэ мы дунейм,
УтекІыжынщ... ухъуауэ Іэщ домбей.

Мыр тхылъеджэр зэмыжьэ гупсысэщ, ар сюжетым къыхэкІыркъым, уеблэмэ – пэщІоуэр. Парадокс Іэмалыр мыбдежым Іэзэу къыщигъэсэбэпащ усакІуэм.

ТхакІуэм и къалэн нэхъыщхьэм ящыщ зыщ зэманым, зытепсэлъыхь лъэхъэнэм ифІри и Іейри къэгъэлъэгъуэныр. Лъэхъэнэ къэс иІэжщ и дамыгъэхэр. «Историзмэр» зэман пыухыкІар фІэщхъуныгъэ хэлъу къызэрагъэлъагъуэ Іэмал хъарзынэщ. ІутІыж Борис ар къыщигъэлъэгъуащ и драмэхэм, новеллэхэм, публицистикэм. Сонет жанрми абы къыщехъулІащ совет лъэхъэнэм иужь ди псэукІэм зэхъуэкІыныгъэу игъуэтахэр. Псалъэ гуэр (концепт) усакІуэм къещтэри, ар символым хуешэ, «цыкІуэкІым хуэдэу» гупсысэхэр къытрешыр.

Ахъшэм куэд дыдэ тетхыхьащ. Ахъшэм, дыщэм, мылъкум дихьэххэм яфІокІуэд цІыхум и хьэлыфІхэр – цІыхугъэр, къабзагъэр. Ди лъэхъэнэм, жылагъуэм гъуазэ хуэхъун идеологие зимыІэжым, цІыхухэр абыхэм ятхьэкъупащ. Ар ІупщІу щыдолъагъу ІутІыжым «Къысхуэгъэгъу уэ, ди Тхьэу

уэгур зи унапIэ» и сонетым. Тхьэм зыхуегъазэ: «КъысфIощI къэунэхууэ уэр нэхъ лъагэж». Езым я тхьэ яIэжщ ар зи фIэщ мыхъужхэм, тхьэм хуэпщIылI куэдми «ахъшэм» зыхуагъэш. Ахъшэм зэкъуэшхэр трегъэувэ щIакIуэ кIапэ, «напэм я нэхъ къабзэр фIейкIэ щIегъэнэф», «цIыхум я нэхъыкIэр бегъымбар ящегъэхъур». Дунейр апхуэдизкIэ мылъкум итхьэкъуащи, «цIыхур зыхуитыж» иIэжкъым. Сонетыр еух мы сатырхэмкIэ:

ЛIыщIэми пащтыхьми зызыхуагъэлъахъшэ,
тхьэм и тхьэжкIэ зэджэм и цIэ дыдэр АХЪШЭЩ.

А псалъэр тхащ хьэрфышхуэ защIэкIэ. Мы гупсысэр пэщIэуэркъым сонетым и сюжетым, ар абы къыхокIыр езыр-езыру. Сонетыр тIэкIу гъэсэныгъэ-ущиныгъэм итхьэкъуIуащ. А темэ дыдэр къыщеIэтыжыр IутIыжым «ЦIыху цIыкIур щохъур нэхъри нэхъ цIыкIуж» сонетым. Нэпсеягъэм и зэранкIэ «дунейкъутэжым щхьэщыхьащ мы гъащIэр» жеIэр усакIуэм. Абы къегъэсэбэп урысыбзэм къыхэкIа жыIэгъуэ, цIыху зи щхьэр зэрыхихын фIэкIа зи щхьэм имылъхэм теухуар – «СылIа нэужькIэ, хуеймэ удз къремыкIыж». ЦIыхум зэрызихъуэжам шэч къытрыуегъэхьэр Тхьэшхуэм къарита пэж зэрыгушхуэ хабзэм «пэж хэмылъыжу»:

ГущIэгъу, цIыхугъэ, напэ, пщIэ, нэмыс,
Гуапагъэ, гу къабзагъэ, лъагъуныгъэ...
А псори нобэ зыми имыщIыс
Зи гъуазэ закъуэм дежкIэ къулеигъэр.

Сюжетыр еухыр мы гупсысэмкIэ: «Нэхъуейм икIа дунейм иregъэзагъэ и хабзи-бзыпхъи къуэнэхуа хьагъэм». ЦIыхугъэр гъуазэ убзыхуа здэщымыIэ жылагъуэм «хьагъэм» щыхуэкIуэным къэнэжа щыIэкъым. Абы егъэлеяуэ егъэпIейтейр усакIуэр.

Лъэхънэм къыздихьа Iуэху мыщхьэпэхэр сэтей къэзыщIщ къыкIэлъыкIуэ сонетри – «Дунейр – бампIэгъуэкIэ гъэнщIауэ». Псоми ящIэ Ф. Достоевскэм жиIа псалъэ шэрыуэр – «Дунейр дахагъэм кърigъэлынщ». IутIыжым абы пэщIэуэ «парадокс» жыхуаIэ гупсысэ пэщIегъэувэ. «Дахагъэм ЩIыгур къихъумэным ущыгугъыныр щхьэгъэпщIэжщ...». Дарвин цIыхур номиным къытекIауэ къызэригъэуври ауан ещIыр: «Зэгуэр номиным дыхуэкIуэну жиIамэ Дарвин, ар нэхъ пэжт». Ещанэ катреным усакIуэм къыщегъэсэбэп латин псалъэхэр, терминхэр, абы ящыщ гуедзэ адыгэ псалъэм: Дарвин жиIам нэхърэ нэхъ пэж хъунут:

АтIэ а пэжыр мис-тIэ: цIыхур щIылъэм
И тепщэу Тхьэшхуэм къигъэщIат,

Арщхьэкlэ homo-хьэщхьэвылъэ
Лъэпкъыгъуэм яуфэбгъу: Vivat!..

ЦIыхур Iущ, гъэса, нэмысыфIэ, гуащIафIэ хъун папщIэ, илъэс куэд дыдэ текIуэдащ. Апхуэдизрэ зэлIэлIам еджэ хъуащ «homo-sapiens» жиIэу. Ауэ цIыхур хьэкIэкхъуэкIэм хуэкIуэжын щхьэкIэ зыхуейр зэман кIэщIщ. Апхуэдэу «псынщIэу» совет лъэхъэнэм иужькIэ «икIуэтыжахэм» фIэщыгъэцIэ гъэщIэгъуэн къахуигъуэтащ IутIыж Борис – «homo-хьэщхьэвылъэ». Эпитет къызэрымыкIуэщ. Сонетыр еух дунейкъутэжым укъезыгъэлыфынур Тхьэшхуэ закъуэм и гущIэгъур зэрыарар къызэрыкI гупсысэкIэ.

ОбразыщIэ къыщилъыхъуэм деж, IутIыжым куэдрэ къигъэсэбэпу щытащ псалъэжьхэр, ахэр зэрихъуэкIыурэ. «ГъащIэр зэман-жыгым къыпытIысхьэ пщIащхъуэщ» сонетым усакIуэм тегъэщIапIэ щещI «ФIы щIэи, псым хэдзэ» адыгэ псалъэжьыр. ГъащIэр зэрыкIэщIыр ирегъапщэ жыгым пыс пщIащхъуэм, ар мэбзэхыр, «ажал-къашыргъэжьыр къэсмэ». Мылъкури ещхьщ «Iэгу ущIам илъ пшахъуэм: Iэгум зегъэгъази, – занщIэу йощэщыж». УсакIуэм егъэувыр упщIэ: Сыт мыкIуэдыжыну цIыхум дунейм къытринэфынур? Сюжетым зригъэужьу адэкIи къехь иджыри зы псалъэжь – «IуэхуфI защIэ и пщIэ зэи кIуэдкъым»:

Хъунущ жэуап дахэ уэ езым зэптыж,
Ауэ и IуэхуфIым пэкIуэр лъагъужыпIэ
Имыхуэн къыфIэщIмэ, – цIыхур йокIуэтыж...

ЦIыхур хуэпабгъэщ IуэхуфI ищIамэ, абы кърикIуар илъагъужыну. Сонетым и кIэм IутIыжым дыхуешэ гупсысэ гъэщIэгъуэным: «Зедгъэсат фIы тщIэфу цIыхухэм ад-дэ пасэу, / ауэ «псым хэддзэфу» зи зытхуемыгъасэ». ЗыкъомкIэ мыбы поджэж «Нэпсеягъэм иIэкъым гъунэ» сонетри. «Псэм телажьэхэр куэд дыдэщ, ахэм бжыгъэ ямыIэ», – жеIэ усакIуэм икIи адэкIэ щIоупщIэ: «ПщIэм хуэлажьэхэ, дэнэ фыщыIэ?» Нэхъуеиншэу IуэхуфI зылэжьхэр, щIыхьым, цIыхум и пщIэм телажьэхэр нэхъ мащIэщ, ауэ ахэращ гъащIэр зыгъэкIуатэр.

Лъэпкъ гупсысэм къигъэщIа IущыгъэхэмкIэ – псалъэжьхэмкIэ, псалъэ шэрыуэхэмкIэ – къулейщ IутIыжым и усэхэр, апхуэдэу абыхэм хэпщащ езы усакIуэм и Iуэху еплъыкIэр, и философиер. Сонетхэм узыгъэгузавэ, узыгъэпIейтей, узыгъэнэщхъей мотивхэри щымащIэкъым. Къэтщтэнщ «Гум гугъапIэ лъэпкъ къыхуэгъуэтыжкъым» сонетыр. ТхыгъэмфIэщыгъэцIэ хуэхъуа а сатыр нэщхъейм къыкIэлъокIуэ: «Псэр хощыпыхьыжыр и блэкIам, / Ауэ икIутар из щыхъужкъым (*псалъэжьщ*) мы ди гъащIэ къэублэрэкIам...». Зи щIалэгъуэр

ахэм егупсысыркъым, «гъащIэр дахэу къыпщыхъуху ууейщ, ауэ жьыгъэм – ар философ кхъахэщ – жеIэ щIимыхъумэу я нэхъ Iейр»:

ЩIыху насыпыр напIэзыпIэрыбжэщ.
Къытхуэлыду – кIуэдыж гъуабжэгъуэщщ.
ГъащIэр – щымыIа ямыгъуэтыжхэм
ЩепщIыхьыжу шыгъушыпсыпIэ жэщщ.

«ГъащIэ къэублэрэкIар» – дызэрыт лъэхъэнэрщ, мыхьэнэшхуэ щIэлъщ «шыгъушыпсыпIэ жэщ» эпитетми, апхуэдэщ насыпыр гъуабжэгъуэщым зэрыригъапщэри. УсакIуэм и сонетымкIэ ухешэ гупсысэ зэшыгъуэм, гущIыхьэм: «Зэрымыщ Iэу щIыгум къытехъуа цIыхур зыщ зэхъуапсэр: къамылъхуам». Куэд дыдэу къызэкIуэцIыкIынущ иужьрей псалъэр. Абы уегъэгупсысэ, усакIуэр зытегузэвыхь щытыкIэм урегъэувэф.

IутIыжым и тхыгъэ куэдым къыщеIэт зэман темэри. «Зэманыр тетщ а и гъуэгуанэ…» сонетым абы щыжеIэ:

Зэманыр тетщ а и гъуэгуанэ
ЩIэдзапIэ зэи зимыIам,
Ухыгъэ лъэпкъи имыIэну
Философ инхэм жыхуаIам.

ЦIыхум и щIэныгъэр жыжьэ дыдэ кIуэркъым, абы «и гупсысэр гъунапкъэм адэкIэ щоункIыфIри, псысэ мэхъур», я нэхъ нэ жанри пхымыплъыфу. Авторым жеIэ а «гупсысэ гъуабжэр гъащIэ дыдэр арауэ», «ПэжыргдэщыIэр гъунапкъэм» адэкIэу.

Лирикэм и хьэлщ цIыхур дахагъэм щитхьэкъур, щыгуфIэр, щынэщхъейр зэуэ къигъэлъагъуэу. IутIыжым и сонетхэм иужьрейр щытепщэщ. ГъащIэм трагедиер щыкуэдщ, гущIыхьэщ ар и кIэм зэрыхуэкIуэр, зэманыр зэрыткIур. УсакIуэм «Теорие щыIэщ бжыгъэр хуэкIуэу фIагъым» и сонетым щыжеIэ: «Илъэс къэдгъэщIхэр хъуурэ зэлъагъэ, ухыгъэ эшафотым дыдокIуей», «Насып нэхъ зиIэм зыкъыхуогъэпцIэж, IэфIыпсщ дунейр, ар минрэ нэпцIу щытми». Сюжетым зригъэужьурэ адэкIэ къыпещэ:

А гу зыщимыхуа дуней IэфIыщIэм
Ехыжыр нэкIэ къызоупщIэкIыж…
Жэуап зымыгъуэта упщIэ нагъыщэу
ЗеIуантIэ псэми, хьэршым щобзэхыж…

Игъэува упщIэ псоми жэуап хуетыркъым авторым, зым нэмыщI: «Мыр хьэкъщ: цIыху псори ТхьэшхуэмкъигъэщIащ.

ДымыщІэр зыщ дэ: дыкъыщІигъэщІар». Иужьым и жэуапыр къыхуегъанэ тхылъеджэм.

«Мы гъащІэр игъащІэми екІуэкІ шурылъэсщ» сонетми дунейр зэрыхьэхур къыщегъэлъагъуэ псалъэ шэрыуэхэмкІэ: «ЦІыху гъащІэр фарс папщІэу зыгуэрым итхащ, арщхьэкІэ финалыр а жанрым икІащ». Зэрытлъагъущи, мы сонетми, нэгъуэщІхэми къахощ ІутІыжыр зэрыдраматургыр, ар дыболъагъу сюжетым, жыІэгъуэхэм, псалъэуха ухуэкІэхэм, термин къигъэсэбэпхэм. ТхакІуэм иІэщ сонет, и тхыкІэр, зэхэлъыкІэр драматургием иІэ пкъыгъуэхэм иригъапщэу, ар и композицэм иригъэтІысхьэу:

Едзыгъуищу зэхэлъ драмэу цІыхухэм «ГъащІэ» зыфІэтщам
Персонажхэр щызэхуозэ, щызэблокІри, я блэкІам
ХуеплъэкІыжрэ зэпхъуэкІыжхэу гъадэщІыдэм хобзэхэж:
А «кулисэм» зэ къухьауэ щымыІа къэзыгъэзэж.

Драмэм и япэ едзыгъуэм фІещыр сабиигъуэм, «зи ІэфІагъыр зи мащІагъым иІэтам». ЕтІуанэ едзыгъуэр щІалэгъуэ дахэрщ, «дунейр зи уней зи гугъэжырщ», ауэ щІалэгъуэм иІэщ ныкъусаныгъэ ин, ар здэгъагъэм мэгъуэлэж. УсакІуэм къелъытэ драмэр нэхъ дахэж хъуну, а едзыгъуитІым къыщыувыІатэмэ, персонажхэри гукъинэж хъуну, я дахэгъуэм сценэм текІыжамэ, «ауэ, Тхьэм итхам пародие езы дыдэм хуитхыжащ: щІэгуфІыкІри, «Жьыгъэр» цІэуэ а ещанэм фІищыжащ...». Финалыр еух мыпхуэдэ гупсысэхэмкІэ:

Мы едзыгъуэм фІыуэ хэлъщ зыгуэр итІани:
Гухэр мыпхъэн щхьэкІэ, лъэхэр пхъэм дегъанэ.

Адыгэ псалъэжьым и мыхьэнэр тегъэщІапІэ ещІри, философие гупсысэкІэ еух сонет-композицэ хьэлэмэту зэхэлъхьар.

ІутІыж Борис и сонетхэм щІыпІэшхуэ щаубыд ажалым, зэманыр зэрыІэубыдыпІэншэм, зэрыгущІэгъуншэм, гъащІэм гуІэгъуэу къыщыхъухэм теухуа темэхэм. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, «Гъэ мелуанхэр зи ІэпэбжУ», «Псэ зыІумытхэр мыпсалъэу», «ГъащІэр зэрыкІэщІым теухуауэ», «Нэм къиубыдыр гъуабжэлъабжэщ», «Хьэдрыхэ напэлъагъу щыІэтэкъым», «Гум гугъапІэ лъэпкъ къыхуэгъуэтыжкъым», «Мэкъугъыр хьэр. Мэкъугъ емызэшыжу», «ФІыуэ тлъагъу цІыху щетхьэхкІэ мащэм», «Гуауэр пшагъуэ фІыцІэу къыщхьэщылъщ кхъэлъахэм», «Дунеижьыр Тхьэм и тыгъэ ІэгурыхьэІэгурыкІщ», «Къахуоунэхури гъуэбжэгъуэщ дахэу», н.

«ГъащІэр зэрыкІэщІым теухуауэ» сонетым усакІуэм зэрыщитхымкІэ, «Дапщэщ?.. Дауэ?..» псалъэ шынагъуэхэр

цIыхухэм ягъэщIагъуэу къажьэдокIыр, зыгуэрым и «вагъуэр ижыхукIэ», «я гуауэ гъэтIылъыгъэр ямылъагъу защIыф». Дауэ зыдмыщIми, «фэрыщIагъэ дахэ пыгуфIыкIым, къыпхырогуфIыкIыр дигу къигъыкIхэр».

ГушыIэшхуэ хэлъу щытащ IутIыж Борис, гушыIэкIэ къызэрымыкIуэкIэ гъэнщIащ и комедиехэр, ныбжьэгъу шаржхэр, рассказхэр, усэхэр. И сонетхэми уащрохьэлIэ тхакIуэм и ауан щабэм. Псалъэм папщIэ, «Лъагъуныгъэр банэ папцIэм» сонетым и ухуэкIэр ещхьщ гушыIэ уэрэдым:

Лъагъуныгъэр банэ папцIэм
Хуэзыгъадэм – къыхэуакIэщ.
Пщащэ дахэ щIалэгъапцIэщ,
ЖызыIари – къагъэпцIакIэщ.

ЕтIуанэ строфами Iуэхур «щIегъэхуабжьэ», лъагъуныгъэм и «лыгъэр къыпщIадзамэ, тыншыгъуэ щыIэжкъым», «уилIыкIыну укъащIамэ, – къыпихахэм уахэхуакIэщ», а гухэлъым уещI гупсысалэ, «бампIэхуэлъэу укъегъанэ». Апхуэдиз гузэвэгъуэ хэхуам къыхуэнэжыр зы гугъапIэщ:

Къыбблах пэтрэ а «уэгу мафIэ лыгъэм»
Укъисыныр – ари лъагъуныгъэщ.

ГушыIэр и лъабжьэщ «Накъыгъэ мазэм зызэпигъэзэж» сонетым. Сюжетыр тещIыхьащ цIыхум и гур зэикI жьы зэрымыхъум. УсакIуэм къретхэкI гъатхэ мазэм и дахагъыр («Сэтэней уардэм фокIадэ мазэм щхьэр дэуназэу зыкъипхъэхащ», «щIалэгъуэм ещхьу мэзрэ бзурэ зэщогуфIыкI»). А псом жьыгъэр «итырыгъуу къыхопIиикI». КъыкIэлъыкIуэ строфам къыщыпещэ:

Ауэ зыгуэрхэм ирамыгугъэ
Гугъэбжэр Жьыгъэм зэIуигъэуэж:
МыпыIэж си псэм ди лъагъуныгъэр
Итырыгъу мафIэу щызэщIонэж...

Сыт хуэдэ ныбжьми лъагъуныгъэр и Iэпэгъущ. Ар нэгъуэщI лъэпкъ поэзиехэми хэтщ. Адыгэ гушыIэ дахэкIэ псалъэмакъыр еух IутIыжым:

Фымыгубжьыт, лIыжь гушыIэм пэж хэфлъагъуэрэ
Дыхъуэпсэнуи дыхуитыжкъэ, зиунагъуэрэ?!

«ПфIэфIт уэ лъагъуныгъэм тIэкIу уриджэгуну» сонетри тещIыхьащ гушыIэм, сюжетыр теухуащ зэгуакIуаитIыр зыхэхуа зэхъурджауэ-зэдэджэгумрэ абы ахэр зыхуишамрэ.

Хъыджэбзым зэм и псэр щIалэм иригъэшхыну жиIэрт, зэми «къызэкъуихырт щэным я нэхъ Iейр», щIалэми зигъэпхъашэрт. Джэгу-зэпеуэр ямыухыурэ, щIалэхэм пщащэхэм я нэхъыфIыр къашэрт. Ещанэ строфам усакIуэм апхуэдэ фIылъагъукIэм кърикIуар сэтей къыщещI:

Лъагъуныгъэм сытри хуэшэчынущ, ауэ
Ириджэгухэм зэи ар яхуимыгъэгъу.
Мисыр: джэгуакIуитIыр унагъуитI дищIауэ,
Ди гукъыдэж IэфIхэм Езыр я Iэпэгъущ...

Усэм и кIэух сатыритIым гушыIэкIэ гъэщIэгъуэн къыщегъэсэбэп IутIыжым: «Тхьэм ирещIи, уэрэ сэрэ жыхьэнмэбжэр къытхуозэш. / Содэр ари: нэгъуэщI мыхъуми, мис абы къыщысхуэзэж».

Лъагъуныгъэ лирикэм нэхъыбэу къыхэщыр цIыхубзым и образырщ. IутIыжым и сонетхэм деж («УсакIуэм и гум щигъэтIысгъуэ») зэм ар чэнджэщэгъу мэхъу: «Бзылъхугъэр ЩIым къыщывмылъыхъуэ» (ар нэхъыбэу хэтщ гупсысэм), адрейм – «Бзылъхугъэр – ар цIыхуу щIыгум къызэрытехьар» къегъэлъагъуэ. А мыхьэнэхэр щызэгъусэщ цIыхубзым и образым, зыр кIэрыпчмэ, и зэран адрейм екIынущ:

Дахагъэм ди нэр щIисыкIынут,
УкIытэм къыпхырымыпсам.
УкIытэм ди гур хэлIыхьынут,
Дахагъэ-дыгъэр щхьэщыкIам.

А тIур зэкIупсу зэгъусэщи, аращ усакIуэм жезыгъыIэр: «Аращ ущIэсщIыр гъащIэ нып, / Къэзмыгъуэта си Дахэнагъуэ, / СызыщIэмыхьэ си насып...». УзэщIыныгъэр (гармониер) лъэныкъуэ псори зэкIужу щытмэщ, дахагъэмрэ нэмысымрэ зэгъусэмэщ. Иджыри зы хьэл, нэхъыщхьэу бзылъхугъэм иIэн хуейуэ, усакIуэм дыщIегъур сонетыр зэриух сатырхэм – пагагъ хэлъын, и щхьэм пщIэ хуищIыжын зэрыхуейр. А псори къримытхэкIыу IутIыжым зы псалъэухам щыжеIэ диалектикэм, эстетикэм и хабзэр якъутэмэ, цIыхур зыхуэкIэ Iуэху мыщхьэпэр: «ЗищIысыр зымыщIэж бзылъхугъэ куэдым / Тхьэ тыгъэхэр хаутэ гъащIэ шэдым». Куэд къызэрыкI эпитетщ «гъащIэ шэд» жыхуиIэм, философие куу щIэлъщ.

Лъагъуныгъэ темэр гъуазджэм хэтынущ цIыху дунейм тетыху. IутIыж Борис и сонетхэм лъагъуныгъэм къишэ гурыщIэхэр щызэпэщхьэхуэхэщ, ауэ абыхэм я нэхъыбэм гуфIэгъуэ хэIэтыкIа яхэплъагъуэркъым… узыгъэнэщхъейр йобэкI. Лъагъуныгъэр гъащIэм щымащIэщ, ар цIыхум и гупсысэм, пщIыхьэпIэм, къызыфIигъэщI дунейм щытепщэщ.

Къэтщтэнщ «Сэ къысхуэщIэжкъым дыщызэхуэзар» сонетыр. Лирическэ лIыхъужьым къыхуэщIэжкъым и лъагъуныгъэм щыхуэзар, дыгъуасэ, хьэмэ «къалъхуным ипэ», ауэ а гурыщIэ дахэр «ирожэр акъужь гуапэу» и гу къуэпсхэм. Ар зэупщIыжми, къыхуэгубзыгъыжкъым а «псор» щыIарэ щымыIарэ, дауэ щытми, а гурыщIэм лIыхъужьым и гъащIэр игъэнщIащ. ИкIэм-икIэжым, узэмыжьа гупсысэкIэ еух сонетыр: «ПщIыхьэпIэ дахэ гуэр дэ тIур дызэдыхэтщ... / Мыракъэ гъэщIэгъуэныр: дэ къыдэпщIыхьыр хэт?».

«Илъэсхэр блокI, зэтезэрыгуэу» сонетым зэпэIэщIэ хъуахэм я деж «гукъэкIыжхэм кIапсэрыкIуэ лъэмыж» щащIар, зэрымылъагъуу кIуа махуэхэр «дыгъэншэщ». Лъагъуныгъэр блэбгъэкI мыхъуну гурыщIэщ, «цIыхум и насып джэшыр къызэрыхуикIыр» зэ закъуэщ, ар блэзыгъэкIым къыхуэнэжыр «насып блэкIам хуеплъэкIыж зэшщ». А гупсысэр усакIуэм нэхъ ткIий щещI сонетым и кIэухым:

Гухэлъым и тезырыр мыухыжщ –
Дунейр къыптекъутэхукIэ уопшыныж.

Лъагъуныгъэр цIыхур зыгъэин, къаруушхуэ, гукъыдэж къезыт гурыщIэщ. «УкъилъэтыкIауэ мо мелыIыч лъахэм» сонетым усакIуэм къыщегъэлъагъуэ дахагъэм цIыхур «хьэщыкъ» зэрищIыфыр (фIылъагъуныгъэм «хьэщыкъ ищIащ» жыхуаIэр «ауэ жаIэу къысщыхъурт сыпIумыплъэхукIэ»), абы «жылэ хисэр» усэу и гум къотэджыкIыр. Усэм и кIэухым абы мыпхуэдэу дахэм зыхуегъазэ:

Уи телъыджэ хъуэпскIым къыхиха зы хъуаскIэ,
Усэм хэслъхьэфамэ, ар уахътыншэ хъуакIэщ.

А усэм и мотивыр къыхощ «Вагъуэбэ жэщыр налкъут нэхунэ...» сонетми. Псысэхэм я «уардэунэу фIылъагъуныгъэм гухэр щоусэ, хуэмыусамрэ щIэмыхъуэпсамрэ къэгъуэтыгъуейуэ дуней дахапIэщ». Апхуэдэу щытми:

Лъагъуныгъэр гухэм я гъэрыпIэ-тхъапIэщ.
Мы дунейм щымыщу хащIыхьа хэщIапIэщ.

IутIыжым и сонетхэми, и усэ куэдми къахощ лъагъуныгъэр къызэрыгуэкI гъащIэм епхыщауэ зэрыщымытыр, абы «езым и дуней» зэриIэжыр, къагупсыса дунейм ар зэрыщыпсэур. Соцреализмэм къигъэувырт литературэм и жанр псори гъащIэм, цIыхум и псэукIэм гуэпхауэ щытын хуейуэ, абы къыхэкIыу усакIуэхэм къагупсыс «нэкъыфIэщI дунейр» зыми имыщIысу. Борис и тхыгъэхэр «реализм» къупхъэ закъуэм иткъым. УсакIуэр фIыуэ щыгъуазэт литературэм

и теорием. Абы и щыхьэтщ литературэм и пкъыгъуищми (эпос, лирикэ, драмэ) я Іэмалхэр «зэхиухуанэу» зэрыщытар. Апхуэдэщ и лирикэм, сонетхэм «къызыфІагъэщІ гъащІэр» къызэрыщигъэсэбэпар. «Нэм къиубыдыр гъуабжэлъабжэщ» сонетыр еух мыпхуэдэ псалъэхэмкІэ: «Ущыпсэуну къэнэжар нэр буфІыщІмэ плъагъур арщ». Нэр еуфІыщІри и нэгум къыщІегъэхьэ «ХъуапсапІэ минхэм я дунейр, ди гугъэ гъуэгухэр щызэхыхьэу ди лъагъуныгъэм и дунейр». ЦІыхур къыщІигъэщІар лъагъуныгъэрауэ жыпІэ хъунущ, ауэ щыІэщ а гурыщІэ дахэр «къызылъымысхэри». А мотивыр лъабжьэ хуэхъуащ «Мазэ хьэуджэдыр уэгум щызоджадэ» сонетым. УсакІуэм лъагъуныгъэр зищІысыр къеІуатэ мыпхуэдэу:

Лъагъуныгъэр – дыгъэм къыхащІыкІа усэщ,
ЗэкІэрыпщІа псэхэм къаІущэщ уэршэрщ.
Гукъыдэж хъарпшэрхэм я хэщІапІэ псысэщ,
Ухилъасэ пэтми узыхыхьэ гуэрщ.

ГъащІэм и хабзэхэм пэщІэуэркъым усакІуэм и лирикэр, уеблэмэ и зы сонет къыщІедзэ Гераклит и псалъэхэмкІэ: «Хэмыхьэф а зы псым зы цІыху тІэунейрэ». УсакІуэм а псалъэхэр дыджагъ хэлъу жеІэ, ауэ зыри текІыфыркъым хабзэм, абы къыхэкІыу «блэкІа лъагъуныгъэр – ар къухьэжа дыгъэщ, ...пщІыхь дызэпщІыхьыжщ. / Зэ дыІущІэжынкІэ ди псэр зыщыгугъу гугъэр зытезашэ къытхуэмыгъуэтыжщ». Зэманым хуэдэщ лъагъуныгъэ блэкІари, уи блэкІа щІэращІэм и «мылыфщ» узрихьэлІэжынкІэ хъунур. Пасэрей алыджхэм (грекхэм) гу зылъата пэжыр дыджщ, ауэ абы зыри ебэкъуэфынукъым. Ар гъащІэм и хабзэ ткІийщ.

ГъащІэм езым и философие, диалектикэ иІэжщ. ЦІыхухэм Іуэху куэд дыдэ ирапх мы гупсысэм. Дэтхэнэри и натІэм къритхам ебэкъуэфыркъым, а хабзэм упэщІэувэн хуэмейуэ къалъытэ. ІутІыж Бориси и зы сонетым ар фІэщыгъэцІэ хуещІ: «УтекІыфынкъым натІэм къритхам». «Дауэ къыпэпкІухьми, ерыщу а хабзэм упэщІэтми, ухуэзэжынущ абы», – жеІэ усакІуэм:

АтІэ сыт къапхъэн къытхуагъэпсам
Ди псэр ІэщІэтхыну дыщІыхэтыр?
Хьэхурэ-щІыхуэу дуней къытлъысам
Тхуэмыухыж хъуэхъур щІыхуэтІэтыр?..

Мы упщІэм жэуапыр, дауи, къэгъуэтыгъуейщ, щыІэкъым зи гъащІэр къэзыбжыфи. Сонетыр зэриухым хэлъщ гупсысэ гъэщІэгъуэн, а кърибжэкІахэм пэщІэуэу:

ЩІыхум и цІэ лъапІэр къызэрилэжьар
НатІэм къритхахэм яку къыдищІыкІарщ.

ЦIыхур и натIэм къритхам щыгугъыу псэун хуейкъым, атIэ ар пэщIэтын хуейщ гъащIэм къигъэув лъэпощхьэпохэм, лэжьэн, и цIэр фIыкIэ жаригъэIэн, Iуэхуфl ищIэн къалэнхэрщ гугъу зригъэхьын щIыхуейр.

ГъащIэр цIыху цIыкIум къызэрыщыхъумрэ ар зэрыщытымрэ фIыуэ зэпэжыжьэщ. А гупсысэр лъабжьэ хуэхъуащ IутIыжым и сонет зыбжанэм: «Хьэдрыхэ напэлъагъу щыIэжкъым…», «Мы гъащIэр игъащIэм екIуэкI шурылъэсщ», «Къыщимыгъуэту а нэхъу къилъыхъуар», нэгъуэщIхэри. Иужьрей сонетым и пэщIэдзэм авторым щыжеIэ цIыхум гъащIэ «хузэхалъхьам» къыщилъыхъуэ псоми и Iэр зэрылъэмыIэсыр, ахэр къыщемыхъулIэкIэ, къыхуэнэжыр зыщ – зэрыхъуу ищIынырщ. «ЗыщIэхъуэпс дыдэм лъэIэсыфауэ» дунейм зы цIыху щалъэгъуакъым. АдэкIэ усакIуэм къыпещэ:

Зедгъэсэжащи, зыгуэр щымыщIэу
Насып дгъуэтыным дыблохъуэпсыкI.
Дыхэмыныпэу и лъэхъумбышIэр
Къытлъысыу щытмэ дыщогуфIыкI…

Сонетыр зэриух псалъэхэми уи гур къыщIаубыдэркъым: «араш езыр, «цIыху гъащIэкIэ» зэджэжыр: «ХъуапсапIэхэр щыкIуэщIурэ зэлъэжырщ».

IутIыж Борис и сонетхэм мотив щхьэхуэу хэтщ жьыгъэр, абы и «Iэпэгъу» гупсысэ нэщхъейхэр. ЦIыхур жьы хъу щхьэкIэ, абы и гур къонэ щIалэу, кIуэдыркъым лъагъуныгъэри. «Сыту куэд дыдэ бжесIэжыфыну» сонетым хэт лирическэ лIыхъужьым игу къегъэкIыж «и напIэм щIэлъмэ щIимыхыфыну» лъагъуныгъэ зыхуиIар. «Гъуэжькуийуэ дахащэу щIалэгъуэр» ящхьэщылъэтащ зэгуэкIуахэм, ахэр зэпэIэщIэ хъуащ, абы теухуауэ упсэлъэныр «зэмыкIу ныбжьым иджы нэсахэщ». Жьыгъэр цIыхум IэпкълъэпкъкIэ зыхищIэми, игукIэ абы еувалIэркъым. Апхуэдэу щытми, дэтхэнэри зоплъэкIыжыр, и гъащIэм къехъулIахэмрэ «зыхэнахэмрэ» зэхедзыжыр. «Ей, мы Жьыгъэри мыр!» сонетым авторым чэнджэщ ет жьыгъэр джэгуэн ямыщIыну. ГъащIэм и куэдщ Iейри фIыри, ауэ цIыхум къыфIощI «Iуэху нэхъ домбейхэр мызащIэу къэна, къыIущIэн хуея нэхъ IэфI дыдэ лъагъуныгъэм хэна». Иужьрей псалъитIым, междометием и хьэл зыхэлъым, къызэщIакъуэжыр темэр: «ЖиIэ хуэдэщ блэкIам: «Бетэма-а-ал!» пидзыж пфIощIыр къэсам: «НеIэмал!»

Гукъинэжу, поэзиекIэ гъэнщIауэ Борис итха сонетхэм щыщщ «жьыгъэ» мотив зыщIэт «Сыту гущIэгъуншэ мы пщыхьэщхьэ дахэр!» усэр:

Сыту гущIэгъуншэ мы пщыхьэщхьэ дахэр!
Ди щхьэ зэщIэтхъуахэм жьыбгъэр ходжэгухь.

Ди нэм и бэджыхъыу ди псэм къыпатхъахэм
ГукъэкIыж хужьыпскIэ дыкъауфэрэзыхь.

Эпитет хьэлэмэт къегъэсэбэп усакIуэм – «щхьэ зэщIэтхъуахэм жьыбгъэр ходжэгухь». СыткIэ «къридзэн» жьыбгъэм жьыгъэр? ЕтIуанэ аллегориери купщIафIэщ – «нэм и бэджыхъыу псэм къыпатхъар». Жьы хъуам и нэм «куэд къыфIощIыр», абы и хьэлхэр ехъуэжыр, «нэхъ Iэсэлъасэ мэхъу». А гупсысэхэм къыхокIри усакIуэм жеIэ: «Си ныбжьэгъу, мы гъащIэр – намыщIыса лъахэщ. / НахужымыIэсу къэнэжа уэрэдщ». КIэух сатырхэм гугъапIэ къагъанэркъым: «А-д-д-дэ пасэ дыдэу пасэрейм жиIащ: «НапIэхэр зэтелъхьи, – псори къэнэжащ». Псалъэжь шэрыуэкIэ еух сонетыр.

ГъащIэм щытепщэ философиер зыкъомкIэ къызэрыгуэкIщ икIи гурыIуэгъуэщ, ауэ цIыхур еувалIэркъым ахэм:

Зэгуэрым нэху щыщынущ мы дунейм
Ди Iуэхуи-дэлъи зыхэмылъыжынум.
Дэрыншэу зэIуихынущ и пщэдей
Зи нэхуи-хупси къытлъымысыжынур.

УсакIуэм пещэ а пэжыр къызэрыгуэкIыу зэрыщытым, ауэ гъащIэр зэрыкIэщIыр тщогъупщэри, «дызэрыгущIу» дунейм дытетщ. КъыкIэлъыкIуэ строфар упщIэкIэ еух:

Тынш дыдэу къыщIэкIынукъым дунейм
Сыт щыгъуи зэнэзэпсэу утетыныр.
АтIэми сэ къэсщIэну мыр сыхуейт:
Нэхъ тыншу пIэрэ мащэ зэхуэптIыныр?

Языныкъуэ и сонетхэм ещхьу, мы сонетми Борис жэуап хьэзыр щритыркъым игъэува упщIэм, ар къыхуегъанэ тхылъеджэм: «ЦIыху цIыкIур къалъху. / Мэпсэу. Жьы мэхъу. МэлIэжыр... / Жэуап зимыIэ упщIэхэр къонэжыр». «Махуэ фабгъуэр уэбэуэфэу» сонетми наIуэ къещI цIыхур пэжым еувэлIэн куэдрэ зэримыдэр: «ЦIыхум и псэр хуейкъым з-з-зыри къэмынэу къыжезыIэ Пэжым жиIэм еувэлIэну». «Пэжым нэр ирещI» жыхуаIэ псалъэжьыр адыгэм гъащIэм къыхихащ, абы щызэхуэхьэсащ лIакъуэ куэдым я гупсысэ шэрыуэр. ЗыкъомкIэ абы поджэжыр «Жьыху уэсыр зэрехьэр жьы щIыIэм» сонетыр. УсакIуэм етх гугъапIэ къудейри «шейтIанхэм я жьэгу» зэрыхъуар, «пэж минхэр зи пэжхэм» зэрыщагъэпщкIур, «бжьэ нэпцIхэм фо нэпцI» къыщахь зэману ди лъэхъэнэр зэрыщытыр. Иужьрей сатыритIым деж IутIыжым а проблемэр сыт хуэдэ зэманми епхауэ къегъэлъагъуэ:

Тхьэм пэплъэу йокIуэкIыр игъащIэми гъащIэр.
Дунейр «тхьэпэлъытэ» щыхъуахэм зэIащIэр.

ІутІыж Борис и сонетхэм теухуауэ жытІахэр къызэщІэпкъуэжмэ, къыхэгъэщын хуейщ мы жанрым и зыужьыныгъэм абы хэлъхьэныгъэ щхьэпэ зэрыхуищІар. УсакІуэм и лирикэми, драматургиеми, зи гугъу тщІы сонетхэми къыщигъэсэбэп адыгэбзэр бейщ, псалъэхэр купщІафІэщ, стиль и лъэныкъуэкІэ дагъуэншэщ. Образхэр къызэригъэщІ Іэмалхэр, къигъэсэбэп эпитетхэр, метафорэхэр, зэгъэпщэныгъэхэр щІэщыгъуэщ, гукъинэжщ. Теорие и лъэныкъуэкІэ уеплъмэ, ІутІыж Борис и сонетхэм (нэгъуэщІ адыгэ усакІуэ зыбжанэм яйхэми хуэдэу) дыболъагъур ахэр лирикэ жанрым икІыу эпосым и хьэл гуэрхэр къыхэхуэу зэрыщытыр. ІутІыжым а жанрхэм я гъунапкъэр зэпиупщІу, ахэр пкъыгъуэ зыгуэрхэмкІэ зэхиухуанэу щытащ. Зэгъусэу эпосри, драмэри, лирикэри зэдигъэлажьэрт. Апхуэдэ тхакІуэхэр щымащІэщ ди литературэми, урысейпсо литературэми.

Мы тхыгъэр дгъэхьэзырын щхьэкІэ, едгъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуащи, адыгэ усакІуэхэм я Іэдакъэщ Іэкіхэм ухуашэ гупсысэ зыбжанэм. Япэрауэ, нэхъыбэм къагъэсэбэпар сонетым и «инджылыз» фащэрщ. Ар ди бзэм, псалъэжь къэгъэщІыкІэм нэхъ йозэгъ. ФІыуэ нэхъ мащІэми, «классикэу» къалъытэ итальян сонет жанрыр къыщагъэсэбэпащ я творчествэм адыгэ усакІуэ зыбжанэм. Абыхэм я цІэр къиІуапхъэщ: Бэрэтэрэ Хьэмид (адыгей усакІуэщ, сонет Іэрамэу тІу, сонет фІэкІа имыту тхылъ щхьэхуи къыдигъэкІащ), Бемырзэ Мухьэдин (шэрджэс усакІуэщ, сонет Іэрамэ итхащ, итальян фащэм иту), Ацкъан Руслан (къэбэрдей усакІуэщ, итальян фащэм ит сонет зыбжанэ иІэщ). Къэбэрдей литературэм сонетыр япэу къыхэзышар ЩоджэнцІыкІу Іэдэмрэ Сокъур Мусэрбийрэщ. Абы и лъагъуэм ирикІуащ къэбэрдей усакІуэхэу КІэщт Мухьэз, Мысачэ Петр, КІэмыргуей Толэ, Жылэтеж Сэлэдин, Мыкъуэжь Анатолэ, ІутІыж Борис, Уэрэзей Афлик, Ацкъан Руслан, Къармэ Асият, ПщыукІ Латмир, нэгъуэщІхэри. Жанр гугъур адыгэ (къэбэрдей, адыгей, шэрджэс) поэзием убгъуауэ зэрыхэтыр и щыхьэтщ ди литературэм фІыуэ зэрызиужьам.

1.5. Роман жанрым игъуэта зэхъуэкІыныгъэхэр

«Иджырей лъэпкъ роман», «адыгэ литературэм и иджырей лъэхъэнэ» щыжытІэкІэ, а терминхэм мы лэжьыгъэм къыщызэщІедгъэубыдыр XX лІэщІыгъуэм и кІэухымрэ XXI лІэщІыгъуэм щыщу блэкІа илъэсхэмрэщ. Апхуэдэу къыхэдгъэщын хуей щІэхъур «иджырей», «иджырей лъэхъэнэ» псалъэхэр литературэ щІэныгъэми, тхыдэми нэхъ пасэ лъэхъэнэхэм ехьэлІауэ куэдрэ къызэрыщагъэсэбэпам и закъуэкъым, атІэ, ипэжыпІэкІэ, 90 гъэхэм къэралым

зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр зэрыщекIуэкIамрэ абыхэм Iуэху еплъыкIэщIэхэр къызэрагъэщIамрэщ. Ахэр лъабжьэ хуэхъуащ адыгэ литературэм, хэгъэщхьэхукIауэ лъэпкъ прозэм игъуэта унэтIыныгъэщIэхэми.

Адыгэ литературэр гъуэгущIэ тешэным щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ хуэхъуахэм ящыщщ лIэщIыгъуитIым (илъэс минитIым) я зэблэкIыгъуэхэм ирихьэлIэу совет къэралыгъуэ иныр зэрызэхэщэщэжар, абы щIыгъуу адыгэ тхыбзэ литературэр къыщежьа, идеологие пыухыкIам щIэту зыщиужьа лъэхъэнэри тхыдэм зэрыхыхьэжар. Абы и пIэм къиуващ цIыхухэм я псэукIэ-зэхэтыкIэм, экономикэм, политикэм нэгъуэщI теплъэ езыта лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкIэщIэхэр, УрысеищIэр. ПсэукIэщIэ ухуэным е совет лъэхъэнэм ипэкIэ щыIам хуэкIуэжыным хуэунэтIауэ абы лъандэрэ къэралым щекIуэкI реформэ гугъухэмрэ гурыIуэгъуейхэмрэ я нэпкъыжьэ къытрамыдзэу къанэркъым зэманми, цIыхухэм ягуми, пIалъэ-пIалъэкIэрэ закъригъащIэу.

Литературэр къапщтэмэ, апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр абы лъэужьыншэу къыщынэркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Хэкум, жылагъуэм къыщыхъухэм ар сыт щыгъуи кууэ хэпщIауэ къогъуэгурыкIуэри. Аращ лъэпкъ прозэм, хэгъэщхьэхукIауэ роман жанрым къикIуа гъуэгуанэм дыщриплъэжкIэ, абы и фащэр ихъуэжу щыщIидза лъэхъэнэу 90 гъэхэр къыщIыхэдгъэщхьэхукIыр.

Апхуэдэу щытми, букъуэдий хъуну къыщIэкIынкъым XX лIэщIыгъуэм и кIэуххэм къэсыху лъэпкъ прозэр езым хуэгъэпса жапIэ хэхам тету къэгъуэгурыкIауэ, иужьым занщIэу нэгъуэщI унэтIыныгъэ игъуэтауэ. Дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм ехьэлIауэ дэ нэхъ тфIэкъабылыр ар зэблэкIыгъуэ, зым адрейр къыщигъэщI зэману къэлъытамэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ литературэм, псом хуэмыдэу романым хуэдэ тхыгъэ пIащэхэмкIэ псынщIэу зызыхъуэж цIыхубэ гъащIэмрэ къэрал политикэмрэ упэджэжыныр тыншу къохъулIэ хабзэкъыми. Мыбы къыхыумылъытэуи хъунукъым цIыхур зыхэпсэукI дунейм щызэхэухуэна Iуэхугъуэ куэдри – жылагъуэ зэхэтыкIэм, политикэм, экономикэм, гъуазджэм ехьэлIахэр. Нэхъ гугъури, къэхутэгъуейри литературэр абыхэм зэрапыщIа къуэпсхэрщ, цIыхубэм я псэкупсэ дунейм екIуэлIэжу.

Апхуэдэ дыдэу тэмэм хъунукъым лъэпкъ литературэм и зыужьыныгъэр зэманым зыдэзыхъуэж щэнхабзэм къыхэпчу и закъуэу бджынри. Абы къыщыхъу-къыщыщIэхэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ литературэри, псом япэу псалъэр зи лъабжьэ гъуазджэм. ЦIыхубэм и зэхэщIыкIым зэхъуэкIыныгъэ игъуэтыным хуэунэтIауэ къалэн пыухыкIахэр егъэзащIэ динми. Къэдгъэлъагъуэ лъэхъэнэм абы лъэпкъым и гъащIэм щиубыд увыпIэми мыхьэнэми заубгъуащ.

Къыхэгъэщын хуейщ блэкIа лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэм совет къэралым щыщIидзэгъа нахуагъэмрэ цIыхум игу илъыр жиIэну игъуэта хуитыныгъэмрэ лъэпкъ прозэм лъэужьыншэ зэрыщымыхъуари. Абыхэм фIы куэд къадэкIуащ, ауэ я Iуэху еплъыкIэр ехьэкI-къехьэкI хэмылъу къаIуэтэну, прессэм щыжаIэну ягъуэта хуитыныгъэхэм ди цIыхухэр хуэмыхьэзыру къыщIэкIат. Ахэр я лъабжьэу къэралым щекIуэкIащ цIыхубэ зэщIэхъеныгъэхэр, жылагъуэ-лъэпкъ зэжьэхэуэныгъэхэр, уеблэмэ щIыналъэ зауэхэр. Лъэпкъ прозэр а Iуэхугъуэ гугъухэм хэмыIэбэу лъэныкъуэкIэ щытакъым (Нало З., Щамырзэ I., Слъон Л., ГъущIо З., нэгъуэщIхэми я повестхэмрэ рассказхэмрэ), ауэ художественнэ псалъэм и къарукIэ нэгъэсауэ ахэр зэпкърыхыныр адыгэ литературэм иджыри зэфIэха щымыхъуа лэжьыгъэщ.

90 гъэхэм лъэпкъ прозэм, псом хуэмыдэу тхыдэ романхэм, къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэм ящыщщ къэхъукъащIэ гуэрым хэт литературэ лIыхъужьым и дуней еплъыкIэкIи, псэкIи игъуэт зыужьыныгъэр къетхэкIыным къыпыкIыу езы тхыдэ къэхъугъэр джыным, къэгъэлъэгъуэным тхакIуэхэр зэрыхуэкIуар. Иджы ахэр хущIокъу лъахэм и псэукIэр, цIыхубэм и дунейр зыхъуэж тхыдэ къэхъугъэ инхэр къэзышэ щхьэусыгъуэхэр къэхутэным, апхуэдэ дыдэуи къалэн зыщащIыж а къэхъукъащIэхэм, иджырей Iуэху еплъыкIэ зэхуэмыдэхэм тещIыхьауэ, яхуэфащэ пщIэ етынри. Япэ лъэпкъ романхэм я сюжетхэр тхакIуэм сыт хуэдизу зэхимыухуанэми, тхыгъэхэм я пэщIэдзэм наIуэ щыхъурт ахэр зэриухыну щIыкIэр, псалъэм папщIэ, революцэм теухуамэ, «къэгъазэ имыIэу лIыхъужьыр бэнэныгъэ гъуэгум теуварэ коммунист хъуауэ», зауэм теухуамэ, командир къэмылэнджэжхэр я пашэу, совет зауэлIхэр текIуауэ.

Дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм и пэщIэдзэм щегъэжьауэ тхыгъэхэр къат щхьэхуэурэ зэтепщIыкIыу щIадзэ. Литературэ лIыхъужьым и сурэтыр иращIу тхакIуэ нэхъыжьхэм къагъэсэбэпу щыта плъыфитIым (хужьрэ фIыщIэрэ) адыгэ тхакIуэхэр къапокIри персонажхэм я дунейр, я хьэл-щэныр къэгъэлъэгъуэным къыхашэ гъащIэ коллизие ткIийхэр, лъэпкъ, дин, цIыхубэ зэщIэхъеныгъэ инхэм япыщIахэр. Ахэр лъабжьэ хуэпщIмэ, «иджырей адыгэ романым» къызэщIедгъэубыдэ лъэхъэнэр тIу ипщIыкIыж хъунущ: япэр – зэблэкIыгъуэ лъэхъэнэр, политикэ-жылагъуэ зэхэтыкIэр нэгъуэщI щытыкIэм щыхуэкIуэр, Iуэху еплъыкIэщIэхэр жьыхэм я пIэхэм къыщиувэр. Мыбы и нэщэнэщ тхакIуэхэр иджыри блэкIам и къэпхъэнэм нэсу къызэрыIэщIэмыкIар, зэманым, гъащIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм щтэIэщтаблэу зэрахущытыр. Пэжщ, иджы хуиту жаIэ, тетхыхь хъуащ революцэм ипэкIи Къасым хуэдэу «пщы гущIэгъулы,

псэ къабзэ зиІахэр зэрыщыІам», Мыхьмуд хуэдэу диным хуэпэж, цІыхугъэшхуэ зыхэлъ ефэндыхэр къуажэм зэрыдэсам, «большевик лІыхъужьхэм зыкІи емыщхь», цІыху щхьэхуещэ Мурид хуэдэхэри властыщІэр къэзыхьыжахэм зэрахэтар (Журт Б. «Гъуэжькуий»), ауэ апхуэдэ образхэм зэкІэ заубгъуркъым, лІыхъужь нэхъыщхьэуи романхэм къыщыкІуэркъым, Іэужьыф гуэр ящІамэ, ар зыхуэдэр тхакІуэхэм къратхэкІ мыхъумэ.

ЕтІуанэ лъэхъэнэр зыузэщІыжыныгъэм и илъэсхэу къыхэбгъэщ хъунущ. Ар хуозэ УрысеищІэм и псэукІэр, и Іуэху зехьэкІэр нэхъ зэтес хъужу, щэнхабзэм зиузэщІыжу, цІыхубэм и лъапІэныгъэ нэхъыщхьэхэм пщІэ ягъуэтыжу щыхуежьа зэманыр. Мы илъэсхэм къэщІэрэщІэжу щІедзэ игъащІэ лъандэрэ лъэпкъым къыдекІуэкІ хабзэфІхэм, адыгэм и художественнэ къэухьым зезыгъэубгъу, гъащІэм и плъыфэ зэхуэмыдэхэм къэзыгъэщІ псэкупсэ дунейм литературэр ешэлІэныр. ПІалъэкІэ Іэнкуну щыщыта илъэсхэр къызэренэкІри лъэпкъ литературэм зрепщыт къыщІэгъэлъауэ адыгэм и блэкІар къэгъэлъэгъуэжыным. Зым адрей иужь иту дунейм къытохьэ тхыдэ роман хъарзынэхэр (КІыщокъуэ А. «Лъапсэ», Шэджыхьэщ Іэ Хь. «ЛъыщІэж», МафІэдз С. «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ», Тыуаршы А. «Псыкъелъэм и макъамэхэр», Бэлагъы Л. «Гуащэнэ», АбытІэ В. «Уэсэпс шыугъэ», «Ирамышыжа нысащІэ», Елмэс А. «Бгъэхэм къуршым къагъэзэж», Жылэтеж С. «Пащтыхь хужьым и лІыкІуэ», Къандур М. «Кавказ», «Шэрджэсхэр. Балкан тхыдэ», ХьэхъупащІэ Хь. «ГущІэгъуншэ», н.).

Идеологие пыухыкІа гуэрым хигъэубыдыкІа гъунапкъэм Іэпхлъэпх имыщІыжу, пасэ зэманхэм къащІэна дэфтэр тхыгъэжьхэмрэ иджырей щІэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ я тегъэщІапІэу, тхакІуэхэр хущІокъу лъэпкъ тхыдэм и напэкІуэцІ зэхуэщІауэ щытахэр къызэІухыжыным. Нэхъ тегушхуауэ нобэрей тхакІуэхэм къагъэлъэгъуэж лІэщІыгъуэхэм къыкІуэцІрыкІыу адыгэм и хьэл-щэным, и гупсысэкІэм ягъуэта зыузэщІыныгъэмрэ зэхъуэкІыныгъэхэмрэ. А лъэхъэнэм къыдэкІыу щІэзыдза художественнэ тхыгъэ пІащэхэм (роман, повесть) тхакІуэм и Іуэху бгъэдыхьэкІэ зэхуэмыдэхэм зыщаубгъуащ, философие гупсысэр, психологизмэр нэхъ куу щыхъуащ, езы жанрым и пкъыгъуэхэм заужьащ, теплъэщІэхэр ягъуэтащ. Езым хэгъэщхьэхукІауэ и хъэтІ зэриІэжыным, Іурылъ бзэм зегъэузэщІыным тхакІуэхэри нэхъ егугъу хъуащ. Апхуэдэу щытми, къыхэгъэщын хуейщ мыбдежми 60–80 гъэхэм къалэмыр шэрыуэу зыгъэлэжьа тхакІуэ нэхъыжьхэм бжьыпэр зэрыщаІыгъари. Я цІэхэр къиІуапхъэщ а илъэсхэми гуащІафІэу литературэм хуэлэжьа тхакІуэ-романистхэм: КІыщокъуэ А., Нало А., Къэрмокъуэ М., Кхъуэхъу Ц., Къэбэрдей Ф., Хьэхъу-

пащIэ Хь., ШэджыхьэщIэ Хь., Хъупсырокъуэ Хъ., Журт Б., Елгъэр К., Гъубж М., нэгъуэщIхэми. Абыхэм я дежщ фIыщIэр нэхъыбэу щылъагъупхъэр зэман зэблэкIыгъуэхэм ирихьэлIэу уэру къежьа модерн унэтIыныгъэ цIуугъэнэхэм зыдримыгъэхьэхыу, и хабзэфIхэри IэщIыб имыщIу лъэпкъ прозэр, зэрыщыту литературэр лъэхъэнэщIэм зэрыхыхьар. Ахэращ гъуазэ яхуэхъуар, литературэ жанр нэхъ гугъу дыдэхэр къагъэIурыщIэу, абыхэм я гъуэгум нобэ тегушхуауэ ирикIуэ тхакIуэ нэхъ щIалэхэу Емкъуж М., БакIуу М., Бэлагъы Л., Адзын М., Куэшбей Дж., Анзор М., ГъущIо З., НафIэдз М., нэгъуэщIхэми. Прозаик ныбжьыщIэхэри хущIокъу адыгэ литературэм щызэфIэувахабзэфIхэр япэкIэгъэкIуэтэным, я IэдакъэщIэкIхэм гъащIэм и пэжыр тепщэ щыщIыным, художественнэ IэмалыщIэхэр, Iуэху зэфIэхыкIэщIэхэр къэгъэIурыщIэным, лъэпкъ-эстетикэ лъапIэныгъэхэм зегъэубгъуным.

Дызытепсэлъыхь лъэхъэнэр тIууэ дгуэшыжу жытIэ щхьэкIэ, ар къызэрыбгурыIуэнур абыхэм я зэхуаку бжыхь дэтукъым. ПыухыкIауэ илъэс гуэрым деж зыр щиухрэ адрейр къыщыщIидзэуи щыткъым. Iуэхур здэщыIэр, жылагъуэм игъуэт зыужьыныгъэм елъытауэ, тхакIуэм и гупсысэм, дуней лъагъукIэм зихъуэжу щыхуежьамрэ абы къыпкърыкI зэхъуэкIыныгъэхэмрэщ. Ар IупщI щыхъуу хуожьэ, псалъэм папщIэ, мэкъумэшыщIэ, къалэ лэжьакIуэжь пэрытым, коммунист нэсым и IэрыщI «образ уардэ» къэгъэщIыным зыдрамыгъэхьэхыжу цIыхур зыхэпсэукI гъащIэр, ар зыгъэгуфIэ-зыгъэпIейтей, гукIэ зэригъэзахуэ Iуэху зэхуэмыдэхэр тхакIуэм и художественнэ дунейм тепщэныгъэ щиубыду щыщIидзэм деж. Абы къыхэкIыу 90 гъэхэр лъэхъэнэщIэм и щIэдзапIэу дгъэувми, абы и фащэкIэ хуэпа художественнэ тхыгъэщIэхэм я къежьапIэу щыткъым. Апхуэдэхэр япэ ит лъэхъэнэхэм къахокI, зэхъуэкIыныгъэ зыгъуэт жылагъуэм и псэукIэмрэ и гупсысэкIэмрэ къыздахьри. Араш дэ лъэхъэнэщIэм и щIэдзапIэу дгъэув пIалъэм иужькIи иджыри илъэс зыкъомкIэ блэкIа зэманым и нэпкъыжьэ зытелъ художественнэ тхыгъэхэр дунейм къыщIытехьэр. Мы жытIахэр ирищIэдгъэбыдэжу къэтхыну дыхуейщ 90 гъэхэм и пэщIэдзэхэм къыдэкIа роман зыбжанэ: «Iущым хешыр и Шыхулъагъуэ» (Гъубж М.), «Гъуэжькуий» (Журт Б.), «Гъуэгущхьиблыр щызэхэкIым», «ГущIэгъуншэ» (Хьэхъупащ Хь.), «Мыхьэмэт» (Къэбэрдей Ф.), «Ирамышыжа нысащIэ» (АбытIэ В.), «Азэмэт» (Къэрмокъуэ М.), нэгъуэщIхэри.

Зи гугъу тщIы лъэхъэнэм, псом хуэмыдэу абы и пэщIэдзэм и нэщэнэхэм ящыщ зыщ а зэманым къыдэкIа романхэм я нэхъыбэр тхыдэм пыщIауэ е лъэпкъым и блэкIам дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIа Iуэхугъуэ гуэрым епхауэ зэрыщытыр. Пэжщ,

япэ адыгэ романхэми (Абыкъу Хъ. «Инжыдж и Іуфэхэм», ДыщэкІ М. «Пшэплъ», Шортэн А. «Бгырысхэр», КІыщокъуэ А. «Хъуэпсэгъуэ нур», «Мазэ ныкъуэ щхъуантІэ», Кхъуэхъу Ц. «ФатІимэт», нэгъуэщІхэми) къыщаІэтыр Хэкумрэ лъэпкъымрэ я дежкІэ зэхэгъэкІыпІэу щыта лъэхъэнэхэрщ. Ауэ ахэр зэрытхар совет къэралым и щэнхабзэр зытетын хуейуэ игъэбелджыла бзыпхъэм имыкІыущ, 30 гъэхэм къыдэкІа романхэм елъытауэ 50 гъэхэм дунейм къытехьахэм я художественнэ-эстетикэ щытыкІэри, жанрым и къэухьри куэдкІэ япэкІэ кІуэта пэтми. Мис а иужьрей романхэм я къупхъэрщ, ищхьэмкІэ зэрыщыжытІащи, къызэрытэджыкІар 90 гъэхэм и пэщІэдзэхэм тхыдэ-революцэ тематикэм хыхьэу къыдэкІа романхэри, лъэхъэнэ зэблэкІыгъуэм и нэщэнэхэр нэхъ къызытещхэр.

80 гъэхэм икухэм къыщыщІэдзауэ Совет Союзым щекІуэкІа демократие зэхъуэкІыныгъэхэм, псом япэу нахуагъэр ищІыІу къызэрыхъуам я фІыгъэкІэ лъэпкъ прозэм къаруущІэ къыхыхьащ, нэхъапэкІэ зэхуэщІауэ щыта темэхэр къызэІухыныр абы къалэн нэхъыщхьэ щыхъуащ. Ар щынэрылъагъущ романым. А жанрым и дэтхэнэ пкъыгъуэми, уеблэмэ персонажхэм я щыІэкІэ-псэукІэми, тхакІуэхэм я лэжьыгъэм щІалъхьэ гупсысэми лъэпкъ тхыдэм и плъыфэр къытощ. Ар къыбжаІэ а лъэхъэнэм къыдэкІа художественнэ тхыгъэхэм я фІэщыгъэцІэхэми. Адыгэхэр зыхэпсэукІ лъэхъэнэ ткІийр, бгырысхэм къахуэкІуэ шынагъуэр е къапэплъэ тхыдэ Іуэхугъуэ гуэрхэр тхылъеджэм зыхрагъэщІэн папщІэ, тхакІуэхэм зэгъэпщэныгъэ зэхуэмыдэхэр къагъэсэбэп. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, дунейм и къэхъукъащІэ шынагъуэхэр, хьэкІэкхъуэкІэ бзаджэхэм я хьэл-щэн гуэрхэр: «Гъуэжькуий» (Журт Б.), «МафІэ лыгъей» (БакІуу М.), «Псыдзэ» (Емкъуж М.), «Мыщэ лъэбжьанэ» (МафІэдз С.), «ГущІэгъуншэ» (ХьэхъупащІэ Хь.), нэгъуэщІхэри. Апхуэдэу зэІуха хъуар тхыгъэхэм я цІэхэм я закъуэкъым, зэІуха хъуащ абыхэм я купщІэри, тхакІуэхэм я псалъэри. Абы и щапхъэщ ХьэхъупащІэ Хьэжбэчыр и роман «ГущІэгъуншэ» зыфІищар («Іуащхьэмахуэ», 1995 гъэ, № 2–№ 6-хэр).

Романыр зытеухуар тхыгъэм и цІэм къыбжеІэ – блэкІа лІэщІыгъуэм и 20–30 гъэхэрщ, ди лъахэм коллективизацэр щекІуэкІа илъэс ткІийхэрщ. ТхакІуэм фІыщІэ щІыхуэщІыпхъэхэм ящыщщ лъэпкъ литературэм пэІэщІэ зыхуищІурэ, зыщидзейуэрэ къэгъуэгурыкІуа, ди литературэ щІэныгъэми зыщызымыубгъуа лъэхъэнэм и сурэтыр зэфІигъэувэжыну зэрыхущІэкъуар. Пэжщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым коллективизацэр зэрыщекІуэкІам иджыри 1934 илъэс жыжьэм тетхыхьыгъащ Къуэжей Сосрыкъуэ («ЩІэ» повестыр). Ауэ повестым къыщыгъэлъэгъуар, ЩІым уиплъыкІмэ, Мазэм и зы нэкІум сыт щыгъуи узэрыІуплъэм хуэдэу, а тхыдэ Іуэхугъуэшхуэм и зы лъэныкъуэрщ –

жэрдэмышхуэ яхэлъу совет цIыхухэм гъащIэщIэр зэраухуэрщ, социализмэм и цIыхущIэхэр зэрагъасэрщ. Коллективизацэм теухуа а повестым къыпызыщэн, щIыщIэ къэмыIэтауэ ди литературэм къыхэна а темэм тегушхуэн ди тхакIуэхэм къахэмыкIыурэ куэдрэ екIуэкIащ. Колхоз гъащIэм и зы Iыхьэ гуэрхэм ехьэлIа художественнэ тхыгъэ кIэщIхэм я гугъу умыщIмэ, 50 гъэхэм къэсыху къуажэдэсхэм я псэукIэмрэ я лэжьыгъэмрэ теухуауэ прозэ тхыгъэ пIащэхэр къэбэрдей-шэрджэс литературэм къыхыхьакъым (ЩоджэнцIыкIу I. «Софят и гъатхэ», Къашыргъэ Хь. «Насыпым и хэкIыпIэ», Гъуэщокъуэ Хъу. «Адэмрэ къуэмрэ», Мысачэ П. «Кхъужьейр мэгъагъэ», н.).

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, 20 гъэхэм я кIэуххэм – 30 гъэхэм къуажэхэм щекIуэкIа мыхъумыщIагъэ къомыр, коммунистхэм я щыуагъэ нэхъыщхьэр щIэуфауэ къэнащ. Ауэ а тхыдэ къэхъугъэ иным и лъэныкъуэ зырызырщ Къуэжей Сосрыкъуэрэ (1934 гъэм) Хьэхъупащ Iэ Хьэжбэчыррэ (1992 гъэм) къагъэлъагъуар: зым – фIыр, адрейм – Iейр. ТхакIуитIри пэлъэщакъым Iейри фIыри щызэхэухуэна цIыху гъащIэр, лъэхъэнэм и плъыфэ зэхуэмыдэхэр къызытещхэр, реализмэм и хабзэхэм тету къагъэлъагъуэн. Япэ тхыгъэм утопием хуэкIуэж гупсысэхэр щыкуэдыщэщи, гъащIэм и пэжым пэжыжьэщ, етIуанэм егъэлеиныгъэр, фэрыщIагъыр къобэкIри образхэр IэрыщIу къыпщагъэхъу.

«ГущIэгъуншэ» романыр къэзыгъэщIар, къызэрыхэдгъэщащи, 80 гъэхэм жылагъуэ псэукIэм щIэуэ къыхыхьа зэхъуэкIыныгъэхэрщ – цIыхум и Iуэху еплъыкIэр щIэуфэ хэмылъу жиIэ, къигъэлъагъуэ зэрыхъуарщ. ПолитикэщIэм зэщIигъэста прессэ щхьэхуитыр къэралым и блэкIам хуабжьу щытехъущIыхьыж лъэхъэнэти, а илъэсхэм тхакIуэ зыкъомми кърагъэкIуакъым къэхъухэм кIэлъыплъу лъэныкъуэкIэ щысыну. А зэманым дунейм къытехьащ тхыдэ къэхъукъащIэ зэхуэмыдэхэр япэм зэратхыу щытам хуэмыдэу къыщыгъэлъэгъуэжа художественнэ, документальнэ тхыгъэ куэд. Абыхэм ящыщщ дызытепсэлъыхь романри. ЗэрыжытIащи, «зэманым екIуу» пэджэжыну тхакIуэм мурад зэрищIам тхыгъэр тIэкIу фIэщщIыгъуей ищIами, «залымыгъэ илъэсхэр» псалъэ жагъуэхэр зытеIукIа лъэхъэнэм адыгэ къуажэм (Даут хьэблэмрэ ПсыкIэ хьэблэмрэ) щекIуэкIа мыхъумыщIагъэ куэдыр лъэпкъ литературэм япэу сэтей къыщызыщIа художественнэ тхыгъэшхуэщ ар.

Лъэхъэнэракъым гущIэгъуншэр, атIэ ар абы хуэзыгъакIуэ цIыхухэращ: фIыр нэхъыбэмэ – гъащIэр нэхущ, Iейр ищIыIу къэхъумэ – кIыфIщ. Дунейр къызэригъэщIрэ зэпэщIэт а къаруитIым къапкърыкI гупсысэхэрщ романым лъабжьэ хуэхъуар. Романым и фIэщыгъэцIэри нэхъыбэу зыдэтлъагъур

Гъуабжэ Залым и образырщ. Абы и цIэми, и унэцIэми къыбжаIэ «гущIэгъуншэ» лъэхъэнэм и лIыкIуэу романым хэтынур хэтми. Иджыри 30 гъэхэм гурымыхь персонажхэм цIэунэцIэ жагъуэхэр етыным ехьэлIауэ лъэпкъ литературэм ДыщэкI Мухьэмэд («Пшэплъ» роман) къыхихьэгъа хабзэм тетщ ХьэхъупащIэри. ГуэхущIафэ Iейхэм пыщIауэ Гъуабжэгущ Iэгъуншэм тхыгъэм куэдрэ дыщрихьэлIэнущ, ауэ тхакIуэр ежьэркъым ар зыхуэдэр къэтщIэным. Романым и пэщIэдзэм ар дегъэцIыху гъунэгъу фызыжь Уэзыр Лъостэхъан и псалъэхэмкIэ: «Ар цIыху бзаджэщ, гущIэгъуншэщ. Псалъэ IэфI яжриIэурэ куэдым мащэ къахуитIащ а зэпыту кIуэным. Езыри, тхьэм жиIэмэ, нэгъуэщIхэм къахуитIа мащэхэм ящыщ зым ихуэжынщ»[1].

Апхуэдэ мащэхэм ящыщ зым ихуэжыхункIэ Гъуабжэ Залым щIэпхъаджагъэ Iэджэ илэжьыну хунос. И щхьэм ифI къыхэкIыну ищIамэ, и напIэ мыхуадэу, ар цIыхугъэми ныбжьэгъугъэми ебэкъуэфынущ. И мурад фIейхэм зэралъэIэс Iэмалу абы пцIыри, бзэгури, Iужэжэнри къегъэсэбэп, «Сыбыр иригъэшэну е хьэпсым илъэсипщIкIэ иридзэну» жиIэурэ цIыхухэр егъэшынэ икIи езыр зыхуейр къарегъащIэ. Ауэ нэгъуэщIущ ар Къалмыкъ БетIал къэзыухъуреихьхэм зэрахущытыр – и къулыкъукIэ драгъэкIуэтеину ящогугъри абыхэм я бжэщхьэIум Iутщ, IуеутыкIри, «пыIэр къэхь жаIэмэ, щхьэр къихьыну хьэзыру».

ЦIыху фэрыщIым и дунейр тIу ищIыкIащ, ауэ тIуми щытепщэр залымыгъэрэ гущIэгъуншагъэрэщ, зым нахуэу, адрейм щэхуу. Нэхъ шынагъуэр щэхуу илэжьхэрщ. ГъэпщкIуауэ, щэхуу фIэкIа Iуэху щызэрамыхьэжу щыта лъэхъэнэм и лIыкIуэщ Гъуабжэм и образыр. Тхыгъэм и пэщIэдзэм абы дызэрыщрихьэлIэр псэукIэщIэм и бэнакIуэущ, уеблэмэ ар мэпIащIэ, зэгуоп «гурэ псэкIэ бгъэдэт пэтми, Къалмыкъ БетIал гу къызэрылъимытэм». Аращи, зыщIэхъуэпс къулыкъушхуэр зыIэригъэхьэн щхьэкIэ, сыт хуэдэ хьэгъэщагъэми хуекIуэну хьэзырщ. Абы ухуэзышэну гъуэгуу езым къыщыхъум къыщыпэщIэхуэхэр трегъэкъэбзыкI, щысхьырабгъу яхуимыIэу. Абыхэм яхэхуащ лажьэрэ шхэжу, и гуащIэкIэ псэужу къуажэм дэс Зули, тхыгъэм хэт цIыхубз образ нэхъыщхьэ Нэфисэт фIыуэ илъагъу щIалэр. Щхьэусыгъуэр езы Гъуабжэм «Нэфисэт зыIэригъэхьэну мурад зэрищIарт». «ЦIыхухэр мыпхуэдизу пIащIэгъуэкIэ колхозым щIыхэпхуэн щыIэкъым. И щхьэ течауэ жамыIэфми, си закъуэкъым апхуэдэу мы Iуэхум еплъыр. Япэ щIыкIэ зы хьэблэ зэхрехьи, зы илъэс-илъэситкIэ колхозу ирелажьэ, абы фIыгъуэ къыдэкIуэрэ, адэкIэ деплъынщ»[2], – къуажэ зэхуэсым Зул щыжиIа а псалъэхэм папщIэ, Гъуабжэм дригъэшри хьэпсым ирыригъэдзащ. Лей ятригъэхьащ къуажэм кIуамэ, щыхьэщIэу, щешхэ-щефэу щыта Шорэ Аслъэнджэрий и унагъуэми.

Езы тхакIуэр иджыри сабийуэ 30 гъэхэхэм екIуэкIа залымыгъэм щыщ теплъэгъуэхэр и нэгу щIэкIами, а илъэс ткIийхэм яхэлъа трагизмэр нэсу романым къыщызэIуха хъуакъым. Iуэхур лъэныкъуэкIэ ещIауэ къэнащ. Абы щхьэусыгъуитI иIэу дэ къытфIощI: япэр – тхыдэ дэфтэрхэмрэ хъыбырхэмрэ тхакIуэм къемэщIэкIащ. КъемэщIэкIащ тхыгъэм роман жанрым и нэщэнэу хэлъхэри, ар повестым и жыпхъэхэм нэхъ йозагъэ. ЕтIуанэр – къыщыхъуа, зыхэпсэукIа совет лъэхъэнэм щытепщэу щыта гупсысэхэм тхыдэ-революцэ тематикэр я лъабжьэу нэхъапэхэми къыдэкIа тхыгъэхэм ар ещхь ящIащ.

Апхуэдэу щытми, цIыху щхьэхуэм и образымкIэ лъэхъэнэ хьэлъэр къигъэлъэгъуэжыну ХьэхъупащIэр хущIэкъуащ. Ар и щIэдзапIэщ икIи и щыхьэтщ 90 гъэхэм я пэщIэдзэ дыдэхэм щегъэжьауэ адыгэ литературэр лъэпкъым и блэкIам нэгъуэщIу еплъ зэрыхъуам, нэхъапэхэм зримыкуу щыта темэщIэхэр къигъэIурыщIэну иужь зэрихьам. Абы и щыхьэтщ нахуагъэм, демократие зэхъуэкIыныгъэхэм я Iэужь «Гъуэжькуий» романри (1997 гъэ). Лъэхъэнэ зэблэкIыгъуэм къигъэщIа а романми наIуэу къытощ зи Iуэху еплъыкIэхэм захъуэжу хуежьа тхакIуэм ар и Iэдакъэщ Iэк Iыу зэрыщытыр.

Журт Биберд и «Гъуэжькуий» романыр дунейм къызэрытехьэу абы теухуауэ итха статьям щIэныгъэлI, литературэ критик ХьэкIуащэ Андрей къыхигъэщащ «тхакIуэр нэхъ пасэу зытета зэхэщIыкIым, Iуэху еплъыкIэм зэрытемытыжым»[3]. Дагъуэ лъэпкъ зыхуэпщI мыхъуну, псоми щапхъэу ирагъэлъагъуу щытын хуей коммунист къэмылэнджэжым и сурэт щIыным къыпокIри тхакIуэр иужь йохьэ, езым къызэрилъытэмкIэ, цIыху сэфэтым изагъэ образхэр и тхыгъэм щызэригъэпэщыну. Ауэ иджыри лъэ быдэкIэ мыува демократием къыздихьа псэукIэ мыгурыIуэгъуэр зи гум дэмыхьащэ а тхакIуэри зэкIэ къыпыкIыфыркъым совет лъэхъэнэм лъэпкъ литературэм щызэфIэува хабзэхэм.

Романым хэт лIыхъужь нэхъыщхьэ Мурадин ещхьу, езы тхакIуэми къабыл ищIыщэркъым 80–90 гъэхэм екIуэкIа тхыдэ къэхъугъэхэр: къэралыр лъэпкъ-щIыналъэ щхьэхуэурэ зэрызэбгрыкIыжар, цIыхубэм къыдекIуэкI лъапIэныгъэхэм я пщIэр зэрехуэхар, абыхэм я пIэм хабзэншагъэр, мылъку зэхуэлъэфэсыныр къызэриувэр, псоми ялъагъуу зы лIыр джэдыгуибгъурэ лIибгъур джэдыгуншэу къызэрынэр. Абыхэм гуитIщхьитI ящIа тхакIуэм и гупсысэр пIейтейщ, и псэм щызэныкъуэкъури нэхъыбэжщ. Ахэр щхьэусыгъуэ хуэхъуащ романым хэт персонажхэр, тIурытI ищIыкIауэ, зым адрейр и антиподу къызэрыщыкIуэм. ПсэукIэщIэ ухуэным щIэбэна революционерхэр къапщтэмэ, ахэр Азрэтрэ (фIыщ) Муридрэщ (Iейщ), духьэшыхэр – Мыхьмуд-ефэндыр (фIыщ),

Жыхьфар (Iейщ), пщыхэр – Къасым (фIыщ), Жансэхъу (Iейщ), нэгъуэщIхэри.

ИщхьэмкIэ зи гугъу щытщIа «ГущIэгъуншэ» романым (ХьэхъупащIэ Хь.) дызыщрихьэлIа «большевик лэжьакIуэшхуэ» Гъуабжэ Залым и образым куэдкIэ ещхьщ «Гъуэжькуийм» хэт революционерхэм ящыщ зы Муриди. Совет зэманым революционерым и сурэтыр тхьэнапэ пэлъытэу къагъэщIу е, икIэрамэ, апхуэдэм и хьэл-щэным мыгурыхь гуэрхэр къыхэхуэмэ, къыдэлажьэ коммунистхэм абы гу лърагъэтэжрэ псынщIэу зыхрагъанэу щытамэ, иджы тегушхуауэ тхакIуэм къегъэлъагъуэ «гъащIэщIэм и бэнакIуэхэм» я сатырхэри къабзэ дыдэу къызэрымыгъуэгурыкIуар.

Залыми («ГущIэгъуншэ») Муриди («Гъуэжькуий») я образхэр дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм щыIа Iуэху еплъыкIэм къагъэщIащ. ТIури цIыху дыджщ, гущIэгъуншэщ, революцэм и лъэныкъуэ зыщIащIари IэнатIэфI зыIэрагъэхьэн, «зэгуэрзэ я жагъуэ къэзыщIауэ щытахэм яхурикъужын щхьэкIэщ». Я къуажэгъухэм Iуэху фIейхэр якIэлъызехьэныр, лей ехыныр ара хуэдэщ ахэр къызыхуигъэщIар. Мурид и образыр щищIым щыгъуэ, Журт Биберди къигъэсэбэпащ егъэлеиныгъэ художественнэ Iэмалыр. Уеблэмэ щхьэусыгъуэншэу и лIыхъужь гурымыхьым кIэрилъхьэ лейхэр фIэщ щIыгъуей зэрыхъуар тхакIуэм къыгуроIуэжри зиухеижыну яужь йохьэ. Апхуэдизу Мурид цIыхухэм яхуиIэ лъагъумыхъуныгъэр къызыхэкIыр зэм мэлыхъуэ пщыIэм къызэрытрахужыгъам хуехь, зэми, ар фIэмащIэ мэхъужри, щхьэусыгъуэр абы и адэм деж ехьыж. Абы щхьэкIэ цIыхумыщIу романым къыхэщ, жылэр «къуийкIэ» зэджэу щыта Нэгъуей (Мурид и адэм) теухуа теплъэгъуэ гуэрхэр сюжетым къыхешэ. Ауэ япэ щхьэусыгъуэми етIуанэми романым къалэныхуэ щагъэзащIэркъым, ауанрэ щIэнэкIалъэкIэ гъэнщIа теплъэгъуэхэри къызэрыгуэкI дыдэщ.

ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыри Журт Биберди къайхъулIауэ пхужыIэнукъым «революционер мыхъумыщIэм» и образыр. ТIуми я гурымыхь образхэр (зэблэкIыгъуэ зэманым гу нэхъ зылъозыгъатэхэр) схематизмэм иIыгъщ, зы плъыфэкIэ щIа сурэтщ. Абы и щхьэусыгъуэм и гугъу тщIакIэщ – апхуэдэ образхэр япэу къыхыхьэу арат лъэпкъ прозэми, тхакIуэхэр гугъу ирагъэхьащ, зыдэплъеин зэрамыIэм къыхэкIыу. Ауэ тыншу къайхъулIащ коммунист нэсым (Азрэт, Мурадин, н.) и образыр. Ахэр совет лъэхъэнэм къыдэкIа тхыгъэхэм ещхьу тхакIуэхэр зэсэжа Iуэхути, къайгъэшхуэ пымылъу зэфIагъэкIащ.

90 гъэхэм прозэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм ящыщщ иджы пщы, ефэнды псори гурымыхь персонажхэм яхэту къызэрамыгъэлъэгъуэжыр. КъызэрыщIэкIымкIэ (тхакIуэм зэрыжиIэмкIэ), абыхэми яхэтащ цIыхуфIхэри, гущIэгъулыхэри, жумартхэми. Псалъэм папщIэ, къуажэпщ

Къасым зэхэщIыкI, гулъытэ зиIэ цIыхущ. ИстамбылакIуэм и зэману Хэкур щибгынэм щыгъуэ, абы и мылъкур къуажэдэсхэм яхуигуэшыжауэ щытащ. Тыркум щыIэ пэтрэ Къасым ифI и къуажэгъухэм къекIащ – лIыкIуэ къахуищIри къелъэIуащ я лъахэр къагъанэу бэлыхь зыхамыдзэжыну. АбыкIэ пщыр фIыуэ дигъэлъагъуну хэтми, тхакIуэм и гугъу ищIыркъым Тыркум Iэпхъуэжын ипэ къихуэу «пщы фIэрафIэм» и мылъкур къуажэдэс тхьэмыщкIэхэм яхуигуэш щIэмыхъуам и щхьэусыгъуэм. ФIыр щыфIыр, зэрыгурыIуэгъуэщи, зыгуэр абы хуэмеиж хъуа нэужькъым, атIэ щIэупщIэ щиIэм дежщ

Я псэукIэ, IэщIагъэ, лэжьыгъэ сыт хуэдэкIэ тхакIуэм и персонажхэр тIурытIу щIигуэшам и щхьэусыгъуэр лъэныкъуэхэм я зэпэщIэтыныгъэр нэхъ ткIий ищIын мурадкIэщ. Ауэ апхуэдэ гуэшыкIэм языныкъуэ образхэр IэрыщI ищIащ, тхыгъэм лейуэ зэрыхэтыр занщIэу уи нэм къыщIидзэу. Апхуэдэ персонаж щхьэхуэхэм ярипхыурэ тхакIуэм къиIуэтэж иджырей ауанхэмрэ гушыIэхэмри сюжет къудамэм щыпымызагъи щыIэщ. Апхуэдэу щытми, зэман зэблэкIыгъуэм и щапхъэу къэтлъытэ «Гъуэжькуий» романымкIэ тхакIуэм Iэзэ дыдэу къигъэлъэгъуэн хузэфIэкIащ «псэ зэпылъхьэпIэ щытыкIэ» жыхуаIэм хуэдэм къихутэ цIыхум гукIэ зэригъэзахуэ дунейр, нэщIэбжьэ Iейхэм абы и гупсысэкIэр, хьэл-щэныр зэрызэхакъутэр, зэригъэпыудыр. КъызэрыгуэкI цIыхум и гурыгъу-гурыщIэр, психологизмэр куууэ зэрыхэпщамкIэ «Гъуэжькуийр» къащхьэщокI «тхыдэ-революцэ романкIэ» дызэджэу лъэпкъ литературэм мымащIэу хэтхэм.

Журт Б. апхуэдэу фIыщIэ щIыхуэщIыпхъэхэм ящыщщ лъэпкъ тхыдэм и напэкIуэцI зэхуэщIауэ щытахэр къызэIухыжыным ерыщу яужь зэритар. Ар егугъуу елэжьащ лъэхъэнэ кIыхьым къриубыдэу (XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 90 гъэхэм къэсыху) къэбэрдей адыгэхэм я псэукIар, ахэр зыгъэгуфIэ-зыгъэпIейтей Iуэхугъуэу щытахэр Мыщхъыдж, Аущ-Джэрджий къуажэдэсхэм я щапхъэхэмкIэ ди пащхьэ кърилъхьэжыну. А къалэн мытыншыр абы къызэрехъулIар и фIыщIэщ сыт хуэдэ зэманми цIыху къызэрыгуэкIыр, лэжьакIуэжьыр гъащIэм и джэлэсу зэрыщытыр езы тхакIуэм гъуазэу зэриIар.

IуэхуфI блэжьу, сэбэп ухъуфу упсэун нэхърэ нэхъыфI зэрыщымыIэр, лэжьыгъэ хьэлэлым цIыхум кърит гурыфIыгъуэм «зы къулыкъуи тепщэныгъи» зэрыпэмыхъунур гурэ псэкIэ щызэхэпщIэ тхыгъэщ «Гъуэжькуий» романыр. МылъкукIи щIэныгъэкIи къихьакъым, псалъэм папщIэ, романым хэт персонаж нэхъыщхьэхэм ящыщ зы Елбэздыкъуэ и пщIэр. Ар къыхуэзыхьар гъащIэрщ, абы и дерсхэрщ, щхьэх имыIэу зыпэрыта лэжьыгъэ IэнатIэрщ. Езым ищIэмкIэ,

игъэунэхуамкIэ ар ядогуашэ ныбжьыщIэхэм; лэжьыгъэр фIыуэ ялъагъуу егъасэ. ЛIыжь Iущым и гулъытэр къэзыухъуреихь псоми ялъоIэс: гузэвэгъуэ хэхуэхэм защIегъакъуэ, щыуэхэр къегъэувыIэ, удз хущхъуэхэм фIыуэ хещIыкIри сымаджагъэкIэ зыкъыхуэзыгъазэхэри игъэщIэхъуркъым. ГъащIэм и дерсхэр еджапIэу зиIа тхьэмадэ Iущхэм я образ дахэхэм мымащIэу ущрохьэлIэ адыгэ литературэм. Абыхэм я нэхъыфIхэм, дэ дызэреплъымкIэ, ящыщщ Елбэздыкъуэ и образыр.

Журт Б. «и зэхэщIыкIымрэ и Iуэху еплъыкIэмрэ» ягъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм къыдэкIуэу, и хъэтIыр нэхъ узэщIа зэрыхъуар хэплъагъуэу образ гукъинэж зыбжанэм иджыри ущрохьэлIэ романым. Апхуэдэщ, къэбгъэлъагъуэмэ, псэм ехуэбылIэу зэпэщ хъуа образхэу Азрэт, Мысрокъуэ, Мыхьмудефэндыр, Мурадин, Гуащэнэ, НысэIэфI сымэ, нэгъуэщIхэри. Мы образхэм япэу ядэплъагъур ахэр ауэ сытми щхьэбжыгъэу тхыгъэм хэмыту дэтхэнэми къалэн пыухыкIа зэригъэзащIэрщ. Езы тхакIуэр блэкIамрэ нобэмрэ, жьымрэ щIэмрэ зэрахущытыр къызэриIуатэри а персонажхэм ярит Iуэху еплъыкIэхэмрэ дуней тетыкIэхэмкIэщ. Абыхэм я гъащIэ гъуджэрщ къызэрыщыр тхакIуэр зытепсэлъыхьыж тхыдэ Iуэхугъуэшхуэхэр: Октябрь революцэр, граждан зауэр, коллективизацэр, Хэку зауэшхуэр, демократие зэхъуэкIыныгъэхэм я япэ илъэсхэр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, лъэпкъым къикIуа тхыдэ гъуэгуанэр художественнэ псалъэкIэ зэфIэгъэувэжын хабзэу КIыщокъуэ Алим адыгэ литературэм къыхихьам къыпищащ Журт Биберди.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, хабзэфIыр щIэна хъуркъым. Литературэм зыщиужьри ар лъэ быдэкIэ уваУэ къыщалъытэри апхуэдэ хабзэхэм къапызыщэн щыщыIэм дежщ. Лъэпкъ романистикэр къапщтэмэ, абы и лъэныкъуэкIэ 90 гъэхэр жумарту къыхущIэкIауэ убж хъунущ. Абы и щхьэусыгъуэхэм ищхьэIуэкIэ дакъытеувыIащ, ауэ зэманым и жьыбгъэ къыкъуэухэм зыдримыгъэшэхыу езым и эстетикэ лъапIэныгъэхэм лъэпкъ литературэр къытенэжамэ, ар зи фIыщIэхэм ящыщщ КIыщокъуэ А., Журт Б., АбытIэ В., МафIэдз С., Елгъэр К., Тыуаршы А., ШэджыхьэщIэ Хь., Елмэс I., Мэлбахъуэ Э., Емкъуж М., Жылэтеж С., сымэ. Абы, дауи, къикIыркъым зи гугъу тщIы лъэхъэнэм лъэпкъ прозэм къылъэмыIэсу гъуазджэм и унэтIыныгъэщIэхэр блэкIауэ е консервантизмэм иIыгъ зэпыту ар щытауэ. Дэ къыхэдгъэщыну дызыхуейр лъабжьэр къэнэжрэ щIэр зыхигъэткIухьу лъэхъэнэ зэблэкIыгъуэр абы къызэрызэринэкIырщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, класс бэнэныгъэр Гъубж Мухьэдин и роман «Iущым хешыр и Шыхулъагъуэ» (1990 гъэ) деж щиухыу, цIыхухэм яку тхыдэ къэхъукъащIэхэм къыдалъхьэ зэхущытыкIэхэр, псэкIэ ягъэвын хуейуэ зриубыдылIэ Iуэхугъуэхэр, икIэмикIэжым лиризмэр тхыгъэм тепщэ хуэхъуу зэрыхуежьар.

Схематизмэм и хъым имыIыгъыж тхакIуэхэм художественнэ дунеищIэ къагъэхъу, гъащIэм и пэжыр къызэралъыхъуэ Iэмалу IуэрыIуатэри, иджырей гъуазджэри, тхыдэ щIэныгъэри къагъэсэбэп.

Иужьрей Iэмалым лъэпкъ литературэм псэщIэ къыIуигъэкIэжауэ жыпIэ хъунущ. 90 гъэхэм икухэм ирихьэлIэу тхакIуэхэм тегушхуауэ къаIэт хъуащ япэм къуэгъэнапIэхэм щэхуу щаIуатэу щыта «темэ зэхуэщIахэр», адыгэм и блэкIам и напэкIуэцI жагъуэхэр художественнэ псалъэм и къарукIэ къыщIагъэщыжу. А зэманым дунейм къытехьащ Кавказ зауэжьымрэ ИстамбылакIуэмрэ, залымыгъэ илъэсхэмрэ Хэку зауэшхуэмрэ, къэралым и зыужьыныгъэр къыщызэтеувыIауэ ялъытэ зэманымрэ Шэшэн зауэмрэ, адыгэм и нобэрей псэукIэмрэ и къэкIуэнумрэ теухуа тхыдэ-философие тхыгъэ пIащэхэр. Абыхэм къахэбгъэщхьэхукI хъунущ КIыщокъуэ А. и «Лъапсэ», МафIэдз С. и «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ», Елгъэр К. «Щыуагъэ», «ШейтIан удж», Журт Б. и «Унагъуэ», Тыуаршы А. и «Псыкъелъэм и макъамэхэр», Шэджыхьэщ Iэ Хь. и «ЛъыщIэж», АбытIэ В. и «Ирамышыжа нысащIэ», «Уэсэпс шыугъэ», Мэлбахъуэ Э. и «ЩомыгъэтIылъам щылъыхъуэ», Елмэс I. и «Бгъэхэм къуршым къагъэзэж», Жылэтеж С. и «Пащтыхь хужьым и лIыкIуэ» романхэр.

Иджырей лъэпкъ романым хэт литературэ лIыхъужьхэр зэщхькъым, ахэр къэзыгъэщI тхакIуэхэм хуэдэу. Абыхэм занщIэуи пэжыр, захуагъэр къагъуэту щыткъым. Ауэ псори гъуэгуанэ тетщ: мэлъыхъуэ, мэгъуащэ, ар къагурыIуэжмэ, щIэрыщIэу къыщIадзэжри япэкIэ мэкIуатэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, мэпсэу. Абы и щапхъэщ КIыщокъуэ Алим и иужьрей романыр, зи мыхьэнэр куу «лъапсэ» псалъэр фIэщыгъэцIэ зыхуэхъуар. Езы тхакIуэр псэуху зытета къэлъыхъуэныгъэ гъуэгум ар хуашащ и ныбжьым хуэфэщэж къэIуэтэкIэм – ущиныгъэ стилым. «Лъапсэ» романым («Iуащхьэмахуэ», 1990–1991 гъэхэм, тхыгъэ къыхэхахэм хэту 1994 гъэм) тхакIуэр къыщытокI «Хъуэпсэгъуэ нур», «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ», «Эмирым и сэшхуэ» романхэр щитхым зытета хъэтIым. Иджы абы зыдригъэхьэхыркъым тхыдэ къэхъукъащIэ инхэм, цIыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэ ткIийхэр, нэр темыпыIэу зызыхъуэж Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр тхыжыным. Романым и сюжет джэлэсыр зэтезыIыгъэр Iуэху еплъыкIэ зэхуэмыдэхэм ягъуэт щытыкIэрщ, персонажхэм я гупсысэкIэм игъуэт зэхъуэкIыныгъэхэрщ.

Зэ еплъыгъуэкIэ тхыдэ къэхъукъащIэхэм къалэнышхуэ щамыгъэзащIэу къыпщохъу романым. Тхыдэ романхэм зэрыщыхабзэу мыбы ущрихьэлIэркъым лIыгъэщIапIэ къихутэ тхыдэ лIыхъужьхэм ятеухуа теплъэгъуэхэм, мин бжыгъэкIэ зауэлIхэр зыхэт зэхэуэ гуащIэхэм, къэрал куэд къызыхэша зэпэщIэтыныгъэхэм. Лъэпкъым и къэкIуэнум дежкIэ

мыхьэнэшхуэ зиIэ унафэхэр щащI хасэ, зэIущIэ хуэдэхэм теухуа теплъэгъуэхэр (псалъэм папщIэ, урыс пащтыхь Александр ЕтIуанэр адыгэхэм я деж къызэрыкIуар, балъкъэрхэр я лъахэм зэрырашар, Берие къэрэндащ плъыжькIэ картэм лъэпкъ щIыналъэхэр зэрыщигуэшар, Налшык бэзэрым къыщыхъуахэр, нэгъуэщIхэри) тхакIуэм къызэриIуэтэжыр и лIыхъужьым (Дэфэрэдж) и псалъэхэмкIэщ е абы къехутылIа гуэрым и гукъэкIыжхэм хэтущ. А теплъэгъуэхэр, дэ дызэреплъымкIэ, нэхъыбэу тхакIуэм къызэригъэсэбэпыр абыхэм къахих дерсхэмкIэ и лIыхъужьхэм я дуней тетыкIэм, я гупсысэм и пэжагъым щыхьэт иритехъуэн, щыуагъэ зыщIэхэр къригъэувыIэн щхьэкIэщ. IэрыщIу езым хуэдэ (клон) къигъэщIыфу зэфIэкI зыгъуэта иджырей цIыхум и зэхэщIыкIыр, и гуащIэр Iейм къыбгъэдишу фIым хуиунэтIын мурадырщ КIыщокъуэр зыхуэлажьэр. Пшыналъэр бгъунлъэмэ, лъэпкъым къылъысынкIэ хъуну емыкIум ухуэзыгъэсакъ щапхъэущ адыгэм и блэкIам теухуа Iуэхугъуэхэр абы тхыгъэм къызэрыхишэр.

Дызыхыхьа лъэхъэнэщIэм сэтей къищIа Iуэху мыщхьэпэ куэдым (ар лъэпкъым и блэкIам е иджырей гъащIэм хэлъуи щрет) зэрапыщIам тхыгъэр къэрал-жылагъуэ псоукIэм нэхъ егъэщIылIа ещI икIи, жанрым и лIэужьыгъуэр къэплъытэну яужь уихьэмэ, ар политикэ романым нэхъ езэгъыу къыщIэкIынущ. Абы, дауи, къикIыркъым 80 гъэхэм икухэм ирихьэлIэу къыкъуэуа демократие жьыбгъэм къыкIэлъыкIуа политикэ зэхъуэкIыныгъэхэм тхакIуэм задригъэхьэхауэ. КIыщокъуэр фIыуэ зыщIыхуу щытахэм къызэраIуэтэжымкIэ, «Лъапсэ» романым тхакIуэр илъэс 15-м нэблагъэкIэ елэжьащ. Абы къыхэкIыу тхакIуэр гупсысэкуум хэзыгъэт, зи жэуап лъыхъуэ упщIэ гугъухэр дунейм къытехьэныр а зэхъуэкIыныгъэхэм щIагъэхуабжьа къудейуэ аращ. А упщIэхэм я жэуапри тхакIуэм къыщилъыхъуэр политикэ къыхуеджэныгъэхэр яIыгъыу уэрамым къызэрыдэхьэхэм я дежкъым, атIэ апхуэдэ щытыкIэм нагъэса IэнатIэхэмрэ абыхэм я лэжьакIуэхэмрэ я дежщ. Апхуэдэ IэнатIэ хъуащ романым и зы сюжет къудамэр зэпха сымэджэщымрэ (цIыхубзхэм щеIэзэр) абы и лэжьакIуэхэмрэ.

И благъэ-Iыхьлыхэм, езыр къэзыухъуреихь цIыхухэм я хьэл-щэн гуэрхэр тхакIуэм къигъэщI персонажхэм щадэплъагъу е ахэр уигу къыщагъэкIыж щыIэщ. Абы тепщIыхьмэ, хуэбгъэфащэ хъунущ Дэфэрэдж и образыр щищIым щыгъуэ, езым и шыпхъу Мэржан и IэщIагъэр, и цIыху хэтыкIэр, и дуней еплъыкIэр КIыщокъуэм щапхъэ хуэхъуауэ, узыфэ зэхуэмыдэхэм зэреIэзэ IэмалхэмкIи ар чэнджэщэгъуу иIауэ. Дэ апхуэдэу хуэдгъэфащэми, Дэфэрэдж-дохутырри Дэфэрэдж-анэшхуэри художественнэ образ зэпэщщ, адыгэ цIыхубзым бгъэдэлъыпхъэу тхакIуэм къилъытэ фIагъ псори ядэплъагъуу. Ахэр зыхэпсэукI дунейм илъэсищэм щIигъу

я зэхуакуми, жыпIэ хъунущ тIури зы образу, зэбгъапщэмэ, лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм я фащэкIэ фIэкIа зэщхьэщымыкIыу. Езы тхакIуэми Дэфэрэдж Шагировнэ и псалъэхэмкIэ абы гу лъыдегъатэ: «ЛIо, си анэшхуэмрэ сэрэ дызэпэплъытыну ара узыхуейр? ТIури ды-Дэфэрэджщ – дызэпэлъыт»[4], – зыхуегъазэ абы сымаджэу пIэм хэлъ Салимэ.

Лъэпкъым и тхыдэр зи лъабжьэ романым иIэ сюжет къудамэ нэхъыщхьитIыр зэпхари ахэращ; а къудамитIырщ адрей гуэж псори зэгъэбыдылIэжари. Ауэ абыхэм лей яхэткъым, псори тхакIуэм зыхуигъэувыжа къалэн нэхъыщхьэм – адыгэм и блэкIар художественнэ псалъэкIэ къэIуэтэжыным – хуолажьэ, лъэпкъым и тхыдэ тхылъым и напэкIуэцI зырызу щыткIэрэ. ЗэрытщIэщи, и прозэ тхыгъэхэмкIэ КIыщокъуэм зэфIигъэувэжащ XX лIэщIыгъэм адыгэм и псэукIар: «Хъуэпсэгъуэ нур», «Эмирым и сэшхуэ», «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ» романхэмкIэ Октябрь революцэр, граждан зауэр, «псэукIэщIэм» и япэ илъэсхэр; «Щынэхужьыкъуэ», «Нал къута», «Кхъужьыфэ» трилогиемкIэ Хэку зауэшхуэм ипэ къихуэ зэманыр, зауэр, абы иужь гъэ гугъухэр; «Мазэ къыщIэкIыгъуэ» романымрэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум теухуа циклым хыхьэ рассказхэмкIэ хэхэс адыгэхэм я гъащIэр, нэгъуэщIхэри.

Адыгэхэм я тхыдэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэхъэнитI къэнат: япэр – лъэпкъкIуэдыр къызыдэкIуа Кавказ зауэмрэ ИстамбылакIуэмрэ щыщыIа XIX лIэщIыгъуэр; етIуанэр – къэбэрдей адыгэхэм къахуэнэжа щIыналъэ тIэкIум иджыри «къэрэндащ плъыжькIэ» къыщыхэIэба 40 гъэхэмрэ клон къагъэщIыфу щыхъуа ди зэманымрэ. Иджы нэхъыщхьэр а лъэхъэнэ зэпэIэщIэхэр зэшэлIэнырт. Абы хэкIыпIэ телъыджэ тхакIуэм къыхуигъуэтащ, лIакъуэхэр зэпызыщIэ, лъэпкъым и генофондым и хъумакIуэ цIыхубзыр и романым лIыхъужь нэхъыщхьэ щищIри. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, «ялъэмыкIыу хэкум ирахуауэ щыта адыгэм» и гуащIэр щIэзыха Кавказ зауэжьым и Iэужь бзаджэр тхакIуэм къыпищIащ «дыгъуэгъуакIуэр, лIы зыукIыр, хьэрэмышхыу, фадафэжьу, наркоману, тхьэгъэпцIрэ пцIыупсу» щыIэр куэд хъууэ щыщыта 80–90 гъэхэм. КIыщокъуэм лъэхъэнитIыр зэрешалIэ, зым и дерсхэр адрейм къыхуигъэщхьэпэу; художественнэ тхыгъитIым лъабжьэ яхуэхъун хуейуэ щыта сюжетитIри зы романым щызэрегъэубыд; езы тхакIуэм абыкIэ и мурадари – адыгэм и блэкIа жыжьэмрэ и нобэрей гъащIэмрэ къэгъэлъэгъуэжыныр, абы и къэкIуэнум ехьэлIа гупсысэхэр къэIуэтэныр – гъэзэщIа мэхъу.

Апхуэдэ художественнэ Iэмалыр – зэманымрэ тхыдэ къэхъукъащIэхэмрэ зэщыгъэкIуэтэныр – КIыщокъуэм Iэзэу къигъэсэбэпащ икIи тхыдэ къэхъукъащIэхэр я лъабжьэу «зэман зэблэкIыгъуэ» зыфIэтща лъэхъэнэм дунейм къытехьа романхэм (псалъэм папщIэ, МафIэдз С. «Гъыбзэ хуэфащэт», МэшбащIэ И.

«Щхьэл мывэхэр», «Хъанджэрий», ШэджыхьэщIэ Хь. «ЛъыщIэж», Елмэс I. «Бгъэхэм къуршым къагъэзэж», АбытIэ В. «Уэсэпс шыугъэ», н.) ар къащхьэщызыгъэкIщ. А гъэпсыкIэм романым щекIуэкI Iуэхугъуэхэр щIегъэпсынщIэ, къэхъукъащIэ гуэрхэм теухуа роман лIэужьыгъуэм гъунэгъу яхуищIу; тхыгъэр еджэгъуафIэ ещI, тхылъеджэри псынщIэу дехьэх.

НэхъапэIуэкIэ къызэрыхэдгъэщащи, романым къыщыхъу Iуэхухэр щекIуэкIыр сымаджэщырщ – сабий дунейм къыщытехьэ, гъащIэщIэ, гугъапIэщIэ къыщыуш лъхуапIэ унэрщ. Сыт щыIэн хуей апхуэдэм щылажьэхэм нэхърэ нэхъ гу къабзэрэ псэ дахэрэ зиIэ, дохутыр-гинекологым нэхърэ нэхъ IэщIагъэ щхьэпэ?! Езы тхакIуэми апхуэдэущ къызэрилъытэр, аращ и лIыхъужь нэхъыщхьэ Дэфэрэдж мелыIычым щIыпищIри. Ауэпсори, дауи, Дэфэрэдж хуэдэкъым, «анэ» псалъэр зыхуэмыфащэ цIыхубз образ зыбжани хэтщ романым: ЛэтИфэ, Пыжьынэ, Раисэ Муратовнэ, нэгъуэщIхэри. Мис абыхэм – фIыхэмрэ Iейхэмрэ – яку къыдэхъуэ зэжьэхэуэныгъэхэрщ, апхуэдэу я сэбэп зыхэлъхэр пхагъэкIыну ныкъуакъуэхэмрэ захуагъэм и телъхьэхэмрэ ирагъэкIуэкI бэнэныгъэхэрщ романым и коллизиер къэзыгъэхъури сюжетыр зышэщIри.

Апхуэдэ зэжьэхэуэныгъэм фэбжь хэзыха, Iеймрэ бзаджэмрэ ягъэпуда Салимэ псэууэ къегъэлыным папщIэ екIуэкI бэнэныгъэмкIэщ романыр къызэрыщIидзэри. А бэнэныгъэм зэрыхэтым елъытауэ романым и пэщIэдзэ дыдэм тхакIуэм дегъэцIыху адэкIэ фIыкIэ е IейкIэ дызыщыгугъынухэр. А бэнэныгъэрщ романым и сюжет къудамэ нэхъ иным – Дэфэрэдж-дохутырымрэ Салимэрэ персонаж нэхъыщхьэу зыхэтым – лъабжьэ хуэхъуари. Абы пIалъэ-пIалъэкIэрэ къалъоIэс Дэфэрэдж-анэшхуэмрэ абы и лъэхъэнэгъухэмрэ зыхэт адрей сюжет къудамэр къэзыгъэщI хъыбархэмрэ тхыдэ теплъэгъуэхэмрэ. Адыгэм дежкIэ зэхэгъэкIыпIэу щыта а тхыдэ лъэхъэнэхэр ди пащхьэ кърилъхьэжкIэрэ тхакIуэм дрешалIэ романым и гупсысэ нэхъыщхьэм – лъэпкъым и лъапсэу бзылъхугъэр зэрыщытым, абы и жьэгур мыупщIыIужын щхьэкIэ ар лъытэн, хъумэн, хуэфащэ пщIэрэ нэмысрэ хуэщIын зэрыхуейм. Ар хьэкъ къызэрытщищIын Iэмали къигъуэтащ тхакIуэм, Мухьэмэд бегъымбарым и хьэдисхэм къахиха псалъэхэр Дэфэрэдж и щIэныгъэ лъэжьыгъэм, апхуэдэу щыщыткIэ и гъащIэ псом гъуазэ хуищIри: «ЦIыхубзыр къэралым и лъапсэщ, цIыхубзыр фIы хуэзэмэ, къэралри фIы хуэзащ, цIыхубзыр дэхуэхмэ, къэралри дэхуэхащ»[5]. «Лъапсэ» псалъэр романым фIэщыгъэцIэ щIыхуэхъуами, мы хьэдисыр и зы щхьэусыгъуэщ.

Лъэпкъым и къэкIуэнури тхакIуэм зрипхыр цIыхубзырщ, абы и жьэгу мафIэр зэхимыгъэкIыжу ар лъэхъэнэ ткIийхэм къызэрыпхришам хуэдэу (Дэфэрэдж-анэшхуэм и образыр). Адыгагъэр, цIыхугъэр, лъэпкъым игъащIэ лъандэрэ

къыдекIуэкI хабзэфIхэр, нэмысыр, диныр хъумэжыным иджырей щIэблэр зэрыхущытым тхакIуэр арэзыщэ темыхъуэми, и гугъэр хихыжыркъым. АбыкIэ игъэкъуаншэри блэкIа лъэхъэнэхэм щыIа егъэлееныгъэхэмрэ политикэ мыхъумыщIэхэмрэщ.

ЩхьэкIэм сэкъат игъуэтами, лъабжьэр кууэ щIым щыхэткIэ, жыгыр къызэрыдэжыжынур, зэрызиукъэбзыжынур псэкIэ езы тхакIуэми зыхещIэ дэри къыдгурегъаIуэ. Ар щынэрылъагъущ щIэныгъэ конференцым Дэфэрэдж-дохутырым щищI докладым. И лIыхъужь нэхъыщхьэм и псалъэхэр къыбгурыIуэ хъунущ КIыщокъуэ Алим адыгэ лъэпкъым къытхуигъэна и уэсяту: «Лъэпкъым дэр-дэру зыдгъэкъэбзэжын хуейщ, фIей ткIэрылъыр зыкIэрытхауэ, ди губзыгъагъэм хэдгъахъуэу, ди нэмысыр, ди хабзэр дымыгъэкIуэду, фIыщIэрэ щIыхьрэ зыхуэфащэм дащыщу, дылъэпкъ узыншэу, дунейм дытетын тхуэфащэу, ди бзэри нэм хуэдэу тхъумэу ди лъапсэр дгъэбагъуэмэ, дуней гъащIэр хьэхуу къытлъыса хуэдэу къытщыхъунукъым, тхуэфащэу дыкъытехьа фIэкIа»[6]. АбыкIэ тхакIуэм фIэщхъуныгъэ зэриIэм и дамыгъэщ романым и пэщIэдзэ дыдэм Дэфэрэдж ажалым къыIэщIихыгъа Салимэ дохутыр-гинеколог IэщIагъэр зэригъэгъуэтыну мурад щищIа теплъэгъуэмкIэ ар зэриухыр.

Мы лэжьыгъэм нэхъ убгъууэ дыкъыщызэтеувыIа романищри, къызэрыхэдгъэщащи, зэман зэблэкIыгъуэ лъэхъэнэм и IэрыкIщ. А зэманым къриубыдэу дунейм къытехьа художественнэ тхыгъэ пIащэ псоми яхэткъым мы щым языхэзым зыгуэркIэ емыкIуалIэ. ЗэрызэщхьэщыкIыр тхакIуэхэр зытет хъэтIымрэ Iэзагъымрэщ. Тхыдэ романхэр къапщтэмэ (дызытетхыхь лъэхъэнэм нэхъыбэу къыдэкIар апхуэдэщ), абыхэм къахэбгъэщхьэхукI хъунущ иджырей Iуэху еплъыкIэщIэхэр, философие гупсысэщIэхэр я тегъэщIапIэу лъэпкъым и блэкIар къэзыгъэлъэгъуэжхэр. Лъэпкъ тхыдэм, адыгэм къикIуа гъуэгуанэм, ар мызэ-мытIэу зэрыхуа псэзэпылъхьэпIэ щытыкIэм теухуа сурэтхэр иджырей тхакIуэхэм зэращIыр нэгъуэщI плъыфэкIэщ, IуплъапIэмкIэ къахьри япэм аддэ жыжьэ Iуахыу е къыхэщ къудейуэ фIэкIа къамыгъэлъагъуэу щытахэрщ. Абы и лъэныкъуэкIэ зэфIэкI хъарзынэхэр къагъэлъэгъуащ адыгэ прозаикхэу МафIэдз Сэрэбий, Тыуаршы Аслъэн, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ сымэ, нэгъуэщIхэми.

Лъэпкъым и тхыдэ гъуэгуанэр блэкIа Iуэхугъуэ гуэркъым, абы адыгэхэм я нэгу щыщIэкIахэр – гуфIэгъуэри гузэвэгъуэри – нобэрей ди гъащIэм къуэпс быдэкIэ пыщIащ, ди гупсысэри IуэхущIафэри иридунэтIу. ЛIэщIыгъуэхэм я дэфтэр тхылъхэм къахотэджыкIыжри художественнэ псалъэм и фIыгъэкIэ иджырей гъащIэм къыхохьэж зи цIэр лъэпкъым и гум щихъумэ икIи щигъафIэ лIыхъужьхэр. Абыхэм ящыщ зы, Къэбэрдейм

и иужьрей пщы уэлий Жанхъуэт Кушыкурэ ар щыпсэуа лъэхъэнэмрэ теухуащ МафIэдз Сэрэбий и роман «Мыщэ лъэбжьанэ» зыфIищар (1998). А цIыху цIэрыIуэм и гъащIэмрэ и IуэхущIафэхэмрэ нэгъуэщI тхыгъэхэми къахощыж: Нало А. и роман-гукъэкIыж «Псы Iуфэм Iут унэ цIыкIу», «Нэхущ шухэр», IутIыж Борис и драмэ «Кушыкупщ», нэгъуэщIхэми.

ХХ лIэщIыгъуэм и кIэхэм къэралым щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэр лъабжьэ хуэхъуащ адыгэм и блэкIам нэгъуэщI еплъыкIэ худиIэным, адрей лъэпкъхэми хуэдэу, мы дунеижьым гъащIэ гъуэгуанэ кIыхь къызэрыщикIуар, зэрылъэпкъыжьыр, тхыдэ къулей зэриIэр щIэуфэ хэмылъу тхыжыным. И щхьэ Iуэхумрэ лъэпкъ Iуэхумрэ хэдэн хуей хъу цIыхум и гущIэр къизысыкI, и псэр зэхэзехуэн зыщI гурыщIэ гуащIэхэр тхылъеджэм зыхригъэщIэну сыт щыгъуи хущIэкъуу щыта тхакIуэщ МафIэдзыр. АбыкIэ прозаикым къыдэIэпыкъуащ лъэпкъым и блэкIам фIыуэ щыгъуазэу зэрыщытыр, тхыдэ щIэныгъэми этнографиеми къэхутэныгъэ щхьэпэхэр зэрыщригъэкIуэкIар, апхуэдэу Iэзэу къигъэсэбэпа художественнэ Iэмалхэр – гум къиIукI монологыр, щIагъыбзэр, тхакIуэм и образ гъэпсыкIэ щхьэхуэр. Иджырей цивилизацэм къигъэщI гупсысэхэмрэ Iуэху еплъыкIэщIэхэмрэ и тегъэщIапIэу, тхакIуэр бгъэдохьэ зэманым жьы дэмыхъу лъэпкъ лъапIэныгъэхэмрэ тхыдэм къыхэхыпхъэ дерсхэмрэ. «Гъыбзэ хуэфащэт» (1992 гъэ), «Мыщэ лъэбжьанэ» (1998 гъэ) романхэр зытеухуа тхыдэ къэхъугъэхэмрэ къагъэлъэгъуэж лъэхъэнэхэмрэ зэрызэпыувэм къыхэкIыу, жыпIэ хъунущ ахэр зы тхыгъэшхуэу зэхэувэу.

МафIэдз С. и романхэм къагъэлъэгъуэж лъэхъэнэмрэ щIыпIэмрэ зэрыубгъуам, тхыдэ къэхъукъащIэ инхэмрэ цIыху цIэрыIуэ куэдрэ къызэрыхэшам, художественнэ-эстетикэ лъабжь куу зэриIэм ахэр роман-эпопеем и къэухьым ирашалIэ. Ауэ абы къикIыркъым романым тхыдэ Iуэхугъуэхэмрэ абыхэм зи цIэ къыхэщыж лъэпкъ лIыхъужьхэм зэрахьа лIыгъэмрэ фIэкIа темыухууэ. ТхакIуэм и нэIэ тет зэпытщ къызэрыгуэкI цIыхухэр, гупхэр зыхэпсэукI дунейм, абыхэмрэ нэгъуэщI гуп е лъэпкъ щхьэхуэхэмрэ яку къыдэхъуэ зэпыщIэныгъэхэм. Пщыхэмрэ уэркъхэмрэ я зэхэтыкIам къыдэкIуэу, романым увыпIэшхуэ щеубыд къызэрыгуэкI мэкъумэшыщIэ унагъуэм XVIII–XIX лIэщIыгъуэхэм иIа псэукIэми, адыгэхэм я деж щызекIуэу щыта хабзэ-нэмысми, лъэпкъ IэпщIэлъапщIэхэм ятеухуа теплъэгъуэхэми. Апхуэдэхэм тхыдэ дэфтэрхэм къаIуэтэж хъыбархэр тхакIуэм хегъэткIухь, художественнэ псэщIэ яIуелъхьэри тхылъеджэм и пащхьэ кърелъхьэж, лъэпкъ гупсысэ куу къызыпкърыкI образ щIэщыгъуэу.

МафIэдзым къигъэсэбэп апхуэдэ Iэмалым критикхэм гу лъатауэ щытащ «ЩIакIуэ фIыщIэ» тхыдэ повестыр (1974 гъэ)

къыщыдэкIам щыгъуэ. Курыт лIэщIыгъуэхэм Къэбэрдеймрэ Кърымымрэ я зэхущытыкIахэр абы художественнэ образ зэпэщхэмкIэ – гъэр хъуа ныбжьыщIитIымкIэ – къигъэлъэгъуэжын хузэфIэкIат. Тхыдэ къэхъугъэ гуэрым е лъэпкъ хабзэм ехьэлIа хъыбархэр абы зы тхыгъэм кърихыу нэгъуэщIым щыхигъэувэ щыIэщ, абыкIэ ахэр зэпыщIа ищIу. Апхуэдэу зэпыщIащ а повестымрэ «Гъыбзэ хуэфащэт» романымрэ. А роман дыдэм дыщрохьэлIэ къанымрэ атэлыкъымрэ, адыгэ щIалэгъуалэм я гуп зэхэсымрэ джэгумрэ теухуауэ «ХьэщIэ махуэ» повестым дызыщрихьэлIэ теплъэгъуэхэми.

Лъэпкъым къыдекIуэкI апхуэдэ хабзэхэмрэ жылагъуэ зэхэтыкIэхэмрэ романым увыпIэшхуэ щаIыгъми, ар зытеухуар епщыкIуиянэ лIэщIыгъуэм и кIэхэм Кавказ щIыналъэр къэзэуным хуэунэтIауэ урыс пащтыхьхэмрэ генералхэмрэ ирагъэжьа зауэмрэ зи лъахэр зыхъумэж бгырыс лъэпкъхэм я щхьэхуитыныгъэм папщIэ ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэмрэщ. Зым адрейр иужь иту адыгэхэм я лъахэм къизэрыгуэ дзэхэм япыщIэмытыфу цIэрэ щхьэрэ яIэу лъэпкъым къыхэкIа уэркъ щIалэхэр хэкIуадэрт; зэхэзехуэн хъуат мафIэ зрадза къуажэхэр къэзыгъанэу къурш аузхэм дыхьэжа цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ. НэхъыкIэжрати, Iэщэ иIыгъыу зауэм IукIуадэм нэхърэ нэхъыбэ хъуат адыгэхэм къыхахьа тало уз бзаджэм ихьхэр. ИпэжыпIэкIэ, адыгэхэм къахуихуат гъыбзэ щIаусын щхьэусыгъуэ. А лъэхъэнэ хьэлъэрщ «Гъыбзэ хуэфащэт» романым къыщыгъэлъэгъуэжар.

Зытеухуа IуэхугъуэкIи, къыщыгъэлъэгъуэжа лъэхъэнэкIи, и художественнэ гъэпсыкIэкIи МафIэдзым а тхыгъэм къыпызыщэщ 1998 гъэм дунейм къытехьа «Мыщэ лъэбжьанэ» романыр. Абыи лъабжьэ хуэхъуар лъэпкъым щхьэхуитыныгъэр къыпаубыд, хамэ къэрал хабзэмрэ псэукIэ-зэхэтыкIэмрэ абы и гъащIэм тепщэ щыхъуу щыхуежьа лъэхъэнэ хьэлъэрщ – Къэбэрдейм и иужьрей пщы уэлий Жанхъуэт Кушыку и зэманырщ. Ауэ романым щынэхъыщхьэр пщым и унагъуэм теухуауэ къекIуэкI хъыбархэр аракъым, абы и сюжетыр нэхъыбэу зыпыщIар пщыкIэу Билъостэнрэ абы и унагъуэмрэщ. ЛIыхъужьым и унагъуэшхуэм (нэрыбги 7 хъурт) и щхьэм кърикIуамкIэ тхакIуэм къигъэлъэгъуащ адыгэ лъэпкъым а лъэхъэнэ гугъум и нэгу щIэкIахэмрэ и фэм дигъэхуахэмрэ.

Ахэр зыхуэдэнур, лъэпкъым къыпэплъэр зищIысыр романым и пэщIэдзэ дыдэм тхакIуэм къыдгурегъаIуэ вагъуэижым кIэлъыплъ Билъостэнрэ абы ипхъу нэхъыщIэ цIыкIу Дыгъэнэхурэ я псалъэмакъымкIэ. А пщыхьэщхьэм зи вагъуэ ижар Билъостэнрэ и бынхэмрэ я закъуэтэкъым, и вагъуэр ижат лъэпкъ псом. Бынунагъуэшхуэм щыщу тхыдэ зэрыхьзэриишхуэхэм къелыр романым и лIыхъужь

нэхъыщхьэмрэ абы ипхъу курытымрэщ. АбыкIэ тхакIуэм къыджеIэ сыт хуэдэ хэщIыныгъэ имыгъуэтами, лъэпкъыр зэрыпсэур, гъащIэ гъуэгуанэ кIыхь къызэпызыча, лъабжьэ куу зиIэ адыгэр дунейм текIуэдыкIыж зэрымыхъунур. Араш и романымкIэ тхакIуэм дызыхуриджэр.

Мы лэжьыгъэм нэхъапэIуэкIэ зи гугъу щытщIа тхыгъэхэм къащхьэщыкIыу нэгъуэщI зыгуэри хэлъщ МафIэдзым и романхэм. Ар мыбыхэм япэу зэфIэгъэува зэрыщыхъуарщ зауэр зымыдэ, лъэпкъым и «зэIузэпэщ псэукIэм и гъащIэри и унагъуэм ис дэтхэнэ зым и псэри» шэпэIудз хуэзыщIыну хьэзыр, мамырщIэкъу хэкулIым и образ зэпэщ. Совет лъэхъэнэм къыдэкIа художественнэ тхыгъэхэм я нэхъыбапIэм пщыр зэрыхэтыр мыхъумыщIэ гуэрущ е залымзехьэущ (ЩоджэнцIыкIу А. «Къамботрэ Лацэрэ»; Абыкъу Хъ. «Инжыдж и Iуфэхэм»; Шортэн А. «Бгырысхэр», Къашыргъэ Хь. «ПшэкIухь», н.) е зауэ гуэрым лIыгъэшхуэ къыщигъэлъагъуэрэ лъэпкъым пашэ хуэхъуущ (Мэлбахъуэ Е. «Шынагъуэт Iуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур»; Адыгэ Т. «Тибард и мэIухур», н.). Апхуэдэ образхэм еса тхылъеджэм дежкIэ Жанхъуэт Кушыку и Iуэху зехьэкIэхэр зыфIэмыкъэбылхэри къыкъуэкIынкIэ хъунут, ауэ МафIэдзыр абы къигъэдзыхакъым. ТхакIуэм къыхиха гъуэгур щIэщыгъуэщ икIи, къэплъытэ хъунущ, адыгэ литературэр лъэхъэнэщIэ зэрыхыхьэм и нэщэнэ нэхъыщхьэ «Мыщэ лъэбжьанэ» романыр абы ищIауэ.

Пэжщ, а гъуэгур лъэпкъыр хъумэным и хэкIыпIэ закъуэу зэрыщытыр Шортэнми къыщигъэлъэгъуащ «Бгырысхэр» романым, ауэ мыбдежым ар къызыпкърыкIыр цIыхубэм и пашэркъым, атIэ узэщIакIуэщ. МафIэдзым и лIыхъужьым лIыгъэ къызэригъэлъагъуэр шыIэныгъэшхуэ хэлъымрэ лъэпкъым и пащхьэ щихь жэуаплыныгъэр зэрызыхищIэмкIэщ. Пщым фIыуэ къыгурыIуэрт «Iэщэр дыбгъэгъэтIылъу пхъэIэщэкIыр дыбгъэубыдыну ара?» – жаIэу, къеныкъуэкъу уэркъхэм я зэманыр зэрыблэкIар. «Дауи, сэшхуэкIэ зэрахьэ лIыгъэр нэхъ наIуэщ, нэIурытщ. Алыхь-алыхь. Ауэ гъавэ бэв къэбгъэкIыныр, Iэщышхуэ зепхуэныр, дыщэкIыу, уанащIэу, хьилмышхуэ уиIэу уеджэныр абы нэхърэ нэхъ лIыгъэ мащIэкъым. Аращ зэгупсысыпхъэр», – къигъэдэIуэну хэтщ ар цIэрэ щхьэрэ иIэу хэкум исыр. Езым и гъащIэри, и IуэхущIафэхэри зыхуэунэтIауэ щытар пщы уэлийуэ щыхахым щыгъуэ жиIа псалъэхэрщ: «Лъэпкъ гъащIэм дэ дызэрыхуитыр дгъэпсэумэщ, армыхъумэ кIуэдыпIэм, укIыпIэм итшэну аракъым»[7].

Мы гупсысэр тхылъеджэм фIэщ щыщIынырщ зыхуэлажьэр романым и сюжетри. Ар шэщIауэ йокIуэкI. Пщы уэлий Кушыкурэ и унагъуэмрэ, урысей генералхэу Вельяминовымрэ Ермоловымрэ ятеухуауэ щыIэ тхыдэ

лэжьыгъэхэм щыгъуазэхэм, гугъу демыхьу, къахуэщIэнущ романыр зэриухыну теплъэгъуэхэр. Ар, уеблэмэ гурыIуэгъуэ щохъу тхыгъэм и пэщIэдзэми. Жанхъуэт и къуэм и уэлиигъэр ягъэлъэпIэну къызэхуэсахэм зарызэхуигъазэ псалъэхэми наIуэ къащIат ар: «Сэ си нэхъуей текIауэ сохъуапсэ дэтхэнэ адыгэми, адыгэ унагъуэми тыншу, бэIутIэIуншэу, ищIэнрэ илэжьынрэ иIэу, унагъуэ игъафIэу, хабзэ игъэзащIэу, щIэблэ я куэду псэуным. Тхьэ фхузоIуэ абы и зэIузэпэщ щхьэкIэ сэ си псэ семыблэжыну. Адыгэхэм я зэIузэпэщым сэ шэпэIудз хуэсщIыфынущ си гъащIэри, си унагъуэм ис дэтхэнэ зым и псэри, и гъащIэри»[8]. Апхуэдэущ Кушыку и образыр романым къызэрыщыгъэлъэгъуари – лъэпкъым и зэIузэпэщ псэукIэм и гъащIэри, и унагъуэри щхьэузыхь хуищIущ.

МафIэдзым и художественнэ тхыгъэхэр езым къыбгъэдэкI кIэух псалъэкIэ щиухыж щыIэщ, жиIэну зыхущIэкъуа гупсысэхэр къызэщIикъуэжу. Тхыдэ лэжьыгъэхэр и тегъэщIапIэу апхуэдэ пычыгъуэ цIыкIуитI тхакIуэм дыщIигъужащ «Мыщэ лъэбжьанэ» романми. Абыхэм тхылъеджэхэм хъыбар ирагъащIэ Кавказым щызэхищIыхьа щIэпхъаджагъэ къомым иужькIэ «Бородино и лIыхъужь, Кавказым и уафэхъуэпскI» Ермоловыр жьэгу пащхьэм къызэрыдэнэжар, «нэгъуэщI хуэмыщIэу, тхылъхэм я жинтхэр къытритхърэ щIэрыщIэу трилъхьэжу»[9]. ТхакIуэм зэритх дыдэм хуэдэу, Ермоловым и IупэфIэгъуу щыта псори «джэдылIэм зэдихьа бабыщу, абы зыдихьащ, генерал Вельяминоври яхэту…». Ауэ Жанхъуэт Кушыку игъащIэкIэ ящымыгъупщэжыну адыгэхэм ягу къинэжащ, фэеплъ хуамыгъэувами, и цIэр и къызэIуаха вагъуэщIэ гуэрым фIамыщами. Лэжьыгъэм къызэрыхэдгъэщащи, «Кушыку и лIэужьыр хэкIуэдэжыпащ, ауэ къэнащ и лъэужь. Абы псори щIигъэвар и лъэпкъырщ, адыгэхэрщ»[10]. Абы къыхэкIыу адыгэпщ цIэрыIуэм хуэфащэ фэеплъ гъуэзэджэщ МафIэдзым лъэпкъ литературэм щызэфIигъэувар.

Романым тхыдэ дэфтэрхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ я лъабжьэу щытми, тхыгъэр абыхэм яригъэтхьэлэркъым тхакIуэм. МафIэдзым хузэфIэкIащ тхыдэ къэхъугъэхэм образ зэпэщхэмрэ гупсысэ куукIэ гъэнщIа дерсхэмрэ къыхищIыкIын. АбыкIэ лъапIэщ МафIэдзым и романхэр, тхакIуэм и бзэми, и хъэтIми, художественнэ Iэмалхэм я къэгъэсэбэпыкIэми ядэбгъуэн бгъуэтынуми. Романым имычэзуэ къыщытригъэзэж щыIэщ этнографие теплъэгъуэхэм. «Пщэдджыжьым жэм дахуа нэужь», зэхэувэжу уэршэр кIыхь зыщIыж цIыхухъухэм я псалъэмакъ, гушыIэ купщIэншэхэм удахьэхыркъым, романыр зытеухуа лъэхъэнэмрэ къэхъукъащIэхэмрэ ахэр хэзэгъащэуи щыткъым.

Апхуэдэу щытми, гъэсэныгъэ, ущиныгъэ къаруушхуэ зыхэлъ романым XIX лIэщIыгъуэм Кавказ зауэр зэхэзыубла урысей пащтыхьым и лIыкIуэхэм зэрахьа щIэпхъаджагъэхэри, лъэпкъ-щхьэхуитщIыжакIуэ бэнэныгъэм и лIыхъужьхэм я IуэхущIафэхэри убгъуауэ къыщыгъэлъэгъуэжащ. БлэкIам къыхэхыпхъэ дерсхэри щыщIэуфакъым МафIэдзым и «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ» романхэм: лъэпкъыр хъума хъун щхьэкIэ, «адыгагъэрэ цIыхугъэрэ, акъылрэ Iэзагърэ, губзыгъагъэрэ зышыIэныгъэрэ» къигъэлъэгъуэн зэрыхуейр «дэтхэнэ адыгэми и фIэщ зэрыщIыпхъэр».

Лъэхъэнэ дызытепсэлъыхьым къыдэкIа тхыдэ романхэм я нэхъыбэр, къызэрыхэдгъэщащи, зытеухуар Кавказ зауэмрэ абы и Iэужьхэмрэщ. XIX лIэщIыгъуэм адыгэхэр зыхэта тхыдэ Iуэхугъуэшхуэхэрщ лъабжьэ яхуэхъуар кинорежиссер, журналист, тхакIуэ Вэрокъуэ Владимир и роман «Лей зыхуэгъэгъум къахурегъэгъу» (2007, адыгэбзэкIэ зэдзэкIауэ), шэрджэс тхакIуэ Тыуаршы Аслъэн и роман «Псыкъелъэм и макъамэхэр» (2007) зыфIащахэми. МафIэдз Сэрэбий и романхэм дызыщрихьэлIэ языныкъуэ къэхъукъащIэхэми, тхыдэм и зи цIэ къыхэна дзэ къулыкъущIэхэми (псалъэм папщIэ, генералхэу Засс, Вельяминов, Потто, Якубович, полковник Бестужев-Марлинский), адыгэлI цIэрыIуэхэми (Жэнхъуэт Кушыку, Ажджэрий Кушыку, Къуэдзокъуэ Лэкъумэн, нэгъуэщIхэми) уащыхуозэ Вэрокъуэ Владимиррэ Тыуаршы Аслъэнрэ я тхыгъэхэми. Ахэр псори щыпсэуар романым и сюжетым лъабжьэ хуэхъуа тхыдэ Iуэхугъуэшхуэхэр къыщыхъуа лъэхъэнэрщ.

Дауи, зытеухуа зэманми, тхыдэ къэхъукъащIэхэми, лъэхъэнэм и лIыхъужьхэми гъунэгъу зэхуащI а романхэр, ауэ зытепсэлъыхь Iуэхугъуэхэм я зэфIэхыкIэкIи, тхыгъэхэм я зэхэлъыкIэкIи, тхакIуэхэм я хъэтIымкIи, я образ къэгъэщIыкIэмкIи ахэр хуабжьу зэпэIэщIэщ. Абы къыхэкIыу, романхэр зы лъэхъэнэрэ Iуэхугъуэ пыухыкIарэ теухуами, ящIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэмкIэ ахэр зэщхьэщыбгъэкI хъунущ. МафIэдз С. и «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ» романхэр тхыдэм нэхъ егъэщIылIащ, Тыуаршы А. и «Псыкъелъэм и макъамэхэр» тхыгъэм лиризмэр нэхъ щытепщэщ, Вэрокъуэ В. и «Лей зыхуэгъэгъум къахурегъэгъу» романым философие гупсысэр щынэхъ куущ. Япэ романитIыр нэхъ зэгъунэгъущ, ещанэр нэхъ зэкIуалIэр Емыкъуж Мухьэмэдрэ («Къэдэр жэщ») Шэджыхьэщ Iэ Хьэмыщэрэ («ЛъыщIэж») романхэрщ.

Къызэрыхэдгъэщащи, тхыдэ романхэм зэрыщыхабзэу, Тыуаршы А. и «Псыкъелъэм и макъамэ» тхыгъэми хэтщ зэхэуэ гуащIэхэр къыщыгъэлъэгъуэжа теплъэгъуэхэри (псалъэм папщIэ, Беслъэнгъущ къалэр адыгэхэм зэрахъумар е ЛютIокъуэ деж щекIуэкIа зауэр, нэгъуэщIхэри), лIыгъэ

зэхэгъэкIыпIэ къихута адыгэ щIалэхэм (Зед, Тенджыз сымэ) я зэфIэкIым теухуа Iыхьэхэри, лъэпкъым и цIыхухэр зэрауштыжу яхэта хамэ щэхурылажьэхэри, кавказ щIыналъэр зэпэзыубыда къэралыгъуэжьхэм я политикэ мыхъумыщIэхэри, гъэпщIагъэ зэрахьахэри. Ауэ иджыри къэс дызытепсэлъыхьа тхыдэ романхэм къащхьэщыкIыу «Псыкъелъэм и макъамэхэр» нэхъыбэу зытещIыхьар гурыщIэрщ. Ар езы романым и фIэщыгъэцIэми къыбжеIэ, абы щекIуэкI Iуэхугъуэ псори зэгъэщIылIэжари аращ.

Урыс пащтыхьым и лIыкIуэу адыгэхэм я деж къигъэкIуэжа флигель-адютант Тенджызрэ адыгэпщ Дал-Джэрий ипхъу Нэтрэ я лъагъуныгъэрщ романым и купщIэр. Ауэ «псыкъелъэ макъамэр дежьууэ Нэт уэрэд жиIэу» къежьа а гурыщIэ дахэр «псыкъелъэм гъыбзэ жиIэу» иухыжыным хуэзышар зауэ мыгъуэжьырщ, адыгэхэм «джаур зауэжь» зыфIащарщ. И пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэс тхыгъэм и сюжетыр иIыгъщ абы, гукъэкIыжу щытми, хъыбару яIуэтэжми, персонажхэр хэпщIауэ къекIуэкIми. Ахэр пэжагъ ин хэлъу тхыжащ, тхыдэм зи цIэхэр (фIыкIи IейкIи) къыхэзына дзэзешэхэр, лъэпкъым, цIыхубэм я пашэхэр хэту.

ИтIани, псэм, гум ехуэбылIэ теплъэгъуэхэр романым гущIыIу куэдрэ къыщохъу. Дэ дызэреплъымкIэ, ахэращ романыр тхыдэм теухуа лъэпкъ прозэм щынэхъыфIхэм ящыщ зыщIри. «Псыкъелъэм и макъамэхэр» романым убгъуауэ къэгъэлъэгъуэжа щыхъуащ фIым щыгугъыурэ зи дунейр къызэтекъутэжа цIыхухэм, лIэнкъэнэну зэпэщIэува лъэныкъуитIым яку къыдэна лIыхъужьхэм я психологиер, персонажхэм я хьэл-щэн зэхуэмыдэхэр, абыхэм я псэм щекIуэкI зэныкъуэкъур, фIыуэ зэрылъэгъуа ныбжьыщIэхэм яку къыдэхъуэ гурыщIэ дахэхэр.

Зауэмрэ мамырыгъэмрэ, гуауэмрэ гуфIэгъуэмрэ быдэу щызэпыщIащ, лиризм щабэкIэ гъэнщIащ «Псыкъелъэм и макъамэхэр» романыр. Абы тхыгъэр инми, еджэгъуафIэ ещI икIи утезашэркъым. Шэч къытумыхьэжу жыпIэ хъунущ Тыуаршы Аслъэн и романыр дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм дунейм къытехьа тхыгъэ нэхъыфIхэм ящыщ зыуэ, лъэпкъ тхыдэ прозэм и хэлъхьэныгъэ щхьэпэу.

Лиризм щабэр щытепщэщ «Псыкъелъэм и макъамэхэр» тхыгъэм и пэIуэкIэ дунейм къытехьа «Нобэ е зэи…» романми (1993). Тхыдэ къэхъукъащIэ пыухыкIа гуэрым темыухуами, 80 гъэхэм я нэщэнэхэр наIуэу къызытещ тхыгъэм къытеувыIапхъэу къыдолъытэ. Романым къызэщIиубыдэ лъэхъэнэр къэралым и тхыдэм быдэу хыхьащ, зэхъуэкIыныгъэхэм («перестройкэм») я илъэсхэу. ПIалъэ кIэщIу щытами, ар къэлъыхъуэныгъэщIэхэм, Iуэху еплъыкIэщIэхэм, нахуагъэм я зэману екIуэкIащ. ЦIыхухэр жыджэру къыхэша

хъуат къэрал политикэм, жылагъуэ Іуэхухэм. Лэжьыгъэ ІэнатІэхэми зэхъуэкІыныгъэхэр щекІуэкІырт. Апхуэдэ щытыкІэм къигъэщІа тхыгъэщ «Нобэ е зэи…» романыр, нэгъуэщІу жыпІэмэ, зы тхыдэ лъэхъэнэр икІыу адрейр къыщихьэ зэман зэблэкІыгъуэм, ди цІыхухэр ноби гуитІ-щхьитІ зыщІым и Іэужьщ ар.

Романыр нэхъыбэу зытегъэпсыхьар лэжьыгъэ зэхущытыкІэхэрами, абы щІэлъ гупсысэкІэ, дуней лъагъукІэкІэ ар ящыщщ мы статьям и пэщІэдзэхэм дыщытепсэлъыхьа тхыгъэхэм. Абыхэм романыр къазэрыщхьэщыкІыр лэжьакІуэ цІыхум, ар зыхэпсэукІ дунейм, лъэхъэнэ зэблэкІыгъуэм ди лъэпкъэгъухэм я гупсысэкІэм къыхилъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм зэрытеухуарщ. Абыхэм романыр лэжьыгъэм ехьэлІа тхыгъэ лІэужьыгъуэхэм ящыщ ящІ. Апхуэдэ тхыгъэу а зэманым лъэпкъ литературэм къыхыхьар зэрымащІэ дыдэрщ романым тепсэлъыхьыпхъэу къыщІэтлъытэри.

Къыхэгъэщын хуейщ, 60–70 гъэхэм лэжьыгъэм ехьэлІа художественнэ тхыгъэхэр нэхъ мащІэ хъуауэ зэрыщытар. Критикхэми гу лъатат абы икІи жаІэрей хъуат а къыдэкІхэми лэжьыгъэр зэрекІуэкІыр къратхэкІыурэ цІыхум и дунейр, и псэм щыщІэр тхакІуэхэм Іэпэдэгъэлэл зэращІыр. Ауэ 80 гъэхэм экономикэм и зыужьыкІэр щІэгъэхуэбжьэн хуейуэ екІуэкІа къэрал политикэм лэжьыгъэ тематикэр литературэми къыщигъэщІэлэжат. Адыгэ литературэми апхуэдэ тхыгъэ зыбжанэ къыхэхъуащ (Къэрмокъуэ М., ХьэхъупащІэ Хь., Мэзыхьэ Б., Журт Б., АбытІэ В., Шыбзыхъуэ М., Мыз А., ХьэІупщы М. сымэ я прозэ тхыгъэхэр). Абыхэм ящыщщ Тыуаршым и романри.

Ауэ 60–70 гъэхэм дунейм къытехьа тхыгъэхэм «жьымрэ щІэмрэ» зэпэщІагъэувэрэ сыт щыгъуи щІэр текІуауэ иухыу щытамэ, «Нобэ е зэи…» романым хэтыр зэманым и лІыхъужьыщІэщ, Іуэхур рационализаторхэм я хэлъхьэныгъэ къудейкІэ зэфІимыгъэкІыу. Ар романым и фІэщыгъэцІэм къызэрыбгуригъаІуэщи, Іуэхум тегушхуауэ, фІэщхъуныгъэ быдэрэзэфІэкІлъагэрэиІэубгъэдыхьэУвыжыкъуэДадымжанщ. Зи гугъу тщІы лъэхъэнэм и прозэм нэхъыбэу дызыщрихьэлІэ литературэ лІыхъужьхэм – лэжьыгъэр езыгъэфІакІуэ, тынш зыщІ щІэ гуэр хилъхьэн щхьэкІэ бэнэныгъэ езыгъэкІуэкІхэм къащхьэщыкІыу, Дадымжан зыхущІэкъур езы лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкІэр хъуэжынырщ. Ар къоув «хъуми-мыхъуми» зыгуэр щІэн Іуэху бгъэдыхьэкІэм, къэрал мылъкур сэбэпынагъ лъэпкъ имыІэу икъухьыным я бийуэ. НыбжьыщІэр пасэу япэщІоувэ Іэпэлъэпашхэхэм, мылъку къэугъуеиным зи нэр къыщипхъуахэм, Іужажэхэм, пщІыупсхэм.

ТхакІуэм и лІыхъужьым и ІуэхущІафэхэмкІэ къигъэлъэгъуэн хуэфІэкІащ хэкуми цІыхубэми я гъащІэм

зэхъуэкIыныгъэ куухэр щегъэкIуэкIын зэрыхуейр, адэкIэ апхуэдэу упсэу зэрымыхъужынур. Абы къыдэкIуэу Тыуаршы Аслъэн нэхъ къехъулIауэ къэплъытэ хъунущ къызэрыгуэкI мэкъумэшыщIэ унагъуэм къихъухьа щIалэм рабочэ IэщIагъэ зэригъэгъуэту абы насыпыфIэ зэрыдэхъур. Ауэ а насыпым (фIыуэ илъэгъуа пщащэм гъащIэ гъусэ хуэхъунри а IэнатIэм епхащ) папщIэ тхыгъэм и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэс бэнэныгъэ ирегъэкIуэкI хуей мэхъу Дадымжан. А бэнэныгъэрщ романым и фIагъ нэхъыщхьэри.

Мыдрейуэ романым и сюжетыр къызэрыгуэкIщ, куэдрэ лъэпкъ прозэм, псом хуэмыдэу драматургием (Журт Б. «Гуащэр зэрагъасэр», «Къалэн гугъу», «Си унэцIэ дыдэр», Дэбагъуэ М. «Анэр нэм хуэдэщ», IутIыж Б. «Гуащэмыдэхьэблэ», «Шамхьун и фызышэ», нэгъуэщIхэми) дызыщрихьэлIэ унагъуэ, бын зэхущытыкIэхэм теухуащ. Тхыгъэм и гъэсэныгъэ-ущиныгъэ мыхьэнэри нэхъ зэпхар аращ. МэкъумэшыщIэ унагъуэм къыщыхъуа Дадымжан и адэ-анэр «зыщIэхъуэпсыр», щIалэр къуажэм къыдэнэу, и адэм хуэдэу, механизатор IэщIагъэм ирилэжьэнырщ.

Мыбдежым къыхэгъэщын хуейщ, 60–70 гъэхэм щIалэгъуалэр къуажэм къыданэн щхьэкIэ, къэралым щекIуэкIа зэщIэхъееныгъэ-къыхуеджэныгъэхэм я «хъым» тхакIуэр къызэрыIэщIэмыкIыфари. Абы щыгъуэ прессэм увыIэгъуэ имыIэу итхырт я бынхэр «трактарист, комбайнер, жэмыш, Iэщыхъуэ» хъуныр адэ-анэхэм я хъуэпсапIэу. Балигъ хъуа нэужьи быныр зыбгъэдэгъэсыжыным и Iуэхур щхьэхуэщ, ауэ фIэщ щIыгъуей зи гугъу тщIа IэщIагъэхэм хуэдэкIэ и сабийм хуэупсэ адэ-анэ куэд абы щыгъуи щыIауэ, ноби щыIэу. Мыпхуэдэ фэрыщIыгъэхэр къызыхэщ тхыгъэхэр а зэманми иужькIи щыIащ (псалъэм папщIэ, ЩоджэнцIыкIу I. «Уи цIэр фIэсщынщ», «Щхьэгъубжэ нэху», Мысачэ П. «Кхъужьейр мэгъагъэ», ХьэхъупащIэ Хь. «Гъуэгуанэ», Мыз А. «Гъатхэ уэс» повестхэр, нэгъуэщIхэри). Ар лъэхэнэм и щэнти, мащIэми куэдми а зэманым къыдэкIа тхыгъэ псоми къыхэнащ.

УхуакIуэ IэщIагъэ зригъэгъуэтыну профтехучилищэм щIэтIысхьа Дадымжан цIыхугъэ хуохъу Марьянэ икIи щIалэр хъыджэбзым занщIэу йогуакIуэ. Ауэ Марьянэ зыхэпсэукIыр нэгъуэщI дунейщ – ар хуэщIауэ псэу къалэдэс унагъуэм япхъу гъэфIэнщ. Мыбдежми совет литературэм IэфI къызыщIимынэжа Iуэхугъуэр – къалэмрэ къуажэмрэ я псэукIэм хэлъ зэщхьэщыкIыныгъэхэр – къыщиIэтыну хэтщ тхакIуэр, ауэ абы и зэфIэхыкIэми щIэ гуэр хилъхьэркъым. Псори дызэсэжа гъуэгурщ Тыуаршыри зэрыкIуэр.

А гъуэгум дызыщрихьэлIэ хабзэ унагъуэхэм хуэдэщ Марьянэ зыщыпсэури. Абы и адэ Рашид и щIэныгъэрэ зэфIэкIкIэ къимылэжьами, къулыкъуфIхэр иIыгъыурэ къогъуэгурыкIуэ. ЗэрыжаIэу, «хэхъуапIэ IэнатIэ» Iутщи

(къалэ тхьэмадэу, институтым ухуакIуэхэр щагъэхьэзыр и факультетым и декану тхыгъэм дыщрохьэлIэ), и къулыкъухэм хуэфащэуи псэун хуейщ. Аращи, Iулъхьэри тыгъэ лъапIэхэри и мыхьэмышхкъым. Пэжщ, а Iуэхум Рашид езыхулIэу тхакIуэм къигъэлъагъуэр мылъкукIэ зызымыгъэнщI и щхьэгъусэ хьилэшырщ – Зулетэщ.

Мы образыр тхакIуэм нэхъ къемыхъулIахэм ящыщ зыщ – 80 гъэхэм и кIэхэм ди телевиденэр зыубыдауэ щыта хамэ къэрал сериалхэм (Бразилием, Мексикэм, США-м щытрахауэ) хэтхэм зыкIи къащхьэщыкIыркъым ар: мылъкум игъэудэфа фыз щIыкIей, абы и жыIэм емыбакъуэ «адыгэлI»… Зулетэ и образыр нэмыщIысауэ жыдэзыгъэIэр абы тхакIуэм кIэрилъхьа егъэлеиныгъэхэрщ. Совет зэманым пащтыхь гуащэу къыщIэзыгъалъэ адыгэ бзылъхугъэм и хьэлыр къэзыгъэщI гупсысэр, абы тегъэщIапIэ хуэхъухэр тхакIуэм къызэрызэIуимыхарщ. Зулетэщ ныбжьыщIэхэм я насыпым пэрыуэгъу хуэхъуну хуежьэри. Абы, дауи, и пхъур, езым зэрыжиIэщи, «птуушникым» иритыну и пщIыхьэпIи къыхэхуэркъым. Зулетэ къыхихыр заготовителу лажьэ, «Волга» машинэ щIэрыпсым ису къэзыжыхь Мэжид и къуэ Едыджщ (Эдикщ). Езы тхакIуэр абы хуэмеями, ищхьэкIэ зи гугъу тщIа Iуэхур – адэ-анэхэм я нэхъыбэм я хъуэпсапIэр мыбдеж къыщиIуэтащ. Сериалхэм зэрыщыхабзэу, и пхъур Дадымжан пигъэкIын щхьэкIэ, Зулетэ хьилагъэ хуекIуэну хуожьэ. Ауэ мыбдежми тхакIуэм къыщыхуэгъуэтыр художественнэ литературэм гъэужь щыхъужа Iэмалырщ – и пхъум и дыщэхэкIхэр Дадымжан идыгъуауэ Зулетэ егъэIу.

АбыкIэ тхыгъэм и коллизиер щIигъэткIиену, бынымрэ адэ-анэмрэ я зэпэщIэтыныгъэр нэхъ ткIий ищIыну хэтащ Тыуаршыр. А Iуэхум пIалъэкIэ гуауэщхьэуэ ящIами, щIалэмрэ хъыджэбзымрэ я лъагъуныгъэр нэхъ лъэщу къыщIэкIащ, икIи а лъэпощхьэпори абыхэм къызэранэкIын ялъэкIащ. И мурадым быдэу хуэкIуэ Дадымжан училищэ нэужьым зэрылажьэм хуэдэурэ ухуакIуэ институтри къеухыж, ар бригадэм и унафэщI ящI. Сытым щыгъуи щIэм лъыхъуэ лэжьакIуэ жыджэрым и гупыр (бригадэ подряд лэжьэкIэм техьар) областым цIэрыIуэ щохъу. Абы къыхуагъэфащэ цIыхубэм я лIыкIуэу къалэ советым хэтын къалэныр. ЦIыхухэм Iэ нэхъыбэ хуаIэтри хэхыныгъэхэм ар щытокIуэ и ныкъуэкъуэгъу Рашид. Абы щыгъуэ Марьянэ и адэм къыгуроIуэж, и фызым едаIуэу, ищIа щыуагъэр – и пхъум и насыпыр зэпиуд зэрыпэтар. Адэ-анэм я текъузэныгъэкIэ Еджыдж дэкIуэну зызыгъэхьэзыра Марьяни илэжь Iуэхум хущIогъуэж икIи, нысащIэ фащэр зэрыщыгъыу, унэм щIокIуэсыкIри йожьэж: е Дадымжан псэуэгъу хуэхъун, е и гъащIэм пыкIын… ИкIэм-икIэжым, таурыхъхэм зэрыщыхабзэу, фIыуэ зэрылъагъухэм я насыпыр токIуэ.

Романым и сюжетыр мыпхуэдэу убгъуауэ къыщIэтIуэтэжам щхьэусыгъуитI иIэщ. Япэрауэ, къызэрыхэдгъэщащи, романыр лъэхъэнэм и Iэужьщ. Зэман зэхэзэрыхьам, гурыIуэгъуейм, къэхъукъащIэ Iейхэм ирагъэзэша цIыхухэр хуэныкъуэт таурыхъ сюжетхэм. Апхуэдэщ цIыхум и психологиер – ягу нэхъ къызэрыдэпхьэхыфынур я псэр зыхуэзэша гуэрщ. Ар занщIэу къиубыдыфащ тхакIуэм икIи, дэ къызэрытлъытэмкIэ, фIыщIэ къелэжь. Апхуэдэу жыдэзыгъэIэр мыр Тыуаршым и хъэтI нэхъыщхьэ зэримыщIырщ, абы ар къыщытокIыж и роман нэхъыщхьэм – «Псыкъелъэм и макъамэхэм».

ЕтIуанэ щхьэусыгъуэу къэтлъытэр класс бэнэныгъэм зэщIиIулIа адыгэ литературэм зэманым щIигъэткIие психологизмэмрэ псэукIэ-щыIэкIэ зэхуэмыдэныгъэмрэ къагъэщIа прозэ тхыгъэщIэу къыхыхьахэм «Нобэ е зэи…» романыр зэращыщырщ. Мыбы мыхьэнэшхуэ иIащ совет адыгэ литературэмрэ иджырей литературэмрэ зэпыщIэнымкIэ. Дэ тхыдэ лъэхъэнэшхуэм къигъэщIа литературэр, зэманым къезэгъыжкъым жытIэу, лъэныкъуэкIэ едгъэкIуэтэкIын хуэдэу Iэмал диIэкъым. Лъэпкъ литературэкIэ уеджэ хъуну нобэ щыIэр щыдгъуэтар совет зэманырщ, абы къыхэкIыу гупсысэ, Iуэху еплъыкIэ зэхуэмыдэхэр зэдгъэзэгъын, художественнэ фIагъ зиIэхэр къыхэтхын хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ щхьэпэщ «Нобэ е зэи…» романыр.

Тыуаршы Аслъэн и тхыгъэхэм лъабжьэ хуэхъуа лиризм щабэм, гурыхь сюжетхэм къапызыщэщ шэрджэс тхакIуэ АбытIэ Владимир и романхэри. Дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм, «роман» жиIэу тету, тхакIуэ гуащIафIэм и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэм ящыщщ «Ирамышыжа нысащIэ» (1991), «Уэсэпс шыугъэ» (1997), «Уэнэгу нэщI» (2005), усэбзэкIэ тха «Тенджызищым я Тхьэгуащэ» (2005), «Хамэ фыз» (2008), «КIуакIужь» (2010), «Дыгъужьынэ» (2010), нэгъуэщIхэри.

Къэгъэлъэгъуэнщ хуейщ АбытIэр лъэпкъым и тхыдэ гъуэгуанэм набдзэгубдзаплъэу ириплъэж тхакIуэхэм ящыщ зыуэ зэращытыр. Адыгэм дежкIэ лъэхъэнэ зэхэгъэкIыпIэу щытахэрщ абы и тхыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъур. Псалъэм папщIэ, «ЩIакIуэр зи унэ» (1986) романыр зытеухуар XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэ ныкъуэм Кавказ Ищхъэрэм щекIуэкIа тхыдэ Iуэхугъуэшхуэхэрщ, Кавказ зауэр ди лъахэм зэрыщекIуэкIамрэ адыгэхэм абы къыхуихьа хэщIыныгъэ инымрэщ. ТхакIуэм и творчествэм и зы Iыхьэу «ЩIакIуэр зи унэ» романыр школхэм щаджри абы мы лэжьыгъэм укъыщытеувыIэныр лейщ. Ауэ къыхэгъэщыпхъэщ ди тхыдэтххэмрэ тхакIуэхэмрэ я дежкIэ зэхуэщIауэ къекIуэкIа мы темэм тегушхуэу япэу художественнэ тхыгъэшхуэ тезытхыхьар АбытIэ Владимиру зэрыщытыр.

«Ирамышыжа нысащIэ» романри лэжьыгъэ IэнатIэ здыпэрыт цIыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэм теухуа

тхыгъэщ. Ауэ тхыдэ мыхьэнэ иІэщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ къыщыгъэлъэгъуэжар адыгэ мэкъумэшыщІэхэм рабочэ ІэщІагъэхэр къагъэІурыщІэу щыщІадзагъащІэ лъэхъэнэрщ, япэ лъэпкъ ІэщІагъэлІхэм я Іуэху зэфІэхыкІэрщ, Хэку зауэшхуэм и зэманымрэ абы иужь илъэс гугъухэмрэщ. Тхыгъэр зэрызэхэт Іыхьэхэм – унагъуэ хуэІухуэщІэхэм, лэжьыгъэ ІэнатІэм къыщыхъу-къыщыщІэхэм, зауэм ехьэлІа теплъэгъуэхэм – лъэпкъ тхыдэм и нэщэнэхэр яхыболъагъуэ. Романым и фІагъ нэхъыщхьэу къыхэбгъэщ хъунущ ІэщІагъэщІэм зыхуэзыгъасэ цІыхухэм я зэхущытыкІэхэр, «завод гъащІэм» абыхэм я гупсысэкІэр, я хьэл-щэныр зэрызэрихъуэкІыр, зэрипсыхьыр пэжагъышхуэ хэлъу тхакІуэм къигъэлъэгъуэжын зэрыхузэфІэкІар. Заводыр образ щхьэхуэ щохъу романым: ар мэлажьэ, мэпсэу, бэнэныгъэ ирегъэкІуэкІ, гугъуехь куэди и нэгу щІокІ. Ар цІыху Іэджэм я гъащІэщ, я дунейщ, я гуфІэгъуэри нэщхъеягъуэри ядигуэшу. АбытІэм и персонажхэм я гъащІэмрэ заводымрэ зэгуэхыпІэ имыІэу зэрепх, зэгъэпщэныгъэ дахэуи къегъэсэбэп: заводым зэрызиужьым, къыщыхъу зэхъуэкІыныгъэхэм хуэдэу, бгырысхэми псэкІи ІэпкълъэпкъкІи заузэщІ зэпытурэ зэрекІуэкІыр.

ТхакІуэм фІылъагъуныгъэшхуэ яхуиІэу и лІыхъужьхэм я образхэр къегъэщІ, псом хуэмыдэу ар хуосакъ адыгэ цІыхубз щыпкъэ Салимэрэ абы и гур зытхьэкъуа Жанджэрийрэ. Пэжщ, ныбжьыщІэхэм я лъагъуныгъэм теухуа сюжетыр лъэпкъ ІуэрыІуатэми литературэми (Брат Хь. «Лъэпкъым и къуэпсхэр» повестыр, Мэзыхьэ Б. «Бжьыхьэр пщІащэ пылъэлъыжыгъуэщ» повестыр, ХьэІупщы М. «Хъэджэт и къафэ», «Иужьрей пшынэ макъ» рассказхэр, нэгъуэщІхэри) япэу дыщрихьэлІэу щымытыр. Я нэчыхьыр ятха къудейуэ, щхьэгъусэм и ІэфІыр зыхищІэну хунэмысауэ зауэм ираджэу хэкІуадэ щауэхэм теухуа фабулэр нэгъуэщІ лъэпкъ литературэхэми мымащІэу ущрохьэлІэ. Ауэ зэгуэкІуа щІалэмрэ хъыджэбзымрэ я лъагъуныгъэм и къабзагъэр, быдагъэр зэригъэунэху теплъэгъуэхэмкІэ, тхакІуэм къигъэсэбэп художественнэ Іэмалхэмкіэ ар къэдгъэлъэгъуа тхыгъэхэм къащхьэщокІ. Псом хуэмыдэу гукъинэж пщохъу Салимэ и образыр, зи гъащІэр и япэ лъагъуныгъэм хуэпэжу зыхьар.

АбытІэм и прозэ тхыгъэхэр зэришалІэу зы нэщэнэ яхэлъщ, ар цІыхугъэ нэсыр, фэрыщІагъэ лъэкъ зыхэмылъ адыгагъэр псоми зэращытепщэрщ. Лъэпкъым, фІыуэ илъагъу, псэкІэ и гъунэгъу цІыхум я Іуэхур дэкІын, яфІ зыхэлъхэр кІуэтэн щхьэкІэ, тхакІуэм и лІыхъужьхэр хьэзырщ я къаруи, я зэфІэкІи емыблэжынхэу, хуей хъумэ, я гъащІэ дыдэри щхьэузыхь хуащІыну. Абы и щапхъэу къэпхь хъунущ «Уэсэпс шыугъэ» романри. А романымкІэ тхакІуэм зэпищІащ лІэщІыгъуитІым

я щIэблэхэр. АбыкIи Iэмал гъэщIэгъуэн къигъуэтащ АбытIэм: Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я иджырей щIэблэм я псэукIэщыIэкIэм тетхыхьми, хэхэс адыгэхэм яхъума уэрэдыжьхэмрэ гъыбзэхэмкIэ тхакIуэм хузэфIэкIащ XIX лIэщIыгъуэм екIуэкIа тхыдэ Iуэхугъуэшхуэхэм тхылъеджэр хишэжын. Адрей и прозэ тхыгъэ псоми хуэдэу романым тхыщIакIуэу кIуэцIрокI цIыхугъэр – пэжыгъэр, лъагъуныгъэр, гумащIагъэр. Апхуэдэу тхакIуэм гъащIэм къыхиха гъэсэныгъэ дерсхэмкIэ гъэнщIащ АбытIэм и романыр.

ТхакIуэм и тхыдэ романхэм ящыщу иджыри зым къытеувыIэпхъэу къыдолъытэ. Ар «Тенджызищым я Тхьэгуащэ» романырщ. ЖанркIэ тхыгъэр зыхуэдэр гъэбелджылыгъуейщ, «роман къупхъэм» ар зыкъомкIэ йокIри. Ауэ мы тхыгъэр къыхэгъэщыпхъэу жыдэзыгъэIэхэм ящыщ зыщ ар усэбзэкIэ зэрытхар. УсэбзэкIэ роман птхыныр къызэрымыкIуэу Iуэху гугъущ, усакIуэ лъэрызехьэ куэдми абы зрапщыткъым. Апхуэдэу щытми, дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм адыгэ литературэм усэбзэкIэ тхауэ романитI къыхэхъуащ – зыр «Тенджызищым и Тхьэгуащэрщ», етIуанэр Бэлагъы Любэ и «Гуащэнэ» тхыгъэрщ. РоманитIри къыщыдэкIар 2005 гъэрщ. Ахэр зытеухуар лъэпкъым, лъахэм дежкIэ зэхэгъэкIыпIэу щыта тхыдэ Iуэхугъуэшхуэхэрщ: япэм, хьатхэм я деж къыщыщIэдзауэ ди нобэм къэсу, адыгэхэм къакIуа тхыдэ гъуэгуанэри, лъэпкъым къыдекIуэкI хъыбарыжьхэри, мифхэри щызэхэухуэнащ; етIуанэм XVI лIэщIыгъуэм адыгэхэмрэ Урысеймрэ зэраухылIа зэгурыIуэныгъэр зэрыщIагъэбыда Идар Гуащэней и гъащIэр къыщыгъэлъэгъуэжащ.

ЛъэхъэнэрэкIэ къэкIуатэурэ курыт лIэщIыгъуэхэм къэса нэужь, АбытIэм и романми къыхохьэ адыгэпхъу Мариерэ урыс пащтыхь Иуан Шынагъуэмрэ ятеухуа сюжетыр. ТхыгъитIри тхыдэм къыхэщыж а Iуэхугъуэм гъунэгъу зэхуащI, абы къыхэкIыу зэгъусэу уатепсэлъыхьынри нэхъ тынш ящI.

ТхыгъитIми я фIагъ нэхъыщхьэу къыхэбгъэщхьэхукI хъунур усэбзэкIэ зэрытхарщ. Мы тхакIуэхэм щапхъэ яхуэхъун тхыгъэхэщ адыгэ литературэм и тхыгъэ нэхъыфIхэу ЩоджэнцIыкIу А. и «Къамботрэ Лацэрэ», Бещтокъуэ Хьэбас и «Мывэ лъэхъэнэ» романхэр, IутIыж Борис и «Тыргъэтауэ», «Дамэлей» трагедиехэр. (Иужьрейхэр щапхъэу къыщIэтхьыр «Гуащэнэ» романым драмэм и нэщэнэхэми уащрохьэлIэри араш). Ауэ дызытепсэлъыхь тхыгъэхэм къыщыIэта Iуэхугъуэхэм я зэфIэхыкIэкIэ къащхьэщокI япэ итахэм.

Къыхэгъэщын хуейщ романитIми я сюжетхэм лъабжьэ хуэхъуа тхыдэ Iуэхугъуэхэр, лъэпкъым и гъащIэм и теплъэгъуэ зэхуэмыдэхэр – адыгэхэм я хьэщIэ гъэхьэщIэкIэр, унагъуэ хуэIухуэщIэхэр, я зэхущытыкIэхэр, гупсысэкIэр, IуэрыIуатэр, нэгъуэщI лъэныкъуэхэри – дахэу усакIуэхэм зэпащIэн

зэрахузэфIэкIар. Уеблэмэ ахэр тхыгъэхэм я композицэр, персонажхэм я хьэл-щэныр убзыхуным холэжьыхь. УсакIуитIри удихьэхыу тотхыхь адыгэ лъахэм и щIэращIагъым, и къулеягъым; пейзаж телъыджэхэр уи нэгу къыщIагъэхьэ. Ар къызэрагъэлъагъуэри адыгэм махуэ къэс илъагъу, зэсэжа гуэрукъым, атIэ а дахагъэр къызэраIуатэр мы лъахэм япэу къэкIуа хьэщIэхэм я еплъыкIэм, я псэм зыхащIэм тещIыхьауэщ.

Лъэпкъым и блэкIа жыжьэр усакIуэхэм къызэрагъэлъагъуэжар нобэ щыIэ Iуэху еплъыкIэмрэ тхыдэ щIэныгъэмрэ тетущ. Зэ еплъыгъуэкIэ, абы тхыгъэхэр гурыIуэгъуафIэ ящI, ауэ курыт лIэщIыгъуэхэм псэуа цIыхухэм иджырей щIалэгъуалэм я зэпсэлъэкIэр (сленгыр) е къызэрыкIуэ псалъафэхэр щаIурылъым деж, тхыгъэм къиIуатэ Iуэхугъуэхэр уи фIэщ мыхъуу убгъэдаш. Дауи, нэхъыфIат бзэм и хабзэхэр къызыхуэтыншэу тхыгъэхэм къыщылъытауэ щытамэ. Ауэ романхэр зытеухуа тхыдэ Iуэхугъуэхэм я инагъыр апхуэдэ жыгъейхэм я щIыIу къохъу.

«Тенджызищым я Тхьэгуащэ» романыр пшыналъиплIу гуэшащ, дэтхэнэми зы тхыдэ лъэхъэнэ къыщыгъэлъэгъуэжащ. Лъэхъэнэхэмрэ тхыдэ Iуэхугъуэхэмрэ АбытIэм зэхуикъусащ, ауэ ахэр зэпащIэ Iыхьэ къэс усакIуэм яхуищIыжа кIэух псалъэм, зытепсэлъыхь лъэхъэнэмрэ щытыкIэмрэ анализ зэрищIым, нобэрей зэманым щыIэ Iуэху бгъэдыхьэкIэхэр и тегъэщIапIэу къэхъукъащIэ жыжьэхэм ялъысыпхъэ увыпIэр лъэпкъ тхыдэм зэрыщиубзыхум. Къызэрыхэдгъэщащи, романым и фабулэр къэзыгъэщIыр адыгэхэм я тхыдэ гъуэгуанэм къыщыхъуа Iуэхугъуэхэу лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ дэфтэр тхыгъэжьхэмрэ ди зэманым къахьэсыжахэрщ.

Япэ пшыналъэм илъэс минхэм я къатхэр къызэрегъэдзэкIыжри хьат къэралыгъуэм дынешэсыж, пасэрей адыгэхэм я лъапсэжьыр яхъумэжу фирхьэун Рамзес драгъэкIуэкIа бэнэныгъэр къытхуеIуэтэж. Мы сюжет къудамэм АбытIэм къыхешэ адыгэ амазонкэхэм теухуа мифри. Хьатхэм я лъэхъэнэм теухуа Iыхьэр гукъинэж къытщищIын мурадкIэ, усакIуэм тхыгъэм къыхешэ хьэтуупщ Сэрэхьэтрэ амазонкэ гуащэ Нэхусэтрэ (адрей Iыхьэ псоми ар хэтщ, зэм Нэхусэту, зэми Тхьэгуащэу) я лъагъуныгъэм теухуа хъыбарыр. Ауэ романтизмэм и жьауэм щIэт мы хъыбарми хущIэхъумакъым романыр зэрытха публицистикэ стилыр. Мы хьэтIым тетщ Бэлагъым и тхыгъэри. Апхуэдэу «Тенджызищым и Тхьэгуащэ» романым ущрохьэлIэ фIэщ щIыгъуей, таурыхъым ещхь теплъэгъуэхэм. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, хьатхэм я бийхэр мин бжыгъэкIэрэ езыгъэз амазонкэ пашэ Нэхусэт зэгуэр и щхьэгъусэу щыта, иджы лIыжьу зихуапэу бзылъхугъэхэм я Iуэху зытетыр зэригъэщIэну яхыхьа Сэрэхьэт къызэрыIущIам теухуа теплъэгъуэр.

ЕтIуанэ пшыналъэм тхакIуэр щыпхроплъыж тхыдэми, ноплъысыж «Темэнбгъуэщ I, адыгэм и дзэпщ цIэрыIуэ Уэридадэ» деж. Пшыналъэр зытеухууэ щытынур гурыIуэгъуэщ – дзэпщхэу Редадэрэ Мстиславрэ ятеухуа тхыдэ къэхъугъэхэрщ. Абы и гъэпсыкIэнури и ухыкIэ хъунури усакIуэм занщIэу къыджеIэ:

«*Си гуащэ пщэхур* (*Нэхусэт*) *хощэтыкI,*
Пшыналъэр нэпсу кърекIыкI».

Ауэ АбытIэм тхыдэ лэжьыгъэхэм жаIэр и фIэщ хъущэркъым. Ар «Нэгумэ Шорэ итхыжауэ зэджэгъахэм йогупсыс», ауэ тхыдэтххэм жаIэхэр зэтехуэркъым: «Зым тхуегъэщIагъуэ, зым игу хощI»[12]. Абы къыхэкIыу усакIуэм псэлъэгъу-чэнджэщэгъу ищIыр и Тхьэгуащэрщ:

«*Тхьэгуащэ сэ къызоIущащэ:*
«*Тхыдэм елэжьхэри мэгъуащэ…*».

Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, тхыдэ къэхъукъащIэу куэдыщэ зэрызэпищIам (Темыр щIакъуэ и зекIуэр, дзэзешэ Iэдыщ и лIыгъэр, пащтыхь Иуанрэ Гуэщунейрэ теухуар, Тыгъуэн-дыгъу, Петр Езанэм, Черкасскэм я хъыбархэр, Лабэдэсхэм я гъыбзэр, ди зэманым къэсыжрэ «Налшык къэкIуэжу дахужа Хьэжбырам» деж щыщIитIыкIыжу) езы усакIуэр къыхэкIыжыфакъым. Апхуэдизым романым и художественнэ къарури нэхъ лъахъшэ ящIащ. АбытIэми, Бэлагъыми я романхэр лъэпкъ литературэр совет нэужь лъэхъэнэм и пэщIэдзэхэм зэрыта щытыкIэр наIуэу зытеплъагъуэ тхыгъэхэщ.

БлэкIа гъащIэрщ, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, нэгъуэщI лъэпкъхэми хуэдэу, адыгэхэми яхэлъа хабзэ мыхъумыщIэрщ къыщыгъэлъэгъуэжар дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм дунейм къытехьа тхыгъэшхуэхэм – ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ и «ЛъыщIэж» (налшык, 1993), Емкъуж Мухьэмэд и «Къэдэр жэщ» (Москва, 2009) романхэм. Мы темэр адыгэ литературэм щыяпэуи щыщIэщыгъуэуи пхужыIэнукъым. XIX лIэщIыгъуэм къыщыщIэдзауэ адыгэ тхакIуэхэм мызэ-мытIэу зызрапщыта Iуэхугъуэщ ар, жанр зэхуэмыдэхэмкIэ зэфIахыну (Мыдхьэт А. «Адыгэ уэркъхэр» драмэр, Ахъмэтыкъуэ Къ. «Къалэн хьэлъэ» драмэр, КIашэ А. «Абрэджхэр» повестыр, Къашыргъэ Хь. «ПшэкIухь» романыр, н.). Адыгэм и псэукIэзэхэтыкIэм быдэу пыщIауэ лIэщIыгъуэкIэрэ къэгъуэгурыкIуа а хабзэм теухуа теплъэгъуэхэм куэдрэ ущрохьэлIэ нэгъуэщI тхыгъэхэми. Ауэ мы тхыгъитIыр абыхэм къащхьэщокI адыгэр гъащIэмрэ къэзыухъуреихь дунеймрэ зэреплъ щIыкIэр,

и психологиер щIэгъэлъауэ кууэ къызэрыщыгъэлъэгъуэжамкIэ. Езы тхыгъитIыр зэщхь ящI я сюжет фабулэр лъэпкъ IуэрыIуатэм къыхахауэ зэрыщытым. Япэм Есэнокъуэ зэшхэм я лIыгъэмрэ цIыхугъэмрэ теухуауэ щыIэ хъыбарымрэ уэрэдымрэ, етIуанэм жьуджалэм ехьэлIауэ адыгэхэм къадекIуэкI хъыбархэм щIэлъ гупсысэхэр лъабжьэ яхуэхъуащ. Ауэ абыкIэ зэфIэкIыркъым, а IуэрыIуатэ фабулэхэм нэхърэ нэхъыщхьэщ адыгэм и нэгу щIэкIа, псэкIэ игъэва Iуэхугъуэшхуэхэу романитIми къыхэщхэр. Ахэращ романхэм я къэухьыр зышэщIри, абыхэм тхыдэ мыхьэнэ езытри.

ШIэджыхьэщIэм и романым къыщхьэщыкIыу Емкъужым ейр тхыдэ лIыхъужь гуэрым и цIэм ехьэлIакъым, абы къыхэкIыу тхакIуэм и гупсысэр, и макъыр тхыгъэм нэхъ къыхощ, лIэщIыгъуэкIэрэ адыгэм къыдекIуэкI хабзэхэм, хигъэщхьэхукI лъапIэныгъэхэм езым и бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ яхуиIэщ. Абы лъабжьэ хуищIри иджырей Iуэху еплъыкIэрщ, дунейпсо щэнхабзэм гъуазэу къилъытэхэрщ, цIыхубэм хигъэфIыкIа мардэхэрщ. Романыр и зэхэлъыкIэр гугъущ, ар «хъыбырым къыщыIуэтэжа хъыбар» гъэпсыкIэм тету тхащ. Тхыгъэр еджэгъуафIэуи щыткъым: мыбы щызэхуэхьэсауэ къыпщохъу лIыщIэж хабзэ мыщхьэпэм теухуауэ кавказ лъэпкъхэм я деж къыщекIуэкI «щакIуэ хъыбар» псори. Ауэ дерс къызыхэпхын тхыгъэщ ар.

Лъэныкъуэ куэдкIэ зэтепщIыкIауэ тхакIуэм къытхуиIуэтэж хъыбар гуузхэм узыхуашэр зы гупсысэщ – лейр гъуркъым. Зэманри дыкъэзыухъуреихь дунейри зыпэмылъэщ Iуэхугъуэщ ар, тхьэ Iэмыр хэлъу, арыншамэ жьуджалэ пэтрэ хэшэнтэкъым. Къызэрыхэдгъэщащи, тхакIуэр Iуэхум бгъэдохьэ нобэрей гупсысэр и тегъэщIапIэу, абыкIэ романым къыщиIуэтэж хъыбархэр къыщыхъуа лIэщIыгъуэ блэкIахэмрэ иджырей лъэхъэнэмрэ зэпещIэж. Ар къыдочэнджэщ, къыдгурегъаIуэ зызыхъуэжа дунейми, зызыузэщIа ди псэукIэми цIыхум цIыхуу зезыгъэлъытэж и хьэл-щэнхэм зэхъуэкIыныгъэ инхэр зэрыхамылъхьар, иджыпстуи ди хъуреягъым бзаджагъэри, фыгъуэри, нэпсеигъэри, хъущIэн-фыщIэнри зэрыщымыкIуэдар.

Ныбжьэгъум епщIыжыным, щхьэгъусэр мыгъэпэжыным, гурылъ бзаджэхэр абы щыбзыщIыным, фыгъуэм къыхэкIыу щIэпхъаджагъэ зехьэным, адэ-анэ къахуэхъуу зыпIа лIыжьфызыжьым елъэпэуэжахэм къаIэщIэщIа щIэщхъум и тезырыр апхуэдизу абрагъуэщи, ар япшыныжыну, гупсэхугъуэ зэрагъуэтыжыну лъыхъуэ зэпытщ «Къэдэр жэщ» романым хэт персонажхэр. А тезырым и хьэлъагъым хэхъуэ зэпыту зэрекIуэкIыр зыхыдегъащIэ тхакIуэм, романым и пэщIэдзэмрэ и кIэухымрэ зэпилъытурэ.

Тхыгъэм и персонаж нэхъыщхьэхэм ящыщ зыр (Хьэсанш) иджыри сабийуэ абрэджхэм ирахьэжьауэ яхь, ауэ щIалэм

игу къеуэр зыщ: «Ирехъу апхуэдэуи, сэ сыяпэкъым икIи сыяужьу къыщIэкIынукъым. Си анэ закъуэрщ сигу къеуэр… Си жагъуэ мэхъу, фэ ар къывгурыIуэнукъым, хуабжьу си жагъуэ мэхъу си адэр зыукIам и цIэр къэзмыщIауэ хэкур зэрызыбгынэр. Плъагъуркъэ, иджы мы къысщыщIа щIэщхъур! КъызэхъулIакъым, бетэмал…»[13]. Романым щыдолъагъу щIалэм и мурадыр къызэрехъулIэр, ауэ ар щхьэгъэпцIэжт – абы гупсэхугъуэ игъуэтакъым игъуэтынуи щытакъым. Iейм Iейщ къишэр. Тхыгъэм къызэрыхэщщи, «уи нэм къеIэм и псэм еIэ» Iуэху еплъыкIэ къудеймкIэ гъащIэм къыщыхъу псори зэфIэха хъуркъым. Абы узыхуишэр гуауэщ, гууэ мыухыжщ, лъэпкъыр зэрыщыту зытекIуэдэнкIэ хъуну лъапсэрых зауэщ. Ар тхакIуэм ди нэгу щIегъэкI лIакъуэлIэш Залымрэ лъхукъуэлI Якъубрэ яку къыдэхъуа къаугъэм езыхэри я лIакъуэхэри зэрытекIуадэмкIэ.

А зэпэщIэтыныгъэр апхуэдизкIэ куу, гурыIуэгъуей хъуати, абы зыри егупсысыжтэкъым: акъылми зэхэщIыкIми я щIыIу къэхъуат лъагъумыхъуныгъэр, лей къатехьауэ къызыщыхъужахэм, лъыр мыгъэгъуным зи нэр къыщипхъуахэм я емылыджагъыр.

Лей зэрихьащ романым хэтлIыхъужь Мурати, илъищIэжыху ар псэуащ «гущIэгъу» псалъэм и мыхьэнэм пэIэщIэу. Ауэ зэгуэр зэ зыкъимыщIэжынкIэ, къыгурымыIуэжынкIэ Iэмал иIэкъым цIыхум, арыншамэ гъащIи зыужьыныгъи щыIэнтэкъым. Адыгэр зэи щытакъым гущIэгъуншэуи, лIыгъэншэуи, хабзэншэнэмысыншэуи, лъэхъэнэ зэхэзэрыхьамрэ щIэныгъэшагъэмрэ я гъуэзым пIалъэкIэ щыхэзэрыхь, щыхэгъуэщыхь къэхъуами. Абы зиукъэбзыжынущ, зиузэщIыжынущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ гущIэгъумрэ гъэгъуныгъэмрэ ар зэи хуэхамэу къэгъуэгурыкIуакъым. Зыхидзынущ емылыджагъри, лъыщIэжым хуэдэ хабзэ мыхъумыщIэхэри. Ар тхакIуэм ди фIэщ ещI тхыгъэм и иужьрей сатырхэмкIэ, аращ езы романым и купщIэ нэхъыщхьэри:

«Иужь дыдэу абы зыхищIэжар зыгуэр и лъакъуэм, и щIыфэм къызэрепэщэщырщ. Абы IэмыкIуэлъэмыкIуэ дыдэурэ итIатэрт щIалэ уIэгъэр зэрыпха кIапсэр. Абдежым, хьэршым лъэтэжыну зызыгъэхьэзыра и псэр и Iэпкълъэпкъым хэкIыным ипэ къихуэу, Мурат гу лъитащ къэзытIатэр зэрынэфым, и тхьэкIумэ ижьри щимэу зэрыдэбзыкIам»[14].

Псоми Iумпэм ящIу зыри зыбгъэдэмыхьа щIалэм гущIэгъу хуэзыщIар зэгуэр езы Мурат, «илъ ищIэжу», зи адэ-анэр иукIыгъа щIалэ цIыкIурат. Мурат илэжь щIэпхъаджагъэр зылъэгъуа сабийр къыпэуват абы, езыри имыукIмэ, ин хъуа нэужь къызэриукIыжынур къыжриIэу. Лъагъумыхъуныгъэм зи нэр къыщипхъуар къамэкIэ Iэбэри сабийм и нэхэр ирищIат, и тхьэкIумакIэри щимэу пигъэщат: «Уэ пщIэм деплъынщ…» –

жиIэри. УIэгъэшхуэ телърэ зэкIуэцIыпхауэ къыхыфIадзэжа лейзехьэм къыщыщIар иджы зигу щIыхьар а щIалэ нэфым и закъуэт, ипэжыпIэкIэ зэгуэр езым гущIэгъу зыхуимыщIам «ищIэм иригъэплъыжат» иджы ар Тхьэм…

ЛIыхъужьым и щыуагъэхэр къыщыгурыIуэжыр и гъащIэм иужьрей дакъикъэхэрщ, ауэ сыт хуэдиз гъэунэхуныгъэ укъыхэкIын хуейт абы щхьэкIэ: «…дыгъуасэ щыIамрэ нобэ щыIэмрэ я зэхуакур лъащIэншэщ икIи абрагъуэщ, къэхъукъащIэ шынагъуэхэмкIэ гъэнщIауэ. А къуэ куум дэплъэри ар къэскIащ: пэжу пIэрэ абы езыр щыIар? Сыт хуэдэ къару иIэн хуей-тIэ а къызэрыгуэкI гурыщIэм – гущIэгъум, – езыр а къуэ куум къыщыдишыфакIэ!»[15].

ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ и «ЛъыщIэжым» нэхърэ Емкъуж Мухьэмэд и «Къэдэр жэщ» романыр гурыщIэр нэхъ ебэкIыу тхащ. КъэхъукъащIэ зэхуэмыдэхэм, залымыгъэ IейхэмкIэ тхыгъэр гъэнщIауэ щытми, узыгъэгупсысэнрэ ущIэгупсысэнрэ къыбгъэделъхьэ, нэхъыщхьэращи, цIыху гъащIэм и лъапIагъэр псэкIэ зыхыуегъащIэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, романыр зэрытхар урысыбзэщ, ауэ ар зытхар зэрыадыгэр тхыгъэм и бзэми къытощ, тхакIуэм и гупсысэкIэми и художественнэ дуней лъагъукIэми наIуэу къагъэлъагъуэ. Емкъужыр ящыщщ адыгэм и цIыху щIыкIэр, и дунейр, и псэм щыхъэр, адрей лъэпкъхэм къащхьэщыкIыу ар зыгъэгуфIэ-зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр кууэ зыпкърыхьа ди прозаик нэхъ Iэзэхэм. Аращ дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм адыгэхэм урысыбзэкIэ ятхауэ къыдэкIа художественнэ тхыгъэхэм (ПщыгъусэА., КъущхьэунэА., ХьэкIуащэ М., Вэрокъуэ В., Куэшбей Дж., Алъхъэс С., Лъостэн М., нэгъуэщIхэми) мыр къащIыхэдгъэщхьэхукIар.

УрысыбзэкIэ тхами, дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм дунейм къытехьахэм ящыщу гу нэхъ лъытапхъэу дэ къыдолъытэ Вэрокъуэ Владимир и «Лей зыхуэгъэгъум къахурегъэгъу» («Прощающие да простят») романыр, ищхьэмкIэ зи гугъу щытщIар. Мы романми лъабжьэ хуэхъуар цIыху цIыкIум къыдекIуэкI лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ, цIыхугъэми динми ижь-ижьыж лъандэрэ ягъэдурысауэ – ар гъэгъуныгъэрщ.

Зауэр зауэщ, абы къыхэша мэхъу къэралыгъуэшхуэхэри къэралыгъуэ жыгъейхэри, лъэпкъышхуэхэри лъэпкъ цIыкIухэри, унагъуэшхуэхэри, бын закъуэ фIэкI зимыIэхэри, ауэ абы и кIэр псоми я дежкIи хьэдагъэщ. Францыз тхакIуэшхуэ Анри Барбюс зэритхыгъащи, «зауэр къытригъэзэжурэ екIуэкIынущ, абы и унафэр зэуапIэ губгъуэхэм ираукIыхьхэм ящI хъуху». Аращ зауэ лъэхъэнэм теухуа теплъэгъуэ хьэлъэхэмкIэ гъэнщIа романым и пкъым къыщIыхэщхьэхукIыр гущIэгъумрэ гъэгъуныгъэмрэ цIыхум зэи фIэкIуэд зэрымыхъунур. Аращ романым тхылъеджэр

зыхуигъэIущыр, зыхуриджэр. «Сэ си лIыхъужьхэм зым адрейм хуегъэгъу, – щетх Вэрокъуэм и тхылъым хуищIа кIэух псалъэм. – Нэхъыщхьэрщи, зэрызэхуагъэгъун Iэмал къалъыхъуэ. Къэбэрдей адыгэхэм жаIэ: «Уи бийм утекIуэныр Iуэхум и ныкъуэщ. Уи щхьэм утекIуэжыныр Iуэху псощ». Андрей Андреевич и къуонакъхэр ныбгъуэхьэшым ирешэри къызэтрегъэукIэ, зауэлIым и къалэныр игъэзащIэу, ауэ и щIыб сэлэтхэм яхуигъэзауэ магъ. А нэпсхэм къагъэлъагъуэ ар и щхьэм зэрытекIуар»[16].

Дунейм фIыгъуэу тетым я нэхъыщхьэр зэхуагъэр арауэ зэрыщытыр къыхощ романым и кIыхьагъкIэ. Захуагъэр зэгъэгъуэтыгъуафIэкъым, абы щIохъуэпс икIи щIобэн игъащIэ лъандэрэ цIыхубэр, зи лIыхъужь нэхъыщхьэхэр IуэрыIуатэмрэ литературэ тхыгъэхэмрэ иужькIэ я гъэфIэн хъухэр. Зэхуагъэр щагъуэтыркъым щIылъэм Вэрокъуэм и лIыхъужьхэми. Дахэуэсрэ Владимиррэ хьэршым щес я псэхэрщ гупсэхугъуэ зыгъуэтыр, «зым адрейм лъыри гукъанэри хуигъэгъуу… Иджы мис, зауэ гуащIэр щыщэIуа Лъыпсжапlэ псыхъуэм и щыгум щхьэщытхэщи, ахэм ящыщу дэтхэнэми елъагъу и пщэ дэлъа къалэным хуилэжьар икIи зым адрейм ар хуегъэгъу. Апхуэдэу щIыгуми щыщытатэми!.. Апхуэдэурэ абыхэм я псэхэр уэгум щесащ, уафэм ахэр уахътыншагъэм ириджэху»[17].

Лъэпкъым и нэгу щIэкIамрэ и псэм игъэвамрэ щызэхэухуэна тхыгъэщ «Лей зыхуэгъэгъум къахурегъэгъу» романыр, адыгэ литературэм иужьрей зэманым къыхэхъуа ехъулIэныгъэ щхьэпэр.

IуэрыIуатэм ди лъэхъэнэм къихьэсыжа тхыдэ Iэужьщ Шэджыхьэщ Iэ Хь.ТI. и «ЛъыщIэж» (1993) романри зытеухуар. Тхыдэтххэм я лэжьыгъэхэм къызэрыхэщыжымкIэ, курыт лIэщIыгъуэхэм лIакъуэлIэшрэ лъхукъуэлIкIэ, зылъэкIрэ зылъэмыкIкIэ цIыхухэр зэхэгъэщхьэхукIыныр Къэбэрдейм ткIийуэ щекIуэкIащ. Шэджыхьэщ Iэм и романым къыщыхъукъыщыщIэ псори апхуэдэу хэгъэщхьэхукIа гупитIым епхащ. БлэкIа лIэщIыгъуэхэм адыгэхэм я деж щыхьэщIа зыплъыхьакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм ятхыжахэм, дэфтэр тхыгъэжьхэм къазэрыхэщымкIэ, адыгэпщхэмрэ уэркъхэмрэ тепщэныгъэрэ фIэлIыкI быдэрэ яIащ, апхуэдэу абыхэм я пщэм къыдэхуэ къалэнышхуэт бийм лъахэр щыхъумэнри, я жылэхэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэгъэпэщынри. Апхуэдэ адыгэпщ щыпкъэхэм я щэныфIагъым, лIыгъэм, зэфIэкI иным теухуа уэрэдхэр цIыхубэм иусауэ IуэрыIуатэм ди деж къихьэсыжащ. Ауэ щыIащ лъэпкъым зэраныгъэшхуэ къыхуэзыхьа пщы, уэркъ щхьэхуещэхэри. Абыхэм я цIэхэри IуэрыIуатэм ихъумащ. Апхуэдэхэм ящыщ зым – КъуийцIыкIуокъуэ Дэгужь – илэжь щIэпхъаджагъэрщ

романым и сюжетым щIэдзапIэ хуэхъур. ЛъэхъэнэкIэ абы къыщыгъэлъэгъуэжар тепщэныгъэмрэ къарумрэ нэхъ къэтIасхъэу, абыхэм я пIэм Iущыгъэмрэ щIэныгъэмрэ къиувэу щыщIидзарщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, феодал псэукIэзэхэтыкIэр текIуэтын щIидзэу, адыгэлI нэхъ Iущхэм «дызэкъуэувэн, къэралыгъуэ диIэн хуейщ» жаIэу щыхуежьа зэманырщ.

Лъэпкъыр зэкъуэгъэувэным, къэралыгъуэ щхьэхуэ къызэгъэпэщыным, адыгэр зыужьыныгъэ гъуэгум тешэным и Iуэхум хуабжьу зэран хуэхъуащ КъуийцIыкIуокъуэм хуэдэхэр. Романым и пэщIэдзэхэм деж щыдегъэцIыху ар зыхуэдэр тхакIуэм. «Адыгэ лъэпкъыр зы къэралыгъуэу дызэгуэвгъэхьэ!» жызыIа куэд сIэщIэкIуэдащ сэ а псалъитхум щхьэкIэ, – зыхуегъазэ абы Жамырзэ. – Сыт адыгэ лъэпкъ, сыт къэралыгъуэ? Хэт абы хуейр? Зышхын зимыIэ факъырэхэращ, Iуэхуншэхэр, лIыгъэншэхэращ. Ахэр къэралыгъуэ дэнэ къэна, къэралыгъуэ минищэ естынщи, а зэрыщытхэм хуэдэу къэнэжынухэщ. Сыт сэ къэралыгъуэ зэхэзэрыхьа зэрызыбгъэщIынур? Къэралыгъуэкъэ сызэрыс щIыпIэр? Мыбы щыщIэдзауэ мобы нэс сысейщи, укъимыIэбэ, уи Iэр «сархъ жиIэу» пызупщIынущ. Уи Iэбэм уи щхьэр кIэлъыкIуэну ухуэмеймэ, уи ажэ си бжыхь къыумыпх»[18].

Зи зэхэщIыкIыр къызэмэщIэкI апхуэдэпщхэм ягу техуэркъым акъылрэ зэфIэкIкIэ нэхъ лъагэхэр, ахэр ягъэпудыну, щIэпхъаджагъэ кIэлъызэрахьэну яужь йоувэхэр. Фыгъуэ-ижэм, щхьэхуещагъэм, цIыхугъэншагъэм къыхэкIыу адыгэпщ гуэрхэм зэрахьа залымыгъэрщ ШэджыхьэщIэм и романым лъабжьэ хуищIар. Ауэ гупсысэ нэхъыщхьэр зыхуэунэтIар цIыхухэр зэхуэгъэдэным, я щхьэхуитыныгъэмрэ хуитыныгъэхэмрэ хъумэным теухуауэ зи гуащIэкIэ псэужхэм ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэрщ. Ар гум щIыхьэу, тхыдэм и пэжкIэ узэдауэ тхылъеджэм и пащхьэ кърилъхьэжащ ШэджыхьэщIэм. А бэнэныгъэр къызэригъэлъагъуэр лIакъуэкIэрэ зэтепщIыкIауэ романым къыхыхьэ персонажхэрщ, псом япэу ЕщIэнокъуэ лъэпкъырщ – адэшхуэ Къубатий, абы и къуэ Атэбий, абы и къуэжхэу Уэзырмэсрэ Темыркъанрэ.

ТхакIуэм художественнэ конфликтыр къигупсысакъым, ар, ипэжыпIэкIэ, адыгэхэр зыхэпсэукIа дунейм къыхихащ. ЦIыхухэр зэхуэмыгъэдэным, зыр адреймефIэкIыу укъуэдиным къиша зэпэщIэувэныгъэм ущыхуозэ тхыгъэм и пэщIэдзэ дыдэхэм деж. Сыт илэжьми къыхуэгъуу, цIыхур игъэпуду, лей якIэлъызэрихьэу зи гъащIэр зыхь КъуийцIыкIуокъуэ Дэгужь и гуащIэ къыдэкIкIэ псэуж, псэ хьэлэл зиIэ ЕщIэнокъуэ Къубатий хэутэн ищIыну иужь йохьэ. «Иджы етIуанэу а хьэщхьэвылъэм сызэрылъхукъуэщор къызеудэкI, – жеIэ Къубатий. – ЕсщIаIакъым, жысIаIакъым, щхьэ хъийм

сыкъришрэ? Илъэситі ипэкІэ апхуэдэу зыкъыспэщІисэри – джатэ Іэпщэм дынэсыным зы мащІэщ иІэжар. Иджыри зэ сэ абы шыбгъэм сыкърилъхьэну хуежьэмэ, е сэ, е ар…»[19]. Апхуэдэ зэхэгъэкІыпІэ щихуэми, Къубатий и бийм гущІэгъу хуищІащ: иукІакъым, иуІа къудейщ, ауэ мыдрейм гужьгъэжь бзадзэ и гум ирилъхьащ. Къубатий дунейм ехыжащ, щІалитІ къыщІэнри – Атэбийрэ илъэс пщыкІущ нэхъ ныбжь зимыІэ Къэрэщейрэ.

Абы пэплъа хуэдэ Хьэжрэтым къикІри КъуийцІыкІуокъуэр Джылахъстэнейм къэкІуащ, «… мы жылэм сэ си лъ щІыхуэ ятелъщ. ЕщІэнокъуэ Къубатий ар здихьри дунейм ехыжащ, жиІэри»[20]. Дэгужь, хьэщэхурыпхъуэм хуэдэу, щІалэ цІыкІур епхъуатэри ирехьэжьэ икІи, зэгуэр езым гъущІэгъу къызэрыхуащІыгъар къримыдзэу, Къэрэщей еукІри зегъэбзэхыж. Апхуэдэ щІэпхъаджагъэр имыгъэгъуну тхьэ еІуэри Атэбий гъуэгу тохьэ. А гъуэгуанэм куэд абы и нэгу щыщІокІ.

Емкъуж Мухьэмэд хуэдэу, ШэджыхьэщІэми Іэзэу къегъэсэбэп «хъыбарым къыпкърыкІыж хъыбар» художественнэ Іэмалыр. Абыи зы хъыбарым нэгъуэщІ къытригъэпщІыкІыжурэ цІыхугъэм, лІыгъэм, лъэпкъым дэтлъагъу нэгъуэщІ щэныфІхэм, къыдекІуэкІ хабзэфІхэм теухуа куэд тхылъеджэм къыхуеІуэтэж. ТхакІуэм къегъэлъагъуэ лІыгъэмрэ цІыхугъэмрэ, лІыгъэмрэ гущІэгъумрэ зэи зэпэІэщІэ хъун зэрыхуэмейр. А дерс щхьэпэр «Къэдэр жэщ» романым и кІэухым хьащ, ШэджыхьэщІэм и тхыгъэм ар хъабар къэс къыхоІукІ. Абы и щапхъэхэр нэхъыбэу зыдэтлъагъур Атэбий и образырщ, нэгъуэщІ персонаж гукъинэжхэми мымащІэу апхуэдэхэр къыхэщми. ТхакІуэм и лІыхъужьыр лІыгъэщІапІэ иришэмэ, дауи, абы къыпэщІэтхэри щыІэщ. Ахэр бзаджэщ, гущІэгъуншэхэщ, ер я Іэпэгъуу мэпсэухэр. Абыхэм къагурыІуэ, зыхащІэ хъуащ я зэманыр зэрикІыр, лІыгъэкІи, цІыхугъэкІи, губзыгъагъэкІи къатекІуэхэр къызэрыкъуэкІар. Ахэр къэкІуэнум егъэшынэ икІи, сыт хуэдэ Іэмалри къагъэсэбэпурэ, хущІокъу абы зыпэщІасэну. Апхуэдэм и щапхъэу, нэхъ гурымыхь персонажхэм ящыщу, романым къыщокІуэ Мэртазэ Елбэздыкъуэ и образыр. Хабзэри нэмысри къизымыдзэ а цІыху ерур къыпэщІоувэ Атэбий, уеблэмэ щэхуу къиукІыну мурад ещІ, ауэ Атэбий токІуэри Елбэздыкъуэм и тхьэкІумэ кІапэр хупегъэщ. ЕщІэнокъуэр дунейм ехыжа нэужьи абы къигъанэркъым и гужьгъэжь бзаджэр – Атэбий и щІалитІыр – Уэзырмэсрэ Темыркъанрэ – ирегъэукІыж. Елбэздыкъуэ и пыхъуэпышэхэм щІалитІыр зэкъуэхууэ губгъуэ нэщІым ираубыдэри, мащэ куу къатІам ирагъахуэри, абы ираукІыхьащ. А гуауэшхуэм цІыхубэм хузэхилъхьауэ ди нобэм къэсыжа гъыбзэмкІэ еух романыр.

ЛъыщІэжым хуэдэ хабзэжь мыхъумыщІэхэм зэрыщыту лъэпкъыр тхьэмыщкІагъэ ин хидзэу зэрыщытар абы и цІыху

пажэхэм я гупсысапІэт, я гукъеуэт. Ар тхакІуэм къыджеІэ Исмел и псалъэхэмкІэ: «Фегупсыс адыгэр дызэрыхъуам. ЛІыгъэ дызэригъахуэркъым: къуэшым къуэшыр и бийщ, адэм къуэр илъагъу хъуркъым… Абы щыгъуэми хамэщІ къикІа бийм ди Іэщыр еху, ди мылъкур зэрепхъуэ. ЗылІ и быну дызэкъуэувэу, бийм лъапсэрыхыр къыхуэдгъэкІуэным и пІэкІэ, дэ дызэзэуэжурэ зыдоухыж. Зым и дежкІи щхьэпэкъым ар, лъэпкъ кІуэдыр къытхуигъэкІуэнкІэ шынагъуэщ»[21].

Апхуэдэ щІыкІэкІэ, лъэпкъыр хъумэным хуэщхьэпэ ІуэхуфІхэр лэжьынырщ ШІэджыхьэщІэ Хьэмыщэ и романымкІэ къызыхуриджэр. Хэкум хуаІэ лъагъуныгъэшхуэм, цІыхугъэ лъагэм и джэлэсу тхыгъэм къыщыкІуэ образхэр мащІэкъым. Апхуэдэхэрщ тхакІуэм хигъэфІыкІри. Абыхэм я гум щыщІэр, я псэм щагъафІэр, я мурад дахэхэр, лІыгъэ яІэу дунейм зэрытетар щынэрылъагъущ ЕщІэнокъуэхэ я нэхъыжьхэми, я нэхъыщІэхэми я деж. ТхакІуэм и тхыгъэ куэдым ухэплъэмэ, нэхъыфІу къехъулІа образхэм ящыщу къэплъытэ хъунущ ахэр. ЛІыгъэм щІыгъуу, псэ къабзагъэри, адыгагъэри, цІыхугъэри яфІэмыкІуэду ахэр къокІ зэрыхуэ щытыкІэ гугъухэм, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ Іэщэм и щІыІу абыхэм ящІыфырт акъылыр. Ар сыт хуэдэ Іуэхуми и лъабжьэу щытын зэрыхуеймкІэ тхакІуэр къыдочэнджэщ. А гупсысэр абы къызэригъэІуатэр Атэбий и ныбжьэгъу нэхъыфІ, цІыху Іущ Айтэчщ: «Іэщэра Іуэхур, – къеплъащ абы Айтэч. – Апхуэдэ лІыгъэ, нэмыс зыхэлъам гуращэ дахэ куэди иІа къыщІэкІынщ. Ар зыжриІэн, абы псэ хэзылъхьэн къызэрымынар нэхъ гуауэщ. Сыти жыІэ, гъащІэр гущІэгъукІэ къотэнкІэ ущыгугъ хъунукъым. Уэ езыр узэрыхэтщ гъащІэр зэрыхъунури. Абы Іэщэкіэ уезэуэфынукъым, къарукІи утекІуэнукъым… Псоми я насыпыр Іэщэкіэ япсыхьыну хуежьэмэ, егупсысыт къэхъунум… Сэ сызэреплъымкІэ, цІыхум Іэщэр нэхъ мащІэрэ игъэдэлъэн хуейщ. Иревэ, иресэ, унагъуэ ирещІ, щІэблэ кърегъэхъу. ГъащІэр япэкІэ зыгъэкІуэтэн, берычэтыр Іэужь зыхуэхъун диІэныр нэхъапэщ…»[22]. Зэрытлъагъущи, МафІэдз С. («Мыщэ лъэбжьанэ»), Тыуаршы А. («Псыкъелъэм и макъамэр»), Вэрокъуэ В. («Лей зыхуэгъэгъум къахурегъэгъу») сымэ хуэдэу, цІыхубэм, лъэпкъым и лъапІэныгъэ нэхъыщхьэхэм я деж къагъэзэж ШІэджыхьэщІэ Хь. и «ЛъыщІэж» романым дызыщрихьэлІэ «хъыбархэми».

ГъащІэм а и философие нэхъыщхьэхэр художественнэ Іэмал зэхуэмыдэхэмкІэ тхакІуэм ди пащхьэ кърелъхьэ. Езыр и ІэщІагъэкІэ журналисту щытами, публицист хъэтІыр и художественнэ тхыгъэхэм къыхихьэркъым абы. Езым къиІуэтэну зыхуеяр ябгъэдилъхьащ и персонаж хэгъэщхьэхукІахэм. А ІэмалымкІэ тхакІуэм къеІуатэ адыгэхэр зыщІэхъуэпсу, ауэ къаймыхъулІэу лІэщІыгъуэкІэрэ къэгъуэгурыкІуа Іуэху гугъур. Ар лъэпкъыр зэкъуэгъэувэнырщ,

къэралыгъуэ къызэгъэпэщынырщ. ШэджыхьэщIэм и гурыхь образхэм я гупсысэр жыжьэ нос. Абы и щапхъэщ Атэбий. Ар йогупсыс адыгэ лъэпкъыр зэкъуэт щIыным щIэбэну зи гъащIэр зыхьа цIыхушхуэхэм я IуэхущIафэхэм, апхуэдэхэм я мурадхэр къащIемыхъулIа щхьэусыгъуэхэм. Я щхьэ Iуэхум лъэпкъ Iуэхур япэ ирагъэщу псэуа, адыгэ хэкур зыхъума пщышхуэхэр, Инал Нэху и IуэхущIафэ дахэхэр, абы хужаIэгъа «Инал и махуэхэр тхьэм къыдитыж!» псалъэхэр романым и лIыхъужьым игу къокIыж. Абыхэм ящыщт «Пщым я пщыж Къетыкъуэ Аслъэнбэчи. Акъылыбэт… сыт хуэдизрэ къызэхикIухьа абы адыгэ щIыналъэхэр, яхэпсэлъыхьа, ялъэIуа, щхьэж и щхьэ хуэмыпсэужу, зэгухьэу зы къэралыгъуэу тIысыну. «ТенджызитIым я зэхуакум, – жиIэрейт абы, – зы пащтыхьщ щыIэн хуейр!» Жыжьэ плъэрт, ауэ, сыт зы цIыхум дунейм и гъунэм нэс илъагъумэ, адрейр и хадапхэм блэмыплъыкIыфмэ! Къэхъунщ зэман адыгэхэр Инал, Аслъэнбэч хуэдэхэм я псалъэхэм щыкIэлъыIэбэн, ауэ лъэIэсыжыну пIэрэ? IэфракIэри гъунэгъущ, ауэ дзэкIэ лъэIэсыт! Ди тхьэ, ди IэфракIэм дыщедзэкъэжын зэман къытхуумыгъакIуэ!»[23]. Апхуэдэ гупсысэ узыншэхэм ирешалIэ тхакIуэм и тхылъеджэхэр икIи блэкIам къыхэхыпхъэ дерсхэр и гъуэгугъуэмылэу къэкIуэнум хуэлэжьэну къыхуреджэ.

«ЛъыщIэж» романым фIы и лъэныкъуэкIэ къыхэгъэщыпхъэхэм ящыщщ абы узэщIыныгъэ лэжьыгъэ зэригъэзащIэри. Псом япэу ар зэхьэлIар пасэ зэманым адыгэхэм я псэукIар, абыхэм къадекIуэкIыу щыта хабзэхэу нобэ дызыщымыгъуэзэжхэр, зэрылажьэ, зэрылъащэ, нэгъуэщI унагъуэ Iэмэпсымэхэр тхакIуэм Iэзэу къызэригъэщIэрэщIэжырщ. Тхылъеджэр димыхьэхынкIэ Iэмал иIэкъым адыгэ IуэрыIуатэм, хабзэхэм, пасэрей джэгукIэхэм я дахагъыр нэрылъагъу ищIу тхакIуэм ди пащхьэ кърилъхьэж телъэгъуэхэм. Псалъэм папщIэ, гукъинэж пщохъу адыгэлIымрэ адыгэшымрэ ятеухуа теплъэгъуэхэр, адыгэ щIопщакIуэр, дзэлдэуэ джэгукIэр, утыку гуащэм и хъыбархэр, пасэрей адыгэ нэчыхьытхыр, хъуэхъу телъыджэхэр, хъуэрыбзэхэр, нэгъуэщIхэри. А псори тхыгъэм «хэгъэпщIауэ» щымыту, тхакIуэм хузэфIэкIащ романыр зытещIыхьа Iуэхугъуэхэм япищIэн.

Къыхэгъэщын хуейщ къиIэт Iуэгъуэхухэм ШэджыхьэщIэр зэрыбгъэдыхьэ щIыкIэри. Ахэр гъащIэм къыхих къудейкъым, атIэ лъэпкъым и тхыдэм къыщыхъуахэри, иджырей зэманым къигъэщIахэри зэрегъапщэ, блэкIам и дерсхэмкIэ епсыхьыжри тхылъеджэм къабгъэделъхьэж, хэплъэ, егупсыси гъуэгу пэжыр уэ езым къыхэхыж къажриIэу. Нобэрей гупсысэр абы къуэпс быдэкIэ пещIэж адыгэм и гъащIэ гъуэгуанэм. Аращ романым и пщIэр къэзыIэтыр, ар щIэщыгъуи, лъэпкъ прозэм и хэлъхьэныгъэ щхьэпи зыщIыр.

Шэрджэс тхакIуэхэу Тыуаршы Аслъэнрэ АбытIэ Владимирэ я лирическэ тхыгъэхэм пэгъунэгъущ Къэрмокъуэ Мухьэмэд и иужьрей романхэри. Мы хъэтIыр Къэрмокъуэм и тхыгъэ цIэрыIуэ хъуахэм («Бахъсэн уэр», «Щихухэр иджыри мэкI», «Зэманым и лъэужь», «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ», «ЩIыхухъу нэпс», нэгъуэщIхэми) къадежьащ. А тхэкIэрщ тхакIуэм къигъэсэбэпар «Азэмэт», «Къоджэм уигъэжейркъым» романдилогиер щитхми (1990, 1998). Ахэр щыхьэт тохъуэ иджырей щIэныгъэр здынэса лъагапIэхэр тегъэщIапIэ ящIкIэрэ ди тхакIуэхэм къаIэт Iуэхугъуэхэр нэхъ кууэ зэпкърах зэрыхъуам.

Мы тхыгъэхэри дызытепсэлъыхь прозэ лIэужьыгъуэм хохьэ. Романхэм къызэщIаубыдэ лъэхъэнэкIи, къыщыгъэлъэгъуэжа IуэхугъуэшхуэхэмкIи, зи цIэр лъэпкъ тхыдэм къыхэна персонаж куэд зэрыхэтымкIи, къэхъукъащIэ щыIахэмкIи, пэжымрэ езы тхакIуэм и гукъэкIымрэ я зэпэшэчэкIэкIи, нэгъуэщIхэмкIи тхыдэ роман жанрым и пщалъэхэм йозагъэ. Ауэ зэман жыжьэхэм щыIауэ лъэпкъ IуэрыIуатэм ди нобэм къихьэсыжа къэхъукъащIэ гуэрхэр зи лъабжьэ тхыгъэхэм къащхьэщыкIыу мы романхэр зытеухуар цIыху куэдым иджыри фIыуэ ящIэж ди иджырей тхыдэрщ – XX лIэщIыгъуэм и 40–90 гъэхэрщ.

Абы тхакIуэм и къалэныр, шэч хэмылъу, нэхъ гугъу ещI. БлэкIа лъэхъэнэ жыжьэм и дуней куэд зыщымыгъуазэм тхакIуэм нэхъ тыншу хигъэзэрыхьыну хузэфIокI езым тэмэму зыхимыщIыкI е и кIэм нэсу къимыхутэфа Iуэхугъуэ гуэрхэр. Апхуэдэу къыщыхъухэм дежи, тхылъеджэм абыхэм гу лъимытэу щыблигъэкI щыIэщ. БлэкIа гъунэгъум и Iуэхур нэгъуэщIщ: цIыхухэм иджыри ягу илъ, ящымыгъупщэжа къэхъукъащIэхэм уатетхыхьыныр нэхъ дзыхьщIыгъуейщ. Мыбдежым тхакIуэм къыщилъытэн хуей мэхъу дэтхэнэ Iуэхугъуэри: жылагъуэм и псэукIэ-зэхэтыкIэр, гупсысэкIэр, хабзэ-нэмысыр, цIыхухэр зыгъэгуфIэ е зыгъэпIейтей гуэрхэр, унагъуэ хьэпшыпхэр, щыгъыныр, шхыныгъуэр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм языхэзи лъэхъэнэ зытетхыхьым пэIэщIэ пщIы хъунукъым, арыншамэ тхылъеджэм къищтэнукъым. А псори и тхыгъэм щызэхуигъэкIуащ тхакIуэм икIи лъэхъэнэм и щытыкIэр къызэхуэтыншэу къигъэлъэгъуэжыну хузэфIэкIащ.

Ди лъэхъэнэгъур зыхэпсэукI дунейр, абы нэрылъагъууи нэрымылъагъууи щекIуэкI зэжьэхэуэныгъэхэр къэгъэлъэгъуэным къыдэкIуэу Къармокъуэр хущIэкъуащ и лIыхъужьым и псэм щыхъэхэр, абы гукIэ зэригъэзахуэ Iуэхугъуэ куэдыр художественнэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ къызэIуихыну. ТхакIуэм ар нэхъ тыншу къохъулIэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ романхэр зытеухуар езы тхакIуэр фIыуэ зыщыгъуазэ, езым и нэгу щIэкIа Iуэхугъуэхэрщ. Аращ лIыхъужь нэхъыщхьэм и гурыщIэр тхылъеджэм щIыпкърыхьэр, абы къылъыкъуэкI Iуэхухэр гурыIуэгъуафIэ щIэхъур.

Тхыгъэхэм хэт лирическэ лIыхъужьыр IэпкълъэпкъкIи псэкIи псыхьауэ къыхокI «Азэмэт» романми «Къоджэм уигъэжейркъым» тхыгъэм къыхохьэ. Гъэунэхупlэ мызэ-мытIэу ихуэ Азэмэт – романым щекIуэкI псори зэхьэлIар – Iуэхугъуэ гугъухэм хэдэн хуей мэхъу. Зэ еплъыгъуэкIэ романыр сюжетыншэ тхыгъэхэм ящыщу къыпщохъу – щхьэгъусэ къыхэхын, унагъэ щIын Iуэхум зэкIэ мыхьэнэшхуэептыркъым. Ауэ романым кIуэцIрыкI а сюжет къудамэм мыщIэ щыгъэу къеблэкIыжащ тхыдэ къэхъукъащIэхэри, гъащIэм и удын хьэлъэу лIыхъужьым къытехуэхэм теухуа теплъэгъуэхэри. А Iэмалымкlэ – новеллэ щхьэхуэхэмкIэ – тхакIуэм и романыр щIэщыгъуи еджэгъуафIи ищIащ. Абы къыдэкIуэу илъэс щэ ныкъуэм къриубыдэ зэманым адыгэхэм я нэгу щIэкIахэмрэ абыхэм хъуэпсапIэ-гугъапIэу яIахэмрэ къызэщIэзыкъуэж ахэр хъуащ.

Мы тхыгъэр жанркIэ зыхыхьэр бгъэбелджылынри тыншкъым. Къэрмокъуэр нэхъ дэзыхьэхыр, «ХьэтIохъущыкъуей хъыбархэм» хуэдэу, адыгэ литературэм хабзэу къыдекIуэкI IуэрыIуатэ къэIуэтэжыкIэрщ. ТхакIуэр зыхэпсэукI дунейр «лIыхъужьым и гъащIэм зэрыхишэм», лирикэ тхыгъэм и композицэр Iыхьэ-Iыхьэурэ зэригуэшам, теплъэгъуэхэр щхьэж и щхьэ хущытыжу зэрыщытым эссем и нэщэнэхэр романым ебэкI ящI. Сюжет-фабулэ шэщIа тхыгъэм и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэс зэрыкIуэцIрымыкIми жанрыр зэхэгъэкIыныр къелъахъэ. Къыхэгъэщын хуейщ беллетристикэм и хабзэхэм тхакIуэр къыпыкIыну зэрыхущIэкъуари, журналисту лэжьам ар къыщемыхъулIэ мызэ-мытIэу тхыгъэм ущрихьэлIэми.

КъыжыIэн хуейщ языныкъуэ тхакIуэхэм тхыгъэм и ухуэкIэ зэхуэмыдэхэр зэхаухуанэурэ теплъэщIэ къагъэщIауэ къащыщыхъуж зэрыщыIэр, абы щыгъуэми а «къагъэщIахэм» щIэ лъэпкъ зэрыхэмылъыр щIэныгъэлIхэр щыгъуазэми. Къэрмокъуэр апхуэдэхэм ягъэпIейтейкъым икIи елIалIэркъым, абы дежкIэ нэхъыщхьэр тхылъеджэм нэхъ тынш щыхъуну хъэтIырщ. Аращ абы тхыдэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэм щатетхыхькIи IуэрыIуатэ къэIуэтэжыкIэр къыщIыхихыр. Ауэ а къэIуэтэкIэм тхыгъэм и пщIэр игъэлъахъшэркъым, а хъэтIырщ зытетар КIэрашэ Темботи, ДыщэкI Мухьмэди, КIыщокъуэ Алими, Къашыргъэ ХьэпащIи, нэгъуэщI ди тхакIуэ нэхъыжьхэри.

И къэIуэтэкIэм емылъытауэ романым гугъу удемыхьыщэу къыхэпщIыхукIыжын пхузэфIокI тхакIуэм и лэжьэгъуныбжьэгъуу щытахэр, республикэм и цIыху пэрытхэр, политикхэр, тхакIуэ, журналист, егъэджакIуэ цIэрыIуэхэр. Абыхэм ятеухуа гукъэкIыжхэр очерк щхьэхуэурэ хэуващ тхыгъэм. Ауэ ахэращ тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуэжа зэман зэхуэмыдэхэр зэпызыщIэр, тхыгъэм и композицэр къэзыгъэщIыр. Ауэ документальнэ тхыгъэхэм ахэр къащхьэщокI художественнэ къаруушхуэ яхэлъымкIэ, тхакIуэм

и гупсысэ къэухьыншэмрэ и зэфIэкI инымкIэ. Абы къыхэкIыу тхыдэ лъэхъэнэ пыухыкIа къызэщIэзыубыдэ тхыгъэу щытми, прозэ литературэ пкъыгъуэм и лIэужьыгъуэхэу «гукъэкIыжыр, ущиер зи лъабжьэ» жыхуэтIэхэм нэхъ йозэгъ Къэрмокъуэм и дилогиер. Ар я къыщхьэщыкIыныгъэ нэхъыщхьэу къэплъытэ хъунущ а романхэм.

Апхуэдэу щытми, мы тхыгъэм къыщыхъу-къыщыщIэхэр тхакIуэм къыбгъэдэкIыукъым къызэрыгъэлъэгъуар, атIэ езым и хьэл-щэн, дуней тетыкIэ, гупсысэкIэ зыдэплъагъу, нэгъуэщIу жыпIэмэ, и прототип Азэмэтщ. Жанрым и лIэужьыгъуэщIэм ар и щапхъэщ. Тхыгъэм и сюжетым и пкъыр зышэщIыр тхакIуэм и нэгу щIэкIауэ къиIуэтэжхэмрэ езыр абыхэм зэрахущытымрэщ. АбыкIэ гъащIэм и пэжыр художественнэ пэжым хуегъакIуэ Къэрмокъуэм.

ЗэманкIэ къапщтэмэ, къызэрыхэдгъэщащи, романым къызэщIиубыдэр XX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэрщ, езы тхакIуэр «гъащIэ зэхэзэрыхьам дыхуэзыша лъэхъэнэкIэ» зэджэрщ. «А илъэсхэм къытпкърыуэу иджы е екIуауэ къыдэфыкI узыфэхэм я хъыбар щымащIэкъым мы тхылъым»[24] – щыжеIэ пэублэ псалъэм тхакIуэм. Апхуэдэ хъыбар-новеллэ щхьэхуэхэр ятеухууэ романым уащрохьэлIэ лъэпкъ тхыдэм, щэнхабзэм зи цIэ къыхэна цIыху щхьэхуэхэми: КIуащ Б., Бабич В., Бэрбэч Хь., нэгъуэщIхэми, апхуэдэу езы тхакIуэм адыгэ газетым и редакцэм, радиом къыщыдэлэжьа и ныбжьэгъу-лэжьэгъухэми. А псори зэхыхьэжри зы тхыгъэшхуэу зэхэжыхьыжащ, «цIыху гъащIэ тIэкIум» къыддыхэт дэтхэнэ зыри «имыгъэжейуэ къеджэхэр» и лъабжьэу.

ТхакIуэр «имыгъэжейуэ, псэхупIэ къримыту къеныкъуэкъухэр» мащIэкъым – ар езыр къызыхэхъукIа жылагъуэ псэукIэми, нобэ къэунэхуами хэлъ мыхъумыщIагъэхэрщ, къызэрыгуэкI цIыхум лъысыпхъэ пщIэр блэкIам щыгъуи зэримыгъуэтарщ, иджыри абы зэрыпэIэщIэрщ. ЦIыхумрэ абы и хуитыныгъэхэмрэщ «Къоджэм уигъэжейркъым» романым щынэхъыщхьэр. Абыхэм я къыщхьэщыжакIуэу, ахэр пхигъэкIыу, бэнакIуэ нэсу романым хэтын хуейр, дауи, лIыхъужь нэхъыщхьэрщ – Азэмэтщ. Ауэ дызэсэжа мыпхуэдэ щытыкIэм тхакIуэм нэгъуэщI бгъэдыхьэкIэ къыхуигъуэтащ. Къэрмокъуэм и лIыхъужьыр уэрамым къыдишэркъым къэзыухъуреихь мыхъумыщIагъэ куэдым цIыхум и хуитыныгъэхэр къэзэрызэпаудыр зымыдэ плакатхэр иIыгъыу. Апхуэдэу ищIами, тхылъеджэм и фIэщ хъунутэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а зэманым абы ещхь гуэрхэр къызырыхъур зэзэмызэххэт, ари IэпсынщIэ-лъэпсынщIэу хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм щиухыу. Жылагъуэм щекIуэкI Iуэху мыщхьэмыпэхэм я бэнакIуэ тхакIуэм ищIыр романыр зэрызэхэт новеллэ щхьэхуэхэм я

персонажхэрщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Бэрбэч ХьэтIутIэ, Алокъуэ Амин, Мухьэрбий, Алихъан сымэ я образхэр. Жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэт Азэмэт-журналистыр абыхэм яIуощIэ, я Iуэхухэмрэ лэжьыгъэхэмрэ хэша мэхъу икIи абыхэм я щапхъэхэмкIэ езым и еплъыкIэр зыхуэдэр къыдегъащIэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, и персонаж нэхъыщхьэхэм я щIыбагъ сыт щыгъуи къыдэтщ тхакIуэр, я гупсысэкIи, я IуэхущIафэкIи иунэтI зэпыту. А IэмалымкIэ и лIыхъужь нэхъыщхьэм – Азэмэт – игъэзащIэн хуей къалэныр щхьэщех.

Мы щытыкIэр «зыужьыныгъэр къыщызэтеувыIа лъэхъэнэм» гъуазджэр, псом япэу литературэр зыубыдауэ щыта узыфэщ. Сыт хуэдэ мыхъумыщIагъэ Iумыуэми, жыпIаIакIэ зыри къызэримыкIынум есэжа цIыхухэм я губжьыр здынэсыр «хъущIэнымрэ гъумэтIымэнымрэщ». Азэмэти аращ: щIалэм и гупсысэр дыкъуакъуэ хъуащи, гугъу ирегъэхь социализмэм и фIагъыу цIыхухэм екIын хуейуэ къэрал унафэщIхэм къызэрагъэгугъэмрэ езыр зыхэпсэукI дунеймрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакуу зэрыщытым.

Зы лъэныкъуэкIэ Азэмэт хъарзынэу мэпсэу, абыкIэ и лъэхъэнэгъухэм закъыкIэригъэхуркъым: ехьэжьауэ щымытми, унэ зыщIэсыни, «зыщIыпIэ зэрынэсын маршыни», унагъуэ зэпэщи иIэщ; и лэжьапIэри тхьэм узэрелъэIунщ. Ауэ цIыхум насыпыфIэу зыкъилъытэжыныр мылъкум и закъуэкIэ зэфIэкIыркъым, Азэмэти ар къомэщIэкI. Ар егъэпIейтей и хъуреягъым щекIуэкI гъащIэм и лъабжьэр пщIымрэ фэрыщIагъымрэ зэрыщIашхыкIым. Литературэджщ1эныгъэлI ХьэкIуащэ А.Хь. «Зыгуэр къоджэнри бзаджэкъым» и тхыгъэм къызэрыхигъэщщи, Азэмэт «шыгъушыпсыпIэм хэзыгъэлъыр, къэзыгъэгубжьыр жаIэмрэ ящIэмрэ зэрызэтемыхуэрщ, пщIым гъащIэм бжьыпэр зэрыщиIыгъырщ, къулыкъу лъагэ зыгъуэтыр зэрыщыкIырщ, пщы хьэл зэрызэхилъхьэрщ, апхуэдэхэм ящIэри къазэрыщIэкIуэрщ, лъэпкъым зэралIыкIуэр зэращыгъупщэжырщ, зи гуащIэдэкIым щыгугъым нэхърэ дыгъуэгъуакIуэхэмрэ сондэджэрхэмрэ нэхъыфIу зэрыпсэухэрщ, мыхъумыщIагъэхэр щIахъумэ, ябзыщI пэтми, гъунэжу абы зэрыщызекIуэрщ»[25].

Апхуэдизу и псэр къеныкъуэкъуми, Азэмэт цIыхубэ бэнакIуэкъым. ЛIыхъужьым и псэр тезымыгъэпыIэу «къеджэ икIи зымыгъэжей» жылагъуэ Iуэху гугъухэр тхыгъэм хуэмхуэмурэ унагъуэ Iуэхухэм щыхуокIуэж. ТхакIуэм абыкIэ зэпыIуидзыну хэтщ жэуап зыхуемытыну икIи зыпэмылъэщыну упщIэ гугъухэм. Абы къыхэкIыу романым нэхъыщхьэ щохъуж и щхьэ закъуэ насыпыр зэтегъэувэным щIэбэн, абы и гупсысэм ихь цIыхур, зыгъэпIейтейуэ щыта мыхъумыщIагъэ куэдым я зэфIэхыкIэ хъунур къыхуэмыгъуэтауэ.

ЛэжьапIэм къыщыIукIыжым «къишэжа тхылъымпIэ къомыр и пIэ иригъэзагъэу жьэгум дэтIысхьэжа Азэмэт, и IитIыр и щхьэм щIигъэкъуауэ, мэгупсысэ: «Уа, жаIэжамыIэми, сыту фIы мы щхьэхуитыныгъэр! УкъыкIэрыхуащи, жьыуэ ущIэкIыжащи, партти, профсоюзти, вылти-балыджэти жамыIэу!»[26]. И ныбжь нэсауэ къилъытэжри ар тIысыжащ, езым къызэрыфIэщIымкIэ, иджы гупсэхугъуи игъуэтын хуейщ, ауэ апхуэдэу хъуркъым. Уеблэмэ зэи зымыутIыпщ гупсысэхэр нэхъри къытегуплIэ зэпытщ: «Дэнэ мы иджыри къэс къысхуэмыгъуэта гъащIэр здэщыIэр? Сыт ар езыр зищIысыр? Хэт зыщIэр абы и щэхур? ГъащIэ IумпIей емылыдж, дэнэ-тIэ уздэщыIэр?»[27]. А упщIэм и жэуапыр тхакIуэм къыщилъыхъуэр и лIыхъужьым и илъэс хыщI гъащIэ гъуэгуанэмрэ и илъэс плIыщI лэжьыгъэмрэщ. ТхакIуэм къызэрилъытэмкIэ, цIыхум хухиха пIалъэ кIэщI тIэкIур къеджэ зэпытурэ егъакIуэ: «а узымыгъэжейр аракъэ гъащIэ жыхуаIэжыр езыр!» Ауэ а къомыр зэримыхуэми хъунущ, ауан хэлъу жиIэми, абы гъащIэм къыхуигъэфэща унагъуэшхуэ и щIыбагъ къыдэтщ: «щхьэгъусищыр, абыхэм я щIыбагъ къыдэт щыкъу анищыр, щыкъу хъыджэбзийр, щыкъу щIалиблыр, псом я уасэж щыкъу адэ пащIэшхуэр, адрей-модрей нэгъуэщI гуэрхэри…»[28].

Дэ къызэрытлъытэмкIэ, нэхъыщхьэр аракъым, мы щытыкIэр кризисым къигъэщIа тхыгъэхэм я зэхуэдэ щыщIэныгъэщ. Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр зрашэлIэжу совет тхакIуэхэм 80 гъэхэм къагъэсэбэпу щыта унагъуэ лъапIэныгъэхэмкIэ Къэрмокъуэми къигъэзэжауэ аращ. Нэхъыщхьэу мы тхыгъэм хэлъыр нэгъуэщIщ – ар бгы къыгуэуам «IуищIа псыр пIалъэкIэ къызэтеувыIауэ жапIэщIэ къызэрилъыхъуэр» тхакIуэм къызэрилъэгъуарщ. Азэмэт, Алихъан, Амин сымэ зыхуэхуэ, я нэгу щIэкI мыхъумыщIагъэ къомым псыIущIэр къыдрищIеящ, ар къыщиудыным къэнэжа щыIэкъым. Романым къыщыгъэлъэгъуа теплъэгъуэ щхьэхуэхэр зэхыхьэжри цIыхубэм я мыарэзыныгъэр къагъэщIащ. Аращ «Къоджэм уигъэжейркъым» романыр унагъуэмрэ цIыхугъэмрэ ехьэлIа художественнэ тхыгъэхэм я пщалъэм изышу жылагъуэ мыхьэнэ зиIэ тхыдэ романхэм я сатырым хэзышэр.

XX лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм адыгэ литературэр гъуэгущIэ зэрытехьар зэпхар къэралым, цIыхубэм и гъащIэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэрщ. Жылагъуэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэр литературэми къылъэмыIэсынкIэ Iэмал иIакъым. Абы къыхэкIыу зэманым лъэпкъ тхакIуэхэм я пащхьэ къригъэуват къалэныщIэхэр: политикэ, идеологие хэха гуэрым и бжьым щIэмыт, Iуэху еплъыкIэ зэхуэмыдэхэм къагъэщIа тхыгъэхэмкIэ тхылъеджэхэм ядэгуэшэну. КъыжыIэн хуейщ, 80 гъэхэм я кIэухым – зэхъуэкIыныгъэмрэ нахуагъэмрэ я илъэсхэм – лите-

ратурэр лъэхъэнэщIэм хуагъэхьэзырами, адыгэ тхакIуэ псори абы занщIэу зэремыувэлIар (Гъубж М. «Iущым хешыр и Шыхулъагъуэ», ХьэхъупащIэ Хь. «Гъуэгущхьиблыр щызэхэкIым», Нало А. «Псы Iуфэм Iут унэ цIыкIу» романхэр, нэгъуэщIхэри). Ауэ зэхъуэкIыныгъэхэм лъэпкъ литературэр куэдрэ щтэIэщтаблэу щагъэтакъым, гъащIэм набдзэгубдзаплъэу кIуэцIрыплъ тхакIуэ пажэхэм щIэх къагурыIуащ зэманыр зыхуэныкъуэ, жылагъуэр зыщIэупщIэ литературэ лIэужьыгъуэр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, лъэпкъ прозэр къикIыу хуежьащ лъэхъэнэ кIыхькIэ зэрыта къупхъэм – схематизмэр къызэринэкIыурэ ар хуэкIуащ и лъэхъэнэгъум и хьэл-щэныр къэгъэлъэгъуэным, гъащIэм и пэжыр къызэIухыным.

Мы лъэхъэнэм адыгэ прозэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм ящыщу къыхэбгъэщхъунущ романтизмэм и теплъэщIэ къагъэщI хуэдэ ар зэракудэу щыта этнографизмэмрэ фольклоризмэмрэ, дауэдапщэ ехьэжьахэмрэ псалъэ дыгъэлхэмрэ нэхъ мащIэ зэрыщыхъуари. Ауэ абы къикIыркъым романтизмэм и нэщэнэхэр литературэм «хагъэкъэбзыкIыпауэ» е апхуэдэу щIэн хуейуэ. Ар, зэрыгурыIуэгъуэщи, къикIуэтыжыныгъэт, зы хъэтIым хуэкIуэжыныгъэт. Мыбдежым гу зылъытапхъэу къэтлъытэр тхакIуэхэм я гупсысэм къыщагъэщI хъуэпсапIэхэмрэ нэрымылъагъу дунейхэмрэ художественнэ Iэмал зэхуэмыдэхэмкIэ реализмэм и къэухьым ишэным абыхэм я тхыгъэхэр зэрыхуагъэпсырщ. Зы художественнэ тхыгъэм къыхэкIым адрейм Iэпхъуэурэ лъэпкъ прозэм къыщызыкIухь хъыбархэмрэ мифхэмрэ мащIэ зэрыхъуам литературэр цIыхухэр зыхэпсэукI дунейр, абыхэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр нэхъ убгъуауэ къэгъэлъэгъуэным, психологизмэр нэхъ куу хъуным хуишащ. Мы Iуэхугъуэр ежьагъащIэщ, абы и къарум хэхъуэурэ зэрыкIуэнумкIэ фIэщхъуныгъэ къыпхалъхьэ иужьрей илъэсхэм къыдэкIа тхыгъэ пIащэхэм.

Иужьрей зэманым дунейм къытехьа тхыгъэхэр щыхьэт тохъуэ лъэпкъ прозэм и жанрхэм зэрызаубгъуар, роману къыдэкIри нэхъыбэ зэрыхъуар. Абыхэм яхэтщ лэжьыгъэм, унагъуэм, цIыху зэхущытыкIэхэм ехьэлIа романхэри. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Журт Б. и «Унагъуэ», Кхъуэхъу Ц. и «ФатIимэт», «Анэм и пэш», Емкъуж М. и «Дунейпсо псыдзэ», БакIуу М. и «МафIэ лыгъей» романхэр. Художественнэ литературэм нэхъ мащIэрэ фIэкI къыхэмыщ курыт лIэщIыгъуэхэм адыгэхэм я псэукIар къыщыгъэлъэгъуэжахэри дуней къытехьащ. А лъэхъэнэм адыгэхэм къахэкIа цIыху цIэрыIуэхэм ятеухуащ Жылэтэж С. и «Пащтыхь хужьым и лIыкIуэ» романыр, Бекович-Черкасскэр лIыхъужь нэхъыщхьэу зыхэтыр; Бэлагъы Л. и «Гуащэнэ» романыр, Идар Темрыкъуэ ипхъумрэ Иуан Шынагъуэмрэ я гъащIэ теплъэгъуэхэр къыщыгъэлъэгъуэжар, нэгъуэщIхэри.

Лъэпкъ романхэм къыщаІэт темэхэми хэхъуащ, класс бэнэныгъэм тещІыхьа художественнэ конфликтхэм къапыкІри гъащІэмрэ цІыхухэм я зэхущытыкІэхэмрэ къагъэщІ коллизиехэр щытепщэ тхыгъэхэм бжьыпэр яубыдащ. Нэхъапэхэм зытемыгушхуэу щыта Іуэху бгъэдыхьэкІэхэр, къэІуэтэкІэхэр, иджырей щІалэгъуалэм я псэлъэкІэ щхьэхуэхэр нэхъ тегушхуауэ къагъэсэбэп хъуащ. Совет зэманым лъэпкъ прозэм хабзэ щыхъуауэ щыта хъэтІ убзыхуам емыщхьу дэтхэнэ тхакІуэми езым и тхэкІэрэ жыІэкІэрэ къигъуэтыжыну хущІокъу. Абы и фІыгъэкІэ авторым и «макъыр, и Іуэху еплъыкІэр» нэхъ тегушхуауэ и тхыгъэм къыхыхьэ хъуащ. Иджы ар тещІыхьауэ щытыжкъым къэралым щекІуэкІ политикэ убзыхуам, тхакІуэм и гупсысэр чэнджэщуи, зэрызэхуагъазэ псалъэуи, джэж пэлъытэуи тхыгъэм ущрохьэлІэ. А псоми лъэпкъ романыр схематизмэм и къупхъэм кърашащ.

Совет лъэхъэнэм иужькІэ адыгэ лъэпкъ романым, зэрыщыту прозэм къыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэхэр къризэщІэпкъуэжу жыпІэмэ, къыхэгъэщыпхъэу къыдолъытэ:

– фэрыщІагъ лейхэм къапыкІыу ар цІыхум нэхъ гъунэгъу зэрыхуэхъуар. Адыгэм и псэукІэр, гукІэ зэригъэзахуэ Іуэхугъуэхэр, псэкІэ зыхищІэ дунейр нэхъ кууэ къигъэлъэгъуэну зэрыхущІэкъур;

– лъэпкъ прозэр хуолажьэ Хэкум, лъахэм я блэкІам и дерсхэр нобэрей щІэблэм гъащІэ гъуэмылэ хуэщІыным, адыгэхэм я тхыдэ гъуэгуанэм зэхуэщІауэ щыта и напэкІуэцІхэр художественнэ псалъэкІэ къызэІухыжыным (КІыщокъуэ А. «Лъапсэ», МафІэдз С. «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ», Тыуаршы А. «Псыкъелъэм и макъамэхэр», АбытІэ В. «Уэсэпс шыугъэ», «Тенджызищым я Тхьэгуащэ», Елмэс І. «Бгъэхэм къуршым къагъэзэж», ШэджыхьэщІэ Хь. «ЛъышІэж», Бэлагъы Л. «Гуащэнэ» романхэр, нэгъуэщІхэри);

– адыгэ тхакІуэхэр тегушхуауэ тетхыхь хъуащ Октябрь революцэм, Граждан зауэм, 30 гъэхэм екІуэкІа политикэ залымыгъэм, Хэку зауэшхуэм цІыхубэм къыхуахьа гуауэмрэ хэщІыныгъэмрэ. Ди къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэщи, 90 гъэхэм я пэщІэдзэхэм адыгэ тхакІуэхэр а Іуэхугъуэхэм иджыри гуитІщхьитІ ящІу щытащ (Журт Б. «Гъуэжькуий», Гъубж М. «Іущым хешыр и Шыхулъагъуэ», ХьэхъупащІэ Хь. «ГущІэгъуншэ», АбытІэ В. «Ирамышыжа нысащІэ», БакІуу М. «МафІэ лыгъей» романхэр, нэгъуэщІхэри);

– ХХ лІэщІыгъуэм и кІэхэм ди къэралым, дунейм къыщыхъуа тхыдэ Іуэхугъуэшхуэхэм я жьауэм щІэту лъэпкъ романыр хущІокъу иджырей дунейм къыщыхъу-къыщыщІэхэр къихутэну, гурыІуэгъуащэу щымыт нобэрей псэукІэм гугъу иригъэхь цІыхухэм къащхьэщыжыну, хэкІыпІэ гуэрхэр къахуилъыхъуэну (КІыщокъуэ А. «Лъапсэ», ХьэхъупащІэ Хь.

«Гъуэгущхьиблыр щызэхэкIым», Елгъэр К. «ШейтIан удж», АбытIэ В. «Хамэ фыз», «КIуакIужь» романхэр);

– адыгэ тхакIуэхэм къагъэсэбэп художественнэ Iэмалхэми заубгъуащ, псом хуэмыдэу абыхэм зыщаужьащ лирическэ, романтическэ прозэм. Нэхъ тегушхуауэ тхакIуэхэм я псалъэхэр къахэIукI хъуащ тхыгъэхэм. Иджы ахэр нэхъыбэрэ къыщагъэсэбэп персонажхэм я диалогхэм, лирическэ гупсысэр къыщыIуэта Iыхьэхэм, уебгэмэ чэнджэщхэм щыхуэкIуэжи къэхъуу. Нобэрей лIыхъужьым, ар къэзыухъуреихь дунейм и шыфэлIыфэр, нэмыжыIысауэ щымыту, хуиту къаIуатэ хъуащ, ар иджырей литературэм и нэщэнэ нэхъыщхьэщ.

ЕIуэлIапхъэхэр

1. ХьэхъупащIэ Хь. ГущIэгъуншэ // Iуащхьэмахуэ, 1995. № 6. – Н. 40.
2. Ар дыдэм. –Н. 31.
3. ХьэкIуащэ А. Гъуэжькуийщ ди гъащIэр зэрыщыту // ГурыщIэм и джэрпэджэж. Налшык, 2009. –Н. 210.
4. КIыщокъуэ А. Лъапсэ // Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. – Налшык, 1994. –Н. 28.
5. Ар дыдэм. –Н. 368.
6. Ар дыдэм. –Н. 370.
7. МафIэдз С. Мыщэ лъэбжьанэ. –Налшык, 1998. –Н. 50.
8. Ар дыдэм. Н. 51.
9. Ар дыдэм. Н. 542.
10. Ар дыдэм. Н. 542.
11. АбытIэ В. Тенджызищым и Тхьэгуащэ. Черкесск, 2005.
12. Ар дыдэм. Н. 100.
13. Емкужев М. Ночь Кадар, или Который справа. Москва, 2009. С. 47.
14. Ар дыдэм. Н. 180.
15. Ар дыдэм. Н. 179–180.
16. Вэрокъуэ В. Лей зыхуэгъэгъум къахурегъэгъу. Налшык, 2007. Н. 549.
17. Ар дыдэм. Н. 546.
18. ШIэджыхьэщIэ Хь. «ЛъыщIэж». Налшык, 1993. Н. 91.
19. Ар дыдэм. Н. 10.
20. Ар дыдэм. Н. 24.
21. Ар дыдэм. Н. 181.
22. Ар дыдэм. Н. 59.
23. Ар дыдэм. Н. 128.
24. Къэрмокъуэ М. Къоджэм уигъэжейркъым // Тхыгъэхэр. Ещанэ тхылъ. Налшык, 2004. Н. 5.
25. ХьэкIуащэ А. Зыгуэр къоджэнри Iейкъым // ГурыщIэм ит джэрпэджэж. Налшык, 2009. Н.159.

26. Къэрмокъуэ М. Къоджэм уигъэжейркъым // Тхыгъэхэр. Ещанэ тхылъ. Налшык, 2004. Н. 480.
27. Ар дыдэм. Н. 480–481.
28. Ар дыдэм. Н. 482.

1.6. Къэбэрдей-шэрджэс комедиографиер

90 гъэхэм я кIэухыр – 2000 гъэхэм я пэщIэдзэр адыгэ драматургием и лъэхъэнэщIэу плъытэ хъунущ. Абы и щапхъэщ лъэпкъ драматургхэм нобэрей гъащIэм и лъэныкъуэ куэд къызэщIэубыдэу, кууу къагъэлъагъуэу зэрыщIадзар. ЖытIэм и пэжагъыр къридгъэлъэгъуэн щхьэкIэ, дыкъытеувыIэну дыхуейт зы илъэсым нэхърэ къыкIэлъыкIуэм нэхъ зызыузэщI лъэпкъ комедиеграфием. Дызытепсэлъыхь зэманым къриубыдэу дунейм къытехьащ лIэужьыгъуэ зыбжанэу зэхэт комедиехэр щызэхуэхьэса тхылъ зыбжанэ: Дэбагъуэ Мухьэмэд и «ФIы зыщIэ щIегъуэжкъым» (1991); IутIыж Борис и «ГушыIэ махуэ апщий!» (1993), «Дунейр театрщ» (1998); АбытIэ Владимир и «Пьесэхэр» (2007); Мысостышхуэ Пщызэбий и «Дунейр чэзущ» (2010), нэгъуэщIхэри.

Комедие жанрым и къупхъэм къриубыдэ пьесэ зыбжанэ «Iуащхьэмахуэ» журналым къытрагъэдзащ Тхьэмокъуэ Бэрэсбий («Псэжьхэр зэрызохьэ», 1996), Шыд Юрэ («Хъуапсэ и псэ кIуэдкъым», 2000), Пщунокъуэ БетIал («Сэтэней и пшыналъэ», 2001), Жылэтеж Сэлэдин («Напэмрэ кIапамрэ», 2003), Бещтокъуэ Хьэбас («Истамбыл къикIа джэду», 2006) сымэ. А пьесэхэм яхэтщ водевили (Дэбагъуэ М. «Аращ лIы зэрыдэкIуэр»), дыхьэгъи (Мысостышхуэ П. «Малъхъэдис»; «Фадэр нэпсщ»; «Укъулеймэ – къеблагъэ!»), фарси (IутIыж Б. «Хьэпэщыпхэ»; «Олигарх гуащэ»); гушыIэмрэ ауанымрэ зыщIэлъи (Думэн М. «Уэлий и парашют»; Дудар З. «Лъагъуныгъэр интернеткIэ»), нэгъуэщIхэри.

Мы пьесэхэм нэхъыбэу къыщыгъэсэбэпащ комедиеграфием щызекIуэ «гротеск», «гиперболэ» художественнэ Iэмалхэр. Абыхэм я фIыгъэкIэ драматургхэм IупщI икIи дыхьэшхэн ящI я тхыгъэхэм хэт персонажхэр, ахэр зыхэт Iуэхугъуэхэр. «Гротескрэ гиперболэ къэгъэщIынкIэ ди зэманымрэ дызыхэт гъащIэмрэ япэхъун комедиограф щыIауи щыIэуи къыщIэкIынукъым. Нэхъ инщ, куэдкIэ нэхъ инщ нобэрей гъащIэм и гротескхэр, искусствэм къыщигъэщIу дызэсахэм нэхърэ! УзэкIуэцIычу узыгъэдыхьэшхын гротескхэри къыщыбгъуэтынущ. УахуэмыгъэувыIэжу ущIэгъуэгын гротескхэр щынэхъыбэжщ [41: 321].

Дызыхэпсэукl лъэхъэнэмрэ абы къыхэхъукl цlыхухэмрэщ мы комедиехэм я сюжетхэм лъабжьэ яхуэхъуахэр. Дунейм щекlуэкl мыхъумыщlагъэхэр щlамыуфэу сэтей къащl, lейри фlыри щызэхэухуэна лъэхъэнэм и плъыфэ зэхуэмыдэхэр къыщагъэлъагъуэ мы тхыгъэхэм. Мыбыхэм щызэблокl лъэхъэнэ зэблэкlыгъуэм и гугъуехьхэм хуэмыхьэзыру пэщlэхуа, зэрыпсэуным зэпымыууэ игъэгупсысэ, игъэгузавэ цlыхухэр, гъащlэ нэпцlым зыдезыгъэхьэха, щыхупlэм ухуэзышэ гъуэгур къыхэзыха гъэпщlакlуэхэр, дыгъуэгъуакlуэхэр, сондэджэр-бизнесменхэр, фадафэхэр, «зи напэр зыщэжу кlапэ къэзыщэхуа» унафэщl-хьэрэмышххэр, нэгъуэщlхэри.

Комедиехэр зытепсэлъыхь lуэхугъуэхэм куэдым урагъэгупсыс: цlыхубэм, лъэпкъым къадекlуэкl лъапlэныгъэхэм я пщlэрехуэхащ, абыхэм я пlэм хабзэншагъэр, мылъку зэхуэлъэфэсыныр къиуващ – псыпэм къищlа тхъурымбэм фlыри lейри щlиlубащ. Нобэ «дунейр бэзэр хъуащи, ахъшэбохъшэм и фиигъуэщ». Иджы мылъку къэугъуеинырщ цlыхур зыхущlэкъужыр – уиlэ ахъшэм худизщ уи пщlэри зэрыхъур. Нэгъуэщlу жыпlэмэ, иджырей гушыlэ, ауан жанрхэм я песонаж нэхъыщхьэр зи lуэху нэхъ дэкl, зи къигъэхъуапlэр нэхъ куу цlыхухэрщ. Комедиехэм къазэрыхэщщи, апхуэдэ зэман къэхъуащ хьэжьвакъэжьышххэм я lуэху нэхъ дэкlыу, еджар, гъэсар, цlыхугъэ зыхэлъыр дэгуа, дэпlытlа хъууэ.

Мы зи гъугъу тщlа lуэхугъуэхэр lупщlу щыболъагъу Дэбагъуэ Мухьэмэд и едзыгъуитlрэ теплъэгъуищу зэхэлъ «Кlапэ нэхърэ напэ, е нысэтын» сатирэ комедием [10; 125]; Жылэтэж Сэлэдин зы едзыгъуэу зэхэлъ «Напэмрэ кlапэмрэ» и фарсым [12; 74]; Тхьэмокъуэ Бэрэсбий зы едзыгъуэрэ теплъэгъуитlу зэхэлъ «Псэжьхэр зэрызохьэ» и пьесэм [15; 57].

Я быныр хыфlэзыдзэхэм, япlыжыну зымыдэхэм, ахэр алиментыншэу къэзыгъанэхэм ятеухуащ Пщунокъуэ Бетlал «Сэтэней и пщыналъэ» и фарсыр (2001). Ар и зы lуэхугъуэрэ теплъэгъуищу зэхэлъ пьесэщ. Гъэщlэгъуэну зэгъэпэща хъуащ мыбы и сюжетыр. Нарт Сосрыкъуэ къызэралъхуа хъыбарыр тегъэщlапlэ ищlри Пщунокъуэм судым и пащхьэм къригъэуващ «уей-уей» жрагъэlэу нарт эпосым хэт лlыхъужьхэр.

Къызэрыщlэкlымкlэ, Сэтэней Гуащэ судым мыпхуэдэ лъэlукlэ зыхуигъэзат: «Зи нэмыс нэхъ лъагэ хъун хабзэзехьэхэ! Си сабий закъуэу Сосрыкъуэр дунейм къытехьащ Чынт зауэр щекlуэкlа зэманым. Иджыри сабийщ – иныжь иукlыф къудейщ тхьэмыщкlэм. Сосрыкъуэ дунейм къызэрытехьэрэ, сыфызабэ закъуэрэ дэlэпыкъуэгъуншэу сопl щlалэр. Е зыш, е зы хуэш джатэ, е зы афэ джанэ къыхуэсщэхунщ жиlакъым и адэу зи lэпкълъэпкъ къикlам. Иджы-ы, зи уз кlуэдын, Уащхъуэ къаным и хьэтыркlэ сынолъэlу, сабийм и адэм и адэ къалэныр дяпэкlэ игъэзэщlэну фарз къыхуэфщlыну, алимент

тІэкІур къызевгъэтыну. Езыр нартхэ я Іэхъуэу Кхъэблэбанэ губгъуэ итщ, псышхуэм адрыщІкІэ («Езыр» жыхуиІэр нартхэм я жэмыхъуэ Сосщ. – *Щ.М.*) [20; 14].

СудщІапІэм щекІуэкІ Іуэхугъуэри гъэщІэгъуэну къэгъэлъэгъуа хъуащ. Абы хэтхэр лъэпкъ эпосым и персонажхэрауэ щытми, Іуэхур зэрызэфІахыр иджырей суд хабзэхэм тетущ. ХеящІэхэм повесткэкІэ судым кърашэлІащ жэмыхъуэмрэ Сэтэней гуащэмрэ:

Судьям (*заседателхэм еупщІу*). ЩІэупщІэн фхэт?

ЦІыхубз заседателым. Товарищ Сос, сэ зэхэсхам и мызакъуэу, мызэ-мытІэуи седжащ, Сосрыкъуэ мывэм къыдэкІауэ: иджы уэ Сосрыкъуэ и адэу узэрабжымкІэ уакъылягъу?

Сос. Хьэуэ, дахэ. Сыту жыпІэмэ, сэ зэи Сэтэней Гуащэ сыхуэзакъым. Сэ Іэщым сыпэрыкІ хъурэ? Махуэм сыІэхъуэщ, жэщым сыхьэдэ хъурейщ. Зэ закъуэ псым адрыщІкІэ Сэтэней жьыщІэу щыслъэгъуа къудейщ, псым сызэпрыплъри... Сыт алимент?!

Сэтэней Гуащэрэ Сосрэ я Іуэхур зэдауэм щыхуэкІуэм, хеящІэм щыхьэту кърегъэблагъэ Лъэпщ.

Лъэпщ. Сызэрыгувар къысхуэвгъэгъу. Зы теуэгъуэ къэскІууэ, си мотоциклым и зажиганэр зэІыхьэри, селІэлІащ…

Заседатель цІыхубзым. Лъэпщ, уэ нэхърэ нэхъ Іэзэ гъукІэм зэрахэмытым и хъыбар зэхэсхащ. Жырым хуэдэу псыхьауэ щІалэ цІыкІуи мывэм къыдэзыхыгъар уэратэкъэ?

Лъэпщ. Сэ игъащІэм тхьэ сІуэн сфІэфІкъым, ауэ сэрауэ къыщІэкІынщ Сосрыкъуэ мывэм къыдэзыхар…

Заседатель лІым. ЗанщІэу жыІэт, Лъэпщ, – уэра хьэмэрэ нэгъуэщІ Сосрыкъуэ апхуэдэу Іэзэу зыпсыхьар, мывэм къыдихыу?

Лъэпщ (*и щхьэ хуэжеІэж:* «*Тобэ*»). Сэращ.

Судьям. ГурыІуэгъуэщ. Ауэ сэ сфІэхьэлэмэтыр зыщ: уэ нэхърэ нэхъ гъукІэ Іэзэ мы дунейм темыту иджыри къэс добж. Ауэ иджыпсту щыщІэдзауэ, уи зэфІэкІым шэч къытетхьэ хъуащ. Сосрыкъуэ пхуэпсыхьакъым дахэ-дахэу; и лъэгуажьитІыр щхьэ апхуэдэу махэу къыпІэщІэщІыхьа, уэ угъукІэ Іэзэр пэжу щытмэ?

Лъэпщ (*зыкъомрэ зрилъэфихьа нэужь*). Тобэ, тобэ. Щыблэр згъэпцІащ, сэ Сосрыкъуэ мывэм къыдэсхыу сыпсыхьауэ щытамэ. Жаншэрхъ дэнэ къыщына, электросваркэри атомри пэмылъэщу и лъэгуажьитІыр сымыпсыхьтэм! Уи жагъуэ умыщІ, Сэтэней Гуащэ, ауэ уэри узгъэзахуэркъым. Зэм Сосрыкъуэ мывэм къыдэкІауэ жыпІэу, итІани «жэмыхъуэрылъху» жыпІэрэ щІалэр бгъэпуду, а бгъэпудам яужькІэ алимент къызэти жепІэжу…

Сэтэней. Уэ губгъуэн къыщІысхуэпщІым, Лъэпщ, сэ жысІаи жызмыІаи хэлъщ. «Жэмыхъуэрылъху» жызыІар

сэращ икIи сыхущIегъуэжкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ мыр езыр мэлыхъуэкъым икIи шкIахъуэкъым – жэмыхъуэщ. Алимент жызыIэри сэращ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ адрей сабийхэр зыхуитым Сосрыкъуэ лIы фIыщIэ гъущIыни хуитщ. СыукIытэжынкъыми, езы нэсыпыншэжьми жэм гъэхъун фIэкIа дунейм къыфIэIуэху тетыжкъым (*и гур къызэфIонэ*), телевизоркIэ фIэкIа зызигъэлъагъуркъым… Сабийр мывэрылъху жызыIар а шыпсэр зэхэзылъхьахэм я закъуэщ.

Сос (*Сэтэней бгъэдохьэри*). Умыгъ, си Сэтэней Гуащэ, умыгъ, гуащэ псом ялей… Уащхъуэ мыващхъуэ кIанэ, уэ фыз ухъумэ, сэ лIы сыпхуэхъункIэ, ди щIалэри, зэдэтпIыжынкIэ!

Лъэпщ. Уи шыкурщ, Щыблэ! [14; 142–144].

IуэрыIуатэр пьесэм лъабжьэ хуищIу абыкIэ иджырей гъащIэр къигъэлъэгъуэну хэтащ авторыр. Пьесэр абы еджэгъуафIэ ищI щхьэкIэ, хъыбарыр хъыбарщ, абыкIи егъэлеяуэ гугъуу зэхэлъ ди гъащIэр нэсу къэгъэлъэгъуа хъуркъым. Таурыхъыр зэриух хабзэм – псори псэурэ тхъэжу къызэрынэжым – тетщ комедием и финалри. Зэчэнджэщу судым унафэ къищтам ипкъ иткIэ, Сэтэней Гуащэрэ нартхэ я жэмыхъуэ Сосрэ лIэн-къэнэну фIыуэ зэрылъагъуу, фомрэ цымрэ хуэдэу ягухэр зэкIэрыпщIауэ зэдэпсэууэ къыщIидзыжащ, я къуэ Сосрыкъуи бадзэ къытрамыгъэтIысхьэу япI. Апхуэдэу зэтеувэжа унагъуэм и щIыхькIэ «Сосрыкъуэ» рестораным санэхуафэр щрагъэкIуэкIыжащ, я щIалэ Сосрыкъуи яхэтыжу.

XIX лIэщIыгъуэм ди лъахэм щекIуэкIа тхыдэ Iуэхугъуэшхуэхэм я зэранкIэ дунейм щикъухьа адыгэхэм нобэрей гъащIэм къыхуигъэув щытыкIэ гугъухэр къыщыгъэлъэгъуэжащ АбытIэ Владимир «Истамбыл къикIа хьэщIэ» и комедие-дыхьэгъым (2007). Пьесэм и персонаж нэхъыщхьэр Шэрыуэ Джэхьид Истамбыл къикIа щIалэ хьэщIэщ. Ар дохутыр Iэзэщ. Тыркуми Инджылызми и IэщIагъэм щыхуеджащ, иджы илъэсищ хъуауэ езым и клиникэм шолажьэ. Хэкужьым щыпсэу и лъэпкъэгъухэм я гъащIэм нэIуасэ зыхуищIыну къэкIуэжати, и гугъамрэ и нэгу щIэкIымрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакуу къыщIэкIащ. Хэкум исхэмрэ хэхэс адыгэхэмрэ хьэл-щэнкIи, хабзэкIи, дуней тетыкIэкIи, дин зехьэкIэкIи зэмыщхь хъуащ. Джэхьид зэрыжиIэщи, «дэ, хэхэс адыгэхэм, зыдоухыж хуэм-хуэмурэ, ди бзи ди хабзи тфIокIуэдыж жытIэурэ. Лъэпкъыу зытхъумэжын щхьэкIэ, адэжьхэм я лъахэм дыкъоIэ, дыщIобэг… Ей, адыгэжь мыгъуэ! Шыгъурэ пIастэрэ жыпIэурэ, дэнэкIи ущыхокIуэдэжри!» – игу къоуэ Тыркум къикIа хьэщIэм. АдэкIэ Джэхьид и монологымкIэ авторым къыдгурегъаIуэ адыгэхэм я ныкъусэныгъэхэр:

«Уэ щхьэ лъэпкъ псоми задэпщIын, щхьэузыхь уахуэхъун хуей? Тырку къэрал ухэсмэ, утыркущ, хьэрыпыщIым – ущыхьэрыпщ, къэжэрхэм я деж ущыкъэжэр къабзэщ. Урысейр

уищI кIапэ къызэрытетIысхьэуи уи адыгэбзэр иубыда мыгъуи?! Сэр дыдэр зыкъэсщтэжынщи, куэд щIа адыгэбзэ сызэрыхъужрэ? Истамбыл сыкъыщалъхури, илъэс пщыкIутхум нэс адыгэбзэ IункI сцIыхуакъым. Хасэхэр къызэIуахри, си адэшхуэм сытригъэгушхуэурэ, бзэри тхыбзэри зэзгъэщIэжащ. Урыс хьэрфу зэхэтщ мы хэкужь адыгэхэм я тхыбзэри. Мыр дауэ? Я бзи, я хабзи памыубыдауэ, тхыбзи къэралым къратауэ жаIэ зи хэку къинэжахэм къатепщIыкIыжахэм. Ауэ мы къалэм сыкъызэрыдыхьэрэ, саходаIуэри, зэзэмызэщ анэдэлъхубзэ си тхьэкIумэм къыщиIуэр. Е адыгэ щIагъуэ дэмысу арауэ пIэрэ?» [1; 142–143].

Гъуэгу здытетым Джэхьид Iууащ зыпэмыплъа лъапощхьэпо куэдым, ауэ псом хуэмыдэжу Истамбыл къикIа щIалэр къэзыгъэуIэбжьар «Адыгэ хасэм» и тхьэмадэ Уэгъукъуэ Иванщ. ЦIыхугъэ зимыIэ мыурыс-мыадыгэ, «дзыбэ-дзыусщ» жыхуаIэхэм щыщ «тхьэмадэм» адыгагъэ хьэщIэм кIэлъызэрихьэн и пIэкIэ, гражданствэ тIуащIэ зиIэ, къэралитIми щыпсэуну хуит, тхылъхэри ахъшэри зэрызэпылъу зыфIадыгъуа тырку адыгэ щIалэр мылицэм иритыну яужь ихьащ, ауэ хунэсакъым. Хасэм и тхьэмадэ текIыжахэм я пIэкIэ тезыгъэува «Вагъуэиж» фирмэм и тетыр Джэхьид къыщыщхьэщыжым, и гугъу ищIыжакъым.

УзыгъэпIейтейщ икIи укъэзыгъэгубжьщ пьесэм и кIэухыр. Апхуэдизу и Хэкужьым къыхуэпабгъэ адыгэ щIалэм лей кIэлъызэрахьащ. И къэшэным игъусэу кхъухьлъатэкIэ къыщигъэзэжам, Джэхьид къэралым къихьэну хуадакъым. Абы и щхьэусыгъуэр драматургым мыпхуэдэу къегъэнаIуэр: «Мыбы къыбгурымыIуэну зыри хэлъкъым. Джэхьид хуэдэхэм я ужь иту адыгэ мелуан бжыгъэхэр Кавказым къиужьгъэжу, хэкур яубыдыжынкIэ тешыныхьхэу къыщIэкIынщ» [1; 168].

Театрым, сценэм я щэхухэм хуеджа, ар зи IэщIагъэ артист зыбжанэм хэлъхьэныгъэфI хуащIащ ди лъэпкъ драматургиемрэ театр гъуазджэмрэ заузэщIыным. Къэрдэнгъущ Зырамыку, Тубай Мухьэмэд, Шортэн Аскэрбий, Щхьэгъэпсо Мухьэмэд сымэ я пьесэхэм къыдежьащ икIи къадекIуэкIащ нобэ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Адыгэ драмэ театрыр. Зы едзыгъуэу зэхэлъ пьесэ ятхыу щытащ актерхэу Сонэ Мухьэрбий, Шэрий Азрум сымэ. А Iуэху гугъур япэкIэ зыгъэкIуэтахэм ящыщщ КъБР-м и къэрал саугъэтым и лауреат, Абхъаз Республикэм и цIыхубэ артист, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балкъэрымрэ я щIыхь зиIэ артист Мысостышхуэ Пщызэбий (1936–2009).

ГъащIэм набдзэгубдзаплъэу пхырыплъ, лъэпкъым и фIыр хуэсакъыу хъумэным зэпыу имыIэу зи гур хуэгъэпса, хабзэ тхуэхъункIэ къемызэгъ Iуэхугъуэхэм жьэнахуэу тепсэлъыхь икIи и IэзагъкIэ наIуэ къэзыщI, зыхубгъэдэн щымыIэ зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ артисту, режиссеру, драматургыу щытащ

Мысостышхуэ Пщызэбий. Абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ я зэхэлъыкIэкIи, я жанркIи, я темэкIи, я сюжеткIи зэмыщхь пьесэ купщIафIэ куэд. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Нэщанэ» (детективщ), «Малъэхъэдис» (дыхьэгъщ), «Насыпкъутэ» (драмэщ), «Къаплъэнэф» (дыхьэгърэ ауанрэ зэхэлъ пьесэ), нэгъуэщIхэри.

Нобэрей ди гъащIэм гъунэжу узыщрихьэлIэ, гу къабзэпсэ къабзэу щымыт цIыхухэм я къежьэкIэ-къекIуэкIыкIэхэр, ахэр зыхэт Iуэхугъуэ мыщхьэпэхэр лъабжьэ яхуэхъуащ Мысостышхуэм и пьесэ кIэщIхэм: «Укъулеймэ - къеблагъэ», «Хэт къуаншэр?», «Щыблэ», «Мыращ дызыхуэкIуэр», «Хьэщэхурыпхъуэ», «Зэхьэзэхуэр мэунэри…», нэгъуэщIхэри. Фадэр нэрыгъ зыщIахэм теухуащ «Фадэр нэпсщ» дыхьэгъыр. Къундэпсорэ махъсымэрэ фIэкIа зэIузымыгъахуэу щыта ди лъэпкъэгъухэр иджы зэфэр щхъухь фадэщ. Абы и зэранкIэ унагъуэ Iэджэ зэтокъутэ. Я акъылыр ирафыжу, цIыхугъэри, напэри, гущIэгъури зыфIэкIуэда насыпыншэхэм ящыщщ мы дыхьэгъ кIэщIым хэт ХьэмытIэ алкоголикыр. Узижагъуэным и махуэщ ар зыхуэкIуэ гъащIэр:

«…**Мылицэм:** – А укъыщIэзыдзауэ жыхуэпIэхэм уэ удыну ятебдзам имылIыкIмэ гуфIэ… Уи анэри уи фызри замыщIэжу хэлъщ…

ХьэмытIэ: Си анэри?... Хьэуэ!... Ар нэпскъым!... Сэ игъащIэм си анэм зэ и жагъуэ сщIакъым. И псалъи себэкъуакъым…

Мылицэм: Гъуджэшхуэм къищ уи сурэт фаджэр къыпхуэмыцIыхужу «щIасэлI къыпкIэлъокIуэ» жыпIэурэ укIиирт, уи щхьэгъусэ лэжьэншэр ибудауэ птхьэлэрти, уи анэр Iэжьэгъу хъуну къыббгъэдэлъэдащ… Абы и щхьэцыкIэр къэбубыдри…

ХьэмытIэ: Ар пэжкъым!.. ЖыIэ! Ар пэжкъым!.. Сэ си анэм и зы щхьэц налъэ хэзмыгъэхун щхьэкIэ, зызгъэлIэфынущ… Ди Тхьэ!.. Ар пэжмэ… Ар пэжмэ, сыт напэр сиIэу ди анэм сыIуплъэжыну… Абы и ужькIэ сытым хуэзгъэсэфыну сэ си бынхэр, сыт и мыхьэнэж сэ къэзгъащIэм… Уо-у, щIыкъатиблкIэ щIэлъэдэн фадэ!.. Ныбжьэгъуи, гъунэгъуи, благъи къысхуэбгъэнэжакъым… Семызэууэ, семыхъуэнауэ ди хьэблэм зы цIыху дэсыжкъым… Иджы си анэм… Си анэм деж сынэсащ… Дауэ, а напэншагъэ къомыр щызлэжьым уэ бгъеяр сыт? Сыт укъызэуэу сыщIумыукIар? Ди Тхьэ… Мы дуней дахэм сыщыгуфIыкIыу сытетыным и пIэкIэ, тхьэмахуэ къэс цIыху лажьэншэхэр согъэтхьэджэ. Дапщэрэ хыфIэздзэжа, тхьэлъанэ сщIа, афIэкIа а щхъухьыр зыIузмылъхьэну… Ди Тхьэ, къысхугъэгъу… Псэм хуэзгъадэ си анэ, къысхуэгъэгъу!.. Къысхуэвгъэгъу, зи гууэ сщIа псоми…[13; 433–434].

Фадэм къихь мыгъуагъуэхэм теухуащ Думэн Мурадин и «Хьэкъарэ, ХьэфIыцIэ, Хьэнэхъу е ХьэкIуцIэ, КIуэкIуцэ, КIурацэ» (2002) комедиери.

Мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ Кавказ Ищхъэрэм щыяпэу Думэн Мурадин езым и гушыІэ театр къызэрызэІуихар. 1992 гъэ лъандэрэ ар абы и унафэщІщ, и режиссёрщ, пьесэ итхахэр езым игъэувыжу, игъэува спектаклхэм щыджэгужу. Абы и «ХьэкъарэІ, ХьэфІыцІэ, ХьэнэхъуІ, е ХьэкІуцэ, КІуэкІуцэ, КІурацэ» япэ комедием къытращІыкІа спектакпым и премьерэр 2002 гъэм екІуэкІащ. Куэдым хунэс, нэхъыбэжи къыщІэзыгъэлъэф къалэм зыгъабзэ комедиограф гуащІафІэщ Думэныр. Мы зи гугъу тщІа комедием къыдэкІуэу абы итхащ театреплъэхэр гуапэу зыІущІа, дэ къызэрытлъытэмкІэ, драматургым нэхъ къехъулІа «Уэлий и парашют» пьесэр (2004), миниатюрэ Іэрамэ хъу «ГушыІалъэм къикІ пшыналъэ» (2005) комедиер.

Театрым и къалэн нэхъыщхьэхэм, езым и пьесэхэм я сюжет гъэпсыкІэм, абыхэм лъабжьэрэ купщІэрэ яхуэхъухэм теухууэ драматургым мыпхуэдэу итхащ: «Театрыр щІыщыІэр цІыхурамэ, цІыхум къыгурымыІуэ спектакль сыт щІэбгъэлъэгъуэнур? ЦІыху хэубыдыкІахэм папщІэ къагъэщІ искусствэм си щхьэкІэ сыхуейкъым. Іэхъуэ-шыхъуэми профессорми къагурыІуэмэ, мис абы мыхьэнэ нэхъ иІэу солъытэ. СилІыхъужьхэмбэзэрым, уэрамымузыщрихьэлІэцІыхухэмхуэдэ защІэмэ, я гушыІэкІэр нэгъуэщІ хъун? Къызэрыгуэкі цІыхухэм уакІэлъыплъмэ, ядэплъагъуращ сэ къэзгъэлъэгъуэжыр… Сэ сатирэ жыхуаІэжыр къэзгъэсэбэпкІэрэ, зэрысхулъэкІкІэ, а Іуэхур сэтей къызощІ. АдыгэлІкІэ узэджэ хъун щымыІэжмэ, сыт ар къызыхэкІар? Сыт ди цІыхубзхэм унэр ябгынэу бэзэрым тесыныр нэхъ къыщІыхахар? Апхуэдэ упщІэхэм жэуап ептын щхьэкІэ, узыкІэлъыплъыжын, узэхэплъэжын хуейщ. Дызыхэвгъэплъэж, зыкъэдывгъэщІэж жыхуэсІэу, мы сэ стхы пьесэхэр драматургием и лъагапІэхэм щымыІэнкІи мэхъу, ауэ зыкърипщІэжыну, ди щыуагъэ дагъэлъагъужыну Іэмал къыдатмэ, сригуфІэнущ» [32; 152–153].

2004 гъэм ди республикэм адыгэбзэкІэ пьесэ тхыным ехьэлІа конкурс-зэпеуэм Думэным и цІэр фІыкІэ зыгъэІуа «Уэлий и парашют» трагикомедием етІуанэ увыпІэр къыхуагъэфэщауэ щытащ. Псэзэпылъхьэпіэм щихуэм деж, цІыхум къигупсыс жыхуэпІэмрэ ар Іуэхум зэрыбгъэдыхьэмрэ умыгъэщІэгъуэн плъэкІыркъым. Араш «Уэлий и парашютми» лъабжьэ хуэхъуар. Мы пьесэм хэт персонажхэр зэрыс кхъухьлъатэр здэкІуэм нэмысынкІэ, къехуэхыу псори хэкІуэдэнкІэ шынагъуэ щыІэщи, фэрыщІагъэр лъэныкъуэкІэ токІуэтри, псори зэрыщыт дыдэр и гущІыІу къохъу.

КъызэрыщІэкІымкІэ, кхъухьлъатэм ис Уэлий мылъкум игъэудэфа къулыкъущІэ цІыкІущ, абы и щхьэгъусэ Зулии езым ещхьыпсщ – бэлыхьу зыкъызыщыхъуж бэзэр фызщ. Ефэндыр фадэр зи щІасэ къэрабгъэщ, шофёрыр зыхуэзэфІэкІым

еубзэ цIыхущ. Кхъухьлъатэм илъ парашют закъуэм щIэбэнхэм Уэлий и къуэмрэ Москва «щылэжьэну» ежьа Зарэ щхьэпсымрэщ яхэмыхьэр. Пьесэм и кIэухыр трагикомедие жанрым и хабзэм тету йокIуэкI. Гужьеигъуэм зэщIищта гупым зыри къыщымыщIауэ, ауэ абы хэт дэтхэнэми и гъащIэр «шыбзэм щIигъэкIыжауэ», фIыри Iейри къыгурыIуэжауэ Москва носхэр.

Думэн Мурадин хуэдэу трагикомедие жанрым хуэIэижьщ иджырей шэрджэс драматург Шыд Юрэ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ адыгэбзэкIи урысыбзэкIи тха едзыгъуитIу зэхэлъ трагикомедие зыбжанэ: «Хъуапсэ и псэ кIуэдкъым» [16], «Хамэ джанэр зыщыгъ» («В чужой рубашке»), «Бродвейм и джэгуакIуэхэр» («Лицедеи с Бродвея»), «ГугъапIэм и хытIыгу» («Остров надежды»), «Къэхъунщ зэгуэрым махуэ нэху» («И наступит светлый день…»), «Первомай дурэш» («Первомайский тупик») [17], нэгъуэщIхэри.

2005 гъэм франджыбзэкIэ зэрадзэкIауэ Париж къыщыдэкIащ Шыд Юрэ и «Пшэм дытесу дыгъэлъэтэж» киноповестымрэ Думэн Мурадин и «Уэлий и парашют» пьесэмрэ [26].

2010 гъэм лъэпкъ драматургием комедие жанрым и лIэужьыгъуэ щIэрыпскIэ къыхуэупсащ «Нэчыхьытх» адыгэ водевилыр зи Iэдакъэщ Iэкl Дудар Зарэ Хьэутий и пхъур. Абы итха «Basta.ru, или Виртуальная комедия» пьесэр тхакIуэ, журналист Маремкъул Ларисэ адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, «ЛъагъуныгъэрИнтернеткIэ» фIэщыгъэцIэр иIэу адыгэ комедиографием лъапэ махуэкIэ къыхыхьащ дуней псом тепщэ щыхъуа интернетыр. Пьесэм ехьэлIауэ езы Дударым мыпхуэдэу жиIэгъащ: «Пьесэм къыщыIэта Iуэхугъуэхэм я нэхъыбэр си гъащIэм къыщыхъуа защIэщ. Пьесэр щыстха зэманыр интернетыр егъэлеяуэ цIыхухэм къагъэсэбэпу щыхъуарат. Пэжыр жысIэнщи, цIыхубз ролыр сэ езым згъэзэщIэну сыхуейт. СызэрыцIыкIу лъандэрэ си хъуэпсапIэт цIыхуитI щыджэгу, къафэри уэрэдри щызэщIэжьыуэ гушыIэ спектаклым си зэфэкI щызгъэлъэгъуэну. Си жагъуэ зэрыхъущи, срипсэлъэф щхьэкIэ, художественнэ тхыгъэ къризгъэщIын хуэдэу адыгэбзэр уэрсэру сщIэркъым, пьесэр зэрыстхари урысыбзэщ» [34].

Пьесэр зытха икIи спектаклым и продюсер Дудар Зарэрэ спектаклым и режиссер Дабагъуэ Романрэ яхузэфIэкIащ ди лъэпкъ хабзэм утыку къипхьэну къримыгъэзэгъыу къыпщыхъу Iуэхугъуэхэр гушыIэ щабэ щIэлъу къагъэлъэгъуэн. ЗэбгъэдэкIыжыну мурад зыщIа зэщхьэгъусэхэр зы унэм щопсэу, нэгъуэщI екIуалIапIэ яIэкъым. ЛIыр сурэтыщIщи, и Iэдакъэщ Iэкl Хэм щIэупщIэ зэрамыIэм щхьэкIэ, и гур фIэкIуэдащ. ЦIыхубзыр заводым щолажьэ, ауэ ари мы фэтэрым щIэкIыу нэгъуэщI щIыпIэ кIуэфынукъым. Зэщхьэгъусэхэр

утыкум ит компьютерым гъуэрыгъуэурэ бгъэдотIысхьэри я насып зыхэлъынкIэ хъуну цIыхур къалъыхъуэ. Аращ пьесэм и сюжетым тегъэщIапIэ хуэхъуар. «Лъагъуныгъэр интернеткIэ» зыфIаща авантюрэ-гушыIэ шоу-спектаклым цIыху куэд дыдэ еплъащ, ар и щыхьэтщ пьесэр зытхами ар спектаклу зыгъэувами я лэжьыгъэр къазэрехъулIам.

Адыгэ комедиографием и джэлэсу къэплъытэ хъунущ IутIыж Борис и комедиехэр. Ахэр зэрыт тхылъхэм къадэкIуэу, «Агъ Зэрэгъыж» псевдонимыр щIэту, абы «Iуащхьэмахуэ» журналым къытрыригъэдзащ ауанрэ гушыIэу зэхэлъ «ДыкIуэм-дылъэурэ…», «Гуащэщыкъуанэ», «Зиусхьэн Хьэжыбащ», «Жьэмыгъуэ – Америкэм», «Щхьэщэхуэжь», «ЩIасэнэху» комедиехэр.

Лъэпкъ драматургием и хэлъхьэныгъэфI хъуащ «Ажэгъафэ джэгухэри». Мыр 1982–1997 гъэхэм къриубыдэ зэманым тхакIуэм итха тхыгъэхэщ. А илъэс 15-м ди гъащIэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэ куэдыр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, лъэхъэнэм и сэфэтыр «Ажэгъафэ джэгухэм» къахэдыхьэшхыкI-къыхэпIэскIукI хуэдэщ. Мыбы Iуэхугъуэ щекIуэкIхэр къыщыхъуа зэманым елъытауэ зэкIэлъыхьащ. «Ажэгъафэ джэгухэр» теплъэгъуэ 28-уэ зэхэтщ икIи джэгугъуитхум тегъэпсыхьауэ зэщхьэщыхащ: «ГушыIэ махуэ апщий!», «ГушыIэр гушыIэщ», «ДыкIуэм-дылъэурэ», «Дунейр-театрщ», «Театр къэкIуащ!». Джэгугъуэ къэс едзыгъуэ тIурытIу, едзыгъуэхэр теплъэгъуэ щырыщу зэхэтыжщ.

Литературэм псом хуэмыдэжу комедиографием щызекIуэ гротеск, гиперболэ Iэмалхэм я фIыгъэкIэ драматургым IупщI икIи дыхьэшхэн тщещI зытегушыIыхь Iуэхугъуэхэр, персонажхэр. Узыгъэдыхьэшхыни, узыгъэпIейтеини, узыгъэнэщхъеини хэлъщ «Ажэгъафэ джэгухэм».

IутIыжым и пьесэхэр нэхъыбэу зытеухуар ди зэманырщ, ди лъэхъэнэгъухэм я гурылъ-гурыщIэхэрщ. Ахэр зыгъэпIейтей, шыгъушыпсыпIэм хэзыгъэлъ Iуэхугъуэхэрщ. Драматургием зи гугъу ищI дэтхэнэ Iуэхугъуэми езым и еплъыкIэ хуиIэжщ. «Ажэгъафэ джэгухэм» щыщ теплъэгъуэхэм хэт персонажхэр къызэригъэпсалъэ бзэри, абыхэм я гъэпсыкIэри, къызэрыгъэлъэгъуа Iэмалхэри зэкIуалIэу, зэхэшыпсыхьауэ щытщ. Ди псэукIэм, ди хьэлым зэрызихъуэжым набдзэгубдзаплъэ дыдэу кIэлъыплъ тхакIуэм лъэпкъыр зымыгъэдахэ ныкъусаныгъэ куэд сэтей къещI, зэм щIагъыбзэ щабэкIэ, зэми ехьэкI-къехьэкI зыхэмылъ псалъэ быдэкIэ, ауэ сыт щыгъуи драматургым гушыIэр и Iэпэгъуу къонэж.

«Ажэгъафэ джэгухэм» зым къыхэкIрэ адрейм хыхьэу хэтщ персонаж зыбжанэ, ауэ псори ажэгъафэм «зэрешэлIэж». IутIыжым и гушыIэхэм къыхигъэхьа ажэгъафэр образ гъэщIэгъуэнщ – пасэрейм ижь къыщIихуауэ нобэ псэухэм

екIущэу яхэту, нэжэгужэу, жыджэру, IуэрыIуэдзу, гъащIэм и лъэныкъуэ псоми гъэщIэгъуэну хэпсэлъыхьыфу, щIагъыбзэр и Iэщэу, жиIэхэр кIуэрыкIуэм тету зэхилъхьэу фIэкIа къыпхуэмыщIэу [34].

Пьесэм хэт персонажхэм я цIэхэри тхакIуэм къигъэщI образхэм ещхьыжщ. Апхуэдэщ «ефэм-ефэурэ зи псори изыфыжа» Чэфыжьокъуэ ХьэпIытI. Хабзэ мышу къэгупсысыным, зегъэкIуэным Iэзэ дыдэ хуэхъуа Хьэблыху. Зыми фIэмыдахэрэ хуабжьу зызыфIэдэхэж, лIызэблэхъу куэдым дыкъмыкъ ищIа, власть хъуэжым дэщIэращIэ Хьэфотэ пхъужьыр. Композиторышхуэ хъун хуейуэ къигъэщIу нимыщIысыжа ГъунтIэгъунтIэхэ Эдуард. «Академик» цIэ лъапIэм къимыхьар «депутат» цIэ лъапсейм къезыгъэхьыжыну мурад быдэ зыщIа, нэхъапэхэм щыгъуэ компартыр здыхуеймкIэ тхыдэр ишэурэ чыхум хишэIуауэ къыхэзымышыжыф тхыдэтх Хьэжбидонэ сымэ.

Мы персонаж сатырым екIурэ ещхьу «къахолыдыкI» школым емыджэфу ебгъуанэ классым къыщIахужу сондэджэр хъуа Узижэгъуэнхэ Жьэмыгъуэрэ ШыпытIыхъу ТIырхъун и къуэ Хьэжымудрэ. Зым «дынапэншэми, дыузыншащэрэт» жиIэу, адрейм «напэр пщэрэ – кIапэр къэпщэхужмэ, кIапэр пщэжрэ сомищ фейдэ къыпхуегъэщIмэ, – гъуэгу махуэ, сондэджэр пщащэ!» кIэлъыжиIэжу, тетхэщ бэзэрышхуэ хъуа дунейм, мылицэмрэ полицэмрэ я кIэм ищIауэ. КIуэм-лъейм, кIуэм-лъейурэ ахэр нэсащ Африкэми («Жьэмыгъуэ – Африкэм», 1993), Америкэми («Жьэмыгъуэ – Америкэм», 2001), я сондэджэр «щIэныгъэм» хагъахъуэу. «ЦIыху имылъагъумэ, кхъуэр Iуащхьэм докI» жыхуаIэ псалъэжьым тету кIуэуэрэ гущIыIум къихьахэм ящыщ хъури Гуащэмыдэ хьэблэ Жьэмыгъуэ олигарх гуащэу, Хьэжымуд абы и блыгущIэту къагъэзэжащ («Олигарх гуащэ», 2005).

«Совецкэ сондэджэр» къызэрыгуэкIыу щIэзыдза Жьэмыгъуэ иджы мис «къэрал Iей…кономикэм и щэхухэр фIы дыдэу зыщIэ, иджырей «уэркъыщIэхэм» я Сэтэней, зи уней мылъкур къахуэмыпщытэ, экстрасексорикэмкIэ Африкэм щыIэ Академием и член-корреспондент, «СОНДЭДЖЭРСТАН» комбанкым и унафэщI, зи пщIэр ину зи щIыхьыр лъагэ Узижагъуэнхэ Жьэмыгъуэщ» [23; 344]. Жьэмыгъуэ Антарктидэр мыхъумэ, здынэмысарэ мыщэ хужьхэм фIэкIа зи фэ тримыхарэ щымыIэ пэтми, ахъшэм игъэудэфащи тепыIэжыркъым: «си зы щэху ин дыдэ къыфхузэIусхынщ. Ар дунейпсо сенсацэ зэрыхъунум сэ шэч лъэпкъ къытесхьэркъым… сэ мурад быдэ сщIащ мы дызыхуэкIуэ гъатхэм къриубыдэу «кIэмерц-рейс» жыхуаIэмкIэ космосым сылъэтэну. Мурад сщIа къудей мыхъуу сагурыIуащ. СагурыIуэу къэзмыгъэнэжу, доллар мелуан пщыкIутху взносу ястащ… Псори слъэгъуащ, псори згъэунэхуащ, – иджы сыхуейщ тхьэм и хэщIапIэм сыкъиплъурэ мы дунеижь цIыкIум

и щхьэщыгу къуийм сыкъытеплъэну…» [23; 393–394]. И насып зыхэмылъ Іуэхут ар. Жьэмыгъуэ хамэ къэралхэм къикІа журналистхэм прессконференц дригъэкІуэкІыу здэщысым, и пІэ ирамыгъэкІыу яукІащ абы и жэгъуэгъу конкурент Луханцевич и цІыхухэм. «Щхьэж и кІуапІэ и кІуэдыжыпІэщ» псалъэжьым жыхуиІэрщ абы къыщыщІар.

ИгъащІэм дунейм къытехъуэу щымыта куэд ди нэгу щІегъэкІ мы ди лъэхъэнэ шынагъуэм. ТхакІуэм и пьесэм къызэрыхигъэщщи, нобэ ди къэралым зэхуэмыхъуу илъ проблемэхэр дэтхэнэ цІыхуми къылъоІэс. ТІэкІу нэхъ еджауэ зыгуэр зыхузэфІэкІыну адыгэ щІалэгъуалэм, щалъхуа хэкум ІэнатІэ щамыгъуэту, нэгъуэщІ хамэ къэралхэм, Москва, Санкт-Петербург къалэхэм макІуэри дотІысхьэж, хэт мэлажьэ, хэти щхьэегъэзыпІэ мэлъыхъуэри дэтщ. Хэплъэгъуэ хъуащ лъэпкъ интеллигенцэм и Іуэхури, псом хуэмыдэу медицинэм, щІэныгъэм, щэнхабзэм я ІэнатІэхэм пэрытхэм я гъащІэри я псэукІэри.

ІутІыжым къызэрилъытэмкІэ, псори къыздыщежьэр унагъуэращи, унагъуэ хуэмыщІэр проблемэкІэ бейщ. Ар щынэрылъагъущ драматургым и «Зиусхьэн Хьэжыбац!» пьесэм (1999). ГушыІэ нэщхъейм (апхуэдэущ езы драматургым мыбы и жанрыр къызэригъэлъагъуэр) къыщымынэу, узыгъагъ унагъуэ драмэм хуэкІуащ мы пьесэ цІыкІум щекІуэкІ Іуэхугъуэхэр. Зи бынипщІыр зыхуэмыпІыж композитор зэчиифэ ГъунтІэгъунтІэ Эдуард тхьэмыщкІэм и щхьэгъусэ Хьэужанрэ и щыкъуанэ Папужанрэ суд пашэу, бынхэр абыхэм я ужь иту, я адэм щхьээж и гукъанэр гъуэрыгъуэурэ жраІэри унафэ ткІий хуащІыжащ: «БэкІар – блэкІащ, ди папэ хуэдэурэ щыт ныбжьэгъу, ауэ къызжаІакъым жумыІэж, Папужан зэрыжиІам тету, мы уи псэукІэр нобэ щыщІэдзауэ умыхъуэжмэ, «папэ» къулыкъум упыкІауэ лъытэ! Куэдщ ар … уи музыкэр егъэтІылъэкІи, нобэ нэхъ фІэмыкІыу лэжьапІэ гуэр къэлъыхъуэ, пщэдей нэху зэрыщу щІэдзэ, пщэдеймыщкІэ ахъшэ къытхуэхь! [25; 324–325].

Адэм и статусыр ихъумэжын щхьэкІэ, хэкІыпІэу къыхуэнэжыр зыт: и сабиигъуэм ныбжьэгъуфІу иІа и къуажэгъу, «сэвецкІэ жыпиІэбэ къызэрыгуэкІыу щІэзыдзэу, хъунщакІуэ цІэрыІуэхэм хэтурэ Авторитет хъуа зиусхьэн Хьэжыбацт». Уи гур хощІ композиторым абы хуитха письмом укъыщеджэкІэ: «… А уи псэукІэ хъуам дыгъуасэ сыкъегупсысщ, си щхьэ тІэкІу мыгъуэр си куэщІ ислъхьэжщ, сызыщІэгупсысыжри, нобэр къыздэсым къэзгъэщІа гъащІэр щыуагъэ защІэу зэрызэхэлъыр хьэкъ сщыхъуащ. Нэхъыжьыр лъапцІэу, нэхъыщІэр пщІанэу, щыкъу анэр къыпхуэхъущІэрэ щхьэлъащІэр къыпхуэдалъэу, уэ зэрымылъ жыпым уитІыхьрэ… жыпщ нэхъыщхьэ къыпІэрымыхьэу… Схуэхьыжынукъым, Хьэжыбац, сэ афІэкІа апхуэдэу… Алыхьымрэ Уэрэ фІэкІа сызыщыгугъи щыІэкъым… си «папэ» статусыр схъумэжынымкІэ къыздэІэпыкъу!» [25; 325].

Лъэпкъ драматургиер егъэфIэкIуэным и Iуэхум хэлъхьэныгъэ нэхъ ин дыдэ хуэзыщIахэм ящыщщ IутIыж Борис. Абы и драмэ лэжьыгъэхэр я теплъэкIи гъэпсыкIэкIи дахэщ, езыхэр купщIафIэщ, хэт персонажхэм я дуней тетыкIэмкIэ, я хьэл-щэнкIэ зэтехуэркъым, ягукIи я фэкIи зэмыщхьхэщ, ахэр зэщхьи лъэпкъ драматургием хэткъым.

Дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм лъэпкъ драматургиер, псом хуэмыдэу комедиографиер япэкIэ бэкъуащ. Пэжщ, иджыри хуэмурэ, гугъехь пыухыкIахэр пыщIауэщ абы зэрызиужьар. Ауэ IутIыж Борис, Дэбагъуэ Мухьэмэд, АбытIэ Владимир, Шыд Юрэ, Думэн Мурэдин, Бещтокъуэ Хьэбас, Пщунокъуэ БетIал, Жылэтэж Сэлэдин, Дудар Заремэ, нэгъуэщIхэми я фIыгъэкIэ комедиер лъэпкъ литературэм адрей и жанрхэм къакIэрымыхуу мэкIуатэ. Лъэпкъ драматургхэм художественнэ Iэмал зэхуэмыдэхэр, ауанымрэ гушыIэмрэ Iэзэу къагъэсэбэп дызыхэпсэукI гъащIэм ди хэкуэгъухэр зыIуигъащIэ мыхъумыщIагъэхэм, Iуэху мыщхьэпэхэм зэребэну хэкIыпIэхэр ирагъэлъагъуурэ. Абы фIэщ къыпщещI лъэпкъ драматургием зиузэщIурэ ар адэкIи зэрыкIуэтэнур.

ЕIуэлIапхъэхэр

1. *Бацэ Ф.*Театрыр лъэпкъым и набдзэщ // Адыгэ псалъэ, 2010, дыгъэгъазэм и 12.

2. *Белгорокова Е.* Смотрите, кто пришел (Думэн М. «Хьэкъарэ, ХьэфIыцIэ, Хьэнэхъу е, ХьэкIуцэ, КIуэкIуцэ, КIурацэ») // Кабардино-Балкарская правда, 2002, 3 авг.

3. *Гергова Е.* Сатира с кабардинским эротизмом // Газета Юга, 2005, 3 февр.

4. Дзэмыхь Л. Фыдыхьэшхынумэ, фыкъеблагъэ! (Думэн М. «Уэлий и парашют») //Адыгэ псалъэ, 2005, шыщхьэIум и 6.

5. *Ержыб А.* Адыгэ драматургием къикIуа гъуэгуанэр // Iуащхьэмахуэ, 2009. № 2, н. 139–145.

6. *Жан Нусэ.* ЩыIэщ апхуэдэ театр (Думэн Мурадин и гушыIэ театр) // Iуащхьэмахуэ, 2006. № 1, н. 151–153.

7. *Истепан Залинэ.* ГушыIэ щабэ щIэлъщ, пщIы лъэпкъ хэлъкъым (Дудар З. Лъэгъуныгъэр интернеткIэ) // Адыгэ псалъэ, 2010, щэкIуэгъуэм и 10.

8. *Истепан Залинэ.* «Лъэгъуныгъэр интернеткIэ» зэфIэмыкIыу // Адыгэ псалъэ, 2011, мазаем и 11.

9. *Къэныкъуэ Залинэ.* Дунейр театрщ. Щагъэлъагъуэр сыт? (IутIыж Б. Ажэгъафэ джэгухэр) // Адыгэ псалъэ, 1998, дыгъэгъазэм и 8.

10. *Мальбахова З.* Протест против реальности // Газета Юга, 2003, 16 янв.

11. *Печонова Н.* Серьезные темы комедийного спектакля (М. Думанов «Парашют Уалия») // Горянка. 2008, № 2, 26 марта

12. *Хьэх С.* ЦIыхум я фIэфIымрэ фIагъым и пщалъэмрэ (ІутІыж Б. Жьэмыгъуэ – Африкэм) //Адыгэ псалъэ, 1994. накъыгъэм и 18.

13. *Хьэтау И.* Дунейр чэзущ (Мысостышхуэ П. Дунейр чэзущ) // Адыгэ псалъэ, 2010. мазаем 19.

14. *Шакова М.К.* Истоки и современное состояние кабардинской комедиографии // Вестник КБИГИ, 2005, Вып.12. с. 114–125.

15.*Шакова М.К.* Социально-нравственные проблемы современности в художественном контексте сатирикона Б. Утижева «Ажэгъафэ джэгухэр» // Вестник КБИГИ, 2008, Вып. 15, с. 402–408.

16. *ІутІыж Б.* Лъэужь: тхакІуэм и публицистикэ. – Налшык: Эльбрус, 2007. 628 н.

17. *ІутІыж Л.* ГушыІэр зи Іэпэгъухэр // Іуащхьэмахуэ, 2005, № 6, н. 159–165

Пьесэхэр:

1. *АбытІэ В. Къ.* Пьесэхэр. – Черкесск, 2007, 202 н.

2. *Агъ Зэрэгъыж.* ДыкІуэм-дылъэурэ: дыхьэгъ зыбжанэу зэхэлъ комедие // Іуащхьэмахуэ, 1996. № 1, н. 52–72; № 2, н. 70–93.

3. *Агъ Зэрэгъыж.* Гуащэщыкъуанэ: гушыІэрыуэршэр // Іуащхьэмахуэ, 1998, № 3, н. 125–129.

4. *Агъ Зэрэгъыж.* Зиусхьэн Хьэжыбац: гушыІэ нэщхъей // Іуащхьэмахуэ, 2000, № 3, н. 137–142

5. *Агъ Зэрэгъыж.* Жьэмыгъуэ – Америкэм: нобэрей пэжхэр зи лъабжьэ комедие-шыпсэ // Іуащхьэмахуэ, 2002. № 1. н. 132–137; № 2, н. 125–131.

6. *Агъ Зэрэгъыж.* ЩхьэщэхуэжгушыІэжьей // Іуащхьэмахуэ, 2006, № 5, н. 165–168.

7. *Агъ Зэрэгъыж.* ЩІасэнэху: джэгурыгушыІэ // Іуащхьэмахуэ, 2007, № 1, н. 139–142.

8. *Агъ Зэрэгъыж.* Си лъэхъуэщи – си лъэхъуэщ: гушыІэжьей // Іуащхьэмахуэ, 2007, № 4, н. 156–157

9. *Бещтокъуэ Хь.Къ.* Истамбыл къикІа джэду: едзыгъуищу зэхэлъ трагикомедие // Іуащхьэмахуэ, 2006, № 1, н. 86–113.

10. Дэбагъуэ М.Къ. ФІы зыщІэ щІегъуэжкъым: пьесэхэр. – Черкесск, 1990, н. 288.

11. *Жу З.* Ей, зи унагъуэрэ: трагикомедие // Лъахэ 2008, № 9, – н. 67–98.

12. *Жылэтеж С.* Напэмрэ кІапэмрэ: зы едзыгъуэу зэхэлъ пьесэ // Іуащхьэмахуэ, 2003. № 5, н. 74–83.

13. *Мысостышхуэ П.З.* Дунейр чэзущ: тхыгъэхэр. – Налшык. 2010, н. 181–558.

14. Пщунокъуэ Б. Сэтэней и пшыналъэ: зы Іуэхугъуэрэ теплъэгъуитІу зэхэлъ фарс // Іуащхьэмахуэ, 2001. № 1, н. 141–145.

15. *Тхьэмокъуэ Б.* Псэжьхэр зэрызохьэ: зы едзыгъуэрэ теплъэгъуитІу зэхэлъ пьесэ // Іуащхьэмахуэ, 1996, № 3, н. 57–68.

16. *Шыд Ю.Хь.* Хъуапсэ и псэ кІуэдкъым: едзыгъуитІу зэхэлъ трагикомедие // Іуащхьэмахуэ, 2000, № 6, н. 16–91; 2001, № 1, н. 72–84.

17. *Шидов Ю.Х.* Остров надежды: пьесы. – Черкесск, 2009, 376 с.

18. *ІутІыж Б.Къу.* ГушыІэ махуэ апщий: комедиехэр. Налшык,1993, 256 н.

19. *ІутІыж Б.Къу.* Дыхьэгъхэр: гушыІэ ІэшрыІ // Іуащхьэмахуэ, 1995, № 3, н. 67–105.

20. *ІутІыж Б.Къу.* Дунейр театрщ: дыхьэгъхэр // Іуащхьэмахуэ, 1997, № 1, н. 55–84

21. *ІутІыж Б.Къу.* Дунейр театрщ: пьесэхэр. – Налшык, 1998, 376 н.

22. *ІутІыж Б.Къу.* Хьэпэщыпхэ: джэгузэхэшэрэ джэгугъуэшхуитІу зэхэлъ комедие-фарс // Іуащхьэмахуэ, 2001, № 4, н. 58–103.

23. *ІутІыж Б.Къу.* Олигарх гуащэ: ІыхьиплІу зэхэлъ трагифарс // Къудамэхэр. – Налшык, 2005. н. 239–397.

24. *ІутІыж Б.Къу.* ГушыІэ Іэрамэ: едзыгъуитІрэ теплъэгъуэ зыбжанэу зэхэлъ // Іуащхьэмахуэ, 2009, № 1, н. 38–77

25. *ІутІыж Б.Къу.* ГушыІалъэ. – Налшык, 2003, 348 н.

ЕТІУАНЭ ІЫХЬЭ

САБИЙ ЛИТЕРАТУРЭМРЭ ЛЪЭПКЪ ЩЭНХАБЗЭМРЭ

2.1. Тхыдэ къулей икІи гъэщІэгъуэн зиІэ

Лъэпкъым гупсысэ узыншэ, шэщІа иІэнымкІэ сабий литературэмрэ ар къэзыгъэщІ тхакІуэхэмрэ ягъэзащІэ къалэныр къыпхуэмылъытэным хуэдизу инщ. Ахэращ образ дахэхэр щІэблэм гъуазэ хуащІкІэрэ ныбжьыщІэм и зэчиймрэ зэфІэкІымрэ къызэІуезыгъэхыр. Апхуэдэу лъэпкъ тхакІуэхэм я Іэдакъэщ Іэк Іхэр хуолажьэ цІыхубэм хигъэщхьэхукІа лъапІэныгъэ нэхъыщхьэхэм сабийхэр щІэпІыкІыным, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ хуэпэжу къэгъэхъуным, хэкур фІыуэ ялъагъуу, адэ-анэхэмрэ благъэхэмрэ яхуэфащэ пщІэ хуащІыфу къэгъэтэджыным. Апхуэдиз мыхьэнэ зиІэ сабий литературэм и гъуэгуанэм дриплъэн ипэкІэ, кІэщІ дыдэу къытеувыІапхъэу къыдолъытэ ар езыр зищІысым, абы щІэныгъэлІхэм хуаІэ бгъэдыхьэкІэхэм.

Художественнэ литературэр гъуазджэм Іыхьэ щхьэхуэу къызэрыхэтэджыкІ лъандэрэ сабий темэм гулъытэ хуащІу тхакІуэхэр къогъуэгурыкІуэ. Зэманыр кІуэурэ мы литературэ лІэужьыгъуэм гулъытэ нэхъыбэ игъуэту хуежьащ. Адыгэ литературэм и япэ лъэбакъуэхэми къыбжаІэ ар нэхъ псынщІэу икІи тыншу зэфІэувауэ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ абы иІэт ІуэрыІуатэ къулей, апхуэдэу зыдэплъеин литературэ зызыужьахэр, псалъэм папщІэ, урыс, къуэкІыпІэ лъэпкъ литературэхэр.

Сабий литературэкІэ еджэ хабзэщ цІыкІухэм папщІэ балигъхэм зэхалъхьа художественнэ тхыгъэхэми, балигъхэм яхуэгъэзами, сабийхэр зыдэплъеин, щапхъэ яхуэхъун гъуазэхэмкІэ зэщІэузэда литературэми. Псалъэр зи лъабжьэ гъуазджэм и зы Іыхьэу щыткІэрэ сабий литературэм бгъэдэлъщ художественнэ литературэм псом и щэнхэри: ар щІэныгъэ уэзыгъэгъуэт, гъэсэныгъэ мыхьэнэкІэ къулей псалъэщ. Ахуэдэу сабий литературэр адрейхэм къащхьэщокІ лъэпкъ педагогикэм, зэрагъэлъагъуэ, нэгъуэщІ гъуазджэ лІэужьыгъуэхэм зэрепхамкІэ. Абы литературэр ещІ сабий тхылъеджэм хуэгъэзауэ щыт гъуазджэм и Іыхьэ щхьэхуэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр Іэпкълъэпкъкъ Іи псэкІи зыхищІэным, къэгъэІурыщІэным и пкъыгъуэ щхьэхуэ. Нэгъуэщ Іу жыпІэмэ, щІэблэр дунейм щІытетыр къыгурыІуэнымкІэ ар гъэунэхуауэ щыт Іэмал гъуэзэджэщ. Мыбдежым сабий литературэм и щытыкІэ нэхъыщхьэ щохъу ар гъэсэныгъэегъэджэныгъэ Іуэхум нэхъ тегъэщІауэ щытыныр. А литературэр къызыхэхъукІ тхыдэ лъэхъэнэм, лъэпкъ хьэл-щэным, абы

и художественнэ дуней лъагъукIэм игъуэта зыужьыныгъэм елъытауэ и пащхьэ къиувэ къалэнхэри зэфIегъэкI.

Сабий литературэм и щхьэхуэныгъэщ мы къэкIуэнухэр: абы и лIыхъужь нэхъыщхьэр ныбжьыщIэхэрщ, я ныбжьым тещIыхьащ темэ къиIэтхэри. Апхуэдэу тхыгъэхэр инкъым, сурэт куэди текстым щIыгъущ (нэхъ цIыкIухэм хуэгъэзахэм), я бзэр тыншщ, диалогыр нэхъыбэщи, еджэгъуафIэщ, къэхъукъащIэ куэд хэтщ, гуфIэгъуэ кIэухи яIэщ (фIыр ем щытокIуэ).

Къыхэгъэщын хуейщ, сабийхэм яхуэгъэза тхыгъэхэм ягъэзащIэ къалэнри зэщхьэщыкIыу зэрыщытыр. Ахэр джыным, щIэныгъэр и лъабжьэу къэхутэным елэжьащ щIэныгъэлI, педагог цIэрыIуэхэр. Нэхъыбэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, сабий литературэм и лъабжьэр къыщылъыхъуэн хуейр IуэрыIуатэрщ. Аращ адыгэ сабий литературэм и къыхэкIыпIэ нэхъыщхьэ хъуари, лъэпкъым тхыбзэ щимыIа лъэхъэнэм абы и художественнэ дуней лъагъукIэр зыхъумари. Лъэпкъым а и хъугъуэфIыгъуэ иныр (сабий IуэрыIуатэкIэ дызэджэри хэту) зэхуэхьэсыжыным, джыным, тедзэным ехьэлIауэ куэд зэфIагъэкIащ XIX лIэщIыгъуэм – XX-нэм и пэщIэдзэм псэуа адыгэ щIэныгъэлI-узэщIакIуэхэм. Абы елэжьащ Нэгумэ Ш., Хъан-Джэрий, Бырсей У., ХьэтIохъущокъуэ Къ., Къэшэж ТI., КIэш А., Тамбий П., Дым I., Цагъуэ Н. сымэ. Совет лъэхъэнэм а лэжьыгъэ щхьэпэм пащащ ЩоджэнцIыкIу А., ЩэрэлIокъуэ Т., ЩакIуэ Т., Елбэд Хь., КIуащ Б., Шортэн А., Къардэнгъущ З., Нало З., Гъут I., Бгъэжьнокъуэ Б., Къэрмокъуэ Хь., ТхьэмокъуэЖ., ЦIыпIынэ А. сымэ, нэгъуэщIхэми.

Адыгэ сабий литературэм гъуэгуанэшхуэ къикIуащ, тхыдэ гъэщIэгъуэни иIэщ. Япэ лъэбакъуэхэр абы щичар XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэ ныкъуэрщ. Лъэпкъ узэщIакIуэ нэхъыжьхэм гу лъатат щIэблэр егъэджэн, щIэныгъэ етын зэрыхуейм. Апхуэдэу щIэныгъэлIхэм къагурыIуэрт а Iуэхум ныбжьыщIэхэр езышэлIэн къарууэ щыIэр ахэр зытхьэкъу, дэзыхьэх художественнэ тхыгъэхэр арауэ зэрыщытыр. Псалъэм папщIэ, Нэгумэ Шорэ анэдэлъхубзэр щаджыну еджапIэм щхьэкIэ игъэхьэзырауэ щытащ зэреджэн тхылъ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, тхылъыр ди деж къэсакъым. Абы и пэ къихуэу, щIэныгъэлIыр анэмэт еджапIэм зэман пыухыкIакIэ щылэжьати, шэч хэмылъу, ищIэрт еджакIуэхэм нэхъ етыпхъэ тхыгъэхэр.

Апхуэдэу щытми, XIX лIэщIыгъуэм икухэрщ адыгэ сабий литературэкIэ уеджэ хъуну тхыгъэхэр дунейм къыщытехьар. Ар зи фIыгъэр щIэблэр егъэджэным, гъэсэным, щIэныгъэм зегъэужьыным псэемыблэжу илъэс куэдкIэ хуэлэжьа Бырсей Умарщ (1807 – ?). ЩIэныгъэ куу зиIэ, бзэ зыбжанэ зыщIэ а цIыху акъылыфIэм илъэсипщIым нэблагъэкIэ Ставрополь дэта гимназие цIэрыIуэм щригъэджащ. Аращ япэ дыдэуи

адыгэбзэкIэ «Шэрджэсыбзэм и букварь» (Тифлис, 1853 гъэ) тхылъыр къыдэзыгъэкIари.

Иригъаджэхэм щIэныгъэ къызыхахын, ахэр дэзыхьэхын тхыгъэ зыбжанэ тхылъым ихуащ. Абыхэм я нэхъыбэр щIэныгъэлIым лъэпкъ IуэрыIуатэм къыхихащ, ауэ зыбжани езым зэхилъхьащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, Бырсейм и букварыр хъуащ лъэпкъ тхыбзэм и щIэдзапIэ, адыгэ литературэм и къежьапIэ. Абы и букварым хигъэхьащ «Бажэмрэ дыгъужьымрэ», «Дыгъужьыр, хьэр, бажэр», «АдакъитI», «ТхьэкIумэкIыхьымрэ бажэмрэ» псысэхэр. НэгъуэщI лъэпкъ литературэм къыхихахэу «Уэзырымрэ джэгуакIуэмрэ», «Дэжыгыр, хьэдджашыр» («Сондэджэрымрэ жьакIуэпсымрэ»). Адыгэ хъыбархэм къадэкIуэу мыбы хигъэхьа нэгъуэщI лъэпкъ таурыхъхэр, басняхэр Бырсейм адыгэ гупсысэкIэм, художественнэ дуней лъагъукIэм къригъэзэгъащ. А тхыгъэхэм сабийхэр зыхуагъасэр пэжыгъэрщ, захуагъэрщ, цIыху нэсу, хьэл-щэн дахэ яхэлъу щытынырщ.

Лъэпкъ узэщIакIуэ цIэрыIуэм иришэжьа Iуэху щхьэпэм пащащ абы и гъэсэну щытахэу ХьэтIохъущокъуэ Къазийрэ КIашэ Адэлджэрийрэ. Лъэпкъ щIэныгъэмрэ сабий литературэмрэ япэкIэ гъэкIуэтэным хэлъхьэныгъэ нэхъыбэ хуэзыщIахэм ящыщщ ХьэтIохъущокъуэ Къазий (1841–1899). И егъэджакIуэ Бырсейм и Iуэхум пищэурэ а щIэныгъэлI псэемыблэжым анэдэлъхубзэр щадж еджапIэ 1866 гъэм Налшык къыщызэIуихыгъащ, зы илъэсым нэблагъэкIи абы егъэджакIуэу щылажьащ. 1864–1865 гъэхэм Кавказым щыIэ урысыдзэм и штабым и ягъэIэпхъуэ тхылъ тедзапIэм абы къыщыдигъэкIащ «Къэбэрдей алыфбей», «Саади и «Гюлистаным» щыщу таурыхъ зыбжанэ», «Сосрыкъуэ и пшыналъэм и къедзыгъуитIрэ таурыхъитIрэ» лэжьыгъэхэр. Мыхэр адыгэбзэкIэ (къэбэрдей-шэрджэсыбзэкIэ) япэу дуней къытехьа тхыгъэхэщ.

И алыфбейр щызэхилъхьэми, и анэдэлъхубзэр щригъэджми, абы и нэIэ нэхъ зытетар сабийхэм щIэныгъэрэ-гъэсэныгъэрэ къызыхахын тхыгъэхэр къахухэхынырщ е яхуэтхынырщ. «Къэбэрдей алыфбейм» абы хигъэхьащ езым итхыжауэ тхыгъэ 12. Псом хуэмыдэу щIэщыгъуэщ, художественнэ гъэпсыкIи яIэщ «Джэдыгу зыщыгъ къущхьэ», «Пщы щIалэмрэ лIыжьымрэ», «Хъарзынэ» тхыгъэхэм. Мыбыхэм наIуэ къащI тхыгъэм щIэлъ гупсысэр гурыIуэгъуафIэу, сабийр итхьэкъуу тхынымкIэ ХьэтIохъущокъуэм зэфIэкI хъарзынэрэ Iэзагърэ къигъэлъагъуэу зэрыщытар.

Апхуэдэу гъэсэныгъэ мыхьэнэ зиIэ тхыгъэхэу абы зэридзэкIащ Лермонтов Михаил и «Ашик-Керибымрэ» къэжэр усакIуэ Саади и «Гюлистаным» щыщ хъыбар зыбжанэрэ. Адыгэ щIэныгъэлIым и лэжьыгъэхэм гъэщIэгъуэнагъхэри хэлъщ.

Абы зэридзэкI тхыгъэр игъэкIэщIыртэкъым, щIэлъ гупсысэми зэхъуэкIыныгъэ хилъхьэртэкъым, ауэ адыгэ тхылъеджэм (сабийм) ахэр нэхъыфIу къыгурыIуэн щхьэкIэ, Iуэхур щекIуэкI къалэхэм, абыхэм я тепщэхэм я цIэхэр хигъэкIырт, цIыхухэм зэрахьэ унагъуэ хьэпшыпхэр адыгэхэм къагъэсэбэпхэмкIэ зэрихъуэкIырт. Мыпхуэдэ зэдзэкIыкIэ Iэмалыр къигъэсэбэпу щытащ адыгэхэм къахэкIа тырку тхакIуэшхуэ Мыдхьэт Ахьмэди. ХьэтIохъущокъуэри Мыдхьэтри щыпсэуа лъэхъэнэм (XIX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм) щIэныгъэ зимыIэ я лъэпкъэгъухэм хамэ лъэпкъхэм я культурэр гурыIуэгъуафIэ зэрахуэпщIыфыну щыIар апхуэдэ Iэмалырщ.

ХьэтIохъущокъуэм сабийхэм яхуитха е зэридзэкIа тыгъэхэм я нэхъыбэм лъабжьэ хуищIар дин гъэсэныгъэрщ. Ар щыгугъырт къуажэ мыдрисэхэм щезыгъаджэ Iустазхэм адыгэбзэри цIыкIухэм ирагъэщIэну. Ауэ «джаур тхылъ» муслъымэн еджапIэхэм щIрамыгъэхьэну Iустазхэр къыщыувым, щIэныгъэлIым къыгурыIуэжащ зэрыщыуар. Апхуэдэу щытми, ХьэтIохъущокъуэр къыпыкIыркъым дунейм и зэхэлъыкIэр, щIыуэпсым къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр щIэныгъэм и хабзэхэм тету къэгъэлъэгъуэным. Абы щыхьэт тохъуэ К.Д. Ушинскэм и «Сабий дуней» лэжьыгъэм статьяитI къыхихыу зэрызэридзэкIар: «Хьэуар», «Псыр».

Лъэпкъым тхыбзэ къыхузэгъэпэщыным, щIэблэр и бзэкIэ еджэу, щIэныгъэ зрагъэгъуэту щытыным зи гуащIэри гъащIэри тезылъхьа узэщIакIуэ цIэрыIуэм и гупсысэхэм, Iуэху еплъыкIэхэм я мыхьэнэм ноби хэщIакъым. Апхуэдэу инщ абы и япэ сабий художественнэ тхыгъэхэм я пщIэри. Ахэращ лъэпкъ (къэбэрдей-шэрджэс) сабий литературэм щIэдзапIэ хуэхъуари. УзэщIакIуэ, гъэсакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэм и Iуэхур адэкIэ ягъэкIуэтащ Тамбий Пагуэ, Къэшэж ТIалиб, Сиихъу Сэфарбий, Дым Iэдэм, Цагъуэ Нурий сымэ.

Къызэрыхэдгъэщащи, лъэпкъ сабий литературэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ адыгэ сабий щэнгъасэм. ХьэтIохъущокъуэм и лэжьыгъэм, творчествэм и къыщIэдзапIэри аращ. Абы и мыхьэнэр фIыуэ къагурыIуэу, ар егъэфIэкIуэн и лъэныкъуэкIэ и гуащIэрэ зэманрэ емыблэжу лъэпкъым лэжьыгъэ щхьэпэ хуищIащ узэщIакIуэ цIэрыIуэ Тамбий Пагуи (1873–1928). Абы и талант иныр гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым къыщигъэсэбэпащ. Пагуэ егъэджакIуэхэр щагъэхьэр училищи (Гори къ.), институти (Тифлис къ.), инженер IэщIагъэм щыхурагъаджэ институти (Ригэ къ.) къиухат. Тамбийрщ узэщIакIуэхэм ящыщу лъэпкъ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжыным, къытрегъэдзэным нэхъыбэу елэжьар. А Iуэхум ар тригъэгушхуат урыс еджагъэшхуэ Л.Г. Лопатинскэм. Ар XIX лIэщIыгъуэм и кIэхэм къыдэкIыу щыта «Кавказым

и щIыпIэхэмрэ и лъэпкъхэмрэ теухуа тхыгъэхэм я сборникым» (СМОМПК) и редактору лэжьащ. Аращ нэхъыбэу къызытехуар ХьэтIохъущокъуэ Къ., КIашэ А., Тамбий П. сымэ зэхуахьэсыжауэ, ятхыжауэ щыта лъэпкъ Iущыгъэхэр.

Художественнэ Iэзагъ ин хэлъу Тамбийм итхыжащ лъэпкъ IуэрыIуатэм щыщ хъыбар, таурыхъ, пшыналъэ, уэрэд куэд. Ахэр урысыбзэкIэ зэридзэкIыурэ журналхэм, сборникхэм къытрыригъэдзащ. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, адыгэ уэрэдыжьхэу «Гуащэгъагъ», «ЩэрэлIыкъуэ», «Андемиркъан и лIэкIар», «Къарэкъэщкъэтау», «Афэ джанэм теухуа уэрэд», «Унажэ», нэгъуэщIхэри. Лъэпкъым къыдекIуэкI хъыбарыжьу 5 («Редадэ», «Гуащэгъагъ теухуа хъыбар», «ТхьэщIыгъу мэзым теухуа хъыбар», «Къуалэ-пелуаныр», «Iей къозыщIам фIы хуэщIэ»), таурыхъыу 21-рэ («Псэущхьэ телъыджэхэмрэ щхьэрыуэ башымрэ», «ЩакIуэ Хьэсанэрэ мэкъуауэ Хьэсанэрэ», «Фыз лъыхъуэ», «IэщIагъэ зиIэ кIуэдыркъым», «Зэ уэгъуэм мин зыукI факъырэ», «Адэм и ныбжьэгъужьхэр», «Нарун», «Пхъумрэ мылъхупхъумрэ», «ЛIыжь цIыкIумрэ дыгъужьымрэ», нэгъуэщIхэри) Тамбийм и фIыгъэкIэ тхауэ къэнащ. Апхуэдэу псалъэжьу, псалъэ шэрыуэу, къуажэхьу, псынщIэрыпсалъэу, нэщэнэу 893-рэ зэхуихьэсыжат узэщIакIуэ иным. АбыкIэ Тамбийм къигъэлъэгъуащ тхыбзэ зэкIэ имыIэми, адыгэр лъэпкъыжьу зэрыщытыр, зэхэщIыкIышхуэрэ щэнхабзэ дахэрэ зэрыбгъэдэлъыр.

Ди дежкIэ нэхъыщхьэращи, мыпхуэдэу лъэпкъ Iущыгъэм и кIадэм къриха налкъутналмэсхэрщ Тамбийм и «Адыгэбзэм и азбукэ» тхылъым (1906) хигъэхьахэр, езым итхыжа рассказхэми я нэхъыбэм я лъабжьэр IуэрыIуатэ мотивхэрщ. Мы букварымкIэщ бгырыс сабийхэм папщIэ Налшык къыщызэIуахауэ щыта еджапIэмрэ реальнэ училищэмрэ ныбжьыщIэхэр адыгэбзэм зэрыхурагъаджэу щытар. Бырсей У., ХьэтIохъущокъуэ Къ. сымэ я щапхъэщ Тамбийри зытетыр. Абыи и тхылъым хигъэхьащ къуэкIыпIэ лъэпкъхэм я IуэрыIуатэм къыхихыу адыгэбзэкIэ зэридзэкIа хъыбар, рассказ кIэщI цIыкIухэр. Ауэ мыбы и тхылъым щIыпIэ нэхъыбэ щаубыдащ дыкъэзыухъуреихь дунейм и щэхухэм теухуауэ К.Д. Ушинскэм, Л.Н. Толстой, М.И. Паульсон сымэ я учебникхэм къриха тхыгъэхэм. ЩызэридзэкIым щыгъуэ, Тамбийм ахэр лъэпкъ гупсысэкIэм къригъэзэгъащ, лъэпкъ плъыфи ящIигъэлъэдащ. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм ахэр адыгэ художественнэ культурэм щыщ ищIащ, сабийхэри тыншу еджэ, къагуроIуэ хъуащ.

Лъэпкъ педагогикэм, цIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным и Iуэхур къапщтэмэ, абы хэлэжьыхьахэм ящыщу зи цIэ къиIуапхъэхэм я япэ сатырым щытщ Дым Iэдэм (1878–1937). Мы цIыху щэджащэм и цIэм пыщIащ Къэбэрдейм япэу

къыщызэрагъэпэща тхылъ тедзапIэри, япэу адыгэбзэкIэ «псалъэу» дунейм къытехьа «Адыгэ макъ» газетри, лъэпкъ педагогикэм и хабзэхэр щыубзыхуа япэ «Щэнгъасэ» лэжьыгъэшхуэри, адыгэ щэнхабзэм и купсэ Бахъсэн хъууэ зэрыщытари. Дуней псом и еджапIэ нэхъыжь дыдэхэм ящыщ зы, Каир (Египет) дэт университетыр къиухри, магистр диплом иIыгъыу, 1912 гъэм и хэкум къигъэзэжауэ щытащ Дымыр икIи и лъэпкъэгъухэр зыхэт щIэныгъэншагъэм къыхэшыным и IэнатIэ гугъум занщIэу пэрыуваУэ щытащ.

1913 гъэм хьэрып хьэрфхэр и лъабжьэу Дымым адыгэбзэм алыфбей хузэхилъхьэри Темырхъан-Шура (Буйнакск къ., Дагъыстан) къыщыдигъэкIащ. Ар дыдэм дунейм къыщытехьащ хьэрыпыбзэм кърихыу сабийхэм папщIэ зэридзэкIа «Сабийхэм я IункIыбзэIух» («Тухват-аль-Атфаль»), «Фыз хъыбар» тхылъхэр. Абыхэм къакIэлъыкIуащ Дымым 1917 гъэм Къэзан къыщыдигъэкIа «ПсалъэфI» тхылъыр, Бахъсэн къыщызэригъэпэща тхылъ тедзапIэм «къыщIэкIыу» хуежьа «Адыгэ макъ» газетыр, щIэблэр егъэджэным, гъэсэным тегъэщIапIэ хуэхъуа «Щэнгъасэ» лэжьыгъэшхуэр (1918).

IыхьитIу зэхэлъ «Щэнгъасэ» тхылъым ит тхыгъэхэр зэхэгъэуващ муслъымэн диным и хабзэхэм тету сабийр зэрагъасэ хъыбар, усэ, рассказ, эссе кIэщI цIыкIухэурэ. Абыхэм къызэщIаубыдэ сабийм и гъащIэм дежкIэ мыхьэнэ пыухыкIа зиIэ Iуэхугъуэ псори, псалъэм папщIэ, цIыху пэжу, къабзэлъабзэу, жимыIэпхъэ жимыIэу, жыIэщIэу, и нэмэз уахътыхэри блимыгъэкIыу щытын зэрыхуейр. Iэдэм и тхыгъэхэм гупсысэ нэхъыщхьэу ящIэлъыр щIэблэм гъэсэныгъэ тэмэм етынырщ, адэ-анэм пщIэ хуащIу, фIэлIыкIыу, я псалъэр ягъэзащIэу, хьэл-щэн къекIухэр яхэлъу псэунырщ. Абы и щапхъэщ «ЩэныфIэ цIыкIум жиIар» усэр. Абы еджакIуэм ищIэн, зэрыщытын хуейхэр къыщебжэкIащ, щIэблэм хэлъын хуей хьэлыфI куэдым и гугъу щыщIащ:

Жьэр гъэкъабзэ
Бзэр гъэIэсэ,
ПцIы умыупс...
Бзаджэм уемыуалIэ...
Напэр хужьуэ,
Щэныр дахэу ущытмэ,
ФIыуэ укъалъэгъунщ.

Дунейм къыщыхъу-щекIуэкIхэм щIагъуэу хэзымыщIыкI лъэпкъ сабийхэм и «Щэнхабзэ» тхылъым абы щахуеIуатэ цIыху гъащIэм сэбэпынагъ щызиIэ, ар къэзыухъуреихь къэкIыгъэхэм, жыгхэм, Iэщхэм, псым, дыгъэм къалэнзэхуэмыдэ ягъэзащIэхэр. Псалъэм щхьэкIэ, а тхылъым зэрыщыжыIамкIэ,

«псым фІагъ куэд, фейдэ ин иІэщ: дофэ, Іэщхэм, удзхэм ираф, ди щыгъын, ди Іэпкълъэпкъхэр абыкІэ догъэкъабзэ. Ар димыІэу дыпсэуфынукъым». Нэхъыбэж къытхуещ Іэ дыгъэми, абы «дунейр нэху, хуабэ ещІ. Дыгъэр щымыІэжым цІыхуи, Іэщи щыІэжынтэкъым. Удзри хэхъуэжынтэкъым. Дыгъэр мыхъум махуэкІи тлъагъунтэкъым, жэщми дымылъагъужІауэ кІыфІ хъунт. АрщхьэкІэ дыгъэм и нурыр мазэм тредзэри жэщри нэху мэхъу».

УзэщІакІуэм къыгуроІуэ дэтхэнэ зы ныбжьыщІэми хьэл къекІухэри хэлъын зэрыхуейр. Абыхэм ящыщ зыуэ щІэныгъэлІым къилъытэр пэжыгъырщ. «Щэнгъасэ» тхылъым абы зэрыщитхымкІэ, «дзыхь зыхуащІыр цІыху щыпкъэращ... Дэтхэнэ зыри зэрыщыт дыдэр къозыгъащІэр пэжыгъэращ... ЦІыху пэжыращ зэхуагъэри, гу къабзагъэри, щэн дахэри зыбгъэдэлъыр». И мыхьэнэкІэ пэжыгъым къыкІэрыхуркъым цІыхугъэри. УзэщІакІуэм къызэрилъытэмкІэ, ари дэтхэнэ зы цІыхури зыгъэлъагэ хьэлхэм ящыщ зыщ, къэхъу щІэблэм ар щызыхегъэлъхьэн хуейр щысабийм дежщ.

«Щэнгъасэм» ит тхыгъэхэм куэдрэ уащрохьэлІэ хьэл мыхъумыщІэм цІыхур зэригъэпудым, апхуэдэм фэи ирамыплъу, пщІэ щІагъуи имыІэу и дунейр зэрихьым. Дэтхэнэми зыщызыддзеин хуей апхуэдэ щэн икІэхэм ящыщ зыуэ Дым Іэдэм къелъытэ пщІыр. Ар зэмылІэужьыгъуэ куэд мэхъу, абы фэ зэхуэмыдэхэр зытрегъэлъадэ, ауэ нэхъыбэм, зэ мыхъуми зэ Іэмал имыІэу къыщІощыж – абы нэхърэ нэхъ икІагъэрэ щІыхьыр зыгъэлъахъшэрэ щыІэкъым. ЩІэныгъэлІым пэжу гу зэрылъитащи, «ПцІыр мэкъу хьэвэ дыгъэлым хэхуа мафІэ хъуаскІэм хуэдэщ... Сыт хуэдиз пэж жиІами, пцІыупсым дзыхь хуащІыжыркъым». Абы и щІыІужкІи «цІыху пцІыупсыр си пцІыр къыщІэщынущ, си напэр текІынущ, укІытэгъуэ къыслъысынущ – жери абы и гузэвэгъуэм, и бэлыхьым ехьыр».

ЩІэблэр гъэсэным и Іуэхум гуащІафІэу хуэлэжьащ Дым Іэдэмрэ Цагъуэ Нурийрэ къыдагъэкІыу щыта «Адыгэ макъ» газетри. Мыбы нэхъыбэрэ къыщаІэту щытар ныбжьыщІэхэм щІэныгъэ егъэгъуэтын, лъэпкъым къыдекІуэкІ хабзэфІхэм, дин пэжым щІэпІыкІын зэрыхуейрщ. Ахэрат зыхуэгъэпсар адыгэ ІуэрыІуатэм къыхихыжурэ цІыкІухэм папщІэ газетым къытридзэу щыта хъыбар, таурыхъ цІыкІухэр, Цагъуэ Нурий и художественнэ тхыгъэ кІэщІхэр. Дым Іэдэм и узэщІыныгъэ лэжьыгъэхэм мыхьэнэшхуэ яІащ адыгэхэм я зэхэщІыкІым хэгъэхъуэнымкІэ, щІэблэр егъэджэныр, щІэныгъэм хэшэныр зыужьыныгъэм и хэкІыпІэ закъуэу зэрыщытыр къагурыгъэІуэнымкІэ.

Дым Іэдэм и сабий тхыгъэхэм куэдрэ къызэрыхэщым хуэдэу, абы лэжьэгъуфІу, ныбжьэгъу пэжу иІащ Цагъуэ Нурий (1883–1936). ИпэжыпІэкІэ а тІур хъуат, Бахъсэн куейм имызакъуэу,

Къэбэрдейм а лъэхъэнэм щекIэкIа щэнхабзэ зэщIэхъееныгъэм и гъуазэ. Нурии Истамбыл дэт университетыр юрист IэщIагъэр иIэу къиухат, ауэ 1913 гъэм хэкум къигъэзэжри дунейм ехыжыху зыхуэлэжьар узэщIыныгъэ Iуэхурщ. Дым Iэдэм щIыгъуу «Адыгэ макъ» газетыр къыдигъэкIыу щытащ. Аращ Цагъуэм щIэблэр гъэсэным теухуа и статьяхэр, сабий художественнэ тхыгъэхэр нэхъыбэу къызытехуари. Бахъсэн тхылъ тедзапIэм абы къыщыдигъэкIащ «Хьэишэт гуащэм и щытхъу» (1917), «Муслъымэн тхыдэ» (1918), «Адыгэ тхыдэ» (1918) тхылъхэр. 1917 гъэм Дым Iэдэм и гъусэу Цагъуэм къыдигъэкIа «Тхыбзэ» алы фбеймкIэ адыгэ сабийхэр ирагъэджащ 1923 гъэ пщIондэ.

Совет псэукIэр Къэбэрдейм щыува нэужьи Цагъуэм зэпигъэуакъым фIыуэ илъагъу Iуэхур – щIэблэр гъэсэным хуэлэжьэныр. 20 гъэхэм абы итхащ «ЩIалэ гъуазэ» (1925), «Сабий литературэ» (1926), «Дунейр зэрызэхэлъыр» (1927) тхылъхэр. А узэщIакIуэм лъэпкъым и щхьэхуитыныгъэри абы и псэукIэм и ефIэкIуэныгъэри зрипхыр щIэныгъэрт. Абы къыхэкIыу къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжырт гъащIэм, дунейм и зэхэлъыкIэр щIэблэм къагурыгъэIуэныр, ныбжьыщIэхэм я зэхэщIыкIыр къэIэтыныр. Абы и тхыгъэхэр нэхъыбэу зыхуитхыр ныбжьыщIэхэрт, аращ абыхэм гъэсэныгъэм, ущиныгъэм ехьэлIа чэнджэщхэр щIебэкIыр.

Цагъуэ Нурий и художественнэ тхыгъэхэм цIыкIухэр къыхураджэ щIэныгъэ зрагъэгъуэтыну, къэзухъуреихь дунейм набдзэгубдзаплъэу, псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэмрэ хуэсакъыу, гущIэгъу хуаIэу щытыну. Апхуэдэ гупсысэхэр щыпхрышащ «Тхыбзэ» тхылъым хигъэхьа «ЗэныбжьэгъуитI», «Хьэндыркъуакъуэ», «Хьэмрэ джэдымрэ», «Узыншагъэ», «Машэ еджэкIэ зэриIуатэр», «Псынэ щIыIэ», «Зы псы ткIуэпсым и таурыхъ», «Трасэхэр», «Уэсыр сытым къыхэкIрэ?», «Цыжьбанэ лIыхъужьыр», нэгъуэщIхэми.

ЕгъэджакIуэ-гъэсакIуэм фIыуэ къыгурыIуэрт еджапIэхэм япэ лъэбакъуэхэр щIэзычэ къуажэ сабийхэм куэд ящIэн зэрыхуейр. Абы и лъэныкъуэкIи нэхъыщхьэу щытыр а цIыкIухэм еджэкIэ, лэжьэкIэ, зыIыгъыкIэ, цIыху хэтыкIэ, я узыншагъэм и хъумэкIэ сыт хуэдэхэр егъэщIэнырт. Ахэр псори щIэныгъэлIым къыщеIэтыр «Узыншагъэ», «Псынэ щIыIэ» рассказхэм.

Псым, жьым, уэсым я къэхъукIэ, абыхэм я мыхьэнэрщ зэ еплъыгъуэкIэ «Зы псы ткIуэпсым и таурыхъ», «Трасэхэр», «Уэсыр сытым къыхэкIрэ?» рассказхэр Цагъуэм зытриухуэр. Ахэр тхыгъэхэм удихьэхыу, гъэщIэгъуэн пщымыхъункIэ Iэмал имыIэу къыщыIуэтащ. Ауэ, абы къыдэкIуэуи, дэ къызэрытлъытэмкIэ, ахэр художественнэ тхыгъэ ящI а зытепсэлъыхьхэм езы цIыкIухэр персонажу зэрыхэтым. Пэжщ, нэхъыбэм ахэр сабийхэщ, ауэ абыхэм я образхэм Цагъуэм

пэжу хипщэн хузэфIэкIащ япэ лъэпкъ еджапIэхэм еджэн щыщIэзыдза цIыкIухэм я набдзэгубдзаплъагъыр, щIэныгъэм я нэ къазэрыхуикIыр, псори яфIэхьэлэмэту, зрагъэщIэну зэрыхущIэкъур. Образ зэгъэпэщыкIэм щыгъуазэу, ар къехъулIэу тхакIуэм зэрыщытар хыболъагъуэ «Уэсыр сытым къыхэкIрэ?» рассказым. Абы и лIыхъужь нэхъыщхьэ КIунэ цIыкIу, илъэс пщыкIуз фIэкI и мыныбжьми, куэдым йогупсыс, псори фIэхьэлэмэтщ, щIыуэпсым и щэхухэр зэрызэригъащIэным хущIэкъу. А пщащэ набдзэгубдзаплъэми и хьэл нэхъыщхьэу Цагъуэ Нурий къыхигъэщхьэхукIар абы и «ерыщагъэрщ, мурад зыхуищIа, зи ужь ихьа дэтхэнэ зы Iуэхури и кIэм зэрынигъэсырщ».

Цагъуэ Нурий художественнэ талант зэрыбгъэдэлъым, зытепсэлъыхьыр наIуэу уи нэгум къыщIигъэувэфу, гъащIэм и къэгъэлъэгъуэкIэр ищIэу, къагъэсэбэп Iэмалхэм щыгъуазэу зэрыщытам и щыхьэту къэпхь хъунущ абы и «Цыжьбанэ лIыхъужь» рассказыр. А псэущхьэ цIыкIум и псэукIэр гукъинэжу къызэриIуэтам къыдэкIуэу, абы щызэфIэгъэуващ езы цыжьбанэм и теплъэр. Сыт хуэдэ шынагъуэми къыпимыкIуэту ар зэрыпежьэр, и бийхэм зэратекIуэр, лей зылъысхэм дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъур сабийхэм псэущхьэ цIыкIур фIыуэ езыгъэлъагъу Iэмалщ. Мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ еух а рассказыр: «Пщэдджыжьым дыгъэри къыщIэкIри удзхэм ятехьа уэсэпсхэр ягъэгъущыжащ. Гъуейм хэс бзухэм уэрэд жаIэрт, блэ шынагъуэм цыжьбанэм зэрыIэщIигъэкIахэр ящIэрт».

Пэжщ, художественнэ гъэпсыкIэ и лъэныкъуэкIэ дагъуэ зыхуэпщIын Цагъуэ Нурий и япэ рассказхэм ябгъэдэлъщ, ауэ ди дежкIэ нэхъыщхьэр сабий щэнгъасэ Iуэхум иригузавэу, адыгэбзэкIэ псыхьа тхыгъэхэр и щIэблэм ябгъэдилъхьэрэкIэрэ лъэпкъ художественнэ гупсысэм и IэфIыр къагуригъэIуэну, зэхригъэщIыкIыну ар яужь зэритарщ.

Октябрь революцэм иужькIэ бгырыс лъэпкъхэм тхыбзэ яIэ хъуащ. Абы къыдежьащ къуажэ еджапIэхэм анэдэлъхубзэр щегъэджыныр. XX лIэщIыгъуэм и 20–30 гъэхэм лъэпкъ тхыбзэр зытет графикэр зыбжанэрэ яхъуэжын хуей хъуами, сабийхэр зэрырагъаджэ тхылъу, пособие зэмылIэужьыгъуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыдагъэкIым куэдкIэ хэхъуащ. Лъэпкъ сабийхэм щхьэхуэу тхылъхэр, художественнэу гъэпса тхыгъэхэр зэрыт, зэреджэн тхылъ яхузэхэлъхьэн, яхузэгъэпэщын зэрыхуейр къагурыIуэу а Iуэхум елэжьащ Цагъуэ Нурий, Елбэрд Хьэсэн (1896–1967), ЩоджэнцIыкIу Алий (1900–1941) сымэ. Псалъэм папщIэ, абыхэм зэхалъхьауэ щытащ 1931 гъэм къыдэкIа «Артель» тхылъыр. ЩIэблэр егъэджэныр, гъэсэныр къалэн нэхъыщхьэу къэралым щыуват, арат зыхуэунэтIар «культурэ революцэкIэ» зэджэ лэжьыгъэ щхьэпэр. Абы и мыхьэнэр фIыуэ къызыгурыIуэ адыгэ щIэныгъэлIхэм

еджапІэхэр зыхуеину тхылъхэр хуагъэхьэзырт, езыхэм я нэхъыбэри егъэджэныгъэ ІэнатІэм пэрытт. Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ я Іуэхум а илъэсхэм къэмыланджэжу бгъэдэтахэм ящыщщ ЩэрэлІокъуэ Т., Цагъуэ Н., Цагъуэ М., ЩоджэнцІыкІу А., Борыкъуей ТІ., ДыщэкІ М., Елбэрд Хь., ТІажь Ш., Кумыщ Хь., Хьэбырэ И., ЩоджэнцІыкІу І. сымэ, нэгъуэщІхэри.

А къалэн мытыншым гурэ псэкІэ еувэлІат ЩэрэлІокъуэ Талъустэни (1884–1937). ЩІалэм щІэныгъэ куу зригъэгъуэтыну хунэсащ: абы къиухащ бгырыс сабийхэм папщІэ Налшык къыщызэІуахыгъа еджапІэр (1897), къуэкІыпІэ лъэпкъхэм я бзэхэмкІэ Бытырбыху университетым и факультетыр (1916). Адыгэбзэм къыдэкІуэу ищІэрт урысыбзэри, французыбзэри, хьэрыпыбзэри, тыркубзэри, балъкъэрыбзэри.

Лъэпкъ щІэблэр егъэджэным гурэ псэкІэ еувэлІа щІалэм зэхелъхьэ езым и алыфбей. Совет лъэхъэнэм къриубыдэу аращ япэ букварыр къыдэзыгъэкІар – «Алыфбей. Ипэм щаджынур». Латин хьэрфхэм тет а алыфбеймкІэ тхылъхэр, газетхэр къыдэкІыу щІидзащ 1924 гъэм. Художественнэ тхыгъэ итхахэм нэмыщІ, а тхылъым абы хигъэхьащ еджакІуэхэм гъэсэныгъэ къызыхахын, я гупсысэм, зэхэщІыкІым зезыгъэужьын хъыбар, псысэ гъэщІэгъуэнхэр. Езым къигупсысахэри хэту, абыхэм я нэхъыбэр щІэныгъэлІым адыгэ ІуэрыІуатэмрэ нэгъуэщІ лъэпкъ литературэхэмрэ къахихащ. Абыхэм ящыщхэщ «Бажэмрэ жызумымрэ», «Шыдым и Іэмал», «Джэдымрэ пщІащхъуэмрэ», «Бдзэжьеящэмрэ бдзэжьей цІыкІумрэ», «ЧыщІитІ», «Бажэмрэ ажэмрэ», «Хьэмрэ дыгъужьымрэ» нэгъуэщІхэри. А хъыбар кІэщІхэм ящІэлъ гупсысэхэр егъэджакІуэм тэмэму еджакІуэм бгъэдимылъхьэфынкІэ зэрыхъунум игъэшынэ щІэныгъэлІым Іэмал зэхуэмыдэхэр къегъэсэбэп. Псалъэм папщІэ, рассказхэр, усэхэр («Гугъэ», «ЦІыхур», «Псэмрэ Іэпкълъэпкъымрэ») зытеухуахэр езы щІэныгъэлІым, псалъэжь щІыкІэу ухуауэ, тхыгъэхэм я кІэм къыщехь. Гъэсэныгъэ зыхэлъ апхуэдэ чэнджэщ-ущиекІэщ абы хъыбархэр зэриухыр: «Ныбэр ерыскъыкІэ умыкудащэм узыншагъэщ», «Мычэму ягъэкъабзэ Іэмэпсымэр куэдрэ зокІуэ», «Іэуэлъауэ щыкуэдым акъыл щымащІэщ», нэгъуэщІхэри.

Къыхэгъэщын хуейщ адыгэбзэкІэ ятха япэ пьесэри ЩэрэлІокъуэм и ІэдакъэщІэкІыу зэрыщытри. «Къэзанокъуэ Жэбагъы» драмэр зытеухуари щІэлъ гупсысэри сабий литературэм екІуэлІащэу щымытми, ар зыхуитхар реальнэ училищэм щІэс еджакІуэхэрт. Пьесэм къытращІыкІа спектаклыр зыгъэувари, абы щыджэгуари езы еджакІуэхэрщ. Лъэпкъ художественнэ дуней еплъыкІэм къигъэщІа сабий рассказхэм («Мывэ», «ПцІыупс», «Джэдымрэ дыщэ джэдыкІэхэмрэ», н.) къадэкІуэу ЩэрэлІокъуэм къытхуигъэнащ

щалъхуа и хэкур, щIыуэпсыр щигъэлъапIэ усэхэри («Кавказ дахэ», «Мазэ», н.). ЩэрэлIокъуэм и фIыщIэкIэ адыгэбзэкIэ «къэпслъащ» А. Пушкиным, Н. Гоголь, В. Вересаевым я художественнэ тхыгъэ зыбжанэ.

ЩэрэлIокъуэр ящыщщ лъэпкъ щэнхабзэр, щIэныгъэр япэкIэ гъэкIуэтэным зи гуащIэ ин хэзылъхьа иужьрей адыгэ узэщIакIуэхэм. ГуащIафIэу 20–30 гъэхэм абы дэлэжьащ Борыкъуей ТIутIэ (1888–1937). Борыкъуейри ящыщщ дин еджапIэм къыщIэкIыу литературэ Iуэхум хыхьахэм. Абы Налшык мыдрисэ къыщиухащ, къуажэ молэуи, Аруан куейм и шэрихьэт судым и унафэщIуи лэжьащ, къэбэрдей шууей полкым хэту Япэ дунейпсо зауэми хэтащ. Октябрь революцэм иужькIэ ЛУГ-м адыгэбзэр щригъэджащ, Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым егъэджакIуэу, кафедрэм и унафэщIу щылэжьащ.

Борыкъуей ТIутIэ и Iэдакъэ къыщIэкIащ егъэджэныгъэм, гъэсэныгъэм, лъэпкъым зезымыгъэужь, адрейхэм къакIэрызыгъэху хабзэжьхэр зэхэнэным ехьэлIа лэжьыгъэ зыбжанэ («Гъуэгущ Iэ», «ЛIы дэкIуэныгъэ», н.). Ауэ нэхъ зыхуэтхэр цIыкIухэрт. Iуэхур зытрищIыхьри и тхыгъэхэм я художественнэ гъэпсыкIэртэкъым, атIэ купщIэрт. Абы къыхэкIыу Борыкъуейм и усэхэмрэ рассказхэмрэ ягъэзащIэр еджакIуэхэм яхуэщхьэпэн, я къэухьым зегъэузэщIын къалэнт. Псалъэм папщIэ, «Советхэм я власть», «КИМ», «Октябрым и 25-р», «Сыхьэт махуэ дэ дежьащ», «Пионер уэрэд» усэхэр зыхуэгъэзар ныбжьыщIэхэрщ. Ахэр нэхъыбэу зыхуэгъэпсар сабийхэр Iуэхугъуэ гуэрым къыхуеджэнырщ, зэщIэгъэуIуэнырщ. Апхуэдэ къалэнщ ягъэзащIэр «ЩIалэ таурыхъ къом» (1931) тхылъым ит рассказ, зарисовкэ, теплъэгъуэ цIыкIухэми. А тхыгъэхэмкIэ тхакIуэр хущIокъу псэукIэщIэм и хабзэхэр, гупсысэ пэрытхэр гурыIуэгъуэу еджакIуэ цIыкIухэм яхуиIуэтэну.

Борыкъуей ТIутIэ и художественнэ тхыгъэхэм 20–30 гъэхэм мыхьэнэшхуэ яIащ ныбжьыщIэхэр егъэджэным, щIэныгъэм, зэманым къигъэщI гупсысэ пэрытхэм ешэлIэным хуэунэтIауэ.

Борыкъуейр зэрыкIуа гъуэгурщ къыхихар Елбэрд Хьэсэни (1886–1967). Къуажэ мыдрисэр къиуха нэужь абы и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Дагъыстаным. ИужькIэ езым Бахъсэн мыдрисэм хьэрыпыбзэр щригъаджэу лэжьащ. Апхуэдэу ар щылэжьащ егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтым, Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым адыгэбзэмкIэ и секторым и унафэщIу. 30–50 гъэхэм адыгэбзэр ди школхэм зэрыщаджа учебникхэм я нэхъыбэр зэхэзылъхьар Елбэрдырщ. Апхуэдэу бзэм зегъэузэщIыным, абы и хабзэхэр джыным ехьэлIауэ Хьэсэн къыдигъэкIащ ноби зи мыхьэнэр нэхъ лъахъшэ мыхъуа щIэныгъэ лэжьыгъэ зыбжанэ: «Адыгэ тхыбзэр къызэрежьар», «Къэбэрдей тхыбзэм и

тхыдэм щыщ», «ЩIыхубэм я бзэр литературэбзэм и лъабжьэщ, и къыхэкIыпIэщ», «ЛитературэбзэкIэ зэджэр сыт?», «Тэмэму псэлъэн», нэгъуэщIхэри.

ЩIэблэр егъэджэнымрэ гъэсэнымрэщ зыхуэгъэпсар абы и художественнэ тхыгъэ кIэщIхэр. Абыхэм нэхъыбэу ущрихьэлIэри сабийхэм яхуитха буквархэмрэ ахэр зэреджэ тхылъхэмрэщ. Елбэрдым и сабий рассказхэмрэ адыгэ усэ гъэпсыкIэм (тоникэ) тету зэхилъхьа усэ кIэщI цIыкIухэмрэ я сюжетхэр лъэпкъ IуэрыIуатэм къыхихащ е езым къигупсысащ, псалъэжь гуэрхэм ящIэлъ Iущыгъэр лъабжьэ яхуищIурэ. Мыпхуэдэ Iэмалыр ХьэтIохъущокъуэ Къазии къигъэсэбэпу щытащ. IэщIагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, абы и фIыгъэкIэ сабийхэм псынщIэу зэхагъэкIыф хъурт Iеймрэ фIымрэ, езы цIыкIухэр зыхэпсэукI дунейм щызекIуэ мыхъумыщIагъэхэм зыпыIуадзыфу хуигъасэрт.

Елбэрдым и сабий усэхэмрэ рассказхэмрэ зэгъэуIууэ ихуащ 1960 гъэм къыдэкIа «Таурыхъхэр» тхылъым. Балигъхэм папщIэ итха тхыгъэхэр («ТхылъымпIэ лъэгущIыхь», «Истамбылакуэ», «Къущхьэ Жамбот», н.) дунейм къыщытехьар 1993 гъэрщ. Ахэр ихуащ егъэджакIуэ-гъэсакIуэ цIэрыIуэм, тхакIуэм и лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэсыжа «Елбэрд Хьэсэн. Гукъинэж» тхылъым (1993). Елбэрдыр икIи зэдзэкIакIуэ Iэзэт, абы и фIыгъэкIэ лъэпкъ тхылъеджэ ныбжьыщIэхэм адыгэбзэкIэ яIэрыхьащ В. Шишков и «ГушыIэ рассказхэр», Дж. Свифт и «Гулливер лилипутхэм я деж» («Гулливер и къэкIыхьыныгъэр» тхыгъэм щыщ Iыхьэ), А. Пушкиным и «Борис Годунов» тхыгъэ цIэрыIуэхэр.

Лъэпкъ узэщIакIуэхэм я иужьрей щIэблэщ Елбэрд Хьэсэн. Япэ итахэм зыIэрамыгъэхьэфа хъуэпсапIэр – адыгэр щIэныгъэ гъуэгум техьауэ ялъагъуныр – къызэхъулIари, и лэжьыгъэшхуэхэм папщIэ хэкум и гулъыти къызылъысар аращ. Абы къыхуагъэфэщащ «КъБАССР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ», «КъБАССР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэхэр.

Адыгэ сабий литературэм и япэ лъэбакъуэхэм теухууэ мы Iыхьэм дызыщытепсэлъыхьахэр къризэщIэпкъуэжу жыпIэ хъунущ ар увыпIэ щхьэхуэрэ фащэ хэхарэ зиIэ зы пкъыгъуэу лъэпкъ литературэшхуэм зэрыхэтыр. Адыгэ сабий литературэр зэфIэувэнымкIэ, зиужьынымкIэ къалэнышхуэ игъэзэщIащ IуэрыIуатэм. Сабий литературэмрэ IуэрыIуатэмрэ лъэныкъуэ куэдкIэ зэпыщIащ икIи абыхэм я зэдэлэжьэныгъэр литературэ процессым елъытауэ къогъуэгурыкIуэ.

Адыгэ сабий литературэм и къуэпсхэр къыщожьэ XIX лIэщIыгъуэм, ауэ щызэфIэувар XX лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэрщ – лъэпкъым тхыбзэ щигъуэта лъэхъэнэрщ. Лъэпкъым тхыбзэ хузэхэлъхьэным, и литературэбзэр зэфIэгъэувэным,

абыкIэ щIэблэр зэрырагъаджэ, зэрагъасэ тхыгъэхэр къахузэгъэпэщыным илъэсищэм нэблагъэкIэ хущIэкъуащ адыгэ щIэныгъэлI-узэщIакIуэхэр. Къэрал дэIэпыкъуныгъэрэ гулъытэрэ зэи зымыгъуэта а цIыху щэджащэхэм я мурадхэр къайхъулIакъым, апхуэдэу щытми, ахэращ япэу мы Iуэху щхьэпэм яужь ихьар, ахэращ лъэпкъ педагогикэм и Iэмалхэр тхауэ къытхуэзыгъэнари. Абыхэм я лэжьыгъэхэрщ щIэдзапIэ хуэхъуар ныбжьыщIэхэм емрэ фIымрэ зыхащIыкIыу, щIыуэпсымрэ абы и къэхъукъащIэхэмрэ ящIэу, нэхъыжьхэм пщIэрэ нэмысрэ хуащIу, псэущхьэхэр фIыуэ ялъагъуу къэгъэхъунымкIэ иджырей сабий гъэсапIэхэм къагъэсэбэп Iэмалхэм.

2.2. ПсыжапIэр бгъуфIэ зыщIа тхакIуэхэр

1929 гъэм «Къэрэхьэлъкъ» газетым «Сабий тхьэпэ» зыфIища напэкIуэцIыр пIалъэ хэхакIэрэ къызэригъэпэщу щIидзащ. Абы къытехуэрт лъэпкъ тхакIуэ-усакIуэхэм я Iэдакъэщ IэкIхэр, IуэрыIуатэхэм къыхаха сабий уэрэдхэр, таурыхъ, хъыбар кIэщIхэр. А напэкIуэцIыр къыдэкIыу зэрыригъэжьам гуапэу IущIащ икIи абы гуащIафIэу дэлэжьащ ЩоджэнцIыкIу Алий (1900–1941). И Iэдакъэщ IэкIхэр куэд мыхъуми, къыхэгъэщыпхъэщ сабий литературэм усакIуэм гулъытэ лей хуищIу зэрыщытар икIи а жанрым щапхъэ хуэхъун тхыгъэхэр лъэпкъ литературэм къызэрыхилъхьар.

ЩоджэнцIыкIу Алий и сабий тхыгъэхэр езыр зыпэрыта егъэджэныгъэ IэнатIэм, и IэщIагъэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ. Абы и хъуэпсапIэр лъэпкъым и щIэблэр гъэсауэ, лэжьыгъэр фIыуэ ялъагъуу къэгъэтэджынырщ. Апхуэдэ сабий нэгъэсам и образым дыщрохьэлIэ «Хьэсэнш еджакIуэ» усэм. Япэу дунейм къыщытехьам абы зэреджэу щытар «ЕджакIуэ Хьэсанш цIыкIущ», икIи ар зытеухуар и егъэджакIуэ Цагъуэ Нурий 1925 гъэм къуажэ еджапIэхэм щхьэкIэ къыдигъэкIа «ЩIалэ гъуазэрщ». И тхыгъэм усакIуэм къыщигъэлъагъуэр Хьэсанш и зы пщэдджыжьырщ, ар жьыуэ къэтэджу, зитхьэщIу, зихуапэу, шхэуэ еджапIэм зэрыкIуэрщ. ЕджакIуэ еIуящIэхэм хуэдэу, «ар хьэгъэбанэу, хьэмэрэ уэрам бжыхьэр ибжу», Iуэхуншэу щыткъым. Ар и ныбжьэгъухэми егъэджакIуэхэми фIыуэ къалъагъу, еджэнкIи зыри зытригъакIуэркъым.

Лъэпкъым дэтхэнэ и сабийми щэныфI яхэлъыныр зи хъуэпсапIэ усакIуэм апхуэдэ ныбжьыщIэм и щапхъэ щыдегъэлъагъу «Хьэсанш цIыкIу и гущIэгъу» усэми. Абы и лIыхъужьым егъэлеяуэ ищIэшхуэ щыIэкъым, мафIэсым зыри къригъэлыркъым, лIыгъи зрихьэркъым, уаем хэхуа шырыр ажалым къригъэлу аращ. КъэкIыгъэм, хьэпщхупщхэм,

хьэкIэкхъуэкIэхэм апхуэдэ гущIэгъу хуэзыщIым, езым хуэдэхэм лей, мыхъумыщIагъэ, къемызэгъ ирипэсынкIэ Iэмал иIэкъым. Араш усакIуэми Хьэсанш щIалэр щIигъэлъапIэр, апхуэдэ гущIэгъу яхэлъу дэтхэнэ зы еджакIуэри щытын хуейуэ къыщIыхуриджэр.

1931 гъэм къыдэкIа «Артель» сборникым къытехуащ усакIуэм и усэ зыбжанэ. КъыдэкIыжа и тхылъхэм трамыдза щхьэкIэ, зыщыгъэгъупщэн хуейкъым ахэр зэхэщIыкI лъагэ иджыри зимыIэ къуажэ сабийхэм, еджапIэм япэ лъэбакъуэхэр щызычхэм папщIэ итхауэ зэрыщытар. Лъэпкъ сабийхэм я щIэныгъэм, зэфIэкIым хэгъэхъуэн, цIыкIухэм ящIэн, ялэжьын хуейхэр къагуригъэIуэн щхьэкIэ, усакIуэм итха апхуэдэ усэхэм ящыщщ «Жыг хьэпIацIэ», «Псы щхьэлым», «ДгъэкIынщ жызум хадэ», «Ди нартыхур», «Ленэ Iуфэ щаукIахэр», «Стефенсон».

А усэ гупым яхэтщ тхыгъэ нэщIыса хъуауэ къэплъытэ хъунухэри. НэхъапэIуэкIэ итха и усэхэми ещхьу, ахэр къэбэрдей сабий литературэм лъэбакъуэ щхьэпэ езыгъэчахэм ящыщщ, и зэманым къалэн пыухыкIахэр зэрагъэзэщIами шэч хэлъкъым. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «Щывгъаблэ», «Пионер», «Пионер псэукIэ», «ЕджапIэщIэ», «Зэужьхэу фынакIуэ», «КхъыIэ хуиту сегъэгугъу» усэхэр. Сабий гъащIэм теухууэ щытми, абыхэм гъэщIэгъуэну усакIуэм къыщигъэлъэгъуащ зэман кIэщIым къриубыдэу еджакIуэ цIыкIухэм я зэхэщIыкIым зэхъуэкIыныгъэ хьэлэмэтхэр зэригъуэтар, щIэныгъэм фIыгъуэу къыпэкIуэр къагурыIуэу зэрыхуежьар. А тхыгъэхэм хэт лIыхъужь цIыкIухэр щIэныгъэм апхуэдизкIэ итхьэкъуащи, зэран къахуэхъуну яужь къихьэхэм лъэщу япэщIоувэ.

Къэбэрдей-шэрджэс сабий литературэр зэфIэгъэувэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ зэрыщыту ЩоджэнцIыкIум и творчествэм. УсакIуэр псэемыблэжу хуэлэжьащ щIэджыкIакIуэ ныбжьыщIэхэм гъащIэр зэрызэхэлъ Iуэхугъуэхэр я фIэщ щIыным, ахэр художественнэу я пащхьэ илъхьэным. ЩоджэнцIыкIум и тхыгъэхэм гупсысэ куухэр къыщыIэтащ, абыхэм ныбжьыщIэхэм я дуней еплъыкIэр ирагъэфIакIуэ. Апхуэдэ тхыгъэхэм ящыщщ «Кхъужьей щIагъым» рассказыр.

Рассказым лъабжьэ хуэхъуар социальнэ зэпэщIэувэныгъэрщ. Хъыбарыр къэзыIуэтэжыр Болэт-дадэщ, еджакIуэхэм къатIысыхьауэ и гъащIэм къыщыхъуа Iуэхугъуэм яхутопсэлъыхь. Ар зытеухуар ЩхьэхуэфI Ахьмэд беижьымрэ къуажэ молэмрэ зэрахьа лейрщ. Болэт ягъэкIуэдын щхьэкIэ (ар и щIалэгъуэм Дзэлыкъуэ бунтым хэтат), мэжджытым щIэлъ алэрыбгъуитIыр къыщIахри мэкъуэщым ит пыпхъуэ щIагъым щагъэпщкIуащ. Апхуэдэ «къуаншагъэ зылэжьа» насыпыншэр Сыбыр къыщохутэ. Абы ар урыс революционер Сырков щыIуощIэри залымыгъэ зекIуэм зэрыпэщIэтын хуей щIыкIэр къыгурегъаIуэ. Рас-

сказым гупсысэ нэхъыщхьэу щыпхырышар къызэрыгуэкI бгырыс мэкъумэшыщIэм и зэхэщIыкIым зэрызихъуэжырщ, абы и лъабжьэр еджэн, щIэныгъэ зэгъэгъуэтын зэрыхуейрщ.

Рассказым дамыгъэ нэхъыщхьэ хуэхъуар къужьеижьырщ, ар блэкIа зэманым и нэщэнэщ, къэкIуэнуми и джэлэсщ, щIэрыщIэу зэрыгъагъэм и фIыгъэкIэ. ИтIанэ кхъужьейм пищI адыгэм нэгъуэщI жыги, къэкIыгъи щыIэкъым. Апхуэдэ образ зэгъэпщэныгъэр щIэджыкIакIуэ ныбжьыщIэм и акъыл нэмысынкIи хъунщ, ауэ и гупсысэм и зыужьыкIэм сэбэп хуэмыхъункIэ Iэмал иIэкъым.

ЩоджэнцIыкIум и сабий тхыгъэхэм яхыболъагъуэ езым и Iуэху еплъыкIэхэри. Дауэ мыхъуми, художественнэ Iэмал нэхъыщхьэу тхакIуэм игъэувыр рассказым и пэщIэдзэм зи гугъу щищI къужьей жыг инырщ. Араш абы еджэхэм ягу нэхъ къинэжыр: кхъужьеижьыр къызэрыгъагъэр, абы и лъабжьэм лIыжьымрэ еджакIуэхэмрэ зэрыщIэсыр. «Сэ сыкъыщыувыIащ зи къудамэхэр куэду зэкIэщIэкIа, хужьыфэ-тхьэмбылыфэу гъэгъа цIыкIухэр къызыпидза жыг абрагъуэшхуэм деж. Абы и лъэдий пхъашэм, лэдэх куухэр зиIэм къыбжиIэрт жыгым ныбжьышхуэ зэриIэр. Ауэ и тхьэмпэщIэ лантIэ цIыкIухэр дыгъэм пэлыдырт, и гъэгъахэр апхуэдизкIэ куэдти, уэс хужьым ихуэпа хуэдэт. Куэд щIауэ сцIыху кхъужьейращ. Ар псэурт гъатхэм щыгуфIыкIыу, ауэ мыр едэпщанэ гъатхэми къэщIэгъуейт» («Кхъужьей щIагъым» // ЩоджэнцIыкIу Алий. Тхыгъэхэр. Налшык, 2006. Н. 435). Апхуэдэу дахэу, псэм ехуэбылIэу тотхыхь ЩоджэнцIыкIур адыгэхэм я дежкIэ егъэлеяуэ лъапIэ а жыг лъэпкъыгъуэм.

Усыгъэми хуэдэу, прозэми IуэрыIуатэм и хабзэхэр хыболъагъуэ. Ар наIуэ щохъу рассказым и купщIэми, лIыхъужь нэхъыщхьэм и образми. Къэбгъэлъагъуэмэ, кхъужьей жыг иным и лъабжьэм щIэсу цIыкIухэм хъыбар яжезыIэж лIыжьыр ещхьщ и нэгу щIэкIар хуэмурэ къэзыIуэтэж джэгуакIуэм. Мыбдежым Болэт жиIэж Iуэхугъуэракъым нэхъыщхьэр, атIэ кхъужьеижьыр дахэу зэрыгъагъэрщ, щIэрэщIагъымрэ гугъэмрэ я нэщэнэу сабийхэр абы и лъабжьэм зэрыщIэсырщ. ГъащIэ, псэукIэ зэхуэмыдэхэм зэпкърыхауэ тепсэлъыхь пэтми, тхыгъэм купщIэ хуэхъуар кхъужьейм и образращ, араш ар рассказым фIэщыгъэцIэ щIыхуэхъуари.

ХХ лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм ЩоджэнцIыкIум и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэм я нэхъ купщIафIэ дыдэу щIэныгъэлIхэм къалъытэ «Хьэжыгъэ пут закъуэ» рассказыр. Абы щекIуэкI социальнэ зэхуэмыдэныгъэр къызэрыгъэлъэгъуар ар сабийм зэрызэхищIэмкIэщ. ЩIалэ цIыкIум и адэм я гъунэгъу Тембот хьэжым хьэжыгъэ пут щIыхуэу къыIихащ, мэкъу дестынэ хупиупщIыжыну, иджы ар гугъуехьищэхэр пылъу епшыныж. Рассказым и лIыхъужь Хьэсет цIыкIу игу щIохьэ Тембот

хьэжым и къуэ Муратрэ езымрэ я псэукIэм и зэхуэмыдэныгъэр: «Сэ сыщытщ жаIар си жагъуэ хъуарэ дыгъэм сигъэмэхауэ, си натIэм сыкъыщIэплърэ тешанкIэм сыкIэлъыплъу. Сэ лъэныкъуэкIэ сеплъэкIырт, гупсысэ мыфэмыцхэм си гур якъузу: пэжщ, сэ сыкъулейсызщ, ар йоджэ, щIэныгъэ зрегъэгъуэт. Дэ абы и адэм дрилIыщIэу аращ… Абдежым сэ сехъуэпсащ уэгум ит къуалэбзухэм, псэущхьэхэм, гъудэбадзэхэм – ахэр щхьэхуитщ, зэрыхуейм хуэдэу мэпсэу, унафэщI яIэкъым. Сэ хьэжыгъэ пут закъуэм гъэр, лIыщIэ сищIащ» («Хьэжыгъэ пут закъуэ» // ЩоджэнцIыкIу Алий. Тхыгъэхэр, Налшык, 2006. Н. 425).

Ауэ гъэмахуэ жэщым и дахагъ къызэрымыкIуэм гу лъызыта щIалэ цIыкIум и гупсысэр цIыху гъащIэм щхьэщокIри щэху, Iэзагъ куэд зыгъэпщкIу хьэршым нос. «Вагъуэхэр уафэм игуэшахэт, хэт нэхъ инт, хэт нэхъ цIыкIут, хэт нэхъ цIут псэр игъэгуфIэрэ игъафIэу. Сэ уафэм сеплъырт вагъуэхэр зэрызэхущыт елъытакIэ гуп-гупу зэхэздзу. Си джабэр адэм къигъэхуабэрт, и Iубахъэ хуабэр къыщысщIихукIэ насыпыфIэ сищIырт, си плIэр зэрыузари, абы телъ уIэгъэхэр зэрыбжьыбжьри сщигъэгъупщэжу. А жэщым уафэмрэ щIылъэмрэ щIэращIагъэкIэ зэпеуэ хуэдэт. Сэ слъэгъуащ вагъуэхэр пшэ гуэрэным зыщагъэпщкIуурэ къызэрыкъуэплъыжыр. Сэ зэхэсхащ мэзхэм, удзхэм, щIым жэщ даущыншэм щагъэIу макъамэ зэмыщхьхэр. Шыхулъагъуэм идз нэхур си Iэм къытепсэрт, ди пщыIэм къыхуэкIуэ лъэс лъагъуэ цIыкIум щыджэгурти, сышынэрт щIымрэ уафэмрэ зэрызэдэджэгу а дахагъэ псори си бауэ макъым къызэпиудынкIэ» («Хьэжыгъэ пут закъуэ» // ЩоджэнцIыкIу Алий. Тхыгъэхэр, Налшык, 2006. Н. 425).

СурэтыщI зэчиифIэм ещхьу, тхакIуэм ныбжьыщIэр зыхэпсэукI дуней хьэлъэм хешри хъуэпсапIэ куэдкIэ гъэнщIа щIыуэпсым и телъыджагъэхэр и нэгу къыщIегъэувэ. ЩIалэ цIыкIум и нэ жанхэм ялъагъу а «уафэмрэ щIылъэмрэ гуапэу щызэдэджэгу» дакъикъэращ нэхъыщхьэр зыхэлъыр – насыпым Iэмал зэриIэр, хьэршымрэ щIылъэмрэ я зэхуаку дэлъым цIыхур зэрыхуитыр. Ауэ ар зыIэрыгъэхьэгъуафIэкъым – цIыху цIыкIум и дунеймрэ хьэрш абрагъуэмрэ я зэхуакур хьэзабрэ гухэщIкIэ зэрысеяри щIиуфэркъым. Сабиипсэм зыхрегъащIэ гъащIэм и лъэныкъуэ зэмыфэгъухэр.

Кавказ Ищхъэрэм граждан зауэр зэрыщекIуэкIам теухуащ ЩоджэнцIыкIум и «НыбжьыщIэ хахуэ» поэмэр. Ар эпическэ жанр нэхъ ину япэу усакIуэм итхахэм ящыщщ. Мыбдежым ЩоджэнцIыкIум и усэ гъэпсыкIэм иджыри зиукъэбзауэ щыткъым, абы къелъыхъуэ усыгъэм и Iэмал, теплъэ нэхъыфIхэр. Къыхэгъэщын хуейщ, а Iуэхум усакIуэр гугъу зэрыригъэхьари, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ лъэпкъ литературэм

а жанрыр иджыри къигъэIурыщIатэкъым. Ари зи пщэм къыдэхуар ЩоджэнцIыкIурщ, адыгэ усыгъэм хэлъ гугъуехь куэдым и щхьэ закъуэу ар пэщIэувэн хуей хъуащ.

«НыбжьыщIэ хахуэ» поэмэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, Мэжид щIалэ цIыкIур «плъыжьхэм» яхыхьэну мурад ищIащ, хужьыдзэхэм яукIа и адэм илъ ищIэжыну. Ауэ командирым идэркъым илъэс 14 фIэкI мыхъу щIалэ цIыкIур къищтэн. АрщхьэкIэ, Мэжид Iэмал гуэрхэр къегъэсэбэпри зауэ IэнатIэм яфIокIуэ. Мэжид уIэгъэ хъуа зауэлIхэм ядоIэпыкъу, епщIыжакIуэхэр къыщIегъэщ. УсакIуэм къегъэлъагъуэ балигъ мыхъуа щIалэ цIыкIум щхьэхуитыныгъэм и бэнакIуэ хахуэ къызэрищIыкIыр. ЗауапIэ IэнатIэхэм абы къыщегъэлъагъуэ и хахуагъри, жыджэрагъри, тегушхуэныгъэри, акъыл жан зэриIэри. Мэжид и лIыгъэр щIалэ цIыкIухэм я дежкIэ щапхъэщ, абы и хъуэпсапIэр къыдэзауэхэм дзыхь къыхуащI хъунырщ, и къуажэгъухэм пщIэ къыхуащIынырщ. Абы тIэунейрэ кърегъэл отрядым и командир Мурат.

Мурат языныкъуэ цIыхухэм ядилъагъуркъым къызэрыхуэмыпэжри, и щхьэм и мызакъуэу, и гуп псор хэкIуэдэнкIэ зэрыхъунури. Ауэ Мэжид и набдзэгубдзаплъагъым къыхэкIкIэ къелащ Мурат и гупыр. Мурат и ныбжьэгъу, чэнджэщэгъу нэхъыщхьэр Павленкэщ, аращ щытыкIэ шынагъуэ гупыр щихуэм, Мэжид хэмыкIуэдэн щхьэкIэ штабым зыгъакIуэри. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа цIыхухэр щытыкIэ гугъу къыщихутэм зэрызэкъуэтымрэ зэрызэхуэпыжымрэ и щапхъэ белджылыщ мы поэмэр.

Къыхэгъэщыпхъэщ поэмэм лъабжьэ хуэхъуар адыгэ IуэрыIуатэм куэдрэ къыхэщ Iуэхугъуэу зэрыщытыр. Ауэ усакIуэм а Iуэхугъуэхэр зэманым ирегъэкIу, социальнэ бэнэныгъэм ирепх. ЩоджэнцIыкIум и лIыхъужьхэр IуэрыIуатэм хэтхэм зэрещхьыр къыхегъэщ щIэныгъэлI ХьэкIуащэ А.Хь. Адыгэ IуэрыIуатэм Iыхьэ щхьэхуэ щыхухэхащ зауэлI-щхьэзакъуэхэм. Феодализмэм и лъэхъэнэм социальнэ мыарэзыныгъэ къэзыгъэлъагъуэр мэкъумэшыщIэ хахуэхэрат. Къэбэрдейм ткIийуэ щекIуэкIащ апхуэдэ зэпэщIэтыныгъэр. «Адыгэ лъэпкъым сыт щыгъуи пщIэ хуищIу щытащ апхуэдэ зауэлI хахуэхэм, щхьэзакъуэхэм, ахэрат къащхьэщыжу, къэзыхъумэу яIэр. Пэжщ, зэпэщIэт лъэныкъуитIым я къарур зэрызэхуэмыдэм къыхэкIкIэ, апхуэдэ лIыхъужьхэр нэхъыбэм хокIуадэ, хуитыныгъи насыпи зыIэрамыгъэхьэфауэ. Абыхэм я кIуэдыжькIэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр – лэжьакIуэбэм къызэрыхэжаныкIырщ» (ХьэкIуащэ А.Хь. ЩоджэнцIыкIум и творчествэр. Налшык, 1958; 122 н.). Авторым къызэрилъытэмкIэ, апхуэдэ цIыхубэ лIыхъужьым и хьэл хэлъщ Тембот-дади, Хьэсанши, «Къамботрэ Лацэрэ» романым хэт персонажхэм. Литературэмрэ

ІуэрыІуатэмрэ я хабзэхэр зэрыщызэпхам ЩоджэнцІыкІу Алий и творчествэр нэхъ куууэ захрегъащІэ сабийхэм.

Къызэрыхэдгъэщащи, адыгэ сабий литературэр зэфІэгъэувэнымкІэ мыхьэнэшхуэ яІащ ЩоджэнцІыкІум и художественнэ тхыгъэхэм. Ахэращ блэкІа лІэщІыгъуэм и 20–30 гъэхэм лъэпкъ сабий литературэр зэрыкІуэну гъуэгур бгъуфІэ зыщІар.

Шэрджэс тхакІуэ ДыщэкІ Мухьэмэд нэхъыбэу зытетхыхьар Октябрь революцэм иужькІэ адыгэ къуажэхэм къыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэхэрщ. Апхуэдэу абы и тхыгъэхэм щІыпІэ хэха щаубыд революцэм ипэкІэ щыІа еджапІэхэм (мыдрисэ, къуажэ еджапІэ, уеблэмэ гимназиехэм). Образ пыухыкІахэм ущрихьэлІэ, псалъэм папщІэ, мыдрисэм щІэтІысхьэу, зэрыхуэмыщІам къыхэкІкІэ, еджэныр хыфІэзыдзэжа Мусэ щІалэ цІыкІу хуэдэхэр языныкъуэ тхыгъэхэм къыщетхэкІащ. Абыхэм зи гугъу щыщІахэр ДыщэкІым езым игъэунэхуащ, а еджапІэхэм я ныкъусаныгъэхэр фІыуэ ещІэри аращ апхуэдэу Іэзэу щІатепсэлъыхьыжри. ЕджакІуэхэм щІэныгъэшхуэ бгъэдэзымылъхьэ дин лэжьакІуэхэм я закъуэкъым ар зыхуэмыарэзыр, абы фІэтэмэмкъым гимназие дыдэхэм зэрыщрагъаджэ щІыкІэри. Абыхэми, мыдрисэм хуэдэу, зыхуэмей предметхэр щрагъэджырт.

ТхакІуэм къызэрилъытэмкІэ, совет лъэхъэнэм сабий псоми щІэныгъэ зэрагъэгъуэтыну Іэмал ягъуэтащ, цІыкІухэм къахуэсэбэпыну предметхэр школхэм щрагъэдж, щІалэгъуалэм я физическэ гъэсэныгъэм гулъытэшхуэ хуащІ. ДыщэкІым и сабий тхыгъэхэм хэт персонажхэр псэукІэщІэм и щІэблэщ, абыхэм я гупсысэри ІуэхущІафэри зыхуэунэтІар ар япэкІэ гъэкІуэтэнырщ. ТхакІуэм и япэ рассказхэр схематизмэм и къупхъэм имыкІыфами, лъэпкъ литературэм дежкІэ лъапІэщ. Лъэхъэнэм и плъыфэхэр къызытещ апхуэдэ тхыгъэхэмкІэщ абы и япэ лъэбакъуэхэр зэричар.

«Жамботрэ Бадыррэ я тхыдэ» рассказым зи гугъу щыщІар революцэм и лъэхъэнэм халъхуа сабийхэм я гъащІэм къыщыхъу зэхъуэкІыныгъэхэрщ, абыхэм я гупсысэм зэрызихъуэжырщ. ХьэсэнрэабыищхьэгъусэЗулийрэбынитху яІэт, хуэмыщІауэ псэухэрт. Авторым къытхуеІуэтэж революцэм ипэкІэ унагъуэр зыхэта къулейсызыгъэр. Зэщхьэгъусэхэрпасэудунеймехыжащ. Быным я нэхъыжь Жамбот, мафІэгу станцэм кІуэурэ лажьэрти, урысыбзэр зригъэщІащ. Революцэр лъахэм къыщысым, ар плъыжьхэм яхыхьащ. Ар къыщащІэм, зэкъуэшхэм хужьыдзэм хэтхэр къатеуащ икІи нэхъыжьыр къаукІащ, абы къыкІэлъыкІуэ Бадырэ уІэгъэ хьэлъэ хъури и закъуэу мэзым къыщІэнащ. Ар къэзыщІа и шынэхъыщІитІыр Бадырэ лъыхъуэу йожьэ. Куэдрэ къакІухьащ абыхэм, я хьэр я гъусэу, икІэм-икІэжым я къуэшыр мэхауэ къагъуэтыжащ.

НыбжьыщIэ цIыкIухэр Бадырэ дэIэпыкъуурэ, гъуэмылэ хуахьурэ ягъэхъужащ.

Апхуэдэ сабий хахуэхэм я щапхъэщ дызыщрихьэлIэр «Машэ зэхуэс тхьэмадэщ» рассказми. ТхакIуэм абы къыщегъэлъэгъуэж щэнхабзэмкIэ IуэхущIапIэхэр къызэгъэпэщыным пыщIауэ щыта гугъуехьхэр. Адэхэр зауэм щыIэти, балигъхэм я къалэнхэр зи пщэ къыдэхуэр зи ныбжь нэмыса ныбжьыщIэхэрт. Рассказым и лIыхъужь нэхъыщхьэ, илъэс 12 зи ныбжь Машэ станицэ школым щоджэ, урысыбзэри фIыуэ ещIэ. Зэгуэрым абы къуажэдэс сабийхэр я унэм щызэхуишэри къэралым щекIуэкIхэмрэ езыхэм я пщэ къыдэхуэ къалэнхэмрэ тепсэлъыхьащ. Машэ тхьэмадэу щыхаха зэхуэсым унафэ щащI псом япэу къуажэ клубыр зэгъэпэщыжын хуейуэ. А жэрдэмыфIыр нэхъыжьхэми къыдаIыгъащ икIи къадэIэпыкъуащ.

НыбжьыщIэхэр жылагъуэ лэжьыгъэм хэтыну, жэрдэм зэхуэмыдэхэр къыхалъхьэу, жыджэру щытыну къыхуезыджэ тхыгъэщ мы рассказыр. Публицистикэр къызэбэкI мыпхуэдэ тхыгъэхэрщ а зэманым нэхъыбэу ди тхакIуэхэм ятхыу щытар.

«ЩIыху дыгъужьхэр» рассказым лъабжьэ хуэхъуар XX лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм щыIа гъащIэ гугъурщ. Уэсмэн илъэсибл хъуа къудейуэ аращ, ауэ щIэныгъэм и нэ къыхуокI, еджапIэм кIуэуэ пщIыхьэпIэу елъагъу. Абы бжэн Iэрыпl иIэщ, махуэ псом а тIур зэгъусэщ. Зэгуэрым бжэныр дэкIри кIуэдащ. Куэдрэ къилъыхъуащ ар сабийм, ауэ зыщIыпIи щигъуэтакъым. ИужькIэ и къуэш нэхъыжь Къалмыкъ и деж макIуэ, и бжэныр зэрыкIуэдар жриIэну. Ар езыри илъэс 13 хъууэ арат, школым щеджэрт, гъэмахуэм колхозым щылажьэрт. Зэкъуэшхэм куэдрэ къалъыхъуащ бжэн Iэрыпlыр, икIэмикIэжым мэзым къыщагъуэтыжащ. Ар къыщалъэгъуам, зэкъуэшхэр Iэнкун хъуат – дыгъужьым кърихуэкIырт бжэн цIыкIур. Абдежым Уэсмэн апхуэдизкIэ ину кIияти, дыгъужьыр щтэри щIэпхъуэжащ. Абы къыдэкIуэу ныбжьыщIэхэм балигъхэм зэрахьэ щIэпхъаджагъэ гуэрхэри къыщIагъэщащ.

«Дыгъужь лъакъуитIхэр» рассказым и лIыхъужь Мурат илъэс 14 хъуа къудейщ, ауэ колхозым доIэпыкъу, былымхэр яхуегъэхъу. Хьэмзэти къуажэдэсхэм я жэмхэр игъэхъурт. ХъупIэр псы цIыкIум и гъунэгъути, махуэм и хуабэгъуэм былымыр абы ирахулIэрт. Зы махуэ гуэрым хъушэм нэхъ сабыр дыдэу хэта жэмыр хэкIуэдыкIащ. Абы лъыхъуэурэ дыгъур къаубыдащ – ар Меншакът.

ЩIалэхэм къащIар яIуэтэжащ, «ди къуажэ былымхэр зыдыгъур дыгъужь лъакъуитIхэрщ» псалъэхэри дыщIагъужащ. КIэщI дыдэу щIэпхъаджащIэхэр яубыдащ, щIалэ цIыкIухэм я фIыгъэкIэ дыгъужь лъакъуитIхэр хэт сымэми къахутащ, езы сабийхэм нэхъыжьхэм я фIыщIэ къалэжьащ.

Къызэрыхэдгъэщащи, ДыщэкI М. и тхыгъэхэм я нэхъыбэм къыщыгъэлъэгъуэжар совет лъэхъэнэм и япэ илъэсхэм цIыхухэм я псэукIар, дуней тетыкIарщ. Ахэр зы лъэныкъуэкIэ ещIауэ тхакIуэм къигъэлъэгъуэжами, нобэрей адыгэ литературэм дежкIэ лъапIэщ: а тхыгъэхэрщ илъэсищэ хуэдэкIэ узэIэбэкIыжмэ, лъэпкъым и псэукIар, унагъуэм исхэм я зэхущытыкIар, къагъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэр зыхэтлъагъуэжу къэнар. Нэхъыщхьэращи, лъэпкъ литературэбзэм и зэфIэувэгъуэ лъэхъэнэм абы иIа щытыкIэмрэ нобэ игъуэта теплъэмрэ иризэбгъэпщэну а тхыгъэхэм Iэмал хъарзынэ къыуат. Абыхэм ящыщщ «Алмэсты» рассказри. Абы и лIыхъужь нэхъыщхьэ Мысост мэкъумэшыщIэ унагъуэ хуэмыщIам къыхэкIащ. И адэр хужьыдзэм яукIащ, ауэ щIалэ ерыщ цIыкIум пэщIэдзэ щIэныгъэ зригъэгъуэтащ. Зэгуэрым ар гъунэгъу къуажэм ягъакIуэ колхоз къызэригъэпэщыну. Ар гъуэгум и гур уфэрэнкIауэ къытена ныбжьыщIэм хуозэри доIэпыкъу. Къуажэм щынэсыжам, иригъэблагъэри пщыхьэщхьэшхэ ирагъэщIащ. Сырыху хьэщIэм къыжриIащ я къуажэм колхоз къыщызэригъэпэщыну зэрихъуэпсапIэр. Псалъэмакъым хэту, щIалэм жиIащ я къуажэм алмэсты къызэрыщыунэхуар, абы къуажэдэсхэр зэрихъунщIэр. А жэщ дыдэм щIалитIыр ежьащ алмэстыр къалъыхъуэну икIи куэд дэмыкIыу къаубыдащ хъунщIакIуэр – ар къуажэ ефэндырауэ къыщIэкIащ…

НыбжьыщIэхэр гъащIэм жыджэру къыхэшэнырщ зыхуэлажьэр «Сабийхэр Дзэ Плъыжьым и дэIэпыкъуэгъущ» рассказри. ЩIымахуэщ, уаещ, сэлэтхэр окопэм щIыIэм иресхьэ. Абы ирихьэлIэу частым и командирым унафэ ещI хужьыдзэм зыщагъэбыда къуажэр къащтэну. Дзэ Плъыжьым хэтхэм ар яубыд. Командирхэр зыщIэтIысхьа унэм щIалэ цIыкIу щыпсэурт. Зэгуэрым абы гу лъетэ командирхэм ящыщ зыр жэщ ныкъуэм унэм зэрыщIэкIам. Командирым гурыщхъуэ хуищIат къэрэгъулми. Абы къилъэгъуащ командирым нэху иригъэдзурэ гу зэрызылъригъатэр. А жэщым илъэгъуахэр псоми зэхахыу иIуэтэжащ щIалэ цIыкIум. А щIалэщIэм и гулъытэмрэ губзыгъагъымрэ я фIыгъэкIэ епцIыжакIуэр къаубыдащ. А рассказым и сюжетым тхакIуэм къыщыпещэ «Даут къехъулIар», «Дзэ Плъыжьыр колхоз ухуакIуэщ» тхыгъэхэми.

ХХ лIэщIыгъуэм и 20–30 гъэхэм еджэныр, щIэныгъэ зэгъэгъуэтыныр зи псэм хыхьа ныбжьыщIэ ерыщхэр, хахуэхэрщ ДыщэкI Мухьэмэд и сабий творчествэм щынэхъыщхьэр. Сабийхэм я гупсысэкIэм зэрызихъуэжыр, абыхэм я хъуэпсапIэу щытахэр образ гукъинэжхэмкIэ къытхуэзыгъэна тхакIуэм и фIыщIэр инщ. Сабий литературэр зэфIэувэным и япэ сатырым хэтахэм ящыщ зы ДыщэкI Мухьэмэд и цIэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ лъэпкъ литературэм зегъэужьыным.

20–30 гъэхэм лъэужьыфIэу ежьа лъэпкъ сабий литературэм и зыужьыныгъэр къызэтригъэувыIащ фашистхэм ди хэкум къращIылIа зауэм. Ауэ а лъэхъэнэ гугъуми псалъэр я Iэщэу бийм пэщIэува ди тхакIуэхэм ар IэщIыб ящIакъым. Нэхъ иужьыIуэкIэщ апхуэдэ тхыгъэхэр дунейм къыщытехьэжар, ауэ ныбжьыщIэ лIыхъужьхэр зыхэт тхыгъэ купщIафIэхэр я Iэдакъэ къыщIэкIащ Хьэнфэн А., КIыщокъуэ А., КIуащ Б., Уэхъутэ А., ХьэхъупащIэ Хь., Ахъмэт М., Хьэкъун И., Гъуэщокъуэ Хъу., Шортэн А., ЩоджэнцIыкIу I., Щомахуэ А., Къардэн Б., Нало А. сымэ, нэгъуэщIхэми. ЗауэлI шинелыр щызыхыжыну хунэмыса апхуэдэ тхакIуэхэрщ зауэ нэужьым сабий литературэм псынщIэу зезыгъэужьари.

Сабийхэм папщIэ ятх тхыгъэхэм балигъхэри дихьэхыу щытын хуейуэ жызыIа урыс критик цIэрыIуэ В.Г. Белинскэм и псалъэхэр и гъуазэу щытащ Щомахуэ Амырхъан (1910–1988). Балигъым фIэмыгъэщIэгъуэн усэм сабийр итхьэкъункIэ угугъэныр щхьэгъэпщIэжщ. Абы фIыуэ къыгурыIуэрт сабийр зыхэпсэукI дунейр. НыбжьыщIэ цIыкIухэм гъэсэныгъэ тэмэм, щIэныгъэ етынырщ насыпым и хэкIыпIэу усакIуэм къилъытэу щытар. Абыхэм псэукIэ дахэ, гъащIэ насыпыфIэ къахузэгъэпэщынырщ абы и усэхэр зыхуэлажьэр.

Сабийр анэм е адэм пщыхьэщхьэкIэрэ зыщIигъэдэIу таурыхъхэм хуэдэу IуэтэгъуафIэщ, зэгъэщIэгъуафIэщ, гъэщIэгъуэнщ абы усэр къызыхищIыкI хъыбархэр. Щомахуэм и сабий тхылъхэм гъэсэныгъэ-ущиныгъэ мыхьэнэ ин яIэщ, цIыхур фIым къыхуриджэу, Iейм щигъэмэхъашэу щытщи. Аращ ди адыгэ сабийхэм ар фIыуэ щIалъагъури.

Щомахуэ А. тетхыхьырт дыкъэзыухъуреихь дунейм къыщыхъу-къыщыщIэхэм, мэзым щIэс псэущхьэхэм, еджакIуэхэм я гъащIэм, я IуэхущIафэхэм, абыхэм я зэхущытыкIэхэм. УсакIуэм и лIыхъужь цIыкIухэр лъэхъэнэм и цIыхухэщ. Егъэлеиныгъэ хэмылъу, абы ныбжьыщIэхэм я образ удэзыхьэххэр ди пащхьэ кърилъхьэрт. Абы и лIыхъужьхэм куэду яхэтщ «щIалэфI», «хъыджэбзыфI» цIыкIухэр, «жыIэдаIуэхэр». Абы и тхыгъэхэм уащрохьэлIэ «жыIэмыдаIуэхэми», «къуейщIейхэми», ауэ сытым щыгъуи абыхэм я къаншагъэр къагурыIуэжауэ еух ахэр. Абыхэм ящыщхэр учебникхэм ихуауэ ноби ди еджапIэхэм щадж.

Къэбэрдей-шэрджэс сабий литературэм зэрызиужьым кIэлъыплъхэм гу лъамытэу къанэркъым иужьрей илъэсхэм цIыкIухэм папщIэ ятх тхылъхэр нэхъыбэу дунейм къытехьэ зэрыхъуам. Ар къызыхэкIыр, шэч хэмылъу, тхакIуэхэми, тхылъ тедзапIэхэм я лэжьакIуэхэми сабийхэм гулъытэ нэхъыбэ хуащI зэрыхъуарщ. Абы и лъэныкъуэкIэ къыхэбгъэщ хъунущ адыгэ сабий литературэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа тхакIуэ Уэзы Мухьэмэд. ТхакIуэм и рассказхэм («ХьэтурэХьэтаурэ». Налшык, 1993) къыщыгъэлъэгъуащ сабий гъащIэм и лъэныкъуэ куэд.

Психологиери, гъэсэныгъэм ехьэлIа Iуэхухэри, ныбжьыщIэхэм гупым щаубыдыну увыпIэр къызэрыхахынури, бынымрэ адэ-анэмрэ, еджакIуэмрэ егъэджакIуэмрэ я зэхуаку дэлъын хуей зэхущытыкIэхэр зэраубзыхунури къызэщIаубыдэ а тхыгъэхэм.

Уэзы Мухьэмэд и «Махуэ гъуэгуанэ» рассказым сабий зеиншэм и дунейрщ къыщыгъэлъэгъуар. Машинэ зэжьэхэуэм Тотрэш и адэ-анэр хокIуадэ. Абы иужькIэ сабийр гъэунэхуныгъэ куэдым хохуэ. ЯпэщIыкIэ щIалэр и адэ шыпхъум зэрешэлIэж, ауэ ар сабийм къыхуэткIийуэ щIедзэри и анэшхуэм деж мыкIуэжу хъуркъым. Апхуэдэ мурад зэриIэр лъэпкъым я нэхъыжьым жреIэ икIи, и хьэр къыздещтэри, ар гъуэгу тоувэ. Сабийр гъуэгум зыщрихьэлIахэрщ рассказым и сюжетыр къэзыгъэщIыр.

Тотрэш гъуэгум ефа гуэрым щыхуозэри, абы зэремыдаIуэм къыхэкIыу къеуэну зыкъытрешащIэ. Ар зылъагъу хьэм чэфым зредзри, шым зэрытесу лIыр щIопхъуэж. АдэкIэ здэкIуэм цIыхуфIи къыхуэзащ. Уэшхышхуэм щыхиубыдэм, къыхуэзам къригъэлъэгъуащ уэшхыр теужыхукIэ зыщIэс хъуну унэр. Тотрэш гъуэгум зыщрихьэлIахэм яхэтащ дыгъужь IэрыпI зи гъусэ щIалэ цIыкIури. Ар къолъэIури и хьэмрэ дыгъужьымрэ я къарухэр ягъэунэхуну яужь йохьэ, Тотрэш и хьэр токIуэ.

ЩIалэ цIыкIум и анэшхуэми гъащIэ гъуэгуанэ гугъу къикIуащ: и щхьэгъусэр пасэу фIэкIуэдащ, зыпхъу къыхуэнауэ арати, и малъхъэри ари пасэу лIащ. Къыхуэнар а пхъурылъху цIыкIу закъуэрати, и деж щекIуэлIам, хуабжьу къыщыгуфIыкIащ. Рассказыр дахэу еух: Тотрэш и анэшхуэм деж насыпыфIэу щопсэу.

Уэзым и IэдакъэщIэкI зыбжанэ хухихащ псэущхьэхэмрэ къуалэбзухэмрэ. «Бзу цIыкIур щIэгузэвар» рассказыр зытеухуар къуалэбзухэм ядэIэпыкъу сабийрщ. ЩIалэр жыг щIагъым щIэлъти, бзур къэтIысащ, зыгуэрым зэригъэпIейтейр къапщIэу кIийуэ. КъызэрыщIэкIамкIэ, бзу цIыкIур абгъуэм къихури, къехуэхауэ арат. ЩIалэ цIыкIум шырыр абгъуэм иригъэтIысхьэжа нэужь, бзуми зиущэхужащ.

«Ди Лабыху цIыкIу» рассказым хэт Лабыху хьэм унагъуэм и жэм ядыгъуар здэщыIэр къигъуэтащ. Ар зыдыгъуахэм жэмыр фIагъэжыну загъэхьэзыру арат. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, хьэр цIыхухэм зэрадэIэпыкъуэгъу пэжыр тхакIуэм мы тхыгъэмкIэ къигъэлъэгъуащ.

«Араш хуэфащэр» рассказым Асхьэд къелъагъу бзум ещэ къашыргъэжьыр. Ахэр къызэрызэрехуэкIым куэдрэ кIэлъыплъащ ар, ауэ зыкIи дэIэпыкъуфыртэкъым. Ауэ бзум занщIэу зыкъридзыхри, чыцэм зыхигъэпщкIуащ. ПсынщIэу къех къашыргъэм хуэм зыхуэмыщIурэ чыцэм хэхуэри иукIащ.

ГушыIэ рассказхэри иIэщ Уэзы Мухьэмэд. Апхуэдэхэщ «КъызгурыIуакъым», «ГушыIэм и махуэ», «Фыгъуэнэд», «МышутIэрэ таурыхъымрэ», нэгъуэщIхэри.

Сабий литературэм нэхъыбэу къыщаІэт Іуэхугъуэхэм ящыщщ персонажыр лІыгъэ зэхэгъэкІыпІэ игъэхуэныр. НэгъуэщІу жыпІэмэ, тхыгъэхэм зы хьэл къагъэлъагъуэ ихъуреягъым я фІэщ хъууэ, итІанэ зыгуэр къохъури, ар нэгъуэщІ лъэныкъуэу къыщІидзыж хабзэщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, «УмыщІэ жумыІэ» рассказыр. Арзиуан и анэм и гъусэу къуажэ гуэрым мэІэпхъуэж. Ауэ хьэблэ сабийм зыкъомрэ къахыхьэркъым, арати цІыкІухэм шынэкъэрабгъафэ къраплъ. Ар ягъэунэхун мурадкІэ, къуажэм фІыуэ пэжыжьэ псынэм деж пыпхэ щагъэуври, щІалэ цІыкІур псыхьэ ягъакІуэ. ЩІалэм къыфІэІуэхуакъым а хуагъэхьэзыра лъэпощхьэпор, кІуэри, псыр къихьри къэкІуэжащ. Абы ещхьщ «Мартиночкэ» рассказым и купщІэри. Мартин зи цІэ щІалэ цІыкІум нэхърэ нэхъ Іэдэб щІэстэкъым классым. Ар хъыджэбз цІыкІум ирагъэщхьу цІэ лейуэ фІащащ «Мартиночкэ». Ауэ зэгуэрым абы и классэгъу щІалэ цІыкІу гуэр архъуанэм хэхуащ, псори гужьейри зэбгрыжыжащ, ауэ Мартин хэпкІэри щІалэр къригъэлащ. КъищынэмыщІауэ, псы есынымкІэ зэпеуэм хыхьэри етІуанэ увыпІэр къихьащ.

НыбжьыщІэхэм гъащІэм я увыпІэр къыщагъуэтыжыным теухуащ Уэзым и рассказ зыбжанэ, ауэ сытым дежи абыхэм я хъуэпсапІэр къайхъулІауэ иухыркъым тхыгъэхэр. «Хэт зыгъэпскІыпІэр зейр?» рассказым и сюжетыр къызэрыгуэкІщ. ЩІалэ цІыкІуищ загъэпскІыну псым макІуэ. Абдеж къыІухьащ нэгъуэщІ къуажэм къикІа щІалэхэр икІи хэгъэрейхэр кърахужьэжыну мурад ящІащ. Ауэ Бары, Барэсбий, Баты сымэ я къарур, зэфІэкІыр ягъэлъэгъуэну яужь йохьэ: зым мывэ нэхъ хьэлъэ дыдэр къеІэт, адрейм едз, н.къ. Ахэр зылъэгъуа хамэхэр йокІуэтыж. А рассказым и сюжетым къызэрыщыкІуэм хуэдэу, сабийхэм я деж къыщыхъу щыІэщ узэрызахуэр къарукІэ бгъэлъэгъуэн хуейуэ къыщыпхуихуэ щытыкІэ. Апхуэдэ щытыкІэ иуват «Уи япэкІэ мывэ умыгъажэ» рассказым хэт лІыхъужь нэхъыщхьэр. И щхьэр ихъумэжын, и Іуэху еплъыкІэр пхигъэкІын щхьэкІэ, абы и къарур игъэлъэгъуэн хуей хъуащ. И персонажхэм къащыщІхэр къызэригъэлъагъуэм къыдэкІуэу, авторым лъэпкъ псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ я купщІэр щІэджыкІакІуэ ныбжьыщІэхэм ягурегъаІуэ.

Къызэрыхэдгъэщащи, Уэзым и лІыхъужь ныбжьыщІэхэр куэдрэ гъэунэхуныгъэ щытыкІэм кърегъэхутэ. Апхуэдэ рассказхэм ящыщщ «КъызгурыІуащ» тхыгъэри, ауэ иджы мыбы тхакІуэм щызэхигъэкІыр ныбжьэгъугъэм и быдагъэрщ. Рассказым хэт Азэмэтрэ Анзоррэ зэныбжьэгъущ. Анзор гузэвэгъуэ щыхэхуэм, ар Азэмэт кърегъэл. Ауэ езы Азэмэт псым щыхэхуэм, Анзор щІэпхъуэжащ, ар и закъуэу къигъанэри. Зи закъуэу псым къыхэпщыжа Азэмэт къыгуроІуэ иджыри къэс къызэрыпщІар, абы зэи ныбжьэгъу зэримыІар.

ЕджакIуэмрэ егъэджакIуэмрэ яку дэлъын хуей зэхущытыкIэфIым и щапхъэ нэсщ «Азрэт усакIуэщ» рассказым къыщыгъэлъэгъуэжар. Азрэт усэ тхын зэрыщIидзэрэ илъэсищ мэхъу, ауэ иджыри къыздэсым зыми иригъэлъэгъуакъым. Ар зэрымыщIэкIэ къэзыщIа Аскэр йолъэIу литературэмкIэ езыгъаджэ Заурбий Нажмудинович иригъэлъэгъуну. Зэгуэрым егъэджакIуэр классым къыщIыхьэри Азрэт и усэхэм къеджэу щIидзащ. Сабийхэм ягу ирихьащ ахэр. Абы и фIыгъэкIэ егъэджакIуэмрэ усакIуэ ныбжьыщIэхэмрэ зэгъусэу къыхахащ журналым къытрадзэну усэхэр.

Жылэтеж Сэлэдин (1940) ящыщщ ныбжькIэ нэхъыщIэ цIыкIухэми, нэхъыжьыIуэхэми, балигъыпIэ иувэхэми яхуэтхэ тхакIуэхэм. «Нарт и ныбжьэгъухэр» (Налшык, 1987) тхылъ цIыкIум ит рассказхэм къызэщIаубыдэ темэкIэ цикл зыбжанэу бгуэш хъунущ. Япэр псэущхьэхэм ятеухуа рассказхэрщ. Абы хохьэ «Нарт и ныбжьэгъухэр», «ПцIащхъуэ хужь», «Кърумрэ джэду шырымрэ», «КIыгуугу лъэпкъым я кIуэдыжыкIар». ЕтIуанэм хыхьэ рассказхэу «Щхьэмыж щыпэ», «ЩIыхуэ», «Чэмал и гъэтIылъыгъэхэр» Хэку зауэшхуэм теухуащ. Ещанэ Iыхьэу къыхэбгъэкI хъунущ «ЕгъэджакIуэ сызэрыхъуар», «СурэтыщIым и пщIыхьэпIэ» рассказхэр, еджакIуэм и гъащIэм, абы къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм, ныбжьыщIэр зыIууэ лъэпощхьэпохэм, еджакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэм теухуахэр.

«Нарт и ныбжьэгъухэр» рассказыр топсэлъыхь Нарт щIалэ цIыкIум псэущхьэхэм яхуиIэ щытыкIэм. Сюжетыр къызэрыгуэкIыу йожьэ: япэ щIыкIэ Нарт къыхуащэхуащ бзу хьэлэмэт цIыкIу, ауэ ар лъэтэжащ. Сабийм и жагъуэ ямыщIын щхьэкIэ, къуэш нэхъыжьым абы цыжьбанэ къыхуихьащ. Нарт абы кIэлъыплъу, зыхуей хуигъазэу есащ. Куэд дэмыкIыу и къуэш нэхъыжьым къыхуихьащ абы шылъэгу, тхьэкIумэкIыхь. ЩIалэ цIыкIум псоми псэупIэ къахуигъуэтащ, икIи и псэущхьэхэр езыхэр зэныбжьэгъу зэхуэхъужащ. ТхакIуэм щапхъэ гъэщIэгъэунэмкIэ дегъэлъагъу сабийм и гупсысэкIэм, и дуней еплъыкIэм зэрызихъуэжыр. Псалъэм папщIэ, Нарт егъэлеяуэ и гум щIыхьат фIыщэу илъагъу и тхьэкIумэкIыхьыр зэрыкIуэдар. Ауэ Нарт и ныбжьэгъум и хьэм и фIыгъэкIэ абы тхьэкIумэкIыхь цIыкIур къегъуэтыж.

ГушыIэ дахэкIэ гъэнщIащ «ПцIащхъуэ хужь» рассказыр. Абы и лIыхъужь нэхъыщхьэ Мухьэмэд бзухэм, пцIащхъуэхэм я гъащIэм кIэлъыплъу зрегъасэ. И анэшхуэм и фIыгъэкIэ цIыху гъащIэм быдэу хэпща хъуа бзухэм я дунейм и хьэлэмэтагъыр къещIэ. А рассказым къыпызыщэу убж хъунущ «Кърумрэ джэду шырымрэ» тхыгъэри. Сытым дежи лIыхъужьхэр псэущхьэхэм я дунейм хэзышэр ныбжьэгъухэмрэ унагъуэм исхэмрэщ. А рассказым Ахьмэд и къуэрылъху цIыкIур «къуэш нэхъы-

щIэхэм» я дунейм хэзышэр и адэшхуэ биологырщ. Зэгуэрым адэшхуэм мэзым къру къыщигъуэтри унэм къихьащ. Кърур унагъуэм хэсыхьащ, я джэду цIыкIум ныбжьэгъу хуэхъуащ. Ар кIуэду нэгъуэщI къахьа нэужьи, ещхьыркъабзэу абыи ныбжьэгъу хуэхъури, и щIыб ису кърихьэкIыу щIидзащ. Гъунэгъу щIалэ цIыкIум я джэджьейхэр зэрыкIуэдар джэду шырым трилъхьауэ башкIэ жыгым къриудыхыну иужь щихьэм, кърум джэду цIыкIур и щIыб тригъэтIысхьэри IулъэтыкIыжащ…

«КIыгуугу лъэпкъым я кIуэдыжыкIар» рассказыр гъэсэныгъэм ехьэлIа, гупсысэ дахэ зыхэлъ хъыбар цIыкIущ. Апхуэдэу уеплъмэ, мыр балигъхэм папщIэ мыхьэнэ ин зыхэлъ аллегориещ, иджырей зэманым адыгэхэр зыIууа лъэпощхьэпохэм уригъэгупсысу. ТхакIуэм а Iуэхум езым хуиIэ еплъыкIэмрэ лэжьыпхъэхэмрэ «эзопыбзэкIэ» къигъэлъэгъуащи, тхыгъэм нэхъ къытеувыIапхъэу къыдолъытэ.

Бзухэм я зэхуэсым къыщыпсалъэу кIыгуугум къыжиIащ и лъэпкъыр куэд щIауэ зэрыпсэур, ауэ бзухэр къыхуриджащ лъэпкъ кIуэдыжхэр, абыхэм я бзэхэр, я хабзэхэр хъумэным. Авторым къытхуеIуатэ кIыгуугум и къекIуэкIыкIар, зэгуэрым и джэдыкIэхэр бзупсалъэм кIэщIидзауэ зэрыщытар. Шырхэр къриша нэужь, кIыгуугу-адэр бзупсалъэр щымыIэу къэлъатэри, абгъуэм исхэм и шырхэр къыхицIыхукIыжыну яужь ихьащ, ауэ хузэфIэкIакъым – ахэр псори зэщхьт. Бзупсалъэр къэлъэтэжри ар Iуихужащ. КIыгуугум аргуэру къигъэзэжащ бзупсалъэм и абгъуэм, и шырхэр илъэгъуну. Бзупсалъэр мыарэзыуэ къыIущIащ икIи къыжриIащ абы и бын абгъуэм зэримысыр. ИтIанэ кIыгуугум жиIащ я бзэр и бынхэм яригъэщIэну зэрыхуейр. Ауэ бзупсалъэм къызэрыжриIамкIэ, абы и дежкIэ мыхьэнэ зиIэр бынхэр зейр аракъым, атIэ ягъуэтыну гъэсэныгъэр арщ.

КIыгуугур лъэтэжщ, и лъэпкъэгъухэр къигъуэтри яхуэтхьэусыхащ, и бынхэм я анэдэлъхубзэр ямыщIэу къанэу, абы теухуауэ зыгуэр лэжьын хуейуэ. Зэман дэкIащ, кIыгуугум и бынхэр ин хъуащ, ауэ я бзэр ямыщIэу къэнащ. КIыгуугу лъэпкъыр къагъэунэхужын папщIэ, академие къызэрагъэпэщащ, абыхэм Австралием нэгъуэщI кIыгуугухэр кърашри лъэпкъыр къагъэщIэрэщIэжащ. ТхакIуэм образ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ сабийм и зэхэщIыкIым зрегъэужь, цIыхугъэ яхэлъу егъасэ, гъащIэм пщIэрэ лъагъуныгъэрэ хурегъэщI.

ЗэрыжэтIащи, Хэку зауэшхуэм и зэманым сабийхэм яIа псэукIэ хьэлъэм теухуа рассказ гупи къыщыхьащ тхылъым. КъызэрыгуэкIыу къыпщыхъу теплъэгъуэхэмкIэ тхакIуэм хузэфIэкIащ зауэ зэманымрэ абы и ужь лъэхъэнэмрэ щыIа псэукIэр тхылъеджэм и нэгу къыщIигъэувэжын. «Щхьэмыж

щыпэ» рассказым и лIыхъужь нэхъыщхьэмрэ абы и ныбжьэгъумрэ губгъуэм къина щхьэмыжхэр щэхуу къащыш, шхын щхьэкIэ замыгъэлIэн папщIэ. Ахэр нэхъ бзаджэ дыдэу ябж бригадирым къеубыдри жэмэщым щIеубыдэ. Ауэ хъумакIуэ лIыжь ТIытI и гур сабийхэм щIоузри ахэр унэм еутIыпщыж. Пщэдджыжьым езы бригадирыр лэжьакIуэ къыдэкIыфыркъым – ар шым къехуэхат. Жылэтежым и сабий рассказхэм кIэух дахэ зиIэ таурыхъхэм ещхьу, фIыр Iеймрэ бзаджэмрэ щытокIуэ.

Зауэ зэманым и пэж гуузыр къыщыгъэлъэгъуэжащ «ЩIыхуэ» рассказми. А лъэхъэнэ хьэлъэм рассказым хэт персонаж щIалэ цIыкIуитIыр я ныбжьэгъум деж щыIэт. Абы и адэм зыри жимыIэу Iэнэм чыржынитI къытрилъхьащ. ЩIалэ цIыкIу мэжалIэмрэ и ныбжьэгъу Витярэ чыржын зырызыр къапхъуатэри щIэпхъуэжащ, ахэр езыхэм кърамытауэ къащыхъури. ЛIыхъужь нэхъыщхьэр къэшынат чыржын къызэрадыгъуар и анэм къыжраIэжынкIэ, ауэ апхуэдэу къэхъуакъым. Абы иджыри къелъытэ чыржыныр щIыхуэу къищтауэ, зэгуэр итыжын ухейуэ. Зи сабиигъуэр зауэ зэманым хиубыда ныбжьыщIэхэм я гъащIэ мытыншырщ зытеухуар «Чэмал и гъэтIылъыгъэхэр», «Жьауэ» рассказхэри.

«ЕгъэджакIуэ сызэрыхъуар» рассказыр топсэлъыхь еджакIуэ цIыкIухэм я гъащIэм, абыхэм ящыщ зы Хъэритон лIыпIэ зэриувэм, егъэджакIуэ нэсым и хьэл-щэнхэр абы зэрыбгъэдэлъым. Жылэтеж С. сюжет къызэрыгуэкIымкIэ къыбгурегъаIуэ ныбжьэгъугъэм, пэжыгъэм я лъапIагъыр. Абы и лъабжьэм щIэлъщ дэтхэнэ цIыхуми хуищI гущIэгъумрэ гулъытэмрэ. ЕгъэджакIуэ Хъэритон, псалъэм папщIэ, къещIэ еджакIуэхэм ящыщ зым и анэр сымаджэщым зэрыщIэлъыр. ЩIалэ цIыкIум шхын къызэрищэхуну и ахъшэр фIэкIуэдащ. ЕгъэджакIуэр и къалэным ипкъ иткIэ а Iуэхум хэмыхьэу хъунут, ауэ къэхъуар и кIэм нэс зэхигъэкIащ. Хъэритон а Iуэху мыщхьэмыпэр бгъэдыхьэкIэ тэмэмкIэ зэфIихащ, зы сабийми гухэщI иримыту.

ТхакIуэр зыгъэпIейтей темэхэм ящыщщ сабийхэм я творческэ зыужьыныгъэр. «СурэтыщIым» и пщIыхьэпIэ» рассказым хэт лIыхъужь Мэжид ищIакъым Iэзагъ гуэр бгъэдэлъу, сурэтыщI егъэджакIуэ хъыджэбзым лъагъуныгъэ хуищIыху. Авторым и нэIэ тетщ щIалэ цIыкIум и гурыгъу-гурыщIэхэм, ауэ абы хузэфIэкIащ, укIытэм текIуэу, фIыуэ илъэгъуа егъэджакIуэм хуищIа сурэтыр иритыну. ТхакIуэр гъунэгъуу йокIуалIэ ныбжьыщIэхэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ темэм – япэ лъагъуныгъэм, абыхэм я гурыгъу-гурыщIэхэр къызэIухыным.

Жылэтеж Сэлэдин «зауэ темэм» теухуа и сабий рассказхэм поджэж прозаик, драматург Журт Биберди (1937–2003). И

гъащIэм теухуауэ Журт Б. итхыжа «Си сабиигъуэм и бжьэпэр» повестым и сюжетым лъабжьэ хуэхъуар Хэку зауэшхуэращ. Абы къыхощыж Шэрэдж Iуфэ Iус адыгэ къуажэхэм ящыщ зым зауэ нэужь лъэхъэнэ хьэлъэхэм иIа псэукIэр. Авторым абыкIэ ди нэгу къыщIегъэувэж а илъэсхэм сабийхэм я псэукIар. Хьэмидрэ Рашидрэ я адэр зауэм хэкIуэдащ, анэм зи ныбжь нэмыса щIалэ цIыкIуитIыр и закъуэу епI.

Повестым и лIыхъужь нэхъыщхьэхэм ящыщщ Елбэхъсит лIыжьыр. Ар Шэрэджокъуэхэ я благъэкъым, ауэ адэ зыщхьэщымытыжу къэна щIалэ цIыкIуитIыр гъэсэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу мэхъу. Къуажэдэсхэм абы пщIэ къыхуащI, ар сытым дежи пэжым и телъхьэщ.

Зэманыр ткIийт, цIыхухэр фаджэладжэ хъуат, сабийхэр я ныбэ изу яхуэгъашхэртэкъым. Хьэмид и нэхъыжьыгъуэти, Iуэху щIэным и нэхъыбэр абы къытехуэрт: бэзэрым кIуэрти бжьын, джэш ищэрт; хадэр къитIырт, бжыхь къутахэр ищIыжырт; гу цIыкIукIэ мэзым пхъэ къришырт. А псом къыдэкIуэу ар школми щеджэрт. А псор здэпхьыну икъукIэ гугъут, ауэ хэкIыпIэншэт. Абы куэдрэ еджапIэр хыфIидзэн хуей хъурт, ауэ Елбэхъсит лIыжьми, егъэджакIуэхэми, и ныбжьэгъухэми трагъэгушхуэрти еджапIэм ирагъэгъэзэжырт.

Хьэмид нэхъри гугъу ехь хъуащ и анэр лIа нэужь. Иджы ар пщэфIэн, унэр зэщIикъуэн, жьыщIэн, и къуэш нэхъыщIэ Рашид кIэлъыплъын хуейт. Мыбдежми абы дэIэпыкъуэгъу къыщыхуохъу и гъунэгъу лIыжь Елбэхъсит, абы и щхьэгъусэ Нанэ, егъэджакIуэхэр, ныбжьэгъухэр. ЗэрыхъукIэ, колхозри къыдэIэпыкъурт. И псэукIэ хьэлъэм щхьэкIэ къэмынэу, авторым гу лъетэ щIалэ цIыкIур щIэныгъэм зэрыхуэпабгъэм.

И анэр дунейм емыхыж щIыкIэ Хьэмид Налшык щызэригъэцIыхууэ щытащ и анэдэлъху Мухьэмэд, радиокомитетым щылажьэр. Абы щыгъуэ ар радиокомитетым щыIат, и лэжьакIуэхэри зригъэцIыхуат. Абы нэхъ гъунэгъу къыхуэхъуат Зулъкъарней, радиом и лэжьакIуэр. Ар Хьэмид къелъэIуат радио нэтынхэм папщIэ тхыгъэ кIэщIхэр игъэхьэзырыну. ЩIалэ цIыкIум ар игъэзэщIащ, къуажэ дохутыр Семенов Сергей Владимирович теухуауэ корреспонденцэ итхащ. Мис апхуэдэу Хьэмид иджыри еджапIэм щIэсу журналист лэжьыгъэм хэша хъуат. Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу тхакIуэм и повестым къыщиIэтыр зауэ нэужь лъэхъэнэм ныбжьыщIэхэр зытеувэну я гъащIэ гъуэгур къыхэха зэрыхъурщ. Ар гугъу ещI сабийхэр зыхиубыда лъэхъэнэ хьэлъэм. Ар ещхьщ бэнэныгъэ нэсым икIи абы текIуэныгъэ уиIэу укъыхэкIыныр лIыхъужьыгъэ зехьэным поув.

Хьэмид фIыуэ еджэрт, мыгувэуи щIалэр комсомол организацэм и секретару хах. А гъэхэм абы гъащIэм нэхъ хищIыкI, фIымрэ Iеймрэ зэхицIыхукIыф хъуащ. И ныбжьым

емылъытауэ, ар пэщIоувэф дыгъуэгъуакIуэхэм, хуэмыхухэм, апхуэдэу тхьэмыщкIэхэм, дэхуэхахэм къащхьэщож. Абы цIыхум и пщIэр зэрилъытэр хэлъ цIыхугъэрщ.

Журт Биберд и повестыр цIыхур зыгъэлъапIэ, ныбжьыщIэм и гущIэм япэу къыщыуш гурыщIэ дахэр тхылъеджэм щапхъэ щIэщыгъуэхэмкIэ къыхузэIузых тхыгъэ купщIафIэщ.

Адыгэ тхакIуэхэм яхэту къыщIэкIынкъым сабийхэм тхыгъэ щхьэхуэ яхухэзымыха, ауэ куэд хъуркъым зи творчествэр зэрыщыту а литературэ лIэужьыгъуэм тезухуахэр. Мис а нэхъ мащIэхэм ящыщщ КIуантIэ Iэзид (1930–2008), зи творчествэр къэбэрдей-шэрджэс сабий литературэм и хэлъхьэныгъэ нэхъ инхэм ящыщ хъуар. Абы и къаламыпэм къыщIэкIащ рассказ сборник зыбжанэ, ныбжь зэхуэмыдэхэм ит сабийхэм яхуэгъэзауэ: «Мэз лъагъуэхэр» (1965), «ГъуэгурыкIуэ» (1965), «Гулэз» (1966), «Лъэмыж» (1968), «Фэеплъ» (1970), «Гуэл Iуфэм» (1972), «Уэ ухэт?» (1074), «Лыгъей нэз» (1976), «Лапочка» (1977), «Къахьэху» (1979), «Ерыщ» (1981), «Тхыдэр зи бащэ Батыр» (1984), «Iэминат» (1986), «Ох, моя тётушка!» (1991), «Дыжьын фалъэ» (1993), нэгъуэщIхэри.

КIуантIэр и тхыгъэхэм нэхъ къыхэгъэбелджылыкIауэ къыщытоувыIэ сабийхэм я гупсысэм, зэхэщIыкIым игъуэт зэхъуэкIыныгъэхэм. Апхуэдэщ «IункIыбзэр IупкIащ» рассказыр. Зэ еплъыгъуэкIэ ар епхакъым Ланэ хъыджэбз цIыкIум и унагъуэм, ар абы зы псалъэухакIэ нэIуасэ тхуещI: и адэр унагъуэм хэкIащ. КъызэрыпщыхъумкIэ, ар епхакъым Ланэ музыкэм зэрыдихьэхми: хъыджэбз цIыкIур пианисткэ хъуну хуейщ. Ауэ илъэс фIэкI щемыджауэ, абы музыкальнэ еджапIэр къигъэнэн хуей мэхъу. Ныбжь зиIэ тхылъеджэм къыгуроIуэ ар унагъуэм иIэ псэукIэм зэрызихъуэжам къызэрыхэкIар. Ауэ, дауэ мыхъуми, хъыджэбз цIыкIум и насып къокI – ар хуозэ Алихъан, ари музыкэм дехьэх. Ланэ и унагъуэм и Iуэху зыIутыр къыщищIэм, ар иужь йохьэ пщащэр музыкэм езым и унэм щыхуригъэджэну.

Алихъан и анэ ЖанIэфI япэ щIыкIэ абы гуапэу къыIущIащ, ауэ иужьым пианинэм IункIыбзэ ириту хуежьащ. ИкIэм-икIэжым абы Ланэ бжэр къыхуIуихыжыркъым. Мис апхуэдэу балигъхэм я щхьэхуещагъэм, гулъытэншагъэм сабийм и гъащIэм гуныкъуэгъуэшхуэ къыхалъхьэ. ТхакIуэм а Iуэху мыщхьэмыпэр къигъэлъэгъуэн шынэркъым, абы дэтхэнэ сабийри ирихьэлIэнкIэ мэхъу. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, тхакIуэм тхылъеджэр ирегъэгупсыс: сыт хуэдэ гъащIэ къыпэщылъ адэкIэ хъыджэбз цIыкIум? Нэхъыбэу ар зэлъытауэ къигъэлъагъуэри и хьэл-щэнырщ, хэлъ быдагъэрщ. Ауэ нэгъуэщI зы Iуэхугъуи сэтей къохъу: абы и гъащIэр куэдкIэ елъытауэ щытынущ къэзыухъуреихь цIыхухэм, абыхэм яхэлъ гулъытэм, цIыхугъэм.

Адэхэмрэ бынхэмрэ яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэ мытыншым теухуащ «ЖыIэмыдаIуэ» рассказыр. Данэ, рассказым и лIыхъужь нэхъыщхьэр, фIыуэ йоджэ, абы къыхэкIыуи «Артек» лагерым ягъакIуэ. Нафисэ, Данэ и анэр, и пхъум и зэфIэкIхэм щогуфIыкI. Ин щыхъум, Данэ жылагъуэ Iуэхухэм дахьэх, ауэ анэм ар игу ирихьыркъым. Куэд дэмыкIыу хъыджэбзыр заводым мэув, анэм ар игу щIохьэ. Ауэ анэм и пэщIэувэныгъэри абы зэран къыхуэхъуркъым – ар цехым щIалэгъуалэ гупым и унафэщIу хах.

ЗэгурымыIуэныгъэм, гъащIэм Iуэху еплъыкIэ зэтемыхуэ зэрыхуаIэм къегъэщI анэмрэ пхъумрэ яку къыдэхъуэ псалъэмакъыр. Хъыджэбзым ар щхьэусыгъуэ хуохъу анэр къигъанэу завод общежитым щыпсэуну кIуэным. Унагъуэм ис псори – адэри, и дэлъху Мустэфаи, анэри яужь къихьа иужь, Данэ унэм къегъэзэж, ауэ пхъумрэ анэмрэ япэрей зэхущытыкIэр, IэфIагъыр яку дэлъыжкъым…

Адэ-анэхэмрэ бынхэмрэ я зэхущытыкIэхэм тхакIуэм дакIэлъигъэплъурэ ныбжьыщIэм къыхихыну гъуэгур къыдгурегъаIуэ. Апхуэдэу гулъытэ, шыIэныгъэ яхэлъу унагъуэм исхэр зэхущытын зэрыхуейр, сабийр нэхъ зыдихьэхыр, фIэгъэщIэгъуэныр къэлъытапхъэу зэрыщытым балигъхэр дыхуеущий.

БалигъхэмрэсабийхэмрэяязэхущытыкIэрщ къыщыIэтар «Адэ шыпхъу» рассказми. Мышэ щIалэ цIыкIур и адэ шыпхъум къыхуагъанэри, адэ-анэр зыгъэпсэхуакIуэ кIуащ. Абы щIалэ цIыкIур зэмыса, лэжьыгъэми зыгъэпсэхугъуэми хухэха хабзэ ткIийм трегъэувэ. ТхакIуэм мыбы къыщеIэт сабийм и гум щыщIэхэр, абыхэм я гурыгъу-гурыщIэхэр. НыбжьыщIэхэми, балигъхэм хуэдэу, лъэпощхьэпо куэд гъащIэм къащыпоув, ауэ абыхэм ар нэхъ къатохьэлъэ. Абы тхылъеджэхэм гу лъаригъэтэну хэтщ тхакIуэр.

«ХьэщIэм» рассказыр теухуащ цIыху зэхущытыкIэхэм, лъэпкъ зырыз къыхэкIа щIалэ цIыкIухэр ныбжьэгъу зэрызэхуэхъум. Ауэ абыхэм яку дэлъ пэжыгъэмрэ къабзагъэмрэ уи фIэщ ящI я зэхуэщытыкIэр адэкIи дахэу зэрыщытынур.

«Джульеттэ щIалэ къыхех» рассказым хэт ХьэсэнбийзыщыгугъаркъызэремыхъулIамегъэнэщхъей.ТхакIуэм къыгуроIуэ и лIыхъужь нэхъыщхьэм и гум щыщIэр, ауэ итIани къытхуеIуатэ щIалэ зызыгъэгусэр зэрыемыкIур, зэрыдыхьэшхэныр, къыщыщI псори езым зэриляжьэжыр.

НыбжьыщIэхэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр балигъхэм я Iуэхум нэхърэ нэхъ гугъуу, псэкIэ нэхъ зыхащIэу йокIуэкI. Ауэ, балигъхэм я дунеймиещхьу,абыхэм я гъащIэми щынэхъыщхьэр ныбжьэгъугъэрщ, цIыхугъэрщ, зыр зым дэIэпыкъун, пэжу зэбгъэдэтыныр аращ. Аращ КIуантIэм и рассказхэм абыхэм увыпIэшхуэ щIыщаубыдыр. Абы и тхыгъэхэм хэт сабийхэм

я ныбжьыр зэрыхэхъуэм игъусэу я Іэпкълъэпкъкіи псэкіи заужь. Ар тэмэм хъуныр куэдкіэ елъытащ езы сабийхэм я зэхэтыкіэми, ахэр щыпсэу жылагъуэм щыіэ щытыкіэми. НыбжьыщІэхэр балигъ хъуныр епхащ еджэныгъэм, лэжьыгъэм, езыхэм я хьэл-щэным хэлъ мыхъумыщІагъэхэр зэхэнэным, нэгъуэщІхэми. Языныкъуэхэм деж тхакіуэм сюжет зэхуэдитІ къегъэсэбэп еджакіуэ ныбжьыщІэм гупсысэ нэхъыщхьэр нэгъэсауэ иригъэлъэгъун папщІэ. «Зурабрэ Мэлилрэ» рассказым хэт щІалэхэр музыкальнэ еджапІэм щоджэ. Зураб хэлъэтышхуэ иІэкъым, ауэ ар ерыщу мэлажьэ. Мэлил тыншу йоджэ, ауэ ар лэжьэну хуейкъым. Зэман куэд дэмыкіыу Зураб ехъулІэныгъэшхуэхэр зыІэригъэхьащ, артистхэм ядэлажьэ хъуащ, Мэлил ищІэшхуэ щымыІэу къанэри, музыкэмкІэ еджапІэри хыфІидзэжащ, курыт еджапІэми нэхъ Іейуэ щеджэ хъуащ.

А темэрщ къыщиІэтыр тхакіуэм «Насып» рассказми. Абы дызыщрихьэлІэ Зуритэ еханэ классым щоджэ. Ар къалэм къикІащ, ауэ къызыхэтІысхьа классыр абы гуапэу ІущІакъым. Къыбгъэдэс хъыджэбз цІыкІур зэпымыууэ зэран къыхуохъу, егъэбампІэ. Езым и бэшэчагъым, и хьэл дахэм и фІыгъэкІэ, хъыджэбз цІыкІум ныбжьэгъу егъуэт, и классэгъухэри нэгъуэщІу абы хущыту щІадзэ.

Апхуэдэщ КІуантІэ Іэзид и сабий тхыгъэхэр. Ахэр тхакіуэм и гум, и псэм къабгъэдэкІ хуабагъэрэ дахагъэкІэ гъэнщІащ. Абы фІыуэ къыгурыІуэрт зыхуэтхэхэр нэхъ дэзыхьэххэр, ахэр зыгъэгуфІэ е зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэр. ТхакІуэр хуэсакъырт сабиипсэм, мэІуху папщІэу къигъэсэбэп и тхыгъэ щабэхэмкІэ ар щихъумэрт сыт хуэдэ удынми. Адыгэ тхакіуэхэм яхэту къыщІэкІынкъым КІуантІэм хуэдэу сабийм и психологиер къызыгурыІуэу щытарэ ар зыхэпсэукІ дунейр Іэзэу къэзыгъэлъэгъуэжарэ.

Къэбэрдей-шэрджэс сабий литературэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищІащ Гъубжокъуэ Лиуани (1937–1988). «Ди къуажэ щІалэ цІыкІухэр» (Налшык, 1966) сборникым белджылы ищІащ дыкъэзыухъуреихь дунейм и щэхухэм тхакіуэр кууэ зэрыщыгъуазэр, псэущхьэхэмрэ къэкІыгъэхэмрэ лъагъуныгъэ ин зарыхуиІэр. Абы къыдэкІуэу Гъубжокъуэ Лиуан адрей тхакіуэхэм къащхьэщокІ сабийм и гурыгъугурыщІэхэмкІэ и тхыгъэр гъэнщІауэ зэрыщытымкІэ. ТхакІуэм Іэзэу къегъэлъагъуэ сабийхэм я хьэл-щэн зэхуэмыдэхэр. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, «Темыркъан и фоч» рассказыр. Абы тхакіуэм щызэпкърех лІакъуэхэм яку дэлъ зэпыщІэныгъэр, унагъуэм илъ хабзэм псоми я ехъулІэныгъэр зэрепхар. Хьэбалэ и адэ Темыркъан щакІуэ цІэрыІуэт. ЩІалэ цІыкІур иропагэ и адэм: зэ тхьэкІумэкІыхь къеукІ, зэ бажэ, зэ губгъуэ бабыщ. Абы и фочым темыхуэ ищІэркъым.

Хьэбалэ и адэм и Іэзагъыр илъагъуурэ езыри нэщанэ еуэным дихьэхащ. Зэгуэрым Хьэбалэ нэщанэ еуэнымкІэ зэхьэзэхуэм япэ увыпІэ къыщихьащ. Ауэ адэм ар игу дыхьэртэкъым, абы къуэм хуигъэдахэр фІыуэ еджэнырщ. Зэгуэрым абы Іуэху мыщхьэпэ къылъыкъуэкІащ: зыпэрыт хъушэм бгъэм щынэ хихащ. Абы и фочыр щІакІуэм кІуэцІышыхьауэ щІалэ цІыкІум къыхуигъэнат. Хьэбалэ къэдзыхакъым, бгъэм кІэлъыжэщ, джабэм щетІысэхым зригъэхьэлІэри ар къиукІащ, щынэ цІыкІури псэууэ къригъэлащ. Мис апхуэдэу Хьэбалэ и адэм и Іуэхури и Іэзагъри зэрыригъэлъэгъун лІыгъэ зэрихьащ.

«ЩакІуэ банэ» рассказым жыг хадэм щекІуэкІа теплъэгъуэ къыщеІуэтэж, цыжьбанэм жызум и гъуэм ирихьэу сабийхэм зэралъэгъуар. Ауэ жыг хадэм щылажьэ лІыжьым абыхэм ярегъэлъагъу цыжьбанэм щхъухь зезыхьэ блэ зэриукІар. Псэущхьэхэм теухуа а теплъэгъуэхэр художественнэ бзэ къулей, шэрыуэкІэ зэрытхам къыуегъащІэ авторымрэ къэзыІуэтэжымрэ къэзыухъуреихь дунейм и дахагъым зэрыдихьэхыр, фІыуэ абы зэрыщыгъуазэр. ТхакІуэм къэзыухъуреихь дунейм хуиІэ щытыкІэр тхылъеджэм бгъэделъхьэ, абы мыухыж къулеягъэ зэрыбгъэдэлъри къиІуэтэжхэмкІэ наІуэ пщещІ. Мис апхуэдэ къэмыгупсыса Іуэхущ бзухэм лъагъуныгъэ хуиІэр къыщигъэлъэгъуэжа «ПцІащхъуэ» рассказыр зытеухуар. ЩІалэ цІыкІухэм пцІащхъуэ шырыр джэдум къыІэщІахащ. Ахэр абы еІэзэурэ ягъэхъужащ, иужькІэ ар еджапІэм къахьащ. ЕгъэджакІуэм хьэфэ мывэдз къызытриха щІалэ цІыкІум упщІэкІэ зыхуегъазэ: «Уэ зэгуэрым ІэкІэ пІыгъа бзу псэу?... Уэ хьэфэ мывэдзкІэ къыумыудыхар?» – абыи и Іэгум пцІащхъуэ кърагъэлар иригъэтІысхьащ. Нэрылъагъущ, псэ зыІут ущыхуэзэм деж, гурыщІэ хэха зыхыбощІэ. Аращ Мухьэз, хьэфэ мывэдзыр зей щІалэ цІыкІум, пхужымыІэну ар щІызэхищІар: «Мухьэз иджыри куэдрэ щытащ, зыгуэр игъэщІагъуэ хуэдэу…» (*«Ди къуажэ щІалэ цІыкІухэр», н. 19*). Авторым псэущхьэхэм я дунейм дызыщымыгъуазэу хэлъ щэху куэд къытхузэІуех, икІи цІыхухэм къадекІуэкІ гуэрхэм хуэдэ абыхэм я дунейм узэрыщрихьэлІэр умыгъэщІэгъуэн плъэкІыркъым.

Гъубжокъуэ Лиуан и рассказхэр гум дыхьэ сурэт щІэращІэщ, сабийм и псэр зыгъэпІейтейщ. Апхуэдэу, «Мыщэ-билетхэхым» ущеджэкІэ, уи нэгум наІуэу къыщІоувэ мыщэ, цІыху езыхужьахэм яІэщІэкІыну вагон нэщІым ипкІэу станцым нэс кІуар, итІанэ ар абы нэгъуэщІ цІыхухэм къыщрахри зоопаркым иратащ. ГушыІэкІэ гъэнщІауэ къыпщыхъу мы хъыбарым ныбжьыщІэри балигъри игъэнэщхъеин хузэфІокІ: мыщэм и унэр трахащ, яубыдащ, иджы ар гъущІ хъар зэв шынагъуэм щопсэу, цІэщІэу «Билетхэх» иІэу…

ГушыIэ жанрым хуэпхь хъунущ «Мысост-дадэ и тIы» рассказри. Мысост-дадэ зэгуэрым тIы пыджэрей къищэхури и мыIэрысейм ирипхащ. Абы къилъэгъуащ мыIэрысэ дыгъуэ къакIуэу къежьа гъунэгъу щIалэ цIыкIу Жыраслъэн. Абдежым тIым щIалэ цIыкIум хуиунэтIащ, «и пщэр къыдишарэ и бжьакъуэхэр, жызумыжь къудамэ хуэдэу гъумхэр , игъэпIийуэ. Жыраслъэн джэлащ, мывэм и лъэгуажьэр триуду. Къэтэджыжыну хунэмысауэ – аргуэру удын» (*ар дыдэм, н. 36*). Абы лъандэрэ Жыраслъэн мыIэрысэ ишхыжыркъым.

Гъубжокъуэ Л. и рассказхэм тIы пыджэрейм къыдэкIуэуи ущрохьэлIэ жэм пыджэрейми. Жэм къуэлэн Джэмыдэ пыджэрейти, и бжьакъуэхэр памыхыу хъуакъым. Ауэ зэгуэрым пщIантIэм къыщилъэгъуа хъыджэбз цIыкIум – хъыбарыр къэзыIуэтэж щIалэ цIыкIум и шыпхъум – и нэкIум ебзеящ, и шкIэ цIыкIум зэребзейм хуэдэу. ТхакIуэм «ди шынэхъыщIэхэр» фIыуэ зэрилъагъур къыдгуригъаIуэу Хужь и жэмым и щапхъэкIэ зыхыдегъащIэ и быным пэIэщIэ хъуа анэм и гухэлъым и кууагъыр. Хужь и шкIэ цIыкIур къыщIача иужь хъуэкIуэн щигъэтащ, махуэ къэси и шкIэр зыдэт щIыпIэм къакIуэрт. Хужь шхэфыртэкъым, гъур хъурт, ерагъыу и лъэм зэрихьэжу арат. Жэмыр кърагъэлын щхьэкIэ, шкIэр иратыжын хуей хъуащ. Хужьи занщIэу зыкъиужьыжащ…

КъызэрыгуэкIыукъэгъэлъэгъуами, унагъуэ, мэзпсэущхьэхэм я гъащIэм къыхэха хъыбархэр гукъинэ пщохъу, пэжыгъэ нэс зэрахэлъымкIэ. Ар тотхыхь псэущхьэхэм я дунейм фIыуэ щыгъуазэ сабийхэм, IэщIагъэлIхэм а ныбжьыщIэхэм хуэдэу хащIыкI языныкъуэ псэущхьэхэм я зэхэтыкIэ-зэхущытыкIэхэм. Апхуэдэу, Мухьэдин цIыкIур куэдрэ псалъэмакъыншэу кIэлъыплъащ джэдкъазхэм, абы хузэфIэкIащ джэдхэр зыдыгъу бажэр къихутэн. И набдзэгубдзаплъагъымрэ бзухэм хуиIэ лъагъуныгъэмрэ я фIыгъэкIэ абы къигъуэтыжащ гуэгушым и абгъуэ, бажэм щигъэпщкIуу мэзым щищIар. Мухьэдин абгъуэри гуэгушри къригъэлащ. ЩIалэ цIыкIум и нэгу щIэкIащ теплъэгъуэ хьэлэмэт, джэдкъазым бзаджагъэкIэ хьэкIэхъуэкIэр и шырхэм къызэрыбгъэдишыфар. Абы лъандэрэ Мухьэдин «Джэдхэм я старостэкIэ» (рассказым и цIэщ) йоджэ. Куэд къызэщIэзыубыдэ, удэзыхьэх сюжетым авторым хегъэхьэ бжьыхьэ мэзым и дахагъыр: «ФщIэрэ фэ бжьыхьэм ди мэзхэм я дахагъыр? Бжейхэр ихъуреягъкIэ къыпхузэщIэмыубыдэу ину щытхэщ, хуэму щIы псыIэм тхьэмпэ гъуэжьыфэхэр трагъэщащэу. Пхъэдакъэхэр къэдабэ удзыфэпсым ещхь жыглыцымкIэ зэщIэкIащ. Дыгъэ мыпщтырыр, мамырыр жыг лъэдийхэм къыпхроплъри бэджыхъ мин бжыгъэу мэз псор зыщIэзыщтам хоцIуукI» (*ар дыдэм, н. 48*).

Гъубжокъуэм и «сабий дунейм» дызыщрихьэлIэ лIыхъужь цIыкIухэм дащыхуозэ Жаным Борис и тхыгъэхэми. ТхакIуэм

и рассказхэр щызэхуэхьэса «Адэм и сэшхуэ» тхылъыр 1967 гъэм дунейм къытехьащ. Абы ит рассказ кIэщI цIыкIухэр еджэгъуафIэщ, бзэ дахэкIэ тхащ: «Уэтэрым», «Адэм и сэшхуэ», «Елэныкъуэ», «Сэ абы и цIэкIэ сокIуэ», «ХьэтIутIэ матрос зэрыхъуар», «Дыщэ кхъуэщын».

«Уэтэрым» рассказым лъабжьэ хуэхъуар гъэсэныгъэрщ. Ар теухуащ зэкъуэш цIыкIуитI Мушэхьидрэ Хъалифрэ, абыхэм я зэхущытыкIэм. Мушэхьид и къуэш нэхъыщIэр хьэлщэн дахэ хэлъу егъасэ. Махуэ гуэрым абыхэм зэхахащ фоч уэ макъ икIи къалъэгъуащ шу мыцIыху къазэрыхуэкIуэр. Ар къэсри къэувыIащ. «ПыIэ натIэм щэкI плъыжь зэрешэкIамкIэ ахэм къащIащ ар плъыжьхэм зэращыщыр». ЩIалитIыр хуэсакъыурэ уIэгъэр кърахьэхри щIэуфэм щIэт пIэм ирагъэгъуэлъхьащ. Асыхьэтуи нэгъуэщI шы лъэ макъ къэIуащ. Хъалиф къыщIэжщ, шым шэсри щIэпхъуащ, я хьэщIэр иримыгъэубыдын, шынагъуэр щхьэщихын и мураду. Шу гупыр абы кIэлъыщIэпхъуащ. Мушэхьид куэдрэ ежьащ и шынэхъыщIэм, ауэ абы нэху щыху къигъэзэжакъым. Жэщ псом Мушэхьид бгъэдэсащ лIы мыцIыхум, и уIэгъэм еIэзэу. Нэху щыщым лIы мыцIыхуми зыкъищIэжщ, Хъалифрэ и къуэшымрэ къехъуэхъури ежьэжащ. Къуэш нэхъыщIэм къылъыкъуэкIа лIыгъэмрэ зэхэщIыкIымрэ я фIыгъэкIэ зауэлIыр къелащ.

«Адэм и сэшхуэ» рассказыр адэмрэ къуэмрэ я зэхущытыкIэм, и адэм илъ и къуэм зэрищIэжам теухуащ. Пщэдджыжьымжьыуэкъэтэджри Щэлэуат къуажэ гупэм дэкIыну зигъэхьэзыращ, нобэ цIыху псори абы щызэхуэсти. Жылэр щызэхэт щIыпIэм деж щIалэр щынэсым, пристафым жиIащ: «Зауэ полевой судым и унафэ. Нартыкъуэ Уардэщауэ бэлшевичхэм япыщIауэ щытщи…» А дакъикъэм щIалэр къэуIэбжьри тхытхащ, щхьэпылъапIэмкIи кIуэуэ хуежьащ. Уардэщауэ цIыхухэм закъыхуигъэзауэ зэрымыкъуаншэр, дэтхэнэ зы цIыхури зэрыщхьэхуитыр къащыжриIэм, полицеитIым языр фэндырэм кIуэцIыпкIэри щIиудащ. Абдежым Щэлэуат псынщIэу жэри и адэм и лъакъуэр иубыдащ, ауэ ар езыри япхъуатэри тутнакъэщым щIадзащ.

ЩIалэр щхьэхуит къызэращIыжу и унэ къекIуэлIэжащ, ауэ бжэр гъэбыдауэ къыщIэкIащ. Я гъунэгъум къыжриIащ и анэр сымаджэ хъууэ и дыщым зэрашэжар. Щэлэуат къыдигъэзыкIыжри жэщыбгым пристафым и деж кIуэри и адэм илъ ищIэжащ. Куэд дэмыкIыуи къуажэм хэз хъуат Щэлэуат дыгъуэгъуакIуэхэм, цIыхуукIхэм яхыхьауэ. Етэчи псалъэ итащ и ныбжьэгъум и къуэр кришэлIэжу и анэм и гур игъэпсэхужыну. Анэм ар щызэхихым, и гум щIыхьащ икIи Щэлэуат и ныбжьэгъу Хъерлы деж кIуэри елъэIуащ и къуэр къыхуигъуэтыжыну. Хъерлыи а Iуэхум занщIэу и ужь ихьащ икIи абы хузэфIэкIащ

и ныбжьэгъур къишэжу лъагъуэ тэмэм тригъэувэжын. Зи къуэм Іуплъэжа анэм и нэпсхэр къежэхащ, адэм хуэфащэ къуэуэ къызэрыщІэкІам щхьэкІи адэм и сэшхуэр къритыжащ.

«Адэм и сэшхуэ» рассказым тхакІуэм къыщиІэта темэрщ «Сэ абы и пІэкІэ сокІуэ» тхыгъэм лъабжьэ хуэхъуари. Ар адэмрэ къуэмрэ яку къыдэхъуэ зэхущытыкІэрщ. Адэм и къуэр насыпыфІэ ищІын, щІэныгъэ иритын папщІэ, хузэфІэкІ къигъэнэркъым, щІалэр еджапІэми щІегъэтІысхьэ. Ауэ адэм къыхуищІэхэр къызыгурымыІуэ къуэр и адэм пэщІоувэж… Апхуэдэ темэр лъэпкъ литературэм щыгъунэжщ, ауэ Жанымым и лІыхъужьхэр балигъ гъащІэм хэбакъуэу щІэзыдза ныбжьыщІэхэрщ. ТхакІуэр абыхэм яхуосакъ, къаІэщІэщІэ щыуагъэхэм дерс къахрегъэх икІи икІэм-икІэжым ахэр гъуэгу тэмэм теувэжауэщ и тхыгъэхэр зэрыригъэухыр.

Гъэсэныгъэр, ущииныгъэр щынэхъыщхьэщ «ХьэтІутІэ матрос зэрыхъуар» рассказми. ХьэтІутІэ щІалэ цІыкІум и адэр зэрылІэрэ илъэс зыхыбл хъуат, и анэри ныкъуэдыкъуэти, яшхын къилэжьын папщІэ Іуэхутхьэбзащ Іэу уват. Зи адэр зыщхьэщымытыж щІалэм псори къытегушхуэрт, сыт хуэдэ ІэнатІэми пэрагъэувэрт. ИужькІэ ар Армавир макІуэри абы ныбжьэгъу къыщыхуохъу езым хуэдэу зеиншэу къэхъуа Умар. ЩІалэхэм цІыхугъэ къахуохъу матрос гуэр. Абы и фІыгъэкІэ щІалэхэм я гъащІэм зехъуэж, гъуэгу тэмэм тоувэ, кхъухь зехуэкІи зэрагъащІэ.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ, иджырей сабий прозэм и зыужьыкІэм теухуауэ къыжытІахэр къызэщІэпкъуэжмэ, къыхэгъэщын хуейщ лъэпкъ прозаикхэм абы хуащІа хэлъхьэныгъэхэр зэрызэхуэмыдэр – языныкъуэхэр зэзэмызэ фІэкІ абы хэмыхьамэ, адрейхэм къару нэхъыбэ ирахьэлІащ. Абы и щапхъэу къэпхь хъунущ ХХ лІэщІыгъуэм и етІуанэ Іыхьэ ныкъуэм лъэпкъ сабий литературэм зегъэужьыным гуащІафІэу хуэлэжьа Къущхьэ С., Шыбзыхъуэ М., Къагъырмэс Б., Гъубжокъуэ Л., КІуантІэ І., Бозий Л., Къамбий З., КІэрэф М., Журт Б., Нэхущ М., Дыгъужь Къу., Іэщыж Б. сымэ я тхыгъэ купщІафІэхэр. А Іуэху дахэм ноби я зэфІэкІ халъхьэ Гъэунэ Б., Къэрмокъуэ Хь., Мэзыхьэ Б., Хьэх С., Жылэтэж С., Джэрыджэ А., Ацкъан Р., Мыз А., нэгъуэщІхэми.

ХХ лІэщІыгъуэм и кІэухымрэ ХХІ-нэм и пэщІэдзэ илъэсхэмрэ цІыкІухэм папщІэ къыдагъэкІхэр нэхъыбэ хъуащ. Ар къызыхэкІыр, шэч хэмылъу, тхакІуэхэми, усакІуэхэми, тхылъ тедзапІэхэми иужьрей илъэсхэм сабийхэм гулъытэ нэхъыбэ хуащІ зэрыхъуарщ. ЩІыкІухэм теухуа тхылъхэр сэбэпышхуэ яхуохъу адэ-анэхэми, егъэджакІуэхэми, сабий садхэм я лэжьакІуэхэми. Адыгэ сабий литературэр япэкІэ мэкІуатэ, абы къаруущІэхэр егъуэт.

Нобэрей щІэблэр дыгъуасэрейм хуэдэкъым, абы и зэхэщІыкІым нэхъ псынщІэу зеужь, куэдым гу лъатэ, нэхъыби

къагуроІуэ икІи яхузэфІокІ. Абы къыхэкІыу щІэблэм хуэтхэ усакІуэми, тхакІуэми, драматургми я пащхьэм къалэныщІэхэр, лъагапІэщІэхэр къоувэ. Ахэр гъэзэщІэныр дэтхэнэ тхакІуэми и пщэрылъ лъапІэщ. Ахэр хуолажьэ щІэблэм я щІэныгъэм хэгъэхъуэным, гъащІэм нэхъ лъэ быдэкІэ щыгъэувыным. Абы къыхэкІыу ди тхакІуэхэр сыт щыгъуи гъащІэм и курыкупсэм хэмыту хъунукъым, езыхэм къащтэ темэхэри щІэщыгъуэу, гъэсэныгъэ-ущиныгъэ мыхьэнэ быдэ яІэу щытын хуейщ.

2.3. ЦІыкІухэм яхуэгъэза усыгъэр

Иджырей щІэныгъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, нобэр къыздэсым гулъытэ нэс зымыгъуэтахэм ящыщщ сабий литературэр. Шэч къытехьэгъуейщ щІэблэм и гупсысэкІэм, и зэхэщІыкІым зегъэужьынымкІэ абы къалэнышхуэ зэрыщигъэзащІэм. Апхуэдэу абы жылагъуэ зэхэтыкІэм и хабзэхэм, лъэпкъым и хьэл-щэным щыщ куэди сэтей къещІ. Ауэ а Іуэхугъуэхэр къэзыхутэ щІэныгъэр сабий литературэм и зыужьыкІэм къыкІэрыхуу жыпІэ хъунущ. Зыужьыныгъэм и гугъу щытщІкІэ, умыгъэщІэгъуэнкІэ Іэмал имыІэу нэгъуэщІ зы Іуэхугъуи къыкъуокІ: иджырей сабийхэм тхылъ еджэным мыхьэнэшхуэ ирату щымыт пэтми, ди тхакІуэ-усакІуэхэм зэпымыууэ тхыгъэщІэхэр къагъэщІ, «сабиигъуэм и дунейр» дунейпсо щэнхабзэм зэригъэпэща лъапІэныгъэхэм я къэухьым икІыпэнкІэ зэрыхъуным тешыныхьу къыпфІагъэщІу. Абы щыхьэт тохъуэ зи гугъу тщІы лъэхъэнэм къриубыдэу сабий усэхэр зэрыт тхылъ зыбжанэ ди дежи къызэрыщыдэкІар. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, Хьэнфэн Алим и «Дыщэ нанэ» (1997), Нало Заур и «Зэшыпхъуитым я псысэхэр» (2003), «Урыху Іубыгъуэ» (2001) сборникым хыхьэ «Сабий Іыхьэр», Щоджэн Леонид и «Моцэрэ Бацэрэ» (2001), «Нэхунэ цІыкІухэр» (2007), Къуныжь ХьэІишэт и «Хьэрхьуп» (1996), Гъуэзджэш Хъызыр и «Псысэ Іэтэ фхузоІуатэ» (2008), ГъукІэлІ Исуф и «Дадэ дахэ» (2002), Къагъырмэс Борис и «Мыщэжьыкъуэ» (2002), «Уэшхым и къару» (2010), КІэмыргуей Толэ и «Дерс» (2002), АфІэунэ Лиуан и «Псынэ цІыкІу» (1993), «ШыщІэ цІыкІу» (2003), «Хъыринэр» (2008), Джэрыджэ Арсен и «Си шыпхъу цІыкІуу Дахэуэс» (2007), Тау Нинэ и «Мэшбэв» (2000), «Уэшх нэужьым» (2003), «НэкІуху» (2005), Хьэщыкъуей Олег и «Пшэ хужь цІыкІу» (2000), «ТхьэкІумэ кІыхь Іущыцэ» (2003), «КхъуейплъыжькІэрыщІэ» (2005), Къэзан ФатІимэт и «Уэс нэжэгужэр» (2009) усэ тхылъхэр, нэгъуэщІхэри.

Зи цІэ къитІуа усакІуэхэм яхэтщ зи къалэмыр хэхауэ сабийхэм хуэзыгъэлажьэхэр, адрейхэм – сабийхэм папщІэ ятх усэхэм «Іыхьэ» щхьэхуэ я тхылъхэм щыхухах. Ауэ,

дапхуэдэу щымытми, лъэпкъ сабий усыгъэр зэи гулъытэншэу къанэркъым. Къыхэгъэщын хуейщ, мы Іуэхум хэлъхьэныгъэ щхьэпэ «Нур» журналми зэрыхуищІыр.

Совет нэужь лъэхъэнэм дунейм къытехьа сабий усыгъэр зэрыщыту къапщтэмэ, абы и къыщхьэщыкІыныгъэ нэхъыщхьэр здэщыплъагъур къиІэт темэхэрщ. Псалъэм папщІэ, гуащІэдэкІыр зыгъэлъапІэ сабий усэхэр хэпщІыкІыу нэхъ мащІэ хъуащ, гъэщІэгъуэныращи, абы дэщІыгъуу еджэныгъэ, щІэныгъэ темэхэм теухуахэм я пщІэри елъэхъшэхащ, ауэ адыгэ хэкум, анэдэлъхубзэм ехьэлІа гупсысэхэм нэхъ заубгъуащ. Апхуэдэ щхьэхуэныгъэхэр зыдэплъагъур псом япэу усакІуэ нэхъыжьхэм я Іэдакъэщ Іэк Іхэрщ. Зэгъэпщэныгъэ телъыджэхэр тегъэщІапІэ ищІурэ Нало Заур анэдэлъхубзэм и дахагъэр мыпхуэдэу къытхуеІуатэ:

Адыгэбзэр убзэрабзэм,
Уафэ къащхъуэм зеукъэбзыр,

Дыгъэ джылыр къыщІокІыжри,
Бзум усэныр ягу къокІыжри,

Удзхэр вагъуэу къыздогъагъэ,
ИрогуфІэ я дахагъэм.
(«Адыгэбзэр мэбзэрабзэ»)

Мыбыи, «Нанэ и псэ, дадэ и бзэ», «Къуажэхь» усэхэми мыхьэнэ хэІэтыкІа зиІэ Іуэхугъуэм и гугъу щыщІащ, ауэ нэхъыщхьэр ахэр сабийм и гукъыдэжрэ и нэжэгужагъкІэ зэрыгъэнщІарщ.

Хьэнфэн Алим анэдэлъхубзэм, адыгэ лъахэм теухуа и сабий усэхэм нэгъуэщІущ а Іуэхум зэрыщыбгъэдыхьэр: дыкъэзыухъуреихь дунейм и сурэт щІыныр игъэмащІэурэ, лирическэ лІыхъужьым и псэм зыхищІэхэм нэхъ зрегъэубгъу:

Адэжь щІыналъэ,
Си нэр зыгъаплъэ,
Си лъэр здэбыдэ,
Зыми хуэмыдэ.

Уэ уи жьэгу дыщэм
ЩызекІуэ гущэм
Къыдобзэрабзэр
Анэдэлъхубзэр!

Бзэм и гуфІэгъуи,
И нэщхъеягъуи

Тхуэбгъэзахуэу
Тхутет гъуэгу махуэ!
(«Анэдэлъхубзэ»)

УсакIуэм и «Анэдэлъхубзэми», абы пэджэж «Си Шэрджэс» усэми ящIэлъ гупсысэр сабий поэзиемрэ балигъым хуагъэпсамрэ я зэпылъыпIэм къыщыхъуу убж хъунущ.

Бзэм, хэкум теухуа гупсысэхэм шэрджэс усакIуэ АбытIэ Хъызыр и творчествэми увыпIэшхуэ щаубыд. Абы «Ирипсалъэ, адыгэщI, адыгэбзэм!», «Си адыгэбзэ» и усэхэр усакIуэ нэхъыжьхэм къытхуагъэнахэм къыпащэу щытщ. Ауэ япэ итахэм къащхьэщыкIыу, АбытIэм бзэм и мыхьэнэр лъэныкъуитIкIэ къыщыхигъэщыну хэтщ. Абы бзэм къыдэгъуэгурыкIуэ щIэныгъэ Iуэхури къыхегъэхьэ:

ДымыцIыхумэ урысыбзэр –
ГъащIэм дыхуэIэшэщ.
Тщыгъупщэжмэ ди лъэпкъыбзэр –
Дыхьэфиз зэрашэщ.
(«Ди лъэпкъыбзэр»)

Мыбыи гу лъытэн хуейщ: иужь илъэсхэм дунейм къытехьэ сабий усэхэм узыщрихьэлIэ лIыхъужь цIыкIухэр я хьэлкIэ зэщхьэщыкIыщэу щыткъым. Усэхэм я нэхъыбэм къыхэщ образыр сабий гъэфIащ, кIэщI-кIэщIурэ абы зегъэкъиин, мэкъуейщIей, ауэ, апхуэдэхэм дежи, а цIыкIур нэхъыжьхэм я псэм и хъуахуэу къонэж. Зы къупхъэм къигъэжыкIам хуэдэу къыпщохъу Щоджэн Леонид и «Динэ щIэгъыр» усэм хэт хъыджэбз цIыкIур, Нало Заур и Данэ («Данэрэ дадэрэ»), Гъуэзджэш Хъызыр и Иринэ («Иринэ цIыкIу гъыринэщ»), Къагъырмэс Борис и Жан («Жаннэ жан»), нэгъуэщIхэри. Зи гугъу тщIы ныбжьыщIэхэм я нэхъыбэм нэхъыжьу къабгъэдэту тлъагъур адэшхуэмрэ анэшхуэмрэщ.

Сабий дунейр гъэщIэгъуэныщэу ди нэгу къыщIегъэувэ Нало Заур. «Псы телъыджэ цIыкIу» усэм хэт лIыхъужьм мыпхуэдэ хъыбар хьэлэмэтхэр къытхуеIуатэ: я пщIантIэкумкIэ зэпырыж псы цIыкIум къуэлэнхэм нэмыщI, тюленхэри хэсщ, жеIэ:

«Джейхэм зыщагъэпскIыр
Ди удзыпцIэр яхъуу,
МэракIуейм зыщахъуэу…».

Ауэ Iуэху телъыджэхэр абдежым щиухыркъым: джеижьхэм я шэр «нанэ къешыр», абы иужькIэ «А джеижьхэм я шэр / Америкэм яшэ», итIанэ а ахъшэмкIэ щэхуу лIыхъужь цIыкIум кIэнфет къыхуащэху… Апхуэдэ литературэ IэмалхэмкIэ усакIуэм сабиипсэр зыгъэпIейтей гупсысэ дахэхэм зрегъэубгъу.

Дунейм и дахагъэр сабийм нэхъ гурыIуэгъуафIэ щыхъуну теплъэхэмкIэ къегъэлъагъуэ Нало Заур. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, абы и «Уэгу щынэ хужьхэр». Мыбы усакIуэм плъыфэ зэмылIэужьыгъуэхэри, дыгъэ нурым и джэгукIэм къыхэкI теплъэхэри Iэзэу щызэпещIэ, сабийри балигъри дэзыхьэх сурэт къигъэщIу:

Мо ди уафэ къащхъуэм
Дыщэ тажырыщхьэу
Дыгъэр я Iэщыхъуэу
Щынэ хужьхэр щохъур.

Гукъинэж образыр зыщIыр усакIуэм Iэзэу сабийм гу зылъригъатэхэрщ, ахэр къызэрымыгуэкIыу зэрыщытырщ:

Езы Дыщэ тажыр
Уэгум ныщозэшыр.
И хьэмкIутIей башым
БлыгукIэ тегъэщIауэ,
Кинор игъэщIагъуэу,
Йоплъыр телевизор,
Къыщхьэщыту мазэр.

Ауэ дахагъэм и закъуэкъым мы усэм къару къезытыр, сабийм дежкIэ гъэщIэгъуэн зыщIыр, атIэ а сурэтым къыхэбэукI хуитыныгъэрщ. Сабий дунейм сыт хуэдэ Iуэху телъыджэри щыпхуэгъэзэщIэнущ:

Си Iупэр согъэпщыр,
Мы уафэгум сопщэ:
Щынэ хужьхэр магъуэ,
Уафэри мэгъуагъуэ.

Налом и «сабий дунейм» ущыхэплъэкIэ, лъэпкъ IурыIуатэм и лъапсэм къитэджыкI щхьэхуэныгъэ гуэрхэр хыболъагъуэ. Псалъэм папщIэ, и «Дыгъэеджэ» усэм пасэрей адыгэхэм къагъэщIа тхьэ елъэIукIэхэр уигу къагъэкIыж, абы и гъэпсыкIэри IуэрыIуатэ жыпхъэм итщ:

Уэ ди дыгъэ дахэ,
Ди Тхьэм хуэдэу лъагэ,
Уэ дунейм уринэщ,
Уэ дунейм урипсэщ.

КъебжэкIхэм, псынщIэрыпсалъэхэм ещхьу, псалъэ, сатыр къытезыгъэзэжхэри Нало Заур куэдрэ къегъэсэбэп.

ІуэрыІуатэм и апхуэдэ художественнэ Іэмалхэр адрей усакІуэхэми къагъэсэбэпу урохьэлІэ. Щоджэн Леонид и «Дауэ хъунут» усэр къэтщтэнщи, ар къызэригъажьэр адыгэ сабий джэгукІэр къызэрыхадзэ къебжэкІым («Дэнэ кІуа, / Дэнэ кІуа, / Іэгур дэнэ кІуа?») йомыгъэщхьынкІэ Іэмал иІэкъым:

Дэнэ кІуа,
Дэнэ кІуа,
Махуэр дэнэ кІуа?
Дэнэ кІуа,
Дэнэ кІуа,
Жэщыр дэнэ кІуа?
Зыр мэкІуэж,
Зыр къокІуэж,
Зыр мэкІуэж,
Зыр къокІуэж…

Хьэщыкъуей Олег и «Оксанэ» усэм и гъэпсыкІэм адыгэ хъуэхъухэр уигу къагъэкІыж:

*ЩІыкІуми и ны**бжь**ыр,*
***Бжь**эм щымышынэу,*
*Шынэ имы**щІэу**,*
***ИщІэ**м уехъуапсэу,*
*Псэ къыхигъа**кІэ**у,*
*П**кІа**уэу къип**кІыхьу**,*
***КІыхьу** мы**пса**лъэу,*
***Пса**пэри **къихь**рэ,*
***Къихь**ари къу**иту**,*
***Ит**ар мы**кІуэ**ду,*
***Куэ**д къраты**жу**,*
*Пэ**жу щыту**…*
*Зэры**щыту** зэры**хъур** –*
*Илъэсит**ху** къудейщ!*

Зэрытлъагъущи, мыбдежым усакІуэм анадиплосис Іэмалыр – сатыритІ зэкІэлъыкІуэм щыщу япэ итым и кІэух макъхэмрэ абы къыкІэлъыкІуэ сатырым и пэщІэдзэ макъхэмрэ зэщІэжьыуэу щытыныр – ІэкІуэлъакІуэу къыщигъэсэбэпащ.

Урыс усакІуэ цІэрыІуэ Чуковский Корней «Сабий усакІуэхэм яхуэгъэза и ущие псалъэхэм» щыжеІэ усакІуэр ныбжьыщІэхэм я гупсысэкІэм, я псэлъэкІэм кІэлъыплъурэ, абыхэм я зэхэщІыкІым къитІасэхэр къилъытапхъэщ. А лэжьыгъэм мыхьэнэ нэхъ зиІэхэм ящыщу и гугъу щещІ сабий усэм и макъамэр шэщІауэ щытын зэрыхуейр, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ езы сабийхэм езыр-езыру зэхалъхьэ усэ цІыкІухэм

макъ дэкIуашэхэр зрагъэубыдылIэу щыткъыми. УсакIуэм жиIэхэм я пэжагъым шэч къытехьэгъуейщ, ауэ, зэрытщIэщи, дэтхэнэ лъэпкъыбзэми езым и щхьэхуэныгъэхэр иIэжщ. Мис апхуэдэхэм къагъэщIа Iуэхугъуэ гугъухэм зыгуэркIэ пэлъэщыну хущIэкъу хуэдэу къыпфIощI Къэжэр Хьэмид и сабий усэхэр. Псалъэм папщIэ, апхуэдэщ «Саусэ», «Дзыдзэ», «Ужьэ», «Уашхэ», «Бажэ», нэгъуэщIхэри. Аллитерацэхэр, ассонансхэр, къытезыгъэзэжхэр Къэжэр Хь. уэру къегъэсэбэп, абы ипкъ иткIэ усэм и IукIэри нэхъ шэщIа мэхъу:

Псей,
си гум щхъуантIэу уэ укъопсэ.
Псей,
уащхъуэм ещхьу уэ укъабзэщ.
Псей,
Ди псым хуэдэу уэ угуакIуэщ.
Псей,
жьыбгъэм ещхьу уэ угуапэщ.
Псей,
си псэр зей,
си псэм ей,
Псей!

(«Псей»)

Усэм и IукIэм, абы къыщIэувэ макъамэм гулъытэшхуэ хуещI Хьэщыкъуей Олеги. Зы макъыр мыхьэнэкIэ зэхуэмыдэ псалъэхэм къыщытригъэзэжурэ абы мыпхуэдэ сатыр хьэлэмэтхэр къегъэщI:

ЩIы щIагъым
ЩIыунэ
ЩIыIубнэфым
ЩIещIыхь.
ЩIэмызагъэ
ЩIыунэм
ЩIыIубнэфыр –
ЩIозэшыхь.

(«ЩIыIубнэф»)

Апхуэдэ усэхэр я гъэпскIэкIэ псынщIэрыпсалъэхэм ещхьщ. Къыхэгъэщын хуейщ, Хьэщыкъуейм и усэхэр нэхъыщIэ дыдэхэми, зи школ кIуэгъуэ нэсахэми, класс нэхъыщIэхэм щIэсхэми зэхуэдэу яхуэгъэзащ. Абыхэм къахэщ дуней еплъыкIэр ныбжь хэха гуэрым епхауэ щыткъым, и гупсысэри зы пIэм иткъым. Пэжщ, а гупсысэр, усэхэм къахэбелджылыкI «сэ» цIэпапщIэр къызыбгъэдэкIыр ныбжьыщIэращ, ауэ а ныбжьыщIэм тхыгъэ къэс щIэщыгъуэурэ зыкъыщегъэнаIуэ.

Зэм япэ лъэбакъуэхэр зыч цIыкIум и гупсысэ нэхухэм щыгъуазэ дыхуохъу, абы фIэIэфIу зыхищIэ гъатхэр фIыуэ илъагъу и анэм ирегъэщхь («Гъатхэ»), зэми къэхъукъащIэхэм нэхъ зэпкърыхауэ икIи нэхъ хэгупсысыхьауэ бгъэдыхьэ ныбжьым итхэм дащыIуощIэ («Уд фызыжь», «Си мыщэ»). Ар и гупсысэр зэхьэлIа Iуэхугъуэхэм мащIэуи ящIонакIэ («Дыгъужьгъащтэ», «Щхьэбалыджэ»), адэкIэ нэхъыщIэхэм я къыщхьэщыжакIуэ, унагъуэм и бын пажэм и гупсысэхэм зыщаубгъу («Оксанэ»). Ауэ усэхэм дызыщрихьэлIэ лIыхъужьхэр сыт хуэдизу зэщхьэщымыкIми, зи гугъу ящI Iуэхугъуэхэми, теплъэгъуэ къагъэлъагъуэхэми зэрыщыту гукъыдэж къозыт, нэжэгужэ узыщIщ, «цIыкIум и дунейр» сытым дежи дахэ ящIу:

Вагъуэ ныбэ,
Фыгъуэнэд,
Вагъуэ къомбэ
Изщ уи нэд.
Махуэм цIыкIухэм
ЗащогъэпщкIу,
Жэщым цIыкIухэр
КъыпщагъэпщкIу –
Iух уи нэдыр,
Къих зы вагъуэ.
ЩIыкIухэм ет,
УмыщI я жагъуэ.
(«Жэщ»)

Игури и псэри етауэ зи къалэмыр сабий поэзием хуэзыгъэлажьэ усакIуэхэм ящыщщ Щоджэн Леонид. Хьэщыкъуей Олег къыщхьэщыкIыу абы и усыгъэр нэхъыбэу зыхуэгъэзар нэхъ цIыкIу дыдэхэращ. И тхыгъэхэм я нэхъыбэм лъабжьэ яхуэхъури дыкъэзыухъуреихь дунейм хэплъэу щIэзыдза сабийм япэ дыдэу къит и упщIэхэмрэ абыхэм я жэуапхэмрэщ. Абы къыхэкIыу усэ куэдым я псалъащхьэхэм упщIэ нагъыщэ щыгъэуващ. КъэхъукъащIэ зэмылIэужьыгъуэхэр сабийм и дуней еплъыкIэм щыкIуэцIрышауэ щытщ. Псалъэм папщIэ, махуэмрэ жэщымрэ зэрызэблэкIым игъэгупсысэ, жеин зымыдэ сабий къииным и нэ цIыкIухэмкIэ дрегъэплъ а Iуэхум:

Жэщыр кIуэжрэ
КъэмыкIуэжмэ,
Ей, зо,
Дауэ хъуну пIэрэт?
Псори махуэ
ЗащIэ хъуатэм,
Дауэ хъуну пIэрэт?

Мис итIанэ
Умыжейуэ
Уджэгу хъуну пIэрэт?
(«Дауэ хъунут?»)

Гъэм и зэманхэр нэхъ наIуэу къигъэлъэгъуэн папщIэ, цIыкIухэм нэхъ гурыIуэгъуафIэ икIи гъэщIэгъуэн ящыхъуну теплъэгъуэхэр ди пащхьэ кърелъхьэ: гъатхэм ажэгъуэмэр уэс щIагъым къыщыхокI, хьэрхьупхэр къолъэтэж, щынэ цIыкIухэр дунейм къытохьэ; щIымахуэм цIыкIухэр IэжьэкIэ кърашэкI, уэс унэ яухуэ, гъэмахуэм сабийхэм псыежэххэм зыщагъэпскI, н. Апхуэдэ теплъэгъуэхэмкIэ гъэнщIащ, псалъэм папщIэ, «Уэсым сыхосыхь», «Гъатхэр къэсыжащ», «Гъэмахуэ, щIымахуэ», «Уэс унэ», «Гъатхэ уэшх» усэхэр. Ауэ гъэм и зэманхэм я нэщэнэ щхьэхуэхэм ямызакъуэу, къэхъукъащIэ зэIумыбзхэм ящыщ гуэрхэри, сабий акъылыр абыхэм зэрыпэщIэт щIыкIэри усакIуэм къегъэлъэгъуэ. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, «Гъатхэр къэса – къэмыса?» усэр. Уэс къесыр, дауи, щIымахуэм и нэщэнэщ, ауэ абы щхьэкIэ къэмынэу, зыкIи къыдэмыупщIу удзхэри къыхокI. Апхуэдэ телъыджэм ар зи щыпэлъагъур къимыгъэуIэбжьу къанэркъым:

И пэжыпIэр
Къысхуэмыщ Iэ
Сэ жысIэнури сымыщIэ.

Мис, ныжэбэ
Уэс къесащ.
Ауэ къесар
Псы хъужащ.
Ажэгъуэми
Ялъэгъуащ,
Зылъэгъуахэм
ЖаIэжащ.

Дунейм и къэхъукъащIэхэр сыт хуэдизу телъыджэу щымытми, Щоджэныр абыхэм зэратепсэлъыхьыр зэпIэзэрытущ, и гурыщIэр и щIыIу къимыщIущ. Дунейм псэ къыхэзыгъэхьэ дыгъэ нурми («Дыгъэ нурыр / Хуэмеяуэ / ЩIылъэм / Чымпи къыщымыкI» («Дыгъэ нур»)) псы къабзэми («Псыр жейркъым», «Гъатхэ уэшх», «Уэшхыпс») я къарум и гугъу зэрищIыр бзэ къызэрыгуэкIкIэщ. Ауэ усакIуэм и образхэм я гъэщIэгъуэнагъри, я дахагъри абы щхьэкIэ нэхъ лъахъшэ хъуркъым. Дуней кIэрахъуэр «зыми зыщимыхъуэ, икIи зыми жьэхэмыуэ», ар шэрхъым ирегъэщхь:

ГъэщIэгъуэнкъэ,
Зэй щымыуэ.
А шэрхъыжьыр
ГудзэжьиплIащ,
ГудзэжьиплIри
Быдэу хэлъщ:
Гъатхэщ зыр,
Адрейр гъэмахуэщ.
Бжьыхьэщ зыр,
Адрейр щIымахуэщ.

(«ЩIы хъурейр»)

Щоджэным и усэхэр зэгъэщIэгъуафIэщ, ар къызыхэкIри тегъэщIапIэ ищI образхэм я IэкIуэлъэкIуагъым и закъуэкъым, атIэ ахэр зэрыгъэпса жыпхъэрщ. Абы имыкIыу псалъэухахэр сэтыр кIэщI цIыкIуурэ зэпыудауэ зэкIэлъокIуэ, сэтыр къэс зы псалъэ е псалъитI нэхъыбэ мыхъуу.

ХэгъэщхьэхукIауэ къатеувыIапхъэщ псэущхьэхэм ятеухуа усэхэм. Мыбдежым псэущхьэхэм ядэплъагъу хабзэ щэн гуэрхэм теухуа гупсысэхэр («ЛПыжьымрэ бжэнымрэ», «Зыгуэр къэхъуащ», «Зы, тIу, щы»), ахэр лъэпкъыгъуэкIэрэ зэрызэгухьэ щIыкIэр («Дзыдзэрэ дзыгъуэрэ») сабийхэм къагурегъаIуэ. Ауэ нэхъыщхьэу а усэ гупыр адрейхэм къахэзыгъэщхьэхукIыр гушыIэ дахэр зэрахэлъырщ. Псалъэм папщIэ, мыщэ шырым и тхьэкIумэр щIэкIэщIым и щхьэусыгъуэу къиIуатэр и къуейщIеягъэм къыхэкIыу мыщэ адэм къыхупичащи аращ. «Си шыд цIыкIум и лъэIу» усэр зытеухуа шыд цIыкIум мыпхуэдэ лъэIу хьэлэмэткIэ лIыхъужьым зыкъыхуегъазэ:

Си цIэм
«Д»-р пывгъэху,
Мис итIанэ,
Семытхауэу
Сэ фхуэсщIэнут
Iуэху.

Пычыгъуэ къэтхьам тэмэму къыхегъэбелджылыкI сабийм дунейм зэреплъ щIыкIэм щыщ зы щхьэхуэныгъэ – ар псэущхьэхэмрэ цIыхухэмрэ зэгъэпщэнырщ. Псэущхьэхэри цIыхубзэкIэ мэпсэлъэф: бзухэр мэлъаIуэ, къашыргъэ бзаджэхэм дащыфхъумэ, жаIэри («Джэджьей»), хывым гъэхуауэ къыдгурегъаIуэ шэдыр щIыфIэфI щхьэусыгъуэр – абы зыхегъэпскIыхьри аращ («ФIыщIэцIу»), шылъэгур хуэм дыдэу щIызекIуэр, езым зэрыжиIэмкIэ, и гъащIэр кIыхьщ, зыщIыпIи пIащIэркъыми аращ («Шылъэгум и уэрэд»), жьы хъуа хьэм хуабжьу и гум къоуэ дзэ зыIумытыж тхьэмыщкIэм зыми гу зэрылъимытэр («Хьэщхъуэжъ»). Апхуэдэ зэгъэпщэныгъэ

ІэмалхэмкІэ Щоджэн Леонид сабийхэм я гулъытэм зригъэужьыну иужь итщ. Ар усакІуэм нэхъыфІу къехъулІэ ІэмалщикІи, дэ дызэреплъымкІэ, аращ Щоджэным и сабий дунейр щІэщыгъуэ, гукъинэж зыщІыр.

И гур сабий поэзием хузэІухауэ жыпІэ хъунущ шэрджэс усакІуэ Гъуэзджэш Хъызыри. 2008 гъэм Черкесск къыщыдэкІа «Псысэ Іэтэ фхузоІуатэ» тхылъым нэрылъагъу щыхъуащ зи гугъу тщІы «сабий дунейм» «зэрыщыпсэлъэн» Іэмал зэмылІэужьыгъуэхэм шэрджэс усакІуэр ешимыІэу зэрылъыхъуэр. Адрей авторхэм ещхьу, абыи сабий гъащІэм теплъэгъуэ хьэлэмэтхэр къыхеубыдыкІыф икІи ахэр, гур хигъахъуэу, бзэм къыхищыпыкІа псалъэ зэщІэжьыуэхэмкІэ къеІуэтэжыф.

А дунейр зыхуэгъэзар, дауи, сабийрщ: мыІэрысэм Ахьмэд цІыкІу зэрызыкъыхуишийр къилъэгъуащи, ар и гуфІакІэм допкІэ («Ахьмэд цІыкІу и мыІэрысэ»); псэущхьэхэмрэ хьэпщхупщхэмрэ «я гурылъхэр» цІыкІухэм дзыхь хуащІу ираІуэтылІэ («Си кІущэ нау», «Благъуэ бзэгурэф», «Кхъуэ», «Бадзэм и жэуап»). Гъуэзджэшым и усэхэм уащыхэплъэкІэ, мыпхуэдэ щхьэхуэныгъэми гу лъумытэнкІэ Іэмал иІэкъым: абыхэм я нэхъыбэм лъабжьэ яхуэхъур джэгукІэ зэмылІэужьыгъуэхэрщ. Усэм щІэлъ гупсысэр и нэхъыбапІэм зытриухуэр щІэ гуэр зэгъэщІэнырщ, къащІэ-къэхутэ Іуэхугъуэхэрщ.

ГъащІэм хилъагъуэ Іуэхугъуэ гъэщІэгъуэнхэм тепсэлъыхьрэ абдеж къыщигъэнэжу щымыту, къэхъукъащІэхэр зыр адрейм иужь иту зэкІэлъехь, икІи абыхэм зэхуаІэ зэпыщІэныгъэ хьэлэмэтхэр сабийм зригъэзэхуэжыну ирешалІэ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, цІыкІухэр набдзэгубдзаплъэу щытыным хуегъасэ. Сабийр къэхъукъащІэхэм нэ жанкІэ пхрыплъыфын папщІэ, усакІуэм зэпымыууэ Іэмал зэхуэмыдэхэр къегъуэт. «ТІалэныкъуэцІалэ» усэм хэт щІалэ еІуящІэ ПІатІэ бжэныр цы ІуданэкІэ жыгым ирепх, псыр кхъузанэкІэ кърехьэкІ, сурэту ищІхэм хэт псэущхьэхэри хьэлэмэт гуэрурэ къегъэлъагъуэ: жыгым тес джэду шырыр жьындум ещхьу мэкІий, жьындур «нау» жиІэу пІэкум исщ. «Псысэ Іэтэ фхузоІуатэ» усэм хэт бэдж цІыкІум я жэмым щхьэкІэ мэкъу Іэтэ щих зэригъэпэщыну хэтщ, а жэмым зэ къэшыгъуэм шэ пэгунипщІ къыщІокІ. Ауэ Іуэхур абдежым къыщынэркъым, усэр зытхам Іэджэ щІауэ зы цІыв гуэр ецІыху, къурш зэпкърыщэщам щыпсэууэ, атІэ мис а цІывым зэ тІысыгъуэм вы псо ешхыф; дыгъужьым псыр зэригъэутхъуар и щхьэусыгъуэу чыцІым щхъуэжьыр пщэпкъкІэ еубыд, пылым уафэм къыщелъэтыхь… дзыгъуэм тесу, абы ІущІа бзу цІыкІум пылыр «гъудэ-бадзэхэр куэду здыщыпсэу» Антарктидэм нэс еху. Апхуэдэ пщІы зэфэзэщхэм, теплъэ зэдзэкІахэм гукъыдэж къыуатурэ, акъылыр ягъэжан, ущие псалъэ гъущэми мыр жыжьэу пэІэщІэщ.

Зи гугъу тщIа щхьэхуэныгъэхэм нэмыщI, гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым лъэпкъ сабий усакIуэхэм къагъэлъагъуэу дызэса «щIыналъэм» и гъунапкъэхэр Гъуэзджэшым куэдкIэ нэхъ жыжьэ зэриукъуэдийм. Адыгэ усакIуэхэм я нэхъыбэм я тхыгъэхэм къыщагъэлъагъуэ щIыналъэм и теплъэр къэцIыхужыгъуафIэщ – ар адыгэ хэкум и теплъэращ, ауэ Гъуэзджэшым и усэхэм Африкэри, Индиери, Антарктидэри къыхохьэ («Псысэ Iэтэ фхузоIуатэ», «Благъуэ бзэгурэф», «ЩIакхъуэ къызыпыкIэ жыг»).

Гъуэзджэш Хъ., зэрыхузэфIэкIкIэ, жанр зэмылIэужьыгъуэхэр къегъэсэбэп, нэхъыбэу зи гугъу тщIа джэгукIэм и щытыкIэ-зэхэлъыкIэр лъабжьэ зыхуэхъуахэр, сабийм и акъылыр зезыгъэужь усэ-хьисэпхэр, усэ-къуажэхьхэр. А усэ-хьисэпхэм я фIэщыгъэцIэхэм я нэхъыбэр Гъуэзджэшым упщIэу къегъэув, а упщIэм къыпэкIуэну жэуапри бжыгъэ Iуэхум теухуащ. Усэр зытепсэлъыхьхэм узрашалIэ хэгъэкIыпхъэ Iуэхухэр зэфIэбгъэкIа нэужьщ хьисэпым и жэуапыр къыщыпIэрыхьэнур. Языныкъуэ усэ-хьисэпхэм жэуапыр езы тхыгъэм и кIэм деж къыщыхьащ, урохьэлIэ езы усэ кIуэцIым хэтуи.

И усэ-къуажэхьхэм Гъуэзджэшым хьэлэмэт гуэрхэр къыщигупсысурэ ахэр рифмэ IэмалкIэрэ зэрипхыу аракъым, атIэ я нэхъыбэм сабийр зыщымыгъуазэ псэущхьэ е къэхъугъэ гуэрхэр яригъэцIыхуну иужь итщ. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, жэуапу самум, хъамсин (Мысырым къыщепщэ жьы бзаджэр) псалъэхэр зыпэкIуэ усэ-къуажэхьхэр е псэущхьэ бдзэжьей-адакъэ, бдзэжьей-сэшхуэ, тенджыз шы цIыкIу фIэщыгъэцIэу зезыхьэхэр. Абыхэм ещхьщ адыгэбзэм жьы хъууэ хэкIыжа е IэщIыб ящIыжа псалъэхэр (быгъу, дзей, быхъутIэбжьэ, шамбыр, емынэжыг, нэгъуэщIхэри) къозыгъэщIэж усэ-къуажэхь хьэлэмэтхэр. Бзэм зегъэужьын къалэныр ягъэзащIэ шэрджэс усакIуэм и шарадэхэми:

Джэду диIэу *хъуам иджыкIэ*
КъакIэцIащ джэдыкIэ ***тIощI***.
Ауэ «тI»-р зэтхъуэкIмэ «д»-кIэ
ТIощIыр зэуэ мэхъур (.....)
Арщхьэ псалъэр хэмызагъэ,
МыхьэнэкIэ къемызэгъ.
Арми, цIыкIухэ, сигу вгъэзагъэ,
Дауэ хъуами фэ фезэгъ.

(ДощI)

Усэ-къуажэхь лIэужьыгъуэм хъарзынэу зыщиужьауэ жыпIэ хъунущ АфIэунэ Лиуан и сабий усэхэми. Абы и къуажэхьхэр, зэ еплъыгъуэкIэ, къызэрыгуэкIщ, дунейм и къэхъукъащIэ зытепсэлъыхьхэри, псэущхьэ зи гугъу ищIхэри сабийм тыншу

зыхигъэкIыфынухэм ящыщщ. Ауэ АфIэунэм къигъэсэбэп хъуэрыбзэм а дунейм щIэ гуэрхэр халъхьэ, сабийм и психологиер, и зэхэщIыкIыр нэхъ куу ящIу. Мыбдежым усакIуэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжыр жэуапыр къэщIэныркъым, атIэ сабийр фIыуэ зыщыгъуазэ къэхъукъащIэхэм, пкъыгъуэхэм я щIыб къыдэт Iуэхугъуэхэм иригъэгупсысурэ абыхэм я гулъытэм зригъэужьыну аращ. Мис мыпхуэдэ Iэмалхэр «хэгъэпщкIухьащ», псалъэм папщIэ, жыхапхъэм теухуа къуажэхьым:

Ямыхуапэ,
Ямыгъашхэ,
ЗэрысщIэжрэ
УнэIутщ.
Яхуэмейуэ
Къыщамыщтэм,
Ар бжэкъуагъым
Къуэт зэпытщ.

Дауи, АфIэунэм и Iэдакъэ къыщIэкIа усэ-къуажэхьхэр зы жыпхъэм иту щыткъым, ауэ мы щапхъэ къэтхьам хуэдэхэр и усэхэм кIэщI-кIэщIурэ уазэрыщрихьэлIэм къыбжаIэ ар зэрымыщIагъэкIэ къызэрымыхъур, атIэ усакIуэм игъэнэхъапэ Iуэхугъуэхэм зэращыщыр. ГъэщIэгъуэныращи, а къуажэхьхэм я нэхъыбэм занщIэу «уаутIыпщыркъым», жэуапым куэдрэ урагъэгупсыс, уеблэмэ утепсэлъыхьыжын хуей мэхъу, гъэбелджылыныгъэ гуэрхэр къэпхьурэ. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, пшагъуэм теухуар:

Техьэ-текIыу
Къеущыхь,
Къехь
ГъуэгурыкIуэм
И гуэныхь.

Щапхъэ къэтхьам мыпхуэдэ упщIэм ухуешэ: «Сыт хуэдэ гуэныхь пшагъуэм къихьыр?» Апхуэдэ Iэмалхэм, шэч хэмылъу, усакIуэм и тхыгъэр нэхъ куу ящI. Ауэ ахэр усэхэм къызэрыщигъэсэбэпыр зэгъэзэхуауэщ, мащIэурэ, сабийм нэхъ тыншу зэрызыхищIэным тещIыхьауэщ. Мис, къапщтэмэ, сабий поэзиер Iэджэ щIауэ зэсэжа образхэм ящыщ зы: лIыхъужь цIыкIум пщIащхъуэ къэлъэтэжам псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуегъазэ, ауэ а теплъэгъуэ къызэрыгуэкIым хэухуэнауэ къыщIокI хьэл-щэныр зыгъэнаIуэ гуэрхэри:

Уэ уцIыкIуми,
Пхэлъщ лIыгъэшхуэ,
АдыгэщIым щыунэн!

(«Си бзу цIыкIу»)

АфIэунэ Лиуан и усэхэм я нэхъыбэр зыхуэгъэзар ныбжькIэ нэхъыщIэ дыдэхэмрэ пэщIэдзэ классхэм щIэс цIыкIухэмрэщ. Абы къыхэкIыу усэхэм я бзэр къызэрыгуэкIщ, Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу къигъэлъагъуэхэри, абыхэм я зэкIэлъыхьыкIэри езы усакIуэм япэу къигъэщIауэ щыткъым. Псалъэм папщIэ, усакIуэм къищтэ темэхэр сабий поэзием куэд щIауэ къигъэIурыщIахэм ящыщщ. Ауэ, гу зылъытапхъэращи, и усэхэр цIыкIу дыдэхэм яхуэгъэзауэ щыт пэтми, сабий псалъэхэм («къомбэ», «пIапIу», «IэпIохуэ», н.къ.) увыпIэшхуэ тхыгъэм къащылъыскъым. АфIэунэм иухуэ дунейр лей лъэпкъ хэмыту, нэхъыщIэ дыдэхэм я дежкIэ зэхэщIыкIыгъуэу, гурыIуэгъуафIэу щытщ. ИтIанэ усакIуэм къигъэсэбэп метафорэхэр хьэлэмэту егъэпс, къарукIи ныбжькIи куэдкIэ а дуней щIыкIафIэм щхьэпрыкI гуэрым и хуабагъкIэ гъэнщIауэ: «Уафэм и IэпIохуэм / ПлIаплIэу дыгъэр исщ» («Гъэмахуэ»); «Жумарт ЩIылъэ-Нанэ / Бахъэр къыщхьэщех. / Зигъэдыщэ пыIэу / Дыгъэ цIыкIу / Нэхуни, / Феплъыт, зыкърех!» («ЩIылъэ-нанэ»).

Балигъым и дуней еплъыкIэмрэ сабийм еймрэ зэрызэтемыхуэр зэригъэмэщIын Iэмалым зыкIи пымылъу, абы щыгъуэми а тIум яIэ зэхуэмыдэныгъэхэр игъэлъапIэу адыгэ сабий поэзием тыгъэ купщIафIэ хуэзыщIахэм ящыщщ усакIуэ КIэмыргуей Толэ. Абы и сабий усэхэм я нэхъыбэм къыхэщ лIыхъужьыр цIыху балигъщ, языныкъуэхэм и деж ар Iуэхугъуэ зи гугъу ищIхэм холIыфIыхь, адрейхэм – «кIэлъыплъакIуэ» къудейуэ къоув. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэрщ, къапщтэмэ, «Дерс» (2002) тхылъ цIыкIум щыщ «Дадэ и чэнджэщхэм» узыщрихьэлIэр. КIэмыргуейм и лIыхъужьыр сабийхэм я IуэхущIафэхэм фIэгъэщIэгъуэну кIэлъоплъ, и чэнджэщ ярехьэлIэ, я зэфIэкIхэм щогуфIыкI, ауэ, зэрыжытIащи, абыхэм я пIэм къихутэну зэи хущIэкъуркъым:

ЩIыкIухэр зэлэжь псори
Зым нэхъ зыр нэхъ дахэщ.
Си гур хохъуэ сэри,
Сащхьэщытщи ахэм.
(«ЛIэжьыгъэ урок»)

Зи гугъу тщIы тхылъым дунейм и къэхъукъащIэхэм теухуа усэ зыбжанэ итщ, ахэр нэхъыбэу зытещIыхьар сабийм и гулъытэм зегъэужьынырщ. ЩIыхум и гъащIэм псэущхьэхэр быдэу епхауэ зэрыщытыр гушыIэ дахэ хэлъу къегъэлъагъуэ усакIуэм, арагъэнщ щхьэж и цIэр яIэжу ахэр усэ сатырхэм щIыхигъэхьэри («Мыжь», «ПIэтIэ», «Морэ сымэ», н.).

Гуп цIыкIуу къыхигъэщхьэхукIри и «Дерс» тхылъым КIэмыргуейм хигъэхьащ адыгэ алыфбейм и хьэрфхэм теухуа

усэ кIэщIхэр. УсакIуэм хьэрф къэс тхыгъэ щхьэхуэ хуегъазэ. Апхуэдэхэм я пэщIэдзэ сатырхэр хьэрф зэщхькIэ кърегъажьэ, я гъэпсыкIэкIи ахэр адыгэ псынщIэрыпсалъэхэм тохуэ. «Ш» хьэрфым теухуа усэ цIыкIур щапхъэу къэтхьынщ:

Шыхъуэм шыгъур
Шыгъуэм хуехь.
Шыхъуэм шыгъуэр
Къыхуощыщ,
Шыгъуэм щIыгъуу
ГъащIэр ехь.
Шыр, жи, шыхъуэм
Си псэм щыщщ.

(«Шыхъуэ»)

Анэдэлъхубзэм и къулеягъыр къэзыгъэлъагъуэр алыфбейм теухуа усэхэм я закъуэкъым, абыхэм нэмыщI мы тхылъым «Псалъэм и мыхьэнэхэр» псалъащхьэм щIэту усэ зыбжанэ къыщокIуэ. Мыбдежым усакIуэм псалъэ зэмыхьэнэгъухэр (синонимхэр) къыщихьурэ абыхэм я купщIэхэм дэщIыгъу плъыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр къегъэнаIуэ.

Ауэ, дэ дызэреплъымкIэ, зи гугъу тщIа псоми къахэгъэщхьэхукIыпхъэр «Дерс» тхылъым и фIэщыгъэцIэр къызыхэкIа таурыхъ хьэлэмэтырщ. Иджырей таурыхъхэм къыщаIэт Iуэхугъуэхэм я нэхъыбэр къэзыгъэщIыр балигъхэрщ, сабий дунейм ижь къащIихуауэ щытми. УсакIуэм псалъэ зэхьэкIар таурыхъым тегъэщIапIэ щищIурэ, гъащIэм и зэхэлъыкIэм, абы хэлъ гугъуехьхэм урегъэгупсыс.

КIэмыргуейм и «Дерсым» хэт персонаж нэхъыщхьэр ЦIицIийкIэ псори зэджэ джэджьей щхьэзыфIэфI цIыкIурщ. Ар зэрыжыIэмыдаIуэм къыхэкIыу бэлыхь хохуэ – псэр зыгъэшынэ ажалым Iуощ Iэ, ауэ абы къыIэщIэкIа иужь и дуней еплъыкIэм зехъуэж: ныбжьэгъугъэмрэ гущIэгъумрэ я мыхьэнэр кууэ зыхищIэ мэхъу.

УсакIуэм хъуэрыбзэр къегъэсэбэп «джэдкъазхэм я гъащIэм» щыщ теплъэгъуэхэр къыщритхэкIкIэ, ауэ хъуэрыбзэми сэбэп имыIэжу къыщIокI ЦIицIий къызыхэкIа унагъуэм щызекIуэ мыхъумыщIагъэм щытепсэлъыхькIэ. Джэджьейм и къуейщIеягъымрэ и хьэлыншагъымрэ къызыхэкIар мыращ: япэрауэ, джэд Къакъэм къриша джэджьей «тIощI пщIыпщIыжым» щыщхэр хэт «бгъэм ихьат», хэти «хьэм IуипIат». ЦIицIий и анэ бынкIэ гуIар щхьэлажьэ мэхъу, «Абы ищIыIужкIэ / IууIуу тутнакът». Абы къыхэкIыу сабийм и гъащIэр щхьэрутIыпщу уэрамым щехь, хьэл-щэн мыхъумыщIэхэр зыхелъхьэ. Ауэ, зэгуэр псэзэпылъхьэпIэм йохуэри, и гъащIэ тIэкIум нэгъуэщI нэкIэ

еплъыжын хуей мэхъу: ныбжьэгъумрэ жыIэдэIуэныгъэмрэ мыхьэнэ яриту щIедзэ, еджэным зэрылъэкIкIэ йогугъу. Ауэ, гъэщIэгъуэныращи, а шырым и хьэлыр зэрефIэкIуам къыдэкIуэу, и адэ-анэми я дуней еплъыкIэми, я дуней тетыкIэми захъуэж. И адэм фадэр хыфIедзэж, и анэри нэхъ набдзэгубдзаплъэ мэхъуж.

Укъуэдияуэ зэрыщытымкIи, теплъэгъуэхэр зэрызэкIэлъыхьа щIыкIэмкIи иджырей сабий таурыхъхэр поэмэм пэгъунэгъущ, къыщаIэт Iуэхугъуэхэри унэтIыныгъэ хэгъэщхьэхукIам тетщ, гъэсэныгъэм, цIыхум и хьэл-щэным, жылагъуэ псэукIэм ехьэлIа гупсысэхэм ухуашэу. Апхуэдэщ Сонэ Абдулчэрим и Iэдакъэщ Iэк I «Къуалэбзу джэгуакIуэхэр». Ари зэхуэдэу балигъхэми ныбжьыщIэхэми яхуэгъэзащ. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм мыхьэнэ хэхаи иIэу жыпIэ хъунущ. К. Чуковскэм зэритхыгъамкIэ, «ныбжьыщIэхэм яхуэусэхэр сытым дежи сабийм дунейр зэрызыхищIэ щIыкIэм зыщIыдащIын щыIэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ахэр балигъ гупсысэкIэм ешэлIэн хуейщ, ауэ а къалэныр зэрыгъэзэщIын хуейр сакъыпэурэщ, арыншамэ гъэсакIуэ Iуэхур къохъулIэнукъым. Усэхэр хуэм-хуэмурэ нэхъ гугъу тщIыурэ ныбжьыщIэхэр поэзие лъагэм бгъэдэтшэн хуейщ. Нобэ Iэпэдэгъэлэл хъуа эстетикэ гъэсэныгъэ жыхуаIэжри аращ» [39; 504].

Къагъырмэс Борис «Мыщэжьыкъуэ» зыфIища таурыхъыр нобэрей гъащIэм зэрепхари, псысэм и зыужьыкIэм зэрытетри и псалъащхьэм щIигъэувэжа «иджырей таурыхъ» псалъэхэм къыбгурыгъаIуэ. Таурыхъ хабзэхэмкIэ мыбдеж цIыхухэмрэ хьэкIэкхъуэкIэхэмрэ щызэпыщIащ, ауэ фIагъ-Iеягъ зэпэщIэтыныгъэр нэхъ здыщытлъагъур цIыхухэм я дежщ, псэущхьэхэр абы пэIэщIэщ. Таурыхъым хэт лIыхъужьхэм ящыщ зы Мудар гузэвэгъуэкIэ жылагъуэм яхыхьа мыщэр иукIыну и ужь итщ, адрейхэм – ПIытIэрэ дохутырымрэ мыщэри абы и шырри ажалым кърагъэл.

ХьэкIэкхъуэкIэхэмрэ цIыхухэмрэ мыбдеж зы бзэкIэ щызопсалъэ. Зым жиIэр адрейм тыншу къыгурыIуэу щыт пэтми, Мыщэжьыкъуэ япэщIыкIэ цIыхухэм дзыхь яхуищIыркъым, къылъыкъуэкIынкIэ хъунур тэмэму ищIэркъыми. Ауэ шынэр щхьэщызых гуэрхэр щилъагъукIэ, хьэкIэкхъуэкIэм цIыхур зыгъэлъапIэ псалъэ дахэхэр «къыжьэдокI». Мис а пычыгъуэ хьэлэмэтыр:

Си гугъати цIыхуу щыIэм,
Мудар хуэдэу, я гур щIыIэу.
Армыхъуамэ, нобэм къэс
СыщIэсынтэкъым сэ мэз,
ЦIыхухэм сэ сакъыхыхьэнт,
Си Iуэху Iыхьэри зесхьэнт.

Таурыхъым иджырей ди гъащIэм щыщ теплъэгъуэ гуэрхэри хэухуэнауэ хэтщ. Апхуэдэу, ПIытIэ и мотоциклым Мыщэжьыкъуэр трегъэтIысхьэри дохутырым ешэ, абы иужькIэ щыри вертолетым йотIысхьэри Иныжьыкъуэ мэлъатэ. Мыщэр цIыхухэм сэбэп зэрахуэхъун Iэмалхэм йогупсыс: Iэхъуэу, бжьахъуэу е хъумакIуэу яхуэлэжьамэ хъунут. «Мыщэжьыкъуэ» таурыхъыр инкъым, ауэ ар гукъинэжу гъэпсащ, теплъэгъуэхэм псынщIэу захъуэжри еджэгъуафIэщ. КъетхэкI-нетхэкI лей къыхэмыхьэу усакIуэм нэжэгужагъэкIэ гъэнщIа дуней ди нэгу щIегъэкI. Мыбдежым Къагъырмэсым К. Чуковскэм и ущиехэм ящыщ зы нэсу щигъэзэщIауэ жыпIэ хъунущ: «Сабийхэм папщIэ тхэ усакIуэр зэрыгупсысэн хуейр, щIагъыбзэкIэ жытIэнщи, «сурэтхэмкIэщ», а сурэтхэми сатыритху-хы къэс захъуэжу щытын хуейщ, арыншамэ усэм «къару хэлъынукъым»» [39; 484].

«Сабий Iыхьэр» зи творчествэм хэгъэщхьэхукIауэ щыт усакIуэщ Къагъырмэсыр. Абы сабийхэм яхуитх усэхэм кIэщIкIэщIурэ философие гупсысэхэр къахохьэ, абыхэм, дауи, тхыгъэр нэхъ «хьэлъэ» ящI. Ари цIыкIухэм я зэхэщIыкIым и гъунапкъэм усэр имыкIыу зэрыщымытым и нэщэнэщ. Абы и щыхьэту къэпхь хъунущ «Бжьыхьэ бадзэхэр» усэр. Бадзэ гурымыхьхэм я «хьэл» мыхъумыщIэр гъэмахуэ хуабэр щыкIуэщIым деж нэхъ Iей мэхъу: ахэр мэятэ, захущыхь, нэхъ фIейм тотIысхьэ… Ауэ сыт хуэдэ Iуэху Iей абыхэм ямылэжьми, ахэр къэзыгъэувыIэфын къарур Iэмал имыIэу къэсынущ:

Ауэ, дауэ замыщIами,
Уей зэрыхъуу кIуэдыжынщ,
Сыт яшхами, зэIащIами,
Хэт сыт хуэдэу мыдзакъами –
Псори щIым здыщIахьэжынщ.

ГурыIуэгъуэщ усэм и гупсысэ нэхъыщхьэр зытеухуар: псэ зыIут дэтхэнэ зыми дунейм тетыхукIэ сыт хуэдэ Iуэху мыхъумыщIэ имыгъахъэми, сыт хуэдиз бзаджагъэ зримыхьэми, ахэр зэуэзэпсэу къэзыгъэувыIэфын къаруи щыIэщ.

Къагъырмэс Борис сабий поэзием и жанрхэр нэхъ щIэщIыгъуэ щIыным зэрыхэтыр къагъэлъагъуэ абы и къалэмыпэм къыщIэкIа басняхэми. Уеблэмэ жыпIэ хъунущ сабий поэзиер нэхъ зэсауэ щыт лIыхъужьми зэзэмызэ бгъэдэкIыну ар зэрыхэтыр. Абы ипкъ иткIэ сабий жыIэмыдаIуэхэм я образхэр Къагъырмэсым и усэхэм куэду хэтщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Зэчырей-Зауэрей («Зэчырей-Зауэрей»), ПIотI-КIыхьсолэ («Шуей»), Чоп («Чоп дакIуэ зэрыхъуар»). А «лIыхъужьхэм» ялэжьхэр усакIуэм къызэригъэлъагъуэр укъуэдияуэщ, ауэ а IуэхущIафэхэм

къалъысыж «пщIэм» сыт щыгъуи кIэщIу икIи гушыIэ хэлъу усэм и кIэ дыдэ сатырхэм щытопсэлъыхьыж.

Гуп щхьэхуэу къыхэбгъэщ хъунущ дуней къэхъукъащIэхэм къагъэщI теплъэгъуэхэм теухуа усэхэр. Псалъэм папщIэ, нэхъыбэу апхуэдэ усэхэращ 2010 гъэм къыдэкIа «Уэшхым и къару» тхылъ цIыкIум ихуахэр. Абы тепщэ щыхъуа IуэхугъуэхэмкIи, теплъэхэм я зыужьыкIэмкIи пэджэжу къыпщохъу АфIэунэ Лиуан и сабий усэхэм. Тхылъ цIыкIум и напэкIуэцIхэм зэманым и плъыфэхэм зыщахъуэж; къэкIыгъэхэм, псэущхьэхэм яхэлъ хьэлыр, абыхэм зрахьэ «хабзэхэр», я зэхэщIыкI куур наIуэ щохъу, уеблэмэ хьэпшыпхэми псэ зэраIутыр къыуагъащIэ. А къедбжэкIа псоми тепщэ яхуэхъур гу щабагъэм къигъэщI къару щэхурщ.

Мыбдежым дэтхэнэ образми ныбжьэгъугъэм, зэкъуэтыныгъэм ехьэлIа гупсысэхэр къыщыIуэтащ. Апхуэдэ Iэмалыр, дауи, тхылъеджэ ныбжьыщIэм нэхъ гунэс щыхъун хуейщ. Къыхэгъэщын хуейщ, щIыуэпсым и макъхэм пэджэж псалъэхэр Къагъырмэсым и усэхэм кIэщI-кIэщIурэ хигъэхьэми, «сабий псэлъэкIэр» къигъэсэбэпыну куэдрэ иужь зэримытыр. УсакIуэр дыкъэзыухъуреихь дунейм щыхэплъэм деж, игъэнэхъыщхьэр цIыхум и хьэлырщ, игъэбжьыфIэну хузэфIэкI нэгъуэщI Iуэхугъуэхэрщ. Апхуэдэ Iэмалым тетущ зэрыухуар усэхэм я нэхъыбэр:

– ГъуэгурыкIуэ къыстетыху,
ЗдэкIуэм сшэуэ сылэжьэнущ.
Сыпсэуху сэ си къалэныр
ЦIыхум слъэкIыр яхуэсщIэнырщ.
(«ЛъагъуэцIыкIу»)

Сэ згъэщIагъуэу соплъ сыхьэтым, –
Сытым хуэдэу лэжьэрей!
Ар зэман зи пэрыхьэтым
ЗыкIи ещхькъым. Зыщ зыхуейр:
КъэмыувыIэу, махуи жэщи
«ТIыркъ-тIыркъ» макъыр игъэIуну,
Сэбэп цIыхум яхуэхъуну.
(«Лэжьэрей»)

Сабийхэм папщIэ тхэ дэтхэнэ усакIуэми хуэдэу, хьэл-щэн дахэм, гу пцIанагъэм теухуа гупсысэхэм увыпIэшхуэ щаубыд Хьэту Петр и усыгъэми. Iэмал зэриIэкIэ дыкъэзыухъуреихь дунейм ущысхьын, цIыхухэм я зэхуакум зэхущытыкIэфI дэлъын зэрыхуейм ныбжьыщIэхэр иригъэгупсысыну, хуигъэсэну хэтщ ар. Нэхъыжь ущиер и лъабжьэу ухуащ, псалъэм папщIэ, «ПщэдджыжьсэлIам» усэ цIыкIур. Абы хэт лIыхъужьым «пщэдджыжь къалэн» псоми нэхърэ нэхъ

игъэлъапIэр сэлам хыныращ, зыхуэзэхэм сэлам ярех: дадэ, нанэ, шыпхъу цIыкIу къэмыушам, абыхэм къакIэлъыкIуэу шкIэ цIыкIу къыхуэзэшам, дыгъэ къепсым, уафэ къабзэм… А мыхьэнэшхуэ зыхилъагъуэ къалэныр щIэзыгъэбыдэжыр мыпхуэдэ гупсысэ дахэращ:

Ахэр фIыуэ сэ солъагъур,
Ахэр псори сэ соцIыху,
Ауэ сэ зызмыгъэщIагъуэ,
Сэ согушхуэ – сэ сыцIыхущ!

ЦIыхум илэжьым и пщIэр къэзыIэтыр езым и хьэл-щэн зэпIэзэрытырщ, ар Iэмал имыIэу къыдэгъуэгурыкIуэн хуейщ цIыхуфIым. Ар хьэкъыу пхрыкIащ Хьэтум и «лIыхъужь цIыкIум». Махуэм и щIэдзапIэри гукъыдэж дахэри мыбдеж щызэпэджэж хуэдэу къыпщохъу. Тримыгъэчыныхьыщэурэ апхуэдэ Iэмалхэмкlэ усакIуэм тхылъеджэр бгъэдешэ псэр зыгъэпIейтей дахагъэм. Ажэгъуэмэм и гъэщIэгъуэнагъым тепсэлъыхьурэ сабийр нэхъ зыгъэгуфIэну Iэмалхэр къегъуэт. Къэгъэлъэгъуапхъэщ, усэм зы плъыфэцIэ къызэрыхэмыхьэр, ауэ къэкIыгъэм и плъыфэри, къыбгъэдэкI гукъыдэжри, абы кIэлъыплъ сабийм и нэжэгужагъри нэсу зыхыдегъэщIэф:

Ажэгъуэмэм
КъещIыр нащхьэ,
Уэсым щхьэр
Къыхигъэжауэ.
Пэджэгужым
ФэкIэ уащхъуэм
СхуэмыщIыну
Сэ и жагъуэ.
И къапщIийхэм
Iэпэр хуэсхьмэ,
СфIощI уэзджынэу
Къэзууну…
А нэхунэри
Къыпысчу
Сыт сэ и псэр
ЩIэзгъэнынур?

(«Ажэгъуэмэ»)

Апхуэдэ Iэмалхэм Хьэту П. нэуфIыщIщхьэрыуэу Iууауэ е и гум зэрыфIэфIым щхьэкIэ ежалIэу аракъым. К. Чуковскэм плъыфэцIэхэм папщIэ мыпхуэдэу жиIауэ щытащ: «Эпитетхэмкlэ къулей усэхэр нэхъ гурыIуэгъуафIэу къызыщыхъухэр ныбжьыщIэхэращ. Нэхъ цIыкIу дыдэхэр

эпитетым иджыри пэIэщIэщ. Аращ нэхъыщIэ дыдэхэм зэхалъхьэ усэ цIыкIухэм эпитет зэзэмызэ фIэкI щIыхэмытыр. Апхуэдэу щIыщытри гурыIуэгъуэщ: эпитетым лъабжьэ хуэхъур къэхъукъащIэхэм, хьэпшыпхэм я хьэлэмэтагъхэр цIыхум гупсэхуу щыхиубыдыкIыфым дежщ. Сабийр апхуэдэ дуней еплъыкIэ зэхэхам иджыри пэIэщIэщ. Абы и дежкIэ нэхъ зыхэщIыкIыгъуафIэ хъу усэхэр глаголкIэ къулей, плъыфэцIэхэр щынэхъ мащIэхэращ» [39; 493].

Гу лъытапхъэщ, щIыуэпсым и плъыфэ гуэрхэр къыхэгъэбелджылыкIа хъун папщIэ, Хьэту П. нэгъуэщI Iэмалхэр къызэригъэсэбэпыр. УсакIуэм къигъэлъагъуэ «сурэтхэр» сабийм нэхъ гурыIуэгъуафIэ, гунэс щыхъун папщIэ, зэгъэпщэныгъэхэри Iэзэу къегъэсэбэп. Абы и щапхъэщ мы сатырхэр:

Ныджэм тезу
Иужьгъа джэджьейуэ, –
Къэгъэгъащ къэрабэр,
Къэгъэгъащ!
(«Гъатхэ»)

Мыбдеж къыщытхьа усэ лIэужьыгъуэм ящыщщ Шэрджэс Алий и «Къэрабэри». УсакIуэм ищI сурэтым плъыфэцIэ гуэрхэри хигъыхьэу долъагъу, ауэ ар зэрищIыр зэгъэзэхуэпауэщ, нэхъ къызэрыгуэкIхэр къыхихыурэщ:

Фоцэ цIыкIу дыхьауэ псыхъуэм
Къилъэгъуат къэрабэ.
Удз щхьэ хужьым IэкIэ щепхъуэм,
Лъэтэжащ бырыбу.
(«Къэрабэ»)

Хьэту П. къигъэщI образхэр зэзышалIэ гупсысэр гурыIуэгъуафIэщ, ар цIыхур зыгъэдахэ гу щабагъырщ. Усэм а гу щабагъыр дунейм и дзыхь лъапIэр цIыхум къыщIригъэз «щхьэусыгъуэуи» къыщокIуэ. Тегъэчыныхьауэ щымыту, ауэ гум нэсу, дахэу а гупсысэр усэм и курыкупсэм хегъэзагъэ:

Бзуи хьэкIэкхъуэкIи
Дзыхь къуагъэзыр –
ЩIыху псэ къабзэр
Ахэм я мыхамэ.

Иджырей адыгэ сабий поэзием макъ щIэщыгъуэу къыхыхьащ Тау Нинэ и усэхэр. Абы и тхылъхэм я нэхъыбэм щызэдзылIащ прозэу тха таурыхъхэмрэ усэхэмрэ. Псалъэм

папщIэ, апхуэдэхэщ «Мэшбэв» (2000), «НэкIуху» (2005) тхылъ цIыкIухэр. Усэхэр зытеухуа «гъащIэ теплъэгъуэ цIыкIухэр» псом япэу зыхуэгъэзар зи школкIуэгъуэ мыхъуахэмрэ пэщIэдзэ классхэм щеджэхэмрэщ.

Таум и усэхэм укъыщеджэкIэ, занщIэу гу лъыботэ усакIуэр «сабиигъуэ дунейм» зригъэщхьыну е зыдригъэкIуну зэрыхэмытым. Къыпщохъу сабиигу къабзэр зыхуэпэж фIэщхъуныгъэр нобэр къыздэсым къыбгъэдэмыкIыну икIи Iэщыб имыщIыну абы хузэфIэкIауэ. «Сабиигъуэ дунейм» и дзыхь зригъэз балигъ зырызхэм ящыщ зыуэ зэрыщытым и щыхьэт гуэрхэр къыхыбогъуатэ Таум и IэдакъэщIэкIхэм. Апхуэдэщ усакIуэм къигъэлъагъуэ лIыхъужь цIыкIухэм къабгъэдэкI гущIэгъур, щабагъэр, Iэсэлъэсагъэр. Сабий поэзиер Iэджэ щIауэ зэсэжа щапхъэхэм хуэмыдэу, ахэр сабиипсэр зыхуэпэж быдагъэ гуэру къегъэувыф абы. Псалъэм папщIэ, дуней еплъыкIитIыр – балигъым еймрэ сабийм еймрэ – ткIийуэ зэрызэпэщIэтыр и усэхэм къыщегъэнаIуэ. Балигъым ейр нэхъ зытегъэщIар цIыхум и псэукIэм тыншыгъуэ, зэгъэзэхуэныгъэ къыхэзыхьэ Iуэхугъуэхэрщ. Абы къемызэгъ гуэри хэлъкъым. Ауэ сабийм игъэнэхъапэр нэгъуэщIщ – ар нэхъыжьхэр куэд щIауэ «зыхуэдэгу», зыщхьэдагъэIух хъуа Iуэхугъуэхэрщ. Мис апхуэдэ зэпэщIэтыныгъэм гъэпщкIууэ хэлъ, псэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр усакIуэм и макъым зыкIи зыкъримыгъэIэту IупщI къытхуещI:

ФымыукI а бажэр,
Феплъыт, дахэ цIыкIущ.
Дэ джэд Iэджи диIэщ,
Бажэ цIыкIур зыщ.

«А уи бажэ закъуэм
Куэд и джэд ишхащ», –
ЖиIэри ди дадэ
И псэр хухихащ.

(«Бажэ»)

Щапхъэу къэтхьа пычыгъуэм къызэриIуэтэжымкIэ, джэд куэд езыхьэжьа бажэм и къэубыдыным кърикIуа Iуэхухэми адэкIэ заубгъу. Абыхэм къапэкIуэ жэуапхэри хьэзырщ:

КъуэгъэнапIэм джэдхэр
Хуэму къыкъуокIыж, –
ЩхьэщыкIащ шынагъуэр,
Ягу зэрогъуэтыж.

Ауэ сэ согъуэгыр,
Зыми семыплъыж.

Нани сэ седаIуэу
Гъын щызмыгъэтыж.

(«Бажэ»)

Къыхэгъэщыпхъэщ, сабийм и гукъыдэжым зырызихъуэжыр Тау Нинэ Iэзэу къызэригъэщIым. Къэхъуар дапхуэдизу мыхьэлъэми, пщIантIэр мамыр хъужащ. Ар сабийм елъагъу, ауэ абы еувалIэркъым, «дахэ цIыкIур» щIаукIа «щIапхъаджагъэр» псэкIэ къищтэну хуейкъым. Мыбдежым мыри къыщыгъэлъэгъуапхъэщ: Тау Нинэ и усэхэм хэт лIыхъужь цIыкIум и хьэл-щэныр гукъинэж зыщIыр, абы кууагъ езытыр псэущхьэхэм ехьэлIа и Iуэху еплъыкIэрщ.

Пщэдджыжьым ушэ бзухэм я зэщIэжьыуэ макъым къигъэуша сабийр сакъыпэу пIэм къох, абдеж и гупсысэр зэхьэлIари мыращ: «Iэуэлъауэр къысхуамыдэм», – жысIэу хуэму сыкъотэдж». А цIыкIум зи дамэр къута тхьэрыкъуэр джэдум къыIэщIехри кърегъэл. Тхьэрыкъуэм абгъуэ хуещIри, хъужыху егъашхэ, итIанэ, IэщIэлъэтыкIыу щыхуежьэм, «щхьэхуитыныгъэм занщIэу иретыж» («Тхьэрыкъуэ»). ЗэрыжытIащи, апхуэдэ теплъэгъуэхэр сабий поэзиер зэсэжа къупхъэхэм йокIри гупсысэ щIэщIыгъуэхэм я дунейм ухешэ. Апхуэдэщ жэщкIэрэ къэзылъэтыхь «жьынду жэщ хъумакIуэр». Абы сабийр зэрыхуэгузавэм Iэджэ къытхуиIуатэу жыпIэ хъунущ:

Уэ псэлъэгъу улъыхъуэу
КъысфIощI укъэкIий.
Жэщ къэс ди унащхьэм
Уэ ущызолъагъу.
Къихьэ мы си пащхьэм,
Зыкъысхуэщ гъунэгъу.

(«Жьынду»)

Мыбдежым закъуэныгъэм и хьэлъагъэр къэзыIуатэ гупсысэщ щытлъагъур. УсакIуэм Iэзэу къигъуэтащ а гупсысэр сабийм нэхъ гурыIуэгъуафIэ зэрыщищIын хэкIыпэхэр.

Тау Нинэ и художественнэ дунейм цIыху нэщIысауэ къыщыгъэлъэгъуар жыIэщIэ-жыIэдаIуэркъым, атIэ гу пщIанэ, гу хьэлэл зиIэ сабийрщ. Зы лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, абы и лIыхъужь цIыкIур нэхъыжьым и нэфIым, и щытхъум хуабжьу щогуфIыкI («Мэдэ», «Данэ», «Мэзым», н.), ауэ нэгъуэщIыпIэкIэ укъыщеплъмэ, дэтхэнэ зымкIи нэхъыжьым зыдигъэшыну ар хэткъым: ихъумэжу, хуэпэжу а цIыкIум езым и «философие» иIэжщ. Мис а «философие» щэхум къыпкърокI дзыгъуэ цIыкIум къыпэплъэ ажалым ар къригъэлыну щIыхэтыр:

Уи Іэуэлъауэр нэхъ кІащхъэ щІыж,
Уи гъуэм ипплъхьахэр хуэмурэ шхыж.
Щунэ къэушмэ – усфІэпсэкІуэдщ,
Къыбдэджэгу зищІу, уищІынущ хьэп.

(«Дзыгъуэ»)

Апхуэдэщ къэкІыгъэхэр зэтезышхыхьа жумэрэным мыпхуэдэ псалъэхэмкІэ зыщІызэхуигъазэр:

ПщІахэр псори пхузогъэгъу
КІуэж уи мэзым, зыщІи кІэбгъу.

(«Жумэрэн»)

Таум и гупсысэкІэм ижь къыщІихуауэ жыпІэ хъунущ усакІуэ ныбжьыщІэ Къэзан ФатІимэт. 2009 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ «Уэс нэжэгужэ» фІэщыгъэцІэу зыгъуэта тхылъ цІыкІур. Абы хыхьа усэхэр зыхуэгъэзар сабий нэхъыщІэ дыдэхэращ. Абы къыхэкІыу теплъэгъуэхэри, усакІуэм зи гугъу ищІ Іуэхугъуэхэри, зэрылъэкІкІэ, къызэрыгуэкІыу къыщихьащ, гъэфІагъыцІэхэри уэру хигъэхьащ. КІэщІу жыпІэмэ, нэхъыжьхэм пхраша лъагъуэхэм усакІуэ ныбжьыщІэр зэкІэ щІыкІафІэу ирокІуэ. Ауэ мыпхуэдэ зы щхьэхуэныгъэм гу лъумытэу блэбгъэкІ хъуну къыщІэкІынкъым: сыт хуэдэ Іуэхугъуэ темыпсэлыхьми, Къэзан ФатІимэт и гупсысэр къызыбгъэдэкІыр «сэ» цІэпащІэмкІэ къигъэнаІуэ лІыхъужь цІыкІурщ. А Іэмалыр усакІуэ ныбжьыщІэр сабийм и дуней къайгъэншэм иджыри зэрыпэгъунэгъум, зэрыхуэмыхамэм и нэщэнэу къыщІэкІынущ. Ауэ, нэхъыщхьэращи, абы ФатІимэт зэи къыбгъэдэкІкъым, аращ усэ цІыкІухэр сабий псалъэмакъ дахэм ещхьу гъэпса щІэхъури.

Иджырей лъэпкъ сабий усыгъэм ехьэлІауэ едгъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм къигъэлъэгъуахэр къризэщІэпкъуэжу жыпІэ хъунущ, абы и пщэдейрей махуэм ехьэлІауэ еплъыкІэ пыухыкІа гуэрым иджыпсту ухуэкІуэныр зэрымытыншыр. Ар нэхъри гугъу ещІ, литературэм и Іуэхур щыдогъэтри, езы лъэпкъ щэнхабзэр зэрыкІуэну гъуэгур нобэкІэ хуабжьу зэхэгъэкІыгъуейуэ зэрыщытым.

Лэжьыгъэм и пэщІэдзэм и гугъу зэрыщытщІащи, нобэкІэ цІыкІухэм я гур тхылъ еджэным хуэпабгъэу пхужыІэнукъым. Ауэ, нэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ Іуэхум дыкъыщеплъынщи, куэд дыдэ мыхъуми, адыгэбзэм щыхурагъаджэ сабий гъэсапІэхэр щыІэщ, лъэпкъыбзэр, литературэр зэрырагъэдж школ программэхэр зэгъэзэхуэжауэ къыдокІ, дяпэкІи а лэжьыгъэм зиужьуурэ екІуэкІыну дыщогугъ. Абы къыхэкІыу лъэпкъ сабий поэзиер цІыкІухэм я деж нэса хъуныр псом япэу зи пщэ къыдэхуэр гъэсакІуэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэщ.

Сабий гъэсапІэхэр, школхэр хэмыту, нобэ адыгэ усыгъэм цІыкІухэр нэІуасэ зэрыхуэпщІыфын Іэмал щыІэкъым. Абы иджырей усакІуэхэми къалэн гугъухэр я пащхьэ кърегъэувэ: егъэлеяуэ псынщІэу екІуэкІ лъэхъэнэм халъхуа щІэблэм гъэщІэгъуэн ящыхъуну Іуэхугъуэхэм нэхъ зратыфу, сабиибзэ хэхам и фащэм ахэр ирагъэзэгъэфу щытын хуейщ къалэмыр зи гъащІэ гъусэхэр.

ЕІуэлІапхъэхэр

1. АфІэунэ Л. Псынэ цІыкІу. Налшык, 1993.
2. АфІэунэ Л. ШыщІэ цІыкІу. Налшык, 2003.
3. АфІэунэ Л. Хъыринэ. Налшык, 2008.
4. Батыр М. КІущмарицэ. Налшык, 2009.
5. Гъуэзджэш Хъ. Псысэ Іэтэ фхузоІуатэ. Черкесск, 2008.
6. ГъукІэлІ И. Дадэ дахэ. Налшык, 2002.
7. Детская литература сегодня: сб. науч. ст. / сост. Н.В. Барковская, М.А. Литовская. Екатеринбург, 2010.
8. Джэрыджэ А. Си шыпхъу цІыкІуу Дахэуэс. Налшык, 2007.
9. Жылэтэж С. Зэрыджэ. Налшык, 1990.
10. Иуан Б. ФохьэкІуэ. Налшык, 2001.
11. Квятковский А.П. Поэтический словарь. М., 1966.
12. Къагъырмэс Б. Мыщэжьыкъуэ. Налшык, 2002.
13. Къагъырмэс Б. Уэшхым и къару. Налшык, 2010.
14. Къаныкъуэ З. ГъуэрыгъуапщкІуэ. Налшык, 1992.
15. Къэзан Ф. Уэс нэжэгужэ. Налшык, 2009.
16. Къэжэр Хь. Усыгъэхэр. Налшык, 1998.
17. Къуныжь Хь. Хьэрхьуп. Налшык, 1996.
18. КІэмыргуей Т. Дерс. Налшык, 2002.
19. Майофис М., Кукулин И. Семиотика детства. Вступительная заметка. // НЛО. 2002. № 58.
20. Нало З. Урыху Іубыгъуэ. Налшык, 2001.
21. Нало З. ЗэшыпхъуитІым я псысэхэр. Налшык, 2003.
22. Нало З. Нанэ и псэ – дадэ и бзэ. Налшык, 2000.
23. Сонэ А. Іэгу-махуэ, ІэщІ-жэщ. Налшык, 2001.
24. Тау Н. Мэшбэв. Налшык, 2000.
25. Тау Н. Уэшх нэужьым. Налшык, 2003.
26. Тау Н. НэкІуху. Налшык, 2005.
27. Уэрэзей А. Іуащхьэжь. Налшык, 1997.
28. Хьэщыкъуей О. КхъуейплъыжькІэрыщІэ. Налшык, 2005.
29. Хьэщыкъуей О. Пшэ хужь цІыкІу. Налшык, 2000.
30. Хьэщыкъуей О. ТхьэкІумэ кІыхь Іущыщэ. Налшык, 2003.
31. Хьэнфэн А. Мей цІыкІу. Черкесск, 1960.
32. Хьэнфэн А. Дыщэ нанэ. Черкесск, 1997.
33. Щэнгъуазэ. Черкесск, 2008.
34. Щоджэн Л. Моцэрэ Бацэрэ. Налшык, 2001.

35. Щоджэн Л. Нэхунэ цIыкIухэр. Налшык, 2007.
36. Щоджэн Л. Мэдэ цIыкIу. Налшык, 2007.
37. Хьэту П. Бжьыхьэ удж. Налшык, 2008.
38. ХьэцIыкIу Хь. Гъуэгу дамыгъэхэр мэпсалъэ. Налшык, 2001.
39. Чуковский К.И. От двух до пяти. Живой как жизнь М., 1968.

2.4. НыбжьыщIэхэм папщIэ драматургие

Зи зэхэщIыкIым махуэ къэс зиужь щIэблэм анэдэлъхубзэм и дахагъэ, и лъэкIыныгъэ псори къыхузэIузыхыр, абы и IэфIыр псэкIэ зыхригъащIэу щытыр литературэращ. Художественнэ псалъэм и зэфIэкIхэр къызыгурыIуэ лъэпкъхэм сыт зэмани я нэIэ трагъэт я IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ. Сабийми балигъми я псэм хыхьэр гущIэм къыщежьэ псалъэрщ. Адыгэ сабийм анэдэлъхубзэм и дахагъэр пасэм къыгурызыгъаIуэу щытар лъэпкъ IуэрыIуатэрщ. Гукъинэ хъу сюжетхэр сабийуэ къеджэм балигъ хъуа нэужьи щымыгъупщэжу къонэ. Адыгэ IуэрыIуатэм и дыщэ пхъуантэр бейщ. Таурыхъ дахэм щIапIыкIа сабийр нэхъ гу хьэлэл, нэхъ псэ къабзэ иIэу къохъу. Сыт щыгъуэ зэмани таурыхъхэр Iэщэ гъуэзэджэу щытщ, лейзехьэхэм, нэпсейхэм, бзаджащIэхэм уебэнымкIэ. Таурыхъым сыт щыгъуи пэжыр щытокIуэри, гуфIэгъуэкIэ еух. АтIэми, текIуэныгъэр зылъысыр цIыхугъэрэ хабзэрэ зыхэлъхэрщ, лIыгъэ зиIэхэрщ.

Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къадекIуэкI шыпсэхэм, хъыбархэм, таурыхъхэм литературэ фащэ дахэ ягъуэтащ драматургием хуэIэижь тхакIуэхэм я фIыщIэкIэ. Нобэрей адыгэ тхакIуэхэм я пщэм къалэн куэд къыдохуэ ди лъэпкъым и къэкIуэнур, и пщэдейр зэпха щIэблэщIэм я щIэныгъэм, зэхэщIыкIым, цIыху щытыкIэ-зэхэтыкIэ дахэм хуэущиным. Я псэм дахагъэр къыщыгъэушыным, хэкупсэу гъэсэным. А къалэн гугъум и хэкIыпIэ нэхъыфI дыдэу щыIэр театр гъуазджэрщ. ЦIыхум и хьэлым щытепщэн хуей щэныр игъэнахуэм къыщымынэу, абы зэрызебгъэужьыну Iэмалхэми театрым ухуегъэуш. Драматургиемрэ театр гъуазджэмрэ къуэпс быдэкIэ зэпхащи, я псэр зы чысэм илъщ.

Я гулъытэ нэхъыщхьэр сабийм хуэгъэзарэ хэхауэ цIыкIухэм яхуэтхэу ди лъэпкъ литературэм куэд хэбгъэгъуэтэнукъым. АтIэми, жанр псоми ехъулIэныгъэ хъарзынэхэр щызыгъуэта ди адыгэ литературэм сабий драматургиер увыпIэншэу къыщымынамэ, ар зи фIыщIэхэм ящыщщ Акъсырэ Залымхъан, Щхьэгъэпсо Мухьэмэд, Дудар Хьэутий, Дэбагъуэ Мухьэмэд, Журт Биберд, IутIыж Борис сымэ. Абыхэм я «Дахэнагъуэ», «Щхьэхуеуэ пшынэ», «Iэпхъуалъэ телъыджэ», «ГъущIыпсэ»,

«Иныжьым и нэр», «Хьэлэлыжьымрэ Хьэрэмыжьымрэ», «Нартхэ я дыгъэ» пьесэхэм хэлъ гупсысэхэм я щIэщыгъуагъэр зэи икIынукъым икIи фагъуэ хъунукъым.

Сабий драматургием имызакъуэу адыгэ литературэм и классикэу ябж «Дахэнагъуэ» пьесэр Акъсырэ З. щитхам (1942 гъ.) къыщыщIэдзауэ драматургыр дунейм тетыхукIэ елэжьащ ар зэрыригъэфIэкIуэнум, зэхъуэкIыныгъэхэри мызэмытIэу хилъхьэжащ. Аращ езым итха пьесэхэм я нэхъыфI зы ар щIэхъуари, ди лъэпкъ драматургием лъэ быдэкIэ щIыхэувари. Пьесэм и иужьрей вариантыр «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм Акъсырэм и пьесэхэр щызэхуэхьэса «Дахэнагъуэ» сборникым иту 1991 гъэм къыдэкIыжауэ щытащ.

Ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхухэр псэукIэфIым, псэукIэ дахэм щIэхъуэпсурэ, гум фIэфIым Iэр зэрылъэIэсыным щIэбэнурэ зэман куэд екIуэкIащ. ЗыщIэхъуэпсу щытар къаIэщIэмыхьами, я гуращэмрэ я мурадымрэ къэзыIуатэ, къэзыгъэлъагъуэ таурыхъ хьэлэмэтхэмрэ усэхэмрэ зэхалъхьэу щытащ. Абыхэм ящыщщ Акъсырэ Залымхъан и теплъэгъуибл хъу, усэбзэкIэ тха «Дахэнагъуэ» пьесэри.

Насып пэлъытэу щыт Дахэнагъуэ цIыхухэм къалъыхъуэ. Абы и хэщIапIэу щытыр емынищэм яхъумэ къуршыщхьэ быдапIэщ. ЦIыху бгъущIрэ бгъурэ гъуэгу теуват Дахэнагъуэ и псэлъыхъуу. АрщхьэкIэ ахэр псори зэщэр езым я щхьэ фIыгъуэти, Дахэнагъуэ IэщIэкIуэдащ. Дахэнагъуэ-насыпым и хъыбарыр бжэныхъуэ Джэримэс щызэхихым, мурад ищIащ емынищэм къатрихыжу Дахэнагъуэ цIыхубэм къахишэжыну. Джэримэс щIалэ бланэщ, бжьыфIэщ. Абы къыхихащ лIым и лIыгъэр зэрапщу щыт Iуэхугъуэ гугъур – е а пщащэр зыхъумэ бзаджащIэхэм ятекIуэнщи насыпыр къихьынщ, е абыхэм езауэурэ и гъащIэр итынщ. Сыт хуэдэ псэзэпылъхьэпIэ щхьэкIи къимыкIуэту, бжэныхъуэ хахуэр иужь итщ зыхуигъэувыжа Iуэхум. МэзылIи, мыщи, алмэстыи, благъуи, бгъэжьи, иныжьи абы къыпэуваи, псы уэрхэри, и анэ Дисэрэ и къэшэн Кэзибан нэгъунэ яхэту. КъарукIэ къыщыпэмылъэщым, бзаджащIэхэр хьилагъэм хуокIуэр – дахьэхыу къэгъэпцIэн мурадыр яIэу тхьэIухудищым зыкъыпащIэ. Ауэ зыми яхуэкъутэфакъым щауэм и мурадыр. Джэримэс псоми ятокIуэри, Дахэнагъуэ цIыхухэм къахешэж.

ГъащIэр зыгъэлъэщ, зыгъафIэ, дэрэжэгъуэ ин къозыт тхыгъэщ «Даханагъуэ» пьесэр. Абы и щIагъыбзэр зыхуэкIуэр зыщ: насыпыр цIыхум зэи тыншу игъуэтыркъым. Ар къыпIэрыхьэн щхьэкIэ, уи щхьэ закъуэ ухуэмылъэпхъащэу, лъэпкъ псом и насыпым ущIэбэнын хуейщ. Аращ пьесэм и гупсысэ нэхъыщхьэу, и купщIэу щытыр.

Тхыгъэм хэт персонажхэм яIурылъ бзэр дэтхэнэ образми екIужщ. Щхьэж и псэлъэкIэ щхьэхуэ иIэжщ. Хьэл-щэнкIэ,

гупсысэкIэкIэ псори зэщхьэщокI. Пьесэм и япэ теплъэгъуэм къыщыщIэдзауэ, и кIэм нэсыху удихьэхыу, узыIэпишэу щытщ. «Дахэнагъуэ» пьесэм и сэбэп куэд екIащ ди лъэпкъ культурэм зегъэужьынымкIэ. Апхуэдэу, ар лъабжьэ хуэхъуащ композитор Молэ Владимир и «Дахэнагъуэ» оперэм (1965), балетмейстер цIэрыIуэ Проценко Александр и «Дахэнагъуэ» балетым (1968). КъыжыIэпхъэщ, «Дахэнагъуэ» къытращIыкIа спектаклыр япэ адыгэ музыкальнэ-драматическэ спектаклу зэрыщытыр. Спектаклым хэта персонажхэм я ролхэр ягъэзэщIащ артистхэу Щынахъуэ Мэржан (Дахэнагъуэ), Щхьэгъэпсо Мухьэмэд (Джэримэс), ДыщэкI КIунэ (Дисэ), Сибэч Быхуэ (Кэзибан), Атэлыкъ Тэзрэт, Тхьэзэплъыж Азрэт (лIыжьхэр), нэгъуэщIхэми. Спектаклым и япэ гъэлъэгъуэныгъэр Налшык дэт промкооперацэм и клубым 1944 гъэм щекIуэкIауэ щытащ.

«Дахэнагъуэ» пьесэм къыщыIэта темэр купщIэ хуэхъуащ Акъсырэм теплъэгъуищу зэхэлъ и «Щхьэхуеуэ пшынэ» драматическэ поэмэми (1991). Я темэхэр зэщхьми, я сюжет гъэпсыкIэкIи, я ухыкIэкIи ахэр зэщхьэщокI. «Дахэнагъуэ» пьесэм насып пэлъытэу щытар Дахэнагъуэ бзылъхугъэ хахуэращ. Мыдрейм лъэпкъым и насыпыр зэпхар щхьэхуеуэ пшынэщ. ГъэщIэгъуэнщ а пшынэ телъыджэм и хъыбарыр:

Мы дунеижьыр щымыджэмыпцIэм,
ЩIы дызытетыр щызэпцIагъащIэм,
ЖаIэ щыIауэ бгъуэнщIагъ щIыунэ,
А унэм щIэлъу щхьэхуеуэ пшынэ,
Жин тет иIауэ щхьэхуеуэ пшынэм.
ЖаIэ ар пэжу, жаIэ я фIэщу,
Бэм и насыпыр а пшынэм хэлъу.
ЖаIэ дыдейуэ пшынэр щытауэ,
Жин фIыцIэ Iейхэм ар тфIадыгъуауэ.
ЯщIэркъым пшынэр дэнэ яхьами,
ЖаIэ къуршиблым щхьэдахьэхауэ,
ЖаIэ тенджызым и щIагъ яхьауэ (1; н. 348)

А насыпу щыIэр зыхэлъ щхьэхуеуэ пшынэр зыIэригъэхьэну хэку тепщэныгъэр джатэ маисэкIэ къэзыхьа Шузадэ хъыжьэр яужь итщ. ЩIэпхъаджэ зылэжь цIыху бзаджэщ Шузадэ тепщэр. А лIы мэхъаджэращ пьесэм хэт лIыхъужьхэм я мыгъуагъэ псоми я къежьапIэу щытыр. Лейзехьэ бзаджащIэм и цIэри езым екIужщ. Щхьэхуеуэ пшынэр уасэ зыхуищIа и мылъхупхъу Сансэней и адэри, унэIут Нанэм и къуэ Къарэмэзыкъуэ и адэри зыукIар аращ. Пьесэм гукъинэжу къэгъэлъэгъуа щыхъуащ Сансэнейрэ Къарэмэзыкъуэрэ я образхэр. Щхьэхуеуэ пшынэм уэрэд хуиусауэ, Къарэмэзыкъуэ а насыпышхуэр къигъуэтыжыным яужь итщ. Абы и телъхьэщ цIыхубэр. Ауэ къэхьыжыгъуафIэкъым а пшынэ

телъыджэр. Шузадэ имызакъуэу, зыр зым къыдэщIу, куэдыщэ мэхъур абы ещакIуэ бийхэр. Щхьэхуеуэ пшынэр мылъху адэ бзаджэм Сансэней уасэ хуищIащ. УнэIут Нанэм Шузадэ тепщэм и унагъуэм и щэхур хъыджэбзым щыхуиIуатэм, Сансэней тхьэрыIуэ ищIащ илъ ищIэжыну. Абы хьилагъэкIэ игъэжея Шузадэ и джатэр къыIэщIихри, Къарэмэзыкъуэ ириташ, тIуми я адэхэм ялъ иригъэщIэжыну.

Ауэ сытми къызэрыгуэкI джатэкъым абы къыIэрыхьар. Маисэ гуащIэм къыхэщIыкIауэ, благъуэхэм ялъкIэ псыхьауэ, зэIусэ псори пигъэщу. Пхъуантэ фIыщIэжьым дэлъу ар зэрахьэрт. А Iэщэ бзаджэрат лIы гущIэгъуншэм и лIыгъэри, и къарури къызыхэкIыр. Джатэр зыIэригъэхьэжын щхьэкIэ, тепщэм тхьэ еIуэ щхьэхуеуэ пшынэр хъыбар нэпцIу насып зимыIэхэм къагупсысауэ. Ауэ Нанэм утыкур еубыдри щхьэхуеуэ пшынэм и пэжыпIэр къеIуатэ:

ИлъэсипщI Iэджэм къахокI зы махуэ
Жин фIыцIэ Iейхэм жин хужьхэр текIуэу,
Апхуэдэу щыхъукIэ мин пщащэ дахэр
Пшынэр иIыгъыу уэгум щызекIуэу,
А пшынэ макъыр жьы къабзэм хэту
Зэгуэр къежьауэ хэкур къикIухьырт.
Ар зэхэзыхым лъапэкIэ тету
ЗыхитIэу, къафу, гуфIэу къижыхьырт… (1; н. 370)

Щхьэхуеуэ пшынэр ихъумэу гъуэгущхьиблыр щызэхэкIым тес уд фызыжьым Шузадэ тепщэм нэхърэ нэхъ цIыхугъэ хэлъу къыщIэкIащ. Къарэмэзыкъуэ и Iуэхур шынагъуэ дыдэм щыхуэкIуэм, уд фызыжьыр жыхапхъэ хуарэр къеубыдри мэшэс, тенджыз хъаныжьым деж кIуэну. А Тенджызхъаным нэхърэ нэхъ бзаджэ тенджызми, уэгуми, щIыгуми щымыIэ пэт, Къарэмэзыкъуэ удым и фIыщIэкIэ абы зэрытекIуэн Iэмал къыхуегъуэтыр. ИкIэм-икIэжым Къарэмэзыкъуэ щхьэхуеуэ пшынэр и бащлыкъым кIуэцIышхьауэ иIыгъыу къегъэзэж.

Къарэмэзыкъуэ сыт хуэдэ лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ, псэ зэпылъхьэпIэ щхьэкIи къимыкIуэту и мурадыр игъэзэщIэну яужь итщ. ТхьэIухудхэр хузэблэкIми, закъригъащIэркъым, хъугъуэфIыгъуэ къыхуагъэлъагъуэми, дихьэхыркъым. Щымыхъужым, ем, бзаджагъэм и телъхьэхэр абы къыпоув, и гуращэр къыфIызэпаудыну. Ауэ абы и лIыгъэм, ерыщагъым, акъылIыфIагъэм, шыIэныгъэ ин хэлъым я сэбэпкIэ зыхуежьа Iуэхур и кIэм нигъэсыфащ.

Мы пьесэм къыщыIэта гупсысэхэм нэрылъагъу ящI е зигу илъ бийм и мурад бзаджэхэр къызэремыхъулIэнур. Пьесэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм узэщIаубыдэ, лIыхъужьхэм я хьэлщэныр зыхуэкIуэнум узыIэпишауэ укIэлъоплъ. Драматургым

нэсу гурыIуэгъуэ ещI цIыхубэ къарум и лъэщагъыр узыщыгугъ хъун къаруушхуэу зэрыщытыр, насыпыр бзаджащIэм и телъхьэ зэи зэрымыхъунур.

Акъсырэ Залымхъан и «Дахэнагъуэр» урысыбзэкIэ дунейм къыщытехьам (1948), Урысейпсо театрхэм я жылагъуэм (ВТО-м, иджы СТД-м) и унафэкIэ а таурыхъым къытращIыкIауэ щыта спектаклыр къэрал псом и ТЮЗ-хэм щагъэлъэгъуащ. А зэманым ирихьэлIэу дунейм къытехьащ Щхьэгъэпсо Мухьэмэд и «Мыщэм и къуэ Батыр» пьесэр.

А таурыхъыр лIэщIыгъуэ куэд щIауэ адыгэхэм къадогъуэгурыкIуэ. Пьесэм и сюжетыр узыIэпишэу ухуащ, и бзэкIэ шэрыуэщ. Батыр и гурыщIэкIэ хьэлэлщ, зыхуэлажьэр и щхьэр аракъым, атIэ гузэвэгъуэ хэхуа цIыхухэрщ. И лIыгъэр къигъэлъэгъуэн папщIэ, ар Iуэхугъуэ куэдым яужь йохьэ: благъуэм хуахь къуажэ хъыджэбзхэр къримыгъэлауэ, е жылэм бэлыхь къытезылъхьэ бзаджэжьыр лъэныкъуэ иримыгъэзауэ и щхьэ Iуэху пыхьэркъым. Iуэхур и щхьэм щынэсым и дежи, абы илэжь псори нэхъ зэтауэ щытыр нэгъуэщIхэм я сэбэп зыхэлъ лэжьыгъэрщ. «Мыщэм и къуэ Батыр» пьесэм сабийхэр пэжыгъэм, хьэлэлыгъэм, захуагъэм, цIыхур фIыуэ лъагъуным, гуащIэдэкIым пщIэ хуэщIыным хуегъасэ.

ЩIэблэм гукъыдэж къахуэзыхь, зыгъэгупсысэ пьесэхэм ящыщщ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм сабийхэм папщIэ къыщыдэкI «Лэгъупыкъу» журналым и редактор Шорэ Ахьмэд и «Хьилэшым и Iуэху мышущ» (1993), адыгэ щIэныгъэлI, фольклорист Мыжей Михаил и «Дыщэ бжьамий», «КIухурэ КIулацурэ», Къэрэшей-Шэрджэсым щIыхь зиIэ артисткэ Тут Тезадэ и «Благъуэр къыщыджэм» (1995), «Мэз псысэ» пьесэхэр. А пьесэхэм спектаклхэр къытращIыкIри Шэрджэс драмэ театрым щагъэувауэ щытащ.

Адыгэ сабий драматургием зегъэужьыным я сэбэпышхуэ екIащ шэрджэс тхакIуэ Дэбагъуэ Мухьэмэд и Iэдакъэм къыщIэкIа «Iэпхъуалъэ телъыджэ» (1987), «Иныжьым и нэ» (1991), «ГъущIыпсэ» (1991) пьесэхэм. Едзыгъуищу зэхэлъ «Iэпхъуалъэ телъыджэ» пьесэм ущеджэкIэ, Iэмал имыIэу уигу къегъэкIыж, уи нэгум занщIэу къыщIоувэ дуней псом щыщIэрыIуэ франдж псысэтх щэджащэ Шарль Перро и «Золушка» таурыхъ хьэлэмэтыр. Мы тхыгъэм къару телъыджэ хэлъщ – зигу къыдэмыжым игу къыдегъэжыж, нэщхъейр нэщхъыфIэ ещIыж, зэшыр трегъэу. «Iэпхъуалъэ телъыджэм» Iуэхур щекIуэкIыр мэз лъапэм щIэс унагъуэрщ. Иналыкъуэ лIыжьым и щхьэгъусэр дунейм ехыжати, етIуанэрейуэ фыз къишэжащ. ЛIыжьым зы пхъу закъуэ иIэт, гу щабэрэ нэгуфIэу. Абы и цIэр Гулэзт. Зэадэ-зэпхъум натIэ яхуэхъуар цIыхубз ябгэт. Уэсым нэхърэ нэхъ щIыIэж анэнэпIэсым ещхьыркъабзэт абы ипхъу закъуэ Гулашыни. Езы Гуащэр нэпсейщи, Iэпэлъыр щIегъэткIу.

Анэ зимыIэм гуIэр и махуэщ жыхуаIэхэм ящыщт Гулэз тхьэмыщкIэр. Гугъехьыр, гууэр натIэ хуэхъуащи, фIыщIэ имыIэу бэлыхьыр ешэч. ЛIыщIэм хуэдэу и анэнэпIэсым хуэпщылIу и гъащIэр ехь. Гуащэ ябгэжьым зэпыу имыIэу иримыгъэтIысэхыу и мылъхупхъур кърехуэкI. Зэм ху къэпыр зэхэдзи лъэсыж жеIэри и пщэ кърелъхьэ. ПIалъэу къритри ипхъу сэхъуам и лъакъуэхэр хуитхьэщIыхукIэщ. «Зэм, тIэкIу сыщхьэукъуэхукIэ мыбдеж къуэт цы къэпыр пхыи джыж», – жиIэнщ. И пхъум удз гъэгъам хуэдэу дахэу IэлъэщI хуимыщIым, Гулэз иукIыну Гуащэм тхьэлъанэ ищIащ. ЗекIуэ ежьа Мэшыкъуэ мыхъуатэмэ, пщащэ насыпыншэр лажьэ имыIэу хэкIуэдэнут. Мэшыкъуэ фIэпсэкIуэд хъуа хъыджэбзым хуэщхьэпэну Iэпхъуалъэ иритри жиIащ: «Гузэвэгъуэ ухэхуэмэ, уи Iэпэ фIэлъхьи, мыр къэбж:

Iэпхъуалъэ, Iэпхъуалъэ,
Дыщэ лэгъупыкъу!
УфIэслъхьэм си Iэпэм,
Сэ къыздэIэпыкъу!
КъысхукъуэкI! – жыпIэнущи, асыхьэтым жэм къуэлэн фэкъу къэсынущ, узыхуеймкIэ елъэIу» (2; н. 123). А жэмыр къыздикIар пщыи уэркъи здэщымыIэ хэкущ. Абы дунейр щытхъэжыгъуэщ. Псынэхэр дыжьынысу къыщыщIож, бгыхэр дыщэ защIэщ. А хэкум псори щызэхуэдэщ.

Мылъкум щIэнэцI Гуащэр апхуэдизу нэпсейщи, дыщэ щхьэкIэ ипхъу къилъхуа нэгъунэ щIы щIагъым щIигъэлъэдэну хьэзырщ: «КIэлъыкIуэ мо жэм кIуэжым. И лъэкъуапIэм уимыкIыу здэкIуэм кIуэ. Уафэм дэкIуейрэ – дэкIуей, щIы къатиблкIэ ехрэ – ех! Ауэ кIуэ ар здэкIуэм. Къэгъуэт а дыщэ хэкур. ИтIанэ уи насыпыр къыкъуэкIащ!» (2; н. 132). Унэм илъ къэпхэм я нэхъ ин дыдэр къыздищтэри жэмым иужьым иту Гулашын дыщэ хэку лъыхъуэ ежьащ. Къэп из дыщэ къимыгъуэтами, шыд тхьэкIумэшхуитI къытекIауэ къэсыжащ. Ар къыщилъагъум Гуащэм и губжьыр лажьэ зимыIэ и мылъхупхъум трикъутащ: «Хьэдэгъуэдахэ! Плъагъурэ, а уи дыщэ хэкум мы си пхъум кърищIар? КIуэ уэри, уи жэм лъэкъуапIэм уимыкIыу, ауэ дыщэ къэп къыумыхьмэ, пщIантIэм укъыдэмыхьэжмэ нэхъыфIщ» – жиIэри, Гулэз пщIантIэм дихуащ.

А хэкур къигъуэтыну Мэшыкъуэ и хъуэпсапIэщ. Хьэлэмэту гъэпса хъуащ а щIалэ хахуэм и образыр. Мэшыкъуэ гугъехь е гууэ хуэзакIэ, нэпс ткIуэпс игъащIэм щIигъэкIакъым. Лъакъуэубыд IэщIэлъмэ, мэлыхъуэщ, Iэхъуэ баш къратмэ, жэмыхъуэщ, пхъэIэщэкIыр иIыгъмэ, вакIуэлIщ, шы-уанэ зэтелъмэ, зекIуэлIщ. Бейм тхьэмыщкIэр игъэцIыкIумэ, мэжэщIалIэм и мэжаджэ Iыхьэр къытрахмэ,

къыщхьэщымыжын лъэкIкъым. Дыщэ хэкум унэсын щхьэкIэ Iэмал имыIэу НэжьгъущIыдзэм уфIэкIын хуейт, ауэ Мэшыкъуэ ар къехъулIатэкъым. ЛIыщIэу къыхуэнэну щыхуимыдэм, НэжьгъущIыдзэм щIалэр щхьэ къупщхьэ ищIри, бжэгъум фIидзэжат. Жэщибл-махуиблкIэ гъуэгу тета Гулэз дыщэр къыздрихынури зэупщIынури имыщIэу здэщытым, щхьэ къупщхьэу фIэлъ Мэшыкъуэ къилъэгъуащ. Ар цIыхуу къэхъужын щхьэкIэ, НэжьгъущIыдзэм и щхьэгъубжащхьэм тет щхъухьпсыхьу хъуар зэрыт кхъуэщын цIыкIур пкъутэн хуейуэ арат. Мэшыкъуэ хуэщхьэпэн Iэмалыр къыщищIэм, Гулэз гу зылъримыгъатэурэ НэжьгъущIыдзэм и зы щхьэц налъэ къыхичри, жиIащ:

«Иджы уэ Iей къызэпщIэжыфынукъым. Сегъэблагъэ адыгэ хабзэм тету!». Ар щызэхихым, фызыжьым зичэтхъэжу бжэуэ щIидзащ: «Узымылъэгъуа си нэхэр хьэфизу къэуни, уи лъэ макъыр зэхэзымыха тхьэкIумитIыр дэгу сэгъро ухъуи!.. АкъылкIэ укъыстекIуащ, кIуапIэ сиIэжкъым, узибынщ…» (2; н. 139). Зы махуэ гуэрым НэжьгъущIыдзэ зыплъыхьакIуэ дэкIауэ, Гулэз кхъуэщыныр икъутэри, Мэшыкъуэ занщIэу хуит къищIыжащ.

ЦIыхум и къэухьыр, и акъылыфIагъэр къэхутэн щхьэкIэ, щIэныгъэлIхэм къагъэсэбэпу я хабзэщ щIагъыбзэ зыщIэлъ тест-упщIэхэр. Апхуэдэ Iэмалхэм ящыщщ Дэбагъуэм и пьесэм хэт дыщэ хэкум зышэ гъуэгур зыхъумэ НэжьгъущIыдзэм ейри: «Сэ тIэкIу зыкъэсплъыхьынщ си щIыгум, апщIондэху си унэр къызэхэкъутэ, хьэкъущыкъухэр къекъутэх, бел къащти, унэ лъэгур зэхэтIыхь» (2; н. 140). НэжьгъущIыдзэм и «тестымкIэ» Гулашын и акъылыр здынэсыр арати, шыд тхьэкIумэшхуитI къытекIауэ я унэ игъэзэжащ. Фызыжь бзаджэм и щIагъыбзэр занщIэу къызыгурыIуа Гулэз НэжьгъущIыдзэр къыдихьэхри, и насыпыр зыхэлъ щауэ хахуэр ажалым къригъэлащ.

Драматургым мы пьесэм къыщигъэсэбэпа Iэпхъуалъэ телъыджэри а Iэмалхэм ящыщ зыщ. Зэ еплъыгъуэкIэ къыпфIэщIынкIэ хъунущ абы хузэфIэмыкIын Iуэху щымыIэу. Ауэ абы и мэгъу къарур зыхэлъыр Iэпхъуалъэракъым, атIэ ар зыIэрылъ цIыхум елъытащ. Мэшыкъуэ зэрыжиIащи, «апхуэдэ Iэпхъуалъэ куэд щыIэщ, ауэ ар къарууфIэ зыщIар уигу (жыхуиIэр Гулэзщ) къабзэрщ, уэ хуитыныгъэм узэрыхущIэкъуащ» (2; н. 148).

Едзыгъуищрэ теплъэгуищу зэхэлъ «Иныжьым и нэ» таурыхъ-пьесэм хэт Адемыри, Мэшыкъуэ хуэдэу, цIыхугъэрэ нэмысрэ зыхэлъ щIалэщ. Бэлыхьлажьэр къызытепсыха унагъуэм и къыщхьэщыжакIуэщ Адемыр. Хэплъэгъуэ защIэт ар зыIущIа Iуэхугъуэр. Уэу дыджыр зи Iэщэ удым Бэтокъуэ и щхьэгъусэ Дыщэ хьэфизу къигьанэри, зэщхьэгъусэхэр зэпэIэщIэ ищIат. Бэтокъуэ щIыунэм щIэубыдауэ удым

иІыгът, егъэзыгъэкІэ абы дэпсэууэ. ЗэлІзэфызым я къуихри удым и хъумакІуэхэм яІэщІэкІуэдат. Абы и щІыІужкІэ уд бзаджэнаджэм уэгъу ищІри мыгъуэмылІэу, мэжэщІалІэу къигъэнат. Удым зэхищІыхьа псори зэтес хъужынут, Адемыр Дыщэ и Іэзэгъуэр къыхуигъуэтамэ. Абы и щэхур езы Дыщэ ищІэти, щІалэм жриІащ: «Зы Іэзэгъуэщ абы иІэр, си щІалэ. Хы тІуащІэм узэпрыкІрэ, мэз къуейщІейхэр къызэбнэкІрэ, мафІэ бзийхэм уаблэкІыфмэ, зы Іуащхьэшхуэ ухуэзэнущ. Жэщи махуи ар яхъумэр. Я пэІущІэр Іуащхьэм епха къаплъэныжьыр, уфІэкІыфмэ, уи гъуэгу тесынущ щхьищ зыфІэт блэр, итІанэ уІущІэнущ иныжьым. И нэр къипхумэ, абдеж щыгъэпщкІуа чысэр къипхынущ. Абы къыщыбгъэтынущ си Іэзэгъуэр, нетІэ узыблэкІа хъыджэбзым (зи гугъу ищІыр ипхъу Нагъуэщ) и адэр зыщІэс щІыунэм и ІункІыбзэр» (3; н. 160).

Іуэхур къызэрыщІидзынури умыщІэу, гъэщІэгъуэн защІэу зэхэлъщ мы тхыгъэр. Пьесэм хэт персонажхэм я образхэр нэхъ ІупщІ хъун щхьэкІэ, драматургым ахэр зыпэмыплъа щытыкІэ гугъусыгъухэм иригъэувэри, сюжетыр иукъуэдиящ. Апхуэдэу хьэфиз хъуа Дыщэ дуней псом гурыфІыгъуэу къыхуэна ипхъу закъуэр къыхуэмыцІыхужу зэкІуэкІащ. Дапщэщи плъэ анэгум занщІэу къыгурыІуащ ар гъуэгу къезымыт, нэф зыщІа удым и Іэужь бзаджэу зэрыщытыр. Зэанэзэпхъум Адемыр щрагъажьэм, абы якІэщІэдэІухьа уд псэхэхым и щхъухь псори къигъэсэбэпати, адыгэ хабзэм щІапІыкІа хъыджэбз Іэдэбым къыпхуэмыцІыхужыну зихъуэжат. И анэм и жыІэ емыдэІуэжу, зэгуигъэуду, ищІэ псори мыхъумыщІэу, езы удым жиІэм фІэкІа зыри имыгъэзащІэу хъуат. Удым хуэІурыщІэ Нагъуэ зекІуэлІ фащэр щыгъыу ежьащ и псэм и хъуахуэ Адемыр и гуращэхэм зэран хуэхъуну. Пьесэм гукъинэжу къыщыгъэлъэгъуа хъуащ а зэпсэгъуитІым я зэІущІэ теплъэгъуэр. Иныжьым и лъахэм нэса Адемыр щхьэукъуауэ здэщылъым, Нагъуэ абы кІэрыхъыжьат езэуэну. ЩІалэ мыцІыхум дахэкІэ щыхэмызагъэм, Адемыр абы иІыгъ сэшхуэр къыІэщІиудри, уІэгъэ ищІащ. ИтІанэ Нагъуэ къритауэ щыта хущхъуэр и жыпым кърихри, къэмэхауэ щылъ щІалэм щихуэурэ, тебжащ: «Уигу Іей илъмэ, фІы ирехъуж, цІыхугъэу пхэлъыр къэщтэж, зыкъэщІэж!». Ар зэрыжиІэу, Нагъуэ япэм зэрыщытам хуэдэу хъужри, и пІэ иуважащ. Адыгэ таурыхъым зэрихабзэу, пьесэр гуфІэгъуэкІэ еух, фІыр ем токІуэри.

Мы пьесэм КъБР-м и цІыхубэ артист, режиссер ШэрэІужь Анатолэ спектакль гъуэзэджэ къытрищІыкІри Налшык дэт Гуащэ театрым и репертуарым хэту илъэс зыбжанэкІэ къагъэлъэгъуауэ щытащ. А спектаклым къыщыІу Адемыр и гухэлъ «Сытым щыгъуэ сыкъэпщІэну, уей!» уэрэд дахэр Адыгейми, Къэбэрдейми, Шэрджэсми щыцІэрыІуэщ. Абы и псалъэхэр «Иныжьым и нэ» пьесэр зи ІэдакъэщІэкІ Дэбагъуэ Мухьэмэд итхащ, музыкэр композитор Даур Аслъэн ейщ.

Адыгэ ІуэрыІуатэм куэдрэ узыщрихьэлІэ благъуэм теухуа сюжетыр лъабжьэ хуэхъуащ Дэбагъуэм едзыгъуитІрэ теплъэгъуитІу зэхэлъ и «ГъущІыпсэ» пьесэ-таурыхъым. Мыбы хэт Емынэжь пэ дыкъуакъуэм псы кІуапІэр зэхуищІащи, жылэр псы щхьэкІэ зэтелІэным нигъэсащ. Къуажэм хъулъхугъэу дэсыр а Емынэжьым пэуват, ауэ зыри яхуещІакъым. Емынэжьым и лІыщІэ Бажэм къуажэм дэс хъыджэбзхэм къыщІифыкІ лъыр и жьэм жьэдэту абы хуихьурэ къару мыкІуэщІ иІэу ищІырт. Бажэ фІыщІэм хъыджэбзылъ хуихьмэ, жылэм псы тІэкІу къыхуиутІыпщу арат. Хуейм цІыхухэр игъэгуІэу, хуейм ахэр игъэпыхьэу, хъыджэбзхэр ныш зыхуэхъуа Бажэ лъыифым зэпымыууэ йощакІуэр бэм и плъыру щыс, хъыджэбзхэр зыхъумэ Гугъэсыс-Гугъэпсэху лІыжь жьакІэхур. Гукъинэжщ а персонажым и образыр. Езым зэрыжиІащи, «сэ гуитІ сиІэщ. Зыр гугъэсысщ, адрейр гугъэпсэхущ. А тІур дакъикъэ къэс зэрошх, зэрытох, зэрыгъатхъэкъым, щызэфІэнэкІэ сэри сраудэкІ» (4; н. 182). ЛІыжьым и щІэлъэныкъуэр гу фІыщІэ щхьэкІэ адрейр гупцІанэт. Гугъэсысыр текІуэмэ, абы и акъылыр хъыжьпІыжь хъурти, и жеин къигъакІуэрт, ауэ Гугъэпсэхур текІуэмэ, и акъылыр жан хъужырт.

Зы махуэ гуэрым Бажэ хьилэшым плъыру щыс лІыжь тхьэмыщкІэр къигъапцІэри набдзэ зытетхэм я нэхъ дахэ хъыджэбзым илъ щІифыкІыну епхъуат, ауэ и кІэн къикІакъым. БлэкІрэ пэт гъуэгу тет ГъущІыпсэ щІалэ хахуэм дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэ Хужьэ дахэм къыщхьэщыжри ажалым къыригъэлащ. Къиубыда бзаджащІэр щхьэпылъэ ищІыну щыхуежьэм, ар Емынэжь епцІыжри абы и хэщІапІэ екІуэлІапІэншэм игъащІэм цІыху лъапэ здытрамышиямкІэ ГъущІыпсэ ишащ. Арати, Емынэжьу ажэ жьакІэм, псыр зыубыда кІэ бырыбым, и щхьэр пиупщІри, лъэпкъым ятелъ хьэзабыр ГъущІыпсэ щхьэщихащ. Бажэ фІыцІэми зэрихьауэ щыта лейр игъэзэкІуэжащ, къуажэ хъыджэбзхэм ящІифыкІауэ щыта лъыр Емынэжьым и лъынтхуэхэм къыхишыжщ, яхилъхьэжри къигъэпсэужащ.

Адыгэ драматургием и классик ІутІыж Борис япэ дыдэу итха пьесэщ «Нартхэ я дыгъэр». Абы лъабжьэ хуэхъуащ а фІэщыгъэцІэр иІэу 1965 гъэм езым итхауэ щыта поэмэр. Прологрэ теплъэгъуитІу зэхэлъ «Нартхэ я дыгъэ» драмэ-поэмэр Налшык «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм 2000 гъэм къыщыдэкІащ. Дунейм тетыху драматургыр щІэхъуэпсащ абы спектакль къытращІыкІыу Къэбэрдей драмэ театрым щагъэувыну, ауэ, пьесэм мюзикл къытрищІыкІащ композитор цІэрыІуэ Къул Амир, “Амикс” гупыр щІыгъуу. Тхыгъэр зытеухуар нарт эпосым хэт лІыхъужьхэрщ. Усэу тхащ, и бзэр дахэщи, узыІэпешэ. ПхуэмыІуэтэну гуащІафІэхэщ, хъыжьэхэщ, бэшэчхэщ мыбы хэт я теплъэкІи, я хьэл-щэнкІи зэхуэмыдэ персонажхэр –

нартхэ я тхьэмадэ Уэзырмэс, абы ипхъу гъэфIэн Ашэней, нарт лIыхъужьхэу Сосрыкъуэ, Бэдынокъуэ, Ашэ сымэ, нартхэ я мэлыхъуэ, «бгыхэр Iэгукlэ зыкъутэ иныжьхэр къэзыгъэпщIэф», гушыIэ ныбэу къалъхуа КъуийцIыкIу, ар къыдэзыхьэха «зи гур къабзэу зи бзэр къамэ» Лашын сымэ. Мыдрейуэ нартхэм я бийхэр – мажусий зэманым щыгъуэ адыгэхэр зыфIэлIыкIыу щыта уафэм и тхьэ Уащхъуэ, уафэр къэзыгъэгъуагъуэ Щыблэ. Абыхэм я «зауэлIхэр»: Благъуэ, НэжыгъущIыдзэ, Хьэщхьэвылъэ, ХьэIуцыдз сымэ, шейтIанхэр, чынтхэр, нэгъуэщIхэри.

Нарт лъэпкъым и мыгъуагъэ псори зэуэ къыдежьащ Сосрыкъуэ чынтхэм хьилагъэкIэ щаукIа махуэ бзаджэм. Iэджэ щIауэ нартхэ я жагъуэгъу къомым пэшэгъу яхуэхъуа Благъуэжь жьабгъуэм Уащхъуэ и IэмыркIэ уафэгум ит дыгъэр идыгъури ЩIым и гъунэ щигъэпщкIуауэ щиIыгъщ. Нарт хэкужьыр щIыIэм ес, дунейр мылым зэщIищтащи. Зи щIэ зэи ямылъагъуу щыта гуэнхэр нэщI хъуащ. Сабийхэр гущэм хощтыхь. Мылым егъуу щIэт шагъдийхэм уахэплъэныр нэхъ гуауэжщ. Абы щыгъуэ лъэпкъым тхьэмадэу яIар Уэзырмэст. Абы и чэнджэщкIэ нартхэр Уащхъуэ йолъэIу гущIэгъу къахуищIыну, дыгъэр къаритыжыну. Уащхъуэ арэзы мэхъу, ауэ дыгъэм пэкIуэу Уэзырмэс ипхъу закъуэ Ашэней и щхьэр къапеубыд, ари езы Уэзырмэс и IэкIэ пиупщIыжын хуейуэ. Псори зэхэзыха Ашэней бгъуэнщIагъым къыщIокI, и псэр нартхэ ящIитыным хуэхьэзыру. Гузэвэгъуэшхуэм хэхуа Уэзырмэс ищIэнур имыщIэу здэщытым, Ашэней и адэм зыхуегъазэри жреIэ:

– КъэIэт джатэр, уэ си адэ!
ЛъапIэу щытми сэркIэ псэр,
Ар мы Iуэхум хырекIуадэ,
Ауэ нартхэр ирепсэу! (5; н. 239)

Абы ирихьэлIэу щIы фIыщIэжьыр къочэр, къуршхэр зэгуокIри, Сосрыкъуэ дунейм къытохьэж:

– Сэращ, нартхэ, Сосрыкъуэр.
Зэхэсхащ сэ лъэIу жыфIар.
Уащхъуэ мыхъуу, Iэхъуэм и къуэрщ
А фи лъэIум къыдежьар.
ПцIыр зи Iэщэм сауIами,
СимылIыкIыу сыкъэнащ.
ЩIы къатиблкIэ сыщIатIами,
БампIэм ар къызэгуитхъащ. (5; н. 242)

Дыгъэр зыдыгъуам и гъуэтыпIэр «хибл я щIыб къыщыхутами, бгиблым адкIэ щагъэпщкIуами» Сосрыкъуэ я шу гъуазэу къагъуэтыну псори мэшэс. БзаджащIэм я хэщIапIэм нэсри, Благъуэр хы тIуащIэм щаукIащ. НэжыгъущIыдзи,

Хьэщхьэвылъи хагъэщIащ. Чынтыдзэми удын бзаджэр ирадзри, дыгъэр лъагэу яIэтауэ нартхэ я хэку къагъэзэжащ.

Нарт лъахэр мэгуфIэ, къызэщIогъагъэ, къызэщIобатэ, зи бжыгъэр ямыщIэж хъушэхэр йохъуэрэхъуэкI. Дыгъэр къахуэзыхьыжахэм санэхуафэр къыхузэIуахащи, нартыжьхэр зэIэпахыу лIыхъужьыбжьэм йофэхэр. Ахэр джэгуу зэхэтыхукIэ, УащхъуэрэЩыблэрэ мурад ящI Сосрыкъуэ икIэщIыпIэкIэ гъуанэдэуэу яукIыу, Iуащхьэмахуэ и щхьэщыгум тралъхьа дыгъэр аргуэру ядыгъуну. Ауэ абыхэм къапоув Ашэней, Лъэпщ ищIа хуэщ джатэр иIыгъыу:

– Си псэр пыту дыгъэ нурым
ЛъэIэсынкъым фи Iэ фIейр.
Сосрыкъуи и пкъы жырым
Пэлъэщынкъым мурад Iейр! (5; н. 276)

И къарум къызэрихькIэ ар йозауэр УащхъуэикIи хегъэзыхьыпэ, ауэ Щыблэм борэн гуащIэу зыкърещIэкIри Ашэней зэфIощахэри и псэр хокI. БзаджащIэхэри абдежым мэбзэхыж.

Мы пьесэм къыщыIэта гупсысэхэм нэрылъагъу ящI е зигу илъхэм я мурад бзаджэхэр къазэремыхъулIэнур. Драмэр зытеухуар игъащIэ лъандэм дызэрыгушхуэу къыддекIуэкI нарт эпосым хэт лIыхъужьхэрами, иджырей гъащIэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэр, цIыхупсэр зыщIэхъуэпс гъащIэ насыпыфIэращ къигъэнаIуэр. Драматургым щIэныгъэ куу зэрыбгъэдэлъым, адыгэ IуэрыIуатэм фIы дыдэу зэрыщыгъуазэм и щыхьэтщ «Шу шэс», «ЗекIуэ» теплъэгъуэхэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэр. Апхуэдэу Санэхуафэ джэгум къыщыIу нарт лIыхъужьхэу Сосрыкъуэ, Бэдынокъуэ, Ашэ сымэ я пшыналъэхэр, шабзауэ, зэбэнхэм хужаIэ уэрэдхэр, Щыблэ уджыр, зауэхуеджэ къафэр, адыгэ псалъэжьхэр, нэгъуэщIхэри.

«Нартхэм я дыгъэ» пьесэм щIэблэр гупсысэ лъагэхэм къыхуегъэуш. ЦIыхум и гъуэгум къытезэрыхь дэтхэнэ гугъуехьми зэрыпэщIэувэн лIыгъэ хурикъуу, и хьэлым щабагъэр, губзыгъагъэр, хьэлэлагъыр щытепщэу, ныбжьэгъур игъэпэжу, бийм къыпимыкIуэту, и жьэгу пащхьэр ихъумэфу щытын зэрыхуейм ирегъасэ.

ЩIалэгъуалэм гулъытэ хэха хуэзыщI, сабий литературэм зегъэужьыным жыджэру елэжьхэм ящыщщ тхакIуэ Жылэтеж Сэлэдин. Абы зэфIэкI ин зэрыбгъэдэлъыр, литературэм и жанр зэхуэмыдэхэм хуэIэижьу зэрыщытыр и тхыгъэ хьэлэмэтхэм наIуэ къыпщащIыр. Езым и хъэтIрэ гупсысэ къэIуэтэкIэ щхьэхуэрэ зиIэж тхакIуэ Iэзэм и IэдакъэщIэкIхэр гуапагъэкIэ, дахагъэкIэ, цIыху лъагъуныгъэ къабзэкIэ гъэнщIащ. ЩIэблэм гукъыдэж къахуэзыхь, зыгъэгупсысэ гъэпсыкIэ гъэщIэгъуэн яIэщи, псэм дэмыхьэу къанэркъым. Сабийхэм

яфIэфIри, абыхэм епсэлъэн зэрыхуей щIыкIэри фIы дыдэу зыщIэ тхакIуэм зи зэхэщIыкIым махуэ къэс зиужь щIэблэр набдзэгубдзаплъэу, гурыхуэу щытыну егъасэ. ЗэрыусакIуэ, тхакIуэ гъуэзэджэм къыдэкIуэу, Жылэтеж Сэлэдин икIи кинорежиссер Iэзэщ. Абы нарт хъыбархэм къытрищIыкIа сценариехэмкIэ «Мывэм и къуэ», «Иныжьымрэ мывэм и къуэмрэ» жыхуиIэ япэ адыгэ мультипликацэ фильмхэр «Союзмульфильм» студием щытрахащ. Сценариехэр зэрыт «Сосрыкъуэ» тхылъыр «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм Налшык 1991 гъэм къыщыдэкIащ. Адыгэ сабий драматургием зегъэужьынымкIэ, зиузэщIынымкIэ Iуэхугъуэ щхьэпэ куэд зэфIихащ Жылэтежым. Абыхэм ящыщщ «Ашэмэз и бжьамиим и хъыбар», «Нартхэ я дыщэ жыг», «ХьэкIэкхъуэкIэ Хасэ» пьесэ купщIафIэхэр. Пасэрей таурыхъ жыпхъэм иту тхами, ахэр иджырей гъащIэм пэджэж пьесэхэщ. Зы еплъыгъуэкIэ Iуэху къызэрыгуэкIхэм теухуауэ къыпщыхъу щхьэкIэ, ахэр гупсысэ куукIэ гъэнщIащ. Пьесэхэм хэт лIыхъужьхэм Iущыгъэр яIэт, хейр ягъэдахэ, хьэл-щэн дахэм ухуагъэIущ, уи гумрэ уи псэмрэ гущIэгъу къыщагъэуш. ФIы зыщIэм удрагъэплъейуэ, Iей зыщIэм уи гур щагъэкIыу, Iеймрэ фIымрэ зищIысыр ныбжьыщIэ цIыкIухэм занщIэу зыхрагъэщIыкIыу щытщ. Гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым мы пьесэхэм ди лъэпкъым и блэкIар, и нобэрей гъащIэр, и къэкIуэнур щызэрызэпыщIар. Плъыфэ зэмыфэгъу Iэджэу зэхэлъ гъащIэм нэ жанкIэ пхырыплъыф тхакIуэм щIэблэр егъэгушхуэ, еущий.

Пьесэхэр къызэрымыкIуэу дахэу, IупщIу, гукъинэжу тхащи, адыгэбзэм и къулеягъэр, и IэфIыр тхылъеджэм псэкIэ зыхрегъащIэ. ЖиIэр хьэлэмэту, зэрыжиIэ щIыкIэри узыIэпишэу, ахэр сабийми балигъми зэдащтэн защIэщ. Адыгэ IуэрыIуатэм и нэщэнэхэр къызыхэщ пьесэхэм ящIэлъ гупсысэхэр, ахэр къэзыIуатэ псалъэхэр щIагъыбзэ щIэлъу, басня гъэпсыкIэм тету тхащ. Сабийхэм нэхъ гунэс яхуищIын щхьэкIэ, тхакIуэм пэрыхьэту къигъэсэбэпащ псынщIэрыпсалъэхэр, къуажэхьхэр, псалъэжьхэр, жыIэгъуэ шэрыуэхэр. Жыпхъэ зэхуэмыдэхэм иту абы игъэпса художественнэ образхэм къызэщIэзыкъуэ къару ин ябгъэдэлъщ. Я темэкIи, я гъэпсыкIэкIи зэщхьэщыкI щхьэкIэ, пьесэхэр нэхъыбэу зытеухуар лIыгъэмрэ цIыхугъэмрэщ.

Адыгэ сабий драматургиер зыгъэбжьыфIэхэм ящыщщ едзыгъуитIу зэхэлъ «Ашэмэз и бжьэмиим и хъыбар» пьесэр. Мыбы тхакIуэм зи гугъу щищIыр ауэ сытми къызэрыгуэкI накъырэкъым, атIэ игъащIэ лъандэрэ зэпэщIэт гъащIэмрэ ажалымрэ я къарур зыхэлъ бжьамий телъыджэщ. ДжэгуакIуэ лIыжьым ар анэмэту Ашэмэз IэщIилъхьащ, нартхэ я насыпыр ихъумэну. А тыгъэ лъапIэм щIым къытехьэм алмэсты хъуж благъуэр зэпыу имыIэу йощакIуэ. ГущIэгъуи цIыхугъи зымыщIэ а къару фIыцIэр зищIысыр езым и щхьэ хужиIэж псалъэхэм

наIуэу къыхощыр: «ЦIыхужь цIыкIухэ! Фыкъыспеуэн фи гугъати! Сэ ажалыр сIэщIэлъщ! Псоми сыхуитщ! Сэ си зэфIэкIыр зыгъэиныр, сыт щыгъуи сызыщIэбэныр зыщи аращ. Сэ цIыхум и мызакъуэу, псэ зыпыту хъуар слъагъу хъуркъым, сэзыгъэлъэгъуни мы дунеишхуэм теткъым. Махуэ къэс аращ сыкъызыхущIэтаджэр, сызыхуэпсэур. ФIыуэ щыIэм срибийщ, псом хуэмыдэу цIыху цIыкIум и мурадыфIхэм» (6; н. 79).

Дунейр ишх пэтми щыз мыхъу Алмэстым акъылыфIагъэм фIэлIыкIыу зищIурэ, псори и диным къригъэхьэну яужь итщ. Ар къехъулIэн щхьэкIэ, мыхъумыщIагъэрэ фIеягъэу имылэжьрэ и щхьэ иримыпэсрэ щыIэкъым. Макъамэ дахэм итхьэкъуауэ зэхэт гупым къыздикIар ямыщIэу Алмэстыр яхэлъадэщ, щтэIэщтаблэ хъуа Ашэмэз иIыгъ бжьамийр къыIэщIипхъуэтри ежьэжащ. Ар фIэмащIэу, бжьамийм епщэри, щхьэхуимыт ищIа Сэтэней гуащэр къипхъуатэри бзэхыжащ. Лъэпкъым апхуэдэ лей къыщылъысым, Ашэмэз я пашэу нарт зауэлIхэр ялъ ящIэжыну гъуэгу теуващ. Нарт шур гъуэгуанэ техьэмэ, зыхуежьам нэмысу къигъазэ хабзэкъым. Къахуэмыубыду яIэщIэкIа Алмэсты бзаджащIэм и псэр ягъэнщ, и лъапсэм псыр ирагъэжыхьыжри, Сэтэней гуащэр ягъусэу, Ашэмэз и бжьамийр игъэбзэрабзэу я хэку къихьэжащ. Илъэс зыбжанэкIэ Налшык дэт Гуащэ театрым а пьесэм къытращIыкIа «Ашэмэз и бжьамий» спектаклыр щагъэлъэгъуащ.

Сабий драматургием зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIахэм ящыщщ адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ, УФ-м культурэмкIэ щIыхь зиIэ лэжьакIуэ Къэжэр Петр. Ар сабиипсэр зыхэзыщIэу, сабиибзэм декIуэкIыф, зыхуэтхэм и нэкIэ гъащIэм хэплъэф, ныбжьыщIэм и гупсысэкIэр къэзыубыдыф, къэзыIуэтэжыф тхакIуэщ. Къыхэгъэщыпхъэщ, Къэжэрыр «Нур» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэу илъэс 15-кIэ зэрылэжьар, абы къыщынэмыщIауэ, сабийхэм папщIэ Къэбэрдейм япэу щагъэува «Кхъужьгъэжей» оперэм и либреттэр Къэжэрым зэритхари (музыкэр Къэзэн Аслъэнджэрий ейщ, 1996 гъэ). Къэжэрым и адыгэбзэр зэрылантIэм, зэрыкупщIафIэм, ар дахэу, къезэгъыу зэригъэлэжьэфым къыхокI абы и гупсысэр тыншу тхылъеджэм и деж зэрынэсыр.

УсакIуэм и тхыгъэхэр фIым я телъхьэщ, гуапэщ, удэзыхьэхщ, узыгъэгупсысэщ, дерс къызыхэпхын защIэщ. Гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ яхэлъщ. ЦIыхум и хьэлым щытепщэн хуей щэныр игъэнахуэм имызакъуэу, абы зэрызебгъэужьыну Iэмалхэми ухуагъэIущ. Гуапэмрэ жагъуэмрэ, хьэлэлагъымрэ фэрыщIагъымрэ, фIымрэ Iеймрэ яку къыдэхъуэ «фIэгъэнапIэр», а лъэныкъуитIыр зэзэгъынкIэ Iэмал зэримыIэр купщIэ яхуэхъуащ усакIуэм и къалэмыпэм къыщIэкIа драматическэ поэмэхэмрэ пьесэхэмрэ.

Къэжэрым адыгэ Іуэрыіуатэр зэрищІасэр, и гъэпсыкІэр псэкІэ къызэрищтэр «Албэч и къуэ Бекъан», «Мэз таурыхъ», «ЩІыхьэху» пьесэхэм щынэрылъагъущ. КъыжыІэпхъэщ, усакІуэм мы пьесэхэм ипэ къихуэу абыхэм я фІэщыгъэцІэхэр яІэу драматическэ поэмэхэр зэритхар. ИужькІэ абыхэм пьесэ-таурыхъхэр къыхищІыкІыжри, зэуІуу, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм 1989 гъэм къыщыдигъэкІащ.

Теплъэгъуищу зэхэлъ «Албэч и къуэ Бекъан» пьесэм, дэтхэнэ таурыхъми хуэдэу, фІымрэ Іеймрэ щызэпэщІэтщ. Гупсысэ нэхъыщхьэу щытыр дэтхэнэми, зэрыхузэфІэкІкІэ, фІы илэжьын зэрыхуейрщ, лей зезыхьэм ар къызэрыхуэмыгъунурщ. Пьесэм хэт Къетыкъуэ пщыр апхуэдизу щхьэзыфІэфІщи, куей псом езым нэхърэ нэхъ бей зэримысыр игъэІун щхьэкІэ имыщІэн щыІэкъым. Пщы нэпсейм и пщІыхь зэпытт хым къикІ алъп шы табыныр зыІэригъэхьэну. А фІыгъуэм и хэкІыпІэу иІэр зыт – хуэш джатэ кІэщІырт. Абы ещэурэ цІыху Іэджэ текІуэдащ. А джатэ телъыджэр къэзыхьыфыну хэкум исар зылІт – Албэч хахуэт. Уд фызыжьым и чэнджэщкІэ пщыр а зекІуэлІ шхуэІуншэ шум ІущІэри елъэІуащ: «Албэч хахуэ, хы тІуащІэр зэпыбупщІым, иныжьищ-зэщищ щопсэу. Си шыпхъу закъуэ Къатин дахэр зэрадыгъурэ хъуащ гъэ псо. Сыкъежьащ сэ силъ сщІэжыну. Ныбжьэгъугъэр бгъэпэжыну нобэ уэ сыныпщогугъ. Сэ си егъу и гъуэгу соцІыху. Хы тІуащІэм уикІын папщІэ хуейщ алъп хуарэ утесын. Жэщ къэсыхукІэ къокІри хым, алъп хакІуапцІэр щохъу хы бгъуэщІым. Ахэр гъэр дэ къэтщІыфынущ. КхъэжьбанэщІ и бгъуэнщІагъыжьым шыкІэ налъэкІэ фІэлъауэ зы хуэш джатэ фІэлъщ. Хым къикІ алъпхэр къизыш хакІуэр а хуэш джатэм зэрыІуплъэу къаплъэнэфу къигъэнэнущ. Гъэр абдежми щыпхуэщІынущ. АдкІэ гуартэр ди Іэрылъхьэщ. Дгуэшыжынщи, дилъ тщІэжынщ» (7; н. 10). Сыт хуэдэ псэзэпылъхьэпІэ ІумыщІами, къимыкІуэту лІыхъужь хахуэм Къетыкъуэ пщыр зыщІэлъэІуа псори игъэзащІэри, хуэш джатэ кІэщІыр иІыгъыу алъп шы табыныр къихури къэсыжащ. Албэч къылъысын хуей Іыхьэм щІэфыгъуэжа, мылъкум щІэнэцІ пщы нэжэсым игу ирилъхьащ жейм Іуриха лІы хейр иукІыу хым хидзэжыну. Абы хэту пщым и кІэм имыкІ уд фызыжьыр къохутэри, бзаджащІэм жреІэ: «Зы алъп тепхэжи, утІыпщыж. Нихьэсу щытмэ иныжь хэкум, ахэри япІэ исыжынщ, уэри утхъэжрэ упсэууэ, уи хэкум хуиту уисыжынущ».

Къэхъуам зыри хэзымыщІыкІ бейгуэлым гурыщхъуэ къыхуимыщІын щхьэкІэ, Къетыкъуэ абы жриІащ: «Плагъуркъэ сщІэр? Сопх делэ хъуащи. Къэубыд, зы алъп хакІуэ тетпхэнщи мыр дутІыпщыжынщ. МыпхуэдэлІ делэ хъуауэ исыж хъунукъым ди хэку. Ирепсэу и лІыгъэр!». Ауэ пщІыр сыткІэ щхьэпэ, Албэч зыкъещІэжри, «сыт мыгъуэ къэхъуар? Хэт сызыпхэр? – жиІэу щеупщІым, – уэ зупхыжащ, ухъуати

делэ», – псалъэ дыджкIэ къещащ абы пщы пщIыупсыр. Албэч и лъыщIэжакIуэу бейгуэлыр къамэ къихакIэ къыщыувым, пщы бзаджэнаджэм IэщIэкIуэдащ. Ар щилъагъум, Албэч нэлат псэлъэкIэу жиIащ: «Жьыбгъэ! Зы жьуджалэ мыхъуми, си хъыбаркIэ гъэхэшэж. Бжей мэзыжь, си шы лъэужькIэ уэри зэгуэр схуэхэшэж! ПщIар Бекъан къыпщIигъэкIуэнкъым, зыгурыгъаIуэ ар, Къетыкъуэ!».

ЩIэпхъаджагъэр зылэжьа пщым псынащхьэ бжьэпэм блэкI-къыблэкIхэм ялъэгъун хуэдэу хьэдэ нэпщIыр игъэлъапIэу кхъэлэгъунэ хуищIри сынри хухитIэжащ. ЗекIуэ ежьауэ къэт адэм и лъэужьыр къэзылъыхъуэ Бекъан абдеж и атэлыкъыр къилъагъури бгъэдыхьащ. Албэч хахуэр пщIыкIэ зыгъэкIуэда пщым хьэгъэщагъэхэм хуекIуэу къаным и адэм кIуэдыжыкIэ хуэхъуар хуиIуэтэжри, хуэш джатэри иритыжащ и адэм илъ ищIэжыну. Бекъан и фIэщ хъуат пщым къыхуиIуэтар, ауэ Iуэхум и пэжыпIэр абы къыжезыIар жин хужьырт. КъызэрыщIэкIымкIэ, езы Къетыкъуэт бэлыхь псомкIи къуаншэу щытыр. Абы и нэпсеягъэм Албэч ягъэ екIащ. ЦIыхум и фэм дэмыхуэн хьэзаб ишэчу, и псэр дзапэкIэ иIыгъыу исщ ар иныжь-зэшищым я хьэпсыжь щIыIэм, нэхуи имылъагъуу, шыгъушыпсым хэту. Бекъан ар къыщищIэм, занщIэу шэсри, махуищ гъуэгур махуэм икIуу, иныжьхэм я хэщIапIэм нэсащ. Дэнэ щIыпIэ къикIыжми, лъэмыжымкIэ къагъэзэжу я хабзэти, Бекъан лъэмыж щIагъым щIэтIысхьащ иныжьхэм пэплъэу. И зэ уэгъуэм уэгъуитI пIалъэу Бекъан зэшищым я нэхъыщIэмрэ курытымрэ иукIщ, къуэ дыджым дидзэжри, лъэмыж щIагъым щIыхьэжащ, ядэр здэщыIэр зыщIэ иныжь нэхъыжьым пэплъэу. Жэщ ещанэм и нэхущым ари благъуэ шууэ къэсащ. ЩIалэм ядэр зыдэщыIэр жримыIэм я иныжь лъапсэм кIэ къызэрыхуэкIуэнур къыщыгурыIуэм, иныжьыр гужьейри, жиIащ: «Ди алъп гуартэр текIуэдати, екIэ и фэм къыдэтхыжт. Иджы выфиблым кIапсэ къыхэщIыкIи, и псэр пытмэ, хьэпсым къишыж». Псэху имыщIэу Бекъан виблыр иукIщ, абы я фэр кIапсэшхуэу зэпищIэри ядэр псэууэ хьэпсым къришыжащ. Иныжьхэм я хъугъуэфIыгъуэхэр къызэщIакъуэщ, иныжьхэм яхьа Гуащэнэ дахэр къызыщIагъури, зэдэзэкъуэр я гъуэгу къытехьэжащ.

«Албэч и къуэ Бекъан» пьесэм спектакль къытращIыкIри, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым и утыкум куэдрэ щагъэлъэгъуащ. Спектаклыр зыгъэувар Теувэж СулътIанщ, художникыр Къып Мухьэмэдщ, музыкэр зытхар ХьэIупэ ДжэбрэIилщ.

Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къадекIуэкI щIыхьэху хабзэ дахэр лъабжьэ хуэхъуащ теплъэгъуищу зэхэлъ «ЩIыхьэху» пьесэ-таурыхъым. Iуэхур щекIуэкIыр мэзыращ. Зы махуэ гуэрым ХьэрэкъуакIэ дэс Мыщэм мэзым щIэс псэущхьэхэм яхуиIуэхури Къанжэр джакIуэ иригъэжьащ хъыбар яригъэщIэну, нэху

къекIмэ щIыхьэху зэрищIыр, хэх имыщIу хами благъи зи лъэ къихь псори зэрыригъэблагъэр. Жьындур я пашэу дэлъей-дэпкIейуэ жыгей абрагъуэм и лъабжьэм джэгуу зэхэт Бажэр, Уашхэр, Бланэр, Дыгъужьыр, Цыжьбанэр, ТхьэкIумэкIыхьыр куэду щыгуфIыкIахэщ а хъыбарыфIым икIи зэгурыIуахэщ Пщагуэ и къуэ Мыщэ пщэху деж хьэщIапIэ кIуэну. ЩIыхьэхур зищIысыр зымыщIэ Бажэм ар фохэкI шхыныгъуэ гурыхь бэлыхьлажьэ гуэру игугъэри, япэ зригъэщу Мыщэм и деж нэсыну игу ирилъхьэри, гъусэ здищIыну Уашхэм жриIащ:

– Щэрэ минрэ садэджэгуми,
Садисыну зы Iэнэгум
СыткIэ сэ сыхуей Жьындум?
ЗигъэIущми, дамэдущ.
Щхъуэжьи – Iухи, тепIэ банэ!
Слъагъу мыхъуххэращ Цыжьбанэр.
И тхьэкIумэр кIыхьрэ-кIыхьу,
Сыт пхуэхъун ТхьэкIумэкIыхьыр?!
Бланэр – дахэщ. Еплъи пэт!
Ещхьыркъабзэу сщIынщ сурэт.
Сыт сурэтым къыпыкIынур?
ЗырикI! Аращ къыпыкIынур.
СиIэр сэ уэ зырщ ныбжьэгъуу,
Ухэзнынкъым си гущIэгъуи.
Зыхуейм къысхурещI гукъанэ,
НакIуэ, хэдгъэгъэщI гъуэгуанэм. (7; н. 66)

Ныбжьэгъухэм епщIыжар фIым хуэзэнт. Зи псэ къабзэ псори зезыгъакIуэ гъуэгущхьиблым и хъумакIуэм ахэр ФэндыкъуакIэ къыщигъэхутахэщ. Я насыпти, Гъуэгуанэ-гуащэм Уашхэ фIэпсэкIуэд хъури къуэнэф дыджым къыдихыжри, ХьэрэкъуакIэ зышэ лъагъуэм тригъэхьэжащ. АпщIондэху щIыхьэхум къеблагъа зэныбжьэгъухэр, Къанжэри яхэтыжу, Мыщэм и тэхъуанэр хузэтралъхьэри йоужьэрэкI. Бланэр сурэтыщIу, Жьындур пхъащIэу, Цыжьбанэр гъукIэу, Дыгъужьыр лэгъупэжьу. КъызрихьэлIар къагурымыIуэу Бажэмрэ Уашхэмрэ лъэныкъуэегъэз защIыну щыхуежьэм, гуп зэхэтым ахэр къалъэгъуащ. ЗагъэщэныфIэу къэувыжа бзаджащIэхэм заригъэщIыхужыну Дыгъужь лэгъупэжьым ахэр псынэм егъакIуэр псы пэгунищэ къахьыну. ИкIэм-икIэжым псори зэфI хъужауэ, ящIа унэм щыгуфыкIыжу, щIыхьэху шхыныр IэфIу зэдашхри щхьэж и унэ екIуэлIэжащ.

«Мэз таурыхъ» пьесэми «Iуэху щызезыхьэ» псори мэз псэущхьэщ. Апхуэдэу щытми, ар ехьэлIащ цIыху зэхуэмыдэхэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэм. Ди нобэрей гъащIэм и сурэту фIэкIа умыщIэну гъэщIэгъуэну гъэпса хъуащ мыбы и сюжетыр. Пьесэм

хэт Бажэр, Дыгъужьыр, Кхъуэныжь сымэ, гуп зэрыгъэхъуауэ, риелтер унажэ ящIу Мыщэм и гъуэр къытрахыну яужь итщ. Гурыщхъуэ гуэр яхуимыщIын щхьэкIэ, Мыщэм и фIыщIэ хъыбарегъащIэу мэзыр къэзылъэтыхь Къанжэм жиIэу зэхахати, хуэлIыщIэну къыхуэкIуауэ пщIы яупсащ. Арати, Кхъуэныжь щIыдэ къыхуитIыну, Щхъуэжьым лыщIэ хуигъэщыну, Бажэм тхьэрыкъуэфкIэ гъэмахуэ псом жьы щIригъэхуу бгъэдэсыну Мыщэр къагъэгугъащ. А псом щхьэкIэ лIыщIапщIэу зыхуейри зыт – я гугъу мэзым къэзыщIым Мыщэм яхуимыгъэгъуну закъуэт. ХьэрэмэIуащхьэ щIым тетыхукIэ я зэфIэкI емыблэжу, и унафэр я унафэу, щакIуэ кIуэмэ, ар я тхьэмадэу, къагъуэт псори я зэхуэдэу, псалъэ ятым емыпцIыжыну Тхьэ хуаIуащ.

Псори зи фIэщыпэ хъуа Мыщэм пэшэгъу ищIа «лIыщIэхэм» и гъуэри яригъэлъэгъуащ, и куейри яригъэцIыхуащ. Зы махуэ гуэрым къуиблыр щIащыкIауэ, ярикъуни къащэкIуауэ, я щIыналъэм къихьэж пэтрэ, жыг щIагъым щIэту зы чеишхуэ плIыми къызэдагъуэтащ. Мыщэм и плIэм чейр иралъхьэри, щыри къепщIэкIауэ, дуней гуфIэгъуэр яIэу, зэрызехьэу къэсыжащ. Илъыр къахуэмыщIэу ахэр тэлайкIэ зэдэуащ щхьэж и фIэфI къриIуэу – Мыщэм – фоуэ, Бажэм – джэдылу, Дыгъужьым – мэлылу, Кхъуэныжьым – мышхумпIэу, ауэ чейм илъыр тхъууэ къыщIэкIащ. Зи щхьэ траха чейм псори ежащ тхъур ягъэмэрэкIуэну. Бгъэдыхьэпlэ зрамыта Бажэм ар игу техуэнт, псоми егиящ:

– Япэрауэ, мы тхъур зейр
Хэтми сытми зы хэтщIыкIкъым.
Ар зыгуэрмэ…
ЗэхэфщIыкIкъэ
КъыдищIэнкIэ хъуну псор!?
ЗэгъуэкI щIыпIэ щыдгъэпщкIунщ.
МахуитI-щы дызэIуплъынщ.
АпщIондэху лъэужь къамыхум,
Тхъур хьэлэлщи,
Гъэ шхыныгъуэщ
Дыщытхъэжри абы щыгъуэщ… (7; н. 24)

Чейр ягъэпщкIури, щхьэж и занщIэу гъуэлъыжахэщ, нэху къэкIмэ гъуэгуанэ теувэну. Ауэ тхъу кIадэм изакъуэу хэшхыкIыну зигу изылъхьа Бажэм нэхущым сымаджэ нэпцI зищIри, и лъэр щIэхуу, и гур пыхуу, и нэм пшагъуэу фIэкI имылъагъуу, щхьэуназэу, и щхьэм боз иришэкIауэ и ныбжьэгъухэм закъригъэлъэгъуащ. Сыт ящIэжынт, сымаджэр лэгъупэжьу къагъанэри, ежьахэщ. ХъуакIуэ-щакIуэ текIа гупыр зэрыдэкIыу, Бажэр занщIэу къэхъужащ икIи зимыIэжьэу и «тхъу» Iуэхум еувэлIащ. Абы хэту Бажэм деж

хьэщIэу къыхуэкIуахэщ ТхьэкIумэкIыхьыр, и ныбжьэгъухэр игъусэжу, – Бланэр, Уашхэр, Цыжьбанэр, КIэпхъ цIыкIу сымэ. Чейр къагъэсри, тхъущIэж джэгур яублащ. Япэрауэ, тхъу чейм «ЩхьэIууд» фIащри, загъэнщIыху яшхащ. ЩхьэIууд къудейкIэ зэфIэмыкIыу «Бгыигъауэм» хуэкIуахэщ. Яшхым хуэдиз хэщIыжу «ЛъащIэбзейм» щынэсым, чейм зыри имылъыжу псори яшхауэ къыщIэкIащ. Абы ирихьэлIэу щакIуэ щыIахэри къэсыжахэщ. Тхъур зышха гупыр гужьеяуэ чейр къапхъуатэри, здэщытам деж хагъэпщкIуэжри, зыми къамылъагъуу псынщIэу загъэбзэхыжащ. Бажэри и щхьэм бозыр иришэкIыжри, пIащIэу лъэныкъуэ зригъэзащ. Мэз дэгужьыр щIащыкIауэ, къуибли псибли запачауэ, IэнэщIу, я лъэр щIэщIэу, ягур хэщIу къэкIуэжа Мыщэр, Дыгъужьыр, Кхъуэныжь сымэ лэгъупэжьу къагъэна Бажэр щамылъагъум зэгуэпахэщ. ЗдекIуалIэжа пщыIэм шхын дзакъэгъуэ щамыгъуэтым, чейм илъ тхъур яшхыну мурад ящIащ, ауэ я ныбэм хуэдабзэу тхъу кIадэри нэщIыпсу къыщIэкIащ. Iуэхур зэрышхыжыным нэсауэ, Бажэ къыкъуэкIыжам и гур къызэрыгъуэтыжри, жиIащ:

– Мы дыгъафIэм дыщыгъуэлърэ,
МащIэ-куэдми, дывгъэжейм,
Тхъур зышхам и Iупэр занщIэу
КъищIынщ дыгъэм дагъэзащIэ. (7; н. 45)

Хьилагъэ ныбэу къалъхуа Бажэм и пыхъуэпышэхэм зэрыпыкIын Iэмал дэгъуэ къыгъуэтащ. И щхьэм иришэкIыжа бозыр чей тхъузащIэм ирикухьри, щэху дыдэу жей IэфIым Iуриха Мыщэм, Дыгъужьым, Кхъуэныжь сымэ я Iупэхэр ирицIэлэкIащ. Мыдыгъур дыгъуу къыщIригъэдзри щыри зэбгрихуащ. Хамэхьэр къихьэри унэхьэр ирихуащ жыхуаIэу, Мыщэм и гъуэри зыIэригъэхьащ.

ИщхьэкIэ дызытепсэлъыхьа пьесищри зэуIуу «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Албэч и къуэ Бекъан» фIэщыгъэцIэр иIэу, Налшык 1989 гъэм къыщыдэкIащ.

Теплъэгъуищу зэхэлъ «Дыгъужь кIэн» (2004) пьесэри зытеухуар мэз псэущхьэхэращ. Мы тхыгъэр зи IэдакъэщIэкIыр адыгэ композитор цIэрыIуэ Жырыкъ Заурщ. Пьесэм лъабжьэ хуэхъуар «Аслъэн сымаджэ» таурыхъым и сюжетыращ. ЩIагъыбзэр къигъэсэбэпурэ мэз щIагъым щыпсэу хьэкIэкхъуэкIэхэм я образ зэхуэмыдэхэмкIэ абы къигъэлъэгъуащ нобэрей цIыху зэхэтыкIэм и нэщэнэхэр. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, мэз «жылагъуэм» и хъыбарегъащIэ-бзэгузехьэ Къанжэр. Ар дэтхэнэ зи хьэмтетыгъуэми и Iужажэщ. Езым зэрыжиIащи, «мис сэ схуэдэхэращ фэ мыхьэнэншэхэмрэ зи къару илъыгъуэхэмрэ зэтезыIыгъэр. Фи зэхуакум мафIэ-лыгъей дэздзэнуми, мамырыгъэ дэзгъэлъынуми сэращ хуитыр. Ауэ

фыкъысщошынэри, – фыкъызодаIуэ, фыкъызодаIуэри, – хуиту фызогъэпсэу. Къару зыбгъэдэлъхэмрэ шынэкъэрабгъэхэмрэ дунейм тетыхукIэ сэри зы пщIэ гуэр сиIэу дунейм сытетынщ» (8; н. 87). Абы ишхыр и дзажэ дыхьэркъым зыгуэр зэримыуштмэ. Нэху зэрыщрэ Къанжэр маджэ мэзыпщыр сымаджэ зэрыхъуар псоми яригъащIэу.

Аслъэныжьыр хуабжьу лъэщти, мэзым щIэс псэущхьэхэм мэзыпщым щIэпщакIуэ хуащIыну зэгурыIуахэщ. Шыр цIыкIуитхум я анэ Бажэмрэ зи къару имылъыж, тIорысэжь хъуа Дыгъужь ныбаджэмрэ фIэкI къэмынэу адрейхэр щхьэж хузэфIэкI къыздащтэри зэдежьахэщ, «хэт щыхь куцI, хэт фо цIынэ, хэт гъэжьауэ адэжынэ, хэт джэдыкIэ, хэт бэджынэ» иIыгъыу. Махуищ хъуауэ и джийм зы емыхауэ, и кIэтIийхэр зэрызешэурэ зэрышхыжыным нэса Дыгъужьым къигупсысынур имыщIэу здэщытым Бажэр къилъэгъуащ, тхьэкIумэкIыхьитIрэ зы къурэ иIыгъыу. КъищэкIуар ибжыжу бэлэрыгъауэ щыс Бажэм и щIыбагъымкIэ Дыгъужь мэжалIэр зыIурыбзаеурэ къыбгъэдыхьэри залымыгъэкIэ игъэшынэри тхьэкIумэкIыхьитIыр къытрихри жиIащ: «ЗгъэпщIащ, тIэкIуи тыншыIуэу къысIэрымыхьам мы тхьэкIумэкIыхьитIыр. Си кIэн къикIащ!». Ар щызэхихым, Бажэм Дыгъужь хъунщIакIуэм кIэлъидзыжащ: «Еуэ, Щхъуэжь, еуэ! Зэ умыпIащIэ, сэ си щхьэр щхьэжмэ, кIэн къызэрикI уэзгъэлъэгъуну укъызогъэгугъэ. КъызэпщIар пхуэзгъэгъум, сэ пщIыупс сыхъунщ» (8; н. 91). Аращ пьесэм и «Дыгъужь кIэн» фIэщыгъэцIэри къызыхэкIар. Аслъэн сымаджэм зэрыкIуэдыкIын гукъанэ къыхуимыщIын щхьэкIэ, Дыгъужьым абы бзэгу хуихьащ, Бажэр щIэупщIакIуэ къызэрымыкIуар. Зи цIэ ираIуэ бжэщхьэIум тесщ жыхуаIэм ярейуэ, Iэмалищэ зыщIэ Бажэр къэсащ. Псоми я жьэр яущIауэ, ауэ зыгуэр жаIэн хунэмысауэ, Бажэм щIидзащ псэлъэн: «А, си псэр зышхын! А, си пщы дахэшхуэ мыгъуэ! Зиусхьэныр сымаджэу щызэхэсхым, нышэдибэ сежьащ, мэз псор къызэхэскIухьри, Iэзэпщыр къэзгъуэтащ. Уи хущхъуэгъуэри жезгъэIащ. Аслъэныр къру лэпс дыгъужь кIэн хэлъу ефэмэ, хъужынущ, жиIати, мы къру къыпхуэсхьар къысхуэмыубыдурэ зыкъомрэ селIэлIати аращ сыкъыщIэгувари. Иджы нэгъуэщI щIыпIэ дыгъужь кIэн дыщымылъыхъуэжу мы Щхъуэжьым и кIэныр хэтхынщи зэфIэкIащ». Ар щызэхахым, хьэкIэкхъуэкIэхэр, Бажэр я пашэу, Дыгъужьым зрадзри и лъакъуэ сэмэгум хэлъ кIэныр къыхаIуэнтIыкIри, дыгъужь лъакъуищу къагъэнащ. Псоми яужэгъуа Аслъэн ябгэри лэпс къэкъуалъэм ефэри абы илIыкIащ. ЕтIуанэ махуэм мывэм къыхэIущIыкIауэ мэз лъапэм деж щыта и фэеплъ сурэтри къытраудыжащ. Къанжэми и фэрыщI джэдыгур къызэридзэкIри, дунейм гуузу ехыжа мэзыпщым бзаджэу хужимыIар укIуэдыж.

Сабийхэм гукъыдэж къахуэзыхь, зыгъэгупсысэ, гъэсэныгъэ тэмэм езыгъэгъуэт пьесэ цIыкIу зыбжанэ «Нур» журналым къытригъэдзауэ щытащ адыгэ тхакIуэ, драматург цIэрыIуэ Журт Биберд. Апхуэдэхэщ «Дзыгъуэ цIыкIуитIым я хъыбарыр», «Адэкъэжьым и хьилагъэр», «ДыгъужьитIым я хьилагъэр», «Сыт нэхъ IэфI», «Адакъэм и лIыгъэр», нэгъуэщIхэри. Адыгэ хъыбарым къытрищIыкIри зы едзыгъуэу зэхэлъ «ШейтIан джэгу» пьесэ цIыкIур «Нур» журналым еджэхэм щхьэкIэ итхауэ щытащ усакIуэ Тхьэзэплъ Хьэсэни (1993).

Жанр зэмылIэужьыгъуэ куэдым зезыпщыт тхакIуэ Лыкъуэжь Нелли и Iэдакъэ къыщIэкIащ сабийхэм я зэхэщIыкIым, художественнэ гупсысэкIэм, анэдэлъхубзэм зезыгъэужь «Жьымрэ жьуджалэмрэ» псысэ-пьесэр, адыгэбзэкIи урысыбзэкIи тхауэ (2007). Мы тхыгъэ цIыкIум ущрохьэлIэ художественнэ образ гъэщIэгъуэн куэдым. ЦIыхухэм ялъагъуу зэсахэм къинэмыщIа пьесэм хэтщ Зэманым, Жьыбгъэм, Дыгъэм, МафIэм, ЩIыгу-нанэм, Уэгу-дадэм я образхэр. Тхыгъэр къулейщ адыгэ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ къебжэкI, джэгу зэхэшэ-хъуромэ, зэрыбжэ усэ, щIопщIакIуэ, сабий гъэджэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ. «Жьымрэ жьуджалэмрэ» пьесэм спектакль къытращIыкIри ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэлъэгъуащ, УФ-м щIыхь зиIэ артисткэ ЖьэкIэмыхъу КIунэ игъэуваузэ.

«Пхъэм и пшыналъэ» (2010) пьесэри зи IэдакъэщIэкIыр Лыкъуэжь Неллищ. Пьесэм тегъэщIапIэ хуэхъуар адыгэ IуэрыIуатэрщ, таурыхъ щIыкIэу гъэпсащ. Мыбы хэтхэщ Лъэпщ, Тхьэгурымагъуэ, Мэзгуащэ, Жыгтуащэ, Жьынду-еджагъэшхуэ, ТхьэIухудхэр, нэгъуэщI персонажхэри. Пьесэм Iэзэу хэухуэна хъуащ адыгэ псалъэжьхэр, къуажэхьхэр, псалъэ шэрыуэхэр, псынщIэрыпсалъэхэр, ущиехэр. Адыгэ дуней еплъыкIэр лъабжьэ зыхуэхъуа «Пхъэм и пшыналъэ» пьесэм мыхьэнэшхуэ иIэщ сабий ныбжьыщIэхэр гъэсэнымкIэ, щIэныгъэ ягъэгъуэтынымкIэ. Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и режиссер къудамэм щеджэ Тхьэгъэпсэу Нартщауэ «Пхъэм и пшыналъэ» пьесэм спектакль къытрищIыкIри Налшык дэт «Эрудит» сабий гъэсапIэм и «ЩIалэгъуэ» театр студием щигъэлъэгъуащ.

Иджырей сабий драматургием и лъэныкъуэ псори гугъущ мыпхуэдэ тхыгъэм къыщызэщIэпкъуэну, ар нэхъ щыпхузэфIэкIынур монографие щIэныгъэ къэхутэныгъэхэрщ. Ауэ абы и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр, и нобэрей щытыкIэр къэдгъэлъэгъуэну яужь диташ. Пьесэхэр мащIэми, я мыхьэнэр къыпхуэмылъытэну инщ. Абыхэм я нэхъыфIхэм наIуэ къыпщащI ди тхакIуэхэм драмэ жанрыр IэкIуэлъакIуэу къызэрагъэIурыщIэфыр. Зыхуэгъэзар сабийуэ зэрыщытым къыхэкIкIэ, пьесэхэм гъэсэныгъэ-ущиинымгъэ мыхьэнэ ин

хэлъщ. Сабийхэм нэхъ гунэс хуэхъун щхьэкIэ, абыхэм пэрыхьэту къыщыгъэсэбэпащ бзэм и дахагъэмрэ и IэфIымрэ зыхозыгъащIэ псынщIэрыпсалъэхэр, къуажэхьхэр, псалъэжьхэр, жыIэгъуэ шэрыуэхэр.

Адыгэ сабий драматургием тегъэщIапIэ хуэхъуащ лIыхъужьыгъэкIэ гъэнщIа нарт эпосыр, зэмылIэужьыгъуэу зэхэлъ адыгэ IуэрыIуатэр. Я темэкIи, я гъэпсыкIэкIи зэщхьэщыкI щхьэкIэ, пьесэхэр нэхъыбэу зытеухуар лIыгъэмрэ цIыхугъэмрэщ. Адыгэ IуэрыIуатэр фIыуэ хуэгъэпсащ таурыхъхэм, шыпсэхэм, хъыбархэм. Аращ къызыхэкIар сабий драматургием и пьесэхэм я нэхъыбэр таурыхъ жыпхъэм, гъэпсыкIэм тету щIыщытыр. Зытепсэлъыхь Iуэхугъуэхэм елъытауэ ахэр гупищу зэщхьэщокI:

1. Нарт эпосым хэт лIыхъужьхэм теухуа хъыбархэр лъабжьэ зыхуэхъуа пьесэхэр: IутIыж Б. и «Нартхэ я дыгъэр»; Жылэтеж С. и «Ашэмэз и бжьамийм и хъыбарыр», «Нартхэ я дыщэ жыгыр»;

2. Пьесэ-таурыхъхэр: Акъсырэ З. и «Дахэнагъуэ», «Щхьэхуеуэ пшынэ»; Дэбагъуэ М. и «Iэпхъуалъэ телъыджэ», «Иныжьым и нэ», «ГъущIыпсэ»; Къэжэр П. и «Албэч и къуэ Бекъан»»; Лыкъуэжь Н. и «Жьымрэ жьуджалэмрэ»; Тут Т. и «Благъуэр къыщыджэм»; Щхьэгъэпсо М. и «Мыщэ и къуэ Батыр» пьесэхэр;

3. ХьэкIэкхъуэкIэмрэ, мэз псэущхьэхэм ятеухуахэр: Жылэтеж С. и «ХьэкIэкхъуэкIэ хасэ»; Къэжэр П. и «Мэз таурыхъ», «ЩIыхьэху»; Къэрмокъуэ Хь. и «Бажэ пшынэ»; Жырыкъ З. и «Дыгъужь кIэн»; Тут Т. и «Мэз псысэ» пьесэхэр.

Иужьрей пьесэ гупым нэхъ щытепщэр бажэмрэ дыгъужьымрэщ, мыщэмрэ кхъуэпIащэмрэщ. «УщыуэнкIэ умышынэу жыпIэ хъунущ, хьэкIэкхъуэкIэхэм щIагъыбзэкIэ къаIуатэр цIыхухэм я щытыкIэр, яхэлъ хьэл-щэнхэр, я зэхуаку къыдэхъуэ Iуэхугъуэхэрауэ. Мыбы щызэпэщIэувэр хьэлэлымрэ хьэрэмымрэщ, бзаджэмрэ Iэсэмрэщ, пэжым и телъхьэмрэ пцIы зезыхьэмрэщ. А хьэл-щэнхэр къэзыIуатэри езы хьэкIэкхъуэкIэхэрщ. Абыхэм зэхуаIэ щытыкIэхэм щIагъыбзэу зыкъаIуатэ» (13; н. 15).

Пьесэхэм ущриплъэкIэ, гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым ди лъэпкъым и блэкIар, и нобэрей гъащIэр, и къэкIуэнур абыхэм зэрыщызэпыщIар. Ди лъэпкъ сабий драматургиер нэхъ къулей, лъэрыхь ящI, япэкIэ ягъэкIуатэ «Нур» журналым, Налшык щIэрыщIэу къыщызэIуахыжа НыбжьыщIэхэм я театрым (ТЮЗ-м), куэдкIэ дызыщыгугъ Гуащэ театрым.

ЕIуэлIапхъэхэр

1. Акъсырэ Залымхъан. Щхьэхуеуэ пшынэ: IуэрыIуатэхэм щыщ Iуэхугъуищу зэхэлъ драматическэ поэмэ // Акъсырэ З. Дахэнагъуэ: Пьесэхэр. Налшык: Эльбрус, 1991.

2. Абдокъуэ М., Дэбагъуэ М. Iэпхъуалъэ телъыджэ: едзыгъуищу зэхэлъ пьесэ // Абдокъуэ М., Дэбагъуэ М. Iэпхъуалъэ телъыджэ. Пьесэхэр. Черкесск: Ставрополь тхылъ тедзапIэ, 1987.

3. Дэбагъуэ Мухьэмэд. Иныжьым и нэр: едзыгъуищрэ теплъэгъуищу зэхэлъ таурыхъ-пьесэ // Дэбагъуэ М. ФIы зыщIэ щIегъуэжкъым: пьесэхэр, рассказхэр, миниатюрэхэр. Черкесск: Ставрополь тхылъ тедзапIэ, 1991.

4. Дэбагъуэ Мухьэмэд. ГъущIыпсэ: едзыгъуитIрэ теплъэгъуитIу зэхэлъ таурыхъ-пьесэ // Дэбагъуэ М. ФIы зыщIэ щIегъуэжкъым. Черкесск, 1991.

5. IутIыж Борис. Нартхэ я дыгъэ: прологрэ теплъэгъуитIу зэхэлъ драмэ-поэмэ // IутIыж Борис. Тхыгъэхэр. Налшык: Эльбрус, 2000.

6. Жылэтеж Сэлэдин. Мазэм ит мэлыхъуэ: рассказхэр, усэхэр, пьесэхэр. Налшык: Эльбрус, 1996.

7. Къэжэр Петр. Албэч и къуэ Бекъан: Пьесэхэр. Налшык: Эльбрус, 1989.

8. Жырыкъ Заур. Дыгъужь кIэн: теплъэгъуищу зэхэлъ пьесэ кIэщI. Еплъ: «Iуащхьэмахуэ» журнал, 2004, № 1, н. 86–103.

9. Журт Биберд. Вагъуэбж. «Нур» журналым япэ илъэсипщIым къытехуа тхыгъэ нэхъыфIхэр. Налшык: Эльбрус, 1994.

10. Къэрмокъуэ Хьэмид. Бажэ пшынэ: сабийхэм папщIэ. Налшык: «Эльбрус», 1971.

11. Къэрмокъуэ Хьэмид. Тхыгъэхэр: рассказхэр, таурыхъхэр, пьесэхэр. Налшык: Эльбрус, 1997.

12. Лыкъуэжь Нелли. Жьымрэ Жьуджалэмрэ: таурыхъпьесэ. Нальчик: Издательство М.и В. Котляровых, 2007.

13. Къэбэрдей литературэм и тхыдэм теухуа очеркхэр. Налшык: Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэ, 1965.

14. Нало Заур. Таурыхъищэ. Налшык: Эльбрус, 1992.

15. Налшык М. Таурыхъым и бзэкIэ // Ленин гъуэгу, 1991, мазаем и 7-м.

ГУШЫІЭ, АУАН ЖАНРХЭР

ЗанщІэу къыжыІэпхъэщ, лъэпкъ литературэ щІэныгъэми критикэми арэзы укъищІын хуэдэу ауанымрэ гушыІэмрэ къахутауэ зэрыщымытыр. Абы и щхьэусыгъуэу къэплъытэ хъунущ а жанритІым я гъунапкъэхэр зэхэгъэкІыгъуейуэ зэрыщытри. Къэтхьынти гушыІэмрэ (юмор) ауанымрэ (сатирэ) ІутІыж Борис зэрызэхигъэкІауэ щыта усэ сатириплІыр:

ГушыІэр – цІыхум и гъуэгу гъуэмылапхъэщ.
Ауаныр – ар гъащІэм и пщІантІэ жыхапхъэщ.
ГушыІэм къыредз ди гъуэгуанэм пкІэлъей.
Ауаным епхъэнкІ, егъэкъабзэ дунейр [1].

ГушыІэмрэ ауанымрэ гъащІэм щаІэ къалэным теухуауэ адыгэ усакІуэшхуэм жиІам зыгуэр дэщІыгъугъуейщ, ауэ щІэныгъэр и лъабжьэу зэхэгъэкІын хуейуэ къонэ а жанрхэм лъэпкъ литературэм щаубыд увыпІэмрэ ягъуэта зыужьыныгъэмрэ.

Сыт хуэдэ лъэпкъми и гъащІэм убгъуауэ хэтщ гушыІэр. Адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадогъуэгурыкІуэ «гушыІэр тхьэм и щІасэщ» псалъэжьыр. ГушыІэрэ ауанкІэ гъэнщІащ дунейпсо литературэр. ГушыІэр шыгъум ебгъапщэ хъунущ, ар хэмылъмэ, сыт хуэдэ шхынри гурымыхь мэхъу. Шыгъу папщІэу гушыІэр хэпхъащ тхыгъэ куэд дыдэм, ауэ ар зи темэ нэхъыщхьэхэри мащІэкъым. Апхуэдэхэм я фІыгъэкІэ жанр щхьэхуэу литературэм и теорием хыхьащ гушыІэмрэ ауанымрэ.

Мыхэр жанр щхьэхуэу къэзылъытэ теоретикхэр мащІэщ. Псалъэм папщІэ, литературэм ехьэлІа терминхэр зэрыт псалъалъэхэу курыт еджапІэм папщІэ къыдэкІахэм «юмор», «сатирэ» терминхэр щхьэхуэу иткъым, ахэр «комическое» зыфІаща гурыІуэгъуэм хэухуэна пкъыгъуэущ къызэрыкІуэр [2]. Энциклопедиехэм итхэри щызэтемыхуэ урохьэлІэ, тхылъ тІощІ хъууэ къыдэкІа «Новая иллюстрированная энциклопедия» тхылъми къыщыхьащ гушыІэр комическэм и зы пкъыгъуэу. Мыбы и купщІэр епхащ дыхьэшхэныр къэгъэлъэгъуэным. Іуэхугъуэ дыхьэшхэн къызэхъулІам жызыІэжыр «хуогузавэ», «зыхещІыкІ» [3].

«Юмор» («humour» – инджылызыбзэкІэ) псалъэр бзэ куэдым хыхьащ, апхуэдэу щытми, «гушыІэ» адыгэ псалъэр абы пошачэ, къикІ мыхьэнэми пэгъунэгъущ, дыщыпсалъэм и мызакъуэу, щІэныгъэм дежи къэгъэсэбэпын хуейуэ къыдолъытэ. «Сатирэ» псалъэр нэхъ жьыщ, ар нобэ дунейм темытыж латиныбзэм къыхэкІащ. Сатирэм пэуву къэбгъэсэбэп

хъунущ «ауан» псалъэр, ауэ сатирэм къикI мыхьэнэ псори къиIуэтэфыну къыщIэкIынукъым абы. Сатирэр «античнэ» зыфIаща литературэм хэтщ драматургием и зы жанру.

ГушыIэр гъащIэми литературэми куэдкIэ щынэхъыбэщ, ауаным елъытауэ. Ари гурыIуэгъуэщ, сыту жыпIэмэ иужьрейм уигъэдыхьэшх къудейкъым, атIэ уегъэгубжь, уегъэпIейтей, ныкъусаныгъэ зытеухуа цIыхур, жылагъуэр зыгъэгузэвэн Iуэхугъуэу щыт и хабзэщ.

Эстетикэ щIэныгъэм къихутэхэм хэтщ «комическэ» категориер. Ар дыдэм и зы Iыхьэу хоувэ гушыIэмрэ ауанымрэ. ЩIэныгъэлI Ю. Борев зэритхымкIэ, гушыIэмрэ ауанымрэ «комизмэм» и лъэныкъуэ зырызщ. ГушыIэр цIыхум и хьэлщэным хэлъ ныкъусаныгъэхэм е и IуэхущIафэ, щыуагъэ гуэрхэм тещIыхьащ, икIи хэкъузауэ ар иубыркъым, атIэ, гуапагъэ гуэри хэлъу, щодыхьэшхыр. Ауаным нэхъ хэкъузауэ къегъэлъагъуэ гъэкIуэдын хуей мыхъумыщIагъэхэр, напэмрэ цIыхугъэмрэ къемызэгъхэр[4]. Адыгэ псалъэжь щыIэщ, «ауаныр сыт щыгъуи гушыIэм и щIыбым къыдэтщ» жиIэу. Мыри щыхьэт тохъуэ ауаныр нэхъ «ткIыбжьу» зэрыщытым.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, литературэм пкъыгъуищ иIэщ (урысыбзэкIэ «род»): эпос, лирикэ, драмэ. Апхуэдэ гуэшыкIэр литературэ щIэныгъэм къыдокIуэкI Аристотель и зэман лъандэрэ. Мы щым иджыри зы еплIанэу гуигъэувэну хэт щIэныгъэлIхэми урохьэлIэ иужьрей лIэщIыгъуэм. Ар епхащ зи гугъу тщIы гушыIэмрэ ауанымрэ. Пасэрей (античнэ) литературэм ауаныр жанр щхьэхуэу хэтащ, иджы дыхьэшхэным ехьэлIауэ ар пкъыгъуэ хэха хъууэ къелъытэ урыс щIэныгъэлI Бондарев Юрий. Абы и «Комическое» тхылъым, 1970 гъэм къыдэкIам, хигъэхьащ Iыхьэ щхьэхуэ – «Ауаныр литературэм и зы пкъыгъуэу щыткIэрэ» («Сатира как род литературы»)[5]. Боревым тегъэщIапIэ ищIыр Белинский В.И. и псалъэхэрщ: «… ауаныр сыт щыгъуи адрей литературэ пкъыгъуэхэм я Iэпэгъуу щытащ»[6]. Мы псалъэхэм щIэныгъэлIым кърехыр Белинскэм ауаныр пкъыгъуэ щхьэхуэу къилъытэу щытауэ. Абы и пэжагъым шэч къытрыуегъэхьэ Виссарион Григорьевич и лэжьыгъэ псоми къыщигъэсэбэпа литературэ пкъыгъуэхэр белджылыуэ зытетар лирикэр, эпосыр, драмэр арауэ зэрыщытым. Ауэ абыхэм ауаныр гъусэ яхуищIыртэкъым. Бондарев Юрий литературэм и теорием елэжьа, еджапIэ нэхъыщхьэхэм папщIэ учебникхэр зытха Тимофеев Леонид и гупсысэхэри тегъэщIапIэ ещI. Къэтхьынщ ар: «Ауаныр къыщыкIуэнкIэ мэхъу лирикэми, эпосми, драмэми. Апхуэдэу щытми, ар езыр литературэ пкъыгъуэ щхьэхуэ хуэдэу увынкIи мэхъу, типизацэм и зы Iэмал хъууэ, егъэлеинымрэ гъэинынымрэ и лъабжьэу»[7]. Мыбдежым Ю. Бондаревым зыщхьэдигъэIухащ Тимофеевым жиIа «хуэдэу увынкIи мэхъу» псалъэхэм шэч

къытрихьэ мыхьэнэ зэраІэм, хуэгъэфэщэныгъэ зэрыхэлъым. Ауэ Бондаревми щІихъумэркъым ауаныр литературэ пкъыгъуэ щхьэхуэу къыщІамылъытэни щхьэусыгъуэ мымащІэ зэрыщыІэри.

Литературэм илъэс мин бжыгъэ хъуауэ зеужь. Нэрылъагъущ иужьрей лІэщІыгъуэхэм жанрхэмрэ пкъыгъуэхэмрэ яку дэлъ гъунапкъэхэр «зэпрыкІыгъуафІэ» зэрыхъуари. Псалъэм папщІэ, лирикэр убгъуауэ хохьэ эпосми, драмэми. ГушыІэмрэ ауанымрэ литературэ жанрхэм я системэм тебгъэувэнри Іуэху гугъущ, ахэр, къызэрыхэдгъэщащи, жанр псоми къыщагъэсэбэп. Апхуэдэу щытми, гушыІэмрэ ауанымрэ щытепщэ жанрхэри щыІэщ. Аращ щІатхыр «ГушыІэ рассказ», «ГушыІэ повесть», «ГушыІэ пьесэ» (комедие), «ГушыІэ усэ», н.къ. Абы къинэмыщІауэ, «зыми дэмыгуашэу» гушыІэмрэ ауанымрэ я Іэщэ дыдэщ басня, эпиграммэ, пародие, памфлет, фельетон жыхуэтІэхэр.

Литературэр къыгуэхыпІэ имыІэу епхащ гъащІэм, тхыдэм. Псалъэм папщІэ, Аристотель щыпсэуа зэманым искусствэм гъащІэр къызэригъэлъагъуэу щытамрэ нобэрей тхакІуэхэм я еплъыкІэмрэ зихъуэжащ. Литературэм и пкъыгъуищыр – эпосыр, лирикэр, драмэр – къызэтенами, абы я зэхущытыкІэр, щхьэж къылъыса жанр Іэрамэр пасэ зэманым куэдкІэ ещхьыжкъым. Жанрхэм, абыхэм я системэм нэхъ псынщІэу захъуэж, литературэ пкъыгъуэхэм елъытауэ. Абы къыхэкІыу гушыІэмрэ ауанымрэ я къудамэр литературэ жыгым къыкъуэжауэ, ари щхьэхуэу дэкІеину зэрыхэтыр зыукъуэдий щІэныгъэлІхэм жаІэми пэж хэлъу къэлъытапхъэщ. Ауэ зэкІэ литературэ щІэныгъэм игъэдурысыр эпос, лирикэ, драмэ пкъыгъуэхэм я хабзэу къэгъуэгурыкІуэхэрщ.

ГушыІэмрэ ауанымрэ лъэпкъ литературэхэм зэхуэдэу зыщаужьакъым. Жанрхэм я Іуэхури къуэкІыпІэ, къухьэпІэ къэралхэм я литературэхэми щызэщхьэщокІ. Иджыпсту глобализацэр щытепщэ лъэхъэнэщ. Дунейм тет лъэпкъхэр зэрызэпыщІа Іэмалхэм зэгъунэгъу ящІ экономикэр, цІыхухэм я псэукІэр, дуней еплъыкІэр, литературэр, искусствэр.

Совет Союзым лъэпкъ куэд дыдэ зы къэрал псэукІэкІэ, хабзэкІэ, экономикэкІэ зэрипхауэ щытащ. Тхыбзэрэ литературэрэ зимыІахэми а фІыгъуэр зыІэрагъэхьащ, зызыужьа урыс литературэм иІа жанрхэр къагъэІурыщІащ. А къэрал лъэщу фІыри Іейри зи куэдар лъэлъэжа нэужь, литературэм и ухуэкІэми, зыужьыкІэми зэхъуэкІыныгъэ зыбжанэ къыщыхъуащ. Ахэр ядыболъагъу гушыІэмрэ ауанымрэ я къэгъэсэбэпыкІэм къыдэкІуа Іуэхугъуэхэми. Совет лъэхъэнэм иужь зэманым (1991 гъэм къыщыщІэдзауэ) литературэр зыпыщІа журналистикэм (радиом, газетхэм, телевиденэм) гушыІэмрэ ауанымрэ щаІа къарур, зэфІэкІыр, мыхьэнэр хэпщІыкІыу нэхъ лъахъшэ

хъуащ. Къэтщтэнщ, псалъэм папщIэ, фельетон жанрыр. Совет зэманым газетым цIыху щхьэхуэхэм, псом хуэмыдэу унафэщIхэм, теухууэ фельетон къытрадзамэ, парт билетыр Iахыжым имызакъуэу, къулыкъуми щытрагъэкIыр гъунэжт. Ди зэманым фельетоныр газет напэкIуэцIхэм иплъагъуэжыркъым. ЕкIэкIуащ радионэтынхэм я мыхьэнэри… ЩыIэжкъым гушыIэ нэтынхэри (псалъэ папщIэ, «Аркъэн»). ГушыIэмрэ ауанымрэ зи лъабжьэ басняри, эпиграммэри, пародиери литературэм мащIэ щыхъуащ. ЩымыIэххэу къэплъытэ хъунущ памфлетыр.

Фельетонымрэ памфлетымрэ къэзыгъэсэбэп хабзэр публицистикэрщ. Ар литературэми журналистикэми зэдайуэ къэплъытэ хъунущ. Адыгэ публицистикэм гъуэгуанэшхуэ къикIуащ XIX лIэщIыгъуэм псэуа тхакIуэ-узэщIакIуэхэм я деж къыщыщIэдзауэ ди зэманым къэсу. Публицистикэми зыгуэркIэ хэухуэнащ гушыIэмрэ ауанымрэ, абы ущрохьэлIэ критикэми (еплъ IутIыж Борис урысыбзэкIэ къытридзауэ щыта «Шутки шутками, но…» статьям).

ГушыIэр гуэхыпIэ имыIэу епхащ лъэпкъ къэс и гъащIэм, и псэукIэм, и дуней еплъыкIэм. Абы лъэпкъым и дамыгъи телъщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, «лъэпкъ» («национальное») жыхуэтIэу, лъэпкъым и теплъэ зыдэтлъагъу гурыIуэгъуэр IэщIыб ящI литературэр къэзыхутэ языныкъуэ щIэныгъэлIхэм. Дунейм лъэпкъыу тетым я псэукIэм, гупсысэкIэм, унэ ухуэкIэм, зыхуэпэкIэм, зыIыгъыкIэм гъэщIэгъуэнагъ куэд хъэлъщ. Апхуэдэщ лъэпкъ къэс я гушыIэкIэри, гушыIэр къазэрыгурыIуэри.

В.Г. Белинскэм, Гоголь и тхыгъэхэм тепсэлъыхьу, итхыгъащ: «… Ар урыс гушыIэ дыдэщ, мамыр, гурыIуэгъуафIэ гушыIэщ, къэзыIуатэр къызэрыгуэкI гуэру къыпщигъэхъуу». Гоголь и гушыIэкIэр епхащ ар щыпсэуа зэманым щыIа мэкъумэшыщIэхэм, «помещиккIэ» зэджэу щыта классым я хьэлщэнхэм. Французхэм а зэманым я тепщэу щыта пащтыхьыр къэзухъуреихьхэм гушыIэкIэ къагъэщIащ, ар литературэм хыхьащ «каламбур» фIэщыгъэцIэр иIэу. Каламбурыр миниатюрэ цIыкIуурэ е жыIэгъуэ щхьэхуэурэ къокIуэ. ГушыIэр зытещIыхьар, абы лъабжьэ хуэхъур омоним псалъэхэрщ – я жыIэкIэкIэ зэтехуэу, ауэ мыхьэнэкIэ зэщхьэщыкIхэрщ. Мыбы и щапхъэкIэ аргуэру зыхуэдгъэзэнщ адыгэ литературэм куэд дыдэрэ хуэлэжьа IутIыж Борис и творчесвэм. Борис шарж сурэт ищIыгъащ: иджырей цIыхубз зыкъизых, зи напэр косметикэм щIихъума, зи кIэр кIэщI гуэр. Абы уезыгъэплъ Iэпхъуамбэ шия и бгъумкIэ тещIыхьарэ и лъабжьэм щIэтхауэ: «Ар зэджэр зыщ – журнал «Модэ», зылъагъухэми жаIэр «Модэ». Мыбдежым каламбур Iэмалыр хъарзынэу къыщигъэсэбэпащ усакIуэм.

Лъэпкъ нэпкъыжьэ гушыIэмрэ ауанымрэ зэрытелъым и щыхьэтщ «инджылыз гушыIэкIэ» («английский юмор»)

жаІэу дунейпсо литературэм хыхьар. ГушыІэр езы гъащІэм къыщыхъу Іуэху къызэрыгуэкІхэми къахокІыр. Псалъэм папщІэ, цІыху лъэпэрапэу джэлам егъэдыхьэшхыр адрейхэр. Инджылыз гушыІэкІэр апхуэдэкъым, ар гупсысэ куум къыхэкІа «гушыІэ пІащІэу» («тонкий юмор») къалъытэ. Къэтхьынщ щапхъэ. Бернард Шоу гушыІэ дахэ зыхэлъу щыта инджылыз тхакІуэшхуэщ. Ар цІыху цІэрыІуэ куэд зрагъэблэгъа пшыхь гуэрым кІуауэ пащтыхьым бгъэдашащ. Пащтыхьым и Іэ лъэныкъуэр и жыпым илъу къыжреІэ: «Мэрем махуэм сыхьэтыр пщыкІуийм си унэм сыщыІэнущ». Абы къикІырт зи щІыхьыр лъагэм пщІэшхуэ къыхуищІу тхакІуэр и унэм зэрыригъэблагъэр. Бернард Шоу езыми и зы Іэр и жыпым къримыхыу жэуап итащ: «Сэри аращ». Абы къикІырт тхакІуэри и унэм зэрыщІэсынур, псалъэ лей хэмыту зыкъригъэщІащ и щхьэм пщІэ зэрыхуищІыжыр. Бернард Шоу и «инджылыз гушыІэкІэ» дахэр яІурилъхьащ и комедиехэм хигъэува персонаж куэдми.

ГушыІэкІэр тхыдэм, ІуэрыІуатэм пыщІа къудейкъым, атІэ ар абы и щІэдзапІэщ. Адыгэ лъэпкъым и дежкІэ ІуэрыІуатэр литературэ псом и псынащхьэщ. Ауанымрэ гушыІэмрэ зыщиужьащ ІуэрыІуатэм, ар яхъумащ джэгуакІуэхэм. «ДжэгуакІуэ» псалъэм езым къеІуатэ гушыІэ зэрыкІуэцІылъыр. Адыгэбзэм джэгумрэ гушыІэмрэ синониму къыщыкІуэр гъунэжщ. Аращ «джэгуи гушыІи хэмылъу» щІыжаІэ хабзэри. ДжэгуакІуэм и репертуарым гушыІэ хэухуэнауэ къекІуэкІыу щытами, абы хухэха жанр щыІауэ къыщІэкІынукъым. ДжэгуакІуэр ІэщІагъэ зыбжанэм хуэІэижьу щытащ. Ахэр хъарзынэу Нало Заур къыщихутащ 2011 гъэм къыдигъэкІа «ДжэгуакІуэ институтыр» и тхылъым[8].

Адыгэхэм гушыІэр убгъуауэ къыщагъэсэбэпырт джэгухэм, щІэпщакІуэм, щІалэгъуалэ зэхуэсхэм, пшыхьхэм. Лъэпкъ ІуэрыІуатэм ихъумахэм ящыщщ лирикэ жанрым тету зэхалъхьа гушыІэ уэрэдхэр. Мыхэр я тематикэ елъытауэ зэхуэдэкъым: языныкъуэхэр лъагъуныгъэм теухуащ, адрейхэр адыгэ хабзэм ебэкъуахэм, лІыгъэншагъэ къызылъыкъуэкІахэм, ещанэрейхэр къуажэ зэгъунэгъухэм я зэхъурджауэхэрщ.

Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэр къэзыхутэ щІэныгъэм гушыІэмрэ ауанымрэ гулъытэ нэс щыхуэщІауэ, ар нэгъэсауэ яджауэ, кІэлъыплъауэ пхужыІэнукъым. Литературэ щІэныгъэм къихутапхъэу къэтлъытэ тхакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІхэри куэд дыдэ хъуркъым. Мы лэжьыгъэмкІэ и гугъу тщІын хуейуэ къытпэщыт лъэхъэнэри кІэщІщ (1991 гъэм къыщыщІэдзауэ), мы зэманми гушыІэмрэ ауанымрэ теухуа тхылъ куэди къыдэкІакъым. Апсор къэтлъытауэ, дигугъэщ совет лъэхъэнэм зэзэмызэ дгъэзэжми лэжьыгъэм зэран хуэмыхъуну. Дэ абыхэм зэхэгъэщхьэхукІауэ, литературэм и пкъыгъуищым

тещIыхьауэ (лирикэ, эпос, драмэ), дакъытеувыIэну ди мурадщ, IуэрыIуатэри къэдгъэсэбэпурэ.

ГушыIэмрэ ауанымрэ лъэпкъ усыгъэм. Дунейпсо литературэм къикIуа гъуэгуанэм уриплъэжмэ, гу лъыботэ гушыIэмрэ ауанымрэ IуэрыIуатэм къызэрыхэкIам нэмыщIкIэ, ар усыгъэм нэхъ гувауэ къызэрыхыхьам. Псалъэм папщIэ, урыс литературэм гушыIэмрэ ауанымрэ хуэIэижьу щытахэу япэ ирагъэщ прозаик С. Щедрин, Н. Гоголь, иужькIэ – совет лъэхъэнэм – усакIуэхэри телажьэу щIадзащ гушыIэ жанрым (В. Маяковскэр, Д. Беднэр, н.). Драматургхэр ижь-ижьыж лъандэрэ пыщIащ гушыIэм.

Усыгъэм, лирикэм куэд щIауэ къагъэсэбэп жанрхэм ящыщщ эпиграммэр. Мыбы и тхыдэр жыжьэ дыдэ къыщожьэ. «Эпиграммэр» алыдж (грек) псалъэщ, «тетха» жиIэу аращ. Апхуэдэуи, «тетха» мыхьэнэ иIэщ «эпиграф» псалъэми. Эпиграфыр усэбзэкIэ тха жыIэгъуэ кIэщIщ, ар традзэрт фэеплъ хьэпшыпхэм, унэхэм. ЭпиграфкIэ кърагъажьэрт публицистхэм, щIэныгъэлIхэм я тхыгъэхэр. Эпиграфым фащэкIэ ещхьщ эпиграммэр, ауэ мыхьэнэ и лъэныкъуэкIэ гушыIэращ зэпхар. Эпиграммэм зыужьыныгъэ щигъуэтар классицизмэм и лъэхъэнэрщ (Вольтер хуэIэзэу щытащ). А. Пушкинми эпиграммэ гъуэзэджэхэр къигъэнащ. Совет зэманым урыс литературэми нэгъуэщI лъэпкъ литературэхэми къагъэсэбэпащ мы жанрыр.

Адыгэ литературэм эпиграммэр япэу къыхэзышахэм ящыщщ IутIыж Борис. Абы къыщымынэуи, гушыIэмрэ ауанымрэ нэхъыбэу елэжьахэм ящыщщ ар. Борис усэбзэкIэ гушыIэр къыщигъэсэбэпащ и тхыгъэ куэдым. Усэу итхахэр цикл щхьэхуэхэу, фIэщыгъэцIэ гъэщIэгъуэнхэр яIэу, 2003 гъэм дунейм къытехьа «ГушыIэлъэ» тхылъым ихуащ[9]. Пэжщ, мыбы гушыIэ рассказ зыбжани итщ, ауэ нэхъыбэр усэу тхащ. Циклхэм ягъуэтащ мыпхуэдэ фIэщыгъэцIэхэр: «Зи пащIэкIэ щIэгуфIыкI усэхэр»; «ГушыIэ уэрэдхэр»; «Усэ ткIыбжьхэр»; «ПIэскIугъэхэр»; «ГушыIэрыгъафIэ усэхэмрэ хъуэхъу усэхэмрэ»; «Юбилей гушыIэрыхъуэхъухэмрэ сценариехэмрэ».

«ГушыIэрыгъафIэ усэхэмрэ сурэтхэмрэ» циклым эпиграммэ зыбжанэ хэтщ гушыIэр ебэкIыу, ауэ нэхъыбэр ныбжьэгъухэм, адыгэ культурэм цIэрэ щхьэрэ яIэу хуэлэжьахэм яхуигъэпса «ныбжьэгъу» шаржрхэрщ. IутIыж Борис сурэт Iэзэу ищIыуи щытащ. Мы тхылъым ихуа апхуэдэ сурэтхэр езым и IэдакъэщIэкIщ. Борис эпиграммэрэ (е хъуэхъурэ) сурэт шаржымрэ зэгъусэу ищIу щIидзащ пасэ дыдэу. 1964 гъэм апхуэдэ зы абы хуигъэфэщат ГъукIэмыхъу Абубэчыр, хьэрыпыбзэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым а зэманым (езы IутIыж Бориси яхэту) щезыгъэджам. Мыбдеж гушыIэр егъэджакIуэми студентхэми яхуэгъэзащ:

Дрегъаджэ хьэрыпыбзэм
Дэ Абубэчыр.
Хъуа къытфIощI анэдэлъхубзэ
ЕтIуанэ мыр.
Си папкIэжьу къыздесхьэкIыр,
Мес, – михьфэжьэтунщ.
Ди хъыджэбзхэр зэдыщIэкIыу,
Ух, – джамилатунщ!!!

УсакIуэм къегъэсэбэп «тавтология» Iэмалыр, адыгэбзэкIи хьэрыпыбзэкIизымыхьэнэкъызэрыкIпсалъэмкъытрегъэзэжыр, ауэ студентхэм я гурыщIэр къегъэлъагъуэ «ух» междометиемрэ адыгэ псалъэр зэрызэридзэкI «джамилатун» хьэрып псалъэмрэ. Иужьрейм «дахэ» мыхьэнэр къокI. Мыр гушыIэ щабэщ.

ГушыIэшхуэ хэлъщ IутIыжым Шортэн Аскэрбий хуигъэфэща сурэт шаржми, абы щIитхэжа эпиграммэми. Сурэтым деж тхакIуэм и тхьэкIумитIым къыдэкIауэ и натIэм щызэхыхьэжыным нэсащ жыг къудамэ цIыкIуитI, ахэр «лавр къудамэ» жаIэу грекхэм текIуэныгъэшхуэ къэзыхьахэм ирату щытахэм хуэдэщ. Псалъэхэри Шортэным и «лъагагъым» хуэдэщ:

Мамырщ дунейр. Мазагъуэ цIыщхъщ…
Фыжей цIыху цIыкIухэ. ФепщIыхь гъатхэм.
КъоIукI къалапщэмкIэ: «цIыщхъ-сыщхъ».
Шыкур-ура, – Шортэныр матхэ!!!
ЩIыху цIыкIур псори зэщIощымэ,
Акъужьым къехьыр романымэ.[10]

ГушыIэ щабэмрэ ауанымрэ зэхегъэшыпсыхьыр авторым, гъэщIэгъуэнщ псалъэ зэмыщхьитI зэрызэпигъэувэри – «шыкур-ура» – зыр диным епхащ, адрейр урыс псалъэ «ура»-р зыгуэрым ебгъэрыкIуэным къыхуезыджэщ.

ГушыIэ дахэкIэ узэдащ Нало Заур хуитха эпиграммэри:

Зэгуэр тхыдэтххэр хуа-а-абжьу зэпеуэнущ,
Урыху Iус жылэ псо-о-ори зэдэуэнущ,
Нало Заур и къуажэр зэхагъэкIрэ
Дэтхэнэми и кIэныр къригъэкIыу…
ДепщIыхькъым дэ апхуэдэ насып уэрым,
АтIэми, насып цIыкIу догъафIэ дэри:
Мы шаржым къигъэгубжьрэ къытхуэшхыдэм,
Дыкъыхэнэнкlэ мэхъу Налом и тхыдэм.[11]

Зэрытлъагъущи, эпиграммэр гушыIэ нэскIэ гъэнщIащ. IутIыжым мыбдеж къыщегъэсэбэп адрей усакIуэхэм

къащхьэщыкIыу зы Iэмал: псалъэ хэхам макъзешэр зыкъомрэ къытрегъэзэжыр дефискIэ зэпыудауэ: *хуа-а-абжьу*, *псо-о-ори*. Абы псалъэм и мыхьэнэр къеIэт, къыхегъэщхьэхукI. IутIыжым и эпиграммэм я нэхъыбэр хъуэхъу фащэм итщ, ауэ абыхэм гушыIэр щебэкIи урохьэлIэ, уеблэмэ ауаным щынигъэси щыIэщ. Къэтхьынщ ХьэIупэ ДжэбрэIил триухуа эпиграммэр:

Уоу, Алыхьталэ! Дыщыхъумэ
Уи нейм. Уи жанырыбзэм.
ЛIыжь узым. Зауэм… НэгъуэщI мыхъуми, –
ХьэIупэм и хъуэрыбзэм.

Композитор Iэзэ ХьэIупэ ДжэбрэIил усэ хъарзынэхэр етх, езыр икIи жьэнахуэщ, эпиграммэ хьэлэмэтхэри иIэщ. Егъэлеиныгъэр (гиперболэ) къегъэсэбэпри ДжэбрэIил и «жанырыбзэм» (мы псалъэри щIэщыгъуэщ, композиторым и бзэр усакIуэм ирегъапщэ зи дзитIри лъа джатэм) нэхърэ нэхъ къыхех «зауэри, лIыжь узри». ГъэщIэгъуэнщ эпиграммэм хуищIа сурэт шаржри (ХьэIупэм и жьэм IункIыбзэ къэб етащ, и пэр шабзэм ещхьщ).

Гъут Iэдэм хуитха эпиграммэми сурэт шаржми гушыIэ хилъхьащ усакIуэм: «Нарт» эпос иныр зыщIалъхьауэ, бгъуэнщIагъ щахъумэм и завскIладщ (Iэдэм и щхьэм гъущI таж щхьэрыгъщ, афэ джанэ къешэкIащ).

Апхуэдэ гушыIэ псалъэкIи, «ехъурджауэкIи» усакIуэр хуэупсащ Джэрыджэ Арсен, усэ тхыныр зэпызыгъэууэ щытам:

Хьэл мыхъумыщIэ Iэджи Iэджэм зыханащ,
Ауэ усэ тхыныр хьэл мыгъуибл тхуэхъууэ
Ноби IэщIэмыкIхэм мыр тхэкIуэсыкIащ:
Зи насып, – мэпсэу иджы тыншыжауэ!!![12]

Критикэ хуэмэбжьымэхэми уащыхуозэ Борис и гушыIэ хъуэхъухэм. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Къандур Мухьэдин, Мэзыхьэ Борис, Къып Мухьэмэд сымэ яхуитхахэр. Къэрмокъуэ Мухьэмэд тхакIуэ пажэхэм ящыщщ. Абы «Щихухэр иджыри мэкI» (1976) и повестым лъагъуныгъэ темэр фIы дыдэу къыщигъэлъэгъуащ. Тхылъеджэхэр ежьэрт абы къыкIэлъыкIуэнум, ауэ Къэрмокъуэм къыпищэртэкъым. IутIыж Борис тхакIуэм хуитха эпиграммэм щыжеIэ цIыхубэр лъагъуныгъэм теухууэ «гущхьэлъапсэр езытхъунщIэх тхыгъэжьыфI» зэрежьэр, ауэ:

Къэрмокъуэрат абыкIэ Iэзэу
Щытар, хъуакIэщ ари Iэсэ.
Е лъагъуныгъэм игу щыкIа?
Е щихухэр псори къигъэкIа?

ГушыІэм пэджэжауэ къыщІэкІынущ Къэрмокъуэ Мухьэмэд, щихухэмрэ лъагъуныгъэмрэ я образхэмкІэ гъэнщІауэ иужьрей илъэсхэм адыгэбзэкІи урысыбзэкІи къыдигъэкІащ тхылъитІ (иужь дыдэу урысыбзэкІэ 2007 гъэм дунейм къытехьащ «А тополя все растут» романыр).

Къандур Мухьэдини «лъысащ» гушыІэ Іыхьэ. Ар Иорданием къыщыхъуащ, тхакІуэщ, философщ, кинорежиссерщ. Мухьэдин и иужьрей ІэщІагъэращ ІутІыж Борис и эпиграммэм и темэри. Япэ строфар Борис ирегъэувэ ЩоджэнцІыкІу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романым и къыщІэдзапІэм и ритмымрэ и рифмэ къэхьыкІэмрэ:

АдыгэлІыр, нобэ мыхъумэ
Голливудым щацІыхуакъым.
Ахэм нэсрэ пагэ мыхъуу
Мы зым фІэкІи дыхуэзакъым.

УсакІуэм гу лъыдегъатэ иджырей адыгэхэр щытхъум зэрыдихьэхам. АдэкІэ хъуэхъу стилымрэ къызэрыгуэкІ псэлъэкІэмрэ зэпегъэувэри къехь:

ЛІым я лІыжу къыщІэкІащи,
КІэ имыІэу дыхъуэхъуэнщ…
Шы кинокІэ зыдгъэнщІащи,
ЩІыху кино дыщыгугъынщ.[13]

Къандур Мухьэдин Голливудым щытрихауэ щытащ шым теухуауэ фильм зыбжанэ, ахэр Францием и телевидением къигъэлъэгъуащ, ауэ езым и лъэпкъым деж нэсатэкъым. Зэман дэкІри (хуэбгъэфащэ хъунущ ІутІыжым и эпиграммэми Къандурыр игъэгупсысауэ) Къандурым «Черкесия» фильм хъарзынэ трихащ.

Апхуэдэу ІутІыжыр ехъурджэуащ Мэзыхьэ Бориси, къулыкъум дихьэхыу зи тхыгъэ купщІафІэхэр зэпызыгъэууэ цІыхубэр «Мазэхэ жэщым къыхэзынам» («Мазэхэ жэщ» и фІэщыгъэцІэу 1975 гъэм Мэзыхьэ Борис и повестрэ новеллэхэмрэ зэрыт тхылъ къыдэкІауэ щытащ). ІутІыжым и гушыІэм и ужькІэ Мэзыхьэ Борис и тхылъиплІ дунейм къытехьащ. ІутІыж Борис и «Мэзыхьэ Борис деж кІуэ лъэІу тхылъым» авторым гукъанэ хуещІ Мэзыхьэм и къуажэгъу гуэрым (и цІэр къриІуэркъым, ауэ псоми къагуроІуэ ар зэры-КІыщокъуэ Алимыр) зэрыдэмыплъеймпапщІэ. Зи гугъу тщІым сыт хуэдэ къулыкъушхуэ имыІыгъами, тхэныр къигъэлэлакъым.

Критикэр щІопщым хуэдэщ, абы цІыху губзыгъэхэр, гушыІэ къызыгурыІуэхэр нэхъ ерыщ, гуащІафІэ ищІ хабзэщ. ІутІыжым и гушыІэр зылъэІэсахэм ящыщщ художник Іэзэ,

гупсысэ лъагэ зыбгъэдэлъа Къып Мухьэмэди. УсакIуэм абы хуитха эпиграммэр диалог фащэм имытми, авторым псэлъэгъу гуэр зэриIэр IупщIщ. Борис къыщIедзэр: «Бегъымбаркъым, ауэ Мухьэмэдщ, / Ямыгъуэт талантри и куэдщ, / Iэзэщ апхуэдизкIи, кIуэаракъэ, / Къулъкъужын игъащIэм къыдэкIакъым…». Мыбдежым щытхъур зэпегъэури къыпещэр:

Апхуэдэ художник… Сыт жыпIа?
И шедеврхэр дэнэ щыIэ-пIа?
Уэлэхьи, мисс ар бжезмыIэфыну.
Ауэ, хуеймэ, хьэкъщ зэрищIыфынур.[14]

ЩIэныгъэшхуэрэ Iэзагъышхуэрэ зыбгъэдэлъ Къыпыр иужь илъэсхэм нэхъри ерыщу пылъащ и IэщIагъэм. IутIыж Борис и псалъэхэри зыгуэркIэ сэбэп хъуауэ къэплъытэ хъунущ. Езы Бориси художникыу щытащ, зытепсэлъыхьым фIыуэ хищIыкIырт.

ИщхьэмкIэ зэрыщыжытIащи, IутIыж Борис адыгэ хъуэхъум ещхь и эпиграммэхэм гушыIэ щабэр йобэкI, ауэ ауаным (сатирэм) щыхуэкIуи, и бзэр «пхъашэ» щыхъуи урохьэлIэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Бещтокъуэ Хьэбас хуитха эпиграммэр. Бещтокъуэри IутIыж Бориси талант ин зыбгъэдэлъ усакIуэхэщ, тIури адыгэбзэм, ди лъэпкъ культурэм и къэкIуэнум хуэлажьэу, тегузэвыхьу илъэс пщIы бжыгъэкIэ къекIуэкIащ, ауэ критикэ гуащIэ зыхэлъ статьяхэмкIэ «щызэхъуажи» къэхъуащ. КъыкIэлъыкIуэ эпиграммэм гушыIэри ауанри щызэхэтщ, иужьрейр ебэкIыуи къыщIэкIынущ. (Мыр Бещтокъуэр илъэс 50 щрикъум ирихьэлIэу итхащ):

Илъэс щэ ныкъуэ! Пушкин мыгъуэм
Къимыгъэщlар къэзыгъэщIа
Бещтокъуэр (мис а зыр думыгъуэм),
Дэбгъуэн щымыIэу гений хъуащ.
Шедевр мыхъумэ, къызэралъхурэ
Итхакъым хьэрф. Иджыри, мес:
Яху пэтми, ар яфIотхэ зыхухэм
Яхимыгъуатэурэ Дантес.[15]

НэгъуэщI гушыIэкIэ IутIыж Борис къыщигъэсэбэпащ Мысостышхуэ Пщызэбий хуигъэфэща эпиграммэм. Абы и пэщIэдзэм авторым къыщребжэкI артист гъуэзэджэр «зылъымыса» къалэшхуэхэр:

Сэ сфIэгуэныхьщ Нью-Йорк дэс къомыр.
Пекин щыпсэухэр сфIэпсэкIуэдщ.

Ханой, Багдад, Каир, Панамэ…
КъеббжэкIкIэ сыт, – мэхъу ахэр куэд.

УсакIуэм и гупсысэр упщIэкIэ еухыр: Мысостышхуэр «сценэм иту зэ ямылъэгъуауэ, а хъарыпхэр зэрыпсэур дауэ?».

ГушыIэмрэ ауанымрэ лъабжьэшхуэ щиIэщ IуэрыIуатэм, езы гъащIэм. Аращ литературэм и «псы къигъэхъуапIэри». Адыгэхэм куэд щIауэ къадогъуэгурыкIуэр къуажэхэр гушыIэкIэ зэпеуэу. Уеблэмэ, ауан щIыныр къуажапщэмрэ къуажэкIэмрэ щыхуэкIуэжи щыIэт. IуэрыIуатэм щыщу гушыIэр убгъуауэ зыхэтхэм ящыщу япэу я цIэ къиIуапхъэщ уэрэдыр, къебжэкIхэр, хъуэхъухэр. Уэрэдхэр я тематикэкIэ зыбжанэу гуэшащ, ахэр къабгъэдокIхэр джэгуакIуэхэм, цIыху къызэрыгуэкIхэм. Мы темэр убгъуауэ щызэпкърыхащ Пащты (Мыжей) Мадинэ и «Черкесская (адыгская) народная лирика»[16] тхылъым. Мыбы итщ къуажэхэм, псыхъуэ щхьэхуэхэм дэс жылэхэм теухуауэ яуса гушыIэ уэрэд Iэджэ. Апхуэдэ хабзэр литературэми хыхьащ.

IутIыж Борис и эпиграммэми хыхьащ и къуажэгъу, дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа дирижер Темыркъан Юрэ теухуа гушыIэр:

Зы цIыху щэджащэ къыдэкIыну
Адыгэ къуажэ къэс къалэн
Тхьэм къащищIащи, зылъэкIынум
Ящыщ фыхъункIэ делъэIунщ…
Зэрэгъыж къуажэм и къалэныр
Темыркъан ЮрэкIэ зэщIащ.
Адрей къуажэхэм къыфхуэнэр…
Зэрэгъыжыпхъу къэфшэныращ.[17]

IутIыж Борис и сонетхэм яхэтщ а жанрым къыщамыгъэсэбэп хабзэ гушыIэр зи лъабжьэхэри. Апхуэдэщ «Ухуеймэ гъащIэр тыншу епхьэкIыну» сонетыр. Мыр притчэ, басня жанрхэу зи гупсысэ нэхъыщхьэр и кIэ сатырым деж къыщыIуэтахэм зыгуэркIэ йокIуалIэ. «Инджылыз сонет» фащэм Борис парадокс Iэмалыр хелъхьэр: «хужьыр фIыцIэ зыщI», узыпэмыплъэ, укъэзыгъэуIэбжь Iуэху ухуэзыгъазэ. УсакIуэм иджырей цIыху цIыхугъэншэхэм ярет ущие зыбжанэ:

Ухуеймэ гъащIэр тыншу епхьэкIыну
Абы уримыхъукI уэ гупсысэх:
Псалъэжьым тету – а псы узыхьынум
УпэщIэмыту зыдрегъэхьэх.
ЗыхуэщI теIущIыкIыпIэ уи нэхъыщхьэм,
Узинэхъыщхьэр лъабжьэм щIэгъэтыф.

Ущием адэкIэ къыпещэр: «зигу хагъэщIым блэплъыкIыф», «цIыхубэм уадежьууэ, зумыгъэщI нэщанэуапIэ», «езы цIыхубэми и цIыхугъэр хуабжьу жьажьэщ – улIа нэужькIи къыплъэщIэмыхьэнщ», н. Иужь сатыритIым сюжетым темыхуэ, абы пэщIэуэ парадокс телъыджэ дыщыхуозэ. УсакIуэм и «ущиехэм» узыхуашэнур сэтей къещI:

Апхуэдэу утетыфмэ мы дунейм,
УтекIыжынщ… Ухъуауэ Iэщ домбей.

Лъэпкъ литературэм мыпхуэдэ сюжет ухуэкIэр япэу къыхэзыхьар IутIыжырщ. ГушыIэрэ ауанкIэ гъэнщIащ Борис адрей и IэдакъэщIэкIхэри. Парадокс Iэмалри гушыIэри IутIыжым къыщигъэсэбэпащ и лирикэ усэ нэхъ инхэми: «Гуэныхь», «ЩIыхь», «Диалог», н. «Гуэныхь» усэм сюжети иIэщ. ЩIалэмрэ (Iуэхур къызыбгъэдэкIыр аращ) хъыджэбзымрэ зэгуэкIуат, ауэ тIуми я гухэлъыр къаIуэтэфыртэкъым, хъыджэбзым и «бзэгупэм къэсар» игъэныщкIужырт, и гъэсэныгъэр зэран къыхуэхъурт. ЩIалэми хъыджэбзыр илъагъухукIэ игу «къэплъар къеуэрт и гум», ауэ ищIэртэкъым езыр пщащэм и пщIыхьхэм зэрыхэтыр. Гулъытэ щимыгъуэтым, хъыджэбзыр нэгъуэщIым докIуэ, щIалэми унагъуэ еухуэ. Илъэс куэд дэкIауэ а псор къыжреIэжыр хъыджэбзым. ЩIалэм и жэуапкIэ усэр еух:

Гъэхэм ди зэхуакур датIыкIащи,
Лъэмыжыншэщ гугъэхэр… Сыт тщIэн:
Лъагъуныгъэм и гуэныхь къэтхьащи,
Жыхьэнэмэм дыщызэIущIэнщ.[18]

«ЩIыхь» усэри еухыр узыгъэнэщхъей ауанкIэ, мыбдежми усакIуэр «доуэршэр» ЩIыхьым. Ар ирегъапщэр бзылъхугъэ дахащэу куэдым я лъагъуныгъэр зыщабзыщIым, кърамыдзэххэу зыфIагъэщIам, ауэ усакIуэм псоми къабгъэдэкIыу зеумысыж:

ДыпкIэлъожэ, нэм къыщIихыу хъуаскIэр.
УзыIэщIэкIыжыр мэхъу щIыфашхэ…
Зэрэгъыж ДыгъапIэр пIэ щысхуащIкIэ,
КхъыIэ, накIуэ, ЩIыхь… хьэдэIусашхэ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, усакIуэр дунейм ехыжащ, ар щыщIалъхьэжащ зыми химылъхьэу фIыуэ илъагъуу щта жылэжьым – Зэрэгъыж. ЩIыхьми нобэр къыздэсым IэщIыб ищIыркъым адыгэ литературэм лъэужь дахэ къыхэзына IутIыж Борис.

Инжыдж Іуфэм щыпсэу адыгэ къуажэхэм дахэу къыдогъуэгурыкІуэ гушыІэмрэ ауанымрэ. Къуажэ гъунэгъухэм хабзэ щыхъуат ауан зэрыщІыныр, зэхъурджэуэныр. ЦІыхубэ уэрэдхэм, къебжэкІхэм къыхэнащ ноби зи мыхьэнэр мыкІуэда гушыІэхэр. А темэр джэгуакІуэ цІэрыІуэ Мыжей Сэхьид и репертуарым хэту щытащ. Дызэрыт зэманым ІуэрыІуатэми литературэми щІыпІэшхуэ щеубыд абы. Псом нэхърэ нэхъ «натІэрыІуапІэ зэрыщІауэ» ауан зэрыщІыр Жьакуэ (пасэм Алъэсчырей) къуажэмрэ Алибэрдыкъуэрэщ (Хьэгъундокъуей). Жьакуэр къуажэ инкъым (цІыху 1800 нэблагъэщ дэсыр), ауэ цІыху цІэрыІуэ куэд къыдэкІащ щІэныгъэлІу, художникыу, спортсмену, артисту. Абыхэм ящыщщ киноартист гъуэзэджэу щыта Акъ Мухьэрбэчи. Мухьэрбэч и гушыІэхэр зымыщІэ адыгэ гъуэтыгуейщ (и адэри гушыІэрейт, псысэныбэт). Къуажэм ІуэрыІуэдз Іэджи ноби дэсщ, уеблэмэ «адыгэ Габрово» фІэпщ хъунущ. Апхуэдэу щытми, езы Жьакуэми «къыщыдыхьэшхэри» мащІэкъым, псом япэ итыр «шэрджэс литературэм и Мэчэ-Мадинэ» хужыпІэ хъуну Хьэгъундокъуей гъунэгъу къуажэрщ (мыбы тхакІуэу тІощІым нэс къыдэкІащ).

Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ (1961) Хьэгъундокъуей (Алибердыкъуэ) щыщ усакІуэщ, журналистщ, тхылъ зыбжанэ къыдигъэкІащ. Абы «Тхьэм и бынхэр» и усэ тхылъым Іыхьэ щхьэхуэу итщ усэу тха гушыІэхэр, ауанхэр, шыпсэхэр. Увжыкъуэ и къуажэм алъэсчырейхэр ящІэнакІэу зэрыщытым и жэуапу итхащ сюжет гъэщІэгъуэн зиІэ «Жьакуэ-на-ЛампІу» усэр икІи щІидзыжащ: «Жьакуэ гушыІэхэм пэджэжу». (ГушыІэр жьакуэдэсхэм ягу ирихьати, къэгубжьын сщІэркъыми, усакІуэм къыфІащащ «Жьакуэм пщІэ щызиІэ цІыху» цІэ лъапІэр). ГушыІэр къыщІедзэр:

Жьакуэ лъэмыжым узэрижу
Ухуозэ ЛампІуупс,
Ар Инжыдж ЦІыкІум къыхэмыщыжу
ЖызыІэм пцІы еупс.

Жьакуэ къуажэр Инжыдж и ижьырабгъу Іуфэм Іусщ. ЦІыхухэм пхъэхькІэ псы къахьу щыщыта зэманым ЛампІу и цІэу осетин щІалэ гуэрым къуажапщэмкІэ дэІэбейри Инжыдж псы цІыкІу къыхишащ, ар къуажэбгъум бгъурыту ежэхырти Инжыдж хэхуэжырт. Нобэ ЛампІу псыхьэлыгъуэ цІыкІу хъужащ, щхьэли тетыжкъым, ауэ гушыІэ хузэхалъхьахэр псэущ. Куэд щІауэ жаІэр «Ростов-на-Дону, а Жако-на-ЛампІу». Иужьрейр Увжыкъуэ и усэм фІэщыгъэцІэ хуэхъуащ. Усэм хэт Къуэбыдэ псыри, къуажэр тІууэ зэпеупщІри, ЛампІу хохуэж. Тхьэгъэпсэум егъэлеиныгъэ Іэмалыр къигъэсэбэпри, ЛампІу

и «лIыхъужь» тхыдэр, псым хузэблах хъыбархэр ди нэгу къыщIигъэувэжащ:

Тенджыз кхъухьыжьхэм я зекIуапIэу
Щытащ ЛампIу зэгуэр
ИкIи, жаIэжыр, кхъухьтедзапIэу
ЩIэрыIуэ хъуат Жьакуэр.
А ЛампIуупс хэмыс щымыIэт:
Акъ, алэрыбгъу, къуэлэн…
Къуэбыди джейхэр щыгушыIэт,
КъикIауэ я делэн.[19]

Жьакуэдэсхэм яхузэфIэкIауэ жеIэ усакIуэм алыджхэм я деж кIуэ гъуэгу хашын, «Яссонхэ кIуари» ахэрат, Алыдж пащтыхьым ипхъу фызышэу къэзышар. Япэу Америкэм кIэртIоф къизышари ар дыдэрт («Индеецхэм я вождхэр ирагъафэу»). Апхуэдиз зыхузэфIэкI къуажэм «Жьакуэ уд» фIащауэ къадогъуэгурыкIуэр. ЛампIуупс ефахэр «лIыхъужь» мэхъу зэуэ, уеблэмэ «китайхэр къаудыныхьу къыдахужыфыр». (Жьакуэдэсхэр Хьэгъундыкъуей къуажэм «КитайкIэ» йоджэр, зэрыкъуажэшхуэм щхьэкIэ). Зы Iуэхугъуэ къыщыгъупщауэ усакIуэм жеIэри усэм и сюжетым хегъэхьэ «Жьакуэ нэплошыр» (мыр къуажэр ауан щIащI фIэщыгъэцIэщ, Москва и Площадь Плъыжьым ещхьу, Жьакуэ къуажэкум «На площадь – НаплошкIэ» йоджэ):

АтIэ, Наплошым Амфитеатр
ЖаIэж зэритыгъар.
АрщхьэкIэ чэфу шэсри трактор
Ар икъутащ Мыхъутар.

Тракторист Мыхъутар (абы и цIэр ихъуэжакъым авторым) икъутар автобус къэувыIэпIэрщ, «Амфитеатр» зыфIащарщ. Усэм и псэлъэкIэ лъагэр егъэлъахъшэри, Iуэхур зытетыр IупщI ещI, ауэ къуажэдэсхэр зэрыерыщри, иджыри телъыджэ гуэрым зэрыхуэхьэзырри къыхегъэщыр:

Иджы Наплошыр хуит хъужащи,
Ухуеймэ топ щыджэгу.
Ауэ жьакуэхэр къэгубжьащи,
Жьакуащхьэ Даш гъущI гъуэгу…

Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ «Тхьэм и бынхэр» и тхылъым апхуэдэу ихуащ гушыIэ усэхэу, таурыхъ фащэм иригъэувахэу: «Аслъэнымрэ бажэмрэ» (таурыхъ), «Мэлыхъуэхьэ» (ауан), «Къабзагъэ» (шыпсэ), «Губзыгъэ» (ауан), «Бжьэмрэ бадзэмрэ»

(шыпсэ), «Дыгъужьыр чэтым» (шыпсэ), «ЩакIуэм и хъыбар» (таурыхъ). Иужьрейм таурыхъым ещхьу егъэлеиныгъэ куэд хэтщ: щакIуэм бгъэшхуэ къеубыд, и нэ лъэныкъуэр фочкIэ къреху, тотIысхьэри нэгъуэщI планетэ мэлъатэ, а здэлъэтар цIыхухэм ягъэдэха щIыгут, ауэ удхэм яубыдауэ псори щагъэпщылI хэкут. Удхэр я теплъэкIэ цIыхухэм ещхькъым: я кIэм щхьэр пытщ, щIыбагъымкIэ зокIуэ… ЩакIуэмрэ бгъэмрэ здэкIуам ягъэхьэщIэ, мэзым жыгхэр текIуэтурэ гъуэгу кърат. Зы цIыху лэжьакIуэ кърагъэлъэгъуам яхэту къыщIокIри чэнджэщ кърет: унафэщIым и фызым щытхъуи, фIыуэ плъагъуу жеIэ, абы мэзым къыдэпкIухьу хыхьи, жыгхэр зэIуихынщи, мис абдеж укIуэсэжынщ. А къалэныр игъэзащIэщ, бгъэм къытетIысхьэжри (хьэгъэщагъэ хуекIуэри) ди щIыгум, и къуажэм къэкIуэжащ.

Увжыкъуэ и усэбзэр дахэщ, зэгъэпщэныгъэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ гъэнщIащ, фыз зыхуэзам и «джийр абджу къыпфIощIыр», ар щысщ Iэнэбгъум «пынэ къыщIэкIуэсыкIым ткIуэпсхэр зэIуищэу». НэгъуэщI лIыжь къыхуэзам «и нитIыр игъаблэу» къыIуроплъыхь. Поэзие нэсым и нэщэнэ хэлъщ уд гуащэм ирипэса псалъэхэми:

Сыту уи нитIыр дахащэ,
Гуащэу слъэгъуахэм я лей!
ЩIэстынт уи IэплIэм си гъащIэр,
Мы си гур еплъыт зэрылъейм.[20]

Лъэпкъ литературэм иужь илъэсипщI зыбжанэм бзылъхугъэ тхакIуэу нэхъыбэ къыхыхьащ. Ар щынэрылъагъущ Адыгейми, Шэрджэсми, Къэбэрдейми. ГушыIэмрэ ауанымрэ цIыхухъухэм бжьыпэр яIыгъыу телажьэми, Iыхьэншэ зищIкъым бзылъхугъэхэми. Шэрджэсым щыщ Мыжей Мамыржан (1957) усакIуэщ, лирикэм и жанрхэм хуэIэижьщ, нэхъыбэу зыхуэусэр лъагъуныгъэ темэрщ. 2009 гъэм абы къыдигъэкIа «Сыхуейщ уи нитIым сыщIэплъэну» тхылъым ихуащ гушыIэ зытIущ: «Си гъуазэр», «Си ныбжьэгъум», «Ещанэр»[21]. Усищри лъагъуныгъэм теухуа гушыIэхэщ. ЛъагъуныгъэзыщIа хъыджэбзым и гупсысэр къыщхьэрыуэмэ, фIыуэ илъагъум «и ныбжьым кIэлъокIуэ», «мазэм тепхъуэр зытрихамэ, Iуохьэр и куэбжэм», лъагъуныгъэр и гъуазэщи, плъыр ищIащ пщащэр. Сытми, щIалэм лъэщIохьэри кърегъащIэ лъагъуныгъэр гъуазэ щIыхуэхъуар. Усэр еухыр абыхэм зэжраIэ псалъэхэмкIэ:

«АтIэ зэ щхьэ узмылъагъурэ?!» –
БогъэщIагъуэр уздэчэфым. –
Си гуращ уэ пкIэлъызекIуэр,
Къилъагъуфкъым ар уигу нэфым!»

Сюжет гъэщIэгъуэнкIэ ухуащ «Си ныбжьэгъум» усэри. Зэныбжьэгъу хъыджэбзитIым языхэзым щIалэ гуэр къыдихьэхащи, къопсалъэр. Абы къыжриIэхэр и ныбжьэгъум хуеIуэтэж. Мыдрейм и псалъэ хьэлэмэтхэмкIэ еухыр усэр (мыбдеж парадокс Iэмалыр щынаIуэщ):

Уобзэрабзэ узигъусэ
Си ныбжьэгъум ущIихьауэ,
Къыпхуэхъунур уэ щхьэгъусэ,
ТIуми фщIэкъыми сэрауэ.

«Ещанэ» фIэщыгъэцIэ зиIэ усэми узэмыжьэ, «парадокс» жыхуаIэ гупсысэ къыщыгъэсэбэпащ. ЗэгуэкIуаитIыр «зэпоуэ» нэхъ тэмакъ кIыхь зиIэмкIэ, зыри япэ ищу и лъагъуныгъэр къыхуэIуатэркъым. УсакIуэм гухэлъыр ещанэ персонажу Iуэхум хегъэхьэ. Ар йокъури йожьэж: «ФымыщIэж фэ фызыхуейр!» – жеIэри. Иужь строфам къегъэлъагъуэ тIуми я щыуагъэр:

…«Сэ сыпхуейт» – «Сыпхуейт-тIэ сэри!» –
ЗанщIэу дызоплъыж:
ДимыIэжмэ ди ещанэр
Сытхэр Iэмалыж?

IутIыж Борис къигупсыса «Сатыр пIаскIуэхэр» рубрикэр «Iуащхьэмахуэ» журналым ноби щолажьэр. Абы и щыхьэтщ 2011 гъэм АбытIэ Владимиррэ Джатокъуэ Юрэрэ я гушыIэ усэ кIэщI журналым къытехуахэр[22]. Мы авторхэм я усэхэм хэтщ гушыIэ щIэщыгъуэ зыпкърылъхэр, псалъэм папщIэ, Джатокъуэм и «Щхьэусыгъуэ» усэр апхуэдэщ:

БгъэдокIыжри и щхьэгъусэм,
Щхьэусыгъуэ ещIыр Лерэ:
КъемыупщIу, къемыусэу
Къопсыр илI Валерэ.

Гу зылъытапхъэ гушыIэ иIэщ АбытIэ Владимири:

Псалъэ IэфIым
Благъуэр гъуэм кърихуми,
Псалъэ дыджым
Ар иримышэж.

IейкъыМ мы къыкIэлъыкIуэри:

Чэф зиIитIыр щIызэдауэ
Дыгъэр мазэу къыщIэкIащ.

Зэщыхьэжхэу щызэзауэм,
Дыгъи мази хэкIыжащ.

ГушыIэхэм егъэлеиныгъэ Iэмалыр («гиперболизацэ» жыхуэтIэр) къыщагъэсэбэпыр гъунэжщ, ауэ гушыIэр гушыIэ хъужыркъым къызэрыгуэкI гупсысэр сэтей пщIы закъуэкIэ. Мы зи гугъу тщIы циклым апхуэдэхэми уащрохьэлIэ. ГушыIэмрэ ауанымрэ хухэха жанрыр нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщщ, ар щынэрылъагъущ иджырей къэбэрдей-шэрджэс лирикэми. А жанрым зи къалэмыр хуэзыгъэлажьэхэри мащIэ дыдэщ.

ГушыIэр хыболъагъуэ «афористикэ» терминым къиубыд жыIэгъуэхэми. Афоризмхэр я фащэкIэ кIэщI дыдэщ, псалъэжьхэм ещхьу. Ахэр нэхъыбэу къэзыгъэщIыр тхакIуэшхуэхэрщ, философхэрщ, политик цIэрыIуэхэрщ. Гиппократ и деж къыщегъэжьауэ афоризмэхэр, псалъэ шэрыуэхэр къадогъуэгурыкIуэ тхакIуэхэм. Литературэдж щIэныгъэлIхэм афоризмэхэм теухуауэ жаIэр зэхуэдэкъым, абы псалъэжьхэри хэзыгъэхьэ щыIэщ[23]. Ауэ ахэр захуэу къэлъытапхъэу къыщIэкIынукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дызэрыщыгъуазэщи, псалъэжьхэм автор яIэкъым, ар IуэрыIуатэм къыхокI, афоризмэхэр къэзыгъэщIыр цIыху щхьэхуэхэрщ. Афоризмэхэр зи Iэдакъэщ IэкIхэм нэхъыбэу я темэр тхыдэрщ, философиерщ, гъащIэрщ, цIыхухэм я зэхущытыкIэхэрщ. Литературэм теухуар мащIэщ, абыхэм щыщ куэд дыдэр жызыIар тхакIуэшхуэхэр арами. А мащIэми ущыхуозэ ауан гупсысэ зыщIэлъхэми.

Адыгэ поэзием афоризмэхэр къыщыгъуэтыгъуейщ, ауэ абы и Iэмалхэм щыщ «парадокс» жыхуаIэр къагъэсэбэпыр усакIуэ зыбжанэм. Мыбдеж щIыпIэ щхьэхуэ щеубыд Бейтыгъуэн Сэфэрбий и творчествэм. Сэфэрбий тхыдэтхщ, ауэ литературэри и хамэкъым. Бейтыгъуэным и куэдщ езым «Псалъэ псэу», «ЖыIэгъуэхэр» зыфIища псалъэ шэрыуэхэр, а «афоризм» зыфIэпщ хъунухэм куэдрэ къыщегъэсэбэп псалъэжьхэр. Абыхэм къахещIыкI узыпэмыплъа гупсысэ щIэщыгъуэхэр. Мыбдежым абы къыщигъэсэбэп Iэмэпсымэ нэхъыщхьэр «парадоксырщ». Бейтыгъуэным мы жанрым хухихауэ тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIащ адыгэбзэкIи урысыбзэкIи[24]. Я темэкIэ гуп куэду гуэшащ Сэфэрбий и афоризмэхэр, ауэ дэ къыхэтхар гушыIэм и «шыгъу зыхэлъхэрщ»:

- *ДызыщIэхъуэпса пщэдейр къэсри, / Дыгъуасэ зэдмыпэсарауэ къыщIэкIащ.*
- *Хьэл дахэр зехьэгъуейщ, – / Аращ щIэдахэжри.*
- *КъулыкъукIэ ирикъуа къытехъуэмэ, дунейр къутэжыну жаIэ.*
- *Делэр зэрагъэунэхур къыIахIэуэркъым, –. хуашийIэуэрэщ.*
- *Зыри жумыIэнри псалъэ лIэужьыгъуэщ.*

• *И щIыхуэ зытелъым лъыхъуэурэ, зи щIыхуэ зымытыжам Iуущ.*

• *Дыкъэзыгъэщlар егъэлеяуэ гущIэгъуншэщ – къигъэщIыр щIым щIехуэ: зыхуей къыхэкIыу къыщIэкIынукъым.*

• *ЗэзауитIым я кум IэлъэщI дидзэу зэзыгъэкIужу щыта цIыхубзым зэныбжьэгъу дапщэм я зэхуакум мафIэ дидза.*

• *Закъуэныгъэр тIу мэхъу: зыр лъагапIэщ, адрейр къуэгъэнапIэщ.*

• *И напэр ищэжыну зыгуэр бэзэрым техьати, пэчом къыжраIакъым: уимыIэр ящэхун?*

• *ЛIар фIыкIэ уигу къэгъэкIыж, псэуху иупэсар ирикъунщ.*

• *Мэлыр и бжьакъуэм щыгугъыу дыгъужь бжьэншэм щремыхьэ.*

• *Ныбжьэгъуми жагъуэгъуми дагъей: зым дунейм дызэрехыжынур, адрейм – дызэрытетыр.*

• *Умыгупсысэу къыбжьэдэхур пэжщ, аращ гупсысэн щIыхуейр.*

ЕтIуанэ гупым хохьэ Бейтыгъуэным и афоризмэхэу адыгэ, урыс псалъэжьхэм къытрищIыкIахэр, зи мыхьэнэхэр зэрихъуэкIахэр, гупсысэ лей зыбгъэдилъхьахэр. Апхуэдэщ адыгэ псалъэжьхэр лъабжьэ зыхуэхъуа псалъэ гъэхуахэу:

• *Пасэрейм и жыIауэ, насыпыр Iыхьэ мыгуэшщ,*
Ауэ насыпыншагъэри япэ къэсым иратыркъым.

• *ХъумпIылейм уихьыж нэхърэ, фэ птету емынэм уихьми нэхъыфIщ.*

• *Зыгуэрым и жьэр ирагъэубыдати… тхэн щIидзащ.*

• *И анэм еплъи, и пхъум кIэлъыплъыж.*

• *Сабийм цIэ фIащ, балигъым зыфIащыж.*

• «*Хамэхьэ къихьа закъуэ*», – *жиIэри унэхьэм лъапсэр ибгынащ.*

• *Щхьэм имытмэ, лъакъуэм и закъуэкъым зи ягъэр.*

• *ЛIибгъур джэдыгуншэмэ, зылI и уасэкъым.*

Куэд хъуркъым, ауэ Iэзагъ хэлъу урыс псалъэжьхэри, псалъэ шэрыуэхэри Бейтыгъуэным жыIэгъуэ щIэщыгъуэ ищIын хузэфIокI:

•*Лъэтэн хуейуэ къалъхуамкIи, къэзыпщыхьынур пщIэнукъым.*

•*НапIэзыпIэ хъуэпсэгъуэ, укъэмыувыIэ сыблэкIыху.*

•*ЩIыхур къэпцIыхун щхьэкIэ, шыгъу пут дэпшхын хуейщ, зытцIыхужын щхьэкIэ дапщэ?*

Мы къэтхьа щапхъэхэм къаIуатэ Бейтыгъуэн С. адыгэ гушыIэкIэм, гупсысэкIэм щIэуэ езым и псалъэ зэрыхилъхьар.

Тхыгъэм и пэщIэдзэм зэрыщыжытIащи, ауаныр нэхъ «ткIыбжьщ», гушыIэм ебгъапщэмэ. Адыгэ литературэм,

усыгъэм, псалъэм папщIэ, йобэкIыр гушыIэр. Езы гъащIэ дыдэм, литературэр зи гъуджэм, а хабзэр щытепщэу къыщIэкIынущ. Ауаныр (сатирэр) жанр псоми хэтынкIэ хъунущ хэухуэнэжауэ, ауэ тхыгъэ псор ауаным теухуауэ къыщыкIуэри мащIэкъым. ЦIыхур зыгъэдыхьэшх тхыгъэхэм, ауаныр зи лъабжьэхэм, къыщагъэсэбэп мы Iэмалхэр: сарказм, ирония, гиперболэ, гротеск, аллегорие, пародие. Мыбыхэм дэтхэнэми мыхьэнэ щхьэхуэ яIэщ, ауэ я фащэкIэ зэщхьэщыкIыныгъэ щIагъуэ ядэплъагъуэркъым. А гупсысэр наIуэ тщIын щхьэкIэ, дыкъытеувыIэнщ Бещтокъуэ Хьэбас и «Сароробот»[25] тхыгъэм. Мыбы щызэхэгъэуващ усэбзэкIэ тхари, прозэри, эпосри, лирикэ Iыхьэ гуэрхэри. КъызэрыщIидзэр эпос сюжетым тет усэщ, «Сароробот» и псалъащхьэу. Сатырих апхуэдэу макIуэри, адэкIэ Iуэхум къыхохьэр роботхэр. Абыхэм яфIищащ «Ташибэ» (авторым етх: «Аппаратхэр, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, роботхэр къыщIэзыгъэкIар ди къэралми ахърэтми хуабжьу цIэрыIуэ щыхъуа «Ташибэ» фирмэрщ»). Роботхэри зопсалъэ, зочэнджэщхэр, зи хьэкум ящIэхэми зыхуагъазэр. (диалог Iэмалри тхакIуэм къыхегъэхьэ Iуэхум). Абыхэм зи хьэкум ящIэхэм «дуней нэпцIым» щалэжьа фIыри, мыхъумыщIэри, гуэныхь къызэрахьари жаIэ, экранхэми къыщагъэлъагъуэ.

«Тэрэзэзэман» Iыхьэм БещтокъуэмкъыщретхэкI дунейм ехыжа тхакIуэхэм я псэхэр (абыхэм япкъхэр «дуней нэпцIым» къытенащ) зыщIашэ зал абрагъуэр. Ар абджым къыхэщIыкIащ, дэнэкIи гъуджэм хуэдэщ, щхьэц налъи бгъэпщкIуфынукъым. Залым и теплъэмрэ тхакIуэхэм я псэхэр къыщыщIашэм зэрыщытахэмрэ усэбзэкIэ тхащ, адэкIэ Хьэбас прозэ-драмэ зэхэIуэнтIам хуокIуэ хьэкум процессыр къыщритхэкIым деж. Хьэкум процессхэр зэпигъэуурэ Бещтокъуэм дегъэувэ усэкIэ тха Iыхьэхэр: «Нарт ПIытIыш и пшыналъэ» (Роботхэр къыщегъэпсалъэ а пшыналъэхэм), «Мыужьыхыж джэгу» поэмэр, «ПIытIыш-сан и лIыгъэ пщыкIутIыр», «ИугъащIэ Геракл! Плъэгъуа, щIалэ, адыгэ!», «КIэтIумасэ-сан и пшыналъэ», «Сюжет», «ЕтIуанэ сюжет. Разлив», «ФэрыIужь и пшыналъэ», «Коммунистхэм куэншыб даш. Репортаж», «МыщхъыджокъуэНэкIэфий Уэхьий къызэрыхуэкIуар».

Бещтокъуэ Хьэбас адыгэ литературэм цIэрыIуэ зэрыщыхъуар и лирикэ гъуэзэджэрщ, ауэ гушыIэмрэ ауанымрэ зэбэкI «Сэророботри» зэбгъапщэ хъун абы хэту къыщIэкIынукъым. «Сароробо тым» абы Iэзэу щигъэлэжьащ пародиер, щIагъыбзэр, лъэпкъ гушыIэкIэм тет «убэкIэри», ныкъусаныгъэхэр сэтей къызэращI щIэнэкIалъэхэри. Бещтокъуэм и «Сэророботым» щIэнэкIалъэ щищIыр ди къэрал псом и блэкIамрэ адыгэ тхакIуэхэм я зэхэтыкIэ идеологие мыхъумыщIэм ижь

къызыщIихуахэмрэщ. А къалэн иныр зэфIигъэкIын щхьэкIэ, хуэфащэ сюжет гъэщIэгъуэн къигупсысащ, сюжетым хэт къэхъукъащIэхэри къызэриIуэтэн псэлъэкIэрэ композицэ зэхэгъэувэкIэ щIэщыгъуэрэ дыщIигъужащ. «Сэророботыр» къыщIедзэ тхакIуэ гуп зыр зым кIэлъыкIуэу дунейм зэрытекIыжыр къигъэлъагъуэу:

Уэшх куэд къешхащ, псы куэд блэжащ,
ДухуэхукIэ гъащIэ дахэ.
Си ныбжьэгъуфIхэри щIэслъхьэжащ –
Си «жэназым» хэтахэр.[26]

Мыбдеж «жэназы» псалъэр кавычкэм щIыдигъэувам къикIыу къыщIэкIынщ: Iуэхур къэзыIуатэр псэу щIыкIэ «дыуэ къытезыщIахэр» япэ зэрищар. Дунейм ехыж тхакIуэхэм я гъащIэр зэрекIуэкIа гуэрхэми я гугъу ещI авторым. Ахэр гугъу ехьами, зарегъапщэри зыбжанэрэ, рефрену къытрегъэзэж:

Сыт хуэдэу щытми, сэщхьу лей
Хэжь и къуэм къылъысакъым,
А лейм щыгъуазэщ Къэбэрдейр,
Ар зэикI сыбзыщIакъым.

Зы тхакIуэ хэщIыху адыгэ литературэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэту жеIэ усакIуэм, гушыIэ псалъэ «лъагэкIэ»: «Литературэр зэлымпIат, щытфIэлIэм КIэтIумасыр», «Нарт эпосыр къэсэхыжат, щытфIэлIэм Хэжь ПIытIакъыр», «Литературэр хисхьэжат ПIытIышым и хьэдагъэм», «Литературэ къуэпсыр гъуат ди НэкIэфий щисыкIым, зеиншэ къабзэ лIыхэр хъуат ди Дахэуэс «щыIукIым». НэгъуэщI зы тхакIуэ КIэтIопIи «тIомпI» ищIащ бампIэм, фыгъуэным.

Зытетхыхь зэманыр къыдегъащIэ Горбачев апхуэдиз тхакIуэ зэрылIэм щхьэкIэ комиссэ къызэригъэкIуам, абы иужькIэ «чэфу зыри яхэтыжакъым» ди тхакIуэхэм. ЕтIуанэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуащ Ахърэт дыхьэпIэр, куэбжищ зыхэлъыр. ЦIыху мин бжыгъэхэр щызэтрихьащ абдеж. ХъумакIуэхэр абрагъуэщ. Куэбжэ къэскIэ щытщ «ахърэтхэгъасэу» щIалэ набдзэгубдзаплъэхэр. Абыхэм «къызыфIамыгъэIуэхуу» уаджыфыр, зы щэху налъи къэмынэу, «щIым къыщыбгъэщIар зыхуэдэр» зыхащIэу.

Куэбжэм нэса тхакIуэшхуэ ПIытIакъ уз хьэлъэ къыхохьэ, пщIэнтIэпсыр къыхехур, къызэфIегъэмахэр, и нэгум къыщIохьэ теплъэгъуэ:

Чекистхэм зы жылагъуэ
Къыщахури, уафэм и фэр покI,

Зыкъыхуегъэщхъ я лъагъуэм.
Мэпыхьэ фызхэр, лІыжь джэлам
И жьакІэр къесыр нэпсым.
Къэнахэр кІэлъыхъуапсэу лІам
Яху адэ – щІым и нэзым.[27]

КъыкІэлъыкІуэ сатырхэм къыщыгъэлъэгъуащ цІыху лэжьакІуэшхуэхэр «кулак» фІащу зэрагъэкІуэдар, «псэукІэ нэху» зыухуэхэм лейуэ зэрахьахэр, къэралыр Гулаг зэращІар. Контраст Іэмалыр къегъэсэбэпри, усакІуэм къретхэкІ «гуфІэгъуэ» зэману колхозхэр къыщежьар, гуащІэрыпсэухэм я бэракъхэр щыхэтІащ хьэсэпэм.

Бещтокъуэм къегъэув тхакІуэр гъащІэм и пэжым текІын зэрыхуэмейр, абы текІмэ, и хьэкум зэращІэнкІэ хъунур. Ауан фащэм итми, ПІытІакъ судым ирашалІэ и тхылъым пцІы зэрыщиупсам папщІэ. ПІытІакъ къыщохутэ «Псэм и залэ» абрагъуэм, къытраубыдэр «Ташибэ-1» роботыр. КъызэрыщІэкІымкІэ, зи хьэкум ящІэм и мызакъуэу, абы и адэшхуэми, и адэми теухуа информацэ яІэщ. Утыкум къралъхьэр и адэшхуэр илъэс куэдкІэ унэІуту зэрыщытар, бэлыхь Іэджи зэрилъэгъуар. ПщылІыпІэм къикІа нэужь, жэмыхьэтым зыврэ зышрэ къыхуащэхуащ, ауэ гъэш къызыщІэкІ жэм къищэхуным хунэмысу, дунейм ехыжащ. Ахърэтым теухуахэри гъэщІэгъуэнщ: езанэ куей (зонэ), японыбзэкІэ «хеппи», адэкІэ квадрат здэщыІэр, мащэм и номерыр (13), сатыр зытетыр, н.къ. ЛІыжь хъарзынауэ жаІэр ПІытІакъ и адэр.

Хэжьым и адэшхуэр зыщыщми и гугъу ещІыр Ташибэ-2-м. Ар къызыхэкІар алан лъэпкъырщ. Къэбэрдейхэр къекІуэтэхыурэ «жьантІэм» дагъэтІысхьат аланхэр. Скобкэм дэт псалъэхэмкІэ ауан ещІ авторым адыгэхэр, къегъэлъагъуэр пасэм «хамэкІутІу» хьэл зэрыдиІар: «Адыгэхэм абы щыгъуэ нэхъ нэмыс яхэлът, иджыпсту хуэдэтэкъым. Езы алан лъэпкъым къыхэкІа шууейхэм, Іэмал иІэххэу, мы дунейм теткъым къузэратын жьантІэмрэ дамэтелъымрэ… Куэд уи дамэ щыщІэмытыжым деж, нэгъуэщІ мыхъуми зы хьэлъэ гуэр уи дамэ телъынри зыкъом и уасэщ»[28].

Адыгэ лІакъуэхэр (къэбэрдейхэр, шапсыгъхэр, беслъэнейхэр, бжьэдыгъухэр, абазэхэхэр, н.къ.) ауан зэрыщІхэу, зэхъурджауэхэу къокІуэкІыр куэд щІауэ. Апхуэдэщ нэгъуэщІ лъэпкъхэм къыхэкІыу адыгэ хъуахэми гушыІэ Іыхьэ «щІалъысри». Бещтокъуэ Хь. «Сэророботым» къыщегъэсэбэп а темэр. Хэжь ПІытІакъ и адэр алану щытащ, ауэ ар езы ПІытІакъ нэхърэ нэхъ адыгэу елъытэ. ПІытІакъ «адыгэ ныкъуэ» жыхуаІэм хуэдэт, апхуэдэу щытми, «и къулыкъукІи, и паспорткІи «адыгэ дыдэу» лІэжащ. Ахърэтым анализ щащІам къигъэлъэгъуамкІэ,

«аланти, алану къэнащ: нэшхуэу, и пэр хуэджыдэ мащIэрэ фIыуи шэщIауэ, зэрыбгъакъэр и нэбжьыцхэм къыбжаIэу, дыхьэшхыну хуежьа нэужь хы ФIыщIэм и щIэлъэныкъуэмрэ Каспий и толъкъун къащхъуэхэмрэ гуфIэгъуэшхуэм къыдриIэтейуэ, Псатхьэрэ Нептунрэ илъэс минищ хуэдизкIэ зэрымылъагъуу зэхуэзэжауэ гуфIэгъуэм зэрегъэбэн жыпIэну… Мыбы къикIыркъым анализыр зейр Iейуэ е фIыуэ. КъикIыр зыщ: мы адыгэ тхакIуэр аланыпсэ зэрихьэу дунейм тетауэ араш»[29].

ПIытIакъ и адэшхуэр унэIутами, езыр лъхукъуэлI къабзэ хъуащ, «балигъ хъуным махуищ нэхъ къэмынэжауэ» партым хыхьащ. Абы псэм гужьгъэжьу илъар хунэсрэ къызэкъуихыфамэ, итхыфынут авантюр роману 67-рэ, политикэ роману 33-рэ, рассказу 613-рэ, лирикэ усэу тIурэ ныкъуэрэ. Иужьрей лирикэ жанрыр мащIэ дыдэу къыщIигъэлъагъуэм щхьэусыгъуэ иIэщ: лирикэр цIыхум и гум къыбгъэдокIыр, мыбы пщIыр и хьэрэмщ.

ПIытIакъ и творчествэм топсэлъыхь эксперт Ташибэ-7-р. Абы къехьыр ПIытIакъ и роман «Жэщыбг шу» жыхуиIэм щыщ пычыгъуэшхуэ. Персонажхэм я портретхэм, биографием теухуахэр къыщритхэкIкIэ, дыхьэшхэн зыщI егъэлеиныгъэр къегъэсэбэп усакIуэм. Романыр «хьэм езыгъэхь» Ташибэ-7-м жиIэр имыухауэ сюжетым зы хьэлэмэт къыхохьэ – зэи къэмыхъуауэ «ПсэмиIалым» лIыжь губжьа къыщIолъадэ, и пыIэр къуацэщ, и гуэншэрыкъым шабий къолэл, езым башыр егъэдалъэ: «Сытхьэнши, сэ Хэжь ПIытIакъ и пщэм щIыкъыкъыр жезмыгъэIауэ сахущIэкIми». ЛIыжьым ПIытIакъ и губжьыр трикъутэну къэкIуащ, езыр щымыIэжми, и псэм башкIэ хэуэн и мурадщ. Абы къыфIэIуэхукъым мыбдеж хабзэ зэрыщыIэри, я суд зэращIэнури. ЛIыжьым и губжьым лъабжьэ иIэщ: «А гъуамэм (ПIытIакъ) а роман жиIэу зэриIулIам итыр пэж?». Ар пэжмэ, лIыжьыр и жыпым из гуэдз щхьэкIэ илъэс 12-кIэ Соловки щхьэ ягъэкIуа? И ныуэжьыр бампIэм ирагъэхьа? И хъыджэбзыр щхьэ гъуэгум щылIа? «Хэжькъым ар – Хьэжьщ». ГъэщIэгъуэнщ Бещтокъуэм и тхыгъэм ЛIыжьым къалэну щыхуигъэувар: тхакIуэ пщIыупсхэм я хьэкъыр щагъуэтыжын хуейщ ахърэтым. А пщIым зэхикъутащ цIыху къызэрыгуэкI куэдым я гъащIэр.

ПIытIыш теухуа хьэкумыр зэрекIуэкIыр усэбзэм ирегъэувэжыр Бещтокъуэм. Мы Iыхьэм фIещ «Нарт ПIытIыш и пшыналъэ». Роботхэр, щхьэж и Iуэхугъуэ зэрыэксперт елъытауэ, блыным кIэрыщIа ПIытIыш и псэм худэплъейурэ и биографиер, дунейм щилэжьахэр, щигъэхъахэр утыкум къралъхьэр. ПIытIыш и адэшхуэм и адэр хьэмшэрийт, гугъу ехьу Персым щыпсэуащ. Абы и къуэм гугъуехьыр хуэмышэчу КуржымкIэ къыщхьэдэхри (куржыхэми, ермэлыхэми я зэран

фIэкIа я сэбэп къекIакъым), Къэбэрдейм къэкIуащ «и Iэгур и тепщэчу». Адыгэхэр «муслъымэнлы хъуати, сэджытрэ бытыррэ зрамыт благъэкIыртэкъым». ПIытIыш и адэшхуэ Мэшмула зыкърегъанэр Къэбэрдейм. Курд щIалэжьым зыкърагъэIэтыж, адыгэ фыз къыхуашэ, и «гуэбэнэчыр зыщедзыжри» перс пшынауэ къишэну хэтщ, ауэ куржыхэмрэ ермэлыхэмрэ я удынхэр къоятэжри, си Мэшмула малIэ. Абы къыщIэна щIалэ цIыкIур (ар ПIытIыш и адэт) аргуэру адыгэхэм япI.

Ер тепщэ щыхъуа зэманым («лъэпкъ къыхэкIахэр ягъэкIуэду», «фIыуэ лажьэхэр ягъэтIысу»), адыгэхэм япIыжа ПIытIыш и адэм и бзэгукIэ «и Iыхьэ» яригъэукIащ. Бещтокъуэм жыIэгъуэ гъэщIэгъуэнхэр къегъэсэбэп унафэщIхэм цIыхухэр щIагъэкIуэда щхьэусыгъуэхэр къыщиIуатэкIэ: «ПыIэфI щхьэрыгъмэ – къуаншэщ», хамэхьэ – щыкI, унэхьэ – IукI!», н.

ПIытIыш усакIуэ зэрыхъуам («Уэ джэду бампIэм уигъэтха, уи япэ усэ цIыкIур уэсэпсу щIылъэм къытехьат, макъ псыгъуэ тIэкIу къыпыткIуу») къыщыщIэдзауэ и творчествэ псом зэрызиужьам щодыхьэшхыр, ауан ещIыр Бещтокъуэм. Джэду темэм куэдрэ текIыфакъым ПIытIыш, абы итхахэм хуэфащэщ мы строфахэр:

Джэду дуэт, джэду квартет,
Джэду сюитэ, соло!
Джэду мюзикл, джэду портрет,
Джэду симфоние… СолIэ!
Джэду стратег, джэду артист,
Джэду Iуэху бгъэдыхьэкIэ!
Джэду трагедие, джэду стих,
Джэдур зэпхъуэну хьэкIэ.

Мыпхуэдизрэ зы псалъэр къытегъэзэжынымрэ абы и образым хуэмыфащэ мыхьэнэ етынымрэ дыхьэшхэн ящI ПIытIыш и тхыгъэр. Мыпхуэдэ Iэмалым йоджэ «комизм лэныстэкIэ», ар къагъэсэбэпыр къагъэлъагъуэмрэ Iуэхур зытетымрэ щызэпэжыжьэм деж. Усэр усэ щыхъур «псэм къыхэкIа, гум и ныбжь зытрищIэ» гупсысэкIэ тхамэщ. Ар хабзэщ сыт щыгъуи, «ухуеймэ щхьэлым уэ тетхахь, АЭС ухуеймэ ухуэ», ПIытIыш «и гур тыхь хуищIыфакъым» итхам, къигъэпцIащ и лъэпкъ зыпIар. Абы щхьэкIэ жыхьэнэмэ дыдэм мыкIуэми, хьэршри хуэфащэкъым. ГушыIэмрэ ауанымрэ къыдэкIуэу Бещтокъуэм и «Сэророботым» щыкIуэцIреш зы гупсысэ: ди менталитетыр, ди хабзэ дахэхэр нэгъуэщI лъэпкъхэм хуахьыр адыгэхэм, адрей лъэпкъхэм къыхэкIахэр абы пэшачэкъым:

Менталитет къыфхуагъэхьар
Фхьыжащ хьэрыпым, тыркум.
ИгъащIэм фи мыхьэлар
Хабзэжь щывощI фи щIыгум.

Абы и щхьэусыгъуэр куэдщ, ахэр епхащ цIыху щхьэхуэхэми, тхакIуэхэми, жылагъуэ зэхэтыкIэ мыхъумыщIэу къэралым щыIами.

Поэмэр зэриухыу Ташибэ-8 роботыр утыкум къоджалэ, къыщIолъадэ «Скороробот» IэзакIуэр. Байронрэ Дантерэ я сурэтхэр нэхум къыхохьэри, я щхьэр Iэтауэ блокIхэр. Байрон (усакIуэшхуэм и шыпхъу Августэ) ПIытIыш и псэм пэгъунэгъу зэрыхъуу бэлътоку хужь кърехри и пэм Iуелъхьэ, и гур къызэрекIуэр къыуигъащIэу. Уафэгъуагъуэ щIэту ахэр мэбзэхыж. ПIытIыш и псэми «зыкъызэщIекъуэж», ар йожьэр… саугъэтым. Утыкум къохьэр Ташибэ-9, эстетикэмрэ философиемкIэ экспертыр, робот гупым я унафэщIыр. Ар япон акцент зыщIэт адыгэбзэкIэ мэпсалъэ: «ПIытIыш-сан и лIыгъэ пщыкIутIыр». «ЛIыгъэ» зыфIища, пункт 12-у зэхэлъыр аллегориекIэ гъэнщIащ, ахэр ПIытIыш и ныкъусаныгъэу къэббж хъунущ…

Зи Iуэху хэплъэнухэм яхэт КIэтIумэс чэзур къылъос. Ари тхакIуэт:

ЩIэщыгъуэу щытхи къыхуихуащ
Мы щIалэм, пцIы тетлъхьэнкъым.
Зы зэман гуэр «къэунэхуат»,
Щыкъухьэжар къэтщIэнкъэ.[30]

Ташибэ-1-р япэ къощри КIэтIумэс зыхуегъазэ. Ари щыхьэт тохъуэ абы Алыхьым талант къызэрыритам, ахэр и тхылъхэм къызэраIуатэм, ауэ зэман гуэрым иужькIэ «лIэжауэ» къигъэщIу щIидзащ усэхэр. КIэтIумэс и псэм къыпоткIукIыр зы нэпс ткIуэпс. Роботым псэлъэн щегъэтри, абы и натIэм къытредзэ «КIэтIумэс-сан (Джэдухьэжы къуэгъу) и пшыналъэ». КIэтIумэс и псэ щабэр псэжьажьэ мэхъу, зэми щIегъуэжу. Мэхъу тхьэрыIуэм и Iэдэж, ар и зэранщ усэм:

ТхьэрыIуэм лирикэр ефыщI,
Унэшхуэм зэ ужэхукIэ,
ЩIокI лирикэм и куцIым щыщ,
Къимыгъэзэж улIэхукIэ.

Бещтокъуэм (робот хьэкумым къыбгъэдэкIыу) КIэтIумэс и гъащIэр егъэбелджылы: абы и сабиигъуэр хиубыдащ ПащIэшхуэм и зэманым, «лъэхъэнэ гъуанэм» (а гъуанэм щхьэ куэд ищэщащ пагъэлъэтауэ я пщэм, Iэджэми «пщэуз» къащтат), Щхьэфэкъум и зэман «къэвэгъуэм щхьэр щикудам» техуащ и щIалэгъуэр, «зэман делэ» фIещыр набдзэшхуэм и лъэхъэнэм. Хьэкумым къыжреIэ зэманым теухуауэ КIэтIумэс зыгуэрхэри къызэрыхуэгъунур, ауэ:

Сыт жыдмыIами, адыгэлI
Iужажэр гущыкIыгъуэщ.
И гъащIэр – шхалъэщ, и псэр щIэлъщ,
И ужь къринэр – Iугъуэщ.

Мыпхуэдэ зэгъэпщэныгъэхэмкIэ гъэнщIа сатыркIэ КIэтIумэс и Iуэхур яух. Чэзур къылъос «мэкъумэшым кууэ тетхыхьа» КIэтоп (и псэр «нартыху бгъуэнлъам и жылэу» хузащ). Ташибэ-1-р утыкум къохьэ, и натIэм къытредзэ: «ФэрыIуэжь КIэтоп и пшыналъэ».

Зи хьэкум ящIэну къыкIэлъыкIуэ усакIуэр 1934 гъэм къалъхуащ, ауэ 1933 гъэм къалъхуа ПытIыш и сабиигъуэ шынагъуэм зыкIи ещхькъым КIэтоп ейр. Ар къыщалъхуа махуэм къэмыхъуауэ уэшхышхуэ къызэрешхар мыхъумэ, зэраныгъэ щыIакъым. Сабийр псынщIэу хэхъуэу, нэжэгужэу къэхъуащ. Псэ зыIут псори фIыуэ илъагъуу, «жыг тхьэмпэ зышх хьэпIацIэхэмрэ блэхэмрэ» къинэмыщIа. Драмэм и элемент гуэри хэтщ хъыбарым – Роботым и натIэм щагъэлъагъуэ КIэтоп щынэ цIыкIум дэджэгуу. Ар къэзухъуреихь идиллиер КIэтоп иужькIэ хегъэхьэ и усэхэми, ар матхэ:

Хуэусэу мэлым, чыцIым, вым,
Жэгундэм, кхъуейм, гуэдз хьэсэм,
Кхъуейлъалъэм, шхупсым, щIэпым, щIым,
Шыд пэхум, шы мыгъасэм.

ГушыIэр щIохуабжьэ усакIуэр зытетхыхь Iуэхугъуэхэм хэхъуэху, езы КIэтопи мэкъумэш вузыр къиухыху, лэжьапIэ зыбжанэ зэрихъуэкIыху. ГъащIэм мыарэзыныгъэ щыIэуи, конфликти, зэфIэни, зэдауи гу лъитэкъым «щIалэжьым», «нащэм тетхыхьмэ – ар Iэдий хуэдизу» къегъэлъагъуэ, и шыщIэр мажэ «дыжьын лъагъуэм телъэту», колхоз къыкIэрыхухэри игъэтэмэмыжт, «пхъэпс цIыкIукIэ щиупсырт» и очеркхэм. Рассказри къигъэIурыщIащ КIэтоп, повестми ирикуащ, къэувыIакъым и щхьэгъусэ Чэбэхъан зэригъэпсэун газетым махуэ къэс ирит сатыр щитIымкIэ, гугъу зригъэхьащ, журналист щэджащэ, тхакIуэ уардэ хъуащ. УнафэщIхэм я жэрдэмхэр жыджэру ядиIыгъащ, парт организацэми хэтт, «химизацэм хуэусащ», нартыхум и зэманым «дыгъэ къуэш» фIищащ нартыхум, бзий къэскIэ нартыхущхьэу плIы «къыдигъэкIащ», «Генсекыр лIэмэ, нахуэу гъащ». Авторым и цIэр къримыIуэ щхьэкIэ, зыхэпщIэу ауан ещI соцреализмэр, литературэм конфликт къигъэлъэгъуэн хуэмейуэ къэзыгъэувауэ щыта «теория бесконфликтности» зыфIащар, бзухэри, цIыхухэри, хьэкIэкхъуэкIэхэри «гуфIэу» партым щигъэпсэуа зэманыр.

ФэрыIужь КIэтоп итхахэр гум къызэрыбгъэдэмыкIым, тхакIуэм талант щIагъуэ зэримыIэм и щыхьэту авторым къехь «Коммунистхэм куэншыб даш» репортажыр. Бещтокъуэ Хьэбас пародие ищIыр КIэтоп и закъуэкъым, атIэ зытепсэлъыхь зэманым журналистхэм штамп яхуэхъуауэ щыта хъэтIырщ, псоми яIэщIэужэгъуа псэлъэкIэрщ. Ахэр дэпсэлъейуэ «жыIэкIэ лъагэкIэ» къагъэлъагъуэрт Iуэху жыгъей дыдэхэр. Жырыш лъэщхэр ахъырзэману мавэхэр, «вагъэмбэкъу бгъузэхэр сэхуран дагъэ дэкIам хуэдэу дыгъэпсым полыд, жырышхэм я макъ гуащIэм къигъэуша къуалэбзухэр IукIей-щIыкIейуэ зэрызохьэ»[31]. Гъатхэр угъурлыщ, Генеральнэ тхьэмадэм «Къыумылэжьауэ, сыт пшхын» жыхуиIар фIыуэ къагуроIуэ колхозхэтхэм. Абыхэм я мурадщ мы гъэм гъавэ нэхъыбэ кърахьэлIэну. Щапхъэ къагъэлъагъуэ коммунистхэм. Iуэхушхуэщ куэншыб дэшынри («субботник» зыфIащарщ зи гугъу ищIыр).

Ташибэ-9-р нэщхъейуэ къыхохьэжыр псалъэмакъым (прозэр аргуэру усэм хуокIуэ). Ар къопсалъэ гуащIэу, ауаным къыщымынэу «сарказм» жыхуаIэу пхъашагъэ зыхэлъ псалъэхэмкIэ игъэкъуаншэр КIэтоп и закъуэкъым, атIэ губжьыр ялъегъэсыр усакIуэ, тхакIуэ зи къалэмыр идеологхэм «къапхъэным» ирагъэтIысхьа псоми, зи талантыр пэжым, напэм, щIыхьым тезымыгъэкIуэдахэм, къэкIуэну щIэблэм лъабжьэ яхуэмыхъуахэм.

Роботым «Iыхьэншэ» ищIкъым нэмыс зыфIэкIуэда бзылъхугъэхэри. Абыхэм ятеухуа строфар образ хьэлэмэтрэ зэгъэпщэныгъэ щIэщыгъуэкIэрэ гъэнщIащ:

Зэманым къигъэпцIа бзылъхугъэ
Зи мыIэнатIэ пэрытам,
Мис, и псэр нэпсым хэщIа щыгъэу,
Щыгъэ шыугъэу икIутащ.

Усэбзэр къулейщ, макъ дэкIуашэ «гъ»-м къытрегъэзэж, силлабо-тоникэм и хабзэ кIэух рифмэри адыгэ IуэрыIуатэм и хабзэ рифмэ ухуэкIэри къыщыгъэсэбэпащ: ещанэ сатырыр зэриух «щыгъэм» пэджэж псалъэкIэ къыщIедзэ еплIанэ сатырыр. Ар дыдэм и кIуэцIым хэтщ нэгъуэщI рифми («шыугъэу»). МакъкIэ фIыуэ зэрыузэдам нэмыщIкIэ, нэпсыр щыгъэм зэрыригъапщэри щIэщыгъуэщ. А нэпсыр зэрышыугъэр хэплъхьэжмэ, образыр гукъинэж мэхъу (дигу къэдгъэкIыжынщ М.Ю. Лермонтовым и «Кинжал» усэм къыщигъэсэбэпа образыр: «Слеза – жемчужина страданья»). НэгъуэщI зы зэгъэпщэныгъэ дахи щыжеIэ Бещтокъуэм къыкIэлъыкIуэ строфам: «Бзэр зыгъэпудыр ещхьщ дыгъуакIуэм, къару и лъэпкъым къыфIедыгъу».

ТхакIуэхэм я зэхэтыкIэ мыщIагъуэр ауан ещI Бещтокъуэм Ташибэ-9-м Iурилъхьа псалъэхэмкIэ: ПIытIакъ нэхъыжьт, тхьэмадэу хахати, абы щышынэурэ я жыпхэм жьэ пшынэр кърахри «макъамэфI куэд» зэхрагъэхащ, КIэтоп союзым хагъэхьэн щхьэкIэ щытхъу очеркышхуэ къытридзэгъащ Тхьэмадэм щхьэкIэ. Псоми ящIэ тхакIуэхэм я Iуэхум зэхьэзэхуэр фыгъуэным куэдрэ зэрыхуэкIуэ хабзэр. А темэри къыщеIэт Хьэбас мы тхыгъэм. КIэтIумэс яIэту щIадзат, абы саугъэт къратати, Дахэуэс ПIытIышыр здешэри Унэшхуэм макIуэ, къэзэуат къеIэтыр, мэтхьэусыхэ. Дахэуэс саугъэтыр ПIытIышрэ езымрэ нэхъ яхуэфащэу къелъытэ. ГъэщIэгъуэнщ Дахэуэс жиIэр КIэтIумэс щхьэкIэ: «ЩIыху пэжкъым ар. И адэращи, молэуэ къуажэм дэсыгъащ». КъызэрыщIэкIымкIэ, фIыуэ утхэми саугъэт пхуэфащэкъым, уи адэр молэмэ. А деталымкIэ усакIуэм ауан ещI зэман блэкIам щытепща идеологиер. Дахэуэс саугъэтыр «щIыхуэфащэр» а дахэ цIыкIур «и щIэщыгъуэу КIэтIумэсышхуэ дэуэршэру» зэрыщытарщ… Адрей тхакIуэ персонажхэм хуэдэу, Дахэуэс къылъысакъым пшыналъэ щхьэхуэ, аркъудей къилэжьауэ къыщIэкIынкъым абы и гъащIэмкIи, и литературэмкIи. Хьэкум зыщIэхэр кIыхьу къытоувыIэ Сэром и «канцелярием». Роботым жеIэ: «НэкIэфий и гъащIэмрэ и творчествэ уардэмрэ зэпкърыбгъэзэгъэну мыбдеж щыт! Iэджи зэригъэзэхуащ абы. Куэд зэридзэкIын хуей хъуащ»[32].

Таблом хьэрфышхуэкIэ къытредзэ МыщхъыджокъуэНэкIэфий уэхьий къызэрыхуэкIуар. Мыщхъыджокъуэр, критик хъунур, къыщалъхуа махуэри дыгъэпст, «щIы натIэм къебзейт дыгъэ бзийр, Iуащхьэмахуэ зэщIэпщIыпщIэрт». Ар къыщыхъуар «Дидэрей» адыгэ къуажэм пэгъунэгъу Мыщхъыдж къуажэрт, и адэшхуэ Хьэзрэт-Алий и унагъуэр къызэщIекъуэри адыгэ къуажэм къыхотIысхьэ, лъабжьэ щещI. Зи гъащIэр Iэхъуэшыхъуэу зыхьа Огъурлузбек (Хьэзрэт-Алий и къуэ нэхъыжьщ) и къуэ закъуэщ НэкIэфий. Бещтокъуэ Хьэбас адыгэ литературэр зезыхьэхэм «мыадыгэ» къуэпс зиIэ зэрахэтым и щыхьэту мы персонажри хегъэхьэ. НэкIэфий и лъэпкъыр жиIэкъым, ауэ и адэцIэмкIэ къеIуатэ усакIуэм. Критикым фIища цIэми зыгуэр IупщI ещIыр – «НэкIэфий» (зэрыцIыкIурэ Мыщхъыджокъуэм и щхьэм бзу щищ щызэрызехьэрт, ари «щIэфиихьыжу»). Бзухэм я симфониер и щхьэм икIыртэкъым НэкIэфий, абы тригъэгушхуэрт тхэну. Еянэ классым щIэсу ар щхьэгъубжэм дэплъри гу лъитащ жьыбгъэм Iущхьэ гъэгъар бжыхьым зэрыриудэкIым. Къыбгъэдэт шыпсыранэр хуэгъэхъейтэкъым жьыбгъэм. Гу лъитащ IэфIыр, дахэр, гуакIуэр тегушхуэгъуафIэ зэращIым. Ар дуней зэхэтыкIэ хъунт? Итхащ усэ.

ГушыIэ щIэлъу Бещтокъуэм пещэ НэкIэфий литературэм зэрыхыхьам, и тхылъыр къызэрыдэкIам, усакIуэфI зэрыхъуам

и хъыбарыр. АрщхьэкIэ усакIуэфIу куэдрэ ущагъэтын: къожэ «критикэмрэ кIритIмэритикэмрэ» (ауан зыкIуэцIылъ мы терминыр къэзыгупсысар Бещтокъуэрщ) и Iуфэлъафэм «щыпэщащэ тхакIуэ цIыкIухэмрэ критикыу зи гугъэж цIыкIунижьгъэхэмрэ». Егъэлеиныгъэ зыхэлъ псалъэхэм дыхьэшхэн ящI усакIуэм и гъащIэр, ар егъэбампIэ убэным. ЯIэщIокI псоми, НэкIэфий Питер макIуэ. ЩIэныгъэ иIэт (Англием и усакIуэшхуэ Джон Китс критикхэм зэрагъэлIар ищIэрт), икIи езым усэныр къегъанэри критикэм зрегъэз. Мыбдеж зы репликэ кIэщIкIэ («Къахэжыжынкъым адрейхэм, – жаIэри, кандидат къащIри къаутIыпщыж») ауан ещIыр «еджагъэшхуэ» нэпщI зэрагъэхьэзыру щыта щIыкIэр.

Зэман докI. НэкIэфий мурад ещI Хэжьым и «Жэщыбг шу» романым теухуа лэжьыгъэ итхыну. Хэжь ПIытIакъ къулыкъушхуэ Iэджи пэрытат: джэд фермэм и директору, мэкъумэш факультетым щыщ кафедрэм и унафэщIу, тхылъ тедзапIэм и директору, ар тхакIуэшхуэ къудейтэкъым. Дэнэ щыIэми – щапхъэт, ура! – зэрыжаIэу, псом япэ зричырт («Дэнэу пIэрэт апхуэдэ Ломоносовхэр щагъэхьэзыр цехыр?» – етх авторым). Апхуэдэ цIыхушхуэм и романыр «кърикъухьыну» хуожьэ НэкIэфий ПIытIакъ. Романым и лIыхъужь нэхъыщхьэ Аслъэмырзэ Шухьиб Восток Жыжьэм кIуауэ гъащIэщIэ щиухуэрт. НэкIэфий ар игу ирихьакъым: пцIы умыупсу мыхъумэ, уи унэ щыупсыж, сыт Аслъэмырзэ а хэку жыжьэм щIигъэкIуар? Апхуэдэ романым щретхъу КIэтоп, сэ сыкIэтопкъым, хьэ бжьыдзэр литературэм и локомотиву къэслъытэу»[33].

Романыр щиуб статьям НэкIэфий къыхуоджэ адрей тхакIуэхэм. ПIытIыш гуфIауэ, мыбауэу йодаIуэ, Дахэуэс лъэтэным нэсат, КIэтIумэс сакъыу щыст, тIэкIу къыпыгуфIыкIыу. Бещтокъуэ Хьэбас мыбдеж нэхъ къытоувыIэ адыгэ «драмэзутх» (цIэ щхьэпэ къыхуигъуэтащ!) щIалэщIэ Жьуд Мэмэт. Абы и портретыр, и сурэтыр ди пащхьэм нэрылъагъуу кърегъэувэ: «Жьуд Мэмэт апхуэдизу гуфIэщауэ дыхьэшхырти, и пщэ псыгъуэм къыхэфIыцIыкIа лъынтхуэм ислъэмей ищIыну къеIэ хуэдэт». ТхакIуэхэр арэзыуэ, уебгэмэ статьяр «ятхьэщIауэ» зэбгрокIыжхэр.

ПщэдджыжьымНэкIэфий и кабинет телефонымкIэ къопсалъэри аргуэру пропагандэ къудамэм ираджэ, зэрыщIыхьэу и псэр Iузыуд псалъэхэр къытрагъэлъалъэ: «ЛIо, ныбжьэгъу Мыщхъыджокъуэ, уэ соцреализмэм и лъабжьэм раствор хъарзынэ кIэщIэзыупщIэжа Хэжьыр тегушхуэгъуафIэ пщIы хъуну къыщIэплъытар? Къэвгъанэ ахэр. Фызезыхуэр сыт? Зым Iэпыхур зым къищтэжу фызэхэтынумэ, хэт зэран къыфхуэхъур?… Мы диIэ тIэкIур фэр-фэрурэ фызэрытхьэлэжмэ, сыт итIанэ – ди гъунэгъухэм я деж дыкIуэу, – тхакIуэ диIэжкъыми къытхуэвгъакIуэ, – яжетIэн хуейуэ ара?»[34]. Япэм щраджам

НэкІэфий и ныбэр къыхэлъэдауэ щытамэ, иджы и щхьэр зэтреч. Гугъуехьымрэ стипендиемрэ я зэхуакум дэту зи гъащІэр зыхьа щІалэр директорхэмрэ парторгхэмрэ чыну кърахуэкІ!

Іэджэми егупсысащ НэкІэфий, псэр гугъу йохь, и бампІэр щхьэщигъэкІын папщІэ къуажэм кІуэжырейщ. И зы кІуэжыгъуэ гуэрым Іуэхугъуэ телъыджэ къыхукъуэкІащ.

Хьэуа къабзэм, пІэ хуабэм, зыхуэзэша лъапсэм зи псэр ягъэтынша НэкІэфий жеярэ мыжеярэ хузэхэмыхыу щылъщ, уэздыгъэр игъэункІыфІыжауэ. КъыгурыІуэркъым щхьэгъубжэм къыкІэрыт дахэшхуэ, зи Іэр къэзыший къыфІэщІыр. ЗыкъиІэтыну щыхуежьэм, и пкъыр хуэгъэхъеякъым; «Щылъ умыгузавэу» – жыхуиІэу и дамэр еІэт, къыщІедзэ: «Зи гъащІэр кІыхь хъун адыгэ критикышхуэ Мыщхъыджокъуэ НэкІэфий. УмыпІейтейуэ зыгъэпсэху, хуиту къызэдаІуэ. Уэхьий жыхуаІэр сэращ. СыкъыщІэкІуари мыращ. Дэ дощІэ уи гъащІэм и уасэр. ФІыуэ дыщыгъуазэщ бэлыхьу пшэчми, уагъэшэчами. Гугъу урагъэхьа щхьэкІэ, уи гугъуехьыр псапэу къуитыжынущ. Хэжь ПІытІакъ и роман гъумыщІэм тІэкІу сигъэлъэпэрэпащ – жыпІэу, куэдрэ умынэщхъей. Апхуэдэ романым трактори хуэгъэлъэпэрэпэнущ. Мы зыри зыщумыгъэгъупщэ. Уэ узыхалъхуа лъэпкъым и лІы нэхъыфІхэр бэлыхьхэмыкІыу ягъэпсэуну къахуиухащ»[35]

И унагъуэ Іуэхухэри, и усэри, и критикэм къыхуихьа хьэлэбэлыкъхэри къытегуплІат НэкІэфий. Къэтэджа нэужь, абы игу къохьэжыр Уэхьийм и чэнджэщыр. Я гъунэгъу щІалэ цІыкІу Мыштракъ егъажэри шыдыгу кърегъэху (хьэблэм дэс гуэрым ирегъэлъэІури). ТІури зэгъусэу псыхъуэм дохьэри, фэеплъ хъун хуэдэ мывэ къагъуэт. Мывэхэм лъыхъуэурэ, абы тетынум зэригъэгузавэм и щыхьэту, НэкІэфий игу къокІыж: «… И милость к падшим призывал…». Мы жыІэгъуэ кІэщІым ауан ещІыр персонажым кърихьэжьа Іуэхур. Езы НэкІэфий зыхуищІыж уасэмрэ и фэеплъым тритхэнумрэ (а псалъэхэр зей А. Пушкинрэ) шумрэ лъэсымрэ хуэдэщ.

Егъэлеиныгъэ хэлъщ мывэр езымрэ щІалэ цІыкІумрэ гум зэрыралъхьам теухуа сатырхэм: мывэр пхъэбгъукІэдралъэфейри, гум и пэр къыдопкІей, шыдыр еІэт, гур мывэм зэтрекъутэри щІым йохуэхыж, шыдри къохуэхри и лъакъуэр мэкъутэ. НэкІэфийри хокІуадэ мы хьэлэбэлыкъым. Мыр финалу къэплъытэ хъунущ Бещтокъуэм и тхыгъэм, ауэ абы къыкІэлъыкІуэнущ сюжетыр зэриух гуэрхэри. Зи Іуэху къикІар Шыдырщ, абы и лъакъуэр къута щхьэкІэ игъащІэм имылъэгъуа пщІэ къыхуащІащ «Дидэрей» къуажэдэсхэм. ЩІалэ цІыкІу Мыштракъ гъуэгыу щІопхъуэри хьэблэр къежыхьыр, дохутырхэр къосыр, ауэ ахэр дэІэпыкъужыфынутэкъым зызукъуэдиижа НэкІэфий. ЛІар дохутырхэм Іуашри, КІэфий и гугъу ищІыжкъым авторым. Шыдыращ псоми къафІэІуэхур, зытегузэвыхьыр.

Иужьрей эпизодым – Мыштракъ щIалэ цIыкIум теухуауэ жиIэмкIэ – Бещтокъуэр тхакIуэхэм ящодыхьэшх: «Псори хъарзынэ хуэдэт. Ауэ мы къекIуэкIам яужькIэ Мыштракъ литературэмкIэ урок яхущIыхьэжыркъым. Апхуэдэр къызэрысу и фэр пыхьэ-пыкI мэхъури зегъэбзэх, и тхылъхэр къепхъуатэри».

И кIэ дыдэм деж кIэщIу тхакIуэ персонажу мы жанрым хэтахэм ахърэт хьэкумымкIэ къалъысахэр макъ пхъашэкIэ зыгуэрым къыжеIэ (уэздыгъэри мэункIыфI, псори я пIэм йодиихь, блынхэр мэкIэзыз): «Хьэршым бгъакIуэ хъунукъым. Хьэмэшым саркофаг щахуэфщI, Чернобыль АЭС-м хуащIам хуэдэу». Таблор къызэщIонэри плъыжьыбзэу къытредзэ: «Хьэмэшым саркофаг щыхуэфщI!».

Таблор мэункIыфIыж. Нэм къыщIэIэбэр плъагъуркъым[36].

Зэрытлъагъущи, саркофагыр символщ, абыкIэ цIыхубэр, цIыху дунейм ехыжам я псэхэр пцIыупсу дунейм тета тхакIуэхэм щыхъумэн хуейуэ авторым къегъэув.

Бещтокъуэм и тхыгъэм, IутIыж Борис зэрищIу щытам ещхьу, усэри прозэри къыщегъэсэбэп. ГушыIэрэ ауанкIэ гъэнщIащ. Ауаным (сатирэм) и Iэмал зэхуэмыдэхэмкIи (щIагъыбзэ, аллегорие, пародие, егъэлеиныгъэ, н.) узэдащ. УсакIуэ-лирикым и зэфIэкIыр къыщигъэлъэгъуащ жанр нэхъ инми, и сюжетыр узыIэпызышэщ, щIэщыгъуэщ. Драматургие пкъыгъуэу тхыгъэм хэлъхэри усакIуэм пищIащ мы зи цIэ къитIуа персонажхэм.

Дызытесэлъыхьа тхыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэщи, гушыIэмрэ ауанымрэ щIыпIэ хэха щаубыд адыгэ усыгъэм. Абы хэлъхьэныгъэ нэхъыбэ хуэзыщIа усакIуэхэу IутIыж Борис, Бещтокъуэ Хьэбас, Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ, Бейтыгъуэн Сэфарбий, Мыжей Мамыржан сымэ къадэкIуэу, апхуэдэ налкъутхэр хэтщ КIыщокъуэ Алим и усэ кIэщIхэми, ЩоджэцIыкIу Iэдэм, Тхьэгъэзит Зубер, Брат Хьэбас, Бемырзэ Мухьэдин, Къагъырмэс Борис, Хьэх Сэфарбий, IутIыж Борис, нэгъуэщIхэми я Iэдакъэщ IэкIхэм, эпиграммэм хуэIэижьт КIуащ БетIал, апхуэдэхэр газетхэм, журналхэм къытрырегъадзэ ХьэIупэ ДжэбрэИли. Иджырей усакIуэ щIалэхэми я хамэкъым а темэр. Ар къазэрехъулIэр къэхутэныр лъэпкъ литературэ щIэныгъэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ.

ГушыIэмрэ ауанымрэ лъэпкъ прозэм. Къэбэрдей-шэрджэс прозэм гъунэжу хэтщ гушыIэмрэ ауанымрэ. Абы и лIэужьыгъуэ псоми гушыIэхэр хэпхъауэ щытми, ар и лъабжьэу нэхъыбэрэ къакIуэр анекдот, рассказ, новеллэ, баснЯ жанрхэрщ.

ТхакIуэхэм я рассказ щхьэхуэхэм фIэщыгъэцIэм иужькIэ скобкэм дэту «ауан» е «гушыIэ» псалъэхэр дыщIагъу хабзэщ. Яхэтщ гушыIэхэмрэ ауанхэмрэ щызэхуэхьэсауэ тхылъ

щхьэхуэхэр къыдэзыгъэкIахэри. Жанрым адыгэ литературэм зыщегъэужьыным и лъэныкъуэкIэ нэхъыбэ зыхузэфIэкIахэм ящыщщ Шортэн Аскэрбий (1916–1985). ТхакIуэ гъуэзэджэм, щIэныгъэлI пашэм 1961 гъэм къыдигъэкIащ «Уэлэхьи, пэжтэмэ» тхылъыр (рассказ 33-рэ итщ). Шортэн Аскэрбий ИуэрыIуатэмкIэ щIэныгъэлIщ, ар сэбэп къыхуэхъужащ лъэпкъым къыдекIуэкI гушыIэхэр зэхуэхьэсыжынымкIи, ахэр я лъабжьэу рассказхэр тхынымкIи. Къэзанокъуэ Жэбагъы и жыIэгъуэхэм, псалъэ шэрыуэхэм сюжетхэр къатригъэпщIыкIыурэ рассказ 13 итхащ абы (ахэри мы тхылъым итщ). НэгъуэщI сюжет зыбжанэ ИуэрыIуатэм къыхихри литературэм и фащэ щитIэгъауэ ущыхуозэ мы тхылъым, «Уэлэхьи, пэжтэмэ» рассказым къыщыщIэдзауэ (зэныбжьэгъуитIым хъыджэбз къадыгъуу жаIэурэ, абы и анэ фызыжьыр шыплIэкIэ къызэрахьам теухуащ). Апхуэдэхэщ «ЛIы цIыкIу къамэшхуэ», «Джыдэмрэ танэмрэ». «КъуийцIыкIурэ сохъустэмрэ», «Блэгъур, пщыжьыр, джэгуакIуэр», «Уи шыр бом щIэтщ», «Хэт нэхъ делэ?», «ПIетIрэ ПIотIрэ», нэгъуэщIхэри.

Езы Шортэным зэхилъхьа сюжеткIэ тха рассказхэр зэриухыр гъэщIэгъуэнщ. «Уэсмэн тутын зэрыщигъэтар» (мыгъасэ гуэр лIыжьым къолъэIу: тутын, кIылъымпIэ, мафIэдз… А псори иретыр чысэри хэту. Ауэ къыIихыжыркъым: «Тхьэр згъэпцIащ а уэ пэшэгъу укъысхуэзыщIа тутыным дяпэкIэ сефэмэ»), «Телефон» (бюрократ Мухьэмэд Аслъанович телефон псэлъэкIищ иIэщ: и къуажэгъу езыгъэджа лIыр имыцIыхуж зещIыр, и анэ сымаджэм дэIэпыкъум, и унафэм щIэтым тогуауэр, и унафэщI Иван Кузьмич щепсалъэкIэ, и «бзэ дахэр къеутIыпщ», шэнтым зытреIэтыкI, и псэр иригъэшхынущ, щIоупщIэ псоми, я хьэри хэту…), «Си Мурадин» (фызым и щхьэгъусэр къулыкъум зэрыщигъэкIам теухуащ, къулыкъум къытрагъэкIри и зекIуэкIи, и псэлъэкIи, и хьэли зэрыщытам хуэкIуэжащ, а махуэр фызым и махуэшхуэу къилъытащ).

«Лекцэ» рассказым Шортэн Аскэрбий ауан щещI иджырей адыгэ щIэныгъэлIхэм я адыгэбзэр гурыIуэгъуей зэрыхъуар. Лъагъуныгъэм теухууэ лекцэ къеджэну лектор къэкIуати, зэрыкъуажэу зэхуэсащ, ауэ зыми зыри къыгурыIуакъым абы жиIахэм щыщу. Лекторым къипсэлъыр кудат нэгъуэщIыбзэхэм къыхиха псалъэхэмкIэ: моногамия, канон, альфа-омега, стимулис, рефлекс, скрецие, нэгъуэщI куэд, еджагъэшхуэ ямыцIыхухэм я унэцIэхэри хэту. Лекцэм и кIэм зы хъыджэбз къамылыфэ щIэупщIащ: «Сытыбзэ узэрыпсэлъар, сыт узытепсэлъыхьар?» ЩIалэжьым и жэуапми пидзыжащ: «Узот уэ апхуэдэу лъагъуныгъэ». Псори дыхьэшхри зэбгрыкIыжащ мыарэзыхэу. Новеллэ дыдэу къэлъытапхъэщ «Уборщицэ» тхыгъэр. Мыбы щекIуэкI Iуэхур щэнейрэ зэрехъуэкI. УнафэщI Кушыку деж лэжьапIэ хуейуэ зы хъыджэбз къокIуэ, Къасболэт

къигъэкIуауэ жеIэри. ЛэжьапIэфI зыбжанэм хигъэда нэужь, и унэцIэр зэры-Сэлмэныр къещIэр (Сэлмэн куэдрэ зэран къыхуэхъуа гуэрт). ЗыщIелъэфыжри … уборщицэу къещтэ… Унэм къокIуэжри Кушыку и щхьэгъусэм къыжреIэ я къуэ закъуэм фыз къишэну мурад зэриIэр. ХьэгъуэлIыгъуэр екIуэкIыу Кушыку къещIэ и нысэр а уборщицэрауэ зэрыщытыр…

Шортэн Аскэрбий и творчествэм щIыпIэ хэха щаубыд и ауан, гушыIэ рассказхэм. Ахэр зэхуэхьэсыжауэ, тхылъ щхьэхуэу, япэу къыдэзыгъэкIари аращ. Ауэ, дызэрыщыгъуазэщи, Шортэным и творчествэм и фIыпIэри, и цIэр жыжьэ зыгъэIуари и «Бгырысхэр» тхыдэ романырщ, и драмэ, щIэныгъэ лэжьыгъэхэрщ.

Теорием елэжьхэм фельетоныр публицистикэм хабжэ, апхуэдэ тхыгъэхэр нэхъыбэу къызытрадзэри газетхэмрэ журналхэмрэщ (жанрыр къыщежьар 1800 гъэрщ, зи IэрыкIыр францухэрщ). ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, фельетонхэм гушыIэрэ ауанрэ хэзщ. Адыгэ литературэм и зэхэшакIуэхэм я нэхъыбэр журналисту щытащ, тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэри зытрадзэр газетхэрт. Псалъэм папщIэ, шэрджэс литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщ зы, япэ адыгэ романыр зытха Абыкъу Хъалид (1900–1938, «Инжыдж и Iуфэхэм» и романыр 1930 гъэм къыдэкIащ, 1934 гъэм СССР-м и ТхакIуэхэм я япэ съездым хэтащ) и фельетонхэр литераурэми публицистикэми хэббжэ хъунущ. Абыкъум и фельетонхэм щIидзырт «Хъалид тхьэмыщкIэ» псевдонимыр, тхыгъэхэм я фIэщыгъэцIэми хэтт «Хъалид тхьэмыщкIэр» («Нобэ Хъалид тхьэмыщкIэ жеIэ», «Нобэ Хъалид тхьэмыщкIэ магъыр», н.къ.). Апхуэдэ щIыкIэкIэ, абы цикл щхьэхуэ ищIащ зы персонажым епха фельетонхэр. Абыкъум и фельетонхэм нэхъыщхьэу хэлъэгъуапхъэр абыхэмкIэ адыгэ тхакIуэхэр къэзыухъуреихь дунейр художественнэ IэмалхэмкIэ къэгъэлъэгъуэным зэрыхуашарщ, гушыIэ, ауан рассказхэр лъэпкъ литературэм къыхэшэным щIэдзапIэ зэрыхуэхъуарщ.

Анекдот жанрыр и сюжеткIэ гушыIэмрэ ауанымрэ пыщIащ, и лъабжьэуи жыпIэ хъунущ. Анекдотыр ижь-ижьыж лъандэрэ IуэрыIуатэм къыдогъуэгурыкIуэ, литературэм еханэ лIэщIыгъуэм къыхыхьауэ щIэныгъэлIхэм ятх. Литературэ тхыгъэхэм хэт персонажхэм анекдот жаIэу урохьэлIэ. Ар новеллэ гъэкIэщIауэ жызыIи щыIэщ, пэжу ахэр новеллэм и лъабжьэ хъуауи ухуозэ. Анекдотхэр, жьэрыIуатэ гушыIэ хъыбар кIэщIхэр языныкъуэ адыгэ тхакIуэхэми зэхуахьэс, литературэм и фащэкIэ яхуапэри тхылъ щхьэхуэу къыдагъэкIыж. Шэрджэс тхакIуэ Къантемыр Тыркубий, псалъэм папщIэ, апхуэдэу тхылъитI къыдигъэкIащ: «СыгушыIэуи си фIэщуи» (Черкесск, 1997), «Кулизар мэIэзэф» (1989). Къантемырым и гушыIэ рассказхэм

новеллэм и хьэли яхэлъщ: узэмыжьа жэуап е къуэхъукъащIэ гуэрхэм ущыхуозэр. «ПхъащIэм и гукъеуэр» рассказым хэт лIыхъужьыр пхъащIэу илъэс куэдкIэ лэжьащ. Иужьым, зыгъэлIэну узыр къеуэлIауэ пIэм хэлъу, къыщхьэщытхэр еупщIащ: «Узыхуэмыарэзы гуэр щыIэ, умыущэхуу къыджеIэ». Къамбот и нэр ерагъыу къызэтрихри жэуап къаритащ: «ПсейгуанэмнэхъсызыхуэмыарэзысигъащIэмсрихьэлIакъым».

Тыркубий и гушыIэ рассказхэм диалог Iэмалыр хъарзынэу къыщегъэсэбэп. «ЗэрыцIыхуащ» тхыгъэр апхуэдэщ. Iуэхур щекIуэкIыр автобусырщ. ЦIыхубз нэхъ щIалэр мэтэджри фызыжь гуэр егъэтIыс. Фызыжьыр адыгагъэ къезыхам фIыщIэ хуищIын и мураду къопсалъэ: «Дэнэ ущыщ, унагъуэ уис, тIасэ?» Жэуапырщ гушыIэр зыхэлъыр: «Алыхь мыгъуэ, дисуи мэхъукIэ, дыкъикIыжауи мэхъукIэ». Къантемырым балигъхэм щхьэкIэ итха гушыIэ рассказ кIэщIхэр нэхъ мащIэщ сабийхэм теухуахэм нэхърэ. Мыхэри диалог гъэпсыкIэм тетщ. Тхыгъэхэм узыщрихьэлIэ сабий образхэр гукъинэж ящI абыхэм я жэуапхэм. Ахэр щIэщыгъуэщ, гушыIэкIэ гъэнщIащ, парадокс (узэмыжьэ, гъэщIэгъуэн) гупсысэкIэ хабзэм тещIыхьащ. Сабийхэм пцIы яупс хабзэкъым, аращ абыхэм зэреупщIхэм пэкIуэу къратыж жэуапхэм гушыIэ къыщIишэри. «Дызощтэ» рассказым егъэджакIуэм еджакIуэм зыхуегъазэ: «Уи унэ лэжьыгъэм нэхъ Iейуэ тха зэрыклассу къыхэкIакъым, уи адэм жесIэнущ ар». ЕджакIуэм: «Тэмэмщ! Мыхъуми ар дяпэкIэ нэхъ егугъунщ». ЕгъэджакIуэр щIоупщIэ: «Сэ сопсчэ», «Уэ уопсчэ», «Ар мапсчэ» псалъэухахэр сыт хуэдэ зэманым ит? «ЩIымахуэ зэманым», – къитащ жэуап Вовэ («КъыхэгуоукIащ»). «Жэуап тэмэм» рассказым егъэджакIуэм и упщIэм – «Электричествэмрэ уафэхъуэпскIымрэ сыткIэ зэщхьэщыкIрэ?» – жэуап хьэлэмэт ирет еджакIуэм: «УафэхъуэпскIыр пщIэншэу маблэр, электричествэм пщIэ щIэтын хуейщ».

ГушыIэ дахэ хэлъщ «Сэри пенсэм сывгъакIуэ» рассказ цIыкIуми. Хьэзрэт и адэм йоупщI: «Папэ, мо дадэр щхьэ махуэ къэс тетIысхьэпIэм тес, лажьэркъэ?» «Ар пенсионерщ, лажьэми мылажьэми хъунущ». Хьэзрэт дыщIегъуж: «АпщыгъуэкIэ сэри сабий садым нэхърэ пенсэм сывгъакIуэ».

Къантемыр Трыкубий и гушыIэ рассказ кIэщIхэм я темэхэр куэд мэхъу, ауэ нэхъыбэр пыщIащ еджапIэм, абыхэм къыщыгъэсэбэпари зы фащэщ: егъэджакIуэр йоупщIыр еджакIуэм, иужьырейм и жэуапыр гъэщIэгъуэнщ, дыхьэшхэнщ. Апхуэдэщ «ХущIыхьэкъыми» («Сыт уи пIэкIэ унэ лэжьыгъэр уи уи адэм щIебгъэщIыр? – Мамэ хущIыхьэтэкъыми»). «Сыхьэтыращ» («Щхьэ укъыкIэрыхуа, ухэжея? – Хьэуэ, сыхьэтыращ хэжеяр»), «Кхъуейращ» («Тамарэ, «Къуаргъымрэ Бажэмрэ» басням сыт нэхъ уигу ирихьар? – Кхъуейращ»), «Сынохъуапсэу» («Казбек, уэр хуэдэу мыIэрысэ сшхыуэ фи

пащхьэм сыкъиувэмэ, дауэ укъызэплъынут? – Сынохъуапсэу»), нэгъуэщIхэри.

ІуэрыІуатэми лъэпкъ литературэ зэхуэмыдэхэми хэтщ Хъуэжэ и образыр. Литературэ ныбжьышхуэ зиІэхэри, Хъуэжэ и таурыхъхэри КъухьэпІэ лъэпкъхэм я деж къыщежьащ. Хъуэжэ теухуа хъыбархэм, рассказхэм я сюжетым и ІыхьэфІыр «зэІэпахыу» къэзыгъэсэбэпхэм ящыщщ адыгэхэри. Хъуэжэ и хъыбархэр гъунэжу хэтщ ди ІуэрыІуатэм, литературэми щымащIэкъым ахэр. Хъуэжэ и образхэр гъэнщIащ гушыІэрэ ауанкІэрэ. Абы ирапх Іуэхугъуэхэр, езы Хъуэжэ зыхэхуэ дыхьэшхэн къэхъукъащIэхэр лъэпкъ къэскІэ и фащэм ирегъэувэ, и дуней еплъыкІэм трегъэхьэ.

Адыгэ ІуэрыІуатэм къыхыхьа Хъуэжэ епха сюжетхэри, езы ІуэрыІуатэм Хъуэжэ и образыр къигъэсэбэпу къигъэщIа хъыбархэри зэхуахьэсауэ тхылъ зыбжанэ щхьэхуэу къыдэкIащ («Хъуэжэ и таурыхъищэ», Налшыкрэ Мейкъуапэрэ). Хъуэжэ и образыр зыкІуэцІрыкІ рассказхэр зи лъабжьэ гушыІэ рассказхэр щызэхуэхьэсауэ АбытІэ Владимир «Хъуэжэ и жыІауэ» тхылъ къыдигъэкIащ. Абы ипэкІэ Хьэнфэн Алим (1922–2014) гушыІэ рассказхэр, очеркхэр, зэдзэкIахэр щызэхуэхьэсауэ «Хъуэжэ и хъыбарыщIэхэр» дунейм къытехьащ. Хьэнфэн Алим 1969 гъэм къыдигъэкIауэ щытащ гушыІэ рассказхэр щызэхуэхьэса тхылъ – «Мывэ къуэлэн цIыкIу».

«Хъуэжэ и хъыбарыщIэхэр» тхылъым ихуа рассказхэр я темэкІэ зэхуэмыдэхэщ, ауэ абыхэм я нэхъыбэм Хъуэжэ персонажу хэтщ. Сюжетхэр къыхэхащ ди зэманым, адыгэ гъащIэм. Пэжщ, зэман блэкIам (совет лъэхъэнэм) цIыхухэм яфIэгъэщIэгъуэну щыта темэу, нобэ гулъытэ зыхуамыщIыж гуэрхэм теухуа зыбжанэ итщ Хьэнфэным и тхылъым (Фадафэхэр ауан зыщIхэр: «Цырибоныкъуэ», «Бахырбэ», «Умышынэмэ еуэт…», «Хъуэжэрэ мыукІытитІрэ», «ЩІыбкІэ, Хьэжрэт, щІыбкІэ», «Нэчыхьытх хъыбар», н.). ЩымащIэкъым ефэндым теухуа гушыІэ рассказхэри.

Совет лъэхъэнэм парт унафэщIхэм диным пщІэ хуащIу щытакъым. Ефэндым и образри литературэм щIэнэкIалъэ ищI зэпытт, ар тхакIуэхэм нэпсейуэ, динми куэд хамыщIыкІыу къагъэлъагъуэрт. Дызэрыт зэманым дин зехьэнри хуит хъуащ. Ефэндыхэри адрей ІэщIагъэлIхэм хуэдэу литературэм хыхьэ хъуащ гъащIэм и диалектикэм тету: я Іейри щIахъумэкъым, яфIри ягъэлъахъшэркъым. Хьэнфэн Алим езыр тхакIуэ нэхъыжь дыдэхэм хабжэ, совет идеологием щIапIыкIащ, араш мы тхылъым ихуа рассказхэм хэт ефэндыхэм я образхэм ауаныр ебэкIыу щІыщытыр. Апхуэдэщ «Ефэндыр зэрагъэгуфIар», «Шыпсэ уедэІуэнумэ къеблагъэ» рассказхэр.

Диныр дакъузэу щыщыта зэманым ефэнды ІэщIагъэм щрагъаджэ щIагъуэ щыІэтэкъыми, къызэджэм къикIыр

я нэхъыбэм къагурыIуэртэкъым. Апхуэдэхэм ящыщ гуэрым триухуащ Алим и гушыIэ рассказ «Ефэндыр зэрагъэгуфIар». Хъуэжэ кхъэм къыдэкIыжа гуп игъэуэршэрт, ефэндым щIалъхьам и кхъащхьэм «уэрэд» щыжиIэрт. ЗэрыхуигъэфащэмкIэ, ефэндым нэхъ мыкхъэмывэ школым къыщIэмыкIауэ къилъытэрт Хъуэжэ: «Александр Македонскэр муслъымэн ефэндыуэ щытауэ и фIэщ пщIыфынущ иужь уихьэмэ». Ефэндыр уэрамым къыщытехьэм, Хъуэжэ абы зыхуегъазэ: «Бэзэрым деж сысэмэркъэууэ узэрызгъэгубжьар си гум къэкIыжыху си фэм сопщIэнтIыхь апхуэдизкIэ сыщIегъуэжащи. Си къуэншагъэр уи пащхьэм щызэзгъэзэхуэжмэ, хьэж къэсщIа къысщыхъунут». Ефэндым къэзыгъэзэжыр тхьэм ещтэж псалъэкIэ жэуап кърет.

Хъуэжэ екIужыпщIэу зы Iуэхуфl бгъэделъхьэ ефэндым. Самаркъанд и ныбжьэгъум къыхуигъэхьа хьэрып тхылъымкIэ игъэгуфIэнущ. Ефэндым пщыхьэщхьэм хуехь тхылъыр. А тхылъыр зейр «ефэндышхуэ» Омар Хайаму и фIэщ ещIыф. Ефэндыр къогузавэр муслъымэн бегъымбар имыщIэу къызэрыщIэкIам. Хъуэжэ жеIэр а бегъымбарыр щыпсэуар зэрыкъэралжыжьэр, къуажэм хъыбар псоригуваузэкъызэрысыр, хьэжыщI зэрыщымыIар и щхьэусыгъуэщ. Хъуэжэ тхылъым ит сурэтым ба хуищIу, Iэ дилъэу, ар и унэм иригъэкIыфынукъым. Ауэ Iэят зыбжанэ тригъэтхыкIым нэхъ къищтэнущ.

Дыхьэшхэнщ ефэндым Хайам и сурэтым ба зэрыхуищIыр, зэрыгуфIэр, псалъэ дахэу жиIэхэр. И фызри къреджэри, абыи баштекъузэкIэ ба хурегъэщI («ХамэлI и сурэт дауэ хуэсщIын?»). Хъуэжэ ирегъэлъагъу Iэят зыбжанэ и блокнотым зэрыритхэр. Ефэндым ищIэркъым ахэр лъагъуныгъэ гуащIэм теухуауэ, динырылажьэхэр щауб усэхэу зэрыщытым. Ефэндыр арэзы хъуауэ, фIыщIэшхуэ къыхуищIу кърегъэжьэж Хъуэжэ... Хъуэжэ псэуху и ныбжьэгъухэр гушыIэ щыщIэнукъым.

1990 гъэхэм ди къэралым и политикэми экономикэми зихъуэжащ. Сондэджэрхэр куэд хъуащ, ахэр зыуб, ауан зыщI тхакIуэхэми я бжыгъэм хэхъуащ. Нобэ сондэджэрхэр ауан ящIыжкъым, ахэм я фIэщыгъэцIэ «бизнес-леди», «хьэрычэтыщI» псалъэ гуапэхэм хуашащ, ауэ илъэс куэдкIэ «къэщэху-щэж» темэр литературэм, псом хуэмыдэу ауан жанрым жыджэру къыщагъэсэбэпащ. Хьэнфэн Алим и рассказхэми уащыхуозэ абыхэм. Ар и лъабжьэщ «Зэхэгъэлыбжьэ» рассказми. Мыбы и сюжетыр къызэрыгуэкIщ, авторым къегъэлъагъуэ япэу къежьа кооперативхэм ящыщ зым – «Зэхэгъэлыбжьэ» шхапIэм щекIуэкI Iуэхухэр, цIыхухэм ахъшэ лей зэрыфIашх хабзэхэр. Хъуэжэ зэ щIэплъат а шхапIэм, епсэлъылIат бысым гуащэм. Кооперативыр зыгъэлажьэр Мэрмэладэ цIыхубз фэрыщIым-рэищхьэгъусэмрэщ. Аркъапожьэр псалъэIэфIкIэ, «зихьэщIэгъуэ ямыгъуэт» Хъуэжэрэ и гъусэмрэ. Хъуэжэрэ Мэрмэладэрэ я

диалогыр литературэбзэ дахэкIэ узэдащ, авторым и псэлъэкIэри удэзыхьэхщ. Хъуэжэ и псалъэхэр Мэрмэладэ «махъсымэ пIащIэу пкърыхьащ, и лъым зыхигуашэри Мэрмэладу плъагъур Хъуэжэ къеташ Iупэ лахэр ину зытезыгъэж гуфIэкIэ хэхакIэ, зэсэжари къыжьэдэуэрэдыкIащ: «Къеблагъэ зи хьэщIэгъуэ тхуэмыгъуэт, Хъуэжэ!» «Сыкъемыблэгъэн слъэкIыну уэ укъыздыщIэнурыкI мыпхуэдэ тхъапIэ!». «СыбогъэукIытэ… Хьэршым сипхьай, псоми сыкъалъагъуу»,– жери педзыж шхапIэм и унэгуащэ фэрыщIым. Мы тIум я фэрыщI псэлъэкIэр адэкIи къретхэкI Хьэнфэным.

Зэман гуэр дэкIауэ Хъуэжэ, зылI и гъусэу, трегъэзэж «Зэхэгъэлыбжьэ» шхапIэм. Хъуэжэ гу лъетэ шхэн зыуха гуэрхэм Мэрмэладэ къыхуридза ахъшэр зэ ибжыжыну зэрелъэIухэм. «Нэщыпхъуэ» зиIэ Мэрмэладэ зы шхыныгъуэр тIэу счётым къридзэ и хабзэт. ЩIыхухъухэр укIытэрти, емыдауэу щIэкIыжт.

Хъуэжэрэ и гъусэмрэ щысу къелъагъури гуфIэу къабгъэдохьэ Мэрмэладэ, шхыныгъуэ къыхахыну къажреIэр. Хэдэ-хэплъэ ящIыну зэман ямыIэми, мы тIум нэIуасэ зыхуащIыр «Зэхэлыбжьэ» шхыныгъуэм (Мыр Мэрмэладэ и щхьэгъусэм къигупсысащ, патент иIэщ, къыкIэлъыкIуэ «ЗэкIэщIэгъэпщIари» аращ къэзыгупсысар), «Гъуэплъ» шейри фирмэм и IэрыкIщ, удз щхьэхуэхэм къыхэхащ. Япэрейм зэрыхэIэбэу хьэщIэхэр егъэдзыхэр, шыбжийм есхэр, етIуанэр «Казенаки» шхыныгъуэу езыхэм бэзэрым нэхъ пуду къыщащэхур, шейми ефэгъуейщ. ГушыIэ хэлъу Хъуэжэ шхыныгъуэхэр бдзэжьеящэ здихьыну жеIэр, ар и фIэщ мэхъури Мэрмэладэ егъэлеяуэ щотхъур ерыскъыхэм. Шэджагъуашхэм и уасэр къибжыну щелъэIукIэ, Мэрмэладэ щыгъупщэжа зещI Хъуэжэ сымэ яшхахэр. Хъуэжэ тхылъымпIэ ирет, йолъэIу итхыну: «ДыкъыщыщIэхьам итф пэта пивэ фалъитIыр, «Зэхэгъэлыбжьэр», «Къуэзэнакъэр», ар прунж шхыныгъуэу къэвгупсыса жыхуэфIэращ, итIанэ мис а бжьын, къэбыстэ, шыбжий, пIэтIрэжан, ныбапхъэ здызэхэгъэлыбжьа шхыныгъуэр, щIакхъуэ, нан, паин, кIакхъу, хлиб, шей хущхъуэ, уэ къэпщIэжIами хэгъэхъуэж».

Апхуэдэу иригъэтхахэр къыгурымыIуэ зещI, и ролым икIыфкъым Мэрмэладэ. Абы зыфIэхьэлэлщ, цIыхухэм яригъэшххэм щыщ щыгъупщэу, езыр куэдрэ щыхилъафэ къэхъуу къыщIригъэдзыну хэтщ. Хъуэжэ иригъэтхахэм Iэ щIидзу, езы Мэрмэлади щIригъэдзу, щыхьэт гуэри щIэсахэм щыщ ищIу тхылъымпIэр къэщтэжыным щыхуэкIуэм, шхапIэ гуащэр сыну гъэжа мэхъу. Хъуэжэ цIыхубэм я щхьэщыжакIуэу Хьэнфэн Алим къыщегъэлъагъуэ «Зэ моуэ къэдаIуэт, Хъуэжэ», «УзэрыщымыIэн щыIэ?..», «КъызэрыгуэкI зэIущIэ» рассказхэм, н.

ЩIыхухэм къадэгъуэгурыкIуэ хьэл мыхъумыщIэхэм ящыщщ унафэщIым еубзэныр, абы егъэлеяуэ щытхъуныр,

зыхуэгъэлъэхъшэныр. Хьэнфэн Алим и «Чемпион сызэрыхъуар» рассказым хэт Хъуэжэ а хьэлыр хэлъкъым, сыт щыгъуи пэжым и телъхьэщ. Хъуэжэ къеIуэтэж щылажьэ къулыкъущIапIэм шахматымкIэ щекIуэкIа зэпеуэм и щIалэгъуэу зэрыхэтар, уеблэмэ чемпион зэрыхъугъар. Шахмат джэгуным цIыхухэр хуабжьу зыIэпишэу щыщыта зэмант. Хъуэжэ къыдэлажьэ куэд а джэгукIэм дихьэхат, хэт дауэ джэгуми ящIэрт. Псоми я унафэщI ЛIыщхьэдин зытрегъакIуэр и къуэдзэм. Къуэдзэм апхуэдэу щищIакIэ, абы и къуэдзэжми ЛIыщхьэдин и хьэтыр елъагъу. Хъуэжэрэ ЛIыщхьэдинрэ я зэхуэзэм мыхьэнэшхуэ иIэт. ТекIуэр чемпион хъунут. Псоми къаувыхьауэ еплъырт а тIуми я зэпэщIэтыныгъэм, зэIущащэхэрт. УнафэщIыр зытезыгъакIуэхэр Хъуэжэ текIуэу щыщIидзэм хуэпсалъэрт: «ИщIэр сыт мы Хъуэжэ угъурсызым? – жиIэрт зым. Адрейм дыщIигъут: «Сыт хуэдэ Iуэхуми аращ зэрыщытыр къапщтэмэ, «Ди къулыкъущIапIэм и машинэр ЛIыщхьэдин езым ейм хуэдэу къегъэсэбэп жиIэу утыкум къиувэныр хьэ цIыкIуу илъагъунукъым…».

Хъуэжэ ерыщу джэгури текIуащ, очко нэхъыбэ къихьри чемпион хъуащ. Абы къару лей къезыт щхьэусыгъуи иIэт – и лэжьэгъу икIи игу ирихь Къатинэ абы щыгуфIыкIыну щыгугът. Ауэ Къатинэ ар зыуи къридзакъым. Зэман дэкIри Хъуэжэ нэгъуэщI бзылъхугъэ псэуэгъу хуэхъуащ. Иджы Хъуэжэ къэзыцIыхухэм йолъэIу и щхьэгъусэм Къэшэндыгъэ Къатинэ и гугъу къыхуамыщIыну. Хъуэжэ и щхьэгъусэм тхьэ хуиIуащ езым фIэкIа зыри игу иримыхьауэ, псом нэхърэ нэхъ дахэри фIыри арауэ.

Хьэнфэн Алим и рассказхэм хэт персонажхэм яфIищ цIэхэмкIэ абыхэм ядэплъагъун хуей хьэл-щэн мыхъумыщIэ гуэрхэр къигъэлъагъуэу щытщ: Къавэхъан, Фадэджэрий, МыIэмыкъ, Бажэнокъуэ, ЛIыщхьэдин, НэIуцэ, ДахэтIей, Къашэндыгъэ, ТIахъуэ, Мэрмэладэ н.къ. Мыри къыхэгъэщхьэхукIыпхъэш: Хьэнфэным и рассказхэм адыгэбзэр шэрыуэу щегъэлажьэ, абыхэм къахощ (псом хуэмыдэу дунейм и пейзаж къыщигъэлъэгъуа щIыпIэхэм) Алим усакIуэ-лирикыу зэрыщытыр. ЩIэщыгъуэщ и эпитетхэр, зэгъэпщэныгъэхэр, персонажхэр щызэпсалъэкIэ яIурылъ псэлъэкIэхэр зэрызэмыщхьыр (абазэхэр адыгэбзэкIэ щыпсалъэмкIэ я акцентыр, беслъэнейхэм я диалектым и щхьэхуэныгъэхэр, урысыбзэ фIыуэ зымыщIэ адыгэхэм бзитIыр зэрызэхатхъуэр). Алим псалъэжь куэди къыщегъэсэбэп и рассказхэм. Абыхэм яхэтщ нобэ ямыщIэж псалъэжьхэри, жыIэгъуэ дахэхэри. Иджыри зы хьэлэмэтагъ хэлъщи Хьэнфэн Алим и гушыIэ рассказхэм. ТхакIуэм сурэт фIыуэ ещIыфу щытащ, арауэ къытщохъу и персонажхэм я теплъэр псалъэкIи IупщIу къыщIигъэлъэгъуэфар. А псоми тхакIуэм зыми емыщхь хъэтI къыхузэрагъэпэщ.

Къэбэрдей литературэм гушыIэмрэ ауанымрэ зи къалэмыр жыджэру хуэзыгъэлэжьа тхакIуэ нэхъыжьхэм ящыщу зи цIэ япэ къиIуапхъэр Дудар Хьэутийщ (1921–1994). ГушыIэ рассказхэр иту Хьэутий тхылъитху къыдигъэкIащ: «Си пащIэр» (1964), «Пэ вабдзэ» (1968), «ГушыIэхэмрэ ауанхэмрэ» (1977), «Гупсыси псалъэ» (1985), «ГуфIэгъуэ щащIэ» (1992). ГушыIэрэ ауанрэ щытепщэу комедие зыбжани итхащ абы. Псалъэм папщIэ, «Нэчыхьытх» (1963) пьесэр бзэ куэдкIэ зэрадзэкIащ. 1974 гъэм къыдэкIа «Пьесэхэр» тхылъым итщ «ЗэгъунэгъуитI», «КъуийцIыкIу» комедиехэр. НэгъуэщI комедие кIэщI зыбжани Дудар Хьэутий и Iэдакъэм къыщIэкIащ.

Дудар Хьэутий и гушыIэ рассказхэр тхылъеджэхэм ягу ирихьащ и япэ тхылъыр («Си пащIэр») дунейм къызэрытехьэххэу. Мыбы рассказ пщыкIубл итщ, ахэр кIэщIхэщ, ауэ гъэщIэгъуэнхэщ я сюжеткIи зэрытха бзэмкIи. Психологием и хабзэхэр фIыуэ ищIэрт тхакIуэм, ахэр А. Чеховым ещхьу, къигъэсэбэпырт, и персонажхэм я щытыкIэр зэрахъуэжым тещIыхьауэ. Ар нэрылъагъу щыхъуат тхакIуэм и япэ рассказ «СыныщIыхьэ хъуну?» зыфIищам. Сюжетыр зыпыщIар консерв заводым и унафэщI Бэрокъуэмрэ «Восток» колхозым и тхьэмадэ ПщыхьэщIэмрэщ. А тIур зэрыцIыхуркъым, Бэрокъуэр районым къызэрагъакIуэрэ куэд щIакъым. ПщыхьэщIэр телефонкIэ йопсалъэ консерв заводым и директорым:

«– Алло! Ныбжьэгъу Бэрокъуэра ар? Сэлам алейкум!

– СлIожь, ныбжьэгъу, сэлам алейкум жыхуэпIэр, сэ мэжджытым сыщIэс уи гугъэрэ? Сдрасти жыпIэмэ. ЗэфIэкIакъэ?

– Къысхуэгъэгъу! Здрасти, ныбжьэгъу Бэрокъуэ!»

Мы псэлъэкIэр дыхьэшхэнщ, ауани хэлъщ – а зэманым къулыкъущIэхэм «сэлам алейкумыр» кърамыдзэу, абы диным и фэ ираплъу щытащ. Бэрокъуэм къепсалъэри колхоз тхьэмадэу къызэрищIэу и псэлъэкIэм зэуэ зехъуэж, ПщыхьэщIэми и колхозми я хъыбарыфI ищIэу жеIэ, IуэхукIэ хуейми зэуэ иригъэблэгъэну хьэзырщ. ПщыхьэщIэр куэд дэмыкIыу абы и деж макIуэ, бжэр Iуехри лIы абрагъуэ щысым йоупщI: «СыныщIыхьэ хъуну?» ТелефонкIэ псалъэ унафэщIыр губжь хэлъу Iэ къыхуещI, зэрыхуэмейр IупщI ищIу. Колхоз тхьэмадэм бжэр хуещIыжри секретаршэм деж дакъикъэ тIощIкIэ щысщ. Аргуэру зэ бжэр Iуехри тхылъымпIэхэм хэплъэу щыс Бэрокъуэр къыхуогубжьыр: «Ярэби, сыту убампIэгъуэ уэ лIыжь цIыкIур! Си щхьэр мафIэм зэрыхэлъыр плъагъуркъэ? МафIэс къэмыхъуамэ, зэ умыпIащIэ». ПщыхьэщIэр телефонкIэ зэпсэлъамрэ иджы зыхуэзам зэрызищIымрэ къыгурыIуэкъым, шэч къытрехьэ къимыщIыхуауэ, «председателыфэ» къримыплъауэ. Езы ПщыхьэщIэр гушыIэ зыхэлъ цIыхущ, и щхьэкIэ зеумысыжыр зэрылIы цIыкIур, Iуэхум хущIимыгъэ-

хьэу дахэ-дахэу зызэримыхуэпар, и жьакIэ упсыгъуэри зэрыблигъэкIар. И дыхьэшхын къокIуэ зыхэхуа щытыкIэм щхьэкIэ. ЗэикI щIыхьэу зэры-ПщыхьэщIэр къригъэщIэну йогупсыс. Ауэ щIогъуэжри секретаршэм и телефонымкIэ жреIэ: «Ар жызыIэр «Восток» колхозым и председатель ПщыхьэщIэрщ. Къысхуэгъэгъу узэрызгъэпIейтеяр. Узыншэу ущыт. Сэ сокIуэж».

Бэрокъуэм аргуэру зыкъызэредзэкIыжыр, къолъэIур къыхуигъэгъуну, къицIыхуакъым, къыщIыхьэ, жи, ауэ ауан щIэлъу ПщыхьэщIэм педзыжыр: «Си хэхъуэн ирикъумэ, сыныщIыхьэнкъэ!» Телефоныр тредзэри щIокIыж. А махуэ дыдэм ПщыхьэщIэр хуэзат партым и райкомым и секретарми, абы гушыIэу жриIэжащ Бэрокъуэм зэрыригъэблэгъар. Зэхэзыхыжахэм ягъэIуащ: «И хэхъуэн иухмэ, мы ПщыхьэщIэ цIыкIур лIышхуэ хъунущ» псалъэхэр. Езы ПщыхьэщIэм и гугъэр хихыжащ Бэрокъуэм деж щIыхьэну, сыту жыпIэмэ илъэс щэ ныкъуэм нэсахэр хэхъуэж хабзэкъым.

ЩIыху мыхьэнэншэм иригузавэу, «Iэмбатэ зэрымылъым Iэтэ къизыххэм» ящыщ зыгуэрым триухуащ «Чиф тхьэмыщкIэ» рассказ цIыкIур. Заводым и директорыр (аращ къэзыIуэтэжыр хъыбарыр) отпуск кIуэри и пIэкIэ къигъэна инженер нэхъыщхьэ Къазджэрий Чиф директору лэжьащ мазэкIэ. Отпускым къикIыжам къыгурыIуэкъым Чиф гузавэу, гужьеяуэ зэрыщытыр. КъэхъуамкIэ щеупщIым, узижэгъуэн къэхъуауэ къыжреIэ. А тIур зэпсалъэурэ Iуэхум зыгъэгузавэхэу щыIэ хабзэхэр (лIэныгъэ, сымаджэ, н.къ.) зэрыщымыIэр зэхагъэкIащ. Рассказыр зэриухыр дыхьэшхэнщ. Чиф къоупщI и унафэщIым: «Абэбэч Iэдэм пцIыхуркъэ? … ЩыIэжкъэ? … ЩыIэж нэхърэ щымыIэжащэрэт а гъуамэр, – педзыж Чиф. КъызэрыщIэкIымкIэ, Чиф совещанэ иригъэкIуэкIыу, Абэбэч телефонкIэ Хъуэжэ теухуа анекдот къыжриIэри, псори щысу Iейуэ игъэдыхьэшхащ. Чиф и фIэщ хъужащ унафэщIыр и лэжьакIуэхэм я пащхьэм дыхьэшхыу исыныр укIытэгъуэшхуэу. Директорым фIэтхьэмыщкIэ хъуащ и пIэкIэ къигъэнар. Мы сборникым ит адрей рассказхэри гушыIэкIэ гъэнщIащ, сюжетхэр гъащIэм «къыхэпхъуэтыкIа» ныкъусаныгъэхэрщ. Апхуэдэщ «Жэм лъакъуэ шкIэ иукIрэ?», «Суд», «Дызэдищэхущ». «ХьэгъуэлIыгъуэм сыхэунэхъуащ», нэгъуэщIхэри.

Япэ тхылъым иужькIэ илъэсиплI дэкIри Дудар Хьэутий гушыIэ рассказхэр щызэхуэхьэсауэ тхылъышхуэ къыдигъэкIащ («Пэ вабдзэ», 1968). Мыбы и тематикэр нэхъ убгъуащ. А зэманым жылагъуэм щIыпIэшхуэ щызубыда ныкъусаныгъэ куэд сэтей къыщищIащ и тхыгъэхэм: ефэным пыщIахэр (мы темэм теухуахэм удэзмыхьэх, мыщIэщыгъуэ сюжет зиIэхэри мащIэкъым), тхакIуэхэм, журналистхэм я зэхущытыкIэхэр, унагъуэ щхьэхуэхэм щыIэ зэгурымыIуэныгъэр, нэгъуэщIхэри.

ГъэщIэгъуэнщ тхылъым и хэзыгъэгъуазэри («Сэр папщIэ»). Ар гушыIэ дахэкIэ гъэнщIащ. ТхакIуэр 1921 гъэм «хъыджэбз цIыкIуу» къалъхуауэ жеIэр. (Бынжэр пызупщIа фызыжь набгъэм хъыджэбз цIыкIуу игъэIуат пщыхьэщхьэм, ауэ пщэдджыжьым зэрыщIалэ цIыкIур наIуэ хъужащ). И адэр Алыхьым елъэIурейт къуэ къритыну, пхъу фIэкI къыхуэхъуртэкъым. Иджыри пхъущ щыжаIэм, жэщ псом жеякъым адэр. Пщэдджыжьым псори гуфIэжащ, мэжаджэкIэрыщIи ящIащ. (ТхакIуэр мэгушыIэ: «Си нэпIащхьитIыр тебэгэху сыгъуэга пэтми, а мэжаджэкIэрыщIэм сыхагъэплъакъым!»). Гущэм хэлъыху «Къулъкъужын къуэ кIуэцIым дыгъэ къызэрыдэмыпсэм гу лъимытами, абы къызэребакъуэу, «псыпцIэ къамылу» дэжейурэ къуажэ еджапIэр къиухащ». Абы иужькIэ университетыр, лэжьащ журналисту («Командировкэ дэнэ сымыкIуами, си пкъым фIэкIа си щхьэр зыми имылъагъуу сыкъэкIуэжащ». Дэнэ щалъагъунт: си щхьэр пшэм хэтт»). «МетритIкIэ дэкIея» нэужь тхэн щIидзащ Дудар Хьэутий. Хэхъуэн ирикъуами, абы и Iэзагъым хигъахъуэурэ екIуэкIащ илъэс куэдкIэ.

«Пэ вабдзэ» тхылъым ит «Цы» рассказыр щыхьэт тохъуэ тхакIуэм персонажхэм я хьэлыр псалъэ мащIэкIэ къигъэлъэгъуэф зэрыхъуар. Мы рассказым къыщыхъур пыщIащ цIыхуитI зэдэшхэу щысхэм, зыр профсоюз обкомым и тхьэмадэ ЩакIуэ Къарэщ, адрейр «Дыгъэпс» зыгъэпсэхупIэ унэм и директор Джэдмышх Бэчщ. Япэрейр зыгъэпсэхупIэ унэр щIипщытыкIыну къэкIуащ, ар арэзыкъым ахэр зэрылажьэмкIэ, я шхапIэри игу ирихькъым («Хьэ губзыгъэ щышхэнкъым» жи»). ЗыгъэпсэхупIэ унэми «Дыгъэмыхъуэ» фIащын хуеяуэ къелъытэ. ТIури нэщхъейуэ щысхэщ джэдлыбжьэм хэIэбэу. ТепщэчитIми шыпсым хэлъщ зэщхьыркъабзэу, утIэрэзауэ, щхъуэпсу цы зырыз. Директорым гуахъуэкIэ къиIэта Iулъхьэм цы хэлъыр къелъагъу. Мэгужьейр («къуийм и щIыIу мыри дэнэ къикIа»), игъэпщкIунущи, Къарэ и щхьэ ехьэхар къиIэтыжащ, гу къылъитэмэ, унэхъуауэ бжы. Директорым и нэр зэтрепIэр, и жьэр еущIри Iулъхьэр иregъэлъэтэхыр. И гур мэпсэхуж, мэгуфIэр председателым хуэмызэу езым къызэрыхуэзам щхьэкIэ.

ТхакIуэм абдеж сюжетыр ехъуэжыр кIэщIу: щакIуэ Къарэ и гуахъуэ къиIэтами апхуэдэ къабзэ фIэлъу къелъагъур директорым, «абы и щIыб хьэкхъуафэм пщIэнтIэпсыр ежэхащ, цы жиIэу гуэунуи и щхьэм къилъэдащ, ауэ ирикъухыжащ а гупсысэр. АдэкIэ Дудар Хьэутий, А. Чеховым и психологие Iэмал къэгъэсэбэпыкIэм ещхьу, директорым и щытыкIэр ещIыр фэзэхъуэкI. Къарэм и гуахъуэр еIэтри жьэм зэрынэсу ирехьэхыжыр, псалъэ гуэрхэр жеIэри аргуэру Iулъхьэр и жьэм хуехьыр. Апхуэдэу зыбжанэрэ ещIыр. Директорыр мэгуIэжыр,

зэ хьэщIэм гу зылъимытэ цыр зыхэлъ Iулъхьэр иригъэхатэмэ. и псэр къыхыхьэжынут. ИкIэм-икIэжым Къарэм гу лъимытэу ешхыр цыр. Директорым хуэмышэчыжу «Уэхухуху» жери хуиту мэщэтэжыр. Председателым и упщIэ «Ар сыт? жыхуиIэми жэуап къыхуегъуэтыжыр: «Уи гие псалъэр сигу ирихьащ». TIури арэзы мэхъу, директорым жиIахэр, сэтей къищIа ныкъусаныгъэхэр зэрагъэзакIуэжыным щхьэкIэкъым, Джэдмышх Бэч щIэгуфIэр – председателым цыр имылъагъуу зэрыригъэлъэтэхам папщIэщ».

Сюжет хьэлэмэт яIэщ Хьэутий и рассказхэу «Сытыншыжащ» (лIым и фызым гурыщхъуэр зэригъэкIуэдар, пэж щыжриIэм и фIэщ зэрмыхъуар), «Дзэмыхэ» (лIиплI шхапIэм щIэсхэм борщ къратхэм официанткэм и Iэпхъуамбэшхуэр хиIуурэ къихьырт, хьэщIэр щэхуу щеупщIым, къыжреIэр: «Си Iэпэр дзэмыхэ хъуащи, абыкIэ согъэхуабэ»), «Зэ къэвгъазэ» (Университетыр къэзухауэ къулыкъу гуэр зиIэу Налшык къыдэнам и «Iыхьлы» имыщIыхухэр лъэIуакIуэкIэ зи щхьэ ирагъэужэгъуам «къыдэIэпыкъуащ» я гъунэгъум я кхъуэшыр пщэдджыжьым къыщIэлъэдар, абы паригъэчащ я къэкIуэныр). «Саугъэт» гушыIэ рассказыр теухуащ директор Кхъуэжь Нащхъуэ. Илъэсищ хъууэ лажьэм саугъэт иратыну гупыр зэхуэсащ. Завкомым къребжэкIыр абы Iуэху зэфIихахэр. Ахэр жеIэр и жьэкIэ, итIанэ игукIэ. Диалогыр мыпхуэдэщ: «Куэд щIауэ доцIыхур – дымыцIыхуамэ нэхъыфIт; заводыр къиIэтащ – иригъэхуэхащ. ЦIыхухэм гулъытэ яхуищIырт – выговоркIэ щIигъанэрт, пенсэм догъакIуэ – хьэдрыхэ укIуэ, дыхуэарэзыщ – ди фэм ипхар къыпхуимыгъэгъукIэ», н. Саугъэту щы ират: телефон (ящIахэр), приказхэм я копиехэр (зэхилэжьыхьахэр), совещанэхэм къыщибжахэр зытет кассетэ (и делагъэхэр). А псори игу къэкIыжу пенсэм щыIэну, гупыр зыщимыгъэгъупщэну.

Дудар Хьэутий и къыкIэлъыкIуэ «ГушыIэхэмрэ ауанхэмрэ» тхылъыр къызэIуех гушыIэ пэублэ псалъэкIэ: «Хэхъуэн зэрыщигъэтыжрэ куэд щIами», гушыIэныр къигъэувыIэркъым». Тхылъыр напэкIуэцI щищым нызэрохьэс, ар Iыхьищу зэхэлъщ: «ГушыIэ, ауан кIэщIхэр», «ГушыIэ, ауан рассказхэр», «ГушыIэ, ауан теплъэгъуэхэр». Иужьрейм зэкIэ и гугъу тщIынкъым, ар драматургием и зы Iыхьэщ. Прозэм и фащэм ит япэрей гупитIым жанркIэ зрагъэхь щыIэкъым, я инагъ мыхъумэ. Зэуэ къыжыIэпхъэщ тхылъыр «пшэр» зыщIар, ар къуажэ-къуажэкIэ кърахьэкI IуэрыIуатэ гушыIэ хъыбархэрщ («Дэнэ мы къомыр здэкIуэр?», «Уэ зы нэ, сэ зы пэ», «Джэдыра хьэмэ джэдыкIэра?», «Ди дежкIэ къытумыгъазэ», н.).

Зэрытха бзэмкIи зэрызэхэлъ сюжеткIи къыхэбгъэщхьэхукI хъунущ «Дауэ пхуэгъэгъуа?», «Пэм и нэщIэбжьэ», «Тхьэразы къыпхухъу», «Зризгъэжейуэ зесхьэрт». Япэрей рассказым хэт

Ахьмэд шыгукIэ бэзэрым къокIыжыр, адыгэ уэрэдыжь къришу. И шитIыр апхуэдизу уэдыкъуащи, абы жиIэ уэрэдым «и макъамэр къыпхуигъэкIынут я дзажэналъэхэм утеIэбамэ». Гъуэгум зы щIалэ мыцIыху къригъэтIысхьам шитIыр зэпиплъыхьу щысти, Ахьмэд еупщIащ щIеплъым папщIэ. ЩIалэм зыри жиIакъым, ауэ щикIыжым ауан къищIащ: «Бэзэр кIуам зы дзажэ къэсщэхуати, схуэмыгъэгъуу хьэпIацIэ хищIащ, е гъуэгу махуэрэ, хьэпIацIэ химыщIэу мы шитIыр дауэ бгъэгъуа?» «Пэм и нэщIэбжьэ» рассказым тхакIуэм «емыщIэ-фIымыщIэ» пэм и зэран къызэрекIынур дегъэлъагъур колохоз тхьэмадэ ящIа Хьэпэжь Хьэпагуэ и образымкIэ. Ар зэрыхахыу и пэр дэгъэзеяуэ нэху къекIащ. Уеблэмэ «уэшх къишхэу, дыгъэ къипсэу». Дауэ емылъэIуами, и пэр ирихьэхакъым къулыкъум трахуху.

«Тхьэразы къыпхухъу» рассказым хэт лIыжьым и жьакIэр иригъэупсыну мэтIыс Iуэхущ1апIэм, ауэ жейм тIэкIу хилъафэурэ хъыджэбз зыупсым сэ дзагуэкIэ зэхеуIыхьыр и напэр. ЛIыжьыр гъуджэм йоплъэри, ахъшэ и уасэм нэхъыбэ ирет, фIыщIи хуещI: «Ину берычэт бесын, сызэрыфIумыгъэжыпам щхьэкIэ».

Лъагъуныгъэ темэм теухуащ «Зризгъэжейуэ зесхьэрт» рассказ кIэщIыр. Мусэрэ Iэсиятрэ фIыуэ зэрылъагъут, пIалъи зратат, ауэ тхакIуэ ныбжьыщIэ Фэгъур ТIрон Iэсият къыдихьэхыну хэтт, зигъэтхакIуэшхуэт. псалъэ дыгъэлхэр жриIэрт. Хъыджэбз гъэсам «езэшым кIэрыхужынщ» жиIэрти, и жагъуэ къищIыртэкъым. ТIрон и япэ тхылъ «Уэращ си псэр зыхьэхуар» тыгъэ хуищIащ хъыджэбзым мы псалъэхэр хутритхэри: «Си унагъуэ уныщихьэну махуэ гуфIэгъуэм нэхъуеиншэу сыпоплъэ, Iэсият». Iэсият унагъуэ ихьащ. Ауэ зыдэкIуар Мусэт. ТхакIуэм и тхылъыр къыщытрихыжым Iэсият ауан къищIащ: «Сыту Iейуэ си гум къыщIитхърэ мы уи тхылъыр, зризгъэжейуэ зесхьэрт».

1985 гъэм Дудар Хьэутий къыдигъэкIа «Гупсыси псалъэ» тхылъым итым я нэхъыбэр ипэкIэ итха «ГушыIэхэмрэ ауанхэмрэ» (1977) жыхуиIэм «къиIэпхъукIащ», ауэ мыбы ущыхуозэ рассказ зыбжанэ, теплъэгъуэ зыфIища пьесэ цIыкIу къытрищIыкIауэ. Къуажэхь фащэу ищIа жыIэгъуэ гуэрхэри итщ. Зы персонажым и хьэл-щэным хэлъ ныкъусаныгъэхэр къребжэкIри, адрейм йоупщI: «Хэт ар?» ЕтIуанэм къуажэ псом яцIыху гуэрым и цIэр къреIуэр.

Дызытепсэлъыхь лъэхънэм йозэгъ, ит гушыIэ рассказхэри нэхъ щIэщыгъуэщ Дудар Хьэутий иужьрейуэ къытридза «ГуфIэгъуэ щащIэ» тхылъыр. Адрей и тхылъхэм хабзэ зэрахуэхъуауэ мыбыи гушыIэ хэзыгъэгъуазэ хуищIащ тхакIуэм, «КъуийцIыкIурэ сэрэ» и фIэщыгъэцIэу. КъуийцIыкIу хьилэшырэ Iущрэ зыщIар ауан къэзыщIхэм жэуап яритыжу зэрыщытарщ. «Сэ КъуийцIыкIу IущагъкIэ сыпеуэфынукъым, –

етхыр Хьэутий, – ауэ «дзыбэ дзыус» ищIащ». Сэри си инагъыжьым (сыкъызэралъхурэ си щхьэр пшэм хэтщ) аращ къызищIар». Хэзыгъэгъуазэм къыкIэлъокIуэ Дударым «Си иныжь» хъыбархэр зыфIища езы тхакIуэм и нэгу щIэкIа, гушыIэ щытыкIэм изыгъэхуа гъащIэ теплъэгъуэ тIощIрэ блырэ. А псори щхьэусыгъуэ куэдым пыщIащ, персонажхэм я цIэри зэхъуэкIащ, ауэ къагупсысакъым, езы гъащIэм къыщыхъуащ. Рассказыр зытха Дудар Хьэутии адрей эпизодхэм хэт персонажхэри фIы дыдэу гушыIэ къызыгурыIуэщ, арагъэнщ ахэр щIэщыгъуэ, нэгъэсауэ дыхьэшхэн зыщIыр. Дэтхэнэ персонажми, псом хуэмыдэу тхакIуэм, уи гур якIэропщIэ, езыхэм ауан защIыжмэ. А хьэл дахэр къыщегъэлъагъуэ Хьэутий и гушыIэ рассказхэм. Абыхэм яхэтщ гушыIэ дахи, ауан «пIаскIуи». Иужьрейр къыхощ автобусым адыгэ хабзэкIэ тIысыпIэр зрата лIыжьым пыщIа сюжетым. Хъыбарыр зыIуэтэжыр (Хьэутий) радикулитым Iейуэ игъэдзыхэу къалэ автобусым ихьащ. ЩIалэр ерагъыу тIыса къудейуэ, зы лIыжь цIыкIу къыбгъуроувэр. Адыгагъэм радикулит ищIэркъым, нэхъыжьыр гъэтIысын хуейщ. Ерагъ-псэрагькIэ тIысар къэтэджыну щIедзэ, хуэм дыдэурэ, узым игъэдзыхэурэ зиукъуэдиин ирегъажьэ. ЛIыжь цIыкIум и нэр къытриубыдауэ къоплъ, щIалэр дэкIуэтеиху и щхьэр дришейурэ пыIэр щыхуным нэсащ. Сымаджэм «къэтэджын зэриухыу» лIыжьым зридзыхащ, фIыщIэ псалъэу жаIэ хабзэм и пIэкIэ къещащ: «Ялыхь, уи шыкурщ, щIалэ, зэ зукъуэдиин бухамэ!»

ЩIалэм и жагъуэ мыхъуу къэнакъым а псалъэ мышур, ауэ ирикъухащ – «ЩхьэкIуэ зышэч щхьэ шхыпIэ йохуэ!» Куэд дэмыкIыу лIыжьыр къоупщIыр: «Мусэм и уэрамыр дэндей?» – жери. КъыкIэлъыкIуэ къэувыIэпIэрауэ жэуап иретыр, а зыщIэупщIам иджыри Iэджи иIэ пэтрэ. Рассказыр еухыр: «Аращ, лIыжь цIыкIу, уэ пхуэфащэр! ЗэгъащIэ: ин псори надэкъым».

ГушыIэкIэ гъэнщIащ щIалэ лъагэм и благъэм пыщIа хъыбарри. И щыкъу анэм малъхъищ иIэт: нэхъыжьыр лъагэ дыдэрат, курытыр абы и дамэм нэс къудейт, нэхъыщIэр нэхъ цIыкIужт. Дауэ ущыт, жаIэу къеупщIмэ, жэуап яритырт: «СынасыпыфIэщ, срагъэзэшкъым си малъхъэ нэхъыжьым уафэм, нэхъыщIэм щIылъэм, ику итым уафэмрэ щIылъэмрэ щекIуэкI хъыбархэр къысхуахь». Фызыжьым я гъунэгъу нысащIэр къалэм кIуауэ япэ дыдэ илъэгъуат малъхъэ нэхъыжьри, ар къызэрыщыхъуам и жэуап итыфакъым, «сыту жыпIэмэ илъэгъуакъым и щхьэр пшэм хэтти». Фызыжьым щIыхуэ къызытринакъым: «Уи щхьэр пшэм хэтыIуэми нэхъыфIщ, уи щабапIэмкIэ щIы щхьэфэр тупхъэнкIыкIыу къэпкIухь нэхърэ». Гъунэгъум «дзэхупс Iурылъадэри зыри къыжьэдэкIыжакъым, езыр быхъутIэ лъахъшэжь цIыкIути».

Хьэутий и лъагагъым гъэщIэгъуэн куэд къыдэкIуэрт, ар троллейбусым, автобусым, машинэ псынщIэм щитIысхьэхэм деж, пэш лъахъшэ щрагъэблагъэкIэ. Ар зэрыиным сэбэп къыщихьри мащIэтэкъым. Псалъэм папщIэ, ар и ныбжьэгъу Астемыр и гъусэу завод гуэрым и директорым деж хьэщIапIэ здишар унэ лъахъшэт (унэщIэр зыкъом щIауэ щытт ямыухауэ). Абдеж директорыр ауан ящIа иужь куэд дэмыкIыу унэщIэр иухащ.

ЩIыхур нэхъ зыхуэныкъуэ дыдэхэм ящыщщ щытхъур. А Iэмалыр зыбжанэрэ лъабжьэ хуещIыр Хьэутий и гушыIэ рассказхэм. Абы хуэдэщ ар Шэрджэсым къэрал IуэхукIэ къэбэрдей лIыкIуищ зэрыщыIа хъыбарыр. Щыри лIышхуэ зыIэщIэлъхэт, инхэт Хьэутий я пашэу. Зы унагъуэ «ехьэжьа» гуэрым щагъэхьэщIэт. Унэгуащэ Муслъимэт къайупщIащ: «НтIэ, къэбэрдей щIалэхэр фэ фхуэдэу гъумыщIэ защIэ?» Хьэутий жэуап иретыж гушыIэу: «Псори дэ тхуэдэ защIэщ, ауэ, сэр дыдэм си жагъуэ зэрыхъунщи, Къэбэрдей псом кIыхьагъкIэ бжьыпэр зыIыгъыр сэращ». ЩIыхубзыр гушыIэрейти, къэбэрдей я нэхъ лIышхуэр къандескIэ къимыгъапцIэмэ, дунейм темытыну псалъэ итащ. Хьэутий еупщIащ, щIемыгъуэжыну пIэрэ, и гъусэхэм къыжраIащ Хьэутий «иныжь щхьэкIэ» зэрыбзаджэр, ауэ фызыр икIуэтакъым: «Шэрджэсым къамэ кърихауэ ирилъхьэжкъым». Къандес зэпихьащ, ауэ Хьэутий щэхуу, зэхэуауэ щыс зищIащ. Нэхъыжьым гу къылъитэри къыщеупщIым, хъуэхъум зыхуигъэхьэзыру жреIэ. Псалъэ къыщратым, Щам и бжыхьу ирекъутэкI, бысым гуащэм щотхъу, ар ирегъапщэр Мэлэчыпхъум. Лашын. Псалъэ гуапэхэр, шэрыуэхэр жеIэр. Псори зэщIиIэтауэ хъуэхъу дахэм йодэIу, Муслъимэт и тхьэкIумэр тригъэлIащ щытхъум. Абдеж: «Мэ, Муслъимэт уи бжьэри», – жери зэрымыщIэу румкэр IэщIегуэр, къандес сысейр дэщIыгъуу.

Муслъимэт щытхъум и пщIыхьэпIэм къыхокIыж, румкэр IэщIохури мэщащэ, тэлай докIри зыкъещIэжри дыщIегъу: «Фэ быдэу фыкъызогъэгугъэр, сэ сыпсэуху дяпэкIэ Къэбэрдейм къикIа щIалэ кIыхь къандес сыдэмыджэгужыну!» Псори мэдыхьэшхыр.

«ГуфIэгъуэ шащIэ» тхылъым ит рассказхэр Хьэутий япэм итхахэм йофIэкIыр. Мыбы ущыхуэзэкъым «къыдрагъэжеижурэ» цIыхубэм яIуэтэжу кърахьэкI IуэрыIуатэ сюжетхэм. Езы авторым и гупсысэр, и гум къриха, и щхьэм зэригъэзэхуа гушыIэ зыпылъ Iуэхугъуэхэр щытепщэщ. Абыхэм я къэгъэлъэгъуэкIэми щIэ гуэрхэр хэлъщ. Псалъэм папщIэ, «Мэджэдж», «ИкIыжащ» рассказхэр глагол защIэкIэ тхауэ къэплъытэ хъунущ. Япэрей рассказыр ефакIуэм и зы махуэм теухуащ: «Пщэдджыжьщ. Къэушащ… Чэфыжьыпкъэщ. КъоIэ. Къэтэджыфкъым… Мэгурым. МэщэIу. Зехуапэр.

КъыщIокIуэсыкI. Дэнэ? Унэм. КъещIэ. Хэт? Фызым. КIэлъобгэ». АдэкIэ зэрефэр, гугъу зэрехьыр, зэрысымаджэр, унэмрэ чэф тегъэужыпIэмрэ я кум и гъащIэр къызэрыдэнар глагол псалъэ защIэкIэ ди нэгу къыщIегъэувэ тхакIуэм.

Ауанышхуэ хэлъщ апхуэдэ IэмалкIэ тха «ИкIыжащ» рассказми. «Паркырщ. Мазэгъуэщ. Уэмщ. КъызокIухь. Зызоплъыхь. Солъыхъуэ. Ахьа! Къэслъэгъуащ. Сехъуэпсащ. Къызэплъащ. Сеплъыжащ… ДызэрыщIыхуащ. – Хьэсэнбий. – Хьэбибэ! УкъыздэкIуэрэ? – СыбдокIуэ… Дефащ. Дешхащ. Дыкъэфащ… ДынасыпыфIэщ. Пщэдджыжьщ. Нэщхъейщ. Сынэщхъейщ… Дызэщыхьащ. ДэзэфIэнащ. Гъуэгащ. Сыщыдыхьэшхащ. ИкIыжащ». А псалъэ зыбжанэм куэд къыпхуаIуатэр цIыхуитIым я гъащIэм теухуауэ.

Дунейм и зэхэлъыкIэм тотхыхь ижь-ижьыж лъандэрэ философхэр, тхыдэм пыщIа щIэныгъэлIхэр, астрономхэр. Мы темэм теухуа гушыIэщ зытеухуар «Дунейм и зэхэлъыкIэ» рассказыр. ТхакIуэм гъэм и зэхэлъыкIэм хужиIэхэр щIэщыгъуэщ. Абы тхылъеджэхэм чэнджэщ ярет щIымахуэм хуэсакъын хуейуэ (цIэнтхъуэрыгъуэщ), гъатхэм «бынхэр IункIыбзэ етакIэ Iыгъын хуейщ» (лъагъуныгъэм и зэманщ, и нэщэнэр хьэрхьупыр къыщыджэрщ), гъэмахуэм жьауэм ущIэсмэ, нэхъыфIщ, бжьыхьэр фIы дыдэщ, лъагъуныгъэр нэхъ «щIоужьыхэж», дунейр бэвщ, дыгъэр щабэщ.

Мазэхэм теухуауэ: декабрым Мухьэмэд бегъымбарыр къалъхуащ, январым Iиблис лIащ, февралым Хъуэжэ хьэдрыхэ къикIыжащ. Гъатхэ мазищым апхуэдэ къэхъукъащIэ щыIакъым. «Е щIалэгъуэ симыIауэ пIэрэ?» – щIоупщIэ лирическэ лIыхъужьыр. – Гъэмахуэр угъурлыт, «фыз къэсшащ июным, июлым къуитI къысхуилъхуащ си щхьэгъусэм», ауэ ещанэ илъэсым и августым ефэрей сыхъури си фызыр икIыжащ». АдэкIэ къыпещэ тхакIуэм: «Иджы сиIэ щхьэгъусэр хэмыту, бжьыхьэ мазищым мазэ къэскIэ зы фыз къасшэурэ изгъэкIыжащ».

Мазэр тхьэмахуэкIэ зэпыудащ. Тхьэмахуэм махуибл хеубыдэ, махуитIыр зыгъэпсэхугъуэщ, ауэ «коммунизмэр къэсмэ, а махуитIым дылажьэу, адрей тхум зыдгъэпсэхуу ящIыну жари согуфIэ». Жэщрэ махуэрэ щыгуэшами гушыIэ хэлъщ. Махуэр къыщIагупсысар «лIыхэм жэщ къэт ящIа нэужь, махуэкIэ нэху ялъагъуу кIуэжын папщIэ. ЦIыхубзхэм жэщкIэрэ унагъуэ Iуэху ящIэми зэранкъым – махуэкIэ лэжьапIэм кIуэнщи загъэпсэхужынщ». ЩIыгур зы жэщ-махуэм зэрыджэрэзым нэмыщI зэрыхъурейм шэч къытрехьэр хъыбарыр жызыIэжым: «Щхьэ чэф зиIэхэм щыщ зы емыхуэхрэ?» Рассказым и кIэм деж авторыр «йопIэскIу» диссертацэ мыхьэнэншэ зытххэм: «Щхьэкъэб Щхьэгъавэ кандидат диссертацэм кърагъэгъэзэжу хэлэжьыхьа нэужь мыращ къэнэжар».

Псоми зэращIэщи, новеллэр рассказым къыщхьэщокI и композицэ, сюжет ухуэкIэкIэ. Мыбы зи гугъу щащI Iуэхухэм псынщIэу зыщахъуэж хабзэщ. Апхуэдэ новеллэ хьэл хэлъщ Дудар Хьэутий и гушыIэ рассказ зыбжанэм: «Сэджыт», «Зэкъуэшхэр», нэгъуэщIхэми. Япэ рассказым лIы гуэрым и гуэщым птулъкIэ нэщI куэд щызэтрихьати, ахэр тыкуэным ирищэжыну мурад ещI. ПтулъэкIэхэр егъэкъабзэр, къута химыгъэхьэу зэхедзри ешэр зы тыкуэным. Тыкуэнтетым плIы къэс етхуанэр «бракщ» жери къыхегъэувыкI (ахэр къритыжынуи жиIэкъым), адрейхэм техуэ ахъшэр кърет. Брак ящIахэр лIым къещтэжри ешэр къыкIэлъыкIуэ тыкуэным. (Япэрейм щеупщIым: «Дауэ зэрыбракыр? къытегуоуащ: – Уэ нэхъыфIу пщIэмэ, мыбдеж къэуви сату щIэ»). ЕтIуанэм деж «брак хъур» щы къэс еплIанэрщ, лIы быхъутIэр къыхуэтхьэусыхащ («Уи жагъуэ зэрыхъунщи, и ужь зэманым птулъкIэ заводым ищIхэм брак куэду къахокI»). ТыкуэниплIми псалъэ дахэ къыщыжраIакъым, «упсихологыу къыщIэкIынщ», «Къэзанокъум и щIэблэм уащыщ, дауэ къэпщIа жэуап уэстыжынур?» (Езыри къэгубжьри Къэзанокъуэ Жэбагъы и къуэу яжриIэжащ). Иужь дыдэ тыкуэным тетым птулъкIэ пщыкIузыр брак имыщIу Iихащ. Ауэ ефакIуэжьым и фэ къриплъащ: «Ей, тхьэмыщкIэжь мыгъуэ, мыхэр къыщищыпа пабжьэр алыхьым ещIэ. Какрасу зы шмурдяк уасэ къыпхущIокI».

Иужьрейм къэгубжьауэ педзыж: «СытхьэмыщкIэкъым, сыпсихологщ, Жэбагъы срикъуэщ, ахъшэ сыхуейкъым, мыр унэм щIэзмыгъэлъын папщIэ къэсшащ. Ахъшэ къызолъэлъэх». А. Чеховым и новеллэхэм хуэдэу, персонажым жиIэр кIэщIу зэрехъуэкIыр: «Уэ узэрыщIыху къулейр, узэрыгубзыгъэр, хьилмышхуэ зэрыббгъэдэлъыр нурыр къызыщIих уи нэгум занщIэу ислъэгъуат», – жи щIалэ къуэгъу цIыкIум, и Iупэмрэ и пащIэмрэ зэтемыхьэжу». Мы рассказыр новеллэм и жыпхъэм ирегъэувэ и кIэухым «къыкъуэкIыж» Iуэхум – тыкуэнтетхэм ящIэртэкъым птулъкIэ зытыжыр махуищ ипэкIэ сату щапIэ псоми я директору зэрагъэувар.

«Зэкъуэшхэр» рассказым и конфликтыр совхозым и директор Хьэжырокъуэмрэ и бухгалтер нэхъыщхьэмрэ епхащ. А тIур тхъэжу зэдолажьэр, совхозым хотхъыкI, уеблэмэ «къуэш» зэрыгъэщIащ. Лэжьапщ Iэр бухгалтерым и зэранкIэ цIыхухэм яримытауэ хьэлэбэлыкъ къохъу. Ар директорым иреджэри къыхуогубжь икIи приказ секретаршэм ирегъэтх лэжьапIэм зэрыIуихумкIэ. Ауэ а тIум я щэхухэр главбухым сэтей къищIу щIедзэри директорыр йокIуэтыж. «Зэкъуэшхэр» бий зэхуохъу, итIанэ аргуэру зэкъуэш мэхъужхэр. Мы рассказым хэлъщ драмэм и хьэли (персонажхэм маскэ яIулъщ, ар тхакIуэм трех щызэфIэкIуэдым деж, ауэ аргуэру яIуелъхьэжри зэкъуэш ещIыж).

Дудар Хьэутий и «Нэщхъеягъэшхуэ» тхыгъэри новеллэ нэгъэсауэ къэлъытапхъэщ. Хъыбарыр зыIуэтэжыр автобусым ису здэкIуэм, зы фыз, фIыцIэ защIэкIэ хуэпауэ, абы къыбгъурытIысхьащ. А тIур зэрыщIыхуа нэужь КIуринэ (аращ гукъеуэшхуэ зиIэр) и щхьэгъусэ фIэкIуэдам щхьэкIэ зэрыгуляэзыр гур икъутэу къеIуэтэж. Марини КIуринэ гущIэгъу зэрыхуищIыр, зэрыхуэгузавэр жреIэр, псэлъэгъуэ къыщылъыс зэзэмызэм. КIуринэ и щхьэгъусэм и ныкъусаныгъэхэр щIихъумэркъым, ауэ и лъагъуныгъэм псори егъэткIур, абы нэхъ гу щабэ, цIыхуфI, тынш дунейм темытауэ къилъытэрт. ЛIым и лажьэхэр: бзэгурэфт, мазищ-плIым зэ фIэкIа зигъэпскIыртэкъым, аркъафэт, тутынафэ бзаджэт, лажьэртэкъым, бынибл иIэт, и жьакIэр бацэт, IэфIей-лъэфIейт, пырхът..., ауэ лъагъуныгъэм уимыгъэщIэн щыIэ!? Маринэ автобусым щикIыжын, хуэмышэчыжу, щыгъуэ щыгъынкIэ хуэпам иреутIыпщ:

– Уэ уи лIыр лIэн зэрыхуейрэ куэд щIат, КIуринэ!

Абы къыпэкIуэжа жэуапри нэхъ гуащIэжт:

– Ар зэрыжыпIа уи жьэр укъутэ, хьэбыршыбыр! Си лIыр лIакъым, си лIыр псэущ. Ауэ тхьэмахуэ ипэкIэ, бынунагъуэм къытхэзэухьри щIэпхъуэжати, иджы, сэ и лъыхъуакIуэ сыкъежьауэ аращ».

ТхакIуэм и мащIэкъым гъэсэныгъэм теухуа рассказхэр. Апхуэдэщ «Нэхунэ» зи фIэщыгъэцIэр. ЗэщхьэгъуситIым я къуэ закъуэм зэреджэр Нэхунэщ. ЗэрыцIыкIурэ ар щагъэкIыурэ къэхъуащ. Анэм сабийм сыт жиIэми хуещIэ, адэр зэанэзэкъуэм япэлъэщкъым, цIыху щабэщи. ЩIалэ цIыкIур къэтэджынуми, школым кIуэнуми, еджэнуми адэ-анэм «уасэ щIатын» хуейщ. Школым япэу щыкIуэм, къыпиубыдри сыхьэт къыхуащэхуащ, «тIу» къихьахэр зэрихъуэкIыжын щхьэкIэ – лъакъуэрыгъажэ, еплIанэ классым тутын ефэу щIидзати, ар щигъэтыжын щхьэкIэ – мотоцикл, итIанэ – Жигули. Мотоциклри икъуташ, «Жигулийр» зэрыIэрыхьэу мазищкIэ ягъуэтыжакъым, и лъакъуэхэм фэбжьышхуэ телъу, и машинэри имыIэжу къыкъуэкIыжащ. Зэрыхъужу «Волгэ» къысхуэвмыщэхумэ, зызукIыжынущ, жиIэри къапиубыдащ. Ауэ «Волгэ» къыхуащэхуакъым, щIалэми зиукIыжакъым – щIэкIри ежьэжащ. Зыгуэрым и «Волгэр» ирихужьэри зэхикъутащ, езыми зэхищIыхьахэм пэкIуэу илъэсипщI къытралъхьауэ тутнакъым исщ. ТхакIуэм щIегъэбыдэж рассказыр мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ: «…адэ-анэм я къуэ закъуэри тыншыгъуэ ихуэжауэ къыщIэкIынущ».

МылIэжын дунейм теткъым. ЦIыхур ахърэтым зэрыкIуэ гупсысэр темэ щхьэхуэу кIуэцIрокI лъэпкъ литературэхэми. Псэхэх персонажыр я гушыIэ рассказхэм дахэу къыщагъэсэбэпащ Дудар Хьэутии, IутIыж Бориси. Хьэутий и

рассказым а фIэщыгъэцIэ дыдэр иIэщ – «Псэхэх». ТхакIуэм зы Iуплъэгъуей гуэр къыхуокIуэри сэлам кърех, и псэр хихыну къызэрыкIуари къыжреIэ. А тIум я зэпсэлъэныгъэрщ рассказым и лъабжьэр. ТхакIуэр йолъэIу абы, сыщIалэщ, дунейм гу щысхуакъым, гущIэгъу къыслхуэщI, жиIэурэ. Ауэ Псэхэхым жэуап къритхэм наIуэ ящI дунейм гу щихуауэ зыри зэрытемыкIыжар, лIэныгъэр ныбжьым зэремылъытар, гущIэгъум и мыхьэнэр къызэрыгурымыIуэххэр. Персонаж гужьеяр хэкIыпIэ мэлъыхъуэ, абы щIэпсэун хуей щхьэусыгъуэу къегъэув зэрытхакIуэшхуэр, дуней псом зэрыщыщIэрыIуэр, ар лIэмэ, псори зэрыпыхьэнур, дунейр къутэжынкIэ зэрыхъунур. Псэхэхым жеIэ: «Насыпыншэ! Сыту Iейуэ зыкъыпфIэщIыжрэ кIуэрэ пэт… Дунейр къызэриухуэрэ уэр нэхърэ нэхъ тхакIуэшхуэ куэд зыIэщIэслъхьащ, ауэ ар къутэжакъым». ТхакIуэр абыхэм хуэмыдэу зэрыфIэщIым Псэхэхыр егъэдыхьэшхыр. Ар магъ. Аргуэру къоупщIыр: «Убзэгузехьэ? УпцIыупс? УдыгъуакIуэ?» Апхуэдэ зэрыхэмылъыр къыщищIэм, Псэхэхыр хогупсысыхьыр, хьэл дахищым я хьэтыркIэ гугъэ гуэр кърет, ар щэхущ, тхакIуэм къыщищIэнур илъэсищэ дэкIмэщ. ТхакIуэр мэгуфIэр апхуэдизкIэ псэун фIощIри, ауэ… и псэр хехыр. Илъэсищэ докIри, тхакIуэр къохъужыр. Дунейр дахэщ, нэхъ бжьыфIэ хъуащ, езы тхакIуэри мэгуфIэ. Псэхэхыр аргуэру къыбгъэдохьэ: «Уэратэкъэ илъэсищэ япэкIэ уэ улIэмэ, дунейр къутэжыну жызыIар, насыпыншэ? Теплъэж иджы». ТхакIуэр аргуэру зэ йолъэIужыр гущIэгъу къыхуищIыну, псэууэ къигъэнэну. Псэхэхыр мэдыхьэшх, зэи и щхьэ щымытхъужыну чэнджэщ къретри аргуэру ахърэтым негъэсыж. Мы рассказри новеллэу къэплъытэ хъунущ. Апхуэдэу гушыIэ дахэрэ ауан щабэрэ зыщIэлъ тхыгъэхэщ Дударым и Iэдакъэщ IэкIхэр, и драматургие лэжьыгъэхэри хэту.

Нало Ахьмэдхъан (1921–2010) адыгэ прозаикхэм ящыщу гушыIэмрэ ауанымрэ нэхъ хуэIэзэхэм хабжэ. Ахьмэдхъан тхылъ щхьэхуэу 1963 гъэм къыдигъэкIащ и гушыIэ рассказхэр. «ГушыIалъэ» тхылъым рассказхэм нэмыщIу «ГушыIалъэ» псалъалъэ кIэщIи иригъэуващ. А жанрыр щIэт ди литературэм дежкIэ. ТхакIуэм и гушыIэ рассказхэри (повестрэ, къызэрыкIуэ рассказхэр и гъусэу) итщ «Бжьэр къэпщIащ» тхылъышхуэми.

ГушыIалъэ псалъалъэм алфавитым и хьэрф къэс хуэзэу псалъэхэр къыщехь, дэ дызэса мыхьэнэм гушыIэ гупсысэ гуэрхэр дыщIигъуурэ, уеблэмэ междометиехэри хегъэхьэ. Псалъэм папщIэ, «А-а-а!» междометиер куэдым пщIы зэраупсу жеIэр, цIыхум ямыщIэ яжепIэмэ, ар къащIэжа хуэдэу къыпфIагъэщIу. «Адыгэбзэ» псалъэм къикIыр тхакIуэм къеIуатэ гушыIэ хэлъу: хъуэхъум хуэдэщ, дахэу жыIэ закъуэ, жыпIэм узэрытрамыгъуэтэжынур псоми ящIэ, ауэ адыгэбзэщи йодаIуэ; иджырей адыгэбзэм зиужьащ: псы IэфI стэчанрэ морожнэ

Іыхьэрэ къызэрищэхун урысыбзэ зыщІэм япэ урысыбзэкІэ къыбжаІэри адыгэбзэкІэ пхузэрадзэкІыж. Щапхъэ: «Я Вовика адела, абула и в парк павела – Сэ Вовик адиват сщІыщ, абуват сщІыри паркым сшащ гуляйт езгъэщІыну». ГъэщІэгъуэну къызэкІуэцІехыр тхакІуэм мы псалъэхэр: «Начальник» (Куэдрэ убгъэдэтмэ, тІэу сэлам епхынкІэ хъунущ. Езым сэлам лей зэрихьэркъым – къыуихыжыркъым). «ЩІопщ» (ЩыІэцІэщ. Ауэ щыІэжкъым…), «ЦІыху» (Номинымкъикіыу тхьэм хуэкІуэ псэущхьэщ. Абы и кІэр къыпыкІэжам хирург нэхъ лъапІэ ІэщІагъэ щыІэнтэкъым».

Нало Ахьмэдхъан и япэрей гушыІэ рассказхэм щыщу сюжет гъэщІэгъуэнкІэ гъэпсащ «КхъуэІэнэщІ Исхьэкъ къызэралъхуар» зыфІищар. ТхакІуэм и биографием щыщ гуэрхэр «нэгъуэщІынэкІэ» къытхуеІуатэ, гушыІэшхуэ хэлъу. Псом хуэмыдэу хьэлэмэтщ езым и къекІуэкІыкІам зэрытепсэлъыхьыр. Удихьэхыу укъоджэ хьэ цІыкІу «Уркэ» теухуа хъыбарым.

Къызэрыхэдгъэщащи, тхакІуэм и етІуанэ тхылъышхуэми («Бжьэр къэпщІащ») итщ гушыІэ зыбжанэ: «Нет», «Ди зэхуэдэ щэхущ», «Хъыжьэ», «Кэму», «Тезыр», «Сом», «ЗэгурыІуащ», «Къалэжь», нэгъуэщІхэри. Иужьрейр зытехуар Къэбэрдейм и гъунапкъэм щыс адыгэ къуажэ Къалэжьщ. Абы и пэкІэ теплъэу иІар, унэ дэтхэр, щыпсэухэр, нобэ зэрыхъуар къыщеІуатэ хъыбарыр къызыбгъэдэкІым и псалъэкІэ. Къуажэм нобэ дэсщ адыгэхэри, нэгъуэщІ гъунэгъуу щыпсэу лъэпкъхэм къыхэкІаи. ЦІыху къэскІэ гъэщІэгъуэнщ я теплъэкІи, я хьэлкІи. Къуажэм дэс псори пцІыхуми, Къалэжьым ущыблэжкіэ зэбгъэцІыхун хуейщ «зыкъомкІэ адрейхэм емыщхь» лІыжь Джэдырэ Хьэмел.

ЩауэкІыхь Мэчрэил курс гуэр къиухати, хьэблэ лІыжьхэр зэхуешэсыр игъэхъуэхъуэну. Ирагъэблагъэр Джэдырэ Хьэмели. Абы кІэлъагъэкІуа Хьэлий и псалъэкІэ тхакІуэм нэІуасэ дыхуещІ лІыжь «псоми емыщхьым». Хъыбарегъащіэм сэлам кърех, егъэтІысри езы Хьэмел къурІэн еджэу мэтІысыжыр. ГъэщІэгъуэнщ абы и теплъэр: «УпщІэ пыІэ фІыцІэм и пІэкІэ жэщ пыІэ цІыкІу щхьэрыгът. И Іупэр щигъэпІэжьажьэкІэ, брул хъуа и пащІэ къуацэшхуитІыр уфафэрт, и Іупэ щІагъым цІыв гъуабжэшхуэу кІэрыс хьэбзыпэ цІыкІур жьэм жьэдэпкІапІэ имыгъуэту къижыхьырт. ГурыІуэгъуэт Хьэлий и Іуэху лъэпкъ зэрызэримыхуэжыр».

Налом и персонажхэр Іэзэу зэщхьэщегъэкІыр я теплъэкІэ, я псэлъэкІэкІэ, я гупсысэкІэкІэ. Мы зи гугъу ищІ лІыжьыр зыми зэремыдаІуэр, зэрызалымыр ІупщІу ди нэгу къыщІегъэувэ, и унагъуэм исхэр шынэу зэрыщытымкІи: ахэм лъапэщІийуэ къакІухь, унэм зыри щыхъейкъым Хьэмел «и нэкІум къыщызыкІухь Іупэ, пащІэ, жьакІэм я нэмыщІауэ». Ар къурІэн

щеджэкIэ мэIущащэр, итIанэ макъ щхьэхуэхэр къыжьэдокIыр, кIийм, уэрэдым и кIэм хуокIуэжыр. Унэм щIэлъ хьэпшыпхэми къаIуатэр лIым и хьэлыр, ахэми «зэш хьэлъэ къатеуащ е нэщхъейщ…» Хьэмел шэнтжьейм зыкъыщытриIэтыкIым «Уэ-ху-ху-ху, – жиIэжри щэтащ, зытетIысхьа шэнт цIыкIур гухэщIу кIыргъащ». КъурIэн еджэн зэриухыу, унагъуэр къызэщIэрыгуащ пэшым, яIыгъщ къубгъан, напэIэлъэщI. Хьэмел и къуэ Щобэз япэ ищри адэм и лъахъстэн местыр щихыну иубыдащ, абы псалъитI къылъысащ: «Домышей! Домышей, жысIакъэ!» Сытми лIыжьым зихуапэри къэкIуащ, зи гъусэми зы псалъэ жримыIэу, тхьэлъэIу щащI унэм. Мыбыи Хьэлым и ткIиным щыпищащ. И унэгуащэ Аминат теухууе хъуэхъу щыжаIэм, ар адыгэ хабзэкIи дин хабзэкIи къемыкIуу жери псоми едауэу къэуващ, Iэнэм къраджа Аминат укIытэри адрей пэшымкIэ щIэувэжауэ къэдаIуэрт. ХьэщIэу щыс щIалэ гуэр къыпэуври Хьэлымым акъылкIи, псэлъэкIэкIи къытекIуащ. ТхакIуэм а зэдауэр гъэщIэрэщIауэ къретхэкI, зэриух псалъэмкIи къытрегъэзэж Къалэжь къуажэм ублэкI зэрымыхъунумкIэ, абы щыпщIэни, шыпшхыни бгъуэтынущ. «Сывдэгуэшэнущ» яжепIэрэ, плъэкI къыумыгъанэ, я пыIэр къыпхуэгъэтIысащ». Къыхэгъэщыпхъэщ, Налом и гушыIэ рассказхэм драмэ щэнхэри зэрахэлъым. ФIымрэ Iеймрэ зэпишачэурэ абы урегъэгупсыс гъащIэм и щэхухэм, цIыхум дунейм щигъэзащIэ къалэнхэм. Iейм, мыхъумыщIагъэм зыщыдзеин, цIыхубэм хигъэщхьэхукIа лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэр уигъуазэу упсэун зэрыхуейм укъыхураджэ абы и гушыIэ рассказ гукъинэжхэм.

КъэрмокъуэМухьэмэд(1929–2015)нэхъыбэукъызэрацIыхур и повестхэмрэ романхэмкIэщ. Абыхэм къадэкIуэу тхакIуэм иIэщ рассказхэри, гушыIэ, ауан тхыгъэхэри. Ахэр ярытщ «Зэманым и лъэужь» (1974), «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ» (1981).

Къызэрыхэдгъэщащи, гушыIэмрэ ауанымрэ елэжь языныкъуэ тхакIуэхэм я рассказхэм я сюжетхэр адыгэ IуэрыIуатэм къыхах, ахэр литературэм и хабзэхэмкIэ яуэдурэ художественнэ тхыгъэ къагъэщI. Абыхэм ящыщ гуэрхэр зы тхылъым икIыурэ адрейм «щагъэIэпхъуэри» мащIэкъым. Къэрмокъуэ Мухьэмэд и рассказхэм я сюжетыр литературэ «къабзэу» щытщ, ахэр езым зэхилъхьэжащ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «Зэманым и лъэужь» тхылъым ит «Нысапхъэ», «Времэ», «Щхьэлтет» рассказхэр.

«Нысапхъэ» рассказым Iуэхур щекIуэкIыр автобусырщ. Хъыджэбз дахэ къихьар яхуэтIысыркъым. ЦIыху исхэм къащохъу ар гъэса дыдэу, нэмысышхуэ хэлъу, уеблэмэ лIыжьитI зэбгъэдэсхэр я къуэхэм щхьэкIэ йохъуапсэ нысапхъэу. Ауэ Iуэхур нэгъуэщIу къыщIедз. ЩIалэ гуэр щикIыжым еупщIат хъыджэбзыр щIэмытIысымкIи, жэуап къриташ паркым кIуэ пщащэм – «и

бостеикIэр, гафреуэ дар, упIышкIунут». ЛIыжьитIыр, зэплъыжри, зым, адрейм жриIащ: «Уи нысэм и хъер улъагъу!»

«Времэ» рассказми къыщыхъуагъэшхуэ щыIэкъым, ауэ персонажыр зэрыщIыху шэчыгъуейр тхакIуэм сэтей къещI зы телефон псэлъэгъуэкIэ. КъулыкъущIапIэм и унафэщIым и телефон хуейуэ абы зыгуэр къопсалъэ. Телефоныр къэзыщтам ХьэкIашэ (унафэщIыр) отпуск зэрыкIуар жэуапу ирет, адрейми «КъысхуэгъэгъукIэ» еухыр и псалъэхэр. Ауэ мыдрейр губжьауэ сыхьэт ныкъуэкIэ мэшхыдэ «времэ» лей зэрыIихам, ХьэкIашэ зэрыщымыIэр «ищIэу» къызэрыпсэлъам щхьэкIэ, зэманыр зэрылъапIэр, абы пщIэ хуищIу щымытамэ, Л. Толстой и романыр итхыфынутэкъым. Къэпсэлъам хуэмышэчыжу: «Уэ пхущIохьэ», – жеIэри трубкэр трелъхьэж.

ГъэщIэгъуэнщ «Щхьэлтет» рассказри. Къуажэм собранэшхуэ щокIуэкI, щIэсщ колхозым хэтхэр, районым, Налшык къикIахэри. Колхоз зи Iуэхур мыщIагъуэми, председатель мыхъуми тепсэлъыхь щыIэкъым, къэпсалъэхэм яубыр щхьэлтет Сулимэнщ. Езы яубыр щIэскъым. КъызэрыщIэкIымкIэ, щхьэлтетыр трагъэкIыу, абы и пIэкIэ Хьэмырзэ, Мырзэкъан е Елмырзэ языхэз трагъэувэну мурад ящIат зы гуп цIыкIум. Iуэхур гуащIэ щыхъум, хьэщIэу къагъэкIуам унафэ ищIащ щхьэлтетыр къашэну. Сулимэн, хьэжыгъэм исеяр, къызэрыщIыхьэу къалащхьэм къикIа лIыкIуэм къищIыхужащ, ар къэтэджри сэлам гуапэ ирихащ, IэплIэ хуищIащ (унафэщIыр цIыкIуу щеджа школым и директору лэжьат зэгуэр Сулимэн, ар нэгъуэщI къуажэ къикIами, псоми фIыуэ къалъагъурт, пщIэ къыхуащIырт). А дакъикъэм собранэм къыщыпсалъэ Къанщауэ жиIэхэр фIыкIэ зэридзэкIыжащ: «Сулимэн гугъу ехьа цIыхущ, хэти сыти жреIэ, апхуэдэ щхьэлтет ди Хэкум имыскIэ тхьэ пхуэсIуэнщ. Пэжкъэ жысIэр, Хьэмырзэ?» Иджыри къэс зыубахэр псори щыхьэт хъуащ абыкIэ.

«Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ» тхылъми гушыIэ рассказ тIощIым нэс итщ. Къэрмокъуэр драматургыу зыщIыхур мащIэщ, пьесэу тIу итхами. Мы тхылъым итщ рассказ, «Уэуэу» междометиер цIэ хуищIауэ. ФэщыгъэцIэм и лъабжьэм щIэтхащ: зы теплъэгъуэрэ гузэвэгъуибгъуу зэхэлъ рассказ. Мыр и фащэкIэ гъэщIэгъуэнщ, фызымрэ лIымрэ я диалог фIэкIа хэткъым, ауэ лIым илъэс минкIэ бгъэдэлъа унафэр, и псэлъэкIэр фызым лъегъэс, лIым ейр фызым и Iуэхухэмкlэ екъутэж. Рассказыр гъэнщIащ гушыIэрэ ауанрэкIэ. Теплъэгъуэр щIедзэр фызым и псалъэкIэ: «Ей, бетэмал, сыту леишхуэ къытлъыса дэ фызхэм япэм. Иджы тIуэтэжащ. ФIыщIэри щытхъури уэращ зейр Алыхь. Фызыр ефауэ, зригъэIэту къокIуэжыр, лIым къытогуауэр бжэр зэрыIуимыхым щхьэкIэ. ЛIыр мэубзэр, зегъэлъахъшэр, «си нэ фIыцIэ цIыкIу»

дыщIегъур сыт жиIэми, ауэ абы и фызыр къегъэгубжьыр: иджыри къэс и нэр зыхуэдэр щхьэ имыщIэрэ. ЛIыр хозэрыхьыр, зэм нагъуэу, зэм нэкъуэлэну, морэу жеIэр и щхьэгъусэм и нэр. Фызыр къоупщI: «Сабийр бгъэшха, бгъэжеижа, си кIэм ету тебдза, хьэкъущыкъур птхьэщIа н.къ. фыз Iуэхухэмкlэ. Псори игъэзэщIауэ къыщIокIыр. Фызыр нэхъ щабэ мэхъури, мы зэм «и лIыр иримыгъэкIыжыну» къегъэгугъэр. А тIум адэкIэ жаIэхэм наIуэ къыщохъур пасэм цIыхубзым бэлыхьу телъахэр (А бэлыхьхэм фызыр щыгъуазэкъым: фащэ дынми, гуэншэрыкъ жыхуиIэми, пхъэхькIэ псы къэхьынми, яжьэ ихынми н.къ., ауэ бэлыхь иджыри ятелъу жеIэ зэпыт). Нобэ цIыхухъури цIыхубзри зэхуэдэ хъуащ, ауэ цIыхубзым бэлыхь ин дыдэ къылъысащ… фадэ ефэныр, аращ тхакIуэм «уэуэу» жыхуиIэри. Рассказым и кIэм деж авторым лIыхэм чэнджэщ зыбжанэ ярет, «къуажэ псори уи бийми, уи фызыр бий пхуэхъуныр щIыжаIар зыхэпщIэн папщIэ: уи щыкъу анэм, благъэхэм ущымысхьу уи дзэлыфэ яхуэтI (уи гум илъым зыри иплъэфынукъым), уи улахуэр фызым ети, абы щыщ къыIомыхыж, уи фызыр къэбгъанэу санаторэ умыкIуэ, мыхъужмэ, уэ къани, ар гъакIуэ. Фызыр пщIыхьэпIэкIэ гъымэ, зыгуэр къыхуэщэху (ар зэикI ирикъунукъым), зыхуей псори фызым яхуэфщIэ, ауэ жэщхэсу сондэджэракIуэ фымыгъакIуэ».

ГъэщIэгъуэну я сюжетхэр гъэпсащ Къэрмокъуэм и рассказхэу «Мусэ фыз къешэ» (Мусэ ныбжьэгъу къыхуэхъуа, санаторэм игъуса Хьэмид и фызыр имыщIэу къишэну хуожьэ, Iуэхур къызэрекIуэкIар гушыIэ хэлъу къретхэкI авторым, псори IупщI щыхъум, Мусэ сымаджэ ирохъукI щIэщхъу къыщыщIам). «ЩIалэжь и Iэмал» – (нысэмрэ гуащэмрэ зэзэгътэкъыми, щIалэжьым и анэр щхьэхуэ ищIащ, ауэ и фызым щIыIэ хуэхъуащ. Нысэр куэдрэ бэмпIащ, щымыхъужым: «СигъэкIыж, ди деж сышэж», – жиIащ, ауэ лIым идакъым, езыри къеупщIащ: «Сыт къыздэбгъуэр?» ФIыуэ сыкъэплъагъужкъым щыжиIэм, аргуэру щIалэжьым гуригъэIуащ: «Ди лъагъуныгъэр си анэм и жыпым илъу здихьыжащ». Нысэми къыгурыIуащ и щыуагъэр. Гуащэр къашэжащ, зэлIэфызри тэмэму зэхущыт хъужащ.

Апхуэдэщ Къэрмокъуэм и гушыIэ рассказхэр. Абыхэм щытепщэщ унагъуэр, цIыхухэм я зэхущытыкIэхэр, лэжьыгъэр. Ауэ псори зэрешалIэ гъэсэныгъэ тэмэм къызыхэпхын защIэу ахэр зэрыщытым. ТхакIуэм и тхыгъэхэм нобэ куэдрэ утыку къащI хъуа цIыхухъу-цIыхубз зэхущытыкIэхэр щегъэлеякъым, езым и бзэр дахэщ икIи шэрыуэщ.

Къэбэрдей-шэрджэс прозэм гушыIэрэ ауанрэ зэрызыщиужьам и гугъу щыпщIкIэ, япэу зи цIэ къиIуапхъэхэм ящыщ Шэджыхьэщ Хьэмыщэ (1932–1999). Хьэмыщэ и Iэдакъэ къыщIэкIащ рассказхэр, повестхэр, роман зыбжанэ. Абы и

тхылъхэу «Уи пщэдджыжь фIыуэ, Тэрч», «Мазизэ», «ЛъышIэж» зыфIищахэм гушыIэ рассказ зыбжани хыхьащ.

Критик Шэвлокъуэ Петр зэритхымкIэ, ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ и сатирэ образ зыбжанэ цIыхухэм гушыIэу къахуэнащ. Апхуэдэщ Чоп, Блашэ, Катрин, нэгъуэщIхэри… Гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым абы и персонажхэр я хьэл-щэнкIэ, я гушыIэкIэкIэ нэгъуэщI лъэпкъхэм зэрыхэмыгъуэщэнур. Ахэр зэрыадыгэ гушыIэкIэр дэтхэнэ персонажми и гупсысэкIэми и гушыIэкIэми хэгъэпсыхьащ.

ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ и гушыIэ рассказхэр я темэкIэ зэхуэмыдэщ, абы щIэнэкIалъэ ещIыр бюрократхэр, цIыху мыкIуэмытэхэр, Iужажэхэр, Iэпашхэлъэпашхэхэр. Хьэмыщэ нэхъ къехъулIэ темэу къышIэкIынщ ижь-ижьыж лъандэрэ лъэпкъ цIыкIухэм Iыхьлырэ благъэрэ зэрагъэлъапIэм имызакъуэу абы зэран къахуихь зэрыхъури. Къэтщтэнщ, псалъэм папщIэ, «Хьэрэмышх» рассказыр. Заводым и директорым къреджэ «Снабжение» къудамэм щылажьэ Мэзан. Абы илъэсым и кIэм къищэхури складым щIилъхьащ щхьэ ирищIащэу машинэ щитI (заводым щылажьэхэм зыщагъэпсэху базэм я щхьэр щышIащэну), гъущI церпу метр щищ, гъущI Iунэу тонрэ ныкъуэрэ, тебэ убыду щитху… Директорыр къоупщIыр, сыт абыхэм Мэзан ирищIэнур? Заводым щылажьэм я нэхъыбэм щхьэц ятетыжкъым (машинэ щитI!), гъущI Iунэр сыткIэ сэбэп, зы шхапIэ цIыкIум тебэ убыду тIу нэхъыбэ хуейкъым, адрей щитхур дэнэ ихьын. Мэзан гушыIэ щIэлъу жэуап етыр, абы дыщIегъужыр заводым илъэсым и кIэм къыхуэна ахъшэр къамыгъэсэбэпмэ, Iахыжынущ, ауэ аракъым нэхъыщхьэр – хьэрэмышхщ Мэзан. ЛIитIым зэдэуэн ямыухауэ телефоныр къоуэ. Директорым и псэлъэкIэмкIэ IупщIщ ар унафэщIышхуэ зэрепсалъэр: «Мухьэрбий Сэфэрбиевич… дэгъуэщ… дгъэзэщIэнщ… мэлажьэр, умыгузавэ, чыр къытесхынкъым, сэ ар мылажьэм си Iуэхущ».

Псэлъэн зэриухыу директорым Мэзан зэщIеубыдэр, фIыщIэшхуэ хуещI ахъшэр зэрыхримыгъэсхьам папщIэ. Iуихужыну зыхуимурада Мэзаныр приказкIэ ар щылажьэ къудамэм и тхьэмадэ ещI… Директорыр зэпсэлъар Мэзан и щыкъу адэрат, ар заводхэр зи IэмыщI илъ министрт.

ГушыIэ рассказхэм куэдрэ егъэлеиныгъэ Iэмалыр къыщагъэсэбэп хабзэщ, Хьэмыщи хуэIэзэу хегъэувэ ар и сюжетхэм. Ар щыболъагъу «Моцэ», «ХьэлIамэ къакIуэм», «Лъэсу къэфкIухь» рассказхэм, нэгъуэщIхэми. Пэжымрэ тхакIуэм и фантазиемрэ я зэхуакур жыжьэIуэ мыхъуным ар хуосакъ.

ШэджыхьэщIэм и гушыIэ рассказхэм я нэхъыфIу убж хъунущ «Анэдэлъхубзэ» тхыгъэр. Мыр хъуэхъу фащэм итщ. Гуп зэхэсым хъуэхъу зылъысам къеIэтыр проблемэ ин – адыгэбзэм и къабзагъэр хъумэн зэрыхуейр. Ар яхуошхыдэ урыс псалъэ имычэзууэ адыгэбзэм хэзыгъэмбрууэхэм. Мыбдеж

тхакIуэм къегъэсэбэпыр «комизм лэныстэ» Iэмалыр – цIыхум жиIэмрэ езыр зэрыщытымрэ шумрэ лъэсымрэ зэрыхуэдэр. Хъуахъуэм иубхэм езыр зыкIи къакIэрыхукъым, къакIэрыху щызогъэтри я пашэщ адыгэбзэр зыуцIэпIхэм: «Ладнэ, ладнэ, хъэрэшо, зы псалъи вжесIэнщ. Пэжалыстэ, тхьэмадэ, сэ пагэу си жизым зы минут сыщытакъым. Тем болэ, адыгэ семя уису, адыгэ блудэ пшхыуэ анэдэлъхубзэкIэ зы тостыжьыфI къыщыпхуэмыIэтынум деж, я извиняюсь, уи лъэпкъми, уи родми ухуэмыфащэу араш! Аракъэ? Точнэ!» АдэкIи ирекъутэкI адыгэбзэ «IэшырыIкIэ» и хъуэхъур.

ШэджыхьэщIэм и Iэзагъыр зэрыхэхъуам, и хъэтIыр нэхъ лъагэ зэрыхъуам и щыхьэтщ абы 1977 гъэм къыдигъэкIа «Дыщэм ефIэкIыу» тхылъым ит гушыIэ рассказхэр. Къэтщтэнщ, «Фыщымысхь гъунэгъум!» рассказыр. Мыр ещхькъым гушыIэ гуэр е Iуэхугъуэ закъуэ къэзыгъэлъагъуэ рассказ кIэщIхэу анекдотым ещхьхэм. Мыбы цIыхум и хьэл-щэнхэр, и дуней тетыкIэр убгъуауэ къыщыгъэлъэгъуащ.

Рассказым и персонаж нэхъыщхьэм езым и псалъэхэмкIэ и мыхъумыщIагъэхэр къегъэлъэгъуэжыр, имыщIэурэ дыхьэшхэн зещIыжыр. ЛIым и гъунэгъу псори мыхъумыщIэу, шэчыгъуейуэ, имылажьэ къытралъхьэу егъэувыр. Гъунэгъухэр апхуэдизу езым гугъу иregъэхьри ар къуажэм дэхун хуейуэ къагъэув. Дотыкъуэ «къуаншэщ», и мэкъур гъунэгъу жэмым зэришхым щхьэкIэ, абы и къуэ закъуэр мыдрейм и къуибл мыгъасэм зэракъуам щхьэкIи къуаншэщ («ЩIалэшхуэщ, сыт а щIалэ гъур цIыкIуиблым зыщIригъэкъуар, куэди иращIакъым, и дзитI Iуаудащ, и Iэпхъуамбэр зэращIыкIауэ араш… Мазищ иримыкъущ сымаджэщым зэрыщIэлъари»). Езым ярищIэхэр мыхьэнэншэу къелъытэ, Мацыкърэ езымрэ зэрегъафэу фочкIэ Дотыкъуэхэ я хьэри, я джэдри, бабыщри, гуэгушри зэраукIари зырикIщ («СыхулIэ апхуэдэ гъунэгъу, езыри кърекIуи си джэди, адакъи, гуэгуши, фызи иреукI, ар мылицэм езгъэшэнкъым, сэ къызищIам хуэдэу. «Гъунэгъурэ гъуэншэджрэ» жаIэ, уэлэхьи гъуэншэджыншэу укъагъэнэнкIэ мы си гъунэгъухэм»).

СэмэгумкIэ къыщыс Хьэсанш инвалидщ, зауэм хэтащ. («СощIэр абы и орденхэр къыздикIар, зы шэ иригъэкIакъым, сэ къуажэм сыдэхун хуейуэ жеIэ, сэ сыдахумэ, и лъакъуэ Iушэр захуэ хъужыну?»). Езыр зауэм кIуакъым (1941 гъэм июным и 22-м уз бзаджэ къыпкърыхьэри и «ныбажэм» гугъу иригъэхьащ 1945 гъэм майм и 9 хъуху). Кладовщикыу Iутти къытрахуащ. Лажьэркъым, пщIантIэркъым («ИлъэсихкIэ Каменкэ сахуауэ пщIэнтIэпсу къызэхар ирикъунщ, итIанэ закон щыIэкъым, цIыхур пщIантIэкъым жэуэ ирибгъэкъуэншэну»).

ЖэщкIэ Iуэху мыхъумыщIэ зэрехьэ, и щхьэми щотхъужыр хъыбарыр къэзыIуатэр: «Езы Толстой дыдэ и акъылыр зыхунэмысам, сэсейр куэд щIауэ нэсамэ-щэ?.. Сэ Аннэ

Каренинэр мафIэгу лъабжьэм щыщIэхуам зэзгъэзэхуэжу сыщытами ящIэркъым, а къысщыдыхьэшххэм. Ар езы Толстой дыдэми ищIэркъым… Зытхыжын щыIэкъым нэхъ Штирлиц хуэдэ тIощI измыгъэкIуэттэм». Апхуэдэ «лIы Iущыр» и гъунэгъухэм якIэлъоплъыр, сыт къахэхъуэми, ящIэми топсэлъыхь махуиплI хъууэ «сыным хуэдэу бжыхьым деж щытщ. Чэнджэщ етыр «гъунэгъухэм феуэ, зауэ ефщIылIэ».

«Уа, уадыгэкъэ уэ?» рассказым къыщыгъэлъэгъуар адыгэ хабзэм «хаухуэна» зэхуэщIэ егъэлеям, я мыблагъэ, Iыхьлыхэм хуаIэ фэрыщIыгъэхэм цIыхум псэупIэ ирамытыж зыщI IуэхузехьэкIэхэрщ. Ахэр нэхъыбэу къызыпкърыкIыр иджырей цIыхубзхэрщ (мы рассказым хэт Лалуцэ хуэдэхэрщ). Адыгагъэмрэ адыгэ хабзэмрэ «ягъэпщылI» ди зэманым ефэн зи мыжагъуэ хъуа цIыху куэдым. Ахэр ауан щещI Шэджыхьэ-щIэм и рассказхэу «Отпуск», «Сефэн хьэмэрэ семыфэн», «ЗыIубогъэхри, къуэш», нэгъуэщIхэми.

Журт Биберд (1937–2003) езыми гушыIэшхуэ хэлъу щытащ, и творчествэми гушыIэмрэ ауанымрэ щIыпIэ щхьэхуи щаубыд. ГушыIэр хэпхъащ и рассказхэм, повестхэм, романхэм, ауэ нэхъыбэу гушыIэрэ ауанрэ зыхэтхэр и пьесэхэрщ. ГушыIэ рассказ фIэкIа имыту Журт Биберд тхылъ щхьэхуэ къыдигъэкIащ – «Си унэцIэ дыдэр» (рассказипщI итщ).

Адрей адыгэ тхакIуэхэм къащхьэщыкIыу, Журтым и гушыIэ рассказхэм егъэлеиныгъэ (гиперболизацие) Iэмалыр мащIэ дыдэрэщ къызэрыщигъэсэбэпыр. ТхакIуэм и сюжетхэр адыгэ гъащIэм къыхэхащ, аращ ахэм фIэщхъуныгъэ ин щIахэлъри. Абы и щыхьэтщ «Зэныбжьэгъуищ» рассказыр. Нэхъапэхэм щыгъуэ адыгэхэм къыщалъхуа махуэхэр, уеблэмэ илъэсыр щIагъуэ кърамыдзэу щытащ. Тхыбзэ пасэм зэрыдимыIам пыщIащ ар. Апхуэдэу щытми, адыгэ хабзэм, псом хуэмыдэу Iэнэм щытIыскIэ, цIыхум и ныбжьым пщIэшхуэ хуащI. Гугъут зэхэбгъэкIыну цIыхур къыщалъхуар. «Зэныбжьэгъуищ» рассказым хэтхэри а проблемэм хэхуащ. Зым и анэм и щIалэр хадэ пщIэгъуэм къалъхуауэ жиIэрт, адрейм и адэм «и тхьэкIумэр щаIуэнтIам» (къуэ къызыхуэхъум гушыIэурэ и тхьэкIумэр яIуантIэу щытащ) зэрыкъуажэу мэкъу еуэрт, ещанэр къыщалъхуам лэжьыгъэр кърахьэлIэжат. Щыми я анэхэм я къуэр нэхъыщIэу къыщIрагъэдзырт, ауэ ящIэжырт щыри зы илъэсым (къуажэм зэхуэсышхуэ щыщыIам) къызэралъхуар, ауэ ар зи хуэдэ илъэсыр кIуэи къащIэ. ЩIалищыр зэгурыIуащ, Iэнэм хэт япэ къэсми нэхъыжьыпIэм тIысынхэу. Абыхэм я зэхуакум гушыIэшхуэ дэлът. Щыми фыз къызэдашэну я мурадщ, ауэ къайхъулIэркъым, къэшэн зым къигъуэтар яшэр, адрейхэр лъыхъуэху. ЗэрымыщIэу цIыхубзхэм я махуэм хъуэхъу телеграммэ хуагъакIуэ, ари ябзыщIыжыр.

Рассказыр къызыIуэтэж щIалэр командировкэ къикIыжауэ унэ нэщIым щIэст: щIыIэт, зэшыгъуэт, ерыскъы лъэпкъи щIэлътэкъым. Телефоныр къещтэри и ныбжьэгъуитIым я деж мэпсалъэ. Зым жреIэ: «Си шыпхъум хъыджэбз дахитI и гъусэу хьэщIапIэ къысхуэкIуащи си унэм фадэ щIэтщ, ауэ ерыскъы лъэпкъ сиIэкъым, къакIуэ». Адрейм жреIэ ерыскъы щыIэу, ауэ фадэ щIэмыту. Къэшэныгу ныбжьэгъухэм псори берычэту къахьыр, Iэнэр яузэд, бысымым хъыджэбзхэр дакъикъитI-щыкIэ щIэкIауэ яжреIэр. Зыкъомрэ щыса нэужь зэныбжьэгъухэм къагуроIуэр къызэрагъэпцIар, псори мэдыхьэшхыр, IэфIу зэбгъэдэсщ. Щыми быдэу унафэ ящI цIыхубзхэм я махуэр къэмысу фыз къашэну, армырамэ хамэхэми а махуэм хъуэхъу телеграммэ къыхуагъэкIуэнкIэ шынагъуэщ...

Мы тхылъ цIыкIум итщ нобэрей зэманым цIыхухэм яфIэмыгъэщIэгъуэныж Iуэхухэм, темэхэм теухуа рассказ гуэрхэри: «Алыхьыр къеуащ» (диным, нэщIым), «Сумкэшхуэ» (сондэджэрхэм), ауэ нэхъыбэр ди зэманым зи пщIэр мыкIуэда сюжетхэщ. «Ещхьыжкъым» рассказым тхакIуэм ауан щещI пьесэ зытха драматург щIалэ гуэрым итхар «чэнджэщ» Iущхэм зэрызэIагъэхьам. Режиссерым пьесэр игу ирихьащ, ауэ зэриух сценэм зэхъуэкIын хуейуэ къигъэуващ (фIыуэ зэрылъагъухэр пьесэм и кIэм деж гуузу зэфIокIуэдыж), режиссер нэхъыщхьэм зэрыригъэхъуэкIащ пьесэм и пэщIэдзэр, директорым пщIыкIэ къришэкIащ Iэджэрэ, нэгъуэщI гуэрым дагъуэ зыбжанэ къыхуищIащ текстым. Унафэ зыщIхэм ящыщ гуэрым щIалэм и пьесэр псоми ягу ирихьауэ икIи ягъэувыну щыжиIэм гуфIащ, ауэ... нэгъуэщIым драматург щIалэр хигъэзэрыхьауэ къыщIэкIыжащ. Псоми я чэнджэщхэм тету пьесэр зэригъэзэхуэжри япэу къеджауэ, Iуэхум тезыгъэгушхуауэ щытам и деж къигъэзэжащ. Абы къыхуэщIэжакъым пьесэр, апхуэдизу зэхъуэкIати икIи нэхъыкIэ хъуати. Авторыр зыми хуэмеиж ящIат.

И ухуэкIэкIэ хьэлэмэтщ «Ари езы Жансурэтт» рассказыр. Жансурэтым и къуэ закъуэ МэчрэIил фыз къешэ. Ар хьэбли, къуажи, псоми ягу ирихьат, щыгуфIыкIат, зы цIыху закъуэ къинэмыщI... Ар езы Жансурэтт. Нысэр цIыху хъарзынэт, псори щыгуфIыкIырт зы закъуэ мыхъумэ... Ар езы Жансурэтт. Жансурэт и къуэм ириIуэкIыу щIидзащ нысэр мыхъуну, иужь икIакъым сабий зыгъуэтар ирагъэкIыжыху. ЩIалэм нэгъуэщI къригъэшащ и къуэм къишам зы закъуэт игу иримыхьыр... ар езы Жанусрэтт. ЕтIуанэ нысэм МэчрэIил къыхуигъэуващ: «Е щхьэхуэу допсэу, е сокIыж». ЩIалэр и анэм хокIри нысащIэм я унагъуэм пэмыжыжьэу мэIэпхъуэ. Ар псоми ягу ирихьакъым зы закъуэм мыхъумэ – ар езы нысащIэрт. КъетхэкI щIагъуэ хэмыту цIыху зэхущытыкIэр глаголыр щебэкI псалъэуха кIэщIкIэ къегъэлъагъуэ персонажхэм я психологиер, я гупсысэкIэр.

Зи гугъу тщIа рассказхэми, «Iуащхьэмахуэ» журналым къытехуа «Дауэ ущыт?», «Щхьэгъусэ жыгъей» тхыгъэхэми къахощ персонажхэм я теплъэр, я псэлъэкIэр гъэщIэгъуэну Журт Биберд зэриухуар. Образ къигъэщIхэр гъащIэм узыхуэзэ цIыхухэм ещхьщ. «Дауэ ущыт?» рассказым хэт ХьэтIохъущыкъуэм хуэдэ мащIэкъым сыт хуэдэ зэманми. Рассказыр къэзыIуэтэжым а ХьэтIохъущыкъуэр зэзэмызэ илъагъу къудейт, щыблэкIкIэ, укIытэрти сэлам ирихырт. Зэгуэрым ар блэкI пэтрэ йоупщI: «Дауэ ущыт?» – жеIэри. ХьэтIохъущыкъуэр зэщэр арагъэнти, къоувыIэри унафэщI къыхуагъэкIуар иубу щIедзэр. ЛэжьапIэм кIуэ лIыр мэгузавэр, къыбгъэдэкIыжыфкъым, зэрытIысхьэну автобусхэр блигъэкIын хуей мэхъу. ХьэтIохъущыкъуэм ирекъутэкI, мыдрейм псалъэ зытIущ мыхъумэ дигъэувэфыркъым. ГушыIэшхуэ хэлъу тхакIуэм къеIуатэр а тIум я диалогыр. ЛIыр ерагъыу къыIэщIокIри лэжьапIэ кIуэным и пIэкIэ… поликлиникэм макIуэ.

Сюжет хьэлэмэт иIэщ «Щхьэгъусэ жыгъей» рассказми. Ислъам и унагъуэ Iуэхур хъуртэкъым – щэнейрэ къишэурэ иригъэкIыжат. Ар зызэман Джылахъстэнейм и ныбжьэгъу Исмел деж лъагъунлъагъу макIуэ. И ныбжьэгъур щыIэтэкъым, ауэ и фызым къигъэхьэщIащ. Ар Ислъам игу ирихьащ. Исмелри къэсыжри нэхъыфIыжу къагъэхьэщIащ. Къежьэжын щыхъум, Ислъам и ныбжьэгъум хуэтхьэусыхащ и унагъуэ Iуэхур зэрымыхъумкIэ икIи елъэIуащ адрейм и фызыр игу ирихьащи къритыну. Исмел арэзы хъуащ, ауэ мыдрейм иригъэкIыжа фызищыр хуишэну къыхуигъэуващ. Ислъам гуфIэри игу ирихьар къихьащ, и фызу щытахэр Исмел гукIэ къакIуэри иришэжьащ. Тэрч шыплIэм дэсу зырызу зэприхт фызищри, япэм еупщIащ: «Уи лIым щхьэ укъригъэкIыжат?» Жэуап къитащ: «ЩIасэлI сиIэти». Ар зэприхри бжьэпэм тригъэуващ, ар зэрыщагъэт Iэмал ищIэти. ЕтIуанэр щIригъэкIыжар куэд ишхыу арати, ари къигъэнащ, Iэмал иIэщ жери. Ещанэр щIрагъэкIыжар и жьэр Iейти, ар псым иригъэтхьэлащ: «Уэлэхьи, фыз жьейр зэрагъасэ Iэмал иджыри цIыху цIыкIум къимыгупсысыфа», – жиIэри.

Журт Биберд и гушыIэкIэ дахэхэр, езы тхакIуэр зыхэпсэукI гъащIэм къыхихахэр, къэзыухъуреихь цIыхухэр къыщыгъэлъэгъуахэр лъэпкъ литературэм и фIыпIэхэм ящыщщ.

ГушыIэрэ ауанрэ зи творчествэм увыпIэ хэха щызубыдхэм ящыщщ Хьэх Сэфарбии (1938). ТхакIуэм иужь зэманым къыдигъэкIа «Си хъуреягъкIэ» тхылъым итхэр прозэу тхащ, ахэр «миниатюрэ» фащэкIэ хуэпащ. ГушыIэ къудейкъым абыхэм я лъабжьэр, уебгэмэ нэхъыбэр философием епхащ. Хьэх Сэфарбий иджырей цIыхубэ IуэрыIуатэм щызекIуэ гушыIэхэр зэхуэзыхьэсу, литературэ фащэм изыгъэувэхэм ящыщкъым. Абы и рассказхэм, миниатюрэхэм я сюжетхэр, щIэлъ гупсысэхэр езым къыбгъэдокI, и дуней еплъыкIэми быдэу пыщIахэщ.

Басня, притчэ, сонет жанрхэм я зэхуэдэу зы хабзэ къадогъуэгурыкIуэ, ар, резюме хьисэпу, тхыгъэм «пэщIэIуантIэ иритыжу» гупсысэ нэхъыщхьэмкIэ зэриухырщ. Апхуэдэ Iэмал Хьэх Сэфарбий и рассказ цIыкIухэм къыщегъэсэбэп. Къэтхьынщ щапхъэ (рассказхэм фIэщыгъэцIэ яIэкъыми, щхьэж зэрыт напэкIуэцIыр къэдгъэлъэгъуэнщ зи гугъу тщIы тхылъымкIэ). Зы рассказым (124) щыжеIэ ар Iущ дыдэ гуэрым хыумыгъэгъуэщэну делагъэ гуэр зэрищIар. ЦIыху щыIэу къыщIэкIынкъым мащIэ-куэдми делагъэ гуэр зыхэмылъ. И кIэм деж мы гупсысэмкIэ еух, армырамэ… цIыхур «губзыгъэ дыдэмэ, ар цIыхукъым, цIыхумэ – губзыгъэ дыдэкъым». Адрей рассказым (62) унафэщI гуэр цIыхухэм я пащхьэм пщIы щиупсырт, мор фхуэсщIэнти, мыр фхуэсщIэнти, хуабжьу зригъэIэтырт, цIыху зэгуэпхэм ягукIэ жаIэрт, пщIэнумэ щIэ, умыгуэууэ. ТхакIуэм и гупсысэр ехьыр мы псалъэ пэжымкIэ: «Джэдрэ пэт щыкъакъэр кIэцIа нэужьщ!»

Ауан хэлъу Хьэхым къегъэлъагъуэ цIыху къызэрыгуэкIхэр зэзымыпэсыжхэм ящыщ зы – «Шэрэздин» и цIэу. Мы щIалэм Алыхьым ахъшэ тIэкIу къыщритым, чырбыш завод («Шэрэздин») къызэIуехыр, цIыху гупи егъэлажьэ. Заводым зеужь, докIуей, нэхъ иныжу и пэр дрешей Шэрэздинми. Пэр лъагэ хъуху, цIыху цIыкIухэр имылъагъуж мэхъу. ЦIыхухэр фIокIуэд, и Iуэхухэри хокIуэдэж. ТхакIуэм рассказыр еух гупсысэ купщIафIэкIэ: «Я нэхъ лъагэу Iэта щхьэр ятIэр иутэу щIым хэт лъэм зэрехьэ!»

Парадокс гупсысэкIэ къыщегъэлъагъуэ Хьэхым и рассказ цIыкIухэм, зым деж игу щIогъур лэжьэным, мылъку къэугъуеиным зи гъащIэ псор тезыгъэкIуадэр («Нэпсейр, мылъку нэхъыбэ иIэху, нэхъ тхьэмыщкIэ мэхъу!» (60), адрейм щIэныгъи, быни, уни, мылъкуи зыIэригъэхьащ, ауэ «жыгым пхъэщхьэмыщхьэ нэхъыбэ пытыху, щIэгъэкъуэн нэхъ хуэныкъуэщ»(68), фIы зыхуащIа гуэрхэри Iейуэ къыщIокIыжыр – «ЦIыхур Iей зыхузощI… фIы яхуэсщIэурэ!» (83).

ГъэщIэгъуэнщ тхакIуэм гушыIэмрэ губжьымрэ яхужиIэр, а тIур зэтеплъэ хъуркъым, хьэмрэ джэдумрэ хуэдэу, ауэ зыр зым дунейм хутехужынукъым (132). Ауан хэлъу Хьэх Сэфарбий къегъэлъагъуэр ди нобэрей щIэныгъэм и ныкъусаныгъэхэр, диссертацэ гуэрхэм щIэуэ зыри къызэрызэIуамыхыр. Музэчыр доктор хъуауэ ягъэхъыбар, абы къихутащ: «Уэсу къес псор щIым къэсыркъым, атIэ и ныкъуэр унэхэм, псэуалъэхэм нэгъуэщIхэми я щхьэм къытонэ» (66).

Хьэх Сэфарбий адыгэбзэм и щытыкIэм, абы и къэкIуэнум тегузэвыхьхэм ящыщщ, абы щытопсэлъхь и публицистикэми. А темэр къыхощ зи гугъу тщIы тхылъым ит рассказ зыбжанэм: «Рейхстагым адыгэбзэ тетщ» (ауэ ди уэрамхэм теткъым, н. 128), троллейбусым итIысхьи адыгэ щIалэгъуалэ гупым

адыгэбзэ ящIэркъым – «Ди лъэпкъым къыхэкIами, Алыхьым абыхэм яIурилъхьатэкъым ди бзэр… яхуэфащэтэкъым» (н. 172), суд щащIэм щIэс псори адыгэщ, урысыбзэ зымыщIэр зи хьэкум ящIэ фызыжь закъуэрщ, ауэ тэрмэш къагъуэтри, гурыIуахэщ… «Къэзылъхуа анэжьым тэрмэшкIэ» (н. 179), адыгэ тхакIуэ Теунэ Хьэчим илъэс 80 зэрырикъуар адыгэбзэкIэ ирагъэкIуэкIакъым, щIэсхэр адыгэми, Хьэх Сэфарбий гу лъетэр – «Адыгэбзэр къалащхьэм дахуащ… адыгэбзэкIэ упсалъи хъунущ» жыхуаIами арэзы къищIыркъым – «Уи бзэкIэ упсэлъэн щхьэкIэ, хуитыныгъэ ущIэлъэIун хуей» (н. 181). Адыгэбзэр Iумпэм зыщI гуэр тхакIуэм ауан ещI зыри зыхужимыIэ диалог цIыкIукIэ:

«– Дауэ фыщыт?

– Спасибо, хорошо.

– Фи адэм дыхуейт…

– Перезвоните!»

Философиери гушыIэри щызэхэпхъащ Сэфэрбий и нэгъуэщI диалог, езым зыхужиIэжыр къызэгъэлъагъуэм:

«– Сэ сылIэмэ, си кхъащхьэм сын папщIэу упщIэ нагъыщэ тебгъэувэныр нэхъ тэмэму къыщIэкIынущ…

– ЛIо, щхьэ сылIа жыхуэпIэу?

– Хьэуэ. Щхьэ сыпсэуа?»

ГушыIэ щIэлъщ нэгъуэщI рассказ цIыкIум къыщыIуэтами, цIыхухэр персонаж зи гугъу ищIым къыхуопсалъэр, и нэр зэвти, и плIэр Iушэти, и нэкIур дахэкъыми… жари, ар езым и лажьэ хуэдэ. ИкIэм деж жэуап яретыр: «ЗэщIэфкъуэ фи жьэр – сыкъэзыгъэщIам нэхърэ фэ фынэхъ Iэзэкъым, мы дунейр сэ схуэдэ хуэмеямэ сыкъытригъэхьэнтэкъым!»

Сюжет цIыкIу дыдэм Хьэхым гупсысэ узэмыжьа къыхих хабзэщ. Апхуэдэщ «Зы бзуужь цIыкIу» рассказыр. Бзу цIыкIур шэд ятIэм хэхуауэ къыхэкIыжыфыртэкъым, кIакIэрт. Ар джэдум блэкIрэ пэт зэхихащ, къыхилъэфри ишхащ. ТхакIуэм мы Iуэхум дерситI къыхэхын хуейуэ къегъэув: «ЯтIэм ухэлъу ущIэкIэкIэн щыIэкъым. Уи мыгугъэ ятIэм ухэхуамэ, абы укъыхэзыхыж псоми уифI зэрахуэу».

Адыгэ литературэм гъунэжу хэтщ зи къэшэгъуэ блэзыгъэкIа щIалэжьхэм я образыр. Хьэх Сэфарбий и гушыIэхэм ущрохьэлIэ апхуэдэ зым. Апхуэдэ зы щIалэжь автобусым итщ. Пэмыжыжьэу щысщ хъыджэбз щIалэ дыдэ дахэкIей. ЩIалэжьым и нэр «IэщIэкIауэ» йоплъ тхьэIухудым, адрейми гу къылъетэ, емыкIу къихьыну къыщохъури къыщолъэт адыгагъэ зрихьэну. Нэхъыжьыр игъэтIысыну: «КъакIуэ, мыбдежым тIыс»… ЩIалэм и жэуапым щIагъыбзэ хэлъщ «Щыс, щыс тхьэм щхьэкIэ, укъэмытэдж… Аратэкъым сэ уэ сыныщIоплъыр».

ГушыIэхэмрэ ауанхэмрэ иту тхылъ щхьэхуэхэр къыдагъэкIащ Мысачэ Петр («Гъуэгуанэ», 1965), Мэзыхьэ Борис

(«Жэщ закъуэрэ гъащIэ псомрэ», 2003), Жылау Нурбий («Сатыр пIаскIуэхэр», 1965; «Дизкъуажэ», 1976; «Дизкъуажэ къуажэхэр къекIухь», 1983; «Дизкъуажэрэ Хъуэжэрэ», 2001), Джэтокъуэ Юрэ («Аркъэн», 2001), Кумыщ Абдул («НэхъыфIыжкIэ дызэхуэзэ», 1997), нэгъуэщIхэми.

ГушыIэхэмрэ ауанхэмрэ хухэхауэ тхылъ щхьэхуэ къыдамыгъэкIами, я рассказхэр газетхэм, «Iуащхьэмахуэ» журналым мызэ-мытIэу къытрагъэдзащ Елгъэр Кашиф (и тхыгъэхэм ящыщ зыбжанэм къыщегъэсэбэп «ЩIакъуэ Мыхьэмэт» псевдонимыр), Нало Заур, КIуантIэ Iэзид, ЛIыгъур Чэрим, Iэщыж Борис сымэ.

Ауанымрэ гушыIэмрэ теухуа прозэм увыпIэ щхьэхуэ щеубыд IутIыж Борис и «Гуащэпэж» тхыгъэм. Мыр повестым ещхьщ, комедиеуи, трагедиеуи уезыгъэгупсыс хэлъщ. ЗанщIэу жыIэн хуейщ, и композицэ зэхэгъэувэкIэм хуэдэ ди литературэм зэримыIэр. Iуэху екIуэкIхэр къэзыIуатэр сымаджэщым щIэлъ лирическэ лIыхъужьырщ (авторырщ). Абы и псэлъэгъур «Гуащэпэж» зыфIища псэхэхырщ. А тIум я кум щекIуэкI псалъэмакъыр, темэ зыбжанэкIэ гуэшауэ, къыщокIуэ повестым (апхуэдэ жанрыр нэхъ хуэкIуэу къыщIэкIынщ, пыухыкIауэ зыгуэрым къытеувыIэну езы IутIыжыр темыгушхуами).

Псэхэхыр хьэршым къокIри сымаджэм деж къокIуэ, къоджэ, къоупщI къицIыхуарэ къимыцIыхуарэ. Сымаджэм жэуап ирет: «Къеблагъэ! «Си цIэр пщIэрэ?» – жыпIа? ПфIэзыщар сэра хуэдэ, сощIэ, уэлэхьи. Ауэ «дыдыд!» сэ апхуэдизкIэ сыщомэхъашэ а уэ къыпфIаща цIэми, цIэфIэщ джанэ къыспумыубыдынумэ, сеуэнурэ нэгъуэщI цIэ пфIэсщынут. ПфIэсщынури? Гуащэпэж! КIыфIыгъэм дыхэзышэж Гуащэпэж…» И пэ дыдэм щегъэжьауэ тхакIуэм мы сюжет гуузым зрегъэужь, гушыIэрэ ауан щабэрэ щIэлъу.

Сымаджэм Гуащэпэж и теплъэр къыщеIуатэ «Пу-пу-пу» зыфIища Iыхьэ цIыкIум. Абы егъэщIагъуэ цIыхухэм а Гуащэпэж ажалыфэ щIраплъыр. Ар «куэпэч нэщIэпкIэм» ирегъэщхь: «Фыкъыскхуеплъыт, кхъа, мыбы: и нэхэр нэпIытIщ, и Iупэхэр фопIытIщ, теппIытIэмэ, мэгуэ-мэгуэ, фомрэ шэмрэ къыщIэмыувэну зы IэпапIэ иIэкъым: пу-пу-пу!!!». Сымаджэм (абы Гуащэпэж къыфIищащ «Хьэжмухьэмэд») «дуней нэпцIым» щигъэщIар, щилэжьар «инвентаризацэ» хуещI хьэщIэ къэкIуам. Ар къыщIедзэ «Си хьэрискхъуэрисхэр» IыхьэмкIэ. КъыкIэлъыкIуэ Iыхьэм, «Хьэл мыгъуэ» зыфIищам, IутIыжым, гушыIэшхуэ щIэлъу, и гугъу щещI тхакIуэ IэщIагъэр «хьэл мыгъуэ» зэрыхуэхъуам. А IэщIагъэм фэ щIагъуэ зэрырамыплъыжым, фейдэ къызэрыпымыкIым…

Авторыр Гуащэпэж гуроIуэ «дуней пэжым» ишэжын ипэкIэ хуиIуэтэнухэм мыпIащIэу къедэIуэну, ахэр иухыху е иужэгъуху къежьэну. Хъыбархэр «Бисмилахьи» жеIэри кърегъажьэ, ауэ

йоупщI: парт щыIэ а дуней пэжым? ЕгъэщIагъуэ хьэдрыхэ парт зэрыщымыIэр. Дуней нэпцIым щыIа, щыIэну партхэм я хъыбар хьэлэмэтхэр Псэхэхым хуиIуэтэн ипэ къихуэу, Хьэжмухьэмэд езым и псэукIам, илэжьахэм гушыIэ хэлъу топсэлъыхьыж. И лъэпкъым хуищIэну хузэфIэкIар бын зыбжанэ зэригъуэтарщ, ари фIэмащIэкъым, «а Iуэхур бдэзыIыгъыну зы фыз закъуэ фIэкIа уимыIэрэ лэжьапщIэм я нэхъ гъурым утесмэ».

ГъэщIэгъуэнщ пасэм щыIа парт закъуэм теухуа хъыбархэу «Къулыкъу дэвай», «ЩIалэ сабыр», «ЕпцIыжакIуэ», «Чэмисар», «АдэцIэхъуэж», «ЛIы зэраукI щэху», «Жэщ собранэхэр», «Партым и хьэтыркIэ» зыфIищахэр. Гуащэпэж гъэщIэгъуэн щыхъуащ имыщIэу «дуней нэпцIым» щекIуэкI Iуэхухэр. Абы къыхэкIкIэ Хьэжмухьэмэд къегъэгугъэр къыкIэлъыкIуэ зэIущIэм партым яхухэмыхьа гуэрым и хъыбар хьэлэмэт Гуащэпэж хуиIуэтэну.

КъыкIэлъыкIуэ хъыбарыр («ЩIалэ сабыр», «СабырщIэгъей», «Жагъуэгъугъэгуфэ IэнатIэ», «ЕпцIыжакIуэ») теухуащ партым гуащIэрыпсэу нэхъыбэ хэгъэхьэн хуейуэ къэрал унафэ къыщыщта зэманым. КъулыкъущIэхэмрэ интеллигенцэмрэ куэдыIуэ щыхъуат партым. Къуажэм я председатель, «тхьэ пэлъытэу» къалъытэ Выпщэ Мухьэжид (IутIыжым хабзэ хуэхъуащ и персонажхэм зыгуэр къызэрыкI цIэ, унэцIэ яфIищу. «Выпщэ» псалъэм мыбы и хьэл къегъэлъагъуэр) мурад ещIыр и шофер Аулэдин хуэупсэу партым хигъэхьэну. Выпщэм колхозыр ишхырт, абы и «шхалъэм» къыдэнэхэм хэпсэукIырт и шофер дзыхь зыхуищIри.

Хъарзынэу ежьа Iуэху дахэр къызэпоудыр. Председателым и фыз дахэшхуэ Тосэ (абы ищIэрт и щхьэгъусэм къызэрикIухьыр) Аулэдин «нэ кърещри» а тIум я Iуэхур «жыжьэ нос». Ар Мухьэжид къещIэри и маршынэм кърехуж. IутIыжым къигъэлъагъуэ Iуэхухэри ахэр къызэригъэлъагъуэ Iэмалхэри (эпитетхэр, зэгъэпщэныгъэхэр, егъэлеиныгъэхэр, стиль хэIэтыкIахэр) хуэунэтIащ гушыIэмрэ ауанымрэ гъэбэгъуэным. Гуащэпэж авторым (Iуэху къекIуэкIхэр къызыбгъэдэкI персонажым) хуиIуатэ хъыбар къэс рассказ щхьэхуэу къэплъытэ хъунущ, абыхэм дэтхэнэми и сюжет иIэжщ, персонаж гукъинэжи хэтщ. Апхуэдэщ «Чэмисар» хъыбарыр, фрагмент цIыкIу зыбжанэу зэхэгъэувар. Мыри «парт темэм» пызыщэщ.

Партым хыхьэныр къемыхъулIами, Чэмисар хэкIыпIэ мэлъыхъуэ. Районым и унафэщI Хьэбатыр Матутэвич (ар езыгъэгъэувар и щыкъу адэ Хьэжкъасымдотэ псоми я «дирижерт»). Абы IыхьлыгъэкIи благъагъэкIи бгъэдыхьэкIэ къыхуэгъуэтыртэкъым. IутIыж Борис гушыIэ ин хэлъу адэкIэ къегъэлъагъуэ адыгэм я IуэхузехьэкIэм зэранышхуэ къыхуэзыхь «зэIыхьлы-зэблагъэр». Хьэжкъасымдотэ Бэракъзехьэ къуажэм къыщымынэу район псом сэбэп къызыпыкI къулыкъузехьэхэр зэрипхат благъагъэкIэ. Абы IыхьлыуИ

Іэулэдуи иІэ хъыджэбзхэри пхъужьхэри зэбграшат, ауэ зы закъуэ къэнат шхужьыгуэу, и ныбжь фІэкІауэ, «шыуан фІыцІэр и щІыфэу» – ар Барбаринэт. НэгъуэщІ лъэпкъ щимыгъуэтым, езым нэхърэ нэхъыжь, лъагъуныгъэ щыгъэтауэ, лъагъугъуей цІыхубзыр къешэр, икІи и Іуэхухэр нэхъыфІ мэхъу: и дзапэфІанитІ Іуаудауэ щытахэм и пІэкІэ щыкъум дыщэдзэ хуІуагъэувэр, счетоводу щытар бухгалтер ящІ, «Волгэ» тІорысэжьыфІи ирагъэтІысхьэ. «ЦІэрэ щхьэрэ зиІэ» малъхъэр партым хигъэхьэну иужь йохьэ Хьэжкъасымдотэ. Япэ собранэм Чэмисар зэран къыхуэхъуа Хьэмышхкъупщхьэжьыр санаторэ кІууэ трагъахуэри, собранэ зэхуашэс Чэмисар и телъхьэхэм. Абы ипэ къихуэу партбюром «Комиссар Пшигаунахович рекомендацэ хуатх. Собранэр зэхэтІысхьа къудейуэ аргуэру Чэмисар етІуанэ удын къытохуэ – санаторэм щыІэ я гугъэр къыщІохьэри къыжреІэ: «Парт собранэ лъагэм привет! … Зэнзэныпсу къабзэ ди партым зыкІи хуэмыфащэу трагъэхьауэ щыта Хьэжьвакъэжьышх Хьэжбатыр Матутовичыр трагъэкІащ. Ура, товарищи!..».

Псоми «щІагъэлъэлъыр» къулыкъум трахуар. Чэмисар къомэх, мэджалэр. ЦІыхухэр зэбгрокІыж. Чэмисар унэр зылъэсыр бгъэдэтщ, псы трекІэри. Партбилет плъыжьыр иІыгъыу зыхуэкІуэжыну игугъа, иджы «ахъшэ мыкІуэу къыІэщІэна» Барбаринэ игу къызэрыкІыу аргуэру мэмэх, зыкъещІэж, и щхьэр унэм нехьэсыж.

Парт зыхэмыхьэфым хуиІэ лъагъуныгъэр нэхъри зэщІоплъэр. Чэмисар пщІыхьэпІэкІэ «жэщ собранэ» иригъэкІуэкІыу щІедзэжыр, ауэ иджы зэпсалъэр ХьэтІимэт зэран къыхуэхъуарщ. Абы жреІэ: «Сыт мыгъуэ уэсщІа, сыт апхуэдизу сыкъыщІомылъагъур?» Жэуапу кърет илъагъу мыхъур Чэмисаркъым, атІэ класс къызыхэкІарщ. ГъэщІэгъуэнщ а тІум я диалогыр:

«– Кулак хуэмэбжьымэу сэ зы налъэ къысхэнакъым, си лъэхъуамбэм къыщыщІэдзауэ сыгуащІэрыпсэу зэфэзэщщ.

– УгуащІэрыпсэу зэфэзэщмэ, а къулей дыдэ уэр нэхърэ нэхъыжьыр къэпшай?!»

Губжьи гукъани хэлъу ХьэтІимэт къыжреІэ, езыр ишатэмэ, иджы партым къыхэцІыукІыу хэтт. Чэмисар зеумысыжыр ар игу къызэрымыкІамкІэ.

ТхакІуэм Іэзагъ хэлъу аргуэру сюжетыр «еІуантІэр», Чэмисар къешэр «цІыхубз нэщэнэ лъэпкъ» зимыІэ, куэдкІэ нэхъыжь Хьэмышхкъупщхьэжь ХьэтІимэт, къыщхьэщыжын зимыІэж Барбаринэ ирегъэкІыжри. Чэмисар и Іуэхухэр докІуей: ящІ бухгалтер, итІанэ «ЩІалэгъуалэр зэмыгупсысыпхъэ емыгупсысынымкІэ министерствэщІэ» къызэІуахам министр къуэдзэ зыхыбл иІэти, абы ящыщ зы ящІ, ар ищІыкІэу ди бгырыс республикэм къыщыунэхуат гукІи, псэкІи, лыкІи,

къупщхьэкIи партым хуэпэж коммунист «унагъуэщIэ». Чэмисар партым хэтт, и кабинетыр хуитт, стIол щIыхушхуэм Маркс, Ленин сымэ я тхылъхэр телът. Зы Iуэху гуэркIэ Маркс жиIам къыщIэупщIэм жэуап иритырт: «Маркс и тхылъ зэхуэхьэсахэм и том епщыкIубланэр къапщтэмэ, 21-нэ сатырым щыщIэдзауэ 37-м нэс итщ а узыщIэупщIам и жэуапыр». «ЛъакъуэкIэ къэзыкIухь» энциклопедие жыхуаIэм хуэдэт. Зэрыминистерствэу карикатурэ сурэту къегъэлъагъуэ тхакIуэм, Чэмисари адрейхэми ящIэртэкъым щIэлажьэри ялэжьри.

КъыкIэлъыкIуэ хъыбарыр IутIыжым треухуэр Горбачев щытета «зэхъуэкIыныгъэ» лъэхъэнэщIэм. Гуащэпэж фIэгъэщIэгъуэну йодаIуэ дуней нэпцIым зэикI мыкъутэжыну жыхуаIа къэралыгъуэшхуэри партри зэуэзэпсэу зэрылъэлъэжам и хъыбарым. ЩIыхухэм захъуэжащ, партым, къэралым и Iужажэу щытахэм фIейр къракIыхырт я блэкIам. «ФатIимэт» хъуа ХьэтIимэт зэгуэпт, жэщкIэ дыгъужьым хуэдэу и дзэхэр зэригъэшхырт ахэм щхьэкIэ, ар иризэгуэпт Чэмисар фIыи Iеи къызэрыжьэдэмыкIым. Аурэ фызыр бампIэм йолIыкIыр.

ТхакIуэм къегъэлъагъуэ Чэмисар и хьэлым зэрызихъуэжыр, ар пэкIухэм щIодэIу, къыпкърохьэр «оппортунизм» уз зэрыцIалэр. Партым пу нэлат езыхыжа Саусэлимэт пэкIу гуэрым и партбилетыр щызэфIитхъыжат. Чэмисар абы къыщыувыIакъым, ар постамент лъагэм теувэщ, партбилетым теубжьытхэщ, цIыкIу-цIыкIуу зэфIитхъщ, хыфIидзэри теубжьытхэжащ. Чэмисар и щытыкIэм зихъуэжырт жылагъуэ Iуэхухэм захъуэжыху. Коммунистхэм я Iуэхум тIэкIу зыкъигъэзэжын щыхъум, авторым зэритхымкIэ, «Аргуэру укIэзыгынумэ, къеблагъэ!» ИкIэм-икIэжым Чэмисар бомжхэм яхохьэжыр, зэрыжаIэмкIэ «Делэхэм я партым» хыхьэну мурад ещIыр.

Гуащэпэжрэ Хьэжмухьэмэдрэ партым теухуа хъыбархэри «постсовет» ныджэм теухуахэри яухащ. Арати, сымаджэр зыщышынэ пIалъэр къос. Абы и щыхьэтщ Гуащэпэж пщыхьэщхьэм къызэрыкIуар (ар жэщыбгым къакIуэ и хабзэт). ЩIыхум я дежкIэ ухыгъуэр Уэгум щатхауэ ЩIылъэм щагъэзащIэ трагедиещ.

Трагедием финал иIэж хабзэщ. Дуней нэпцIыр дуней пэжкIэ зрагъэхуэжыну Хьэжмухьэмэд Гуащэпэж зыхуегъазэ лъэIу зыбжанэкIэ (мыбдежми авторым гушыIэ хэлъу дыщIегъу Алыхьым адыгэхэр егъэлеяуэ куэдкIэ зэрелъэIур, псом хуэмыдэу ефэ-ешхэ Iэнэм щыпэрыскIэ). ТхьэшхуэмзэрелъэIум япэ итыр хъуэпсапIэу лъэпкъым хуиIэр (ахэр тхакIуэм и тхылъым хэтщ) нахуапIэ хуэхъуну. ЕтIуанэу хуейт лъэпкъымрэ и тхыгъэхэмрэ я кум лъагъуныгъэ нэс дилъхьэну, и Iэдакъэщ Iэк Iхэр я «пкъынэлъынэхэм» нэс къахутэну. Ещанэр

и бын къанэхэм, абы къатепщIыкIыжынухэм теухуа лъэIущ. ИкIэ лъэIур, «гущIагъщIэлъ гупыжыр» уэсят нэхъыщхьэу щытщ, а псалъэхэри лъэпкъым, и къуажэм, къэзылъхуахэм яхуэгъэзащ, ахэр IутIыжым зыми химылъхьэ къуажэбгъум деж щыIэ бжьэпэ цIыкIум мывэ трагъэувэну, абы тратхэну жиIа лъэIу псалъэхэщ: «Мы мывэр езыр-езырууэ щащэу сабэ хъужыху щрыреIэ икIи ирефIакIуэ адыгэ лъахэр! Иребагъуэ икIи зреузэщI Адыгэ лъэпкъым! Иребзэрабзэ хуиту ди адыгэбзэ дахащэр!».

Мы уэсятыр ягъэзэщIащ IутIыжыр фIыуэ зылъагъуу дунейм къытенахэм, абы тетщ Зэрэгъыж IупщIу ущыхэплъэ бжьэпэм. Фэеплъу къэнар абы и закъуэкъым, къэнащ итха трагедие, комедие гъуэзэджэхэр, и усэ гукъинэжхэр, и новеллэхэр, и сонетхэр, и ауан, гушыIэ дахэхэр.

ГушыIэмрэ ауанымр лъэпкъ прозэм щиубыд увыпIэм теухуауэ гу зылъыттахэр къызэщIэпкъуэжмэ, жыпIэ хъунущ мы жанрым нэхъыфIу зэрызиужьар. Мыпхуэдэ тхыгъэхэри, ахэр зи IэдакъэщIэкIхэр нэхъыбэ щохъу ди литературэм. Дэ къыхэдгъэщыну дыхэтащ гушыIэм адыгэм и гъащIэм (абы лъэпкъ IуэрыIуатэри щыхьэт тохъуэ) щIыпIэшхуэ къызэрыщылъысыр. Ар и щхьэусыгъуэщ языныкъуэ тхакIуэхэм я гушыIэ, ауан тхыгъэхэм я сюжетхэр IуэрыIуатэм быдэу иджыри зэрыпыщIам. Апхуэдэу щытми, ар дэ къызэрытлъытэр лъэпкъ литературэм къызэринэкIын хуей зы лъэхъэнэущ. Абы къыхэкIыу теорие и лъэныкъуэкIэ автор гуэрхэм ткIийуэ ябгъэдэмыхьэныр дэ нэхъ тфIэзахуэщ.

ГушыIэмрэ ауанымрэ лъэпкъ драматургием. Драматургиер литературэм и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ. Античнэ литературэ трагедиер жанр «лъагэу» къыщалъытэрт, абы и сюжетыр тхыдэм, политикэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ Iуэхугъуэхэм траухуэрт. Нэхъ иужьыIуэкIэ къэунэхуащ комедиер, политикэр ауан щащI «политикэ сатирэ» зыфIащар. Комедие жанрыр нэхъ «лъахъшэу», ар къызэрыгуэкI Iуэхухэм теухууэ, гупсысэ куу зыщIэмылъ гушыIэкIэ гъэнщIауэ ялъытэрт. Иджырей «литературэщIэ лъэхъэнэкIэ» зэджэм, псом хуэмыдэу иужьрей лIэщIыгъуитIым, комедием зиужьащ. Абы литературэм хуэфащэ щIыпIэ щиубыдащ, жанрым фащэщIэхэри игъуэтащ: цIыхухэм я щыIэкIэ-псэукIэм теухуа комедие, хьэл-щэнхэр зи лъабжьэ комедие, фарс-комедие, водевиль, нэгъуэщIхэри.

Комедиер къежьэным и щIэдзапIэу, «и адэу» ялъытэр Аристофанщ (ди эрэм и пэкIэ 446–385 гъэхэм). Абы къыщIэнащ комедиеу 44-рэ. Мы жанрым и зыужьыныгъэр демократием епхащ, ауэ сыт хуэдэ зэманми ущыдыхьэшх хъунут цIыхухэм яхэлъ хьэл мыхъумыщIэхэм, сэтей къэпщI хъунут псэукIэм къемызэгъыж хабзэ е зэхэтыкIэ гуэрхэр. Адыгэхэм пасэ зэманым

театр ямыIами, ахэр драматургием пэIэщIэу щытакъым. Абыхэм я къежьапIэ, хэкIыпIэ хъуар IуэрыIуатэмрэ а IуэрыIуатэр цIыхубэм яхэзыпщэ джэгуакIуэхэмрэщ. ДжэгуакIуэхэр хуэIэижьу щытащ гъуазджэм и лъэныкъуэ куэдым: уэрэд жыIэным, къэфэным, усэным, актер Iэмалхэм, н.къ. А псор иужькIэ сэбэп хъуащ профессионал литературэ, театр, хореографие диIэ хъунымкIэ. ДжэгуакIуэхэм къагъэсэбэпу щытащ гушыIэмрэ ауанымрэ. Абыхэм хуитыныгъэ яIэт утыкум дэтхэнэри, ар сыт хуэдэ цIыхуи ирехъу (мэкъумэшыщIэ е уэркъ) и ныкъусаныгъэхэр утыкум къралъхьэну, уэрэдым халъхьэну. Адыгэ хабзэм къихъумэрт джэгуакIуэм и хуитыныгъэри, и гъащIэри.

Къэбэрдей-шэрджэс драматургием и япэ лъэбакъуэхэр зычахэм ящыщщ ШэджыхьэщIэ Пщыкъан (1879–1937), Тобыл Талъостэн (1879–1956), Нало Жансэхъу (1906–1937), АфIэунэ Мухьэмэд (1908–1937), Тубай Мухьэмэд (1919–1973), Акъсырэ Залымхъан (1919–1995), КъардэнгъущI Зырамыку (1918–2008), Къардэн Хьэсэмбий (1918–1972). Гу лъытапхъэщ мы зи цIэ къитIуахэм комедие зытха зэрахэмытым. Ауэ абыхэм ирашэжьа лъагъуэрщ зэрыкIуар ди литературэм комедие жанрыр къыхэзышахэу ЩхьэгъэпсО Мухьэмэд (1915–1982, «ТIэмашэ и бынунагъуэр», 1949), Шортэн Аскэрбий (1916–1985, «Мэлыжьыфэм кIэрыщIахэр», 1957; «Яшэмрэ къэзышэхэмрэ», 1968; «Фыз цIыкIу къамэшхуэ», 1968), Къардэн Хьэсэмбий (1918–1972, «Зэныбжьэгъуищ», 1961; «Насыпыншэм фызитI и натIэщ», 1963;). Шортэным и «Яшэмрэ къэзышэхэмрэ» комедиер ноби Къэбэрдей драмтеатрым и репертуарым хэтщ. Апхуэдэу щытми, комедие жанрым лъэпкъ литературэм нэхъ зыщезыгъэужьауэ къэлъытапхъэр Дудар Хьэутийщ.

ТхакIуэм гушыIэмрэ ауанымрэ теухуауэ рассказ куэд итхащ (абы я гугъу щытщIащ ищхьэмкIэ), мащIэкъым комедиеу иIэри., Жанрым и водевиль лIэужьыгъуэр ди литературэм япэу къыхэзыхьари аращ («Нэчыхьытх»). Тхылъеджэхэми театреплъхэми ягу къинэжащ «Фыз Iэзэ», «Нэчыхьытх», «Мыдэф и мастэ», «Ди ауанхэр», «Хьэлэлыжьрэ Хьэрэмыжьрэ», «Ди министр малъхъэр», «Жэщтеуэхэр», «Щхьэгъусэ нэпсей», «Щауэхэр», «КъуийцIыкIу» комедиехэр. Дудар Хьэутий и пьесэхэр «Iуащхьэмахуэ» журналым къытрадзэрт, ахэр иту тхылъ щхьэхуэхэуи къыдэкIащ 1974 гъэм.

Хьэутий и япэ гушыIэ комедиер («Нэчыхьытх») водевиль лIэужьыгъуэм зэрыхыхьэр къигъэлъэгъуащ критик ЩакIуэ М. Мы комедиер драматургым щитха зэманым а темэм цIыху куэд тепсэлъыхьырт, иригузавэрт. ЩIалэм фыз къыщишэкIэ, уасэ итын зэрыхуей хабзэжьым цIыхубзыр игъэпуду къэзылъытэр мащIэтэкъым. А проблемэр гушыIэрэ ауанрэкIэ гъэнщIауэ щызэфIихащ Дудар Хьэутий и комедием. Персонаж куэд хэткъым пьесэм, сюжетыр епхащ фIыуэ зэрылъагъу Мэжидрэ

Налжанрэ. А тIум я насыпым зэран хуохъу Налжан зыпIыжа Мэхьмуд былымаблэу зэрыщытыр. Мэхьмуд хэтщ Налжан мылъку зиIэ Къанщауэ иригъэшэну. Къанщауэ сондэджэр щхьэхуещэщ. И ныбжькIэ куэдкIэ нэхъыжыщ Налжан нэхърэ. Драматургым хузэфIэкIащ Мэхьмудрэ Къанщауэрэ я образхэр гъэщIэгъуэну къигъэлъэгъуэну. Ахэр ауан зыхуэфащэщ, куэдкIи зэщхьщ. Ауэ щхьэж и псэлъэкIи и теплъи иIэжщ. Адрей персонажхэри къэгъэлъэгъуа хъуащ, щхьэж и шыфэлъыфэ иIэжу. Мэхьмуд ещхькъым абы и щхьэгъусэ Быбэ, ар хэтщ и лIыр къигъэувыIэну, фIыуэ зэрылъагъу ныбжьыщIэхэм и зэран ярыримыгъэкIыну.

Дудар Хьэутий и япэ комедием къыщищта темэмрэ абы и зэфIэхыкIэмрэ адрей къыкIэлъыкIуа и тхыгъэхэми щыпищащ. Абы занщIэу наIуэ къищIат драматургием хуэIэижь тхакIуэ ди литературэм къызэрыхьхьар. «Нэчыхьытхыр» илъэс куэдкIэ хэтащ Къэбэрдей къэрал драмтеатрым и репертуарым. Ар нэгъущI лъэпкъыбзэ зыбжанэкIи зэрадзэкIащ икIи щагъэлъэгъуащ Дагъыстаным, Башкирием, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым. ГушыIэ рассказхэм, комедиехэм къинэмыщIауэ Дудар Хьэутий хъарзынэу ищIырт карикатурэ сурэтхэр, и фельетонхэр традзэрт газетхэм, журналхэм.

ГушыIэмрэ ауанымрэ лъэужь дахэ къыхэзына драматургхэм ящыщщ Журт Биберд. Абы и IэдакъэкъыщIэкIащ комедие купщIафIэ зыбжани. (И мащIэкъым драмэхэр: «Къуршхэр къыщыушым», «Уасэ», «ТIощIрэ етхуанэ гъатхэм», «Цоцэ»). Биберд и драмэ лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса «Пьесэхэр» тхылъыр 1984 гъэм къыдэкIащ. Абы ипэIуэкIэ дунейм къытехьа «Гъатхэ пасэ» сборникым ихуащ «Щхьэм имытмэ, лъакъуэм и мыгъуагъэщ» комедиер. Пьесэм персонаж куэд хэткъым: зэныбжьэгъуитIрэ абыхэм я унагъуэхэмрэщ. Хъусен – зоотехникщ, и щхьэгъусэ Марят егъэджакIуэщ, Хьэмид – агрономщ, и щхьэгъусэ Тамарэ – егъэджакIуэщ. ЗэныбжьэгъуитIым я фызхэри зэныбжыгъухэщ.

Университетыр къэзухахэр къуажэм кIуэжауэ я IэщIагъэкIэ мэлажьэ, щIалитIым опыт ирагъэкIуэкIыр, дихьэхауэ я IэщIагъэ-щIэныгъэм хагъахъуэ, гугъу зрагъэхь. Абыхэм къуажэр фIыуэ ялъагъу, жылагъуэм псэемыблэжу хуолажьэ. Я щхьэгъусэхэр абыхэм ядэхъуркъым. Марят къалэм щыпсэумэ, и зэш тригъэууэ зэманыр ирихьэкIмэ нэхъ къещтэ. Зэрыхьа унагъуэм гугъу зыщригъэхьыну, адыгэ хабзэ зэрихьэну, лIыми и тхьэмадэ лIыжьми я гур къызэрихьэхун хэткъым. Апхуэдэ гупсысэкIэ IуэнтIам хуегъасэр и ныбжьэгъу Тамари.

Iуэхур зэIыхьэу къыщыгурыIуэм Хъусен и щхьэгъусэ Марятыр ирегъэкIыж. Марят къалэм макIуэри и псэукIэри, и зыхуэпэкIэри ехъуэж, сондэджэрынми хелъасэ. А «гъащIэ

дахэм» Тамарэ хишэну къегъазэр абы къуажэм, ауэ адрейм и унагъуэм (и Іыхьлы-благъэхэм) я хущытэкІэм ебакъуэркъым. Марят насып щигъуэткъым къалэм. Хъусен и лэжьапІэм ехъулІэныгъэ ин щиІэ мэхъу. Марят къегъэзэжри, и лІым екІужыну хуожьэ, ауэ Хъусен абы игу къегъэкІыж «Щхьэм имытмэ, лъакъуэм и мыгъуагъэщ» адыгэ псалъэжьу зэгуэрзэ Марят къыжриІауэ щытар. Щхьэм зэримытым Марят и лъэр ихуащ аргуэру къалэм, и насып здэщымыІэм, елъэпэуащ къуажэм къыщигъуэта насыпым.

Журт Биберд и адрей комедиеми – «Гуащэр зэрагъасэр» – къыщеІэт «гуащэ-нысэ» зэхущытыкІэ Іуэхугъуэр. Мыбы адыгэ хабзэ дахэр къыщызыкъутэр нысэракъым, атІэ гуащэращ. Нысэм и цІэр Тамарэщ, гуащэр Фаризэтщ. Психологием и Іэмалхэр къегъэсэбэп драматургым, цІыхубзитІым я образхэр щиухуэкІэ. ГъащІэм къыщыхъу хабзэхэм, дауи, тІэкІу къыщхьэщокІ пьесэм и конфликтыр зэрызэхэкІыр. Адыгэхэм гуащэм игъасэ хабзэщ унагъуэ мыцІыхум къихьа нысэ ныбжьыщІэр, куэд зылъэгъуа, зыгъэва цІыхум и бын пэлъыт мэхъу нысэр. Журт Биберд и комедием «щагъасэр» гуащэ Фаризэтщ. Гуащэм сыт къримыщІэми, сыткІэ къемыныкъуэкъуми, Тамарэ ахэр и фэм дегъахуэ, гугъу зрегъэхь. А псомкІи дэІэпыкъуэгъу къыхуэхъур къыщалъхуа унагъуэм щигъуэта гъэсэныгъэм и закъуэкъым, атІэ и щхьэгъусэм хуищІ пщІэрщ, хуиІэ лъагъуныгъэрщ.

Зи гугъу тщІа пьеситІми, адрей комедиехэми авторым и бзэри персонажхэм яІурилъхьэхэри бейщ, гъэнщІащ зэгъэпщэныгъэ щІэщыгъуэхэмкІэ, псалъэ шэрыуэхэмкІэ, гушыІэкІэ дахэкІэ. КъыжыІэпхъэщ «Гуащэр зэрагъасэр» комедием 1988 гъэм Орджоникидзе (иджы Владикавказ) щызэхэта конкурсым япэ увыпІэ къыщыхуагъэфэщауэ зэрыщытар. Жюрим унафэ къихьат а комедиер урысыбзэкІэ зэдзэкІауэ къэрал утыку ирахьэну зэрыхуэфащэр.

Критикэми театрым телажьэхэми пщІэ хуащІащ Биберд и «УкъулыкъущІэнумэ, къеблагъэ» комедием. ЦІыхугъэр, адыгагъэр, къыщежьэр унагъуэрщ. Уасэ зимыІэжщ дэтхэнэм дежкІи анэр, адэр, къыдалъхуахэр. ФІыщ ныбжьэгъухэри. А псор цІыхухэм мызэ-мытІэу ІэщІыб ярегъэщІ къулыкъу щІэкъуным. А проблемэр къыщиІэтащ Журт Биберд и пьесэм, гушыІэрэ ауанкІэрэ узэдам. Комедием лъабжьэ хуэхъуар Бэрэсбийрэ Мариерэ я унагъуэрщ. Бэрэсбий къулыкъу щхьэкІэ хабзэми, бзыпхъэми, емыкІуми ебэкъуэфынущ. И щхьэгъусэ Марии нэпсеигъэм къыхуалъхуат. «Зэмыщхь зэгуэгъу хъуркъым» яхужыпІэ хъунущ а тІум. Бэрэсбий апхуэдизу къулыкъущІэшхуэхэм къакІэлъежьхьри, ар хущІыхьэркъым пІэм хэлъ и анэ сымаджэм щІэупщІэн, хущхъуэ къыхуигъуэтын, сымаджэщым игъэгъуэлъын. Марии зыкІи къридзэркъым

фейдэ зимыIэ Iуэхухэр, пэIэщIэщ гущIэгъум, адыгагъэм. А псор зэлIзэфызым къащыгурыIуэжыр Бэрэсбий къулыкъуншэу къыщынэрщ. Журт Биберд и комедиехэм ауаныр йобэкI гушыIэм нэхърэ. ЩIыхур гъэгупсысэнырщ тхакIуэм дежкIэ нэхъыщхьэр. Ар пэIэщIэщ зэштегъэууэ ухуа тхыгъэхэм.

Дэбагъуэ Мухьэмэд шэрджэс драматург нэхъ пажэхэм ящыщщ, ар усакIуэу (и усэхэу пщIым щIигъу уэрэд хъуащ), тхакIуэу (рассказ, очерк, повесть куэд къигъэнащ) щытащ. Мухьэмэд и гушыIэ миниатюрэхэм я гугъу тщIащ ищхьэмкIэ. Абы пьесэ-таурыхъ итхащ, иIэщ драмэ зыбжани («Анэр нэм хуэдэщ» – мыр нэхъыфIхэм хабжэ, хэтщ курыт еджапIэм и программэм; «Лъэужь къытонэ щIыгум», «Жьуджалэ», н.). ГушыIэмрэ ауанымрэ я лъабжьэу Дэбагъуэм итхащ пьесэхэу «Араща лIы зэрыдэкIуэр (комедие-водевиль), «КIапэ нэхърэ напэ е нысэтын» (ауан-комедие).

«Араща лIы зэрыдэкIуэр» комедием персонажу тхущ хэтыр: Мухьэдин (ухуакIуэщ, фызкъэмышэщ, илъэс 28-м итщ), Залинэ (ари ухуакIуэщ, яшакъым, илъэс 24-м итщ, Къандыщэ (Мухьэдин и гъунэгъущ, къыдэнэжащ, илъэс 38-рэ и ныбжьщ), Ахьмэд (ухуакIуэщ, Мухьэдин и гъунэгъущ, ныбжьэгъущ). Драматургым сюжетыр «ирешажьэ» езы персонажхэм я псалъэхэмкIэ. Залинэ сценэм къохьэри унэ зэтетымкIэ и Iэр ишийуэрэ жеIэ: «Фи пщыхьэщхьэ фIыуэ! Сэ мы спектаклым сыхэтынущ лъакъуитIкIэ сызекIуэу, IитIкIэ сыIэбэу, си жьэр пIэрэпIарэу. Дэ мо унэм дыщIэсщ, клеткэ зырызым дисым хуэдэу, дызэрымыщIэу, ауэ сэ зи гугъу сщIынухэр зы ухуакIуэ трестым дыщызэдолажьэ…» АдэкIэ къеIуатэ Мухьэдин фIыуэ зэрилъагъур, ар зэрылэжьакIуэшхуэр, пщIэ къызэрыхуащIыр, ауэ ефэн зэрыщIидзар, къэшэн Iуэху зэрыхэмытыр. Залинэ и псалъэхэр уэрэдым хуокIуэр:

«*СщIэкъым, сщIэкъым къысщыщIар,*
СщIэкъым, сщIэкъым къызащIар,
Ар слъагъухукIэ щIощIэр лъэр,
Къысхуэмыщ Iэу сохъу плъыржьэр».

АдэкIи комедиер «зэщIэузэдащ» уэрэдхэмкIэ, абыхэм яхэтщ лъагъуныгъэ уэрэд макъамэм итIысхьэ усэхэр, пародие зыхужыпIэни.

Мухьэдин цIыху хьэлэлщ, ныбжьэгъуфIщ, ауэ лъагъуныгъэ яхуегъэщIкъым Залини, Къандыщи, зыми. Ахэри, и ныбжьэгъухэри щэхуу зэгуроIуэри, Мухьэдин ефауэ, имыщIэжу сабий зыгуэрым хуигъуэтауэ и фIэщ ящI, ягъэгузавэр, ефэни щрагъэгъэтыр. ИкIэм-икIэжым Залинэм гу хурагъэщIри спектаклыр хьэгъуэлIыгъуэм нэсауэ еухыр. Водевиль, концерт Iэмалхэм комедиер щIэщыгъуэ ещI, актерхэм я зэфIэкIыр

къыщагъэлъэгъуэн зэфIэкIыныгъэ къаретыр сюжетым. Текстыр зэрытха бзэр шэрыуэщ, авторым къегъэсэбэп псалъэжьхэр, псалъэ шэрыуэу парадокс зыщIэлъхэр.

Псалъэжьым и мыхьэнэр зэхьэкIауэ фIищIащ Дэбагъуэм адрей и комедием – «КIапэ нэхърэ напэ е нысэтын». Мыбыи хэт персонажхэр куэд хъуркъым. Псори зэIыхьлырэ зэблагъэрэщ, я гъунэгъу Джэуад къищынэмыщIа: Чэсэр (илъэс 50 и ныбжьщ), и щхьэгъусэ Хьэдинэ, и къуэ Рэмэд, ипхъу Лидэ, и нысэ Мадонэ, и къуэ Сэлмэн, и нысэ Гуащэдахэ. Комедиер ауанкIэ гъэнщIащ. ТхакIуэм сэтей къещI Чэсей и нэпсеягъэм къыхуихь Iуэху мыщхьэпэхэр. Абы и къуэ нэхъыжь Рэмэд къишам и нысэтынхэр фIэмащIэщ, псалъэмакъ ирещIэкI, нысэ цIыкIур зэуэ бий ищIыну хуожьэ. И щхьэгъусэ Хьэдинэ цIыху зэтесщ, жумартщ, и щхьэгъусэр «къыжьэдикъуэ» зэпытщ. Драматургым наIуэ къещI иджырей хьэгъуэлIыгъуэм хабзэм емызэгъ Iуэхугъуэ куэд къызэрыхыхьэр. А псоми щегъэдыхьэшх тхылъеджэр.

Мыбдежым Дэбагъуэм къыщегъэлъагъуэ лъагъуныгъэм и къарур. Рэмэдрэ и щхьэгъусэ хъуа Мадинэрэ я Iущагъым, зэгурыIуэныгъэм, гугъуехьхэм зэрыпэщIэтыфым я сэбэпкIэ хъума мэхъу я унагъуэщIэр. Абыхэм яхузэфIокI я гуащIэдэкIкIэ щыпсэуни, ящIэни къазэрылъысыр. Япэ ирагъэщыр напэр, кIапэ шхыгъуэ ихуэнущ лъагъуныгъэ зиIэхэр.

Дэбагъуэ Мухьэмэдрэ режиссер Абдокъуэ Маталиорэ зэгъусэу тхакIуэм и пьесэхэр щагъэуващ Шэрджэс къэрал драмтеатрым.

ГушыIэмрэ ауанымрэ ехьэлIауэ адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэ нэхъыбэ хуэзыщIар IутIыж Борису жыпIэмэ, ущыуэну къыщIэкIынукъым. Усыгъэми прозэми абы и IэдакъэщIэкIхэм щIыпIэ хэха щагъуэтащ. Апхуэдэщ драматургиери. Пэжщ, IутIыжым и цIэр жыжьэ зыгъэIуар и трагедиехэращ («Тыргъэтауэ», «Эдип», «Дамэлей», «Кушыкупщ»), ауэ мыхьэнэшхуэ яIэщ и комедиехэми. Борис и драматургиер къызэрыщIидзар комедие жанрымкIэщ, абы и япэ пьесэр «Шамхьун и фызышэ» комедиерщ (1971).

IутIыжым и тхыгъэхэр зэ итхыу кIэрыкIыжтэкъым. Япэ итхам иужькIэ тригъэзэжт, зэригъэзэхуэжт, нэхъыфI ищIырти нэгъуэщI варианту къыдигъэкIыжырт. И пьесэхэм къытращIыкIа спектаклхэм театрым ягъэува нэужь (абыхэм я режиссурэми и гуащIэ хилъхьэрт) кIэлъыплъырт, ахэр цIыхухэм къазэрыщыхъум, театрым щылажьэхэм, актерхэм, режиссерхэм я еплъыкIэр зэригъащIэрт. Псалъэм папщIэ, езы тхакIуэм зэрыжиIэжамкIэ, «Тыргъэтауэмрэ» «Дамэлеймрэ» я текстхэм 2000 гъэм ипэкIэ зэхъуэкIыныгъэ хилъхьэри къыдигъэкIыжащ. Ауэ 2007 гъэм къытридзам редакцэщIэ иIэщ, ар вариантыщIэу къэлъытапхъэщ. Апхуэдэхэр и

комедиехэми яхэтщ, спектаклыр ягъэува нэужь щIэуэ хэлэжьыхьыжауэ.

Драматургым и япэ комедиер – «Шамхъун и фызышэр» – музыкэ комедие щIэщыгъуэ хъуащ. Абы макъамэ щIэзылъхьар композитор Балэ Мухьэдинщ. Спектаклыр Налшык дэт Музтеатрым 1973 гъэм щагъэуващ, ар цIыхухэми критикэми ягу ирихьащ, театрым и репертуарми куэдрэ хэтащ. Борис и драматургием и къыщIэдзапIэ дахэ хъуащ комедиер.

Комедием персонаж тIощI хуэдиз хэтщ, абы щыщу 8-м цIэ яIэкъым – милиционер, япэ хъыджэбз, етIуанэ хъыджэбз, япэ щIалэ, етIуанэ, н. адрей персонаж нэхъыщхьэхэр къыщрибжэкIкIэ, авторым псалъэ зытIущкIэ я хьэлщэнхэм нэIуасэ дахуещI. Ари щIэуэ хегъэхьэ IутIыжым ди драматургием: Шэмхъун – зи гур пхъэурэ зи лъэр пхъэм дэна псэлъыхъу гъэужьщ; Хьэзешэ – Шэмхъун и пыхъуэпышэ сондэджэрщ. Лэжьыгъэ фIэкIа имыгъэунэхуа щыIэкъым; ХьэкIулинэ – Хьэзешэ и щIасэ цIыхубзщ. Сэхусэплъыр мыхъумэ, щIэзыхъумэр мащIэщ; Цунэ – хуабжьу щхьэприх лIы гъэгъу фыз гъумщ. Зэрытлъагъущи, гушыIэкIэ гъэнщIащ персонажхэм нэIуасэ дызэрыхуищIыр. Абыхэм къадэкIуэу пьесэм хэтщ къуажэм хьэщIэу къэкIуа журналисткэ Лусанэ, абы и псэлъыхъу хъуа зоотехник Анзор, гушыIэн зи щIасэ Жангуащэ, ефэн зи мыжагъуэ Мацыкъ (Цунэ и щхьэгъусэщ), гушыIэрей Хьэмолэ (Жангуащэ и псэлъыхъущ).

ТхакIуэм темэу, конфликту къыхихар комедиер щитха зэманым къемызэгъ сондэджэр проблемэм пыщIащ. Апхуэдэщ Хьэзешэ, нэхъыкIэжщ Шэмхъун. Пьесэм и теплъэгъуэ къэс псалъэ шэрыуэкIэ къыщIедзэ. «Хьэ бзаджэ тIысыпIэншэщ», «Удафэр фэм йокI», «Бгъэр куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ». Ахэр сюжет къудамэкIэ епхащ персонаж ауан ящIхэм. Шамхъун сондэджэр къудейкъым, атIэ лIы хьэулейщ, цIыхубзхэр и сатумкIэ къегъэсэбэп, къегъапщIэ, я щхьэгъусэ мэхъури – щыхуэмеижым деж хыфIедзэжри зегъэбзэхыжыр (зым и алэрыбгъухэр едыгъу, етIуанэм и IэблитIым сабий зырыз тесу къегъанэр).

Шамхъун зи «чэзу лъагъуныгъэр» игу къохьэр. Ар Цунэ йолъэIу къуажэм хьэщIэу къэкIуа Лусанэ игу зэрырихьар жриIэну, тыгъэ гуэри хуещI IуэхутхьэбзэмпэкIуэу. Цунэ Лусанэм жреIэ езы Шэмхъун гурыщIэ хуищIауэ. А тIур зопсалъэр, я диалогыр псалъэ дахэрэ фэрыщIагъэрэкIэ егъэнщIыр тхакIуэм. Лусанэм Шэмхъун къыдэкIуэну псалъэ кърет, зэхуэзэнуи зэгуроIуэхэр. Ауэ… къызэрыщIэкIымкIэ, журналист Лусанэ къалэм кърагъэкIат, Шэмхъун щхьэкIэ газетым тхьэусыхэу тхэ цIыхубз къагъэпщIахэм я Iуэху зэхигъэкIыну. Лусанэ езым къегъуэт Шэмхъун и фызу щыта цIыхубзитIри, езыри ещанэу зэщхьу захуапэр, щхьэтепхъуэхэр

зытрапІэри «спектакль цІыкІу» къыхузэрагъэпэщ Шэмхъун.

Хьэмолэ (Жэнгуащэ и псэлъыхъу ІуэрыІуэдз щІалэщ) гушыІэкІэ Іэмалу Шэмхъун хегъадэ цІыхубзищ зэхуэдэу хуэпахэм фІыуэ илъагъур къыхихыну. Зым и щхьэр трехри, Шэмхъун япэ къигъэпщІар арауэ къыщІокІ, етІуанэр трехри – сабиитІ хьфІидзам я анэрщ. Абыхэм бзаджэ куэд кърапэсыр. Ещанэр Лусанэу къыщІокІ! Куэдрэ уа бгъэм и дамэр «мэкъутэ». Псоми Шэмхъун хуэфащэ псалъэ хужаІэр, абы и Іуэхур милиционерым Іэрохьэр. КъоІур макъамэ, къызэІуахыр джэгур, ауэ ар зи джэгур Шэмхъункъым, атІэ Лусанэрэ абы дихьэха Анзоррэщ.

Комедиер усэбзэкІэ тхащ, абы хэтщ уэрэд хъуну хьэзыр сатырхэр, гушыІэ дахэкІэ гъэнщІа жыІэгъуэхэр, зэпадзыжу щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ жаІэ хъуэрыбзэхэр (псом хуэмыдэу япэ теплъэгъуэу гъэш фермэм щекІуэкІым). ІутІыж Борис мы комедиемкІэ къигъэлъэгъуащ ар жанр ухуэкІэмкІи, персонажхэм я теплъэр, псэлъэкІэр зэригъэпсымкІи щІэуэ ди литературэм зыгуэр зэрыхилъхьэн къалэн зэригъэувар. Абы япэ дыдэу итха комедиери жанрыщІэу хыхьащ адыгэ драматургием.

ІутІыж Борис и пьесэхэр щитхахэмрэ ахэр тхылъ щхьэхуэу къыщыдэкІахэмрэ зэщхьэщокІыр. Дэ тегъэщІапІэ нэхъ щІын хуейуэ къэтлъытэр тхылъу къыщыдэкІарщ. Драматургым и пьесэхэр иту къыкІэлъыкІуэ тхылъхэр къыдэкІащ: «ПІьесэхэр» (1983, «Тыргъэтауэ», «Гуащэмыдэхьэблэ»), «Дамэлей» (1991, «Дамэлей», «Нартхэ я дыгъэ»), «ГушыІэ махуэ, апщий («Шэмхъун и фызышэ», «ГушыІэ махуэ, апщий», «Хьэпэщыпхэ», «Хьэцацэ дахэ»), «Адыгэ хъыбарыжь» (драмэхэр), «Дунейр театрщ» («Эдип», «Ажэгъафэ джэгухэр»), «Тхыгъэхэр» (2000, «Тыргъэтауэ», «Дамэлей», «Мэзагъуэ», «Лъыгъажэ жэщ», «Эдип»… «Гуащэмыдэхьэблэ», «Хьэцацэ дахэ», «Дунейр театрщ»), «Трагедиехэр» (2007, «Тыргъэтауэ», «Дамэлей», «Кушыкупщ»).

Зэрытлъагъущи, къытрагъэзэжу етІуанэ традза комедие гуэрхэри, трагедие зыбжани хэтщ иужькІэ къыдэкІа тхылъхэм. Ауэ абы къикІыркъым зы текстыр зэхъуэкІыныгъэ имыІэу щІэрыщІэу къыдэкІыжауэ. Апхуэдэу редакцэщІэ ищІащ «Гуащэмыдэхьэблэ» комедиери (1983, 2000). Мыр ІутІыжым и комедие етІуанэщ. Езы авторым «Гуащэмыдэхьэблэм» щІитхэжащ «комедие-водевиль». Мыпхуэдэ жанр ухуэкІэр адыгэ драматургием иджыри къэс щІагъуэ къимыгъэсэбэпауэ щытщ, ауэ абы актерхэм лъэкІыныгъэ ярет уэрэд жыІэнкІэ, къэфэнкІэ яІэ Іэзагъыр нэсу къагъэлъэгъуэну. Комедием хэт персонажхэр пщыкІущ мэхъу, плІым къинэмыщІа ахэр зэІыхьлы-зэблагъэщ: Бырымбыху (ар гуащэщ, щыкъу анэщ), абы и къуитІыр (Емынэжьрэ Лъэбыцэжьейрэ), я фызхэр

(Жангуащэрэ Алмэстхъанрэ), Емынэжьрэ Жангуащэрэ я къуэ ТІыгур, Лъэбыцэжьейрэ Алмэстхъанрэ я къуэ Гурыкъ, ТІыгур и псэгъу ІукІей, Гурыкъ и псэгъу ЩІыкІей. Хамэхэр: Жьэмыгъуэ – хьэзэрышх тІэкІухэр зимыжагъуэ гъунэгъу фызщ. ЯфІэІэзэ – Гуащэмыдэхьэблэм я Іэзэшхуэщ, ар дыдэм я дохутырышхуэ Іэзэбий. Комедием еплъхэм я дэлэлщ Дизыкъуажэ (директорыным къыщыдэхуэм деж, ЯфІэІэзи Іэзэбии я къалэныр егъэзащІэ).

Драматургым къыщегъэсэбэпыр мы комедием и адрей и пьесэхэми персонажхэм я цІэхэм зыгуэр къикІыу зыщІ Іэмалхэр, абыхэм я хьэл-щэн гуэр еубзыхур, ауан зыщІ фІэщыгъэцІэу.

Іуэхур щекІуэкІыр Гуащэмыдэхьэблэщ. Нысэхэр зэхохьэри пасэрей Жьыгъэибг хабзэжьымкІэ жьы хъуа гуащэхэр къуэм дадзэну унафэ къахь, абы я щхьэгъусэхэр кърагъэувалІэ. ГушыІэшхуэрэ ауанрэ хэлъу Лъэбыцэжьейрэ Емынэжьрэ я анэр зэрыс матэр бгым яхь, анэр псоми фІыуэ къахущыту зэрыщытам топсэлъыхьхэр. Къуэхэм жаІэмрэ анэм къыпэщылъымрэ зыкІи зэхуэкІуэркъым, абыкІэ щІалэхэм я делагъэр сэтей мэхъу. Лейзехьэ дыдэр драматургым ахэм яригъащІэкъым, спектаклым еплъхэм «апхуэдэу ІуэхурекІуэкІауэ» къызыфІагъэщІыну йолъэІу Дизыкъуажэ. Сытми, Бырымбыху итыжкъым сценэм. Гуащэр зи натІэ изыхахэр тхъэжу псэун я гугъати, нысэхэм «жьышхуэ къахукъуэуащ»: Бырымбыху Іуэхуу зэфІихыу щыта къомыр я пщэм къыдохуэ, яхуэІыгъкъым сабийхэр, яхуэгъасэкъым, лІыхэм унагъуэм сэбэп лъэпкъ щыхъуркъым, унагъуэхэр зэтохур. Нысэхэр сондэджэр Жьэмыгъуэ къегъапцІэ, модэм дрегъэхьэх. Модэ зызыхъуэжхэм тхакІуэм фІещыр: «Др-р-р-р», «Уэв», «Мэхьмэхь», уеблэмэ Жьэмыгъуэ тутнакъым исыху модэм къыкІэрохур.

Сюжетым и кІэм гъэщІэгъуэну зехъуэж: Жьэмыгъуэ Гуащэмыдэхьэблэ доплъэри къелъагъу ТхакІуэ-ЖокъуэкІэ я зы щІалэжь. Арауэ жреІэ Жангуащэ я Іуэху псори зэІызыщІар. ТхылъымпІэ къабзэ зэрыІэрыхьэу мис мыпхуэдэхэр къегупсыс. Зым жеІэ абы Іулъхьэ ирату я зэхэтыкІэр ирагъэхъуэжыну, ауэ адрейм жеІэ тхакІуэм Іулъхьэ хэмызагъэу. Жангуащэ фІэтхьэмыщкІэ мэхъу, «зи напэри зи жыпри къабзэу зезыхьэну хэтыр». Псори йолъэІу тхакІуэм, ар къагъэгугъэр Іуэху мыщхьэпэ я гуащэм афІэкІа иримыщІылІэжыну…

Утыкум къохьэ Дизыкъуажэ, режиссермри зыгуэр спектаклым хилъхьэн хуейщи, абы сюжетыр зэпегъазэр. Ар еухыр «ИугъащІэ Бырымбыху» джэгузэхуэщІ сценэкІэ. Абы ихъумащ Бырамбыху, иджы сценэм кърегъэхьэр, ар йоупщІыр лей къызыщыхъуа и къуэхэм, и нысэхэм. Псори йоубзэр, нанэр къафыхь, ягъафІэр, хэти и унагъуэ ишэжыну хуейщ,

уеблэмэ пхъэидзэкIэ къыхахыр зи унэ исынур. Сценэр къафэрэ уэрэдкIэ гъэнщIащ. Дизыкъуажэ (тхылъеджэхэм, театрым щIэсхэм) захуегъазэр нэхъыжьхэм пщIэ хуащIыну, ахэр ягъэфIэну, гуапагъэм нэхъ щIэгъуафIэ дунейм зэрытемытымрэ жьыгъэр псоми къазэрылъысынумрэ ягурегъаIуэр цIыхухэм.

НэгъуэщI комедие фащэхэр зыщыгъ тхыгъэхэри къигъэщIащ IутIыжым. «Фарс» къупхъэм итщ «Хьэцацэ дахэ» (1980), «Хьэпэщыпхэ» (1992), трагифарсу къалъытэр «Жьэмыгъуэ – Африкэм» (1993), «Жьэмыгъуэ – Америкэм» (2002). «Олигарх гуащэ» (2005).

«Хьэцацэ дахэ» пьесэр едзыгъуитIу зэхэлъ фарсщ. Мыбы къытращIыкIа спектаклыр Къбэрдей драмтеатрым куэдрэ щагъэлъэгъуащ, еплъахэми критикэми ягу ирихьащ. Комедием персонаж куэд хэткъым: Хьэцацэ (набдзэ къурашэу яшэн хьэзыр пщащэ IуэрыIуэдзщ), Хьэбашэ (къэшэныгу хъуа щIалэ хьэлэболэщ), Къыдырхъан – къыдырыщэ хъанщ, («Портфелыншэ министр» жыхуаIэм ебгъапщэ хъунущ), КIэтIумашрэ Зэмахъшэрийрэ (Къыдырхъан и блыгущIэтлъэгущIэтхэщ).

IутIыж Борис сурэт щIынми хуэIэижьу щытащ, абы игъэщIэращIэт и пьесэхэм къытращIыкIа спектаклхэр, дахэу, гушыIэ зыщIэлъ сурэтхэр трищIыхьхэрт программэхэм, персонажхэм я портрет хуигъэфащэхэр («Гуащэмыдэхьэблэм» хуищIа программэр узыфIэмыкIыжынщ). Режиссерым и къалэнхэми фIыуэ хищIыкIырт, абыхэм чэнджэщ яритырт сценэр зэраухуэнумкIэ, артистхэр зэрахуэпэнумкIэ, усэ, уэрэд къагъэсэбэпын хуейхэри игъэлъагъуэт. Комедием къыщыхъухэр епхащ зэман жыжьэ дыдэм, ауэ а зэманым къыщIэна психологиер зыдэплъагъухэр щопсэу нобэрей гъащIэм. Япэ теплъэгъуэм щыщIэдзауэ драматургым къегъэсэбэп адыгэ IуэрыIуатэр. Хьэбашэ (къэшэныгу щIалэжьыр) къохьэр сценэми адыгэ псынщIэрыпсалъэ едзыгъуэшхуэ («таурыхъ, зэрыхъа, хъыджэбзыбэ, Чэзибан, Iэнэ, Бынэ, унэ, лей, хьэлэболэ»…) къребжэкIыр, ар ирепхыр спектаклым къыщыхъунухэм, езыр зи щыщри жеIэ: «Сэ си цIэр Хьэбашэщ, ПIастэмышхэ сарейщ. ХъущIэрей си адэщ, Шхыдэрей си анэщ. Дянэр къыщамышэм дянэшым срашыбзыхъуэу Къущхьэхъу сыщыIащ». АдэкIи IуэрыIуатэм и шыпсэхэр, хъыбархэр лирикэ уэрэдхэр хепщэ авторым и пьесэм. Хьэбашэрэ Хьэцацэрэ гушыIэ псалъэхэр зэпадзурэ я гурыщIэм топсэлъыхь. Абыхэми къыщагъэсэбэп «Хьэцацэ Къарэ» уэрэдыжьым хэлъ жыIэгъуэхэри, IутIыжым езым ядыщIигъуа ауанхэри.

Комедием хэлъ ауаныр щынэхъ гуащIэр Къыдырхъанрэ абы и блэгущIэтхэу Зэмахъшэрийрэ КIэтIумашрэ япыщIа диалогхэрщ. Мыхэм, псом хуэмыдэу Къыдырхъан и образым, драматургым хипщащ КъуэкIыпIэ къэралхэм

хъанхэм залымыгъэу, хьилагъэу яхэлъа щэнхэм щыщрэ, абы и лъэгущIэтхэм я Iужажагъэ Iэмал дыхьэшхэнхэмрэ. Зэмахъшэрийрэ КIэтIумашрэ быдапIэм щыжей Къыдырхъан къыщыушынум йожьэ, ахэр зэпоуэр хэт хъаныр къыщыушкIэ нэхъ псалъэ дахэ жриIэн, хэт нэхъыфIу игъэшхэн, ихуэпэн, н.къ. Зэмахъшэрий жеIэ: «ПщэдджыжьдыгъэруинэмщIэпсэнухуейщи, хуэмышэчыжукъыппоплъэ». Апсалъэхэм Къыдырхъан ехъуэхъунумкIэ Зэмахъшэрий трагъакIуэ зэхьэзэхуэм. Къыдырхъан къоушыр, ауэ дыгъэр щыIэкъым. КIэтIумаш къелъытэ Зэмахъшэрий пщIы иупсауэ, ауэ Зэмахъшэрий щIэуэ зыгуэр къегупсыс: «Дыгъищыр зы аузым дежкIэ куэдыщэщ, Къыдырхъан и нитIыр дыгъэщи, ещанэ дыгъэм зеIэжьэр». Къыдырхъан гъэшхэнымкIи зэпеуэр къехьыр абы: «Акъужьрэ салъкъынрэ зэхегъэзэрыхь, дыгъэ бзий хеупщIатэр, пшагъуэ тIэкIу трекIутэжыр, джэдгын трегъэщэщэжыр». Къыдырхъан Зэмахъшэрий Iущу къелъытэр.

ЛIыщIэхэм зыр зым елъытэ пщIыупсу, зэрогъэулъий. Зэмахъшэрийр йолъэIу Къыдырхъан хуит къищIу КIэтIумаш къыздикIа къуэм дидзэжыну. КIэтIумаш хъаным зыхуегъазэ: «Сэ згъэзэж хъунукъым. Уи блыгущIэт сыхъун щхьэкIэ, си напэри, си цIыхугъэри, укIытэри згъэкIуэдащ. Ахэр пфIэкIуэдауэ цIыхум уахэтыфынукъым, уадэпсэуфынукъым, уадэгъуэгурыкIуэфынукъым». Къыдырхъан чэнджэщ кърет, «ущыкIуэжкIэ къэбгъуэтыжынщ» жеIэри, КIэтIумаш педзыжыр ар кIуэдамэ, зэрумыгъуэтыжынур. Къыдырхъан абы къыжриIэжри гъэщIэгъуэнщ, парадокс мыхьэнэ иIэщ: «Сыт мыгъуэр пхуэсщIэн, КIэтIумаш, сиIамэ, уэстынти узутIыпщыжынт, ауэ пщыхэм яIэххэкъым а зи гугъу пщIы напэ, укIытэ, цIыхугъэ сыт жыхуэпIэ мыхьэнэншэхэр. Пщыр зыкIи зыхуэмей хьэпшыпщ, тIу, ахэр».

Комедиер уэрэдкIэ, гушыIэкIэ, сюжет гъэщIэгъуэнкIэ узэдащ, аращ ар фарс зыщIри, артистхэр щIэщыгъуэу зыгъэджэгуари.

ЦIыху щхьэхуэхэм я ныкъусаныгъэхэр, хьэл мыхъумыщIэхэр IутIыжым сэтей къыщищI комедиещ «Хьэпэщыпхэр». Мы пьесэм драматургыр илъэс заулкIэ тригъэзэжурэ елэжьыжауэ къыщIэкIынщ, аращ ар щитхауэ игъэлъагъуэ илъэсхэр щIызэпышари (1974–1992). Мыбы персонаж куэд хэткъым. Я нэхъыбэр зэIыхьлы-зэблагъэхэщ: ТIатIымрэ Бабынэрэ зэщхьэгъусэ лIыжь-фызыжьщ, Хуцинэ – Бабынэ и нысэгъущ, ХьэIишэт – Бабынэ и нысэщ, Мадинэт – ТIатIымрэ Бабынэрэ япхъущ, илъэс 22-м итщ, абы и псэлъыхъу щIалэщ Жанхъуэт.

Хамэу пьесэм хэтыр Iэзэ Хьэнэфийрэ абы и фыз Хьэнифэрэщ, я къуэ Тимошэ хэту. (ЩIалэгъуалэ конферансье ящIыгъужщ). Комедием и зэIухыныр авторым Хъуэжэ лъегъэсыр. Ар

шыдым тесу сценэм къытохьэри уэрэд жеIэ, къеIуатэр фIым зэрыщыгуфIыкIыр, Iейм зэрыфIэмыкIыр, закърегъэцIыхур зэры-Хъуэжэр, куэд зыхужаIауэ, зыхуатхауэ зэрыщытыр, цIыху мыхъумыщIэхэм «игъэхыщIэу» зэракIэщIэпIаскIуэр: «Сэ сылIауэ ягъэхъыбар, бэщмакъым и фIыгъэкIэ жэнэтым сакъыфIинауэ… Сэ зэи сылIакъым. Сыт хьэдрыхэ нэс укIуэу жэнэт къыщIэплъыхъуэнур, мыбдежым… бизнес къыщызэIупх хъунрэ пэт?» Ноби Хъуэжэ сэбэп къихьыфынущ, ауан щIыпхъэ куэд къыхуэгъуэтынущ.

Хъуэжэ йокIыжри, Iуэхум къыхохьэр зэнысэгъу фызыжь Бабынэрэ Хуцинэрэ. А тIум кърагъажьэр я тхьэусыхэр, кIэ зимыIэж гуащэ-нысэ темэр, зым и нысэр гуащэр щыту «псы йофэр», адрейм ейр «жьгъуатх» жиIэу къопсыр. Гуащэхэр йокIыжри, нысэхэм (Фаризэтрэ ХьэIишэтрэ) убэн чэзур къалъосыр. Персонажхэр къихьэурэ я Iуэхухэр, я хьэл-щэнхэр утыкум къралъхьэр. Ахэр: Хьэнэфий (Iэзэщ, Кашпировскэри, Чумаки, Джуни зэрипэсыркъым), Тимошэ (тIэкIу ефащ, уэрэд жеIэр, хъыджэбзхэм «бомбэ» яхуигъэхьэзыращ, мыбы и уэрэдым авторым щызэрихъуэкIащ нарт пшыналъэм хэт псалъэхэр: «СыефакIуэ-ешхакIуэщ. СылэгъунакIуэ щауэщ, гупым сахыхьамэ, зэриухыр зауэщ»). «ДыхьэшхэгъуитIу» (едзыгъуитIу) зэхэлъ сюжетым авторым ди нэгу щыщIегъэкI цIыхухэр уэрэдкIэ лэжьапIэм щыдэкIыу щыта зэманыр, «шэщIэхум» щекIуэкIа хъыбархэр, зэдихьэха Жанхъуэтрэ (ар офицерщ) Мадинэрэ я лъагъуныгъэ къабзэр. Къуажэм а зэманым къыщежьауэ щыта «художественнэ самодятельность» (мыбы хуэфащэ адыгэ псалъэ къахуэмыгъуэтурэ ужьыхыжащ езыр-езыру) Iуэхум нысэри пхъури хэша мэхъу, абыи псалъэмакъ кърахыр гуащэхэм.

«Хьэпэщыпхэ» комедиер, адрей и лэжьыгъэхэм хуэдэу, IутIыжым «иузэдащ» уэрэдхэмкIэ, абыхэм я фащэхэри, ритмри, сатыр гъэпсыкIэри цIыхубэ уэрэд, гушыIэ уэрэд цIэрыIуэ хъуахэм поджэж. («Мы иджырей нысащIэхэр, щхьэпсыншэ защIэщ» – «Мы иджырей пщащэхэр» уэрэдым ипкъщ, апхуэдэщ «Иджырей фызыщIэхэр» къызэрыщIадзэ сатырхэри).

Нэхъ гъэщIэгъуэну драматургым иухуа образхэм щыщщ Тимошэ, ТIатIым, Хьэнэфий сымэ. Тимошэ «гъащIэр зыгъэс» жыхуаIэм хуэдэщ. Ар ефэнущ, и нэгу зригъэужьынущ. ЗыкъомкIэ урыс классикхэм хыхьа персонаж, «Седжэну сыхуейкъым, къэсшэну сыхуейщ» жызыIам ещхьщ. Дэнэ щеджэну кIуэми къыщIахужыр, лэжьэн муради иIэкъым. ТIатIым лIыжьыр абы еущиену хэтщ, ар йоупщI мы пыIэзэфIэхь зэманым щIэмылажьэмкIэ. Тимошэ къит жэуапыр гъэщIэгъуэнщ: «Умылажьэу упсэуфащэрэт иджы, ТIатIым, улажьэу умыпсэуфу». Тимошэ Мадинэт йохъуапсэ, ар къишэн щхьэкIэ сыт имыщIами, къехъулIэркъым. Мадинэт

фIыуэ илъагъу Жанхъуэт лъосыр. Езы Тимошэ и уэрэдым хэт псалъэхэм къаIуатэр и Iуэху зыIутыр:

«ФIыкъым уи щхьэм къытена цы бжыгъэр
Махуэ къэскIэ нэхъ бжыгъуафIэ хъум.
Хыумыхами къэшэн гугъэм Iуэхур, гугъэр,
Гухэлъ лъахъэр йомылъхьэфмэ зым».

Езым щIэныгъэ имыIэ щхьэкIэ, Тимошэ усэ етх, философиеми хэIэбэну хэтщ, къедэIуэн игъуэтмэ, хэти и щхьэр иудэгунущ. Апхуэдэу хъарзынэу къигъуэтащ ТIатIым лIыжьыр, абы жреIэ Тимошэ: «Президентым къуажэм къигъэкIуауэ, поэмэжьыфI къалэн къритауэ». ТIатIым къыжраIэ шыпсэхэр и фIэщ мэхъур. Тимошэ усэн IэщIагъэр Алыхьым къритауэ, езы цIыхухэм арыншэу яхуэмыгумэщIу къыфIегъэщIыр. Зытетхыхьам гъуни нэзи иIэкъым. Тимошэ лIыжь емыджар къигъуэтауэ «щIэныгъэшхуэрэ» нэIуасэ бэлыхьхэмрэ зэриIэр къыхуребжэкIыр. Ар нэхъ бэлыхьыж хъунут адэу бизнесмен иIатэм («Адэ къысхухэхатэкъым, Хьэнэфий и Iэзапщ IэмкIэ жыжьэ укIуэнт»). И «лекцэ» лIыжьыр зригъэдаIуэм Тимошэ Бальзакрэ Ларошфукорэ адыгэу жеIэ, Виктор Гюго Бахъсэн щыщу, зэхегъэзэрыхьыр тхакIуэ щэджащэхэр щыпсэуа къэралхэр. ТIатIым хуэмышэчыжу IэщIокI, ауэ кIэлъыкIуэурэ «ирегъаджэ». Тимошэ и жьэкIэ IутIыж Борис ауан ещI ди ищхьэ еджапIэхэм зэрырагъаджэм и ныкъусаныгъэхэри.

Персонаж къэскIи, гуп щхьэхуэхэми (нысэхэм, гуащэхэм, щIалэгъуалэхэм) я уэрэдхэр хэухуэнащ комедием и сюжетым, конферансьем концерт хьэл хелъхьэр теплъэгъуэхэм, уеблэмэ циркым къыщагъэсэбэп Iэмал гуэрхэр комедием зэрыхэтыр уегъэлъагъу «ДызэрывгъэцIыху» щIэдзапIэм щIэтха «Парад-але» псалъэм.

Драматургым «Хьэпэщыпхэ» комедием фIищами, нэрылъагъу ещIыр абы къыщыхъухэм шыпсэ, таурыхъ, егъэлеиныгъэ зэрахэтыр. IутIыжым цIыху щхьэхуэхэм, жылагъуэ псом я ныкъусаныгъэхэм я щхьэфэ йоIэбэ, гушыIэкIэ Iэмалхэр къигъэсэбэпурэ. Комедиер зытепсэлъыхь Iуэхухэмрэ къигъэлъагъуэ зэманымрэ IупщIу ди пащхьэ кърелъхьэж. Адрей и тхыгъэхэми хуэдэу, IутIыжым персонажхэм я теплъэр, я сурэтыр, щхьэж и псэлъэкIэр, гупсысэкIэр къыхегъэщхьэхукI. Комедиер зэрытха бзэр къулейщ псалъэжьхэмкIэ, зэгъэпщэныгъэхэмкIэ, жыIэгъуэ щIэщыгъуэхэмкIэ. Комедиер прозэри усэри щызэгъусэу тхащ. Жанр хухихам и IэмалхэмкIэ пьесэр цIыхур зыгъэгупсысэ икIи я зэш тезыгъэу ищIын хузэфIэкIащ абы.

Комедие лIэужьыгъуэу литературэм щылажьэ псори адыгэ литературэм къыщигъэсэбэпащ IутIыж Борис, язныкъуэхэр

зэи ди литературэ процессым хэмытауэ. Апхуэдэу щIэщ адыгэ комедиеграфием дежкIэ «Ажэгъафэ джэгу» IутIыжым зыфIищa цикл иныр. А циклым хыхьэхэм я нэхъыбэр щитхар совет лъэхъэнэм иужьщ, ипэкIэ итхами, къыщытридзар, спектаклу щагъэувар а лъэхъэнэрщ. «ГушыIэ махуэ апщий» (1982 гъэм итхащ, ауэ 1993 гъэм пьесэм и цIэр тхылъ псом фIэщауэ къыдэкIащ) комедием щIэтхащ белджылы зыщI псалъэхэр: ЛIэужьыгъуибгъуу зэхэлъ гушыIэ IэшрыI. А цIэ дыдэр IутIыжым къыщигъэсэбэпащ «Дунейр театрщ» тхылъми. Япэрейм хэтыр персонажитIщ: Мэлэчыпхъу – бысым гуащэ, Унэджокъуэ – бысым щауэ, ахэращ сюжетыр зытещIыхьар, ауэ эпизодхэм зэзэмызэ къыхохьэр щIалэ, хъыджэбз, адвокат, Хьэфотэ сымэ. Едзыгъуэуи тIущ зэрыхъур. Хэтщ уэрэдхэр, IуэрыIуатэ лъабжьэ зиIэ гушыIэхэр. Псалъэм папщIэ, IуэрыIуатэм хэт упщIэ «Уэ, дыгъэ (мазэ, щIыгу н.къ.). улъэщ, улъэщ, улъэщ? Фащэм иту Унэджокъуэрэ Мэлэчыпхъурэ зоупщIыжхэр. Мыбыхэм къабгъэдэкIыу упщIэ хуагъэувыр лъагъуныгъэм, усакIуэм, тыкуэным, ревизорым, завскладым, заготовителым, сондэджэрым. Лъагъуныгъэр пэмылъэщу усакIуэм гонорар къелэжьыр, усакIуэм и тхылъыр сабэм иуэжауэ тыкуэным щIэлъщ, тыкуэныр абы тесымрэ и пэшэгъухэмрэ яшхыр, ревизорыр токIуэ тыкуэнтесым, абы къытокIуэжыр складыр зыIэщIэлъыр, нэхъ лъэщыжщ заготовителыр, ауэ псоми текIуэр сондэджэрырщ. Пьесэр гъэнщIащ гушыIэ цIыхубэ уэрэдхэм я пкъым авторым иригъэува уэрэдхэмкIэ.

IутIыж Борис и «Ажэгъафэ джэгухэр» щызэхуэхьэсащ «Дунейр театрщ» циклым. Мыр комедие цIыкIуу тIощIрэ ирэ мэхъу. Абыхэм псоми фIэщIыгъэцIэ яIэщ, езыхэр гупихыуи гуэшыжащ.

«Дунейр театрщ» жыхуиIэр тхылъ псоми къыкIэлъыкIуэ гупми я фIэщыгъэцIэ ищIащ драматургым: «Сымылицэ мыгъуэкъым», «IинтIырву», «Жьэмыгъуэ – Африкэм», «Хай, Хьэжмуд». «Театр къэкIуащ» жыхуиIэм хыхьащ: «Джэгузэхэшэ», «ТIыхъужь Алий и бенефис», «Хьэфотэрэ террористхэмрэ», «Ни Къауц, ни бжьэхуц!», «Жьэмыгъуэ и фиигъуэ». «Дунейр театрщ» тхылъым ит комедие цIыкIухэм (28-рэ мэхъу) я «ефакIуэ зырыз дащыхуозэ персонажхэу: Хьэжбэтыр («ГушыIэр гушыIэщ») – «аркъэбжьэ хуэпшийурэ, хъуэхъуакIуэ дэнэ къэна, укIыпIэм ипшэфын иджырей щIалэжьщ»; Чэфыжьокъуэ ХьэпIытI («ГушыIэ махуэ апщий») – «ефэм ефэурэ, зи псори изыфыжа, ныбжь зэхэгъэкIыгъуей зиIэ лIы хьэхэбасэщ»; Мухьэжид («ДыкIуэм-дылъэурэ…») – «чэф сыхъури, аркъэм сыхэкIыжащ!» – жиIэу къэна лIым ещхь гуэрщ»; ХьэпIытI («Дунейр театрщ») – «ди хэкуэгъу ефакIуэхэр зэрыуахътыншэр хьэкъ пщызыщI лIы зэхэупIышкIуа лIыжьмыщIэщ». Абыхэм щхьэхуэуи IыхьитI хигъэващ ефэным къишэхэм теухуауэ, «Си псэу фадэ» («ГушыIэ махуэ апщий»), «Цыримбон» («ДыкIуэм-дылъэурэ»).

«Си псэу фадэ!» теплъэгъуэр инкъым, ауэ мыбы драматургым къыхуигъуэта фащэр гъэщIэгъуэнщ. ПерсонажитIым – ефакIуэ ХьэпIытIрэ къалэм къикIа журналисткэ Марифозэрэ – я диалогыр интервью хуэдэу гъэпсащ. Марифозэ упщIэ зыбжанэкIэ зыхуегъазэр «ефэнкIэ цIэрыIуэ» хъуа ХьэпIытI, абы и упщIэхэр къыпачауэ ещхьщ «социалист зэхьэзэхуэхэм» къагъэсэбэпу япэм щытахэм. ХьэпIытI и жэуапыр нэхъ щIэщыгъуэщ. Журналисткэр йоупщIыр ефэным гу щыхуищIа зэманымкIэ (и фызыр щимыщIыхум фадэм хуищIат япэ лъагъуныгъэр), и ехъулIэныгъэхэр зэрызыIэригъэхьам, ефэ гупхэм я зэпеуэкIэм. ХьэпIытI жеIэ илъэс къэкIуэнум и планыр ефэнкIэ зэригъэзэщIар, ар ефапIэм щыбысымщ, я унагъуэм щыхьэщIэщ.

ЕфакIуэм и ехъулIэныгъэхэм хэкIыпIэу иIэхэмкIэ журналисткэр еупщIа нэужь, ХьэпIытI и жэуапым ди прессэм «я псэлъэкIэ» зещI тхакIуэм, ар ауан ищIу: «Ди ехъулIэныгъэм и хэкIыпIэ нэхъыщхьэщ ефакIуэхэм я производительностыр къызэраIэт IэмалыщIэхэр, пашэхэм я опытыр къызэрыдгъэсэбэпыр, дзыхьмыщIхэр моральнэу тедгъэгушхуэурэ материальнэ и лъэныкъуэкIэ я унагъуэм етхъунщIауэу зэредгъасэр, сом къыIэрыхьэмэ, зи фыз хуэзыхьыну хэтхэм а хьэл Iейр зыхана зэрыхъунымкIэ къызэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэшхуэ зэредгъэкIуэкIыр, культурнэ-массовэ лэжьыгъэ къыддезыгъэкIуэкIыну зи гугъэхэм я гурыгъыр игъэжауэ къызэрыдгъанэр».

Прозэрэ усэкIэ тха комедие цIыкIур еух Ажэгъафэм и уэрэдкIэ. Абы жеIэр, тIэкIу ирагъэлеями, къагъэлъагъуэхэр гъащIэм щыщ Iыхьэщ. Лъэпкъым захудогъазэр а уз бзаджэм пэлъэщын зэрыхуеймкIэ. Ажэгъафэр и хъуржыным йоIэбэр, къыкIэлъыкIуэ теплъэгъуэм и темэр кърихын щхьэкIэ.

«Ажэгъафэ джэгухэм» хэт комедиехэм темэ щхьэхуэу кIуэцIрыкIхэм щыщщ сондэджэрыным епхахэр. «Сондэджэр тхьэмыщкIэм» драматургым къыщегъэсэбэп IуэрыIуатэм хэт нэхъ лъэщкIэ «зэпеуэкIэр». Мы Iэмалыр хэтщ мыбы япэм итха комедиеми («Гуп махуэ апщий», 1982, «ЩIэнэкIахуэхэр» едзыгъуэм). Япэм «щызэпрагъауэр» Дыгъэр, Мазэр, щIыгур, усакIуэр, тыкуэныр, завскладыр, заготовителыр. Псоми ятекIуэр сондэджэрырщ. Ар дыдэращ етIуанэ комедием дежи «улъэщ-сылъэщ» упщIэм «Ахьеймэ сылъэщ» – жэуапыр зытыфыр, ауэ мыбдеж щызекIуэхэр нэгъуэщI. Сондэджэр «тхьэмыщкIэ» Хьэжымуд коньякым щIихуэри маршынэкIэ зыжьэхэуа жыгыр, жыгыр зыхуэшх хьэпIацIэр, ар зыгъэлIэф агрономыр, председателыр, абы и фызыр, япхъу гъэфIэныр н.къ. ИкIэм-икIэжым текIуэр сондэджэрырщ. Сондэджэрым и образыр IутIыжым ирепхыр цIэрыIуэ ищIа персонажхэм:

Хьэжымуд, Жьэмыгъуэ, Хьэфотэ. Жьэмыгъуэрэ Хьэжымудрэ я ІэщІагъэм щІыпІэ куэдым яшэр. Комедие теплъэгъуэм я цІэми къеІуатэр ар («Жьэмыгъуэ – Африкэм», н.)

ІутІыж Борис и персонажхэм, цІыхухэм я ныкъусаныгъэ, я хьэл-щэн щІэнэкІалъэ щІыпхъэхэр гукъинэжу якІэрилъхьауэ къэлъытапхъэщ «ГушыІэр гушыІэщ» комедием хэт Хьэфотэрэ Хьэжбаронрэ. Пьесэм хэтхэр авторым къыщриІуэм деж, ахэр зи хуэдэр псалъэуха зырызкІэ ди нэгу къыщІегъэхьэ: Хьэфотэ – лІызэблэхъу куэдым дыкъмыкъ ищІа, ауэ иримыгъэзэша пхъужь тарэфарэщ; Хьэжбарон – фыз къишэм-къишэурэ, къапшэ нэхърэ уахыхьэжурэ къэпкІухьмэ зэрынэхъ фейдэр къызыгурыІуа лІыжь танэщ. Хьэжбарон псэлъыхъу хьэщІэу хуокІуэ Хьэфотэ. А тІум я диалогыр, я псэлъэкІэр Іэзагъ ин хэлъу иухуащ ІутІыжым. Ар «узэдащ» уэрам гушыІэрэ куэд зылъэгъуа, гъащІэ зэтес къызылъымыса, унагъуэ насып зыхуэмыухуахэм я психологиерэкІэ. Комедие цІыкІур цІыхубэм ягу ирихьащ, ар спектакль щІауэ телевиденэми зыбжанэрэ къигъэлъэгъуэжащ. Спектаклыр цІэрыІуэ зэрыхъуар зи фІыщІэр авторым и закъуэкъым, абы сэбэп хуэхъуащ Хьэжбаронрэ Хьэфотэрэ я ролхэр зыгъэзэщІа Къэбэрдей драмтеатрым и артистхэу Балъкъэр Юрэрэ Мэшыкъуэ Фенэрэ.

«Дунейр театрщ» тхылъым ихуа комедиехэм нэгъуэщІ темэхэри къыщиІэтащ ІутІыж Борис. Абыхэм ауан щищІащ къулыкъум игъэудэфахэр, адыгэ хабзэм ебэкъуахэр, ди литературэм, театрым, журналистикэм яІэ ныкъусаныгъэхэр. Драматургым къигъуэта сюжетхэр щІэщыгъуэщ, зэрытха бзэр зыщылэжьа жанр псоми щыкъулейщ. Пьесэхэр щитхым къигъэсэбэпащ усэбзэри, прозэм и бзэри; персонажхэм яІурилъхьа псэлъэкІэхэри епхащ зэманым, а персонажхэр щыпсэу щІыпІэхэм. Комедиехэр адыгэ гушыІэрэ ауанрэкІэ гъэнщІащ.

Мы лэжьыгъэм гурыІуэгъуэ къызэрыпщищІщи, япэ лъэпкъ комедиехэм деж къыщегъэжьауэ ахэр гъэнщІащ гушыІэ дахэрэ ауан щабэкІэ. Комедие жанрым езым и хабзэ, и ухуэкІэ щигъуэтащ лъэпкъ литературэм. Псалъэм папщІэ, текстхэм куэдрэ къахохьэ цІыхубэ уэрэдхэр, ІуэрыІуатэм и нэгъуэщІ жанрхэм щыщхэр (псалъэжьхэр, псынщІэрыпсалъэхэр, хъуэр, щІэнэкІалъэ хуэдэхэр), абыхэм къытращІыкІа спектаклхэр щагъэувкІэ – макъамэхэмрэ къафэхэмрэ. Абыхэм яхэлъщ водевиль, фарс, буффонадэ лІэужьыгъуэхэм я щэнхэри. Къыхэгъэщыпхъэщ, ХХ лІэщІыгъуэм и 90 гъэхэм щыщІэдзауэ жанрым къиІэт Іуэхугъуэхэми зэрыхэхъуар, абы и зэхэлъыкІэми зэрызихъуэжар. Текстхэм я мыхьэнэр нэхъ лъагэ хъуащ, абыхэм ягъэзащІэ эстетикэ къалэнми хэхъуащ.

ЕІуэлІапхъэхэр

1. *ІутІыж Б.Къу.* ГушыІэ махуэ апщий. Налшык, 1993. Н. 6.
2. Словарь литературоведческих терминов. М.: Просвещение, 1974.
3. Новая иллюстрированная энциклопедия. Че-Яя. М., 2005. С. 217.
4. *Борев Ю.* Эстетика. М., 1981. С. 93.
5. *Борев Ю.* Комическое. М., 1970. С. 115–196.
6. *Белинский В.Г.* Собрание сочинений в 3-х томах. М., 1949. Т. 3. С. 745.
7. *Тимофеев Л.И.* О систематизации основных понятий теории литературы // ж. «Литература в школе», 1995. № 2. С. 72.
8. *Налоев З.М.* Институт джегуако. Нальчик, 2011.
9. *ІутІыж Б.Къу.* ГушыІалъэ. Налшык, 2003.
10. Ар дыдэм. Н. 220.
11. Ар дыдэм. Н. 223.
12. Ар дыдэм. Н. 237.
13. Ар дыдэм. Н. 165.
14. Ар дыдэм. Н. 172.
15. Ар дыдэм. Н. 168.
16. *Паштова М.М.* Черкесская (адыгская) народная лирика. Майкоп, 2009.
17. *ІутІыж Б.Къу.* ГушыІалъэ. Налшык, 2003. Н. 161.
18. Ар дыдэм. Н. 99.
19. *Тхьэгъэпсэу У.* Тхьэм и бынхэр. Черкесск, 2007. Н. 87–89.
20. Ар дыдэм. Н. 113.
21. *Мыжей М.* Сыхуейщ уи нитІым сыщІэплъэну. Черкесск, 2009. Н. 135, 191, 203.
22. *Джатокъуэ Ю., АбытІэ В.* Сатыр пІаскІуэхэр // Іуащхьэмахуэ, 2011. № 1. Н. 132–136.
23. *Федоренко Н.Т., Сокольская Л.И.* Афористика. М.: Наука, 1990. С. 30.
24. *Бейтыгъуэн С.* Псалъэ псэу (1985); Псэлъэгъу (1992), ЗыкъызогъэщІ (1996), Сущность (2002), И вечность – миг (2009), Средоточие (2010).
25. *Бещтокъуэ Хь.* Сэроробот // Іуащхьэмахуэ, 1996. № 1. Н. 16–46.
26. Ар дыдэм. Н. 16.
27. Ар дыдэм. Н. 20.
28. Ар дыдэм. Н. 21–22.
29. Ар дыдэм. Н. 22.
30. Ар дыдэм. Н. 31.
31. Ар дыдэм. Н. 38.
32. Ар дыдэм. Н. 39.
33. Ар дыдэм. Н. 43.

34. Ар дыдэм. Н. 43.
35. Ар дыдэм. Н. 44.
36. Ар дыдэм. Н. 46.

ЗЭДЗЭКІЫНЫГЪЭ ІУЭХУМ ЗЭРЫЗИУЖЬАР

Тхыгъэхэр адыгэбзэкІэ зэдзэкІыным и Іуэхум зиужьу щыхуежьар XX лІэщІыгъуэм 20–30 гъэхэрщ. Ауэ къэлъытапхъэщ, XIX лІэщІыгъуэм – XX-м и пэщІэдзэм псэуа адыгэ узэщІакІуэхэри а Іуэхум мыхьэнэшхуэ зэриІэр къагурыІуэу, абы пэрыхьауэ зэрыщытари. Гулъытэшхуэ абы хуащІащ Нэгумэ Шорэ, Бырсей Умар, ХьэтІохъущокъуэ Къазий, Тамбий Пагуэ, Дым Іэдэм, Цагъуэ Нурий, нэгъуэщІхэми. Зыщыпсэуа лъэхъэнэм а и цІыху пэрытхэр арауэ жыпІэ хъунущ зэдзэкІыныгъэ Іуэхум и лъабжьэр лъэпкъ щэнхабзэм щызыгъэтІылъари.

Абы щыхьэт тохъуэ «Адыгэ литературэм и тхыдэ» (2010) лэжьыгъэшхуэри: «…адыгэ узэщІакІуэхэм я Іэужьу дызыщыгъуазэ тхыгъэ псори литературэ нэсу, литературэм и жанр гуэрым и хабзэкІэ тхауэ щымыт щхьэкІэ, ахэри литературэм пэщІэпхыныр гъуэщагъэ хъунущ. Псалъэм папщІэ, ХьэтІохъущокъуэ Къ., Бырсей У. сымэ сабий зэрырагъэджэну къыдагъэкІа тхылъхэм я къалэн нэхъыщхьэр, дауи, литературэкъым. АрщхьэкІэ абыхэм ягъэнэхъыщхьэ Іуэхугъуэм къыдокІуэр зи гугъу тщІы къалэнри: авторым итхыр дахагъэм и хабзэм тетмэ, къызэрыдихьэхын, бзэм и ІэфІыр зэрызыхригъэщІэн Іэмалхэр, образхэр къигъэсэбэпмэ, апхуэдэ тхыгъэр, дауи, литературэ тхыгъэм хуокІуэ» («Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и тхыдэ». Налшык, 2010. – Н. 123). Мы псалъэхэм къагъэлъагъуэ XIX лІэщІыгъуэм щыщІэдзауэ зэдзэкІыныгъэ Іуэхур лъэпкъ щэнхабзэм пыщІауэ къызэрыгъуэгурыкІуэр. Къэбгъэлъагъуэ хъунущ, псалъэм папщІэ, ХьэтІохъущокъуэ Къазий 1864–1865 гъэхэм Кавказым щыІа дзэм и штаб нэхъыщхьэм и ягъэІэпхъуэ тхылъ тедзапІэм къыщыдигъэкІауэ щыта «Къэбэрдей алыфбей», Саади и «Гюлистаным» щыщ «Таурыхъ зыбжанэ» (53-рэ къызэщІеубыдэ) тхылъхэр. Апхуэдэу ХьэтІохъущокъуэм адыгэбзэкІэ япэу «къигъэпсэлъащ» урыс тхакІуашхуэ М.Ю. Лермонтовыр, абы и «Ашик Кериб» таурыхъыр зэридзэкІри. ЩІэныгъэлІ К.Д. Ушинскэм и «Сабий дуней» тхылъым щыщу «Хьэуа», «Псы» Іыхьэхэри лъэпкъыбзэм къригъэзэгъащ. Адыгэ тхакІуэ, щІэныгъэлІ цІэрыІуэм и лъэужьым ирикІуащ Тамбий П., Дым І., Цагъуэ Н., Куп И., нэгъуэщІхэри. Тамбий Пагуэ хэбгъэкІмэ, мыдрей щІэныгъэлІхэр нэхъыбэу зытетар къуэкІыпІэ лъэпкъхэм я литературэр, псом хуэмыдэу щІэблэр гъэсэным хуэунэтІа дин тхыгъэхэр адыгэбзэм къигъэтІэсэнырщ.

ЗэдзэкІын Іуэхум адыгэ литературэм зэрызыщиужьам, гъуэгуанэ къикІуам уриплъэжмэ, лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм тещІыхьауэ, ар зыбжанэу бгуэш хъунущ. Япэр къыдыщІедзэ Нэгумэ Шорэ, Хъан-Джэрий, Къаз-Джэрий, Бырсей Умар сымэ я лэжьыгъэхэм. ЗэманкІэ ар хуозэ XIX лІэщІыгъуэм и япэ Іыхьэ ныкъуэм, лІэщІыгъуэм икури хиубыдэу. УзэщІакІуэхэм тхыгъэхэр зэрызэрадзэкІыу щытар, езыхэм я псэм зэрафІэфІым хуэдэущ. Нэхъыбэу зэрадзэкІари ІуэрыІуатэм щыщхэрщ. Апхуэдэхэри лъэпкъым и дуней лъагъукІэм къегъэзэгъауэ, абы къыгурыІуэн хуэдэу щытын хуейт.

Дэ дызэреплъымкІэ, етІуанэ лъэбакъуэу убж хъунущ «Кавказ щІыналъэмрэ абы ис лъэпкъхэмрэ ятеухуа тхыгъэхэм я сборникыр» къыщыдэкІа илъэсхэр. Абы и къыдэкІыгъуэхэм тхыгъэ итхэр щІэныгъэр и лъабжьэу, филологием и Іэмалхэм тету зэдзэкІауэ къэплъытэ хъунущ. Мы сборникырщ япэу къызытехуар нарт пшыналъэхэм щыщ Іыхьэхэр. Мыращ ІуэрыІуатэм щыщ хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ япэу ХьэтІохъущокъуэ Къазий (1841–1899), Къэшэж ТІалиб (1866–1931), Тамбий Пагуэ (1873–1928) сымэ къызытрагъэдзауэ щытар. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, Къэшэж ТІ. итхыжахэу «Сосрыкъуэ», «Сосрыкъуэ и пшыналъэм щыщ теплъэгъуэ», «Тамбий Къэбардэ зэрыІэпхъуэгъар», «Андемыркъан», «Есэнокъуэ зэкъуэшхэм ятеухуа уэрэд», «Мэшыкъуэ», адыгэ таурыхъхэу «Хэт и фІыщІэ нэхъ ин», «Хьэгъур теухуа таурыхъ», «Хэт нэхъ ин?», «Хэт нэхъ делэ?», «Благъуэмрэ фыз бзаджэмрэ», «Хъаным ипхъумрэ щакІуэмрэ», лъэпкъым къыдекІуэкІ хабзэ зэхуэмыдэхэм ехьэлІа тхыгъэхэр, нэгъуэщІхэри. ИужькІэ, 1871 гъэм къыдэкІащ «Кавказ бгырысхэм ятеухуа тхыгъэхэм я сборникыр» (ССКГ). Абы, псалъэм папщІэ, хагъэхьащ ХьэтІохъущокъуэ Къазий итхыжауэ Пщыбэдынокъуэрэ Ашэмэзрэ ятеухуа пшыналъэхэр, Сосрыкъуэрэ Андемыркъанрэ хуауса уэрэдхэр, хъыбар, таурыхъ зыбжанэ. Сборникым ихуа текстхэр адрейхэм къащхьэщыкІырт гъэкІэщІауэ зэрыщымытымкІэ. А тхыгъэхэм я сюжетри гупсысэ ящІэлъри зэрыщытауэ къагъэнэжащ, ауэ языныкъуэ текстхэм хэт персонажхэм, Іуэхур щекІуэкІ щІыпІэхэм я цІэхэр адыгэхэр нэхъ зэсахэмкІэ зэрахъуэкІащ. Апхуэдэ Іэмалыр къагъэсэбэпу щытащ нэгъуэщІ адыгэ узэщІакІуэхэми, псалъэм папщІэ, Мыдхьэт-Хьэгъур Ахьмэд, Тамбий Пагуэ, Дым Іэдэм, Цагъуэ Нурий, НэгъущІ Сухьэд сымэ.

Ещанэ лъэбакъуэр лъэпкъ узэщІакІуэ инхэу Дым Іэдэм, Цагъуэ Нурий, Тамбий Пагуэ сымэ я цІэхэм епхащ. Япэу Къэбэрдейм тхылъ тедзапІэ къыщызэзыгъэпэща, абы адыгэбзэкІэ «Адыгэ макъ» газетыр къыщыдэзыгъэкІыу щыта адыгэ щІэныгъэлІ, узэщІакІуэ Дым Іэдэм Гъэфар и къуэр 1878 гъэм Кушмэзыкъуей (Старая Крепость) къуажэм

къыщалъхуащ. ЗэдзэкIыныгъэ Iуэхуми Iэдэм хуэIэрыхуэу щытащ, икIи ар къигъэсэбэпащ адыгэ тхыбзэр лъэ быдэкIэ увын папщIэ. 1913 гъэм Дымым хьэрып хьэрфхэр и тегъэщIапIэу адыгэбзэм Iэлыфбей хузэхилъхьащ. А Iэлыфбеймк Iэ хьэрыпыбзэм кърихри тхылъитI адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ: «Фыз хъыбар», «Сабийхэм папщIэ IункIыбзэIух» («Тухват-аль-Атваль»). Абыхэм нэмыщI нэгъуэщI лъэпкъхэм я таурыхъхэр, хъыбарыжьхэр, тхыдэм, географием, есэпым, нэгъуэщI щIэныгъэ зэмылIэужьыгъухэм теухуа тхыгъэхэри адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ Дымым.

1917 гъэм Къэзан къалэм дэт «Умид» тхылъ тедзапIэм Iэдэм къыщыдигъэкIащ «ПсалъэфI» тхылъыр. Абы къыкIэлъыкIуащ щIэныгъэлIым и лэжьыгъэ нэхъыщхьэр – «Щэнгъасэ» тхылъыр (1918). КъыжыIэн хуейщ, Дым Iэдэм и IэдакъэщIэкI псоми, зэридзэкIахэри хэту, муслъымэн дин Iуэху еплъыкIэмрэ дин щIэныгъэмрэ я лъабжьэу зэрыщытыр.

Лъэпкъ узэщIакIуэ цIэрыIуэм кърихьэжа Iуэхур япэкIэ игъэкIуэтащ Цагъуэ Нурий Айтэч и къуэм (1883–1936). Ар Дым I. и ныбжьэгъуфIу щытащ икIи дэлэжьащ. Псом хуэмыдэу, а тIур псэемыблэжу елэжьащ «Адыгэ макъ» газетыр къыдэгъэкIыным. ЗэрадзэкIыурэ абы къытрадзэрт адыгэ мэкъумэшыщIэхэм къахуэщхьэпэну чэнджэщхэр, ныбжьыщIэхэр щIэныгъэм хуезыджэ, гъэсэныгъэм ехьэлIа тхыгъэхэр. Дым Iэдэм хуэдэу, Цагъуэ Нурии «Муслъымэн тхыдэ» (1918), «Адыгэ тхыдэ» (1918) и лэжьыгъэшхуэхэр щитхым щыгъуэ, нэхъыбэу къигъэсэбэпар къуэкIыпIэ лъэпкъхэм я щэнхабзэрщ, дин щIэныгъэрщ.

Лъэпкъ литературэм зэдзэкIыныгъэ IуэхумкIэ хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIахэм, абы и лъабжьэгъэтIылъ хъуахэм ящыщщ Тамбий Пагуэ (1873–1928). ЗэдзэкIыныгъэ Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэр абы пасэу къыгурыIуат. Аращ адыгэ хъыбарыжьхэр, уэрэдыжьхэр, псалъэжьхэр, нэгъуэщI жанрхэри псэемыблэжу зэхуихьэсу, ахэр урысыбзэкIэ зэридзэкIыу щIыщытар.

Адыгэбзэм къыдэкIуэу, урысыбзэр кууэ ищIэу зэрыщытар къагъэлъагъуэ абы зэридзэкIа лэжьыгъэхэм. Зи гугъу тщIа узэщIакIуэхэм къащхьэщыкIыу, адыгэ IурыIуатэм щыщ Iыхьэхэр щызэридзэкIым, ар нэхъ «хуиту» Iуэхум бгъэдыхьащ, псалъэ зырызу е псалъэ уха зырызу зэримыдзэкIыу. Апхуэдэу художественнэ Iэзагъ ин къигъэлъэгъуащ. ЩIэныгъэлIым урысыбзэкIэ зэридзэкIащ адыгэ уэрэдыжьу 28-рэ («Гуащэгъагъ и уэрэдыр», «ЩэрэлIыкъуэ», «Андемыркъан и лIэкIар», «Къарэкъэщкъэтау», «Афэ джанэм теухуа уэрэд», «Унажэ», нэгъуэщIхэри), лъэпкъым къыдекIуэкI хъыбарыжьу 5 («Редадэ», «Гуащэгъагъ теухуа хъыбар», «ТхьэщIыгъу мэзым теухуа хъыбар», «Къуалэ-пелуаныр», «Iей къозыщIам фIы

хуэщIэ»), таурыхъыу 21-рэ («Псэущхьэ телъыджэхэмрэ щхьэрыуэ башымрэ», «ЩакIуэ Хьэсанэрэ мэкъуауэ Хьэсанэрэ», «Фыз лъыхъуэ», «IэщIагъэ зиIэ кIуэдыркъым», «Зэ уэгъуэм мин зыукI факъырэ», «Адэм и ныбжьэгъужьхэр», «Нарун», «Пхъумрэ мылъхупхъумрэ», «ЛIыжь цIыкIумрэ дыгъужьымрэ», нэгъуэщIхэри), псалъэжьу, псалъэ шэрыуэу, къуажэхьу, псынщIэрыпсалъэу, нэщэнэу 893-рэ. .

Мы къэтхьа щапхъэхэми къагъэлъагъуэ зэдзэкIыныгъэ Iуэхур иджыри пасэу лъэпкъ узэщIакIуэхэм ирашэжьауэ зэрыщытар. АбыкIэ лъэпкъ щIэныгъэлIхэм я мурадт псоми зэдай тхыбзэ зэкIэ къахузэмыгъэпэщами, адыгэхэр ныбжьышхуэ зиIэ лъэпкъыу зэрыщытыр, зэхэщIыкIышхуэрэ щэнхабзэ дахэрэ зэрабгъэдэлъыр дуней псом кърагъэщIэну. Апхуэдэу щытми, мы Iуэхум зыщиужьари, зыщиубгъуари XX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэ ныкъуэрщ, адыгэ псоми зэдай тхыбзэ щыIэ хъуа нэужьщ.

XX лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм, Къэбэрдейм совет властыр щагъэува нэужь, лъэпкъ тхыбзэми, художественнэ литературэми лъэбакъуэ щхьэпэ ичащ.Абы щыгъуэ зэдзэкIыныгъэ Iуэхури япэкIэ кIуэтащ. А лъэхъэнэм къэбэрдей литературэм социальнэ щытыкIэ игъуэту щIидзат. Апхуэдэу заужьырт и жылагъуэ зэхэтыкIэми, экономикэми, культурэми. Къэралым щыщIидзат «культурэ революцэкIэ» зэджэ зэщIэхъеныгъэр, унафэ къащтат щIэныгъэншагъэр гъэкIуэдын хуейуэ. ЦIыхубэр егъэджэным, урысыбзэр егъэщIэным къэралым гулъытэшхуэ хуищIащ а зэманым, мылъкушхуи тригъэкIуэдащ. ЩIэгъэхуэбжьауэ сабийхэм папщIэ еджапIэхэр яухуэрт, махуэм лэжьа балигъхэр пщыхьэщхьэкIэ ирагъаджэрт. КъыжыIэн хуейщ, абы къиша сэбэпынагъэхэм къадэкIуэуи, Iуэхум зэраныгъэ гуэрхэри зэрыхэлъар – адыгэбзэр а лъэхъэнэм къыщыщIэдзауэ нэхъ IэщIыб хъууэ хуежьащ, уеблэмэ нобэр къыздэсым ар и пIэм имыувэжауэ, щIагъуэу зимыхъуэжауэ къокIуэкI. Ауэ а лъэхъэнэм цIыхубэм и фIэщ хъуат щIэныгъэншагъэр гъэкIуэдыным, тхэкIэ-еджэкIэ зэгъэщIэным гъащIэм и фIыпIэм ухуишэну зэрыщытыр. Лъэпкъ щIэныгъэлI-узэщIакIуэхэми я хъуэпсапIэу щытар арат, ауэ абыхэм зытрагъащIэр лъэпкъхэм тхыбзэ къахуэзэгъэпэщынырт, абыкIэ щIэныгъэм и дунейм хэшэнырт. А лэжьыгъэр игъэкIуэтащ совет властым, ауэ большевикхэм къызыхураджэр а «гъащIэ IэфIым» ухэзышэнур урысыбзэрат, лъэпкъ псоми зэдай бзэ хъун хуейт ар.

Ди тхакIуэхэми «цIыхубэ насыпым» хущIэкъуныр, цIыхухэм щIэныгъэ ирагъэгъуэтурэ, культурэм и IуэхущIапIэхэр яухуэурэ культурнэ революцэ егъэкIуэкIыныр даIыгъащ. А лъэхъэнэращ щIэныгъэ зыгъуэтахэри нэхъыбэ щыхъуар. 1926 гъэм Къэбэрдей-Балкъэрым щIэныгъэкъэхутакIуэ институт иIэ хъуащ, 1932 гъэм абы къыбгъурыу-

ващ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал педагогикэ институтри. Абыхэм мыхьэнэшхуэ яIэт республикэм и экономикэм, социальнэ IэнатIэхэм, культурэм дежкIэ.

Художественнэ тхыгъэхэр зэдзэкIыным, лъэпкъ литературэхэм я зэпыщIэныгъэхэм дащытепсэлъыхькIэ, нэхъыбэу зи гугъу тщIыр, нэхъ къыхэдгъэщыр зым адрейр нэхъ къулей ищIу щытынырщ. Iуэхур зэхьэлIар зы литературэм хэлъ фIагъым, ар зей лъэпкъым и щыIэкIэ-псэукIэм, и психологием, и дуней лъагъукIэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ, и лъэпкъ фащэм нэгъуэщI лъэпкъхэм я тхылъеджэхэр щыгъуазэ хуэщIынырщ. Мыбдежым «лъэпкъ фащэ» жыхуэтIэм дэ къызэщIедгъэубыдэр а къедбжэкIахэм я закъуэкъым, атIэ а литературэм и художественнэ образ ухуэкIэри зэрыщыту къыдощтэ. Арыншамэ тхыгъэр зэдзэкIыным мыхьэнэ гуэри иIэнтэкъым, ар зытепсэлъыхьыр сыт хуэдизу гурыIуэгъуэу къэмыIуэтами.

ЗэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэм и сэбэпкIэ тхыгъэр къызыхах бзэри, ар зэрызэрадзэкI бзэри нэхъ къулей мэхъу. Абы и фIыщIэ ин хэлъщ зи гугъу тщIы лъэхъэнэм зэфIэувэу хуежьа адыгэ литературэбзэм и зыужьыныгъэр щIэгъэхуэбжьауэ зэрекIуэкIам. Гу лъытапхъэщ зы литературэм ижь адрейм къыщIихун хабзэр къэбэрдей литературэми къазэрыдэгъуэгурыкIуэм. Ауэ ар нэхъ наIуэ щыхъуар XX лIэщIыгъуэм и 20–30 гъэхэрщ, ди тхакIуэхэу Борыкъуей ТIутIэ, ЩэрылIокъуэ Талъостэн, ШэкIыхьэщIэ Пщыкъан, Цагъуэ Нурий, Нало Жансэхъу, АфIэунэ Мухьэмэд, Пщынокъуэхэ МэчрэIилрэ Абдулрэ, Къуэжей Сосрыкъуэ, Махъсидэ Залымхъан, ЩоджэнцIыкIу Алий сымэ, нэгъуэщIхэми зызыужьа литературэхэм я щапхъэр, я фащэ-щэнхэр къагъэсэбэпу хуежьа нэужь. Псалъэм папщIэ, Цагъуэ Нурий тегъэщIапIэ нэхъ ищIырт къуэкIыпIэ литературэхэм я поэтикэр, тырку литературэр, ЩоджэнцIыкIу Алий урыс классикхэм (Пушкин А.С., Лермонтов М.Ю., Некрасов Н.А.) я Iэзагъыр, я усэ гъэпсыкIэр, къаIэт темэхэмрэ гупсысэхэмрэ къигъэсэбэпырт. Нало Жансэхъу и щхьэгъусэ Кировэ А.Н. и псалъэхэр тегъэщIапIэ ищIурэ щIэныгъэлI Нало Заур итхыжащ «Игорь и полкым теухуа псалъэ», М. Горький и «Анэ» тхыгъэхэр ЖансэхъузэридзэкIауэ зэрыщытар. Ауэ ахэр къэхутакIуэхэм къахуэгъуэтыжакъым.

Бытырбыху къикIауэ щыта щIэныгъэлI Талпэ Евгений я пашэу адыгэ уэщIакIуэхэр илъэс зыбжанэкIэ елэжьащ адыгэ IуэрыIуатэр зыхуэхьэсыным. Ар зы тхылъышхуэ хъууэ 1936 гъэм къыдагъэкIащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, 20–30 гъэхэм къэралым щекIуэкIа политикэ залымыгъэм и мафIэм а лэжьыгъэхэри, ахэр зи IэдакъэщIэкI куэди хисхьащ.

Хэку зауэшхуэм ипэмрэ иужь илъэсхэмрэ урыс классикэр зэдзэкIыным хущIэкъуащ КIыщокъуэ Алим, Елбэд Хьэсэн,

Теунэ Хьэчим, Шортэн Аскэрбий, Къардэн Бубэ, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм сымэ. Сабийхэр зэрырагъаджэ тхылъхэм нэхъыбэу итри абыхэм зэрадзэкIа тхыгъэхэрт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ лъэпкъ литературэм иджыри щызэфIэуватэкъым ныбжьыщIэхэм яхуэгъэза литературэр. Нэхъ иужьыIуэкIэ а Iуэхум хэлэжьыхьащ Мысачэ Петр, Шэвлокъуэ Петр, Тхьэгъэзит Зубер, Къагъырмэс Борис, Мэзыхьэ Борис, Ацкъан Руслъан, Уэрэзей Афлик сымэ, нэгъуэщIхэри. А тхакIуэ цIэрыIуэхэм я тхыгъэ куэд урысыбзэкIи дунейм къытехьащ. Абы и фIыгъэкIэ къэбэрдей литературэ ныбжьыщIэм урысейпсо культурэм езым и увыпIэ щиубыдыфащ.

Адыгэ усакIуэхэм я IэдэкъэщIэкIхэр (ПащIэ Бэчмырзэ, ЩоджэнцIыкIу Алий, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, КIыщокъуэ Алим, Тхьэгъэзит Зубер, Балъкъэр Фоусэт, Бицу Анатолэ, Къэжэр Петр сымэ, н.) урысыбзэкIэ зэрадзэкIащ зэдзэкIакIуэ Iэзэхэу Липкин С., Гребнев Н., Шерговэ Г., Козловский Я., Гоффеншефер В., Звягинцевэ В., Шпиртэ А., Миловановэ А., Левонтинэ Э., Адалис А., Обрадович С., Къэшэж И. сымэ, нэгъуэщIхэми. Прозаик хьэлэмэт Къущхьэ СулътIан и тхыгъэ куэд зэридзэкIащ Либединский Юрий. Апхуэдэу ди тхакIуэхэм я тхыгъэхэр Совет Союзым и тхылъеджэхэм ирагъэцIыхуащ. Ауэ а зэдзэкIакIуэхэм, адыгэбзэ зырамыщIэм къыхэкIыу, тхыгъэхэр зэрызэрэдзэкIыу щытар езы тхакIуэхэм «подстрочник» жыхуэтIэм хуэдэ я тхыгъэхэр ящIа нэужькIэт. Апхуэдэу щытми, къыжыIэн хуейщ, ахэр мыIейуэ я лэжьыгъэм ехъулIэу зэрыщытар. Ар къызыхэкIыр зыт: япэ щIыкIэ абыхэм адыгэ лъэпкъым и хьэл-щэным, хабзэм, тхыдэм, культурэм фIыуэ щыгъуазэ зыхуащIырт. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, зэдзэкIын Iуэхур тхакIуэ-зэдзэкIакIуэхэм я Iэзагъэм щыхагъахъуэ, художественнэ дунейщIэ къыщызэIуах еджапIэ хъуат. Адрей литературэхэм гъунэгъу захуищIынымкIэ, запищIэнымкIэ къэбэрдей литературэ ныбжьыщIэм дэIэпыкъуэгъушхуэ къыхуэхъуащ ахэр.

Зы литературэм ижь адрейм щIихуным (къапщтэмэ, урыс литературэм) кърикIуэрт зы культурэм и языныкъуэ хабзэхэр адрейм хуэхьыныр, хэлъхьэныр. ЗэдзэкIакIуэхэм ямызакъуэу, тхакIуэхэми я тхыгъэхэм къыщагъэсэбэпырт урыс, совет литературэм щызэфIэува образхэр. Диалектикэм и хабзэхэм тету убгъэдыхьэмэ, ар абы щыгъуэ дызыхуей Iуэхугъуэт. Мыбдежым «ижь щIихун» жыхуиIэм нэсу гурыIуэгъуэ ищIу къыщIэкIынукъым дэ къэдгъэлъэгъуэну дызыхуейр. Нэхъ тэмэмыр, дэ дызыреплъымкIэ, и культурэм и пкъыгъуэхэр, нэщэнэхэр къыхахыу адрейм и культурэм зэрыхалъхьэрщ.

Къызэрыхэдгъэщащи, 20–30 гъэхэм, апхуэдэу абы къыкIэлъыкIуэ илъэсхэм а Iуэхур къэбэрдей литературэм щIэгъэхуэбжьауэ щекIуэкIащ, езым и къыщхьэщыкIыныгъэ

иІэжу. Ар ауэ сытми ІэхъуэтегъэкІыу, емыгупсысауэ ирагъэкІуэкІыртэкъым. Нэхъыщхьэращи, нэхъ зызыужьа лъэпкъхэм я культурэм къыхахыурэ езым я культурэ щІыгулъым хагъэтІысхьэ фащэхэм заужьырт, ефІакІуэрт, теплъэщІэ ягъуэтырт.

Дызэрэщыгъуазэщи, литературэ тхыгъэр зэбдзэкІыным къикІыр абы и гъащІэм пыпщэу, теплъэщІэ епту, лъэпкъ хабзэхэм, Іуэхугъуэ пыухыкІахэм хэбгъэзагъэу, хэбгъэшыпсыхьу аращ. Урыс, украин, французуз, нэгъуэщІ литературэхэм я классикхэм я тхыгъэхэу адыгэбзэкІэ зэрадзэкІахэр зыкъомкІэ ди лъэпкъ литературэм щыщ хъуащ. Апхуэдэ дыдэщ адыгэ литературэм щыщу урысыбзэкІэ зэрадзэкІахэри. Псалъэм папщІэ, Борыкъуей ТІутІэ адыгэбзэкІэ зэридзэкІыгъащ «Интернационалыр», ЩоджэнцІыкІу Алий урысыбзэм кърихри Хетагуров К. и «ПцІащхъуэ», Маяковский В. и «Ныбжьэгъухэ, ІэщэщІэхэр къэтщтэнщ» усэхэр, Горький М. и «Къаргъейм и уэрэдыр», «Борэнпежьэм и уэрэдыр», Отаров К. и «Мавзолейм деж», тхыгъэхэр, нэгъуэщІхэри. Мыбдежым тхыгъэр адыгэбзэм къэсын папщІэ, тІэу зэрадзэкІын хуей хъуащ: псалъэм папщІэ, осетиныбзэр – урысыбзэкІэ – урысыбзэр – адыгэбзэкІэ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, зыр адрейм топщІэжри, культурэ зыбжанэм я фащэхэр зэхэшыпсыхьа мэхъу. Пэжщ, тхыгъэ псоми а зэхъуэкІыныгъэхэр зэхуэдэу къыщыхъуакъым. Тхыдэ, щІэныгъэ-методикэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъуэхэм ягъуэт зэхъуэкІыныгъэхэри нэхъ мащІэт. Апхуэдэу щытми, литературэ зэдзэкІахэмкІэ адыгэ тхакІуэ щІалэхэм зыхуагъасэрт типизацэм, сюжет ухуэкІэм; ахэр дэІэпыкъуэгъу хъурт лъэпкъ литературэбзэр къызэгъэпэщынымрэ егъэфІэкІуэнымкІэ.

Абы и мыхьэнэр къыхигъэщу, щІэныгъэлІ Нало Заур усакІуэ Борыкъуей ТІутІэ зэридзэкІа тхыгъэхэм теухуауэ жиІэгъащ «тхылъым зезытагъащІэ тхылъеджэм, иджыри джэгуакІуэм и псалъэхэм зэрыщІэдэІур, ар зэсэжа бзэмкІэ зыхуэбгъэзэныр, ар пІалъэ кІэщІкІэу щытми, ефІэкІыныгъэ зэриІэр, икІи а ефІэкІыныгъэр Борыкъуейм къызэригъэсэбэпар». АдэкІэ щІэныгъэлІым къыхегъэщ, апхуэдэ бгъэдыхьэкІэм тету зэпкърыхын зэрыхуейр Борыкъуейм и зэдзэкІыныгъэ лэжьыгъэр. Апхуэдэу къегъэлъагъуэ ар урыс уэрэдхэр адыгэбзэкІэ зэзыдзэкІа къэбэрдей зэдзэкІакІуэ нэхъыфІ дыдэу зэрыщытар. Борыкъуейм зэридзэкІар абы япэу урысыбзэм кърихыу (къызрихар французыбзэр аракъым) адыгэбзэм къригъэтІэса «Интернационалым» хуэдэ политикэ уэрэдхэм я закъуэкъым:

1. *Фытэдж бэлыхьыр зи дамыгъэ! – 9*
2. *Дунейм тет псохэр мэжэщІалІэу – 9*
3. *ПщылІыпІэм диту дагъэпсэу, – 8*

4. *ПсэукIэ пудхэр ди нагъыщэщ: – 9*
5. *Фи Iэщэм зефти зэуэ фынэхъей! – 10*
6. *Хъей имыIэм тхуэмыхьыж дунейхэр – 10*
7. *И лъапсэм диплъэу ар ткъутэнщ, – 8*
8. *Абы иужькIэ зым памыщIхэр пашэу – 11*
9. ДунеищIэ тыншыр дэ духуэнщ – 9
10. Ахэр псори ди Iуэхуфэщ, – 8
11. Ди унафэр дызэуэнщ – 7
12. Интернационалым – 7
13. ЩIыхухэр псори дыхуэкIуэнщ! – 7

Нало З. зэритхымкIэ, Борыкъуейм иужькIэ зы къэбэрдей усакIуи хузэфIэкIакъым апхуэдизу дахэу, IэтIэлъатIэу, хэгъэзыхь хэмылъу нэгъуэщIыбзэкIэ тха уэрэдхэр анэдэлъхубзэм къригъэтIэсэну. Уэрэдыр жызыIэр абы апхуэдизкIэ дехьэхри, уэрэджыIакIуэр егупсысыркъым ар къыздраха бзэми, зэрызэрадзэкIами, зэрызэдзэкIам тэмэму е щыуагъэу сыт хуэдиз хэтми. Мыбдежым щIэныгъэлIым къызэригъэлъагъуэм хуэдэу, Борыкъуейм и тхыгъэмрэ абы зэридзэкIа урыс тхыгъэмрэ зэдгъапщэу, зэпэтлъытущIэддзэмэ, нэгъуэщIужыпIэмэ, иджырей зэдзэкIакIуэхэм я еплъыкIэкIэ уеплъмэ, уэрэдыр зэрытха бзэм зэрыхэтымрэ зэрызэрадзэкIамрэ зэщхьэщыкIыныгъэ куэд яIэу къыщIокI (куэд елъытащ урыс текстми).

ГурыIуэгъуэщ, щызэрадзэкIым щыгъуэ къэхъуа зэтемыхуэныгъэхэр уэрэдым и макъамэми зэран зэрыхуэхъуар. Апхуэдэу щытми, 20–30 гъэхэм уэрэдыр жызыIахэм абы гу лъатакъым, сыту жыпIэмэ ахэр зэсэжа IуэрыIуатэм и хабзэхэмкIэ уабгъэдыхьэмэ, а зэщхьэщыкIыныгъэ мащIэхэм мыхьэнэ лъэпкъ яIэтэкъым. Сатыр зыбжанэ оригиналым темыхуащэу, зэдзэкIакIуэм «щхьэзыфIэфIагъ» хилъхьэу зэдзэкIа хъуащ (япэ строфам – 5,6,7 сатырхэр, ежьум – еплIанэ сатырыр). Апхуэдэу языныкъуэ сатырхэр зэридзэкIакъым, атIэ езы зэдзэкIакIуэм къигупсысри хигъэхьащ: япэ строфам и еплIанэ сатырыр оригиналым и ещанэ сатырым техуэн хуеят («Кипит наш разум возмущенный...» – «ПсэукIэ пудхэр ди нагъыщэщ...» – «Жизнь унизительная – наша судьба...»); ежьум – япэ сатыритIыр («Это есть наш последний и решительный бой...» – «Ахэр псори ди Iуэхуфэщ. Ди унафэр дызэуэнщ..» – «Это все – наше призвание. Наше решение – воевать...»). Уэрэдым и кIыхьагъкIи щыпхрышащ уэрэдыжьхэм дежьууэ къакIуэ хабзэ рифмэр, атIэ урысыбзэм зэрыщыщытым хуэдэу кIэух рифмэкIэ ухакъым».

Академик Лихачев Д.С. апхуэдэ зэдзэкIыкIэм литературэм и фэеплъхэм я *трансплантацэкIэ* еджэу щытащ. Борыкъуей ТI. зэридзэкIахэми а термин фIэщыгъэцIэр епт хъунущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ 30 гъэхэм зи гупсысэкIэр иджыри IуэрыIуатэ къупхъэмитцIыхубэмахэратнэхъкъищтэр. ГъэщIэгъуэныращи,

абы зэридзэкIа уэрэдхэм цIыхубэ жьэрыIуатэ творчествэм и хабзэхэм тету езыр-езыру заужьыжащ.

Борыкъуей ТI. «Интернационалым» нэмыщI иджыри уэрэдитI зэридзэкIащ: «Губгъуэжь инуэ щхъуантIэм...» – («В степи большой зеленой...»), «Дэ Дзэ Плъыжьу лъабжьэшхуэ зиIэр...» («Мы, Армия красная с корнями глубокими...»). Ахэри щыхьэт тохъуэ усакIуэм лъэпкъ пшыналъэхэм я бзыпхъэр къигъэсэбэпыну зэрыщытам. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм шэчыншэу, ахэр цIыхубэ творчествэм гъунэгъу хуищIырт, нэхъ гурыIуэгъуафIэ хъурт. АрщхьэкIэ ар ехьэхуэфынутэкъым литературэм игъуэту хуежьа поэтикэм. ЗэрыхуэдгъэфэщэмкIэ, ар Борыкъуейм куэд дэмыкIыу къыгурыIуэжат.

Мы зи гугъу тщIахэр щыхьэт тохъуэ, урыс, европэ лъэпкъ литературэхэм яжь къэбэрдей литературэм – «трансплантацэкIэ» – зэджэ зэдзэкIыныгъэ IэмалымкIэ къызэрыщIихуар къыхэдгъэщхьэхукIыну. Адыгэбзэр урысыбзэкIэ, апхуэдэ дыдэу урысыбзэр адыгэбзэкIэ щызэбдзэкIым деж, трансплантацэр щыIэнкIэ зэрыхъуар къыхэкIащ къэбэрдей литературэм иджыри зэтеувэн, зиужьын щIидзагъащIэу зэрыщытам, ар а зэманым иджыри IуэрыIуатэм и Iэмалхэм къаIэщIэкIыфауэ зэрыщымытам, езым и фащэ хэха иджыри зэримыгъуэтам. Тхыгъэ зэрадзэкIахэр, псалъэм папщIэ урысыбзэм кърахыу адыгэбзэм къахьахэр, езыхэм я усыгъэ хабзэкIэ псэурт, къызыхыхьа бзэм и фащэщIэр щатIэгъарэ и гупсысэкIэ заузэщIыжауэ. «Ижь къыщIихун» жыхуэтIэм дэ дыщрохьэлIэ тхыгъэм и зэфIэувэкIэ, ар гупсысэкIэ зэрагъэнщI хабзэр щызэтеувам деж. Къэбэрдей литературэм и тхыгъэ зэрадзэкIахэм дэ апхуэдэ хабзэхэм дащыхуэзэр 50–80 гъэхэрщ. Ауэ мыбдеж занщIэу жытIэну дыхуейт «ижь къыщIихуным» ипэ *трансплантацэр* зэритар, нэхъ иужьыIуэкIи а Iэмалхэри зэгъусэу къакIуэу къызэрекIуэкIар.

Дызытепсэлъыхьа Iуэхугъуэхэм къагъэнаIуэ: 20–30 гъэхэм щыIа къэбэрдей литературэр къапщтэу занщIэу мыр литературэ зэдзэкIащ е мыр езы анэдэлъхубзэмкIэ ятха литературэщ жыпIэу зэхэбдз зэрымыхъунур. Абы щыгъуэ Iуэхур куэдкIэ нэхъ гугъуу зэхэлъащ. А илъэсхэм адыгэбзэкIэ зэрадзэкIа тхыгъэхэр лъэпкъ литературэм и зы пкъыгъуэу къыхэуващ икIи абы иIакъым гъунапкъэ пыухыкIахэр, мыбдежыр литературэ зэдзэкIащ, мыбдежыр езы лъэпкъыбзэкIэ къагъэщIа литературэщ хужыпIэн хуэдэу.

Езы адыгэ тхакIуэхэр я нэхъыбапIэкIэ икIи зэдзэкIакIуэхэт, тхыгъэхэр зейхэм я авторэгъу пэлъытэт, я редакторт. Апхуэдэ тхыгъэхэм, мыдрей тхыгъэхэми ещхьу, езыхэм я гъащIэ, я псэукIэ яIэжт. Ахэр, укъызыхэкIа литературэхэм щIыгъуу, зыхэхуа литературэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм щIэрыIэрт, абы зиужьыным хэлIыфIыхьырт.

Хэку зауэшхуэм ипэ къихуэу адыгэбзэкIэ зэрадзэкIа тхыгъэхэм ящыщу нэхъыфI хъууэ, нэхъ мыхьэнэшхуэ иIауэ къэлъытапхъэщ ЩоджэнцIыкIу Алий зэридзэкIа тхыгъэхэр. Ар ехьэлIащ Шевченкэ Тарас и тхыгъэхэу ЩоджэнцIыкIум зэридзэкIахэм. Ди деж къэсащ абыхэм ящыщу зы тхыгъэшхуэ (и инагъкIэ къэплъытэмэ, абы поэмэ фIэпщ хъунущ) – «Кавказ» усэр. А тхыгъэр дэ нэхъ тпэгъунэгъущ и зэхэлъыкIэкIи, щIэлъ гупсысэмкIи. Луначарский А.В. зэрыжиIащи, къэкIуэну зэманым ехьэлIа и хъуэпсапIэхэмкIэ Шевченкэ Т. къэкIуэну щIэблэм пыщIэныгъэ хуиIэ хъуат. Арагъэнщ лъэпкъ литературэм и классик ЩоджэнцIыкIу Алий украин усакIуэшхуэм гулъытэ хэха хуищIауэ щIыщытари.

Абы мыри щIыгъужын хуейуэ къыдолъытэ: Шевченкэ Тарас и усыгъэмкIэ, и усэбзэмкIэ ди зэманым нэхъ пэгъунэгъущ, ар щыпсэуа, щылэжьа лъэхъэнэм нэхърэ. Щыпсэуа зэманым къекIуэкIыу щыIа усэ гъэпсыкIэхэм Шевченкэ и усэр итIасэртэкъым. Абы и усыгъэм дахэу щызэригъэзэгъырт украин лъэпкъ уэрэдхэм я силлабикэмрэ А. Пушкиным и силлабэтоникэ, иужькIэ лъэмбиплI хъу ямбым хуэкIуэжа тхэкIэмрэ.

КъыжыIэн хуейщ, украин усэкIуэшхуэм куэд зэрыхузэфIэкIар усэм щIэлъ художественнэ гупсысэр, бзэр нэхъ къулей щIыным теухуауэ. А зи гугъу тщIахэм къахэкIыу къэплъытэ хъунущ «Кавказ» усэ уахътыншэр зэдзэкIыныр къызэрымыкIуэу гугъуу, абы къыдэкIуэуи мыхьэнэшхуэ дыдэ иIэу щытауэ. ЗэфIэувэн щIэзыдза къудей къэбэрдей литературэм дежкIэ зэдзэкIыныгъэ Iуэхум къалэнышхуэ игъэзащIэрт, абы къыдэкIуэуи ар тхакIуэхэм я Iэзагъым щыхагъахъуэ еджапIэ хъарзынэт. А къалэн мытыншыр, дауи, зыхузэфIэкIыну щытар ЩоджэнцIыкIум и талантым хуэдэ зиIэ усакIуэт.

Оригиналыр зэрыщытыр:

За горами горы, тучами повиты
Засеяны горем, кровью политы.
Спокон веку Прометея
Там орел карает,
Что ни день долбит он ребра,
Сердце разбивает.
Разбивает, да не выпьет
Крови животворной –
Вновь и вновь смеется сердце
И живет упорно.
И душа не гибнет наша
Не слабеет воля.

ЩоджэнцIыкIу Алий зэридзэкIар:

Къыр зэкIэщIэтхэм пшагъуэбэ фIэлъхэщ,
Щыбэщ гуIэгъуэр, лъым ицIэлащ.
Ижь Прометейр а щIыпIэм
Бгъэ гуэрым гугъу щрегъэхьыр,
Махуэ къэсыху дзажэр еугъуэныр,
И гур абы зэгуепхъур.
Зэгуипхъу щхьэкIэ, лъы псэ зыхэтыр
Нахуимыфыфу щегъэтыр.
Аргуэру гур къощIэрэщIэжыр,
Арыххэу погуфIыкIыжыр.

Сыт мыбдежым псом япэу гу зылъыптэр, нэм къыIуидзэр? Усэм и зэхэлъыкIэр аращ. Оригиналым и щытыкIэр тэмэму адыгэбзэм къригъэтIэсащ, и усэ зэхэлъхьэкIэр, сатырхэм я кIыхьагъ-кIэщIагъыр адыгэбзэр нэхъ зэрыхуэшэрыуэм, гурыIуэгъуафIэ зэрыщыхъунум хуэдэу иухуащ. Ауэ мыбдежми гу щылъыботэ ЩоджэнцIыкIум зэридзэкIам оригиналым темыхуэу зыкъом зэрыхэтыр. Псом япэу, ищхьэмкIэ зэрыщыжытIащи, ар къызыхэкIар адыгэбзэм и зэхэлъыкIэр, абы бгъэдэлъ Iэмалхэр аращ. Сатырхэм я пычыгъуэ бжыгъэхэри щызэтемыхуэ щыIэщ. Ауэ тхыгъэ зэдзэкIам и ехъулIэныгъэр къыщытлъыхъуэн хуейр аракъым. Нэхъыщхьэр усэр зытепсэлъыхьыр, авторым и щытыкIэр, ар Iуэхум зэреплъ, зэрыхущыт щIыкIэр тэмэму абы къыщыгъэлъэгъуа хъуащ. Шевченкэ Т. и усэр (мыбдежым къэгъэлъэгъуапхъэщ ар къызрихар украиныбзэр зэрыармырар, атIэ урысыбзэкIэ зэрадзэкIар адыгэбзэм къригъэзэгъыжауэ арат) силлабикэ гъэпсыкIэкIэ зэдзэкIыныр дэ нэхъ тфIэкъабылщ. Ауэ ар адыгэбзэм деж щыпхузэфIэкIыну? Усэр адыгэбзэкIэ щызэбдзэкIкIэ, ар плъагъуу зэрызэкIэрыщэщыр, и ухуэкIэр зэрыкъутэр арагъэнущ ЩоджэнцIыкIур апхуэдэ Iэмалым щIыхуэкIуар. Нобэ дэри ар нэхъ хэкIыпIэфIу, сэбэпынагъ нэхъыби къишэу къыщIэкIауэ къыдолъытэ. Абы къигъэлъагъуэращи, ЩоджэнцIыкIу Алий хэбгъэхьэ хъунут образ нэрылъагъухэр, нэгум къыщIэувэхэр къэзыгъэщI, ауэ макъамэм зыдезымыгъэхьэх усакIуэ-зэдзэкIакIуэхэм. Апхуэдэу убгъэдыхьэмэ, ЩоджэнцIыкIум пищауэ жыпIэ хъунущ абы япэ ита щIэныгъэлI-зэдзэкIакIуэхэу Нэгумэ Шорэ, ХьэтIохъущокъуэ Къазий, Борыкъуей ТIутIэ, ЩэрэлIокъуэ Талъостэн, Нало Жансэхъу сымэ я художественнэ зэдзэкIыныгъэ хабзэм.

«Кавказ» усэр адыгэбзэкIэ дахэу, лантIэу, хуиту мэIу. Мы усэм ЩоджэнцIыкIум хилъхьащ езым и усыгъэхэм хэт зэщIэжьыуэ, IэтIэлъэтIагъ дахэр, ритмикэр хуиту Iуныр.

Шевченкэ Т. и «Кавказ» тхыгъэм хэлъ цIыхубэ пшыналъэм и макъамэ къулейр имыгъэкIуэду, ар адыгэбзэм екIуу къызэрыригъэзэгъам дэ хыдолъагъуэ адыгэ усакIуэ иным и Iэзагъыр.

ЩоджэнцIыкIу Алий апхуэдэ Iэмалыр къыщигъэсэбэпащ адрей зэридзэкIа тхыгъэхэми. Псалъэм папщIэ, Горький М. и «Къаргъейм и уэрэдым», «Борэнпежьэм и уэрэдым», нэгъуэщIхэми. А хабзэ дыдэм тетщ нэгъуэщI тхакIуэхэми а лъэхъэнэм зэрадзэкIа тхыгъэхэр. Псалъэм папщIэ, Теунэ Хь. зэридзэкIа Гоголь Н. и «Фызышэр» (1937), Къаныкъуей З., Сонэ М. сымэ адыгэбзэкIэ къагъэпсэлъа драмэ лэжьыгъэхэр, Елбэд Хь. зэридзэкIа Шишков В. и «ГушыIэ рассказхэр» (1935), урыс усакIуэшхуэхэу А. Пушкинрэ М. Лермонтовымрэ я тхыгъэхэу («Борис Годунов», «Борэн», «Мцыри», «Бастунджи къуажэ», «Акъболэт и гъыбзэ»), КIыщокъуэ Алимрэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэмрэ зэрадзэкIахэр, нэгъуэщIхэри.

А тхыгъэ зэдзэкIахэм езыхэм я гъащIэ яIэжу, къалэн пыухыкIаи ягъэзащIэу ди литературэм къыхэнащ. Нэхъыщхьэращи, зи гугъу тщIы лъэхъэнэм къэбэрдей литературэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ трансплантацэкIэ зэджэ зэдзэкIыныгъэ Iэмалым. Урысыбзэм кърахыу адыгэбзэм кърагъэтIэса тхыгъэ пкъыгъуэхэр абы хуагъэхьэзыра щIыгулъым хагъэкIащ, фащэщIэ щатIэгъарэ щытыкIэщIэ ирагъэгъуэтауэ. АбыкIэ, къыпхуэмылъытэным хуэдизу инщ япэ адыгэ тхакIуэ-зэдзэкIакIуэхэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэр.

XX лIэщIыгъуэм и 40–50 гъэхэм къэбэрдей литературэм къыщыхъуащ лъэпкъым и художественнэ культурэр езыгъэфIэкIуа зэхъуэкIыныгъэ инхэр. Абыхэм Iэмал къатащ лъэпкъ литературэр къэралпсо утыку ихьэнымкIэ. Ар хуэмурэ, ауэ тегушхууэ IуэрыIуатэм къыбгъэдокIри езым и гъуэгу тоувэ. Къыхохьэ жанрыщIэхэр, заужь повестым, рассказым, драмэ лэжьыгъэхэм. IуэрыIуатэ щапхъэхэмрэ художественнэ бгъэдыхьэкIэ къызэрыгуэкIхэмрэ хуэм-хуэмурэ къытекIыурэ а жанрхэм гъащIэм гъунэгъу зыхуащI. Ар литературэм эстетикэ и лъэныкъуэкIэ зиужьыным и лъэбакъуэщIэт.

А лъэхъэнэм щIэгъэхуэбжьауэ зиужьырт адыгэ поэзием икIи абы къэбэрдей литературэм бжьыпэр щиубыдат. Абы жыджэру холIыфIыхь зэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэри. 1946 гъэм Къэбэрдейм автономие зэригъуэтрэ илъэс тIощIрэ тхурэ зэрыхъуар, 1957 гъэм Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ 400 зэрырикъуар Iэтауэ ягъэлъэпIащ. Абыхэм япыщIащ лъэпкъ культурэм, литературэм, абы дыщIыгъуу зэдзэкIыныгъэ Iуэхур лъэхъэнэщIэ хыхьэныр.

А гъэхэм лъэпкъ прозэр поэзием лъэщIыхьэжу хуежьащ. Абы щыгъуэщ дунейм къыщытехьар Теунэ Хьэчим, Шортэн Аскэрбий, КIыщокъуэ Алим, ЩоджэнцIыкIу

Іэдэм, Къашыргъэ ХьэпащІэ, Къущхьэ СулътІан, Щомахуэ Амырхьан, Хьэхъупащ Іэ Хьэжбэчыр, Нало Ахьмэдхъан сымэ я очеркхэр, рассказхэр, повестхэр, япэ романхэр. ЩэщІ гъэхэми хуэдэу, зэдзэкІыныгъэ лэжьыгъэр нэхъыбэу езыгъэкІуэкІыр езы тхакІуэхэрщ, усакІуэхэрщ. Ауэ урысыбзэкІэ тхэ адыгэ тхакІуэхэри, зэдзэкІакІуэхэри абы щыгъуэ къэунэхуащ.

Къызэрыхэдгъэщащи, апхуэдэ лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ къэбэрдей литературэ ныбжьыщІэм къэралпсо литературэм езым и увыпІэ щиубыдыфащ. Иджы тхылъеджэм тыншу хузэхэхынут урыс реалистическэ литературэм и лъапІэныгъэ-нэхъыщхьэхэр, и хабзэ-бзыпхъэхэр ди тхакІуэхэми къызэрагъэсэбэпыр, литературэ зызыужьам и гъуэгум абыхэми зэрыпащэр. Абы къыхэкІыу иджы зи гугъу щІыпхъэр литературэм и «оригиналырщ», армыхъумэ ар зэрызэрадзэкІар аракъым, сыту жыпІэмэ апхуэдэ унэтІыныгъэр зэфІэувакІэти. Егъэлеиныгъэ лъэпкъ хэмылъу пхужыІэнущ, 40–50 гъэхэм къэбэрдей литературэм иджыри къыхэхуэу зэрыщытар адрейхэм зезыгъэщхь тхыгъэ закъуэтІакъуэхэри. Ауэ, зэрыщыту къапщтэмэ, зым ижь адрейм зэрыщІихуам и гугъу щытщІкІэ, псалъэмакъыр зытеухуауэ щытыпхъэр зы тхыгъэр нэгъуэщІым ейм ещхь хъууэ узэрыхуэзэр аракъым, атІэ апхуэдэ хабзэхэр зэдзэкІыныгъэ лэжьыгъэм наІуэ къищІу зэрыщІидзарщ.

ЗэдзэкІыныгъэм и тхыдэм, ар къызэрыгъуэгурыкІуам ухэплъэу щытмэ, къегъэлъагъуэ оригиналымрэ зэрадзэкІа тхыгъэмрэ зэтехуа хъун щхьэкІэ, абы Іэмал имыІэу лъэпкъым и хабзэр, и хьэл-щэныр, ІуэрыІуатэ къулейр къигъэлъэгъуэн зэрыхуейр. Лъэпкъ хьэл-щэныр хэмылъу тхыгъэр зэдзэкІа хъунукъым, ар гурыІуэгъуэщ. Аращ зы лъэпкъ тхакІуэм и ІэдакъэщІэкІхэр адрей тхакІуэм ейхэм къащхьэщызыгъэкІыр, ахэр щІэщыгъуэ зыщІыр.

Нэхъапэхэм адыгэ художественнэ тхыгъэхэр зэрадзэкІыу щыщІадзам, адрей лъэпкъ литературэхэм яйхэм къыхэмыщу, абыхэм хэкІуадэу щытащ. Апхуэдэу къыщІэхъур абы иджыри игъуэтатэкъым зэдзэкІын Іуэхум и бгъэдыхьэкІэ, и метод щхьэхуэхэр. Ауэ, хуэмурэ, адыгэ текстым и зэдзэкІыкІэ хэха къэунэхуащ, абы и увыпІи игъуэтащ. Дэ дызэреплъымкІэ, ар хуэпхь хъунущ 50–60 гъэхэм. Ар пыщІащ, дауи, урысей лъэпкъыбэ литературэм и социальнэ-тхыдэ, культурэ зыужьыныгъэм. Сыт хуэдэ лъэхъэнэр къапщтэми, адыгэ литературэмрэ урысей литературэмрэ я къуэпсхэр зэхэухуэнауэ къызэдогъуэгурыкІуэ, нобэр къыздэсым ар апхуэдэуи щытщ. АбыкІэ зэдзэкІын Іуэхур Іэмал гъуэзэджэ, тегъэщІапІэ быдэ мэхъу. А Іуэхум лъэпкъ литературэбзэри ирегъэфІакІуэ.

Лъэпкъ художественнэ зэдзэкІыныгъэ Іуэхур, зэрыжытІащи, зытет лъабжьэхэр, методхэр щызэфІэувар совет лъэхъэнэрщ.. Абы и лъэныкъуэкІэ фІыщІэ хэха

къалэжь Борыкъуей ТIутIэ, ЩэрэлIокъуэ Талъостэн, ЩоджэнцIыкIу Алий, а тхакIуэ-зэдзэкIакIуэ щыпкъэхэм я Iуэхум пызыщэхэу КIуащ БетIал, КIыщокъуэ Алим, ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр, Къардэн Бубэ, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Мысачэ Петр, Тхьэгъэзит Зубер, Къэрмокъуэ Хьэмид, Къагъырмэс Борис, Мэзыхьэ Борис, Хьэх Сэфарбий, Сонэ Абдулчэрим, Уэрэзей Афлик, ТIымыжь Хьэмыщэ, Ацкъан Руслан, Мэремкъул Ларисэ, нэгъуэщIхэми.

Адыгэ усакIуэхэм я тхыгъэ нэхъыфIхэр урысыбзэкIэ Iэзэу зэридзэкIыурэ дуней псом къаригъэцIыхуащ усакIуэ-зэдзэкIакIуэ Къэшэж Иннэ. Ар фIыуэ щыгъуазэт адыгэ культурэм, этнографием, тхыдэм, лъэпкъ хьэл-щэным, абы къыдекIуэкI хабзэхэм. Араш ехъулIэныгъэ хэлъу ТхьэгъэзитЗубер, Бицу Анатолэ, Джэдгъэф Борис, нэгъуэщI куэдми я усэхэр абы щIызэридзэкIыфар. Ар къридгъэлъэгъуэну къэтхьынщ ТхьэгъэзитЗубер и «Тэрч» усэр.

Оригиналыр:

1. Схуэхъуащ гущапIэ, Тэрч, уи Iуфэр.
2. СыхыупIыкIащ уэ уи толъкъунхэм.
3. Си сабиигъуэ насыпыфIэр,
4. И лъэгум хэлъу къэзмакъ банэ,
5. Хэсщ Iуфэ пшахъуэм нобэм къэскIэ.
6. Сэ седжэ пэтми – ар къэмыскIэ…
7. КъикIукI - никIукIыу, си щIалэгъуэр,
8. Хуэзэшу пщащэм и нитI нагъуэм,
9. Гугъэр къэлыдрэ – бгъэр къиIэту,
10. Зэм уфIынкIыжрэ – кууэ щатэу,
11. Iутщ уэ уи Iуфэм, нобэм къэскIэ.
12. Седжэ пэт, ари зикI къэмыскIэ…
13. Сысабиижкъым, сыщIэлэжкъым,
14. Пэжщ, си щхьэцым уэс къыхэсэм, –
15. ЛIыжь баш къуэлэныр къызэуасэм, –
16. Иджы си теплъэм сибгынэнщ,
17. Къищу гупсысэ куэд и нэгу,
18. Сыщеджэм дежи зищIу дэгу…
19. Ажал Iэ щIыIэр къыслъэIэсым
20. НэкIуэсэжынщи уи деж си псэр
21. ИщIынщ хэщIапIэ уэ уи Iуфэр, –
22. Щысынщ ар бзэншэу уэ уигъафIэу…

Къэшэжым зэридзэкIар:

1. Терек! От тебя мне никуда не деться.
2. Сколько спел ты колыбельных песен мне?

3. Над тобой сидит мое босое детство
4. С облепиховой занозою в ступне.
5. Окликаю я его – оно не слышит…
6. Рядом с ним на круче, вижу я,
7. Так же все еще с волнением дышит
8. Молодость влюбленная моя..
9. Я уже не мальчик, не подросток,
10. Но пока на многое горазд…
11. Час придет – и в руки прочный посох
12. Старость мне заботливо подаст.
13. И тогда, как нынче, подойду я
14. К берегу, где плещется вода,
15. Слушать песню вечно молодую,
16. Ту, что, Терек, ты поешь всегда.
17. Там останусь, рядом с детством где-то,
18. Первую припоминая грусть…
19. И опять, я точно знаю это,
20. Завтрашний, себя не дозовусь.
21. Сколько лет мне жизнь моя отмерит?
22. Но, до капли выпив бытие,
23. Снова я к тебе приду, мой Терек,
24. Ты и есть бессмертие моё!

А тIур зэбгъапщэмэ, Къэшэжым зэридзэкIар лъэмбиплIу зэхэт хорей усэ гъэпсыкIэм итщ. Сатыр бжыгъэкIэ къапщтэ, оригиналымрэ зэдзэкIамрэ зэтехуэркъым: зыр 22-рэ мэхъу, адрейр – 24-рэ. Я гъэпсыкIэкIи ахэр зэхуэдэкъым. Оригиналыр ямбщ, лъэмбищу зэхэтщ. ЗэдзэкIар хорейщ, пычыгъуэ 12-у, зэрыжытIащи, лъэмбиплIу зэхэтщ.

Езы Тхьэгъэзитым и усэр классическэ ямбкIэ тхащ, силлабэтоникэ усэ гъэпсыкIэм и жыпхъэм итщ. XVIII лIэщIыгъуэм В. Тредиаковскэм къихутащ ар, ауэ япэу урыс поэзием къыщызыгъэсэбэпар М. Ломоносовырщ, къэбэрдей усыгъэм – ЩоджэнцIыкIу Алий. А гъэпсыкIэм тетщ ЩоджэнцIыкIуми усэхэри, поэмэхэри, и романри.

Куэдрэ къохъу зэрадзэкIа тхыгъэр оригиналым зэрыхуэкIуэр къыщапщытэкIэ, къэхутакIуэхэр подстрочникыр зыхуэдэм ирагъапщэу. Апхуэдэм деж оригиналыр лъэныкъуэкIэ егъэзауэ къанэ хуэдэ мэхъу. Абы и гугъу зэращIыр зэрадзэкIа тхыгъэм ар гъунэгъу хуэхъуарэ хуэмыхъуарэ щызахэгъэкIым дежщ. Усэр зэдзэкIыныр Iуэху тыншкъым. Зыщыгъэгъупщэн хуейкъым, усыгъэр фIы дыдэу щыт текст закъуэкъым, атIэ ар икIи контекстщ. Художественнэ тхыгъэр зэдзэкIа хъуарэ мыхъуарэ зэпэплъытэн папщIэ, зэщыгъэгъупщэн хуейкъым: зы бзэмкIэ дахэу, зэщIэжьыуэу, гъэщIэгъуэну зэхэлъ усэр нэгъуэщIыбзэм фIы щыщымыхъуи

зэрыщыIэр. Ар къызыхэкIыр мыращ: зы лъэпкъыбзэкIэ тха усэм и контекстым дахэу щызэхэпхыр нэгъуэщI лъэпкъыбзэм и контекстым мыхьэнэншэ дыдэ щохъу. Усэм щIэт IэфIыр, и бзэ зэрытхар, лъэпкъ-тхыдэ контекстыр мэкIуэд. Хамэ тхылъеджэм абы хьэлэмэтагъ химылъэгъуэныр хэлъщ, а усэр фэншэ зэрыхъуам къыхэкIыу. Арауэ къыщIэкIынщ М.Ю. Лермонтовым Гёте и усэхэр щызэридзэкIым, езым ахэр щIэрыщIэу итхыжу щIыщытар, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ урыс тхылъежэхэм ахэр нэмыцэбзэм зэрыщыIур гъэщIэгъуэн къащыхъунутэкъым.

Тхьэгъэзит Зубер и «Тэрч» усэр философие куу зыхэлъ тхыгъэщ. Ар зэдзэкIакIуэ Къэшэж Иннэ фIыуэ зыхищIащ, икIи зэридзэкIа тхыгъэм щымыкIуэду щихъумащ. Усэм и сатыр бжыгъэмрэ зэрыгъэпса пщалъэмрэкъым нэхъыщхьэу зэдзэкIакIуэм къилъытар, атIэ абы хэлъ философиерщ. Мы щапхъэр щыхьэт тохъуэ художественнэ тхыгъэхэр зэдзэкIыным зэрыбгъэдыхьэ методыщIэхэр 50–60 гъэхэм зэфIэувауэ зэрыщытам, апхуэдэу усакIуэхэм къагъэлъагъуэ гупсысэ, темэ, художественнэ щапхъэхэм къадэкIуэу образ, Iэмал зэхуэмыдэхэри къагъэсэбэп зэрыхъуам.

Художественнэ тхыгъэхэр зэдзэкIыным и Iуэхур лъэпкъ литературэм зэрыщекIуэкIыр, абы и ехъулIэныгъэхэмрэ хэлъ щыщIэныгъэхэмрэ мызэ-мытIэу къаIэтащ ди щIэныгъэлIхэу Нало Заур, БакIуу Хъанджэрий, Гъут Iэдэм, ТIымыжь Хьэмыщэ, Алъхъэс Светланэ, Бэлагъы Любэ, Маремкъул Ларисэ сымэ, нэгъуэщIхэми. Ахэр езыхэр зэдзэкIакIуэщ, жыпIэ хъунущ а Iуэхум хэлъхьэныгъэфIи хуащIауэ. Псалъэм папщIэ, Нало Заур адыгэ сабийхэр игъэгуфIащ нэгъуэщI лъэпкъ куэдым я тхакIуэхэм я псысэ нэхъыфIхэр яхузэридзэкIри. ТIымыжь Хьэмыщэ зэридзэкIащ Тыркум, хьэрып къэралхэм щыпсэу адыгэхэм къахэкIа тхакIуэхэу хамэбзэхэмкIэ тхэхэм я тхыгъэхэр. Бэлагъы Любэ Къандур Мухьэдин и романхэр (инджылызыбзэкIэ тхахэр) урысыбзэкIэ, адыгэбзэкIэ «къигъэпсэлъэжащ», Маремкъул Ларисэ урысыбэкIэ зэридзэкIащ КIыщокъуэ Алим и «Лъапсэ» роман цIэрыIуэр, нэгъуэщIхэри. Мы щIэныгъэлIхэм я тхыгъэхэр щIэх-щIэхыурэ къытохуэ «Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария» литературэ журналхэм, республикэм къыщыдэкI газетхэм. Абыхэм щызэпкърах лъэпкъ литературэм и зыужьыныгъэм зэдзэкIыныгъэ Iуэхур зэрыхэлIыфIыхьыр, ар егъэфIэкIуа хъунымкIэ хэкIыпIэхэр къыщагъэлъагъуэ.

Иджырей зэдзэкIакIуэхэм я зэфIэкIыр, ахэр здынэса лъагапIэхэр кърибгъэлъагъуэ хъунущ 1982 гъэм усакIуэ гъуэзэджэ Тхьэгъэзит Зубер адыгэбзэкIэ зэридзакIа «Къаплъэныфэ зыщыгъ зауэлI» (Шота Руставели) поэмэр. И IэзагъымкIэ, и бзэм и хьэлэмэтагъымкIэ нэхъыфI дыдэу

къехъулIа лэжьыгъэщ ар. Къэдгъэлъэгъуа пщалъэхэмкIэ абы хуэбгъэфэщэн адыгэбзэкIэ зэрадзэкIа литературэм хэту дэ къэтлъытэркъым. Нэхъ иужьыIуэкIэ Тхьэгъэзитым тхылъ щхьэхуэу къыдигъэкIащ урыс классик усакIуэшхуэ А.С. Пушкин и тхыгъэхэу адыгэбзэкIэ зэридзэкIахэр иту. А тхылъым ихуащ «Евгений Онегин» романыр, «Тазит» поэмэр, «Скупой рыцарь» трагедиер, «Сказка о рыбаке и золотой рыбке» таурыхъыр, усакIуэм и нэгъуэщI усэхэр. Абыхэм адыгэ литературэр нэхъ къулей зращIам шэч хэлъкъым.

Мы Iуэхум зи гуащIэ нэхъыбэу хэзылъхьахэм ящыщщ тхакIуэ, щIэныгъэл Къэрмокъуэ Хьэмиди. Абы адыгэбзэкIэ къигъэпсэлъащ XIX лIэщIыгъуэм псэуа адыгэ узэщIакIуэ куэдым я тхыгъэ хьэлэмэтхэр: Хъан-Джэрий и «Наезд Кучука» («Къуэнчыкъуэ и теуэ»), Къаз-Джэрий и «Долина Ажитугай» («ХьэжытIэгъуей ауз»), КIашэ Адылджэрий (Къалэмбий) и «Абрек» («Абрэдж») повестыр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу абы адыгеибзэм кърихри зэридзэкIащ КIэрашэ Темботи «Шу закъуэ», «Кукуэ» романхэр, «Шапсыгъ пщащэ» повестыр, н.; Кэстанэ Дм. и «ЛIы ткIий», ХьэщIэмыз Б. и «Лъэмыж», Куэшбей Л. и рассказхэу «Тыгъэ», «Жьэгу мафIэ», ХьэдэгъэлI А. и «Тырку шэрджэсхэм я деж» гъуэгуанэ тхыгъэр, Шинкубэ Б. и «ЖылакIэ» романыр, Къандур М. и «Кавказ» романыр, хэхэс адыгэ тхакIуэхэу О. Сейфеддин, Х. Эдип, ас-Сабаи сымэ я тхыгъэхэр. Абы нэмыщI Къэрмокъуэ Хьэмид урыс класссикхэм ейуэ адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ Тургенев И. и «Записки охотника», Горький М. и «Старуха Изергиль», Шолохов М. и «Понятая целина», Киреев М. и «Книга воспоминаний», нэгъуэщI куэди.

Хамэбзэм кърахыу адыгэбзэкIэ зэрадзэкI тхыгъэхэм къыдэкIуэу ди тхакIуэхэм я IэдэкъэщIэкIхэри урысыбзэкIэ, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэмкIэ дунейм къытохьэ. Апхуэдэщ 2003 гъэм Налшык дэт «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIа сборникыр – «Мир дому твоему» фIэщыгъэцIэ зиIэр. Абы хыхьащ Кавказ Ищхъэрэм щыщ тхакIуэхэу пщыкIухым я тхыгъэхэр. Адыгэ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIыу а сборникым хагъэхьащ Къущхьэ СулътIан и «ЩIакIуэ щIагъым» («Под буркой», зэзыдзэкIар Алъхъэс С.) рассказыр, адыгей прозаик Чуякъуэ Юнус и «Дыгъэр къыщIэкIащ» («Солнце уже высоко», зэзыдзэкIар Немченко Г.), шэрджэс тхакIуэ Шыд Юрэ и «Алим и бзу дамэхур» («Белокрылая птица Алима», езым зэридзэкIыжауэ) рассказхэр. Сборникым хуащIа псалъэпэм мыпхуэдэу щыжеIэ: «Кавказым щыпсэу лъэпкъхэр зэрызэпыщIар блэкIа зэманыжьым и тхыдэу е зэпэгъунэгъуу зэрыпсэу, е зы къэралыгъуэм зэрисыракъым. АтIэ а зэпыщIэныгъэр нэхъ кууэ щытщ, ахэр куэдкIэ нэхъ зэхэухуэнащ: я гумкIэ, я псэмкIэ, я дуней еплъыкIэмкIэ, хьэл-

щэнымкIэ, хабзэхэмкIэ. Зэманым и нэщэнэхэр сборникым хэт тхыгъэхэм наIуэу къагъэлъагъуэ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэхэм урысейпсо утыкум нобэ увыпIэ щаIэмрэ зыужьыныгъэу ягъуэтамрэ».

2001 гъэм къыдэкIащ Къуэдзокъуэ Хьэсэн и Iэдэкъэщ Iэкlхэр щызэхуэхьэса «Тхыгъэхэр» тхылъышхуэр. Абы хагъэхьащ Къуэдзокъуэм адыгэбзэкIэ зэридзэкIа Толстой Алексей и «Орел и орлица» («Бгъэжьымрэ бгъэ анэмрэ») пьесэр. Ар дунейм къытехьащ «Классикэр – адыгэбзэкIэ» рубрикэм щIэту. Пьесэм спектакль хъарзынэ лъэпкъ драмтеатрым и артистхэм къытращIыкIри ехъулIэныгъэкIэ республикэм щагъэлъэгъуащ. Уеблэмэ ар Урысей Федерацэм и къэрал саугъэтыр къратыну ягъэлъэгъуауэ щытащ. «ЩIэин», апхуэдэ фIэщыгъэцIэ зиIэ тхыгъэ зэдзэкIахэр зэрыт сборник къыдигъэкIащ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.

Совет лъэхъэнэм иужькIэ зэдзэкIын Iуэхум зэхъуэкIыныгъэ зыбжанэ къыщыхъуащ. БлэкIа зэманхэм нэхъ Iуэху щхьэпэу щытар адыгэбзэр урысыбзэкIэ е урысыбзэр адыгэбзэкIэ зэдзэкIынырт. Нобэ ди литературэми демократием и акъужьыр къыщIихуащ. Ар нэхъ зыхэплъагъуэр хэхэс адыгэхэм къахэкIа тхакIуэхэм лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм ятхахэр ди деж къахьэсыж зэрыхъуарщ. Иджы ди къуэшхэу Тыркум, Сирием, Иорданием, нэгъущI къэралхэми щыпсэухэмрэ дэрэ нэхъ дызэкIэлъокIуэ, нэхъ зэпыщIа дыхъуащ. Абы ди культурэри нэхъ зэпэгъунэгъу ищIащ. Абы и зы щапхъэ къэтхьынщ. «Хэхэс дуней» – апхуэдэу фIищащ щIэныгъэлI, тхакIуэ, егъэджакIуэ ТIымыжь Хьэмыщэ 2004 гъэм Налшык къыщыдигъэкIа тхылъым. Хэхэс адыгэ тхакIуэ-усакIуэхэм я тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр, IуэрыIуатэм щыщу хэхуихьэсыжахэр ТIымыжьым и нэхъыбэр езым адыгэбзэкIэ зэридзэкIыжащ, хэкужьым исхэм тыгъэ къахуищIыжащ. Тхылъым итхэм я тхыгъэр Iыхьищу зэхэлъщ. Япэм хыхьащ адыгэ уэрэдыжьхэр, гъыбзэхэр, псалъэжьхэр, къуэжэхьхэр, нагъуэщIхэри. ЕтIуанэ Iыхьэм щызэхуэхьэсащ тхыдэ хъыбархэр, таурыхъхэр, гушыIэхэмрэ ауанхэмрэ. Ахэр псори хэхэс адыгэхэм яхъума хъугъуэфIыгъуэщ.

Нэхъ мыхьэнэшхуэ иIэу къыдолъытэ ещанэ Iыхьэм – ахэр художественнэ тхыгъэхэрщ: Адыгэм къыхэкIахэу тырку, хьэрып тхакIуэ цIэрыIуэ хъуахэу Хьэгъур Ахьмэд, Хьэтыкъуэ Умар, Фэукъуэ Расим, ГъуэгулI Четин, Чынт Мусэ, Хъуэст Надия, Уэтэр Самий-Хьэмэ, Къандур Мухьэдин я прозэ тхыгъэхэрщ. Мыдрейуэ поэзием я авторхэр куэд мэхъу: Кубэ Шэбан, Багъ Яшар, Дыгъужь ФуIэд, Чурей Алий, Гунджер Эргин, Инэмыкъуэ Мулид, Къат Фейсал сымэ, нэгъущIхэри. ТIымыжьым нэмыщI, ещанэ Iыхьэм хыхьащ Къалмыкъ Аднанрэ Едыдж Нихайрэрэ зэрадзэкIа художественнэ тхыгъэхэри.

Хэхэс адыгэхэм ящыщ тхакIуэ цIэрыIуэ Къандур Мухьэдин и тхыгъэхэм щымыгъуазэр мащIэщ, ауэ ар нэхъыбэу инджылызыбзэкIэщ зэрытхэр. ЗэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэм и фIыщIэкIэ къацIыхуащ абы и тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр. А тхыгъэхэр адыгэбзэкIи, урысыбзэкIи зэрадзэкIащ Къэрмокъуэ Хьэмид, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Бэлагъы Любэ сымэ. Псалъэм папщIэ, 2008 гъэм урысыбзэкIэ къыдэкIащ Къандурым «ПшахъуэщIми жыгхэр къыщокIыр» («И в пустыне растут деревья») и романыр. Ар етхуанэ роману «Черкесская сага» жыхуиIэ серием хохьэ, инджылызыбзэр урысыбзэкIэ зэзыдзэкIар Бэлагъы Любэщ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, хэкужьым щыIэ адыгэ литературэм иджыри зы блын псо къагуэувэжауэ жыпIэ хъунущ, «Хэхэс адыгэ литературэкIэ» еджэу. Ар зи фIыщIэхэм ящыщщ ТIымыжь Хь.. Къэрмокъуэ Хь., ХьэфIыцIэ М., Къумыкъу М., Къалмыкъ А., Едыдж Н., Едыдж Б., Щхьэлъахъуэ А., нэгъуэщIхэри.

Адыгэ тхакIуэхэмрэ балъкъэр тхакIуэхэмрэ я зэхуэку зэныбжьэгъуныгъэ, зэпыщIэныгъэ быдэ дэлъу илъэс куэд хъуауэ къогъуэгурыкIуэ. МащIэкъым абыхэм зым итхар адрейхэм я бзэкIэ зэрадзэкIыу зэрыщытыр. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэр зауэм ипэ лъэхъэнэхэм къыщыщIидзащ, иджыпстуи абы зиубгъуурэ макIуэ. Иужь илъэсхэм апхуэдэ тхыгъэу адыгэбзэкIэ къыдэкIахэм ящыщщ ШэджыхьыщIэ Хьэмыщэ зэридзэкIыу къыдигъэкIа «Кинжал мести» романыр (Токумаев Жагъафар). АдыгэбзэкIэ зэрадзэкIащ балъкъэр тхакIуэ-усакIуэ цIэрыIуэхэу Кулиев Къ., Теппев А., Толгуров З., Гуртуев С., Мокаев М.. Бабаев И.. Бегиев А., нэгъуэщIхэми я тхыгъэхэр. АдэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ зэрадзэкIащ Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «Щихухэр иджыри мэкI» романыр. Балъкъэр тхакIуэ Бегиев Абдуллах я бзэмкIэ 1998 гъэм къыдигъэкIащ адыгэ тхакIуэ Хьэх Сэфарбий «ЗинэкIэ къалъхуа» и повестыр. Гуртуев Салих зэридзэкIащ «Антология кабардинской поэзии» тхылъыр.

Япэм зэдзэкIыныгъэ Iуэхум хуащIу щыта гулъытэм хуэдиз нобэ имыгъуэтыжми, ар щIэужьыхэжу къэплъытэ хъунукъым. Абы и щыхьэтщ Ацкъан Руслан и лэжьыгъэ щхьэпэхэр. Абы зэридзэкIащ Лермонтовым и кавказ поэмэхэр. Ахэр бгъу мэхъу икIи «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ. «Уи хамэу зэи сыщытакъым» – аращ Ацкъаным абы фIищар, усэкIуэшхуэм игурэ ипсэкIэ, и художественнэ еплъыкIэкIэ зэрыхуэгъунэгъур къигъэлъагъуэу. Лермонтовым и поэмэхэр адыгэбзэ къабзэкIэ, дахэкIэ зэридзэкIащ усакIуэм. Ахэр «зэдзэкIыныгъэ хуит» е «къэIуэтэкIэ хуит» жыхуаIэ методымкIэ зэридзэкIащ. ЗэрытщIэщи, Ацкъаныр езыр усакIуэ Iэзэщ, и адыгэбзэми узыIэпешэ. Абы къыхэкIкIэ, языныкъуэхэм

поэмэхэм хэт пычыгъуэхэр зэкIэлъыкIуэу, я зэхэлъыкIэм тету, блимыгъэкIауэ зэридзэкIыным и пIэкIэ, езым зэрызыхищIэ, и гум зэрыфIэфI дыдэм хуэдэу пычыгъуэхэр итхыжащ. Абы къыхэкIыу оригиналымрэ зэридзэкIамрэ я сатыр бжыгъэкIэ щыхэщхьэщыкI къохъу. Апхуэдэ сатырхэр къыхэкIми, абыхэм купщIэр, усыгъэм и къулеягъыр хагъэщIыркъым. Урыс усакIуэшхуэм и гурыщIэхэр къэгъэлъэгъуэныр тэмэму къехъулIащ Ацкъаным.

Лермонтов М.Ю. и кавказ тхыгъэхэм хыхьэ «Беглец» поэмэр. адыгэбзэкIэ зэрадзэкIащ усакIуиплIым: Тхьэгъэзит Зубер, Къагъырмэс Борис, Уэрэзей Афлик, Ацкъан Руслан. Поэмэр теухуащ цIыхухъум лIыгъэ хэлъу и хэкум хуигъэзэщIэн хуей къалэным. Поэмэм и цIэм деж щыщIэдзауэ зэмыщхьу зэрадзэкIащ ар ди зэдзэкIакIуэхэм. Тхьэгъэзитым – «ЩIэпхъуэжа», Къагъырмэсым – «КъыщIэпхъуэжа», Уэрэзейм – «Къэрабгъэ», Ацкъаным – «КIуэрыкIуэсэж» фIащащ. Абы къищынэмыщIауэ, зэтехуэркъым зауэм кIуэ щIалэм и уэрэдыр зэрызэрадзэкIари. А уэрэдыр щаусар Кавказ зауэм щыгъуэщ:

Тхьэгъэзит Зубер:
Мазэр хуэму
Йос мыпIащIэу,
МакIуэ щIалэр
Зауэ гуащIэм

Уэрэзей Афлик:
Уафэм мазэщIэр
Щосыр мамыру.
ЗауэлI ныбжьыщIэм
Зегъэхьэзырыр
Зауэм Iухьэну

Ацкъан Руслан:
Мазэр и закъуэу
Уэгум щозэш.
Зауэм Iухьэну
Щауэр ежьащ.

ЗэдзэкIакIуэ-усакIуэхэм дэтхэнэми езым и псэм нэхъ фIэфIыр къыхигъэщхьэхукIащ: къалэныр гъэзэщIэн, фIэщхъуныгъэ, лъагъуныгъэ, лIыгъэ. ЗэрытщIэщи, усэхэр щызэбдзэкIкIэ, абы и купщIэм, и зэхэлъыкIэм къинэмыщI, и пщалъэр, и гъэпсыкIэр, щIэт макъамэхэр хъумэн хуейщ. А къалэным нэхъ ехъулIауэ къэплъытэ хъунущ Къагъырмэс Борис. Лермонтовми Къагъырмэсми «ЩIалэм и уэрэдыр» сатыр бжыгъэкIэ зэтохуэ, ахэр 152-рэ мэхъу. Адрей зэдзэкIакIуэхэр

сатыр бжыгъэми, рифмэм и пщалъэми къытекIащ. Псалъэм папщIэ, Тхьэгъэзитым и «уэрэдыр» сатыри 175-рэ мэхъу, Ацкъаным ейр – сатыр 206-рэ. Абы къикIыркъым зэдзэкIакIуэхэм я къалэным пэмылъэщауэ. Урыс усакIуэшхуэм и поэмэ цIырыIуэм и вариантиплIыр абыхэм къыдатащ, зым нэхърэ адрейр нэхъ щIэщыгъуэу.

Апхуэдэу, урыс усакIуэшхуэ Лермонтов М.Ю. и кавказ поэмэхэм адыгэ зэдзэкIакIуэ-усакIуэхэм я фIыщIэкIэ гъащIэщIи ягъуэтыжащ. Поэмэ зэрадзэкIахэм лъэпкъыбзэри литературэри нэхъ къулей ящIащ. Хэгъэщхьэхукlауэ адыгэ тхылъ еджэхэм фIыуэ ялъагъу усакIуэшхуэм и IэдакъэщIэкI телъыджэхэр ди бзэмкIэ дахэу къагъэпсэлъащ.

Зэман дызэрытым экономикэ, щIэныгъэ, культурэ, жылагъуэ зэхэтыкIэхэр къапщтэмэ, зэдзэкIыныгъэ Iуэхум ущыхуэмыныкъуэ къэхъуркъым. Совет лъэхъэнэм зэдзэкIакIуэхэр щагъэхьэзыр институтхэр щыIащ, а IэщIагъэм щыхурагъаджэу. Зэрадзэкlа тхыгъэхэр тхылъ щхьэхуэу, сборникхэм, журналхэм иту къыдэкIырт. Адыгэ тхакIуэхэм я IэдэкъэщIэкIхэр урысыбзэкIэ зэрадзэкIыурэ къэралым и тхылъ тедзапIэ зэхуэмыдэхэм, нэгъуэщI къэралхэм къыщыдэкIырт. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, ЩоджэнцIыкIу А., КIыщокъуэ А., КIыщокъуэ Р., Теунэ Хь., Балъкъэр Ф., Къэрмокъуэ М., ЩоджэнцIыкIу I., Къагъырмэс Б., IутIыж Б., Гъэунэ Б., нэгъуэщIхэми я художественнэ тхыгъэхэу нэгъуэщI къэралыбзэхэмкIэ къыдэкIахэр.

Совет Союзыр зэрыкъутэжу, ди жагъуэ зэрыхъущи, зэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэри нэхъ къызэтеувыIащ. ЕджапIэхэр, зэдзэкIакIуэ институтхэр зэхуащIыжащ, лъэпкъхэм я зэпыщIэныгъэхэри къэтIэсхъащ. НаIуэщ, а Iуэхур къэIэтыжын зэрыхуейр. Абы ехьэлIауэ зэдзэкIыныгъэ Iуэхур къэIэтыжыным щытепсэлъыхьащ 2010 гъэм зэдзэкIакIуэхэм ирагъэкIуэкIа VII съездыр. Абы къыщыжаIащ зэдзэкIыныгъэ Iуэхур СНГ-м хыхьэ къэралхэм къыщыIэтыжын зэрыхуейр.

А Iуэхур гъэзэщIа хъунымкIэ тегъэщIапIэхэр щыIэщ. Абы теухуауэ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм псалъэмакъ къаIэтащ: Совет Союзым и лъэпкъ тхакIуэ куэдыр ди къэралым къыщымынэу, дуней псом къыщацIыхуащ зэдзэкIыныгъэ Iуэхум и фIыгъэкIэ. Абыхэм я тхыгъэхэр зэрамыдзэкIатэмэ, езыхэм я лъэпкъэгъухэм къинэмыщI нэгъуэщIхэм къацIыхунутэкъым. Абы и щапхъэщ КIэрашэ Тембот, Гамзатов Расул, КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Кугультинов Давид, нэгъуэщIхэри. Гамзатовым жиIэу щытащ мыпхуэдэу: «Япэм сэ зы аузым и усакIуэу сыщыташ, ауэ зэдзэкIыныгъэм и IэмалкIэ дуней псом сэ сыкъыщацIыхуащ!».

Ди литературэми а Iуэхум щызихъуэжащ. БлэкIа зэманхэм нэхъ тегъэщIауэ адыгэбзэкIэ зэрадзэкIыу щытар

урыс литературэм къыхаха тхыгъэхэрт е адыгэбзэкIэ тхар урысыбзэкIэ зэрадзэкIырт. Зэманым зихъуэжащ, абы къыхэкIкIэ хэхэс адыгэхэмрэ хэкурысхэмрэ нэхъ зэгъунэгъу дызыхуэхъуащ. Ауэ къалэну къегъэув зы лIэщIыгъуэрэ ныкъуэрэ хъуауэ хамэ хэгъуэгухэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм къагъэщIа художественнэ дунейр хэкужьым къахьыжын хуейуэ. Абы йолэжь тхакIуэ, щIэныгъэлI гупышхуэ. Абы къыхэкIыу мы зэманым нэхъыбэу зэрадзэкIыр тыркубзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ хэхэс адыгэхэм ятхахэращ, апхуэдэу адыгэбзэкIэ тхахэр ди лъэпкъэгъухэр зыхэс лъэпкъхэм я бзэхэмкIэ къыдагъэкI. Иджы щыIэ тхакIуэ ныбжьыщIэхэр, зэдзэкIакIуэхэр езыхэр иужь итыжщ дунейпсо хъыбарегъащIэ утыкум зэрихьэнум. Интернетыр абыкIэ IэмалыфIщ. Апхуэдэ Iэмалми нэхъ гъунэгъу зыхуещI дунейм и Iыхьэ зэхуэмыдэхэм щыпсэу ди хэкуэгъухэр. Нэхъыщхьэращи, культурэр, бзэр хъумэным, егъэфIэкIуэным хэкIыпIэ зэхуэмыдэхэр къыхуагъэсэбэп, зэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэри абы хэту. Араш дэ а Iуэхум мыхьэнэшхуэ щIеттыр.

Лъэпкъхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм зыщаубгъу, дунейпсо культурэм зэхуэдэу псоми щыгъуазэ зыщыхуащIыфI мы лъэхъэнэм сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр къыщымыхъуми, зэдзэкIын Iуэхур ужьых хъунукъым, уеблэмэ абы нэхъри зегъэужьын хуейщ. Ар гъащIэм игъэунэхуа, лъэпкъхэр зэпызыщIэ лъэмыж быдэщ.

ЛЭЖЬЫГЪЭМ ЕIУЭЛIАПХЪЭХЭМРЭ КЪЭДГЪЭСЭБЭПА ЗЭРЫГЪУЭЗЭН ТХЫГЪЭХЭМРЭ

Япэ Iыхьэ

I. ХУДОЖЕСТВЕННЭ ТХЫГЪЭХЭР

АдыгэбзэкIэ къыдэкIахэр

1. *Абазэ Л.Ш.* Уэрэ сэрэ: Рассказхэр. – Налшык: Эльбрус, 1972. – 123 н.

2. *Абазэ Л.Ш.* Бжьыхьэ нэпсхэр: Повестхэмрэ рассказхэмрэ. – Налшык: Эльбрус, 1994. – 280 н.

3. *Абазокъуэ Къ.* Дунейм и кхъуафэжьей: Усэхэр. – Налшык: Эльбрус, 1997. – 176 н.

4. *Аброкъуэ Б.* Купсэ: Усэхэр. – Налшык: ООО Тетраграф, 2011. – 110 н.

5. А*бытIэ В.Къ.* ЩIалэгъуэр мэусэ. – Черкесск: КъШТТ, 1961.

6. *АбытIэ В.Къ.* Си къущхьэ: Усэхэр. – Черкесск: СТТ КъШО, 1964.

7. *АбытIэ В.Къ.* Иныжь и къуэ ЦIыкIужьей: УсэбзэкIэ тха таурыхъ. – Черкесск: КъШТТ, 1967.

8. *АбытIэ В.Къ.* Анэл: Поэмэхэр. – Черкесск: СТТ КъШО, 1969.

9. *АбытIэ В.Къ.* Уанэ махуэ: Усэхэмрэ поэмэхэмрэ. – Черкесск: СТТ КъШО, 1981. – 80 н.

10. *АбытIэ В.Къ.* ЩIакIуэр зи унэ: Роман. – Черкесск: СТТ КъШО, 1986.

11. *АбытIэ В.Къ.* Уи цIэр жегъэIэ: Усэхэр. Поэмэхэр. – Черкесск: СТТ КъШО, 1987. – 120 н.

12. *АбытIэ В.Къ.* Ирамышыжа нысащIэ: Роман. – Черкесск: СТТ КъШО, 1991. – 264 н.

13. *АбытIэ В.Къ.* Дурдыл: Повесть // Iуащхьэмахуэ, 1994. – № 4.

14. *АбытIэ В. Къ.* Уэсэпс шыугъэ: Роман. – Черкесск: КъШТТ, 1997.

15. *АбытIэ В.Къ.* Цыджанылъ: Повесть // Адыгэ макъ, 1997. № 219.

16. *АбытIэ В.Къ.* Уанэгу нэщI: Роман // Iуащхьэмахуэ, 2005. – № 2–5.

17. *АбытIэ В.Къ.* Тенджызищым я Тхьэгуащэ: Роман. Поэмэхэр. – Черкесск: КъШТТ, 2005. – 248 н.

18. А*бытIэ В.Къ.* Индыл и зы щэху: Повестхэр. – Черкесск: КъШТТ, 2005.– 284 н.

19. *АбытIэ В.Къ.* Ламэ. Къэзымыгъэзэжыну Iугъуэ: Повестхэр. – Черкесск: КъШТТ, 2005.

20. *АбытІэ В.Къ.* Бгъэм и ныбжьыр: Усэхэмрэ поэмэхэмрэ.– Черкесск: КъШТТ, 2005.
21. *АбытІэ В.Къ.* Пьесэхэр. – Черкесск, 2007. – 202 н.
22. *АбытІэ В.Къ.* Дыуэ: Усэхэмрэ поэмэхэмрэ. – Черкесск: Нартиздат, 2007.– 160 н.
23. *АбытІэ В.Къ.* Джатэм и щІагъ: Усэхэмрэ поэмэхэмрэ. – Черкесск: КъШТТ, 2007. – 160 н.
24. *АбытІэ В.Къ.* Бэтэрэз и гуузищэр: Шыпсэм ещхь хъыбар. – Черкесск: КъШТТ, 2007. – 103 н.
25. *АбытІэ В.Къ.* Хамэ фыз: Роман. – Черкесск: КъШТТ, 2008. – 179 н.
26. *АбытІэ Хъ.Е.* Усэхэр. – Черкесск: СТТ КъШО, 1967.
27. *АбытІэ Хъ.Е.* Гъатхэм и гъуэгур: Усэхэр. – Черкесск: СТТ КъШО, 1978.
28. *АбытІэ Хъ.Е.* Уэшхым и таурыхъ: Усэхэр. – Черкесск: КъШТТ, 1985.
29. *АбытІэ Хъ.Е.* Вагъуэбэ: Усэхэмрэ поэмэхэмрэ. – Черкесск: СТТ КъШО, 1988. – 72 н.
30. *АбытІэ Хъ.Е.* Нэхулъэ: Усэхэр. – Черкесск: КъШТТ, 1991.
31. *АбытІэ Хъ.Е.* ЩІэдзапІэхэр: Усэхэр. – Черкесск: КъШТТ, 1995.
32. *АбытІэ Хъ.Е.* Лъапсэ: Поэмэхэмрэ усэхэмрэ. – Черкесск: КъШТТ, 1995. – 128 н.
33. *АбытІэ Хъ.Е.* Псэм и макъ: Усыгъэхэр. – Черкесск: КъШТТ, 2005. – 248 н.
34. *АбытІэ Хь.Ц.* Тыгъэ: Рассказхэр. – Налшык: Эльбрус, 1976 – 176 н.
35. *Абыкъу Хъ.Къ.* Хъалид тхьэмыщкІэ нобэ жеІэ // Черкес плъыжь, 1929. – № 19.
36. *Абыкъу Хъ.Къ.* Хъалид тхьэмыщкІэ нобэ магъ // Черкес плъыжь, 1929. – № 29.
37. Абыкъу Хъ.Къ. Хъалид тхьэмыщкІэ зэуэным мащІэщ иІэжар // Черкес плъыжь, 1929. – № 26.
